Хъазиты Мелитон

# ЧЫРЫСТИЙЫ ФÆДЗÆХСТ



**Х Ъ А З И Т Ы   М Е Л И Т О Н**

# ЧЫРЫСТИЙЫ ФÆДЗÆХСТ

***Новеллæтæ, уацаутæ***

ЦХИНВАЛ
20 «ЦЫКУРА» 15

84 (Осет.) 7-5
Хъ–11

*Чиныг джиппы уагъд æрцыд*
*РХИ Националон Банчы, уæлдайдæр,*
*йæ Сæрдар Зассеты Феликсы ´ххуысæй*

**Хъазиты М. Р.**
Хъ–11 Наказ Христа [Текст]: Новеллæтæ, уацаутæ. – Цхинвал: «ЦЫКУРА», 2015. – 512 ф.

Казиты (Казиев) М. Р.

Наказ Христа: новеллы, повести

*Автор в свой новый сборник внес произведения, написсанные им в последные годы. Новеллы и повести Мелитона Казиты посвящены вечным темам жизни и смерти, добра и зла, любви и ненависти. Все произведения объединяет сердечная боль, высокая дума о судьбе Родины, судьбе народа. Они тонко психологичны, никого не оставят равнодушным.*

ISBN – Издательский №5

©Казиты М. Р., 2015.
© «ЦЫКУРА», 2015.

## ТÆСКЪ

Тулынц уæрдæттæ... Хæстон уæрдæттæ... Галуæрдæттæ... Бæхуæрдæттæ... Чи дзы – дыууæцалхыг, чи – цыппарцалхыг, бынтон стæмтæ – æхсæзцалхыг... Тулынц æфхæрдæй, æмрызтæй, хъыллистгæнгæ: «Чи – фæхæрд... Чи – фæрыст... Чи – фæлыст... Чи – æрмист... Чи – фæхист...» Иутæ сæ – сысджы, нартхор æмæ хорæмдзаг... Чи сæ ласы дарæс, хæрд, хæдзары мигæнæнтæ, хотыхтæ... Кæуыл сæ – дыгай, æртыгай тугæрхæм, талф-тулфбаст цæфтæ... Сæ фылдæрыл – æртыгай, цыппæргай, фæндзгай... амæй-ай фидæрттæ, базыхъцонгдæр лæппутæ... сæ туджы къуыбылæйттимæ бæстытæ æрдæгмард хæстонтæ... тугамæхст, салд... судзаггаг ласгæ мæрдтæ...

Се 'мбæрзтытæ иуварс абырыдысты. Æмæ зынынц сæ ностæ, сæ цæфтæ... Уыцы нуарджын, зачъеджын, тугхъулон цæсгæмттыл æрфысым æнусон хъизæмар. Уæрдæтты цыдимæ салд буæрттæ æмызмæлдæй архайынц, цыма сæ зæрды кæмæдæр, цæмæдæр æртхъиræн кæнын ис æмæ йæ æргом нæ дзурынц.

Уæрдæттæ тулынц æфхæрдæй, æмрызтæй, æлгъыстæй хъыллистгæнгæ: «Чи – фæхæрд... Чи – фæрыст... Чи – фæлыст... Чи – æрмист... Чи – фæхист...» Фæлæ сæ искæй хъул абадт сах, исчи сæ хæсты быдыры æцæгæй рамбылдта, зæгъгæ, уый кой сæ йæ фæсонæрхæджы дæр никæмæн ис.

Уыдон фæдыл – знæт бæхты, ставдкъах фосы, фысфосы æгæрон рæгъæуттæ... Рассæнд-бассæнд кæнынц дыууæрдæм. Сæ тарст мыр-мыр, се ´мбу, сæ бæгъ-бæгъ æмæ зæрдæуынгæггæнæг мехъхъæй ныффæлурсуæвæг мигътæ фæлыгъдысты арвæй. Зæхх сæм скъуыдтæ кæны. Сæ къæхты бын стъигъынц æнæвнæлд кæрдæг.

Фæлæ, цыма сомыгонд сты, сæ фырдиссагæй йæм æвналгæ дæр нал кæнынц. Алчи сæ йæ фыртарстæй хъавы йæ сыхаджы бынат байсынмæ, цыма, уым йæ тыхст удæн æдасдæр уыдзæнис.

Уæрдæтты разæй, чысыл, хæстон къордтæй – сæ фæсчъылдымты, цæхæр калæг хотыхтимæ, бæхтыл хъазгæ цæуынц риубæгъд, саджы фисынтыламад хæстонтæ æмæ сæ амондджын, разыйы худтæй арв исынц сæ сæрыл. Йæ фæллад, йæ карды комæй амад уæнгтæ сæ йæ хъуыдыйы кæрон дæр никæмæн сты. Уæззау уæрдæттыл сæ туг-стæджы къуыдырмæрдтæ сæ никæй уал æндавынц… Ахæм бакаст сын ис, цыма нарты куывдæй здæхынц.

Арв ныффæлурс. Ныттугдзыд. Ныхъхъус. Нæ ныкъулы йæ цæст. Ныдздзагъырдзаст, афтæмæй у фестъæлфынæввонг. Зæххы цъарыл цы фыд, цы æгъатырдзинад цæуы, уыдонæй йын æнæфенгæйæ мацы аирвæза. Бадара сæ йæ зæрдыл, уæдмæ цы бирæ æгъатыр тугкæлдтытæн уыдис æвдисæн, зæххон адæмæн зæххон цардæй аирвæзæн, хи фæтыливгæнæн кæмæй нæ уыдис, уыдонау.

Уæддæр хатт ныкъкъæс-къæс кæны хæстцагъд, тугæрхæм хæстонты æнæмæт худтмæ – цы у сæ цин, сæ рад, сæ хъæлдзæг ахасты сæр? Уæрдæттыл кæй ласынц, знон дæр ма кæимæ хъазыдысты æмæ кафыдысты, уыцы рæзинаг удты рыст сæ не ´ндавы? Тагъд сæ ласгæ мæрдты дудгæбонæй сæ хиуæттæ куыд марой кæндзысты, уый сæ цæстытыл нæ уайы?

Стæй та сæм дисгæнгæйæ ныккæсы ногæй. Арв. Йæхиуыл никуы феууæнды, адæймаг адæймаджы туг ныккалынмæ, къæхты бын æй ныссæндынмæ йæ удыбыцъынæг куыд фæтоны, лæгмарынæй куыннæ зоны æфсис, уымæ кæсгæйæ.

Бæхтæ знæт кæнынц туджы тæфмæ, фæлæ сæ бадт зондæй ахсынц, ныр сæ стыр тугкалды фæстæ фæуыдзæнис сысджы æмæ хор хæрыны, сæхирдыгæй фарс цъæх-цъæхид хъугæмтты зул-мул кафыны, сæ тыхтæ æвзарыны рæстæг æмæ развæлгъау цинæй цæуы сæ

хъæлдзæг, цины хуыррытт. Хоры нæмгуытау, уыцы адджынгомауæн æвуилынц сæ идæтты æфсæнтæ æмæ, цыма, цæкуытæ хорынц, цæуы сæ дæндæгты къыбар-къыбур. Сæхи фæндиаг сæ хæдзарæрдæм нæй гæпп-дугъæй уадзæг æмæ уый хайуанты зæрдæмæ нæ цæуы, фылдæр кафынц сæ мидбынæтты.

Фæлæ Арцтохмæ бынтондæр ницы цинаг ис. Нæ дæр æм дзурын цæуы. Худыны кой чи кæны? Цыма йæ бæхы саргъыл амайгæ счындæуыд. Йæ уæнгты уыцы уазал уахъæз цыма азгъорынмæ хъавы. Рох ын кæны йæ уæлахизы цин.  Лæмбынæг æм бакæс, уæд, цыма, уæрдæттыл цы ласгæмæрдтæ цыбыр кæнынц се ´нусон дунемæ сæ иунæг фæндаг, уыдон сæ тыхстхуызæй йæ зæрдæйы рæбын хуыссынц. Уыцы тыхстхуыз адзай-лæгты буæрттæй цыма хохæййас хæстоны сыгъдæг нуарæй конд къабæзтæ салддæр сты. Нæ йæ фæндыд сæ райхалын. Йе ´взонджы бонтæй ахуыр куыд уыдис, афтæ йæ ныр нæ фæндыдис йæ зæрдæйы фæндиаг йæ бæзджын, зæллангæнаг хъæлæсы дзаг ныййилæлæй кæнын, йæ иузæрдыг ставдыстæг Æрæфыл уæлахизы кафт æркæнын. Цыдисты уыцы æнæзмæлгæйæ. Цæн-гæтамады ´нгæсæй. Ацæргæ хæстон сæрыстырæй, æнæ цæстныкъулгæйæ каст дард æрвгæронмæ...

Фæлæ йын йæ зæрдæ сусæгæй хордтой цыдæр бынбауинаджы кæрчытæ. Фæсхæст йе згъæр хæдоны хъуыр дæр нæ байгом кодта. Йе згъæр худ тохы размæ куыд ныссагъта йæ сæрыл, афтæмæй дзы ферох. Раздæр ахуыр куыд уыдис, афтæ йæ фæстæмæ нæ аппæрста йæ фæтæн чъылдымыл. Ныр ын, тохмæ сидæгау, къæрцц-къæрцц кæнид йæ цирхъы фистоныл. Йæ хæстон фидыцæй рахиза, йæ хидудæст куырæтæн хур фенын кæна, йæ тахъа нымæт худæй фæива, уый йæ сæрмæ ´руадзыныл нæу. Нæу ахæм уæлæнгай митыл. Уыдæттыл рахъуыды-бахъуыды кæнынмæ йæ не ´вдæлы. Нæдæр æй æндавынц. Мидæгæй, хуылфы йын æндæр, бынбауинаг маст æгъатырæй æвуилы, сау калмау, йæ зæрдæ. Нæ йæ уадзы зæрдæйы фаг сулæ-фын. Æмæ уый лæджы домбай æмæ салд уæнгты æвæр-

дæй тынг хорз æмбæрста йæ иузæрдион, йæхиау – уæйгуытæарæзт æмæ хæрзхаст дугъон Æрæф.

Дыккаг ахæм хайуан дзы нæма фендæуыд æмæ фехъуыстæуыд. Дзæгъæлбаззаинаг хайуан, иу хатт Арцтох тугкалæн быдыры уæззау куы фæцæф... Хохæййас лæг... Цирхъæй йын йæ сæр чъылдымæрдыгæй чи ныххафта, уымæй зæгъын. Дæ къухы æрмæрины дæргъæн цирхъ уа æмæ цыфæнды згъæр тахъа дæр ма афадай, дæ цонджы магъз куы уа, уæд! Фæлæ, æвæццæгæн, уыцы домбай лæг дæр, Арцтохæн йæхиау, хæсты быдыры туг калын æмæ марынæй бафæллад. Бафæллад амæй-ай разахтадæр лæппуты марынæй... Лæджы зæрдæ зоны фæхауын марын æмæ туджы лæсæнтæм кæсынæй.

Адæймаг туг æмæ стæгæй дарддæр цы у. Æмæ, æнæмæнг, лæгмарынæй бафælладаид. Арцтох дæр æгæр фæцис размæ бырсыныл. Йе 'взонг зæрдæ йæ æппæрста иу хъæбатыр хæстонæй иннæ хъæбатырдæрмæ. Æндæр, уæдæ, гормон фæуинаг, знаджы бæгъатыры йæхимæ куыд бауагъта афтæ æввахс балæгæрдын. Уæддæр, цирхъы ныццæф æмæ, уыцы æнæсæр йæ къух бынмæ нæма æруагъта, йе згъæрхудæй йæ гуыры ´хсæн йæ хъуыр згъæрæй нæма ахгæдта, афтæ йын Арцтох, ахуыр куыд уыд, йе 'хсаргардæй чъылдымырдæм уыцы æгъатыр сæрфтæн ахауын кодта йæ хурхы сæртæ. Ахæм сырх-сырхид туг сæ ныппæххæтт кодта фæйнæрдæм. Хæнт чысыл размæ дæр ма бæгъатыры ном чи хаста, уыцы хæстон, уæгъдæвæрд хъæмпы голлагау, бæхы рагъыл фæстæмæ фæзæбул уайтагъд. Фæлæ, цы кары уыдис, уый ацахсын Арцтохы бон нал бацис... Йæ цæсгом ын тахъа ´мбæрзта... Стæй Арцтохы, уый кар зонынмæ ´вдæлдис?!.

Æмæ амæлæгыл, æвæццæгæн, æрцыд, йæ уды арфы кæмæ бæллыд, уыцы цин – йæ сæр нæ фæцис къулбадджытæн хъазæнхъул, ома, ды хорз хæстон куы уыдаис, уæд зæры кармæ цæргæйæ нæ баззадаис. Искуы, дам, æгъатыр хæсты быдыры ссардтаис дæ кады адзал. Æрмæстдæр, хæсты быдыры чи ´рхауынц, уыдонæн ис

адæмы ´хсæн æцæг нæлгоймаг æмæ бæгъатыр хæстоны кад. Уыцы фидисæй йæ фервæзын кодта уæд нырма æвзонг хæстон – Арцтох.

Фæлæ йæхицæн дæр разылд йæ сæр. Æнæрхаугæ йын нæ уыдис саргъæй. Хæстон, знæт бæхты къæхты бын уæддæр исты кодтаид. Барæй дæр ыл балæгæрстаиккой. Æмæ йæ уайтагъд бамбæрста зонддзын Æрæф. Æвиппайд фæгуыбыр кодта йæ сæр. Тугуарæнæй йæ иуварс куыд ахаста, лæг-иу иуæрдæм куы фæцæй зæбул кодта, уæд-иу æй уый йæ уадмæ гæсгæ иннæрдæм куыд разылдта, уый алæмæты кадджыты радзурынæн дæр æвгъау уыдзæнис.

Ныр дæр хаты Арцтохы чем. Æрæф. Дзурын ын ницы хъæуы. Лæджы зæрдæйы уагмæ гæсгæ у йæ къахайст: уæлдай змæлд, уæлдай лæуд ма фæкæна. Ма йæ фæиппæрд ласа йе ‘рхæндæг хъуыдытæй. Уыйгæнæн нæй. Байрагæй схъомыл Арцтохы къухы æмæ сæ кæрæдзийы зæрдæтæ кæсæнмæ кæсæгау уыдтой æмæ уынынц рагæйфæстæмæ.

– Уæдæ та дæ амонд рæстмæ фæлвæрд нæ фæцис æмæ уый зæгъ!.. – Арцтохы цур йæ гæрæм дугъоныл хынджылæг мидбылхудтимæ æркафыд цыргъбоцъо Кæфци.

Фæлæ йæ хохæййас лæг куыдзы хъуыды дæр куынæ ´ркодта, йæ барон ныхас ын – сыхæгты мæлинаг у, йæхицæн адарддæр кæныны аккагыл куынæ банымадта, ома, цы дæ рæмпъузæн дзырд, цы – дæхæдæг (Арцтохæн æд бæх йæ цирхъы иу разылдваг не суыдзысты), уæд тихалæджы ´нгæс лæппулæг фембæрста хъуыддаг. Кæд, удæгас кæй баззадисы цинæй, йæ тæккæ ахынджылæг кæныны зæрдыл у (ахæмтæ, сæ бон тыхæй цы нæу, уый хыгъд, искæмæй ахъазойыл тынгдæр вæййынц), уæддæр ын, бецау, цы базонын хъуыдис, йæ хынджылæджы ныхас бынатыл кæй нæ сæмбæлд. Йæхицæн фыдбылыз кæй къахы.

Арцтох ныртæккæ хъазыныл кæй нæу, уый сын иууыл дæр рагæй зындгонд у. Фæлæ дæ фыдгул-фыдзæрдæйыл Арцтохы хæрам цæстæнгас æрхæца. Иу хатт

иу саджы фисынтыл амад хæстоны йæ цирхъы мæсты æрдзæхстæй æд бæх сæ тæккæ астæутыл афаста. Федтой йæ иууылдæр – хионæй, дадæгонæй. Уæдæй нырмæ дзы йе ´мхæстонтæ дæр сæхи иуварс фæласынц. Йæ зæрдæхудт ын, Хуыцау бахизæд, исчи райса.

Хуыцауæй тынг фæбузныг Кæфци. Иу галы бузныг. Æгъатыр хæстон лæг æй куыдзы хъуыды кæй не ´ркодта, йæ хъазæн-рæмпъузæн дзырдæппарæн ын йæ хъусы иувæрсты кæй ауагъта, ома, куыдз рæйы, дымгæ дымы, уый тыххæй. Лæджы ´нæсдзырд ын æфхæрд кæй уыдис, уый фырцинæй ницæмæ уал æрдардта.

Фырцинæй Гæрæмы рохтæ фæуæгъддæр кодта æмæ, цингæнгæ, аразæй. Йæхæдæг дæр рæстмæ нæ бамбæрста, цы фыдæй фервæзт, фæлæ йæм цыдæр амонд кæй каст, уый йæ мидуды фæхатыд. Уыцы цин æй ныззарын кодта. Фыццаг – нымдæй, стæй – чысыл хъæлæсыдзагæйдæр:

*Уæй, ой, дæ рынтæ дын бахæрæм!*
*Уæй, ой, дæ рынтæ дын бахæрæм,*
*Дæ нывонд æрбауæм,*
*Урсбоцъо Уастырджи, ой!*

Арцтохæн цы базонын хъуыд Кæфцийы цъæхснаг хъæлæс. Зарын дæр æй иу æмæ дыууæ хатты йæхæдæг нæ ахуыр кодта. Кардæй хæцын дæр. Фæлæ йын йæ ныхасæппарæнау йæ зарæгæн дæр дзуапп нæ радта. Тар цæсгомæй йæ хъусы иувæрсты ауагъта уый дæр. Ома, куыдз – дæхæдæг, куыдз – дæ зарæг.

Æнæ Арцтох дæр ын уæлахиздзау, цинæфсæст хæстонтæй фаг хъырнджытæ разындис. Адæймаджы зæрдæ цины уылæнты куы ленк кæна, уæд æй зарæг йæхæдæг кæй фæагуры, уый дызæрдыккаг нæу. Зæрдæрай удуæлдæйттæ йын уыцы æмгуыр æмæ амондджынæй ныццæлхъ ластой:

*Уæ-уæй, дæ хорзæх нæ уа, дæ хорзæх,*
*Уæ, Уастырджи, уæй!*

*Ой, фыдæлты рæстæджы мæгуыртæ де уазæг, ей!*
*Уæйт, уæйтæ, де уазæг!*
*Уæй, уæ-уæй, бакувæм уæдæ, табу дын, уæ-уæй!*

Æвзæр лæппу нæу Кæфци. Фæлæ йыл хатт йæ цины æнкъарæнтæ цыма æгæр фæтых вæййынц. Нæлгоймагау, алы хатт арф нал фæхъуыды кæны. Йæ фезмæлд, йæ дзыхы дзырдæн алы хатт бынат нал фæары. Йæхи куы кæм фæтъыссы, куы – кæм. Æмæ йæм, мæгуыртæг, æнæхъуаджы дæр æрхауы маст. Фылдæр хатт – йе ´мкарæн хæстонтæй. Йæ дзырдау йæ митæн аккаг æрæвæрæн кæй нæ фæзоны, уый тыххæй. Æмæ нæлыстæгыл уыдæттæ нæ фидауынц, нæ.

Ахæмтæ, ачи дæр æй зоны, алы хатт дард нæ фæцæуынц. Сæ уавæрæй сыл се ´взаг бирæ тынгдæр вæййы гадзрахатæй цæуæг. Æмæ уый дæр хъуыдыйаг у. Сæхи къахæй смидæг вæййынц тæвд цæхæры. Уæлдайдæр, тугкалæн, лæгæйлæгмæ хæсты, сæхи сæ зонд æмæ арæхстдзинады фæрцы карды бынæй фæтылив кæнын куы фæхъæуы, растдæр уæд.

«Куыдзы-фырт… Алчи йæхи амондæй цæры, – йæхи нымæры ´нкъардæй багуым-гуым кодта Арцтох. – Æндæра, кардæй цас ракъуыринаг дæ? Чи йын цы зоны, хур нæ кæуыл кæм скæсдзæнис?!. Нæ дыууæ дæр тохсæр Уастырджимæ кувджытæ стæм æмæ кæдæм тагъд кæныс… Цы дæ уæлфад гал лæууы?..»

Арцтох ацы тугкалæнмæ куы цыд, уæд æй ныфс уыдис, йе ‘цæг хур кæй стулдзæн арвыл… Уæдæ цæрæнбонтæм уый цæрдзæнис? Æмæ йæм йæхи сæрмагондæй цæттæ кодта. Фыццаджы-фыццаг уал йæ цæст бæстæтты фæхаста йæ бæхы идон æмæ саргъыл. Баивинаг дзы цы уыд, уыцы хæйттæ раивта; бампъузинаг чи уыдис, уыдон бæстон бахуыдта, стæй æркаст йæ иузæрдион Æрæфмæ.

Уыцы рæвдаугæйæ фæныкдонæй ныннадта йе ´мтохгæнæг, йе ´нæфæсайгæ, йæ кæддæры фервæзынгæнæг саулохаджы. Сæрвасæнæй йын уыцы лæмбынæг

фæфаста йæ тасæфтауæг бæзджын, тарсырх барц. Чысыл ын æй фæцыбырдæр кодта. Æххæст йæ цæстыты онг куыннæ ´ххæстаид. Фæйнæрдæм кæсынæн æй куыннæ хъыгдардтаид. Йæ къæдзилы хъистæ йын бæстон фастæй сбыдта æмæ бакодта цасмæлхынцъ.

Афтæ базылд йæхимæ дæр. Скодта ног дарæс. Æнæдзургæйæ. Никæмæн  бацума кодта. Æнæуый дæр хæдзары йæхи æмæ йе ‘фсин, рæхснæг, нырма йе ‘взонджы рæсугъд бакаст æмæ арæхстджын фезмæлдтытæ чи нæ фесæфта, уыцы Уацирæтæй дарддæр ничи уыд. Уыцы фадат сын сарæзтой иннæ бинонтæ. Æмæ йæ нæ фæндыд йæ иузæрдыг æмкъайы батыхсын кæнын. Уырныдта йæ, тагъд рæстæджы йын йæ цæстыты хаутæ сæ кæрæдзийыл авæрыны бон дæр кæй нал уыдзæнис. Судзаггаг хъарджытæй йæхицæн æвæрдзæн ныфсытæ, цалынмæ уымы бæсты, се ´нусон дунейы æмбæлой æмæ уым зæрдæхцонæй цæрой, уæдмæ йын йæ номыл фæнык бакалын кæй никуы бон бауадздзæнис, йæ цæхх æмæ йæ кæрдзын, йæ ногхаст доны къус дæр уыимæ кæй дих кæндзæн.

Лæппу йæ хæстон згъæр фæлыст раджы скодта. Гæрзифтонг æмæ сæрыстырæй ахызт æддæмæ. Чындз дæр сывæллæттæм хъус адырыны ´фсон батагъд кодта йæ фæдыл. Æргом ныхас кæныны фадат сын кæд нæ фæуа, уæддæр-иу йе ´взонг æмкъайыл йæ цæстæнгас уарзгæйæ акъуырдзæнис рæстæгæй-рæстæгмæ. Уыдз, йæ цæстытæ йе ´сыздæхынмæ йæ уындæй баззайой едзагæй. Зæрдæзæгъгæ амонд кæм ис, фæлæ йын цалынмæ стæрæй фæстæмæ здæха, уæдмæ йæ уындæй уæддæр уыдзæнис æфсæст æмæ дзы, фæззыгон хуры хъæрмуст тынтæм хи хъармгæнæгау, рæвдаудзæнис йæ уарзтмонц, æвзонг уд. Уый дæр ын цъус нæ уыдзæн раскъæфæггаг амондæн. Æмæ уымæй дæр йæхи амонджын хондзæн сæ ног фембæлдмæ.

Хæдзары Арцтох æмæ Уацирæтæй дарддæр ничи уыдис æмæ-иу сылгоймаг йæ цæстытæ уыцы едзаг хаст акодта йе ‘мкъайы æмтынг, цармæмдзаг, нуарджын уæнгтыл. Æвзонг чызгау æм къæмдзæстыгæй не

´фсæстис кæсынæй. Цыма йæ знон æрдавта. Йæ уынд ын æхсызгон уыд.

Стæй æрмæст ныр нæ. Рагæйфæстæмæ дæр ын йæ бакастæй никуы бафсæст. Цыма йе ´мкъай нæ уыд. Афтæй-иу æм йæ чызгæмбæлттæ куыд тæхуды кодтой: «Цæй амондджын дæ, ахæм саджы фисынтыламадыл цинтæй чи бафсæддзæн»!

Фæлæ цæй цинæфсæст æмæ цæй цыдæр. Фыццаг дзы лæппу, уынгæ дæр æй нæма фæкодта, нæ йæ зыдта, афтæ йе ´мгæрттимæ æгъдаумæгæсгæ афæдзы æмгъуыдмæ стæры фæцыд. Афтæ мачи зæгъа: «Уый цæй лæг у! Худинаджы къæлæу – уайтагъд йæ усы фæччийы бын абырыд!», зæгъгæ.

Стæй дæр ын йæ ныййарджытæм уайсæста. Ног чындз. Æгъдауы сæрты нæй ахизæн. Дæ дзыхы дзаг де ´мкъаймæ макуы бахуд. Дæ цардæмбал куы ´рæхснырса, уæддæр ын «Цæр!» макуы зæгъ. Адæм дыл, æнæгъдау, æнæхъомылгонд у, зæгъгæ, къуыппæнзарæг скæндзысты æмæ стæй, ацу, æмæ дæ амондджын æмкъаимæ дæ царды бонтæ тон се ´хсæн.

Фæстæдæр, сабитæ куы рахъомыл сты, уæд уыдонæй дæр аргъуц хъуыд. Чындзытæ, сиæхстæ сын куы фæзынд, уæд та уыдон зæрдæхудтæй хызтой сæхи…

Цард диссаг у. Æрдæг карæй фæстæмæ, цыма, адæймаг уырдыджы фæдугъ кæны. Афæдзы афонтæ сæ кæрæдзийы разæй куыд кæндзысты, уый ахсын нал уыдзæнис дæ бон. Тынг дæ куы фæнда, уæддæр рæстæджы цыд нал бауромдзынæ, æнæрай дзы макуы скæна йæ хицау.

Уæддæр сæ зулдзыхæй абадгæ сæ кæстæртæ дæр никуы федтой. Сæ кæрæдзи фыццаг фендæй фæстæмæ цæсты зулæй æмбæрстой. Æмæ, нæлгоймаг кæд фылдæр удмарæн тохты цыбыр кодта йæ цард, уæддæр, Хуыцауы фæрцы райгонд уыдысты сæ хъысмæтæй. Уæлдайдæр, сæ цотæй.

Ныр дæр сылгоймагæн æнæзонгæ нæ уыдис йæ удыхайы ахаст. Йæхи нымæры тынг хорз æмбæрста, йæ цæнгæтбуар нæлыстæг йæхи, стæй йæ иузæрдион

æмтохгæнæг æфсургъы афтæ бæстæтты цæмæн æмæ кæдæм цæттæ кæны…

Фæлæ-иу уыцы хъуыдыйæ барызт йæ зæрдæ. Хатыд, ох, куыд хатыд, бæрæгбонмæ цæуæгау, цæй охыл рæвдз ласта лæг йæхи хæсты размæ. Зыдта, йæ царды фæстаг дыууæ-æртæ азы-иу нæлгоймаг хаттæй-хатт куыд ныхъхъуыста йæ зæрдæмæ. Йæхиимæ дзурæгай-иу дзы сирвæзт: «Мæ худинагæн тæсчъы тулинаг куынæ фæуаин»…

Фыдæлтæй нын баззад уыцы ´гъдау – нæлгоймаг хæсты быдыры куынæ ссара йæ адзал, зæрондæй йæ царды бонтæ сылгоймæгтæ æмæ сывæллæтты ´хсæн куы тона, уæд уый мæлæтæй фыддæр у. Йе ´гуыдзæг, йæ тæппуды тыххæй йæ мæрдтæ дæр нæ исынц сæхимæ, зæгъгæ. Уыдæттæй фидис кодтой.

Ахæм нæлыстæгæн кæд намыс ис, нæлгоймаджы хъаруйæ кæд йæ уæнгты исты хъазы, уæд хъуамæ йæ лæппуйæн сбийын кæна тæскъ. Уым ныххиза. Лæппу хъуамæ уисæй сæхгæна тæсчъы сæр. Сæккой йæ кæна. Йæ фырт. Ахæсса йæ. Æмæ йæ атула уалæ Сæрсæфæн къæдзæхæй. Уый фæстæ йæ бафтауа йæ фыдæлты уæлмæрдыл. Скæна йын стыр хист, ома, фæмард æцæг лæджы мардæй.

Уацирæты зæрдæйы-иу тугтæ ныттагъдысты. Цæй зæронд? Куыд зæронд?!. Нырма, цыма, тæккæ знон баиу кодтой кæрæдзиимæ сæ цард. Сæ кæрæдзи уарзынæй куынæ ма бафсæстысты. Цæмæй стыхст, цардæй сæ зæрдæты фаг куы ницы ма федтой, уæд? Нырма кæд хъуамæ базæронд уа? Сылгоймаг-иу ын, лæджы уыцы катæйт-тæм æргом уайдзæфтæм уый тыххæй фæцис:

– Алæ-ма! Хæстонты тохсид дæхæдæг дæ, афтæмæй нырма дæ сæрмæ куыд хæссыс ахæм ныхæстæ? Уанцон диссаг нæу, гормон, уанцон диссаг… Де ´нусон дунемæ цæуын… Кæстæртæ кæуыл хъомыл кæндзысты?

Ныр дæр Уацирæт, мæгуыр, йæхи нал баурæдта. Йæ чъылдымæрдыгæйты йæхи фæкодта къуыммæ цæуæг. Аивæй йын йæ чъылдымыл басæрфта йæхи. Йæ ризгæ æнгуылдзтæ йын уыцы рæвдаугæ æрхаста йæ уонтыл.

Стæй йын йæ фæсонтыл авæрдта йæ фæлурс, фæлæ гæзæмæ фыдæвæрд уадул. Йæ цæссыгтæ тыхныхъуырд акодта. Байы мондагæн æй ауарзта ризгæ былтæй.

Сылгоймаджы буары лæджы хæстон фæлысты згъæртæ цыма ныгъуылгæ акодтой. Бахастой йæм сæ уазал. Йæ рихиты цыргъ хъуынтæ йын ахъыдзы кодтой йæ былтæ. Фæлæ сæ ницæмæ æрдарда. Йæ былтæ асæрфын нæ бауарзта йæ цæст. Цас сæ нал ныхсдзæн, йе ‘мкъайыл хъуыды кæнгæйæ, уый дæр æй нæма æндæвта. Фæндыдис æй цыдæр зæгъын. Фæлæ, цы загътаид, уый нал зыдта. Нал æй зыдта, æнæрайы зæрдæ фæуа. Æмæ, чындздзон чызгау, уыцы тарст-гомауæй тæлфыд йæхимидæг.

Нæлгоймагæн æхсызгон уыд йе ‘мкъайы ныфс. Сæ кæрæдзийыл бацин кæныны фадат дæр сын никуы фæвæййы. Сæхи сывæллæттæ, уыдон хъæбултæ… Ныр хистæртæй ирвæзт уыдысты. Уæддæр йæ цæстæнгас уайтагъд андæгъд зыхъыр дуарыл. Мачи сæ æрбахизæд. Кæстæртæй. Хистæртæ дзы аргъуц кæнынц, фæлæ йæ фырты кæстæр, къæбæда лæппуйæн басæттæн ницæмæй ис, нæ. Кæмфæнды йæ ауынæд, йæхи йæм, саджы сæныккау, гæппытæгæнгæ раскъæры:

– Дада, Дада!..

Гæдыйæ уæлдай нæу. Сбыры лæджы хъæбысмæ, цыфæнды йыл тыхæй хæц иуварс, ницы йæм хъары. Хъуамæ йæ æрбатухай дæ хъæбысы, барæвдауай йæ æнæмæнг. Лæг йæ сыхбæстæй æфсæрм фæкæны – уанцон диссаг нæу, нæлгоймаджы ном хæсс, уымæй дæр, зачъеджын зæронд лæг æмæ чысыл сывæллæтты упп-упп кæн дæ зæрдæйы дзæбæхæн.

Лæг фефсæрм йæхицæй. Йе ´мкъайæ дæр. Сæ кæстæры афтæ кæй суæндын кодта, уый тыххæй. Сæ кæрæдзиимæ сæ æнæнхъæлæджы дæллагхъуыр-уæллагхъуыргæнгæ мачи æрбаййафæд? Гæды сæ уайтагъд бафтаудзæн адæмы цæсты – йæ Дада æмæ Æнайы гæботæгæнгæ федта! Уæддæр иу къухæй зæрдæбын хъæбыс æрбакодта йе ‘мкъайы. Йæ тæвд былтæн ын ныккодта, йæхимæ гæсгæ, дæргъвæтин тæвд ба.

Ӕмæ та йæ зæрдыл æрбалæууыд Гæды. Ныр – æртæаздзыдæй стырдæр у. Кæстæр ын нæма зыны æмæ йæ фырт æмæ йæ чындзæн къæссацæгъдæнтæн æгæр раджы нæу? Алы ´гуыдзæджы дæр йæ тых бæгъатыримæ ´взарын фæфæнды. Ӕмæ нæ мыггаг нæ фыдызнæгты азарæй æгæр куынæгмæ нæ цæуы? Бирæ, тынг бирæ кæстæртæ нæ хъæуы. Уæлдайдæр, нæ уавæрты – лæппукæстæртæ.

Кæд къæссацæгъдæнтæ у, зæгъгæ, Арцтохæн Гæды иннæтæй уæлдай уый тыххæй фæадджындæр. Уый охыл æй рæвдауыдæр хæдзары хистæр. Йæхæдæг дæр, гыццыл лæппу, кæмфæнды уæд – дугъ, дугъ, дугъ æмæ та, фысы уæрыккау, йæ фыды фыды хъарм хъæбысы смидæг вæййы цыдæртæ дыгъал-дыгъулгæнгæ. Худгæ æмæ райгæйæ. Куыд ыл ахæцдзынæ иуварс? Куы йыл ахæцай, уæддæр дæм хъусы? Уæлдай…

Ӕниу, ныййарæгæн хъæбултæй цы уæлдай ис? Йæ рахиз цонг быныл нæ ралыг кæндзæнис Арцтох, стæй – Уацирæт йæхæдæг дæр, йæ кæстæртæй искæй фæсвæд куы авæра, уæд. Фæлæ, адæймагыл азтæ сæ фæд куыд фылдæр февæрынц, афтæ йæхицæн тыхæй фæуырнын кæны цыдæртæ. Афтæ уыд, уфтæ у…

«Йе, зæронд, дæ сæры сывæллоны зонд цæуын райдыдта, æмæ йыл басæтт», – лæг хъазгæйæ йæхи нымæры бауайдзæф кодта йæхицæн. Иу хатт ма ´ррæстытæ кодта йæ фадыбарц æмæ ацахста Гæдыйы скъуыдтæ хъæлæс:

– Да… да… Мæ… нæ… у-у-у… уадзынц!..

Уæддæр Арцтохы ныртæккæ, стыр, тугкалæн тохы размæ бынтондæр ницæуыл фæндыд дзурын. Уæлдайдæр, царды дæлæ-уæлæтыл. Диссаг куыд нæ у – хъуыды кæнын дæр æй ницæуыл фæндыд. Нæ йæ фæндыд хъуыды кæнын дæр. Йæ хъуыры цыдæр стыррыны цæф тымбыл кодта. Дудгæ. Судзгæ. Уыцы хъылмайы ад хаста лæджы уæнгты. Уыцы «цыдæр». Хатыд æй йæ мидбуарæй.

Лæг фæтарст, уыцы мæрдтыхайфæуинаг æххæстæй куы æртымбыл уа, уымæй. Чындзæй дæр æй уыдис

æфсæрм: афтæ нæ зæгъдзæнис, уæдæй-уæдмæ дуарæхгæд хæдзары иумæ цы ми кæнынц йæ хицау æмæ йе ´фсин? Се ´фсарм бахордтой æви сæ цæсгæмттæ сæ уæлæ алæбырдысты, зæгъгæ?

Сылгоймагыл иуварс ахæцын йæ цæст нæ бауарзта, афтæмæй батагъд кодта æддæмæ ахизыныл. Хæдзары ныллæг къæсæрæй авæрдта йæ къах æмæ йæ цæст скъуырдта уынджы кæронмæ йæ чындз æмæ Гæдыйыл. Сылгоймаг æй асайдта хæдзарæй дæрддзæф ранмæ. Гæдыйы. Ныттыхта йæ йæ хъæбысы. Армæй йын ныххæцыд йæ дзыхыл. Лæппу здыхсы…

Арцтохæн цы базонын хъуыд – чындз йæ хицау æмæ йе ´фсинæн арæзта сæ кæрæдзийæн хæрзбон зæгъыны фадат. Лæппуйæн ныххæцыд йæ дзыхыл дæр. Фæлæ сывæллон уымæ хъуыста? Рæдывта йæхи. Æмæ йæ нæ урæдта йæ мад.

Саби йæ фыдау ставдхъул æмæ ставдыстæг рахаста. Уый та, йæ фырт, Арцтохы æнгæс у. Уæнгæй дæр. Бакастæй дæр. Суанг – зондæй дæр. Æмæ фырт фыды хуызæн куы уа, уæд амондджын вæййы, зæгъынц. Хуыцау куы зæгъид бæргæ.

– Дада! – сабийы фæцис йæхи атоныны бон. Абадт йæ уисбæхыл, дардыл ныззылдта йæ хъæдын кард. – Æз дæр демæ цæуын хæстмæ! Зыпп! Зыпп!.. Бындзагъд сæ фæкæндзыстæм! Демæ цæуын! – Гæды йæхи раскъæрдта æмæ ныттыхст йæ фыды фыды уæрджытыл. – Дада! Демæ мæ кæныс хæстмæ?!. Æз дæр хæстмæ цæуын!..

Хицау фефсæрм йæ чындзæй. Йæ дзæмбы армæй сабийы уарзгæ æлгъывта йæ уæрагмæ. «Уæдæ, уæдæ…» – гуым-гуым кодта йæхи нымæры. Фæлæ, искæмæ хъуыст йæ хъæлæс, уый нæ ахста йæ хъуыды.

Чындзы цур йе ´мкъай дард нæ лæууы. Йе ´фсургъы, цыма йæ бæхты дугъмæ рæвдз ласы, уæлдай цæттæтæ кæны тугкалды размæ. Æмæ сылгоймаг уымæ хæстæг бацæуын æфсæрмы кæны. Искæй цæст сыл æнæмæнг æрхæцдзæнис. Æмæ йæ сæрыхицауыл уыйфæстæ йе ´мбæлттæ пыррыччытæ кæндзысты:

– Дæ цæссыгтæ дын асæрфта?

– Йæ хисæрфæн ын рахастай демæ? Уæд та дæ зæрдæ суынгæг!

– Уæддæр, Хуыцауы хорз æмæ дын дæ галиу къах фынджы къахмæ рæхсæнæй нæ бабаста!..

Удуæлдай адæймаг диссаг у – искæмæн дæр нæ бары йæ лæмæгъ. Худинагæй чи тæрсы, уый искæй лæмæгъ дæр нæ хæссы йæ сæрмæ. Лæппулæг æмæ йе ´мкъай, сæ кæрæдзимæ æргом нæ кастысты, афтæмæй сæхи нымæры адджын ныхæстæ уымæн кодтой:

– «Дæхимæ кæс», – дзырдта сылыстæг.

– «Цы мæ фæдзæхсыс. Фыццаг хæст мын у? Ма тæрс. Хуыцау æмæ дæм Уастырджийы фæрцы сæрæгасæй æрыздæхдзынæн», – ныфс ын æвæрдта нæлыстæг. Æмæ сæ дыуузæ дæр разы уыдысты сæхицæй.

– Æз дæр хæстмæ цæуын! Зыпп – хъуынджын сыстсæрæн! Зыпп – куыдзы фыртæн! – Гæды нал хæцы зæххыл. – Мæн дæр Дада хæстмæ кæны!.. Гъе-гъе-гъе!.. Хæстмæ цæуæм! Хæстмæ!..

– Гъе, гъе, гъе-е-ей!.. Лæджы худ уæ чи хæссы йæ сæрыл, хæстмæ чи цæуы, уый фæтагъд кæнæд Æмбырдгæнæн фæзмæ! – фидиуæг нал ауæрды йæ хурхы сæртыл. – Гъе, гъе, гъе-е-ей!.. Лæджы худ уæ чи хæссы йæ сæрыл… Хæстмæ чи цæуы!..

Уацирæт, хистæры раз нæ ирон æгъдау куыд амыдта, раст афтæ йе ´мкъай Арцтохы бæх раласта йæ рохтæй. Фæндыдис æй, идон ын йæ къухмæ куы радтаид. Се ´рмттæ кæрæдзийыл уæддæр аныдзæвиккой. Гæды сæ нæ бамбардзæнис, уыдæттæ зонынхъом нæма у, фæлæ бафсæрм йæ чындз æмæ йæ фыртæй.

Сылгоймаг æвзистæфтыд идон айста хъуыдыхуыз бæхы сæрты. Йæ кæрон ын æрæвæрдта саргъы гоппыл. Æрæфы сæр ахъæбыс кодта. Йæ русыл ын байы æфсон уыцы рæвдаугæ авæрдта йæ ризгæ, тæвд былтæ. Æмæ йе ´рфгуыты æлхынцъимæ ныййирд кодта йе стыр цъæх цæстытæ. Бæлццоны, уæлдайдæр, хæстоны фæстæ хъынцъым нæ фæччы – Лæгты дзуармæ хъыг фæкæсдзæн. Мыййаг, дзы цæссыджы ´ртах ма ´рхауа.

Бæхæн уыцы æхсызгон уыд йæ хицауы уынд. Бынмæ-уæлæмæ, цыма йæ барцæй хъазыд, арфæгæнæгау, ныттылдта йæ сæр. Йе ´хцон мыр-мырæй балхæдта йæ хицауы зæрдæ. Æмæ, Арцтох бæхы саргъмæ уыцы райгæ сæхста йæхи. Цыма стыр куывд кæнæ чындзæхсæвмæ цыд. Фæлæ йæ уæнгты змæлд Уацирæты цæстæнгасы акодта сæлæгау. Сылгоймаджы хъуыды уыд: «Æ, махон, дæ фезмæлд æцæг фæуæззау».

Уæддæр, хæстоны йе ´фсургъ уыцы сæрыстыр, уыцы хохæййасæй куы фæцæй хаста уырттуырттгæнгæ, йæхæдæг цыма саргъыл ныдзæвгæ дæр нæ кодта, афтæмæй, уæд дзы байрад йæ сылгоймаджы зæрдæ. Дæ хæдзарæй ахæмы куынæ арæвдз кæнай… Уадз, хæсты быдырмæ дæр фестæд!.. Уæдæ, сæныччы мехъхъæй чи фæтæрсдзæнис? Æмæ йæ фырт дæр атагъд кодта йæ фæстæ. Уый та – иннæ хæстон!

– Æз дæр хæстмæ цæуын, хæстмæ! Зыпп – хъуынджын сыстсæрæн!.. Зыпп – иннæмæн дæр!.. – Гæды нал ауæрды йæ уисбæхыл. Скъуыны йын йæ уд. Æрцыдис ыл йæ хъæдын кардæй дæр.

– Лæгты дзуар, дæ фæдзæхст фæуæнт!.. – сылгоймаг суагъта йæ кæлмæрзæны кæрæттæ. Æмæ чындз дæр бафæзмыдта уый. Фæлæ, сæ цæссыгтæ барвæндæй ма ауадзой – сæ кæрæдзимæ нæ бакастысты. Сæ уды сусæг тас фыддæрадæнгæнæгау æмбæхстой сæ дурзæрдæты. Нырма сæ кæрæдзийы цæстмæ фидар фæлæууын хъæуы. Уыйфæстæ иунæджытæй цыфæнды кæнæнт.

– Æз дæр… Хæстмæ… – Гæды бæргæ нæ саста йæхи, бæргæ йæ фæндыд хæсты цæхæры йæ хъару бавзарын, фæлæ уайтагъд аззад хæстонты фæстæ. Йæ бон базыдта – фæсайды. Æмæ иуцъус алæууыд цавддурæй. Стæй йын цыма исчи йæ бацæвиттæ бакъуырдта – зæххыл ныххаудта дæлгоммæ. Йæ кард æмæ йæ бæхы барц не суагъта, афтæмæй хæкъуырцц кодта йæхи мидæг…

Ныр, хæстмæ ацæуæг, тохы быдыры сæ туг никкалæг удуæлдæйттæ уæлахизимæ здæхтысты тохы быдырæй. Йæ уд сæ кæмæн аирвæзт, йæ бинонтыл удæгасæй, фæфосгонд хуынтимæ чи ´мбæлдзæнис,

уыдон фырцинæй зæххыл нал хæцынц. Зарынц, кафынц сæхийау хъалзæрдæ бæхтыл. Цин кæндзысты сæ хиуæттыл. Иу абонæй иннæ абонмæ сæ зæрдæты дзæбæхæн баддзысты уæлахизы куывды…

Фæлæ Арцтохæн нæй æмæ нæ хæлд йæ зæрдæйы судзгæ ʹлхынцъ. Æнæдзургæйæ цыд æмæ кодта ноджы æрхуымдæр. Нæ фæхатыд фæндаджы дæрццæг. Нæ базыдта нæуууытæй фæндаджы хъæбæрмæ куыд рахызтысты, куыд ссардта…

Æгас хæдзары цæрынæн ма у? Æви тагъд уый дæр сæркъулæй æгуыдзæг, цæнкуыл, æгад зæрæдтимæ баддзæнис кæстæрты цур æмæ йыл сылгоймæгтæ дæр худæгæй хæсдзысты сæхи? Худдзæн ыл йæ цард, йæ уд Гæды… Уыдзæнис ын дæнцæн, нæлгоймагæн куыд не ʹмбæлы цæрын. Нæлгоймаг зæры кары куыд ма хъуамæ хойа æвæджиаг зæххы чъылдым, уый кæстæртæ уындзысты сæхи цæстæй…

– Гъе, гъе, гъе-е-е!.. Дада-а-а!.. – дард кæцæйдæр æм хъуыст Гæдыйы цины хъæлæс. – Гъе, гъе-гъе, Дада!.. – Æмæ лæг фæирд кодта йæ дзагъыр цæстытæ. Ныхъхъуыста ногæй: уый фыны ис æви йын, æцæг, фырзæрондæй цæстсайæнтæ райдыдтой æмæ дзыллæйæн рæхджы суыдзæнис худæджы сæр?

Кæцæй хъусы Гæдыйы хъæр? Ау, æцæг æй йæ хъустæ сайынц? Æмæ бæлвырдæй, бынтон бæлвырдæй ахсы: «Гъе, гъе-е-ей!.. Дада-а-а!..»

Цæстсайæн нæу. Æцæгæй йын хъусы йæ хъæлæс!

Хæствæллад лæг йе стыр цæстытæ ахаста дæрдтыл æмæ æввæхсты. Уалæ йæм уæлвæндагæй æд уисынбæх, йæ кард йæ сæрмæ дæрдтыл тилгæ, хотыхджын æфсады ʹхсæнты рафсæры цинæфсæст Гæды!..

Лæджы уæнгты ацыд ихдон. Уæзæджы хъармæй стыррыккуд бæхтæ йæ ныртæккæ афсæрдзысты сæ къæхты бын. Сæ сæртæ æврæгътыл чи хафынц, уыцы цинæрра хæстонтæ йæ хатгæ дæр нæ фæкæндзысты. Худинаг æмæ тæригъæды хай кæндзысты нæртæккæ.

– Æрлæууут! – тохмæ сæм куыд фæсиды, афтæ Арцтохы бæзджын хъæлæсмæ ныддыз-дыз кодта арв.

Æфсад бæхæй, лæгæй фæкодтой уыцы дзыхълæуд. Йæхæдæг йæ цырыхъхъыты зæвæттæй фесхуыста Æрæфы тæнтæ. Зондджын æфсургъ, цыма йæ фынæйæ фехъал, уыцы æфсæрст акодта фидæны хæстоныл фембæлынмæ. Бæхæй, хæстонæй сæ ахаста йæ разæй.

– Æй, Гæды, Гæды… – Арцтохæй иу уысм æрбайрох æфсарм дæр, æхсар дæр, хистæр дæр, кæстæр дæр… Йæ ардуаны хуызæн дæрзæг армæй ацахста лæппуйы хъул æд «бæх» æмæ байрад йæ зæрдæ – йе ставд стæг рæвдауы зæрдæ!.. Рахиз къах ын авæрдта æгъдæнцойæн æмæ саби йæ хъæбысмæ, лæппын фæранкау, куыд сгæпп кодта, уый ничи ауыдта.

Фæлæ уым дæр не ´рхæцыд. Февзæрд лæджы фæсарц. Ныддæвдæг йæхимбæрц – Арцтохы цирхъыл, афтæмæй слæууыд бæхы фæтæн рагъыл æмæ зондджын хайуан иунæг уæлдай змæлд нал уæндыд, афтæмæй йæ къахайст ныууæззау æмæ кодта рæвдаугæ, æхцон хуыррытт, цыма йын хицау йæ раз равзаргæ хорæй байдзаг кодта.

– Æз дæр тохæй здæхын! – лæппуйы цинæн нал уыд кæрон æмæ радис йæ Дада дæр. Хæсты фæудæй нырмæ фыццаг хатт райхæлд йе ´рфгуыты ´лхынцъ. Йæ цæсгомæй фæлыгъд мигъы фæд. Цыма йæ иунæг уысммæ ивгæ бачындæуыд, ахæм хуыз æвдыста. Фæлæ нæ фæхатыд йæхæдæг, йæ мидбылхудтæн йæ цæсгомыл æххæст бар кæй радта.

Афтæмæй Гæдыимæ сæ кæрты куы балæууыд, уæд йе ´мкъай Уацирæт бахаудта дисы: «Цы ´рцыд ацы лæгыл? Фæстаг рæстæджы ма, тугуарæн хæсты удæгасæй кæй баззад, ууыл афтæ зæрдæбын æмæ æргомæй кæд цин кодта»?

Фæлæ йын уыцы цин, сылгоймаг куыд æнхъæл уыдис, афтæ бирæ нæ ахаста. Йæ фыртимæ сæ хæстон дарæс куы раивтой, куы басихор кодтой хъæбæр кæрдзын æмæ фысыфыдæй нурыдзæхтонимæ æмæ хæрзчысыл куы аулæфыдысты уæрдоны уæлдуæттыл бадгæйæ, уæд æрхуым нæлгоймаг бауырдыг йæ фыртмæ. Бафарста йæ фæндвидар хъæлæсы уагæй:

– Кæм ис дæ тæскъ? – æмæ дзы иудзæвгар нæ систа йæ цæстæнгас, цæмæй лæппу ма фæсайа, ратта йын раст дзуапп. Адæймаг, уæлдайдæр, нæлгоймаг хъуамæ уа æнæхин, æргомдзырд. Мæнгард уæвын рагæйфæстæмæ худинаджы хъуыддаг у, æмæ худинаг йæ сæрмæ чи хæссы, уыцы нæлыстæг худы аккаг нæу. Рæстæй афтæ ымадтой нæ фыдæлтæ.

– Скъæты, – уыдис лæппуйы цыбыр дзуапп.

Æмæ йын фыд, хистæрыл куыд æмбæлы, афтæ сабыргай, фæлæ йæ фидар хъæлæсы уагæй йæ хъуыды бамбарын кодта кæронмæ:

– Рæстæгыл æй фæу. Уæлахизы куывдыл къæм куыд нæ абада. Уыцы хъуыддаг æнæмæнг сараздзыстæм уый хæнтфæстæ. Æгъдау куыд домы, æппæт дæр уыдзæнис афтæ: æгъдауæй, фынгæй… Æргæвдгæ-иу нæхи стыр гал акæн. Тæлæттагæй рухс кæнын цыма уымы бæстæм фарнæн нæ фæхæццæ уыдзæнис, афтæ мæм дзуры мæ зæрдæ.

Уый нысан кодта: иунæг уæлдай хъыпп-сыпп дæр – никæмæн. Хъуыддаг зондзысты æрмæст сæ дыууæ. Æнæзиан адæм Уæлахизы куывды сæ зæрдæты фаг куы фæкафой, куы фæзарой, куы фæхъазой, уæд уый хæнтфæстæ уыдон та, æгъдау куыд у, афтæ уыдон та алыг кæндзысты, сæ фыдæлтæй сыл нывыл бафидинаг цы хæс баззад, уый.

Акæндзысты чысыл кусарт. Род кæнæ фыс. Æвæццæгæн, род хуыздæр уыдзæнис. Хæстæй бирæ хæрзхаст рæгъæуттæ æртардтой. Алцæй æмæ алкæй фаг дæр уыдзысты. Фæлæ тæлæттаджы, уæддæр, кæйдæр тæригъæд ис. Сæхи фос дардыл æххæссынц. Йæ кæндты фаг сæ рантысдзæн. Чындз скæндзæнис æртæ уæлибыхы. Фæдзурдзысты æртæ лæгмæ. Æгъдау куыд амоны, афтæ фыццаг скувдзысты уæларвонтæм… Стæй…

Æгъдау саразыны фæстæ Арцтохы тæсчъы аппардзысты Сæрсæфæн къæдзæхæй, цæмæй йæ зæрыбон хынджылæггагмæ ма ´рхауа. Æмæ йын скæндзысты стыр, куывды хуызæн кады хист. Хисты адæм йæ кады номыл нуазæнтæ кæм баназой. Цæмæй йе стыр æгъдау

фæстагæттæн баззайа фæзминагæн. Дзурдзысты-иу: афтæ æмæ афтæ, Арцтох æгады царды бæсты равзæрста кады мæлæт – йæхи тæсчъы сæвæрын æмæ атулын кодта Сæрсæфæн къæдзæхæй!

Æмæ ницы уыд йæ ныхмæ лæппуйы бон зæгъын. Ног æгъдæуттæ аразынил нæ уыд сæрыстыр Арцтох. Фыдæлтæй нын цы баззад, ууыл, лæгаулæгæн куыд æмбæлы, афтæ хæцыд фидар, нæ йыл иста йæ къух. Уæддæр, лæппуйы ´нæразы зæрдæйы уаг хатыд фыд. Уайдзæфы хуызы йын, йæхиимæ дзурæгау, уымæн бакодта Арцтох:

– Уæд дæ нæ хъуыдис уыцы лæппуйы зæрдæ афадын, – йæ зæрдыл ын æрæфтыдта, хæсты иу бабырсты знæгты фыд размæ æгæр куы ассывта, уæд дзы куыд «байрох» æнаккæгтæй чъылдымырдыгæй йæхи хъахъхъæнын. Йæ хæнтфæстæты йæм сусæгæй цы хæстон æрбахъуызыд, уый йыл æхсаргард куыд æрцæй сæрфта, афтæ йын йæ зæрдæ айгæрста лæппуйы цыргъ арц.

Знаджы хæстоны æхсаргарды æнæбон, уæлæнгай хыбар-хыбур ма ссыд Арцтохы згъæр хæдоныл. Фæлæ йын йæ хъуын дæр нал фæтасын кодта. Æндæр æм уыйфæстæ ницæйæгты карды фындз хæстæг дæр никуы уал æрбацыд. Æмæ уымæй сæрыстыр уыд хæстон лæг.

Уæддæр сæрыстыр лæджы бар-æнæбары фæндыд нæ кады фыдæлты æгъдауыл амæлын. Æмæ йæ фырты бон йæ ныхмæ ницы уыдис. Æнæдзургæйæ скъæтмæ уымæн араст. Йæ фæллад ницæмæ æрдардта. Рахаста æрдæгбыд, стыр тæскъ. Скъæты раз æй æрæвæрдта сыгъдæгсæрфт сæгъдоны. Уырдæм ыл никæй цæст схæцдзæнис. Изæрмæ йæ кæд фæуаид быд. Сцæдтæ йæ кæндзæн. Йæ фыдæй йæм, Хуыцау бахизæд, уæлдай уайдзæф æрхауа. Изæрмæ æввахс та, цы фæфос кодтой, уыдон æнæхъæн хъæубæстæй лæджы сæрыл дих кæндзысты. Уырдæм æй æнæмæнг хъæудзæнис цæуын.

Фæлæ, йæ куыстмæ нæма æрæвнæлдта, афтæ Гæды «тæргæ бæхæй» февзæрд йæ разы. Фыццаг цалдæр хатты æнæдзургæйæ ´рзылд йæ фыд æмæ ´рдæгбыд тæсчъы алыварс. Фæкæстытæ йæм кодта лæмбынæг,

стæй йæ тохвæллад, æрхуым фыды йæ фарстытæй баскъæрдта къуыммæ:

– Цæмæн дæ хъæуы тæскъ? Цæмæн æй бийыс? Цы дзы аразыс? Дæумæ нæ дзурын? Зæгъ æй, зæгъ!.. Цæмæн дæ бахъуыд тæскъ?!.

Арцтох хæдзармæ бахизæны лæууыд. Дзæбæх ын хъуыста йæ ныхас. Æмæ йæ мидбылты кодта хъуызгæ худт: уый йе ׳ннæ кæстæрты хуызæн нæу. Кæнæ сæ бынтонарæзт кæндзæнис, кæнæ – бынысæфт.

– Зæгъ æй, цæмæн дæ бахъуыд тæскъ?! Дадайы дзы атулай æмæ амæла, уый дæ фæнды, нæ? Æмæ дын æй нæ раттдзынæн, нæ! Уæгъды ма би дæ удхæссæджы тæскъ! Дадайы дын нæ раддзынæн! Бамбæрстай?!.

– Æгъдау афтæ у.

– Æгъдау... афтæ у. Æмæ-иу дæ тæскъ уым ма ныууадз. Æгъдау афтæ у... Æмæ та æз æндæр тæскъ бийон? Рахæсс-иу æй. Æз дæр дæ ацы тæсчъы хъуамæ атулон... Сæрсæфæн къæдзæхæй!.. Рахæсс-иу æй фæстæмæ, рахæсс! Уæдæ, æз æндæр тæскъ бийон?!.

Фыдæй, фыртæй... Баззадысты цавддуртау. Баззадысты лæугæйæ. Сæ уæнгты сæ туг ныллæууыд йæ цæуынæй. Чи йæ сардыдта? Чи йын бацамыдта уыдæттæ? Фæлæ бинонты ׳хсæн цы басусæг кæндзынæ? Æнауæд, сабиты ахæмтæ ахуыр кæнын хъæуы? Уыдон фæлтæрæй-фæлтæрмæ алцы дæр хистæртæй бирæ къаддæр нæ фæзонынц. Уæлдайдæр сæ, хистæртæ цы фæсусæггаг кæнынц, уыдæттæ. Ницы сын баззайы зæххы цъарыл æнæзынд.

Гæды нæ читт кодта:

– Ма-иу æй ныууадз уым. Тæскъ... Æз дæр дæ уым атулдзынæн. Уæдæ ма-иу фæкæс мæнмæ!..

Йæ фыд йæ сæрыл ныххæцыд дыууæ къухæй. Фæлæ хъыпп-сыпп не скодта Гæдыйы ныхмæ. Æниу ын цы хъуамæ загътаид? Æрæвнæлдта æрдæгбыд тæскъмæ. Райхæлдта йæ халгай. Бийинаг ма дзы цы уистæ уыдис, уыдонимæ сæ æнæссыбырттæй ныккодта лыстæг цъæлтæ. Æнгуылдзы дæргъæн цыбыр цъæлтæ. Æмæ йæм æргом сдзурын ничи бауæндыд...

Суанг Арцтох дæр. Кæстæры зæрдæхудтæй худинаг – хуыздæр. Уымæн ныххуыдта, йæхи кады мæлæтмæ чи цæттæ кодта, уыцы хохлæг, уыцы хæстон йæ дзых.

– Гъе, гъе-е-е, хорз адæм! Знаджы æнæнымæц æфсад æрбацæуы нығуылæнæрдыгæй! Йæ къахыл лæууынхъом чи у, уыдон сæр бахъуыд! – йæ хурхы сæрты тæригъæд фæхаста фидиуæг. – Лæджы худ чи хæссы йæ сæрыл, уыдон рацæуæнт Æмбырдгæнæн фæзмæ!..

Фæдисмæ Гæды фырцинæй фæхаудта арвмæ:

– Æз дæр цæуын хæстмæ! Æз дæр цæуын хæстмæ! Дада, дада!.. Хæст райдыдта, хæст! – саби фырцинæй æцæгæй хаудта арвмæ. – Дада!.. Æз дæр демæ цæуын хæстмæ!.. Рыпп – хъуынджын сыстсæрæн! Рыпп!..

«Куыдзы фырттæ!.. Тæппуд ницæйæгтæ!.. – æхсыст Арцтохы маст не знæгтæм. – Цас нæм «фæцæуæм», «фæхъуызæм» фæкодтой!.. Уæд схæцдзыстæм!.. Уæд уыдзæнис!.. Фæкæсут-иу!..

Фæлæ ницæйæгтæ аланы коймæ сæ быны мизынц! Нæ номæй дæр нын тæрсгæ кæнынц! Ныр сæм афтæ фæкаст, рафтыдыстæм хæсты… Фæстейæ нæ ничи уал ис æмæ нæм бынмизтæ бахастой сæ ныфс, – лæджы тынг нуæрттæ хæсты коймæ, хæсты цинæй – йе знæгты кæй ныддæрæн кæндзæнис, æппынфæстаг сын йæ цæсты дзаг кæй фендзæнис, уыцы цинæй кодтой æлхысчъытæ. Йæ бон ма сæ тыхæй уыдис сабыр кæнын. Фидарæй зыдта, хæстон лæгыл талф-тулф митæ нæ фидауынц. Рæвдз фезмæлд цæмæннæ, фæлæ рæуæг митæ нæлыстæджы фос не сты.

– Æз дæр цæуын хæстмæ! Дада!.. Æз дæр хæстмæ цæуын! – Гæдыйæн нал уыд иуран æрхæст. Хæсты коймæ змæлыдысты йæ хом нуæрттæ. Йæ уисбæхы хид сфынк, афтæмæй йæ уынджы ратæр-батæр кодта дыууæрдæм. – Хæстмæ цæуын!.. Уæхи мæ бахизут, бынмиз ницæйæгтæ! Рыпп!..

«Куыдзы фырттæ!.. Ахæм кæстæртæ цы зæххыл рæзынц, уыдонимæ схæцынмæ мын хæссынц сæ ныфс. – Тæсджы мæлынмæ нæ, кады сæрыл тохмæ хъæуы цæуын! – даудта йæ урс зачъе, алыхуызон тугкалæн

хæстыты чи бахсыст, уыцы хæстон. – Æмæ уын æз фенын кæндзынæн, Арцтох чи у, æмæ йæм тыхы сæрыл куыд хъæуы ´фсæрын!..»

Хъæугæронæй йæ хъус ахста йæ иузæрдион Æрæфы знæт, фæлæ æхцон мыр-мыр. Базыдта лæг, йе ´фсургъы хъустыл кæй æрцыдис фæдисоны мæнæ-мæнæ. Ахуыр уыд рагæйфæстæмæ хæсты фæдисыл. Зоны, цæргæ-цæрæнбонты куыннæ базыдта, тохмæ æппæты фыццаг уыдонæн цæугæйæ кæй у – æвзонг хæстонтæ æмæ æфсургътæн цæвиттон куыд æвдисой æмæ йе ´нæхин хицауы размæ фидиуæджы фæдисмæ барвæндæй æрбацæуы йæхæдæг. Уый, æфсургъы æнæхин, иузæрдыг ахаст дæр ын йæ хъуыдымæ тагъта, тæскъыл, мæлæтыл катай нæ, цардыл кæй хъæуы тыхсын, уыцы рухс фæнд.

Диссаг куынæ у – ацы хатт Арцтохы цин æнхъæвзта æнæхъæн бинонты зæрдæтыл. Уырныдта сæ, раст хъуыддагыл кæй слæууыдысты. Нырæй фæстæмæ сæ дардыл мыггаг цæргæ-цæрæнбонтæм Арцтох æмæ йæ фырты, стæй йæ фырты фырты фæрцы ирвæзт уыдзысты тæсчъы æмбæхст тасæй. Иугæр лæг йæ миднымæры разы у йæ ныцъцъæл кæныныл, тæскъ уисгай ныссæттын æмæ басудзыныл, уæд йæ хъуыдыйы сæрты фыдæй-фыртмæ ничи уал ахиздзæнис.

Æмæ уыцы сусæг цин цыд уылæнтæй, цæвæнтæ кодта фæйнæрдæм. Йæхæдæг æвдыста йæхи. Нал ын уыдис иу чысыл уысм дæр тыхæй æруромæн.

Стæй, кæмæ хъуамæ разына ахæм тых!..

## ЦÆНГÆТ ÆНА

Нар æнхъæл нæ уыдис, уыцы ´хсæв дæр æй хæстмæ цæуын бахъæуа. Фæлæ хæстон рæстæг адæймаджы хи фæндонæй нæ фæрсы. Дæ сæр кæм бахъуыд, уым æй, кæд æцæг патриот дæ, уæд дæ адæм æмæ дæ Фыдыбæстæйы сæрвæлтау хъуамæ ´рæвæрай. Æмæ фæцис.

Æнæхъæн афæдзæй фылдæр не знаджы рахауинаг цæстæй кæй фæхызтам, йæ алывæрсты, сæ размæ арты фарсмæ лæугæйæ, кæмæн басыгъдыстæм æмæ басыдыстæм, нæ уыцы сахармæ куыйдзыхтæ афтæ хин æмæ кæлæнæй æрбафсæрой, нæ ныхтæм нын хæдæхстæ ныддарой æмæ ныл хин худт кæной – куы фезмæлат, уæд уæ агæрах кæндзыстæм, зæгъгæ, уый æнхъæл дæр нæ уыдыстæм. Дæхи цы нæ уа, уымæй ныфс ма ´вæр.

– Советон Цæдисы номдзыд æфсадæй уыдыстæм сæрыстыр!.. – катайгæнгæ, ´лхыскъгæнгæ дзырдта Нары тохы ´мбæлттæй Къæсхуыырдæр. – Æмæ нын уый, хуыздæр фæуой – се ´ххуыс… Фæкалдыстæм ыл.

– Æрвылбон сæ посттæм, цинæй райгæ, цæхх æмæ кæрдзынимæ цыдыстæм. Æцæг бодзтау нын стыр ныфсытæ æвæрдтой: «Комендатон рæстæг у. бынтондæр мацæмæй тæрсут! Уæ сæрты уын цъиу атæхын нæ бауадздзыстæм!..» – мæсты кодта Бæрзонддæр.

Нар йæ хъарм дарæс, йæ батинкæтæ кодта ´нæдзургæйæ. Нæ йæ фæндыд хæдзары, йæ мады цур, йæ хъуыдытæ ´ргом кæнын.

– Нæ дæ ауадздзынæн, мæ хъæбул! – уаты къуымты тыхст рауай-бауайыл уыд Нары тыхст Гыцци. – Ныр та, нæ удтæ нын стыр бынæтты чи фæхордтой, уыдон хъæбултæ хæцæнт куыйдзыхты ныхмæ. Цæфæй уæддæр æрулæфай дæ сынтæджы!..

Гыццимæ кæй кой ис, уыдон ныр дард сты. Уырдыгæй ныл кæнынц кæйдæронты рувасы худт. Фæлæ йæ хаты алчи дæр – куыддæр хæст фæуа, афтæ сæ ар-

дæм хъæуы. Сæ гæртæмттæ æмæ та нæм хионизмы фæрцы ´нæмæнг схицæуттæ уыдзысты. Зæндтæ æмæ нын, знæгты ныхмæ хæцын куыд хъæуы, уыдæттæ, нæ фæсырх уыдзысты, афтæмæй амондзысты.

Фæлæ Нар зыдта, нæ йæ бауромдзысты йæ мады «хылтæ» æмæ йæ дзыхыл хæцыд. Уайтагъд ныхъхъус сты Нары дыууæ ´мбалы дæр. Æнæдаст. Хуыссæг-хъæлдзæг. Къæсæргæрон, хатыркурæгау, слæууыдысты сæрныллæгæй. Къæсхуыры къухы – карабин, иннæмæ – цыдæр хиаразгæ ´хсæнгарз. Ахæм хæст ыл кæны, цыма, Хуыцау йæхицæн ницы уал ныууагъта, иууылдæр сæ уыцы хотыхæй скодта уый разæй.

– Æ, йæ ахсджиæгты фыдтæ дæндагæй фæхæра, махæн цы сæрцæф паддзах ис… – Нары Æна-иу йе ´рмттæй аивæй æрхоста йæ уæрджытæ. «Сæрцæф» йæ сæры рахиз фарсыл дæргъæй-дæргъмæ гæрæмы ´нгæс сау тæлм кæй ис, уый тыххæй нæ зинтыфæлдыст, сæнтдзæф президент Гарбачы хуыдта. – Ныууæй нæ кодта куыдзы фырт нæ паддзахадимæ йæхи хуызæн, адæмы знæгтæн – фæсденджызаг фæстæмæзæвæтджынтæн, æндæр ницы. Сæ кæрæдзийы тугтæ сыл ныхъхъæбæр уой. Æппаргæ бибитæ æмæ цъæхтыл йе стырдæр бæллиц сси, цы бæласы цонгыл бады, уый лыг кæнын. Йæ адæмы лæджыфыдхортæн сæ мондæгтæ суадзынæн радта, уыдон хуызæн суа. Уыдон хуызæн суа, йæхæдæг уыдонæй фыддæр у, фæлæ.

Къæсхуыры та фæци дзырды бон:

– Йæ фыдвæнды йæ цæмæй мачи хъыгдара, уымæ макæй æвдæла, уый тыххæй куыдзы фырт адæймаджы ном фидиссаггæнджытæн куыд тыхджын, куыд æдылыдæрæй ракалдта дунейы хæцæнгарз. Йæ дæлимоны армæй сын сæ хъуыры уадзы рæстаг, фæллойгæнæг адæмы туг. Уый кæд президент нæу, кæннæуæдæг ын!.. – ныккодта мæсты сыбыр-сыбур. Фæлæ сæ алчи дæр бамбæрста, цы йын ныссидт йæхинымæры.

О, æмæ йе ´мзонд сæнтдзæф гуырдзиæгтимæ сусæгæй ныккодта фыдвæнд: армыдзаг Ирыстон уын æргом хæсты нæ чъил кæны, уæд æрдæг æхсæв, комен-

дантон рæстæджы, хæстонты арвитын кæндзынæн казармæтæм, æддæмæ сын сæ сæр радарæн куыннæ уа, зæгъгæ. Сымах сусæгæй бацахсут армыдзаг Чъребайы сахар. Ирон тугæй зылын гуыбынтæ сæвæрут. Уый дæр дзы куыд бафсадой йæ зæрдæйы фаг.

Халон халоны дардмæ уыны. Куыйдзыхтæ цæстыныкъуылдмæ сæ кæрæдзи афтæ хорз бамбардзысты, уый æнхъæл сын чи уыд? Мах цалынмæ: «Уый гæнæн куыд ис?», «Цæдис нæ куыд ауæй кæндзæнис?», «Æфсад тыхджын у æмæ сæ уый æрбадын кæндзæн сæ бынаты»-тæ кодтам, уæдмæ поезд афардæг – «гу-гу»! Ныр ма кæдæм лидзыс йæ фæдыл? Стыр ныфсытæ кæмæй æвæрдтам, уыцы тыхджын æфсад та…

Найы галæн кæд астæукъæбæлæй ахизæн ис, уæд æфсæддон лæг дæр басæтдзæн йæ фидар бардзырд. Æмæ сахар бонцъæхтыл куы райхъал, куы федтам, холыйыл мæлдзгуытæ куыд ныттымбыл уой, афтæ йыл дыууæрдæм разгъор-базгъор кæнынц сæрæй-къæхтæм хотыхджын, тугмондаг куыйдзыхтæ, – бирæтыл дзы – дыгай, æртыгай мигæнæнтæ – цæмæй нæ стырдæр тас бауадзой, – уæд фæсæццæ стæм: «Цы кæнын нæ хъæуы? Цæмæй райдайæм? Лæгмарты ныхмæ куыд хъæддыхдæрæй фæлæууæм?»

Æнæхæецæнгарз, æнæазым адæмы, – фылдæр, сæ ныфс тынгдæр кæмæ хастой, уыцы æдыхты, – ахсын, стигъын, марын куы райдыдтой, уæд дызæрдыг кæнын никæй уал хъуыд: тыхæн тых – йæ хос. Æмæ ма кæмдæр, сахаргæрætты, куыйдзыхтæй цы чысыл сæрибар уынгтæ аззад, уыдоны Нар æмæ йе ´мбæлттæ, стæй уыдон хуызæттæ – сахар æмæ сыхаг хъæуты лæппутæ, лæгтæ, сылгоймæгтæ, суанг сабитæ дæр тагъд-тагъд æвæрдтам, æрбатонæн кæмæн ма хъуамæ уа, ахæм баррикадæтæ хъæдтæй, дуртæй, бетон къултæй…

Баррикадæтæ æвæрдтам, фæлæ иннæ фарсмæ Нары тугбадт цæстæнгас æндæгъд сæннозтæй рæсыдсæр, рæсыдгуыбын автоматджынтыл. Йе стыр æрмттæ йæ уыцы куыдхуыздæронæй хордтой. Йе уæнгтæ-иу айвæзтытæ кодта – дæс-фынддæсæй йын иумæ куы ницы

бауыдзӕнис сӕ бон, уӕд ӕнӕхъӕн сахармӕ, – уадз, чысыл дӕр уӕд, дыууиссӕдз мины дӕр ма уӕм, – цы ныфсӕй ӕрбахъуызыдысты?

Цы сӕ хъӕуы, уый дызӕрдыггаг кӕмӕн у?!. Ныры хуызӕн рӕстӕг сын никуы уал фӕуыдзӕнис, тынг рагӕй кӕмӕ бӕллынц, уыцы хинӕйдзаг, тугӕйдзаг фӕнд сӕххӕст кӕнынӕн – сӕ арӕнтӕ Ирыстоны хардзӕй айвазынӕн; нӕ цӕттӕ бынтыл нын ӕввонгӕй ӕрбадынӕн. Уӕлдайдӕр сын уӕлейӕ, фалейӕ, дӕлейӕ – куыдзӕй-хӕрӕгӕй сӕ къух аразынц ӕмӕ фӕстӕ цӕмӕн хъуамӕ фӕлӕууой?!. Цӕргӕ-цӕрӕнбонты ӕнӕазым ирон туг ныккалын нӕу сӕ бӕллиц?!.

«Уыцы фӕндӕгтӕ сын амонын нӕ хъӕуы», – хъуыды кодта Нар ӕмӕ йӕ сӕры сӕ кӕрӕдзи ивтой, йӕ Ӕна йын чингуыты арӕх кӕй кӕсын кодта, уыцы цаутӕ. – Кӕддӕр сӕ фыдбоны сыхӕгтӕ цӕугӕдӕттӕ Тигр ӕмӕ Ефраты донбылты куы цардысты, уӕд, ӕнӕудӕй схъӕлбӕрзӕй, хӕдзары – фӕныкгуыз, искӕй цур тыхлӕг кӕй уыдысты, ӕппынӕдзух хылы къахыл кӕй лӕууыдысты, сӕ сыхӕгтӕ сӕ уый тыххӕй сӕ сӕфт куыд федтой ӕмӕ сӕ кой, сӕ хъӕр ӕнустӕм куыд фесӕфа, афтӕ сӕ дурадзагъдӕн куыд рахастой...

Алантӕ – тыхджын, сӕрыстыр, тӕригъӕдгӕнаг адӕм. Сӕ тыхӕн фӕуынӕнхъӕл нӕ уыдысты. Афтӕ сӕм каст, уыцы тых сын чи радта, уыцы Хуыцау ӕнусты сӕ фарс уыдзӕнис. Уый тӕсӕй сӕм ничи бауӕнддзӕн. Мӕгуыр лигъдӕттыл ӕрхӕцыд сӕ цӕст. Ӕррӕвдыдтой сӕ. Радтой сын зӕхх Сау денджызы былтыл... Ӕфтыдтой сӕм, алантӕ бердзентӕн сӕгъты кӕй ивтой, сӕ цагъарты уыцы туг-стӕджы, уацары кӕй кодтой, уыцы хӕццӕ адӕмты. Фылдӕр кодтой ӕмӕ нӕхӕдӕг нӕхицӕн нӕхи къухтӕй къахтам ингӕн...

Нӕ фыдӕлтӕ – хӕстон адӕм, цыфыддӕр знӕгтимӕ тохты цыбыр кодта нӕ мыггаг, тугвӕдуадзгӕ, алырдыгӕйты счъил кодтам хӕхтырдӕм. Нӕ фӕдыл, сабыргай, фӕлӕ сусӕгӕй, цинӕй райгӕ, цыдысты не ´ркӕнӕггӕгтӕ ӕмӕ уыдон хуызӕттӕ. Уадиссаг хӕцыны сӕр сӕ никуы хъуыдис. Не знӕгтӕн алы хатт дӕр къух

лæвæрттой. Удхæссæг цагъта æмæ – сауджынæн. Цæмæннæ бирæ кодтаиккой цъиуæй-бæдулæй? Афтæмæй нын ахстой нæ ис, нæ бис.

Нары ныртæккæ куы ´вдæлид, уæд уыдæттæ цалдæр хатты ракæсид йæ Æнайæн, æмæ сын уый æркæнæгæй дæр, æркæнæггагæй дæр, æвзæртæ фæфæлдисид, куыд æмбæлы, афтæ. Фæлæ йæ не ´вдæлы. Нары. Йе ´мбæлттæ уымæ кæсынц. Стæй æрмæст йе ´мбæлттæ нæ. Ирыстон дæр æм кæсы. Уыдон, Наритæ йæ куынæ бахъахъхъæной, уæд æндæр чи? Сæ хæлæфтæ хуылыдзæй фæсхохмæ чи аскъæфтой, уыдон?

– Ацæуæм... – Бæрзонддæр тагъд-тагъд кæны йе ´мбæлтты æмæ та ´ркæсы йæ хæцæнгарзмæ. Æвæццæгæн æй фæнды, йæ ног хъæргæнаг куыд равдисдзæнис йæ хъомыс сау æмæ ´гъатыр тыхгæнджыты ныхмæ, уый тагъддæр базонын.

Уæддæр Нары архайд нæ рæвдздæр кæны. Алы хъуыдытæ æвæндонæй цæуынц йæ сæрмæ:

«Сырды холыйы тæф сайы йæхимæ. Цæрæнбонты нын нæ цъыфхор уæйгæнджыты ´ппарæггаг стджытæй фæсайынц, цæмæй уыдон фарс уой æмæ сын æппарæггæгтæ фæхæрын кæнынц. Ныр дæр та скарстой – иугæр, нæ холыхортæ сæ фарс бирæйæ сты, уæд, зæгъгæ, айæппæтæй фæйнæ гæрахы куы фæкæнæм, сахары дуртæ куы фæнык кæной, уæд мах, æнæсæттон ир, нæ хотыхтæ ´ркалдзыстæм, сæ бынмиз «æфсады» нымæцæй фæтæрсдзыстæм, хохы уыцы фарсмæ нæ цæгаттаг хотæ æмæ ´фсымæртæм таппызарты хай фæуыдзыстæм! Чи ма нæ аззайа, уыдон та – цæгъдгæ!»

Нар скодта мæсты стад.

– Ацыдыстæм! – байрад Бæрзонддæр.

Нары уæддæр нæ уæгъд кодтой, иу уысм ын æнцой нæ лæвæрдтой йæ хивæнд хъуыдытæ:

«Рагæй нал æрбадтысты ирон тасгæ фынгтыл. Нал сæ хонæм. Ныр кæдæй нырмæ. Æмæ нал лæууынц æрхъæцмæ. Тæлфынц сæхи мидæг. Кæлынц нæм сæ комы дæттæ. Кæд нæм æрбаххæсдзысты? Кæд ныл æрæвæрдзысты сæ хъуынджын, зыр-зыргæнаг арм?

Æмæ нæм уæд уаид митæ. Ирон тугæй, ироны фыдæй бафсадиккой сæ гæлдæртæ.»

Куы федтой, се ´лхæд адæмæй дарддæр мах, æцæг ирæттæ, никуыдæм лидзинаг стæм; нæ судзаггаджы мæрдты уындæй ноджы знæтдæр кæнæм; чысылæйстырæй хотыхтыл ныххæцыдыстæм, баррикадæтæ фидæртты бæсты аразæм, уæд сæхи уоны мигъ ныббадт. Хъомпал кæнын райдыдтой. Сæ афтобусты, сæ БРДМ-ты æмæ БТР-ты аууæттæй сæ фындзтæ радарын нал уæндынц ницæйæгтæ.

Фæстæмæ здæхынмæ та сæхиуæттæй æхгæд у сæ фæндаг. Сæ «саркалтæ» уым бадынц. Сæ размæ. Нæ сæ уадзынц фæстæмæ цæуын. Чи сæ фæцæй хъуызы, уый æрцахсынц, – фæсчъылдым хъæбатыртæ сты, – æмæ йæ æнæ бардзырд, æнæ тæрхон агуыпп кæнынц. Сæхи «фæсчъылдымы хъæйтартæ». Æмæ се ´мбæхсæнтæй, ома, нырма удæгас стæм, зырзыргæнаг æрмттæй арвы риуы фæсадзынц нæмыг-зæгæлтæ.

Махуæттæ æрæджыгомау, фæлæ æппæты фыццаг куы райдыдтой гæрах кæнын, уæд куыйдзыхты мæнæмæнæ æмæ богъ-богъмæ чи нæ байхъуыста, уый ма фидиссагæн æндæр цы федта, мæ бонылæй! Се сфæлдисæг сæ фæхæсса, кæд сæ ахæм тæппуд æмæ тæнтъихæгæй цы кодта?!. Йæ дæндæгты къæрцц-къæрцц æмæ сæ йæ хотых ничи уал урæдта.

Нар уыдæттыл куы фæхъуыды кæны домбай Нар, уæд æнæхин лæппу бахъæуы йæхицæн уайдзæфтæ кæнынæн: цæмæн ныpхуым вæййы, тæппудты митæ йæм худæг цæмæннæ кæсынц æмæ сыл артæнхæлдтæ цæмæннæ кæны? Хуыздæр нæу, худа сыл хъæлæсыдзагæй æмæ сыл худын кæна адæмы.

Æна йын: «Ма тæрс, хъæбул, æрцæудзæнис худыны рæстæг. Цардмæ иубоны цæстæй кæсын фæчгæ дæр нæ кæны, – фæдзуры. – Мах, æцæгæй куы фæуæлахиз уæм, уæд худдзыстæм. Ой, куыд худдзыстæм!..»

Уæддæр Нары хъуыды кодта йæхион:

«О Хуыцау, афтæ ´гуыдзæг, афтæ тæппудæй сын тугæй цæмæннæ ис бафсис?!. Сыстытау – æдых, афтæ-

мæй дæ бæр, дæ хотыхты ´рттывд æмæ зæллангæй хъав искæй ныцъцъист кæнынмæ! – йæхимидæг мард дисæй. – Цыма мах Хуыцау æрмæстдæр уый тыххæй сфæлдыста, цæмæй цæрæнбонты кусæм, бынтæ кæнæм æмæ та, ´нæсысмудæнтæн куыддæр фадат фæуа, афтæ нæм æрбафсæрой. Нæ артыл нын дон аскъæрой. Нæ туг, нæ ис, нæ бонæй зылын гуыбынтæ скæной. Уалынмæ!..» – фелгъыста сæ.

Нал ын æхсæв уыдис, нал бон. Йæ рагон, къухы нæмыгзгъалимæ-иу йæ сæр куы кæцæй сдардта, куы – кæцæй. Æмæ уæд тугуарæн ныккæны куыйдзыхтыл. Къæсхуыр æмæ Бæрзонддæр фылдæр уый фæхъахъхъæнынц – сусæгæй йæ мачи макуыцæй æрбахса.

Нæ рагфыдæлтæй фæстæмæ алы хæсты дуджы дæр иууыл тынгдæр цæмæй фæтыхсæм, нæ уд нæ хъуырмæ цæмæй свæййы, уый – хæцæнгарз. Фаг хæцæнгарз нæм никуы вæййы. Цалынмæ йæ не знæгтæй нæ хъаруйы фæрцы нæ байсæм, уæдмæ. Стырзæрдæ адæмæн сæ рæдыд зондзонæн никуы уыдис.

Хæцæгарзцух хæстонты Нар æмæ йæ нæмыгзгъалы сæр куыннæ хъуыдис кæмфæнды дæр! Куы кæдæм фæцæй тæхы, куы – кæдæм. Цалынмæ тæвд нæмыг йæ зæнджы фæлмæны нæ ауад, уæдмæ йыл йæ фæллад никуы ´ртæфст. Нæдæр æй уыдæттыл хъуыды кæнынмæ ´вдæлд. Хæстон лæгæн улæфыны фадат кæм фæуа, уым хъуамæ ´рбада æмæ аулæфа.

Æмæ йæм цæфæй дæр æмæхсæвæджы фæзындысты йæ хæстон æмбæлттæ. Хъæуы сæ цæфæй дæр йæ сæр. Адæм – бæрц. Сæ къухтæ – цыбыр. Уæлдайдæр, æнæхæцæнгарзæй. Чи нал ис, уыдонæн се ´мбисонд – сæхи. Кæй æвдæлы ацы тыхст дуджы йæ цæфтæ стæрынмæ?!. Уымæйдæр, тугкалæн хæсты тæккæ дудгæбойнагдæр рæстæджыты.

– Нал æй ауадздзынæн! Мæлæты дзæмбытæй мын тыхæй раирвæзт. Нал æй уадзын! Æмæ фæци… – цы хæдзарон мийыл фæхæст уа йæ фыртыхстæй, йæ дудгæбонæй, уый нал зыдта Нары Гыцци. Фæлæ йæм йæ лæппу байхъуса, уымæй йæ нæ уыд ныфс æмæ иу гæпп

хæдзары тыргъмæ кодта, иннæ – мидæмæ. – Ирыстонæй цæрæнбонты махмæ куы никуы ницы хауди, уæд ныр махыл банцад?!.

– Чындз, хæстоны цæссыгимæ фæндараст кæнын нæ фæччы. Иу хатт æй хъуамæ ныффыссæм нæ сæры.

– Уæдæ йæ заргæ куыд фæндараст кæнон? Æз дæр уыцы иунæгмæ кæсын. Æндæр мын ничи ис, – йе ´мкъай, Нары фыд, æфсады фæрынчын æмæ раджы фæзиан. Рухсаг уæд.

– Уыцы иунæгмæ кæсыс, фæлæ йæ бирæ хъæбултæй дæр уæлдайаг никæмæн ис. Алкæмæн дзы йæхи бынат вæйййы, мæ хур. Уæдæ нæм ардæм æрбацæуой? Хынджылæджы хай сæ фидиссаг сæртæ фæуæнт æмæ сын хынджылæгæн, къах æрæвæрæн къуыдыртæ саразæм нæ сæртæй. Адæм махæй фидис кæной? – Æна сæ дзурæгтæй нæу, фæлæ йæ куынæ ныууадзай, уæд дын, цы хъæуы, уыдæттæ зæгъдзæнис кæронмæ. Стæй – раст æмæ бынтон æргомæй. Уый тыххæй дзы бирæтæ фæхизынц сæхи. Нар та йæ фылдæр уый тыххæй уарзы.

– Йæ бирæ хъæбултæй дæр уæлдайаг никæмæн ис, дæ фæхъхъау фæуон. Фæлæ нæ хуыздæртæ цасæй фæхъуыдысты, цасæй!.. Фæрнджынтæ та сæ фæллой фæластой æмæ кæмдæрты сæхицæн царды дзæбæхæй… Фыдцард фæкæнæнт! Уый сын – мæ арфæ.

– Уыдонæн сæ фарсы тæнæгæй акæлæд сæ цард. Стæй-иу æрцæуæнт æмæ цæсгомджынæй рабадæнт нæ сæргъ. Нæ хъæбултæ та нæ Райгуырæн бæстæйы сæрыл хæрынц сæ удтæ. Мæ зæронд сæр сын амæлæд, – Æна йæ хус æнгуылдзтæй аивæй стыдта йæ зæнджы царм. – Нæ фыдбоны сыхæгтæй дæр æхсыр нæ кæлдзæнис.

– Махæй дæр æхсыр кæй нæ кæлы, æз дæр ууыл дзы-на-зын!.. – мады зæрды уыд æргом хæкъуырцмæ ахизын. Лæппу йæ базыдта йæ хъæлæсы уагæй. Æмæ йæ цалынмæ бынтон не скарз кодта, хъарæгмæ нæ ахызт, уæдмæ фæбадт йæ хъуыры.

– Цæй, кæд мæ сыхырнайы бын бакæнын нæй дæ зæрды! – фефсæрм йе ´мбæлттæй. Сбуцтæ кодта йæ мадыл æмæ, цæмæй тагъддæр аирвæзтаид хæдзарæй,

уый тыххæй йæ батинкæты бæстæ тагъд-тагъд фæцæй хаста ´нæбастæй.

– Ничи дæ кæны, мæ хъæбул, сыхырнайы бын, ничи, – Нары Æна дæр уыцы рæвдзæй батагъд кодта хъуыддаг сабырæй фæлыг кæныныл. – Ныр лæг дæ. Нæ адæм, нæ Фыдыбæстæйы тыххæй уæм уæ зæрдæтæ куыддæриддæр дзурынц, афтæ кæнут! Нæ сафын дæр, нæ дарын дæр ныр сымахыл баст у. Æнайы зæронд сæр уæ сæртыл хаст фæуæд.

– О, Æна, ды ма куынæ уаис нæ фарс, уæд куыд кæниккам?!. – Нар – дæргъæй-дæргъмæ, йæ риуыл нæмыгзгъал – цæхгæрмæ, къуылых-къуылых, мидбылхудгæ, араст йе ´мбæлтты разæй.

– Æнхъæлмæ уæм кæсдзынæн, мæ хъæбул. Лæгты дзуар – уе ´мбал. Чындз, ацу æмæ баулæф, мæ хур. Райсом дæр дæ уыдзæнис хъуыддæгтæ. Адæймаг цъыззыйы къуылых ма хъуамæ уа.

«Оу, мæнæ иу цæнгæт ус!» – чындз барызт йæхимидæг. Æргомæй зæгъгæ та кодта:

– Цы мæ хъуамæ бафынæй кæна?!. Цы мæ бафынæй кæндзæн?!. Мæ хъæбул нæмыджы ныхмæ куы фæцæуы.

– Дæхи æрсабыр кæн. Дæ цæстытæ фæсай. Уый дæр хорз у, мæ хур. Æз дæр улæфын. Фыдрынæй фæсæйон, кæд мæ цæй улæфт хъæуы… Мæнæ цæрдтæй мæрдтæм куы фæхæстæгдæр дæн, – Æнайы зæрдæ уыд Наритимæ... Йæ ныфсы хъæбулимæ.

«Уæ, тæхуды дæ къона, цы зæрдæйы хицау дæ! – судзгæ куыдæй куыдта йæхимидæг чындзы уд. – Ахсæвбонмæ йæ сынтæг, йæ дуары хъинцъ нал фæцæудзæнис. Æнæмæнг цæнгæтæй у. Цæнгæтæй у æнæмæнг! Уæдæ, куыд æфснайдта кæдæй фæстæмæ уыцы ´нæхайыры хæцæнгарз?!. Иу хатт дзы йæ кой æфсонæн ирвæзгæ уæддæр куыннæ скодта?!. Уæдта, мæ цуры…»

Чындзы цæстытыл ауад, ацы ´нæрайы хæст куы райдыдта, уæд йæ иунæг хъæбул фырмæстæй йæ цонджы фыдтæм дæрдагæй дæр куыд æвнæлдта: «Ныр мæ иу хæлддзаг, цъиутæтæрсæн æхсæнгарз уæддæр куы уаид!.. Ныр хæцæнгарз цæмæй самал кæнон?!.»

Йæ Æна йæм дзæвгар фæкаст æрхуым æмæ катайгæнгæйæ. Иу æмæ дыууæ боны нæ. Æнæхъæн къуыритæ. Æнхъæл уыд, кæд уæллæгтæ нæ бакуырм уаиккой, фениккой, дæлейæ цы цæуы, уый. Фæлæ дæллæгты тæригъæд уæллæгтæм нæ фæзыны.

Тугкалæн хæст куынæ æмæ куынæ уал æнцад, адæм куы скатай сты, хæцæнгарз нæм нæй æмæ куыйдзыхтæ ´рбатондзысты, зæгъгæ, сæ холы кæндзыстæм. Нæ сылгоймæгтæ хæцæнгарзы тыххæй сæ дзуарæфтыд къухдарæнтæ дæр куы райдыдтой уæй кæнын, уæд иу райсом Æна бел райста. Нары акодта йемæ.

– Ныр мын зæхх куы фæлдахын кæнис? – Лæппу йæм каст æрхуымæй.

– Табу – Хуыцауæн. Уымæн дæр кæд æрцæуид рæстæг, – зæронд ус ныфсджынæй æрлæууыд зæрон кæрдобæласы бын. – Ам скъах, – ацамыдта йын иу бынатмæ æмæ йæм радта бел.

– Æна, цы ´рымысыдтæ?

– Скъах, мæ лæппу, скъах.

– Ме ´мбæлтты мыл ма фæхудын кæн. Сæ зæххытæ, дам, ныр тауынц…

– Нæ дыл фæхуддзысты, хъæбул. Арф нықъкъах, – Æна фæндвидар уыд.

Æмæ Нары зæрдæ цины рызт ныккодта. Кæцæйдæр ыл цыма хуры цæст сæмбæлд. Февнæлдта салд зæххы уæрм къахынмæ. Куыд бынмæ зæхх сур æмæ хырыз уыдис. Фенцондæр ын. Уæддæр калд йæ хид. Фæлæ йæм æрулæфыны хъуыды нæ уыд.

Уæрм йæ риуы бæрц куы сси, лæппуйы ныфс куы саст, ницы хæзна ныгæд дзы ис, зæгъгæ, уæд бел цыдæр хъæбæрыл аныдзæвд.

– Сабыргай йæ ссыгъдæг кæн, мæ хъæбул.

Æмбыд хъæдын асыччы, алы бызгъуыырты тыхтæй, сæрдæн æрмæджытæй ахуырстæй – нæмыгзгъал! Лæууыд уыцы сæрыстырæй! Лæууыд уыцы æнæрцæф æмæ цыракæнонхуызæй!

Лæппу йæ куы ауыдта, уæд ыл, бецау, фырцинæй ныддæлгом асыккмæ:

– Дæ фæхъхъау, мæхи Æна!..

– Хистæрæн йæхи ничи фæхъхъау кæны, мæ хъæбул, – Æна батагъд кодта дзуаппыл. – Ссæдзæм азы де стыр фыд уымæй хæцыд. Йæ сæр дæ хуыздæр кæд бахъæудзæнис? – иунæг нуар нæ базмæлыд зæронд усы цæсгомыл.

– Дæ хуызæн Æна кæмæн ис, уыдоныл ничи фæтых уыдзæн! – рад Нар. Фырцинæй йæ хъæбысы ныттыхта йæ цæнгæт Æнайы…

– Ацу, чындз. Баулæф, – зæронд ус схызт йæ уатмæ.

Адæм хуыздæрæн, æдасдæрæн ныккæндты ´мбæхстысты. Æна йæ сынтæг бынмæ ´рхæссын никуы бауагъта. Чъребайыл-иу ракетæтæ ихау куы уарыдысты, уæд дæр. Уыцы ницæйæгты бомбæты срæмыгъдмæ уæлдай схъиуд никуы фæкодта.

Ныр дæр ма искуы нæмыг æмæ ракетæ баззад?!. Æрвылæхсæвау, уыцы тæрккуардæй уарыдысты Чъребайыл… Æрвылæхсæвау, Гыцци, йæ уæрджытæ хойгæ, кодта æддæмæ-мидæмæ…

Æрвылæхсæвау, Нары цæнгæт Æна ´нæссыбырттæй бадт йæ уазал уаты. Æнхъæлмæ каст йæ иунæг ныфс, йæ хъæбулы хъæбулы фæзындмæ. Къулдуары къæрццæй йын базондзæн йе ´рбацыд. Никуы йын никæимæ фæивддзаг уыдзæн йæ уæзбын къахуынæр. Сабыр æхсæвты йæ суанг уынджы кæронмæ базоны.

Ауайдзæн йæ размæ сабыр къахдзæфтæй – мацæмæй йын фæтæрса. Йæ цины цæссыгтæ ´мбæхсдзæнис, фæлæ йын райсомы ирдгæмæ асæлдзысты йæ цæстыты кæрæтты æмæ сæ йæ бон нал бауыдзæн басусæг кæнын. Ныттыхсдзæн йæ хъæбулыл…

– Лæгты дзуар дæ кæддæриддæр йæ рахиз базыры бын дарæд! – сæрыстырæй йын адджын ба ныккæндзæн йæ фæздæгарыд, ирдгæсыгъд ныхæн. Æмæ уымæй æрдæг фæуыдзæн лæппуйы фæллад…

– Æна кæм ис? – Нарæн йæ Гыцци йæ размæ иунæгæй куы ауад, уæд цæмæдæр фæкъæпп кодта лæппуфы зæрдæ. Тарстæй хъуамæ суадаид асиныл. Ауыдтаид йæ цæнгæт Æнайы. Фæлæ йæ, йæхи куыд фæндыд, афтæ

цырд-цырд не схастой йæ фæллад, салд къæхтæ. Гыцци фæцис йæ разæй.

Æнайы уаты рудзынггæрон, Нармæ æнхъæлмæ кæсгæйæ-иу кæм бадтис, уым йæ бандон уыд фæлдæхт. Æна бадт йæ сынтæгыл. Гуыбырæй. Хъæццул йæ уæхсчытыл æрбаппæрста æнæбары. Йе ´рмттæ йе ´фсæрмæ сбыцæу кодта.

Æнæзонгæ исчи йæ куы федтаид, уæд æнæмæнг фенхъæлдтаид, зæгъгæ, сылгоймаг фынæй кæны. Фæлæ Нар тынг хорз зыдта, йæ Æна фынæй нæу. Афтæ никуы фынæй кодта. Æнæмæнг цæуылдæр тынг тыхсы æмæ ныхъхъуыста йæ зæрдæйы рæбынтæм. Хауд, нымæг хъæлæс йæм уымæн бадзырдта:

– Æна… Ды мæ куы афæндараст кæныс, уæд сыл тугуарæн ныккæны!.. Æцæг дын зæгъын…

Зæронд ус Нары хъæлæсмæ, йæ лæппуйы лæппуйы хъæлæсмæ, куыд бадтис, афтæ, бадгæйæ, салдæй йæ фарсыл бафæлдæхт йæ сынтæгыл. Мад æмæ фырт аззадысты къæппдзыхтæй. Гыцци бамбæрста хабар. Агæпп кодта тыргъмæ. Февнæлдта йæ рустæм:

*Уæ, мæнæ мæ бон куыд бакалд!*
*Уæ, мæнæ мæ хæдзар куыд фехæлд!*
*Уæ мæ уалдзæг мыл дидинæг куыд нал ракалдзæн,*
*Дæлæ куыйдзыхты фæндиаг куыд фæдæн!..*

Тыдта йæ бындзгуытæ æмæ Нар ауад йæ фæдыл.

Сыхæгтæ фæфæдис сты. Нары сæрæгасæй куы федтой, уæд сæ кæрæдзи уыцы дисгæнгæ фарстой цæстæнгасæй: «Цæмæй бакалд йæ бон?», «Цæмæй фехæлд йæ хæдзар?», «Цæмæй кæны куыйдзыхты фæндиаг, йæ ныфсы фырт сæрæгас куы у?..»

Нары цæнгæт Æна уыдæттæ нал хъусгæ кодта, нал хатгæ. Йæ уазал сынтæгыл, мæгуыр, нæ хуысгæ кодта, нæ бадгæ…

## НОМХЫГЪДТÆ

Пиран зыдта, адæймаг рохгæнаг у. Уæлдайдæр, ирон адæймаг. Цæргæ-цæрæнбонты йын йæ дзыхмæ къæбæр дар, йæ цæстмæ – ´хсидав, стæй йæм дæ мид-былты, парахатæй нæ, гæзæмæ бахуд – æмæ йæ Хуыцауы хай фестдзынæ.

Æз дæр дзурын... Цæмæннæ йæ хъуамæ зыдтаид, сывæллон куынæуал уыд, мыййаг? Цæрдтæй мæрдтæм кæд феввахсдæр, уый йæхи зæрдыл дæр рæстмæ нал лæууы. Сывæллон ссæдзæм азты уыд.

Уæд дæр нæм ныббырстой нæ фыдбоны сыхæгтæ. Уæд дæр нæ хъавыдысты бындзагъд ныккæнынмæ. Уæд дæр ныл уыдон æфтыдтой зынг. Сау сыгъдæй нæ сыгътой чъырын арты. Саби æмæ зæронд не ‘взæрстой. Сылгоймаг æмæ сын нæлгоймагæй уæлдай нæ уыдис. Кæмæн нæ куыд йæ бон уыд, афтæ Ирыстоны цæгат хаймæ лыгъдыстæм, нæ тугвæд уадзгæ.

Пиран алцы дæр уыдта йæхи цæстæй. Зæрдæйы хъустæ кæмæн ис, уымæн амонын нæ хъæуы, йе ´рвад чи у, йе знаг – чи. Йæ фондз æнгуылдзау, алцы дæр хорз зыдта æмæ хъуыды кодта.

Лыгъды рæстæджы йæ мад тифæй куы фæрынчын… Куы йæ баныгæдтой, уæд ныххауд йæ цуры æмæ йын йæ гыццыл сæр сæвæрдта йæ ингæны хъарм сыджытыл. Фæндыдис æй…

Уæдмæ тынг тарст мæлынæй. Топпы гæрах-иу куы фæцыд, уæд-иу йæ гыццыл зæрдæ йæхи бахоста риуы къултыл. Фæлæ йæ ныр, йæ мад куынæ уал уыд, уæд нал фæндыдис цæрын. Æрмæст йæ мады цур уыдаид… Уадз, мæрдтыбæсты дæр.

Немыцæгтимæ хæсты цы дудгæбæттæ ´взæрстам, зæхх нæ къæхты бын куыд сыгъдис, куыд сыгъдис æмæ

куыд хъæрзыдта, æххуыс нæ куыд куырдта, уыдон дæр йæ алыфарс тугкалæн быдырты цыдысты. Йæхи цæстытæй уыдта, йе ´мбæлттæй-иу нæмыг кæнæ бомбæйы схъис кæуыл сæмбæлд, уыдон ма-иу цыбыр рæстæджы хæрдмæ куыд хаудтой, куыд ма-иу араз-дыхс-баздыхс кодтой, стæй-иу куыд ныссабыр сты æнустæм. Зæххы цъарыл-иу сæ бынтондæр ницы уал æндæвта. Бирæтæм-иу дзы батæхуды кодта – ницы уал-иу зыдтой. Фервæзтысты-иу се ´ппæт тухитæй дæр. Йæ иунæг бæллиц ма-иу уыдис, фашисттæй йæ маст куы райсид æмæ афтæмæй куы ссарид йæ адзал.

Дæ-дæ-дæй, адæймагæн æнæазымæй чи смаст кæны, уыдон-иу æй раздæр сæхи сæртыл куы бавзарик-кой! Кæй никуы федтай, йæ ном дæр кæмæн никуы фехъуыстай, уымæ топпы кæсæны куыд кæсыс? Цы дын ракодта? Карды фындзыл æй кæдæм исыс, хорзæй дын мацы раттæуа?! Стæй цал æмæ цал хатты?!.

Нæй, нæй, нæй! Нæхицæй лæгдæрты уынын нæ кæй нæ фæфæнды, нæхицæй хуыздæр кæй никæй фен-хъæлæм, хи стауынæй бынсæфт уымæн фæкæнæм: афтæ стæм, уфтæ стæм... Стæй рацæй-рабон вæййы æмæ æппæлæгæн, табу – уæ фарнæн, йæ тæф фæкæлы!

Æцæг афтæтæ æмæ уфтæтæ стæм. О, о, нæ хъуыды, сæгъы дымæгау, цыбыр у, æндæра уыдæттæн куыд ис рохгæнæн? Куыд сæ ис ныббарæн тъымы-тъыматæм дæр. Махмæ та бахуд æмæ – дæ хъуыддаг арæзт. Цыма нын иу хатт нæ сæр куы ралыг кæнай, уæд та дыккаг хатт, хилæджы къæдзилау, æрзайдзæнис æмæ нын Хуыцау ног цард раттдзæн.

Нæ вæййы, никуы вæййы афтæ. Æмæ йæ хъуамæ иу хатт бамбарæм. Махæн, ирæттæн, арт æмæ фæнык нæй. Ау, дæ фæскъæбуты сыгъд дæ фындз ма хъуамæ æмбу-да? Æви не стыр зæрдæйæ, нæ иу рус нын чи ныдз-дзæхст кæна, уымæ иннæ дæр хъуамæ бадарæм æмæ нæ, йæ фындз кæмæн мизы, уыдон дæр дзæхстытæй æмæ нæ туг нуазынтæй хъазой?

Пиранæй бæргæ нæ ферох сты уыцы Мидхæсты дудгæбæттæ дæр, Фыдыбæстæйон Стыр хæсты тугкалд

дæр æмæ ноджы æндæр бирæ цыдæртæ дæр, фæлæ сæ кæмæн дзура? Чи дæм хъусы? Чи дæ бамбардзæнис ныры ронбæгъд æмæ хивæнд фæсивæдæй?

Ныры адæм, йæхи сæ чи хуыздæр рацараза, чи сæ стырдæр бынат бацахса, æрдузты æмæ сæ тасгæ фынгтыл чи фылдæр бахæра æмæ баназа, уæлдайдæр, амæй-ай рæсугхддæр сылгоймæгтимæ, уымæй барынц сæ лæгдзинад, гормон макуы фæуой.

Сæ иуæй-иутæ та... Раст куы зæгъæм, уæд афтæ иугæйттæ дæр не сты. Фæлæ йæ мады куыдзы ус чи хоны? Куыйдзыхтæ нæм куы ´рбалæбурдтой, уæд æппæты фыццаг сæ ныхмæ чи ´рлæууыдис? Фæсивæд нæ уыдысты? Кæнæ сæ ныхмæ æппæты фыццаг уыдон, фæсивæд, нæ райстой хæцæнгарз, мах нæ сæрмæ худинаг не ´рхæсдзыстæм, зæгъгæ? Фæлæ сæ кæйдæрты цæсгæмттæ… Цæсгæмттæ сæ схонæм?

Пу, куыдз, æвзæр куыдз амæлæд ахæм цæсгомыл... Мады гуыбынæй чи рацыд, уымæ хъуамæ адæмы хъæр хъуыса. Урс æмæ сау цы сты, уыдæттæ йын зонын æмбæлы, уæдæ цы?!. Адонæй та сæ иуæй-иутæ…

Æнæзæгъгæ йын нæй.

Сæ иуæй-иутæ, табу уæ фарнæн, фæлæ Хуыцау адæймагæн сусæггагæй цы схай кодта, стæй, кæм цы хæлд хъуыддаг ис, сусæгæй кæнынæн дæр сæрмæхæссинаг чи не сты, уыдæттæ куыдтæ æмæ кæимæты фæаразынц, уыдон, пыр-пыргæнгæ, нымайынил схæцынц.

Уанцон диссаг нæу, чидæр дын йе ´ррайæ, уæдта – йæ тыхст, кæнæ дын кæд тæригъæд фæкодта æмæ уый тыххæй равдысты йæ буары сусæггæгтæ, уæд сæ æгас адæмыл хъуамæ ныццицц-цицц кæнай? Дæ цæсгом, – кæд дын ис, уæд, – цытæ хъæцы, бецау? Дæ сæрмæ цытæ хæссыс, гормон? Æмæ сæ дæ дудгæбæттæ тынг ма бандавой, бынбауинаг.

Хъуыддæгтæ афтæтæ сты, гъе. Кæдæй нырмæ! Чи сæ нымайы?!. Кæнæ сæ нымайынил чи тыхсын кæны йæхи, комкоммæ йæм куы хауой, уæддæр?

Фæлæ-иу Пиран Чъребайы Стыр базармæ хæстæг, сæ хæдзары раз, йæ къæдз лæдзæг йе ‘фсæрмæ куы

сбыцæу кодта, афтæмæй-иу бонсауизæрмæ дойнаг дурыл æнæдзургæйæ куы бадтис, уæд-иу уыдæттыл хъуыды кодта. Уыдæттыл-иу уыдис йæ сагъæс. Мадзура æмæ къуырма, саузæрдæ æмæ æнæцæстуарзон, мыййаг, нæ уыдис, фæлæ.

Уымæн æмæ хорз зыдта, о, æгæр хорз дæр зыдта, иу хатт дыл зынг кæцæй фестъæлфа, уыцырдыгæй хъуамæ дыккаг хатт дæхи хизай. Мах та йæм не ´ргом сыздахæм – арв дыуүæ хатты нæ цæвы, зæгъгæ! Арв дыуүæ хатты дæр, æртæ хатты дæр æмæ фылдæр хæттыты дæр афтæ цæвы, афтæ, æмæ фыддæр зæгъæн нæй! Æмæ, куы нæра, уæд дæхи де знæгты фæндиаг ма кæн. Йæхи фыдæй чи хъахъхъæны, ууыл Хуыцау хуыздæр ауды. Æмæ дæхи Алардыйы цæфæй бахиз. Цæмæй, æнхъæл кæцæй нæ вæййæм, уырдыгæй дæр ныл судзгæ ´хсидавы цæф ма ´мбæла. Æндæра, æнæуый дæр афтæ бирæ не стæм æмæ алхатт-алхатт не знæгты фæндиаг ма кæнæм.

Пиран уыдæттыл кæй хъуыды кодта, уый тыххæй йæ мадзура хуыдтой. Фæлæ сыл кæимæ дзырдтаид? Кæй удмæ ныхъхъуыстаид йæ зæрдæйы сагъæсаг рис? Кæмæн амыдтаид, сæхи сæ хизын кæмæй æмæ цæмæн хъæуы, уыдæттæ?

Чи йæ æмбæрста, йæхæдæг дæр æнæ дзургæйæ кæй хъуыдытæ каст, уыдонæй ничи уал уыдис йæ цуры. Æнæхъыпп, æнæсыппæй… Рухсаг уæнт. Æнæхъыпп, æнæсыппæй фæфардæг сты се ‘нусон дунемæ. Пиран йæхæдæг дæр нæ фæхатыд, Ичънайы калмау, уæлæуыл иунæгæй куыд аззад, уый.

Уыдæттæ, мадзура йæ чи хуыдта, уыдонæй, се ‘ннæ митау, рох уыдысты. Æвзæр хъуыддагæй цы байрох кæнай, уымæн та искуы йæхи ногæй æнæравдисгæ нæй. Ноджы – фыддæрæй. Ноджы – æгъатырдæрæй. Ноджы – æнæзæрдæмæдзæугæдæр æмæ æлгъыстагæйдæр.

Æмæ дын уый нæ хъуыддæгтæ æмæ нæ дзинæдтæ. Куыйдзыхтæй æфсымæртæ куы загътам, нæ фæдыл сæ нæ хæдзæрттæм куы хуыдтам, уæд нын кард ныссагътой нæ фæсонты. Стъигъынц нын нæ царм.

Хафынц нын фыййæгтæй нæ ис, бис. Судзынц нын нæ хæдзæрттæ. Хъавынц нæ сугъты цагъд фæкæнынмæ. Цæмæй нæ фыдæлты зæххыл сæ уидæгтæ ауадзой кæронмæ, æввонгæй йын цъирой йæ сой.

Зонынц æй, уды мидæг ма нæ чи аирвæза, уыдонæй дæр кæддæр, махау, байрох уыдзысты сæ дудгæбæттæ, сæ фыдæлты туг ныссæлдзæн се уæнгты, се знæгтæй араздзысты æрдхæрдтæ, хъайла сын фыццзысты сæ армы, нæ сыхæгтæ сты, зæгъгæ. Фидарæй сæ уырны, уый æнæмæнгæй афтæ кæй уыдзæнис нæ парахат зæрдæйæ. Фæлæ не ´мбарынц иу хабар – алайнаг туг куы сфыца, уæд, цалынмæ йе знæгтæн сæ фæстаджы дзыккутыл нæ ныссæрфа йæ тугæйдзаг кард, уæдмæ йæ маст кæй не ссæуы, йе ´рсабыр кæнынмæ æнхъæлмæ кæсæн кæй нæй.

Ос-Бæгъатыр сыл туджы зæйтæ раст уый тыххæй рауагъта. Фæлæ йæ цъаммæрттæ – фæсайдта йæ каис. Ома, фаг нын у хæцынæн. Ныр, дам, бафидауæм. Æнæхæцæнгæрзтæй сæмбæлæм, зæгъгæ, Къуары донил мæм æрбахиз æд хæлæрттæ æмæ нæ кæрæдзийы къухтæ хæларæй райсæм.

Дзырд дзырд у, фæлæ уыдонæн сæ ардбахæрдыл дæр нæй æууæнк. Ос-Бæгъатыритæ æнæ хотыхтæй, сыгъдæгзæрдæйæ знæт доны тæккæ астæумæ куы бахæццæ сты, уæд сыл мæнгард уырынгонтæ уыцы фарсæй ихуарæгау ныккодтой фатдзæгъдæн…

Стæй, сæ фыдракæндыл цинæй мæлгæ, Мцхетайы къæдзæхы сæр сарæзтой бæрзонд кувæндон. Хуыцау, дам, нын цæмæй не стыр тæригъæд ныббара. Алы хатт дæр, ирæтты кæм фæмарынц, уым Хуыцауы кувæндæттæ фæаразынц сæ ракæнгæ фыдтæ ныббарыны тыххæй. Сæ фырæдзæсгом æмæ фырналатæй не Сфæлдисæджы дæр, табу йын, хъавынц сайынмæ.

Уыдæттæ хорз зыдта Пиран. Хорз сæ зыдта йæ зæрыбонмæ цы фæлтæрддзинад райста, уымæй. Нæ адæм ныр хæстонцух, хæцæнгарзцухæй сæ удтæ афтæ тынг цæмæн рауæлдай кодтам, удæгас мæсгуытау цæмæн слæууыдыстæм не знæгты ныхмæ, уый дæр ын, мæг-

уыр, æнæзындгонд нæ уыд – иу боны худинаг не ‘рхастам нæ сæрмæ. Иу боны худинагæй тæрсгæйæ нын тыхгæнæг тых не ссардзæнис, уый фæстæ, – додойаг нæ сæртæ, – уый фæстæ алцæуыл дæр æмæ алкæуыл дæр ауигъæм нæ къухтæ. Ныр нау дæлдон кæндзæнис, нæ сæртæ нæ бафснайын хъæуы, зæгъгæ, фыццаг уырытæ сæхи доны гуылфæнмæ куыд фехсынц, афтæ куыд æгуыдзæгдæрæй нæ лыскъ удтæ сусæгæй искуыдæмты скъæфдзыстæм, алы æфсæнттæ агургæ. Адæм та, фосау, сæ кæрæдзийы хынцмæ агуылф кæнынц. Æмæ та не ‘гуыдзæгдæртæ сæ ивæзт ахсæнты тыххæй,– цъæх арт сыл сирвæзæд, – сæ ивæзт ахсæнты тыххæй тасгæ фынгтыл ныуæй кæндзысты нæ фыдæлты зæхх. Цалынмæ, цы ныл цæуы, уый æххæстæй æрхымпырæм, уæдмæ. Куы йæ базонæм, уæд нæм нæ мæрттæ дæр æххуысмæ сыстынц сæ ингæнтæй æмæ туг ныуары нæ фыдгæнджыты сæрыл.

Фæлæ зæронд лæг дис кæуыл кодта, æцæгæй дис кæуыл æмæ цæуыл кодта, уыдон – йæ фырты фырт гыццыл Бачачо æмæ йæ митæ. О, Бачачойы митæ йæм бынтон диссаг кастысты. Уæлдайдæр, кæй уæрагыл схъомыл, йæ уыцы Дадамæ дæр кæй нал хъуыста, дзыгуын гал дымгæйы ныхмæ фыддæрадæнгæнæгау куыд цæуа, афтæ, цы ныхъхъуыды кодта йæ гыццыл зондæй, уый охыл йæхи зонд кæй тардта, уый тыххæй.

Зæххæй къуыпп нæма дардта, – Бачачойæ зæгъын, – зæххæй къуыпп нæма дардта, ныккæндæй йæ уыцы тугкалæн фыддуджы иунæгæй æддæмæ æдæргæ ракæсын нæма уагътой, – макуыцæй йыл мацы фыд сæмбæла, – афтæмæй-иу æдфыссæнтæ кæрты баззад йæ хистæр æфсымæры ′рцыдмæ æнхъæлмæкæсгæйæ. Цалынмæ, цы йæ хъæуы, уыдæттæ йын нæ фæдзырдтаид, уæдмæ йæ, мæ уд акæн, мидæмæ ницæй тыххæй æрбауагътаид. Хистæр æфсымæр-иу куыд тыхст æмæ фæлладæй æрбацыд, уый кæстæрмæ, мæ уд акæн, нымады дæр нæ уыд.

Хистæр-иу фæллад, фæлмæцыд, æгъуыссæг æмæ тыхстæй, цыма йæ æндæр ницы мæт уыд, æрбадт йæ

разы. Бачаччойы раз. Йæ хæцæнгарз-иу схъæбыс кодта, афтæмæй-иу ын лыстæггай хыгъд лæвæрдта – фæстаг бон нæ хæстдзагъд Ирыстонæй нæ фыдызнæгты къухæй чи кæм цы хуызы æмæ цы хъизæмæрттæй ацыд уымы бæстæм...

Алы бон дæр гыццыл лæппу, чи-иу нæ фæмардис, цасæй уыдысты, уыдоны фыста, бæстон номхыгъдтæ сын арæзта йæ тетрæдты. Уый фæстæ сæ, дисгæнгæ, бон ссæдз нымады кодта, ныр мæнæ цас систы, зæгъгæ.

– Ма сæ фысс! – схъæр-иу ыл кодта зæронд лæг.

Нæ йæм хъуыста гыццыл лæппу. Йæ фыды фыдау, уый дæр скъæрдта йæхи зонд. Арæзта æмæ арæзта номхыгъдтæ. Уыдонæн, мæрдтæн, дæр, – йæ кой авддæлдзæх, – залиаг калмау, сæ кæрон нал æмæ нал зынд. Лæппу фыст тетрæдтæ амадта кæрæдзийыл. Кæййонг ын схæццæ сты! Уæлæмæ сæм æдæрсгæ нал æххæст. Куыд ын фылдæр кодта мæрдты нымæц, – цы зоны саби (?), – афтæ сыл кæд йæхимидæг кодта цин.

– Ма сæ фысс дын загътон! – Куыд хъуамæ цыдаиккой уыдæттæ зæронд лæджы зæрдæмæ? – Басудздзынæн дын сæ! – бартхъирæн-иу æм кодта. Цæмæй зæронд лæг карздæр зындаид, уый тыххæй-иу йæ лæдзæгæй æрдаудта зæхх.

Бачачойы æрфгуытæ-иу сæлхынцъытæ сты. Хистæры ныхмæ йæ бон ницы уадиссаг дзурын уыди, фæлæ дзы ׳мбæхсын райдыдта йæ номхыгъдтæ. Уæддæр, къæбæда сæтгæ нæ бакодта, йæ номхыгъдтæ аразын нæ ныууагъта. Уыцы зæрдæбынæй сæ фыста æмæ фыста. Йæ ахуыр æй æндæвта, цы?!.

Æмæ уый сывæллон у. Æнахъом. Хомфыд рæзинагæй цы зонд фæрсыс? Йæ хистæртæ цæуыл хъуыды кодтой, куыд æм хъуыстой, диссаг уый каст зæронд лæгмæ. Мæрдты нымайын кæй нæ фæччы, уый Хуыцаумæ хъыг кæй кæсы, æмæ афтæмæй нымайджыты ׳нæрхъуыдыйæ фылдæр кæй фæуыдзысты, уый йын кæй не ׳мбарын кодтой хистæртæ, ууыл уыд йæ катай йæ Дадайæн.

Ноджы-иу сæм хистæр лæппуйы хæстон æмбæлттæ æхстуад куы ׳рбакодтой, уæд-иу сывæллоны номхыгъд-

тæ уыцы хъуыддагхуызæй райстой. Кастысты-иу сæ. Нымайгæ сæ кодтой, искæй сæ агуырдтой, ацу æмæ йæ ды базон. Цæуылдæр-иу скатай, смæсты сты. Æргом, Пиран сæ куыд хъуыстаид æмæ æмбæрстаид, уый сæ, йæхимæ гæсгæ, æвæццæгæн, уадиссаг не ´ндæвта æмæ йын ницы дзырдтой.

Æмæ зæронд лæг ныууырдыг йе ‘фсинмæ:

– Гуыбыр, уыцы сывæллоны фыстытæ искуы ссар. Хуыцауæн хъыг цы уа, уыдæттæ стырæй, чысылæй ма кæнут, ма, гормæттæ. Ма кæнут уыдæттæ! Æви ды дæр уыдонау æнæ Хуыцауы хай дæ?!. Хъуамæ ныл æнæмæнг йæ цæхæртæ ´ркала? Басудзут уыцы... Хуыцауы къахæргæвдæг фыстытæ!

– Дæ хист дын бахæрæд! – феххæлд-иу æм ус.

Æмæ-иу ууыл фæцис сæ хыл.

Стæй йын иу бон сылгоймаг радзырдта: уæлæ, уæлейæ фысдзæрмтты цы бирæгътæ бадынц, уыдонмæ иугæйттæ æмæ сæдæгай адæймæгты тæригъæд нæ хъары. Цалынмæ, дам, мæрдты рæдзæгъдтыл не слæууой, туджы малы ма райдайой хуыдуг кæнын сæхæдæг дæр, уæдмæ, дам, нæм не ’рдардзысты сæ хъус, зæгъынц. Сывæллоны, дам, нæ мæрдтæ минтæй кæд ахиздзысты, нæ кæрæдзи нын кæд нал цæгъдын кæндзысты, уый базонын фæнды.

Æмæ зæронд лæджы сæры уæзæй йæ лæдзæг ноджы никъкъæдз: ау, алы буары дæр иунæг иу уд нæ фæхъизæмар кæны? Цы цъæх арты судзинаг мады хуылфæй рацыдысты уыцы налат, «уæллæгтæ» сты æви «дæллæгтæ», куыннæ сæм хъуысы не ´дзард хъæбулты сау судзгæ тæригъæд? Сæ адæм кæрæдзийы хъуынхъис хæрой, уый фæнды бынбауинæгты? Æмæ, адæм куы нал уой, уæд ма уыдон кæмæн уæллагиуæг кæндзысты цъæх арт сыл сирвæза?!.

Йæ фарстытæн йæ бон нæ уыдис æххæст бæстон дзуапп раттын. Æхсæвæй-бонæй нæмгуытæ, ракетæты ´хситт æнæрæнцойæ зæлыд æмæ йæ къуырма кодта. Нæ йæ уагъта арф ныхъхъуыды кæнын. Кæронмæ не ´мбæрста хабар. Нæ дæр æй ахæм налат хъуыды бам-

барын фæндыд. Уымæн æмæ дзы, Хуыцауы сфæлдисгæ адæймаг кæй бамбара, ахæмæй ницы уыд.

Уæддæр иу райсом бадзырдта Бачачомæ:

– Рахæсс-ма дæ тетрæдтæ.

– Алæ-æ... – ныттар лæппу.

Зæронд æм каст йæ халас æрфгуыты бынæй. Æмбæрста хъуыддаг. Æмæ бузныг уыд йæ кæстæры, йæ туг-стæджы рæстаг хивæндæй

– Нæ сæ ныскъуыдтæ кæндзынæн!

Лæппу фырмæстæй скæуындзæг. Зыдта зæронд лæг, æнæуууæнкæй сæ никæмæ ратдзæнис. Йæхийау хивæнд у. Пиранæн, йæ фыдыфыдæн, йæхийау у хивæнд. Фидарæй цы ныхъхъуыды кæна, уырдæм, æцæг, дзыгуын гал дымгæйы ныхмæ куыд нырраст уа, уыйау цæудзæнис. Фæнды йын уайдзæф кæн, фæнды йын йæ былтæ цæв, йæ хъуыды йын куынæ аивай, уæд æм ма дзур. Зæронд ус алхатт-алхатт йе ´мкъайæн разыйæ, уайдзæфгæнгæ, уымæн фæдзуры: «Къæртт дæ рахаудта æмæ уый зæгъ!»

– Цал сты? – ныууагъта мæ, сæрибар дæн æмæ ныр мæ хъуыддæгтæ кæнон, зæгъгæ, куыд фæцæйзгъордта Бачачо, афтæ йæ афарста Зæронд. – Нымдæгæн иууыл иумæ цал баисты?

– Чи? Тетрæдтæ?

– Уыцы... дзæнæты бадинæгтæ?

– ... мин...

Зæронд лæджы зæрдæ мины коймæ баихæнриз кодта. Ау, армыдзаг адæмы равзаргæтæй куыйдзыхтæ минтæ, цалдæргай минтæ куы цæгъдой, уæд хъуамæ бынмиз хицæуттæ сæ раппаринаг цæтытæ бацъынд кæной, æнæхицау æмæ æнæныгæнæг фæуой?!.

«Ай цы цард у? Кæй къухтæм æрхаудтам?!. Цы куыйты рæстæг ныккодта, æвзæр куыйтæй дарддæр сын мæрдты бæсты бахæринаг макуы мацы уа? Кæдæм цæуæм куырмæджы?» – уæлæмæ сыстын, исты зæгъын æй нал фæндыдис.

Гыццыл Бачачо-иу æрхуымæй йæ номхыхъдтæм ног дзæнæтыбадинæгты куы бафтыдта, ногæй та-иу сæ

куы ранымадта, уæд ма-иу Зæронд кæдæй-уæдæй сныхас кæныны охыл уый афарста:

– Цал баисты?

Кæнæ та:

– Де знаг цал хатты фæкуыдта?

Сывæллон уый куы базыдта, йæ Дада йын йæ номхыгъдтæ нал æппарын кæны, нæ йын сæ ныскъуыдтæ кæндзæнис, уæд ыл фæцахуыр. Уый хуызæн бæстæтты-иу æм ничи хъуыста. Йæхицæй дæр, уымæй дæр разы уыд. Ныр-иу æппæты фыццаг йе ´нæуромгæ хъаст уымæн ракодта:

– Дада, зоныс ныр цал сты?!.

Стæй райдыдтой тыхсын. Сывæллон æмæ зæронд лæг. Бачачо æмæ Пиран. Ау, лæппумæ иу æнæфыст тетрадь куынæ уал ис, уæд... уæд... Уым… Уæлейæ рæстаг адæмы цардхалджытæ… Куыдзы с…мæ дæр сæ ма бауагъдæуа, быныбынтон саугуырм баисты, саудзыдзыдайæ фæхитой?!. Цæстæй нал уынынц тугмондаг хæрджытæ æмæ сын сæ зонд дæр къуыдыр кæлмытæ бахсыдтой? Дæлейæ сæ иузæрдыг адæмы сау туг лæсæнтæ кæй кæны, уый искæй ныхасæй дæр нæ хъусынц æмбыд къуыдыртæ?

«Кæд нæ иууылдæр æвæдсæфт фæкæнынмæ хъавынц?.. Хицауæй, лæггадгæнæгæй?.. Сабийæ, зæрондæй, сылгоймагæй, нæлгоймагæй?.. Сæфт сæ Хуыцау фæкæна, уас!.. Мах тæригъæдæй… – Зæронд лæг, бецау, бынтон ныхъхъуыста йæ зæрдæмæ. – Куыд ис уый гæнæн, иу бæстæйы, иу паддзахады дыууæ сыхаджы сæ кæрæдзийы туг калой, бонкалд къаддæрыл цагъары къæлæт æвæрынмæ хъава æмæ сын, сæ бырынчъытæ бакъуырыны кой мауал кæнæм, фæлæ «макæ» зæгъæг ма уа? «Ма кæ» зæгъæг сæ мауал баззайа, уастæндæр, рæстаг адæмы тæригъæдæй!»

Стæй, иу æмбисæхсæв ныккæнды зæронд лæг, йæ къæдзлæдзæгыл йæ сæр арæдзæ-мæдзæ кæныны ´фсон куы ´руагъта, йæ зæрдæйы катæйттыл куы уыд, уæд йæ сагъæсты фесхъиудта. Йæ тарст цæстытæ, норст цæхæр дымгæ куы ныффу кæна æмæ уый æмбæхст зынджытæ

æвиппайд куыд фестъæлфой æмæ ныццæхæр калой, уыйау стъæлфæнтæ аппæрстой. Цыма йæ тынг рагæй нал федта æмæ йæ ´рымысыд, уыйау, фæрсæджы каст ныккодта йе ’мкъаймæ.

– Цы кодтай, Зæронд?—сылгоймаг фæтарст, фæлæ сдзырдта мынæг, фæлæ тарст хъæлæсæй. – Цы дыл æрцыд? – уæддæр ма йæ фарста йæ цæсгом æмæ йæ ризгæ къухты змæлдæй.

– Лæппу фынæй у?

Бачачо æмæ йæ мад тæрхæгыл сæхи ´руагътой æд дарæс. Лæг сæ йæхæдæг дæр уыдта. Æддейæ хъуыст сармадзаны нæмгуытæ, минæтæ, ракетæты ´хситт. Фæлæ ´ввахс куынæ хæлдысты, уæд сæ нæ хъыгдардтой сæ цæстытæ фæсайынæн.

– С-с-с!..

Æцæг уыцы адджын, уыцы зæрдæбын сым-сым кодтой. Адджын æмæ дæргъвæтин сым-сым. Цыма ацы мæнгард дунейы сæхицæн нæ, нæ, фæлæ мæлдзыджы къахыл фæлæууынæй дæр тас никуы никæмæн у. Æрмæст, цæр æмæ цæр! Дæ зæрдæйы фæндиаг.

Афтæмæй сæ куы фенид сæ хæдзардарæг. Куыд кæнид? У сын уый æнхъæл, ныртæккæ нæ уавæры йе ´мкъай æмæ йæ фæдон сæ цæстытæ кæрæдзийыл авæрой адджы фынæйы охыл?

Куынæ стæй. Кæмдæр уалæ Уæрæсейы цъæх арвыл хъахъхъæны кæйдæр бинонты фынтæ, йæхиуæттыл та уынгæджы бон ис. Нал сæм рæстмæ фæдзурын, нал сæм рæстмæ фыстæг æрæрвитын у йæ бон. Æмæ кæдмæ, кæдмæ уыдзæнис афтæ? Уый дæр, йæ лæппу, цæнгæт-æй нæу, афтæмæй кæдмæ быхсдзæнис уым, кæйдæр æцæгæлон зæххыл? Уас сын мацы бантыса, мах нæ кæрæдзийæн чи сæцæгæлæттæ кодой, уыцы тугхортæ æмæ сымаггæнджытæн!

Зæронд тыхст йæ рыст уды. Тыхст æмæ та-иу йе ’рфгуыты бынты бакаст æнахъом лæппумæ: æнæуый йын æрхуыст куынæ ис, уæд ныр цы ныффынæй? Йæ мад дæр цыма йемæ фынæй кæнынæй быцæу кæны. Сæхи нымæры йыл худынц?

Пиран фемдзаст агтæм. Сæ хæринаггæнæн агтæм. Ныккæнд æгæр къуындæг у. Дыууæ адæймаджы дзы сæ уæнгтæ, куыд æмбæлы, афтæ нæ айтынг кæндзысты. Цæй цæрынæн бæззы, цæ? Агты сæ кæрæдзийы сæртыл тæссонд амад скодтой.

Зæронд ус бадгæйæ йæ сæр сисыл бакъул кодта æмæ æркув-æркув кæны. Агты лæдзæгæй æфсонæн чысыл фесхой æмæ, фæдисгæнæгау, уайтагъд ныггæр-гæр кæндзысты. Бинонтæй нæ, уæд тагъд сыхæгтæй дæр агты æрдиагмæ никæйуал цæстытыл анызæв-дзæнис хуыссæджы цъынд...

Æцæг сæ бакъуырид лæдзæгæй? Æмæ уæд гыццыл лæппуйы ´рфæрс хъуыддæгтæй. Фæлæ ма уыйфæстæ ахæм адджын фынæй ауыдзысты? Гъа-да-гъа… Нæ йæ уырны. Æмæ ацы тыхст заманы бинонты уыцы æхцон уысм байсын нæ бацис йæ бон.

Сыстад. Дунейы рис сисæгау. Æнæсымæй схызт тыргъмæ. Сбадт тæрхæгыл. Æнæдзургæйæ, знæгты нæмыгзгъалты хуыфтмæ, сæ сармадзанты стæм рæй-дмæ, махуæтты хæдæхсты сæртæг къæр-къæрмæ хъусгæйæ, фенхъæлмæ каст Бачачойы райхъалмæ. Суанг райсоммæ. Куыддæр ыл йæ цæст схæцыд, афтæ йæм фæдзырдта йæхимæ.

– Рауай ма ардæм.

Уыцы зæрдиагæй йæ æрфарста:

– Дæ тетрæдтæ ма кæд банымадтай?

– Цал сты, зоныс? – фæцырд лæппу.

– Чи сты?

– Куыд чи сты? – фæдис кодта лæппу. – Ирæттæ. Бынтон стæмтæй дарддæр – иууылдæр нæхи ирæттæ. Иннæтæ стæмтæй дарддæр раджы куы алыгъдысты. Æрцагуырдтой сæхиуæтты. Сæ сæртæ бафснайдтой æдас рæтты.

– Иууылдæр лæппутæ сты?

– Куыд лæппутæ? – нæ йæ æмбæрста Бачачо.

Зæронд зивæг кодта дзурынмæ.

– Лæппутæ... Чызджытæ, лæгтæ, устытæ... Цъус дзы нæй æнахъом сывæллæттæ дæр.

– Зæрæдтæ та?

– Цы зæрæдтæ?

– Зæрæдтæ дæр дзы ис?

– Æмæ зæрæдты нæ марынц? Тынг дзæбæх дæр сæ марынц. Ницæмæй сæ тæрсынц, æмæ сæ ныргæвдынц. Зæронд лæгты дæр. Зæронд устыты дæр. Тлиайы уыгæрдæнты сæ ныргæвстой сæ сынтæджыты. Зæрæтты. Æвзæнгтæй дзы ничи уал цард. Æмæ сæм схастой сæ ныфс. Стæй сæ басыгътой. Цъыбыртты сыгъд.

Ног хъæуы цыппарыссæдзаздзыд Хъазиты Иосебы сбæгънæг кодтой. Афæлдæхтой йæ митыл. Их дон ыл калдтой. Ныссæлын æй кодтой. Хелцуайы зæронд усæн йæ къухдарæнимæ ралыг кодтой йе ’нгуылдз. Уымæн æмæ сын æфтауын нæ куымдта.

Сывæллæтты дæр исынц милмæ. Хъæддæгтæ сты, хъæддæгтæ! Æмæ, дам, адæм! – сабийы цæстытæ мæсты ´рттывд кодтой.

Уадиссаг хъусæг-иу æм нæ уыд. Алкæмæн йæ уд йæ кой уыдис, Бачачо сæ ´ндæвта. Ныр лæппуйæн феуæгъд сты йæ дзурæнтæ. Нымадта, Ирæй сæ къухмæ чи ´фты, уыдон æгъатырæй куыд цæгъдынц, цæрдудæй сæ куыд ныгæнынц, куыд сæ судзынц, стыр æфсæн хæтæлты сæ куыд батæрынц æмæ хæтæлты ныхтыл æфсæн сыфтæ æнгом куыд нындадзынц, цæмæй... цæмæй... Уым, æфсæн хæтæлы æнæ уæлдæфæй…

Нымадта саби, нæ фыдбоны сыхæгтæ ма кæм цы æнаккаг, фыдмитæ бакодтой, кæм ма цы æнахъинондæр хъуыддæгтæ сарæзтой, фæлæ йæм рыстзæрдæ зæронд нал хъуыста. Йæхинымæры йæ цым лæдзæгæй хоста йæ зæронд сæр.

Пиран скарста, йæ рыст зæрдæйы фидарæй скарста, ныртæккæ кæй ацæудзæнис, иунæг уысм дæр кæй нал бафæстиат уыдзæнис, афтæмæй æнæхъæн сахарыл фæдисы кæй фæзилдзæнис æмæ зæгъдзæн...

Кæмæн цы зæгъдзæн? Кæмæн?.. Æмæ, куы зæгъа, уæд йæ фæнд, цыфæнды раст уа, уæддæр кæй æндавы, алчи йæхи сæр бафснайыныл куы у, уæд? Ацы уынгæджыйы бонты алкæмæн йæ сæр йæ кой куы сси æмæ

сæ чи цы акæна, уый куынæ уал зоны, уæд дæм чи байхъусдзæнис, гормон?

Лæгæн цыма йе уæнгтæ йæхицæй нал уыдысты. Рæстмæ сæ нал хатыд. Йæ зæрдæйыл ын æнцадысты дурцæндау. Æлгъывтой йæ бынмæ. Хъавыдысты йæ сыджыты бын ныккæнынмæ.

Уæддæр сыстад. Сыстад, иу заман куы уыд, уæд. Уыцы хъуыддагхуыз, уыцы фæндвидарæй араст кæдæмдæр йæ лæдзæджы ´нцæйтты. Стæй йын цыма иу рæстæджы йæ лæдзæг дæр уадиссаг ницыуал æххуыс уыд... Цыд сабыргай, фæлæ – фæндвидарæй…

Зæронд адæймаг, æцæг зонды къуыбар куы феста, уæддæр æгъатыр туккалды дуджы кæй фендавы? Кæмфæнды дæр-иу кæмæндæрты, уæлдайдæр, тæвдтуг хæстонтæн, зылынбаст æргъомау куынæ уаид.

Бинон-тæ талф-тулфы сæ хæдзары хъуыддæгтыл уыдысты æмæ йæ сихорафонмæ уадиссаг хъуыды дæр ничи уал æркодта. Сихорыл æй æрцагуырдта йе ’мкъай. Ныккæнды чысыл фынгыл тагъд-тагъд донхæринаг авæрдта. Адзырдта йæм:

– Зæронд, сихор скæн!

Фæлæ йын дзуаппдæттæг нæ фæци. Зæронд куынæ æмæ куынæ зынд, уæд æм сылгоймаг, йе ´рмттæ йæ раздарæнæй сæрфгæ, бустæгæнгæ ауад:

– Цы фæдæ, уæдæ?

Фæлæ зæронд лæг, æнхъæл ын куыд уыдис, афтæ тыргъы нæ разынд. Нæдæр уынджы уыдис. Нæдæр…

Ацагуырдта йæ ныккæнды, мæнгагъуысты, хæдзары уæллаг хатæнты... Цæхæрадонмæ дæр ауад. Зæронд лæг йæ тыхстæй йæхи уырдæм дæр аппары хаттæйхатт. Цыма йæ ныр уый хæрзгуыст æндæвта. Нæ уыд... Табу – уæ фарнæн, фæлæ… нæ уыд уазæгдоны дæр.

– Æй, мæ фыдфынтæ – дæ хай, кæд зæххы скъуыды нæ аирвæзтæ, – скатай сылгоймаг. Йæхимидæг æй æфсонæн æлгъыста, афтæмæй дыккаг хатт æрзылд, æнхъæл ын кæм уыд, уыцы бынæттыл. – Зæронд, цы фæдæ, уæдæ?!. Ды дæр хæстмæ фæцыдтæ, хæсты амæттаг фæуой, æнцад-æнцойæ нæ чи нæ уадзы цæрын,

уыдон сæртæ, – лæгæн йæхи ралгъитын нал бауарзта сылгоймаджы цæст. Йæ маст ныккалдта, не ´нцой цард ны чи халы, нæ уыцы фыдбоны сыхæгтыл.

Сахары хурыскæсæн хайæ-иу рæсæгæй-рæстæгмæ хæдæхсы зæрдæскъуынæн къæр-къæр ссыд. Нæ зынд сæ кæрон. Иугай гæрæхтæй сын дзуапп лæвæрдтой махонтæ. Фæсауæрц кодтой сæ нæмгуытыл. Цыма нæмыгыл фæсауæрц кæнынæй исчи хæст æмбулы.

– Цы фæцис, уæдæ?!. – сылгоймаг бынтон стыхст.

Йе ’взонгæй дæр æнæхъуыддаг никуыдæм уыд цæуаг. Пиран. Суанг йе ´ввахс хæстæг-хиуæттæм дæр. Йæ тæккæ фарсмæ куы цардаиккой, уæддæр.

Кæддæр сæ дыккагхæдзæрттæм чындзæхсæв уыд. Стыр чындзæхсæв. Чындз æркодтой. Сæхионтæ дæр цъиуæй-бæдулæй уым уыдысты. Хуынд адæмыл цæст не ’ххæссыд, æмæ ма сæ чи кæмæн лæггад кодтаид, ууыл уыдысты. Ноджы иу каст чындзмæ кодтой, иннæ – фынгмæ. Пиран уæд æвзæнгтæм нал хаудта. Рагацау ын ницы бахæс кодтой. Сæ цæсгом æм нæ бахъæцыд. Ныр æй бадты кæронмæ ничиуал æрхъуыды кодта. Стæй:

«– Кæм ис? Кæм ис?» – срæуæг сты.

Кæм уыд – сæ хæдзары! Сæрмагонд хонæг æм нæ барвыстой, сæхиуæттæ уым уыдысты æмæ йæ цæсгом нæ бахъæцыд иунæгæй бацæуын. Сыхæгтæ сты, фæлæ алчи йæ уавæрмæ гæсгæ хоны сыхæгты дæр. Æнæхонгæйæ цæуын – Хуыцау бахизæд.

Уæддæр æй ныр йе ‘мкъай абæрæг кодта сыхæгтæм. Цынæ вæййы? Уæдта йын сæхийонг нæмгуытæй нал уыдис æрбацæуæн?

Никæй цæст ыл æрхæцыд. Йæ хæдзары къæсæрæй æнæхъуыддагæй ракæсын ничи уæндыд, æмæ йыл никæй цæст æрхæцыд. Стæй сæ цыма йæ тыхсты æндавгæ дæр никæй уадиссаг кодта, йæхинымæры афтæ фæзынд зæронд усмæ.

Сылгоймаджы зæрдæ кæрчытæ райдыдтой хæрын. Йæхи цы фæкодтаид, уымæн ницы уал зыдта. Йæ масты кой кæмæн скодтаид, уый дæр нæ уыд. Æмæ уымæй тыхст ноджы тынгдæр.

Изæрмилты зæронд лæг фæзынд уæнгмард, фæллад, фæлмæцыдæй, къæдз-къæдзы. Куы йæ ауыдта сылгоймаг, уæд фырцинæй йæ цæссыгтæ нал баурæдта, фæлæ йыл уæддæр акалдта йæ маст:

– Æнæхъæн бон кæм зæххы скъуыды аирвæзтæ? Куыйдзыхтæ дæ ахордтой, мæ тæригъæд фæхæссай! Афтæ загътаис: «Мæрдтæм цæуын», – æмæ дæм мæ сыджытæнбахæринаг зæрдæ ма´хсайдтаид.

Зæронд лæгмæ дзурын нæ цыд.

– Мæ зæрдæйы низтæ – дæ хай! – ныхъхъуыдты йæ уагъта сылгоймаг.

Æмæ Пиран бадзырдта Бачачомæ:

– Цал баисты? – фæрсы йæ хауд хъæлæсæй.

Зæронд лæг изæрæй йæхи ныддаста. Ныннадта йæхи. Скодта ногæхсад дарæс. Æмæ та æрбайсæфт дыггаг райсом дæр. Фæлæ йæ сылгоймаг афтæ тыхстæй нал агуырдта. Æнхъæл уыдис, зæрæдтæ кæм фæтымбыл вæййынц, ахæм бынат ссардта. Чи зоны, Театралон фæзуаты-кæмдæр. Куыйдзыхты рахауинаг цæст сыл кæдæм не схæца.

Афтæ – цалдæр боны. Æрбайсæфтис-иу æнæнхъæлæджы. Никæмæн райсомæй исты дзырдта, никæмæн – изæрæй. Æрмæст, бабынуæвджытæ цал баисты, уый базонын дзы нæ рох кодта.

Хæдзары йыл уыдæттæ ахуыр нæ уыдысты. Нæ дæр хæстахуыр уыдысты. Фæлæ адæймаг алцы дæр фæбыхсы. Стæй иу æхсæвыцъæхыл хистæр лæппу хæстæй куы ’рбаздæхт, уæд æм уый баздæхт:

–Дада. Цы ми фæкæныс, цы, уынгты?

Зæронд æм не скаст.

– Куы йæ зоныс, уыцы куыйдзыхтæ Згъудеры къуылдымыл бадынц... Сæ снайпертæм горæт зыны армæвæрдау. Нæ уадзынц уынгты ацæуæг... Цъиуы цæст акъахдзысты…

– Мæлæты рæстдзæвинтæ...

Стæй йæ нывæрзæнæй систа йæ сау хъама. Уыцы бæстон æй ссадта фæлмæн дурыл. Уыцы мынæг зынджытæ-иу ферттывтой йæ цæстыты. Уыцы

арæхстгай-иу ын рæстæгæй-рæстæгмæ уырзæй асгæрста йæ ком... Хъамайæн. Раст дзы цыма йæхи дасинаг уыдис. Хæсты, дам-иу нæ кæрдтæй дæр дастам нæхи. Ахуыр ыл уыд.

Хур арвыл рæстмæ нæма суад, афтæ бацыд йæ хæстон кæстæры сынтæгмæ. Нырма ´хсæвы хæсты фæстæ йæ сæр чысыл æрхаста базмæ æмæ, куыд фынæй кæны, стæмхатт йæ фынты куыд схъæрзы, уымæ иудзæвгар фæкаст дзагъырдзастæй, стæй йын армæй рæвдаугæ адаудта йæ сау зачъе. Адзæбæх ын кодта йæ хъæццул æмæ ахызт тыргъмæ. Бачачойы бакодта йæ хъæбысы. Йæ риумæ йæ æлхъывта. Даудта йын йæ бецыкк. Нал ын æфсæст фæлмæн батæ кæнынæй. Цыма йæ фæстаг хатт уыдта. Цыма никуы уал сæмбæлдзысты æмæ йæхинымæры цæуылдæр фæсмон кодта, афтæ зынд. Йæхиимæ дзурæгау æй фæдзæхста. Йæ зæрдæйы къæртт – чысыл лæппуйы:

– Дæ тетрæдты фысс зæрæдты дæр. Фысс сылгоймæгты дæр... Фысс алкæй дæр. Мыггаггай. Номгай. Макæй сæ ферох кæн. Фысс сæ... Фысс. Уадз, æмæ адæм се ´ппæты дæр зоной. Кæд цæстхауд уæллæгтæм фехъуысид нæ тæригъæд, тæригъæддаг фæуой… Кæд, ном цы хæссынц, æндæр уыдонæй адæмы мæт никæй ис!..

Цыдæр зæгъын æй фæндыдис йе ’мкъайæн, фæлæ йæ къух ауыгъта – сылгоймагмæ йæ зæрдæ кæд цы сдзурдзæнис, йæ сæры кæд цы фæмидæг уыдзæнис, хæйрæг – йæ зонæг. Лæджы зонд æмæ сылгоймаджы зонд æндæр æмæ æндæр уистæй быд сты – скарста. Æмæ йæ ныууагъта йæхи бар. Цыдæр та æрбаци.

Бачачо йæ фыдымадæн дзырдта, дзул хæссынмæ куы ацыдтæ, уæд, дам, скодта йæ ног дарæс. Зæронд лæг. Йæ хъама, дам, æнæ кæрддзæмæй йæ цырыхъхъы хъусы нытъыста... Стæй, дам, æй нал федтон.

Ничи дæр æй сыхæгтæй федта.

Сахары дæр нæ разынд.

Хæдзармæ нал æрбаздæхт изæрæй. Нæдæр дыггаг бон разынд. Цыма, зæххы скъуыды аирвæзт, уыйау æдзæмсæфт æрбаци æмæ йыл куыннæ куыдтаиккой

æмкъайæ, чындзæй, хъæбулæй, хæстæгæй, сыхагæй… фæлæ кæуынæй адæймаг нæ удæгас кæны.

Цалдæр боны фæстæ ´гас Чъребайыл айхъуыст – Пираны мард æхстытæй, хуынчъытæй ис куыйдзыхтæм. Уæй йæ кæнынц уыйбæрц æмæ уыйбæрцыл. Раст æйтт-мардзæ хæстон лæппуйы аргъыл!.. Стыр хæстоныл æй банымадтой…

Хиуæттæ, сыхæгтæ сæм фæфæдис сты кæугæ:

– Цы йæ ахаста уырдæм?

– Кæдæм фыдбылызы хаудта? – Хостой сæ сæртæ.

– Зæронд адæймаг йæ бынат ма хъуамæ зона?!. Оу, мæнæ диссæгтæ æмæ ´мбисæнттæ! Æвзæнгты бон сын ницы у æмæ сæ уый фæцæгъдынмæ хъавыд!

– Зæронд лæг куы у, уæд, кæдæм цæуы, уый нæ зыдта? – куыдтой алырдыгæй. – Фæлæ адæм раст акæнынц: «Æнамонддзинад иунæгæй нæ цæуы, нæ, æмæ уый зæгъ. Кæйдæрты, дам дзы йæ алмасийы хуызæн хъамайæ барæмпъызта».

Пиран зыдта, кæдæм цæуы, уый. Зыдта уый дæр, адæймаг рохгæнаг у. Уæлдайдæр, ирон адæймаг. Абон уа æви райсом, ферох æй кæндзысты. Нал сæ æндавдзæнис йæ ном. Фæлæ йæ нæ фæндыд ууыл хъуыды кæнын. Æз дæр ыл нæ дзурын.

Уæддæр Бачачо, гыццыл Бачачо, йæ фырты фырт, ныккæнды бадт ныллæг бандоныл. Йæ тетрад йæ гыццыл уæрджытыл æрæвæрдта. Йæ цæстытæ доны зылдысты, афтæмæй йæ номхыгъды фыста йæ фыды фыды ном æмæ мыггаг.

Уырныдта йæ, йæ фыды фыд йæ мæлæтæй Стыр Уæлахиз кæй феввахсдæр кодта. Æмæ дзы йæхинымæры уыдис разы.

Уый хорз зыдта, йæ Дада кæдæм æмæ цæмæ цыд.

## УДУÆЛДАЙ

Абай хорз зыдта, цы ми кæны, уый удуæлдай адæймаджы талф-тулф хъуыддаг кæй у. Уæдæ, уанцон фæдис нæу. Арв куыд нæры, афтæ кæд цавта? Фæлæ йын исты хуыздæр фадат ис, йæ авæры исты хуыздæр фезмæлæн ссардзæн æндæр исчи, мæ куыйтæ йыл амæлой, уæд ма йæ цы хуыздæр боны ´мгъуыдмæ ´ргъæвы? Цæуыл æм хæрам у, цæмæннæ йын æй схъæр кæны уыцы «исчи»? Æмæ Хуыцауысконд лæгæн чысыл сулæфид йæ тарст, йæ фæлмæцыд, йæ рыст уд.

Йæ рахиз къухы амонæн æнгуылдзæй-иу бахъуыд йæ рихи ныхынæн: цы ´рцыдис адæмыл; цы кодтой; цæмæннæ уал арынц сæхицæн удæнцой? Фæлæ сæ чи кæцырдæм æнцад, чи сæ цы бынбауинаг зондыл ныхæцыд, уый нæ ахста йæ хъуыды.

Ныр кæдæй нырмæ нал ары йæхицæн удæнцой! Фыццаг æдылы митæ куы райдыдтой нæ фыдбоны сыхæгтæ: «Нæ зæххытæ нæхи хъæуынц!» – сæ хурхы сæртæ куы скъуыдтой фыр цъах-цъахæй, уæд Абаймæ диссаг æмæ худæг кастис: æмæ сын чи исы сæ уæзгуытæ, ингæнты хай сæ дзы мауал фæуа? Стæй та дис кодта: уыцы æрратæн советон хицауад сæ рæйæн дзыхтæ йæ уæлармæй рæстæгыл цæмæннæ батъæпп кæны? Цæмæ ма у йæ каст? Цæмæн сæ уадзы уыйбæрц дзæгъæлы мæнæ-мæнæ кæнын? Æви йæ афтæ фæнды, уыдон фæзмгæйæ, не ´ппæт знæгтæ дæр суадзой се ´взæгтæ æмæ сæхæдæг раргом кæной сæхи?

Цæмæй зыдта рæстаг, иударон, æргомдзырд лæг, гæнджытæ кæй бацахстой, дзæгъæлы чи рæйынц, уыдæтты былтæ чи хъуамæ батъæпп кæна, уыдон бынæттæ æмæ уæлейæ дæлæмæ къулбадджытæ кæй тауынц сар æмæ фыд, æгъатырæй уыдон кæй уарын кæнынц туг æмæ сон, цæмæй суадзой сæхи хуызæн куыйты баст, æмæ хъæстæтауæн ныккæной, зæххы

цъарыл сабырад, уарзт, рæстаг хъуыддæгтæн сæ удтæ нывондæн чи хæссынц, уыцы иузæрдыг, æнæхин, фæллойгæнæг адæмы сæрыл.

Нæ зыдта, æмæ кæцæй зыдтаид, цæрæнбонты сын æфсымæртæ кæй хуыдтой, уыдон сæм марæн кæрдтæ райсдзысты? Ныр цытæ уыдта, йæ хуытæрæн лæдзæг чи нæ фæрæзта, уыдон алыхуызон хæцæнгæрзтæ сæ фæдыл теу-теу кæндзысты, сæ уындæй кæмæн тарстысты, – уæдта йын йæ къахыл фæлæууыд, уæд сæрысæфт куы кæны, – уыцы ирæттæм, æртхъирæнгæнгæ, дзагъултæ кæндзысты, уый йæ куыд бауырныдтаид? Æндæра, – йæхæдæг сæрысæфт фæуæд, æмæ уый дæр кæмæн цы кодта, – фæлæ йæ кæстæртыл ахъуыды кодтаид рæстæгыл. Йæхи нæ ´рæппæрстаид, цы фæуа, кæдæм лидза, йæ сæр кæм бафснайа, ахæм тæригъæддаджы бынатмæ æмæ йæ кæстæртæ йæ хъуыдыйы дæр нæ фæуыдаиккой раппар-баппайраг.

Уас, сылгоймæгты загъдау, сæ ахсджиæгты хистытæм фæцæуæнт рæстæгыл, æрбацæуынц иу хъæуы куыйтау стыр къордтæй æд хотыхтæ. Хæссын дæр ма сæ куы зониккой. Сæ хъæргæнджыты. Цъыхырыйы къонатау сæ дыгай къухтæй сæккой кæнынц. Уæддæр, фæкæс æмæ та сын æрхауынц. Сæ уæхсджытæй сæ чъылдымтæм сæ нæмыгедзаг хъатаратæ, дзæргъы къæдзилы бынæй йæ фæстаг къæхты фæкъæдзгæнæнтæм фаджыс-фæрдгуытæ куыд зæбул-зæбул кæной, афтæ фæхъеллау кæнынц.

Митинг, дам, аразæм. Хурныгуылдмæ сау сынтытау сæ сау дзыхтæй уыйбæрц сау хъуахъ фæкæнынц æмæ бæстæ ныттар вæййы. Уæлдæф нал æмæ нал фæхизы адæймаджы хъуыры, мард сæ хæдзæрттæй рабыра!

Хæхты сæрты, дам, агæпп кæнут рæстæгыл. Ручъы ´фцæг, дам, уын ардыгæй куыд аззайа. Зæххы цъарыл, зæгъынц, фыццаг нæ туг-стæг райгуырд. Фæдзурынц митинггæнджытæ, сæ риутæхойгæ. Маймулийæ æппæты фыццаг уыдон кæй рацыдысты, ууыл дызæрдыджы ´фсон куы схæкъуырцц кæнай, уæд мæгуыр дæ къона кæны – дæ ныхыл дын уайтагъд æз лæгдæронæй

хæдæхстæ банымайдзысты. Фыццæгтæ Хуыцауы нымады дæр, сæхимæ гæсгæ, уыдон сты æмæ сæ кæуылты фæнды, уыцы фæрнджын зæххытæ, дам, мах хъуамæ уой тъымытъыматæм.

Фæлæ, мæгуыр ирæттæ, кæй Фыдыбæстæ исынмæ хъавынц, уыдон куыд ахизой хæхты сæрты, кæуылты сæ ауадздзысты цæуын Ирыстоны цæгат хаймæ, уый сын нæ дзурынц. Сылæй, нæлæй сæрра сты. «Мæн у! Мæн у!» – кæнынц æмæ сæ кæй цы у, уый сæхæдæг дæр нал зонынц. Афтæмæй зæххы цъар бынып бахсынынмæ хъавынц.

Комбæстæй йæ сæр бафснайынмæ чи хъавыд, уыдонæй сæм алы æнахъинон хабæрттæ хъуыст. Æрдæг фæндæгтыл-иу сæ æрцахстой, æнæхъæн автобусы дзæгтæй сæ тыхæй ластой, Цхинвалмæ, дам уæ кæнæм æмæ стæй – уæ уд æмæ уæхæдæг. Афтæмæй-иу сæм æрдæгвæндагыл, дзырд куыд уыдысты, хотыхджын фыдбойнæгтæ сгæппытæ кодтой, аластой-иу сæ уайтагъд фæсвæдмæ. Бастъыгътой-иу сæ фæстаг хæдоны онг. Нæлгоймагæй, сылгоймагæй-иу сын алы фыдмитæ фæкодтой. Рæстæгыл сæ кæй амарынц, уымæ йæ амонд бахуды. Иннæтæй кæй æрдæгмардæй уæлæн-гæйтты аныгæнынц, кæй æфсæн хæтæлты батæрынц, афтæмæй хæтæлы дыууæ фарсы сфыц æмæ ныххуыдуг уой. Æмæ ма-иу сæм уыцы лигъдæттæн сæ хабæрттæ иуæй-иу ирæттæ æмæ нæ фыдбойнаг хæстæджыты фæрцы сыхъуыстысты.

Алырдыгæйты йæ хъус ахста, кæйдæрты туг нæ куыд фæныуазынц, цингæнгæ, ироны туг, дам, «куыд адджын у-у-у»! Бирæты сæ фыцынц торнеты æмæ сын физонæггондæй хæрынц сæ фыд. Адæймаджы фыд хæрын, дам, сын фыдæлтæй баззад. Фæлæ йын нырмæ йе ´мбæхсын зыдтой. Æмбæхсын, сайын, гæды митæм сæ, йæхицæй тынг чи раппæла, ахæм гæдыгацца рувас дæр нæ амбулдзæнис. Нарты фыдбылыз Сырдон сæ мæнгард митæм кæсгæйæ йæ сæрыл дыууæ къухæй ныххæцид, уæддæр, адæймаджы уды уыйбæрц марг ис, ууыл йæ фыны дæр никуы баууæнддзæнис.

Абайы зонд, йæ рахиз къухы амонæн æнгуылдзæй йæ рихи ныхынæн бахъæуы, фæлæ нæ ахсы, фыдæйфыртмæ, цæргæ-цæрæнбонты сæ чъиухидæй кæй уымæл кæнынц, уыцы зæххытæ сын дæхи кæнай, сурай сæ, адон мæ фыдæлты азмæлæнтæ уыдысты, зæгъгæ, уый гæнæн куыд ис? Ырмæ нæм сæхæдæг кастысты уазæджы цæстæй, ныр уыдон сфысымтæ сты æмæ мах агæпп кодтам уазджытæй.

Æмæ дын æй мах, æууæндагзæрдæ адæм, куы ныххатыр кæнæм, уæддæр, дæхæдæг Уæллаг Хуыцауæй нæ аргъуц кæныс, гормон фæуай? Уый, Уæллаг Хуыцауы та куыд хъавыс фæсайынмæ, зæхх уый рафæлдисгæ куы у, уæд? Фæлæ сæм уый дæр мæнæ-мæнæ нымады нал ис. Йæ цæсгомыл йæ къух чи сисы, уымæн Хуыцауы хай нæй. Никуы дæр ын уыд. Æндæра афтæ куыд хъуыды кæныс, цыма уымæй дæр, Уæллагæй, ферох сты хъуыддæгтæ, уый дæр фæсайдзынæ?

Фæлæ, гормонфæуинаг адæймагмæ йæ цæсгомæй йæ уæцъæф уæлдæр куы фæкæсы, уæд æм æфсæрмагæй мацы уал агур. Стыр адæймаг зæххыл куы схуысса, уæддæр йæ сæрты акъахдзæф кæнын алкæй бон нæ бауыдзæнис. Чысыл адæймагæн бар куы радтай, уæд йæхи сæрты агæпп кæнынмæ дæр фæхъавы. Нал фæзоны æмæ фæхаты, разæй йæм цы ´нхъæлмæ кæсы æмæ йе ´нæхсад сæр фылдæр хатт цæхæры фæтъыссы. Сæ хуыгæсæй сæ паддзахмæ æндæр ницы уал дзурынц: «Гъмерти чвентан арис!»* Цыма уыцы сыгъзæринтыл бадинаг Хуыцауæн иннæ адæм æрхæссæггаг сты. Сæхимæ гæсгæ уыдон, æрмæстдæр уыцы лæгмартæ сты йæ рафæлдисгæ. Хуыцауы иннæ адæм нæ хъæуынц. Æрмæст адонмæ дары йæ цæст. Цыма сын дæтты йе сконд адæмы стъигъын, марын, хæрыны бар.

Уымæй дæр не ´фсæрм кæнынц. Хуыцауæй. Сайынц не Сфæлдисæджы номæй дæр. Цыма сын уыцы фыдтæ сæ хъусы, – сыгъзæринтыл йæ бадæн, – уый, Уæллаг, дзуры. Йæ номæй стъигъынц æмæ марынц.

* Хуыцау немæ ис (гуырдз.)!

Æмæ адæм хъус-хъус кæнынц, цыма, нæ фыдбоны сыхæгтæ сæ ахæстæттæй ссæрибар кодтой авд мин лæгмар æмæ наркоманы. Тугдзых лæгмартæ æмæ, мар-джы иу судзины тыххæй йæ уд дæр чи раттдзæнис, уыцы наркоманты. Рæхджы сæ се 'фсад, полицæ æмæ украинаг националисттæ, æмæ хъулгъайы лæгмартимæ æрбакалинаг сты Ирыстонмæ. Гудзаретмæ дæр. Мид-хæсты рæстæджы кæй аныхъуырдтой, Ирыстоны уыцы хаймæ. Уыцы дзæнæты къуыммæ дæр. Сæ разæй чифæнды ироны куы 'ййафой, уæддæр сын бар лæвæрд ис, цы сæ фæнды, сæ кæрчытыкъахинаг зæрдæ цы æрдома, уыдæттæ йын цæмæй кæной. Алы иронæн дæр сæ бон у, сæ мæлинаг удты 'гъатыр тæрхон ын хæссой. Тæрхон æххæстгæнджытæ дæр сæхæдæг уыдзысты. Сæ дингæнæг Мегъоре* II сын ныфс æвæры, ироны амарын сын тæригъæды бацæуын кæй нæу. Уый сæм тæригъæд æмгæрæтты кæй не 'руадздзæнис. Сæхæдæг дæр æй сæ хъуыдыйы кæронмæ дæр ма хъуамæ уадзой æмгæрон. Ирон, дам, Хуыцауæй фыдгæнæджы номыл раскъуыхт æмæ йын, зæгъгæ, цыфæнды фыдмитæ кæн, уæддæр уый фыдгæнд, тæригъæдыл нымад не 'рцæуыдзæнис.

Æмæ ма сæ лæгхортæ уыцы ныфс цух уыдысты! Гудзарет Триалеты фæстæ далæ кæд бакодтой сæхи! Фыццаг – гæххæттыл. Ныр æй аныхъуырынмæ хъавынц æнæхъæнæй. Æд адæм. Ирон дзыхæй-дзурæгæй дзы мæн у зæгъæг куыд нал баззайа. Афтæ сæ зæрды ис хуырахсæнтæн Ирыстоны æнæхъæн хуссар хайæн дæр. Цæгатырдыгæй та Фæснауырæй суанг Балтæмæ хъуа-мæ акъæмс кæной. Нырма уал уыйонг.

Дæ хæдзары рæбинаг сæ чи уыдис, æнæ дæу йæ цæхджын хойраг ад кæмæн нæ кодта, уымæн афтæ куы зæгъай: «Гауыр кæй уыдыстут, уый тыххæй уæ Тигр æмæ Евфраты цæугæдæтты былгæрæттæй куы расырд-той, нæ фыдæлтæ уæ куы 'ррæвдыдтой æмæ уын нæ зæххыты хуыздæртæ куы схай кодтам, уæд нæм тугдзыхы цæстæй цæмæн кæсут? Бынтон æрæджы,

---

* Ома, Хуыгæс (гуырдз.).

советон дуджы, нæ кæрæдзийæ æфсымæртæ куы арæзтам, уæд ныр куыд тагъд фестадтæн де знаг?» – уый дыл бахуддзæн æмæ ауадздзæнис йæ къух, ома, цæйты кой ма кæныс, афтидсæр. Зæгъгæ, хуыздæр бонмæ мауал æнхъæлмæ кæс. Ныр, дам, мах рæстæг у æмæ, цæргæ-цæрæнбонты цæмæ бæллыдыстæм, дыууынæм азты нын фыдсаразынæй цы нæ бантыст, уый, дам, ныр хъуамæ бакæнæм.

Абай йæ рахиз къухы амонæн æнгуылдзæй уыцы сабыргæй фæныхы йæ рихи, фæлæ бынтон бæлвырд нæ хаты – цы ׳рцыдис адæмыл, сæ кæрæдзийы хурхытæм дæндагæй бавналынмæ цæмæн гæппæввонгæй лæууынц? Цы нæ фаг кæны бынбауинæгтæн, Хуыцау сæ ноджы дæлдæр фæкæна? Иу хъуыддаг зоны фидарæй – ирон лæг æфхæрд нæ бары. Фондзыссæдз азы фæстæ дæр йæ мады ׳лгъыст æрлæудзæн йæ зæрдыл. Уæд дзы дæхи бахиз. Додойаг кæндзынæ.

Æмæ лæппутæ, хæстæнбæзгæ нæлгоймæгтæй чи кæцæй сласта йæ фыдæлты хъама, чи кæцæй – æхсаргард, згæхæрд цирхъ... Се ׳вæрддæртæй кæмæдæрты се ׳мбæхсæнты, ныккæндты, мæнгагъуыстты разынд геко кæнæ æхсæнгарз. Фарсхæцджытæ сын фæзынд цæрæнбонты уæздæттæконд сылгоймæгтæй. Æрымысыдысты, амазонкæтæ, дам, нæ фыдæлтæй уыдысты. Мах дæр, дам, бахъахъхъæндзыстæм нæ фыдæлты уæзгуытæ, нæ туг, не стæг. Бирæ ׳взонг мæдтæ æрхъавыдысты сæ тохмонц хъæбулты разæй фæуынмæ. Хæцæнгарз райсын сæ фæнды.

Стыр тыхмитæ, стыр тугкалд кæй уыдзæнис, рæхджы цæвæг сурæджы кæй нал зондзæн, уый хæстон хъæстытылбафтæг сывæллæттæн дæр сусæггаг нал у. Чидæртæ сæхи аивæй фæсвæдты ׳мбæхсынц. Фæлæ кæдмæ, кæдмæ фембæхсдзысты, мæгуыр сæ бон? Чи сын фæуыдзæнис фарсхæцæг?

Абай йæ цæстытæ сæ кæрæдзийыл фæсайынæфсон куы авæрдта, уæд цыдæр къæдзилджынтæ æмæ сыкъаджынты ׳хсæнмæ бахаудта. Кæм уыдис, уый йæ зонд нæ ахста æмæ тыхст. Стæй кæсы æмæ кæд йæ

кæстæр – йæ ахуырдзау хъæбул Цæринæ дæр уыдис уыцы зæвæтджынты ´хсæн. Æртымбыл сты ууыл дæр. Цæринæйыл. Худынц æм. Сæ цыргъ ныхтæй йын сыскъуынынц йæ цæнгты фыдтæ сæ тугкалгæ æмæ дзы хатынц Абаймæ: «Ахæр дзы, ахæр. Куыд адджын у, уый фенай. Ахæр дзы».

Æмæ, диссаг, Цæринæ нæ хаты йæ уæнгты рыст. Йæ туг кæй кæлы, уый йæм нымады дæр нæу. Ноджы сæм худы. Хаты йæ фыдмæ: «Фен æй, фен. Нæ йæ зоныс, куыд адджын у»?

– Ма дзур афтæ! – ныббогъ кодта фыд æмæ фехъал.

Калд йæ сурхид. Æхсæвбонмæ хуыссæджы цъынд нал федта. Цæринæ йæ кæстæр хъæбул у. Йæ хъулон чызг. Цыма йын иннæтæ æппаринаг сты. Фæлæ адæймаджы зæрдæ куыйты холыйаг у, æндæр ницы. Чысыл, быræджы лæппын куы феста, уæддæр æй уд фесхойынмæ нæ уæлдай кæны уыцы иу фендæй. Йæ хъæбул та – къæссацæгъдæнтæ. Тæрккæй сдзурынмæ дæр æй нæ уæлдай кæны зæрдæ. Мæнæ асæрды хъуамæ фæуа астæуккаг скъола каст.

Æниу ма цæй скъола. Фыдыбæстæйон Стыр хæсты размæ сæм Боржомы ахуыргæнджыты ирон ахуыргæнæндон уыдис. 1940-æм азы йæ каст фесты дыууæ æмæ дыууиссæдзæй. Ныр сæ астæуккаг скъолайы æдæппæт дыууиссæдз скъоладзауы нал ис. Æнæхъæн астæуккаг скъолайы.

Æмæ дзы куыд уа, фæсхæстæй нырмæ йæ алы аз дæллæгтæ Калакæй «Æхгæнæм æй! Æхгæнæм æй!..» – хъæр кæнынц æмæ, йæ къух кæй куыд амыдта, афтæ Ирыстонмæ фæлыгъд. Алчи йæ кæстæрты цинæй фæлæууы зæххыл æмæ, кæй фæнды, йæ рæзинаг зæрдæсастæй бийа йæ цард. Уас, æвзæртæ хæринаг уой, адæмы зонд чи зыгъуыммæ кæны, уыдонæн.

Абай йæхæдæг дæр иу æмæ дыууæ хатты не скарста, йæ бинонты цардмæ йæ кæй хъæуы бæстондæр æркæсын, адæмы ´рхъуыдыджындæртау, ын кæй æмбæлы йæхи, йæ туг æмæ йе стæг фылдæр кæм сты, сæ цард кæм аразынц, уыцырдæм сæ айсын.

Фæлæ æвзæр куыдз фæлдыст мæгуыр адæймаджы авналæнтæн. Дæ бæндæн иудагъæй кæм не ´ххæссы, уым дын æй бон цалдæр хатты дыдагъ кæнын куы хъæуа, уæд хæйрæг фест æмæ дæхи сæрты агæпп кæн. Æндæра Абай дæр зоны ауайæнтæ æмæ рахæцæнтæ.

Хистæр лæппуйы дыкъахыг дæлимонтæ фæндæгты арæзтадыл бафтыдтой. Цыдæр дамгъæтыл фæхæст æмæ, сæхи хъæумæ рæстмæ машинæвæндаг нæй, афтæмæй нæ, куыйты холыйæн чи фæуагътой, уыцы стыр уырысæн алы рæтты лæгъз фæндæгтæ аразы, йæ бонæй йæ уа. Æмæ, табу – Хуыцауæн, æгайтма йын ам нæ радтой бынат æмæ дард фæхаудта. Ацы сæфт рæстæджы йæм ацы сæфт сыхæгты ´хсæнмæ йæ зæрдæ уæддæр не ´хсайы.

Хистæр чызг æнæрæгъыдзыдтæм цъыфтытæрæн бæхæй фæцыд æмæ ныр, йæ хъæбулты йæ базырты бын бакодта, афтæмæй æрвыл бон дзыназы йæ цæгатмæ: «Куыд уыдзыстут? Цы уыдзыстут?» Фæлæ цы йæ бон у? Нæ фыдæлтæ æдылытæ нæ уыдысты, кæрцæн йе ´мпъузæн йæхицæй куы агуырдтой, уæд. Фæлæ ма ныр хистæрты зонд зондыл чи нымайы. Кæстæртæ систы уынаф-фæгæнджытæ æмæ райсомы хурыскастæй изæры хурныгуыылдмæ сæ былтæ цалдæргай хæттыты тымбыл къухæй фæнæмынц. Куыдз амæлæд ахæм цардыл, кæд ын цард схонæн ис, уæд.

Кæстæр лæппуй арвы цæфæй уæлдай иуран æрхæст нал æмæ нал зоны. Йæхæдæг цыдæр æфсæйнæгты гæбæзтæ æмæ цъæлтæй цахæмдæр хæцæнгарзгонд æртымбыл кодта. Æхсгæ цыма кæны. Афтид гилдз дæр æппары иуварс. Фæлæ уымæй æрра куыйдзыхты балты куыд хъавы фæцæгъдынмæ, уымæн Абайы зонд ницы ахсы. Хæсты дудгæбæттæ ´взæрста, йæ кой йын хъуыста æмæ хъусы. Йæ хъуыды ахсы: цыфæнды хæсты дæр мæгуырты хъæбултæ фæмæлынц; хъæздыджы сæ фæллæйттæй хæцæнгарз райсынмæ нæ февдæлы. Хæсты рæстæджы æдас рæтты бафснайынц сæ сæртæ æмæ уыйфæстæ цардæй фæбухъ кæнынц сæ зæрдæты фæндиаг. Махтæм ахæм цæстæнгасæй фæкæсынц, цыма

ӕдылытӕ, ӕнӕсысмудӕнтӕ, цард цы у, уый чин ӕ фембары, ахӕмтӕ стӕм, уыцы цӕстӕнгасӕй. Ӕмӕ сӕм никӕй бон вӕййы исты сдзурын.

Ӕфсады дӕр уыдис. Абай. Фӕлӕ йӕ бакодтой арӕзтадон батальонмӕ. Фыдыбӕстӕйыл ӕнувыд кӕй уыдзысты, сайдӕй йыл кӕй никуы рацӕудзысты, ӕмӕ йӕ цӕсты гагуыйау кӕй хъахъхъӕндзысты, уый тыххӕй ард куы хордтой, уӕддӕр сӕм хъӕдын хӕдӕхсӕй дарддӕр ницы уыдис. Ӕмӕ, ӕцӕг хӕст цы у, хӕцӕнгарзимӕ куыд архайын ӕмбӕлы, лӕг уый бӕлвырдӕй нӕ зоны. Йӕ фырт йӕ хотых куыд исдзӕнис ӕнӕзонгӕ адӕммӕ, искӕй скуынӕг кӕныны зӕрдӕ йӕм куыд ӕрцӕудзӕн, уымӕн дӕр уадиссаг ницы хаты. Нӕ йӕ ахсы йӕ сӕр. Фылдӕр уыдӕттыл тыхсы. Ӕмӕ, дам, дӕ рахиз къухы амонӕн ӕнгуылдзӕй дӕ рихи цӕмӕн фӕныхыс?

Кӕстӕр Цӕринӕ фидӕн уалдзӕджы хъуамӕ фӕуа каст скъола. Фӕлӕ иу афӕдзмӕ, къӕвдаджын азы дидинӕгау, ӕнафоны сгӕпп кодта, бӕлвырд ӕй йӕхӕдӕг дӕр нӕ фӕхатыд, афтӕмӕй.

Уанцон рӕзт нӕу, гормон. Дӕ чызгон, ӕвзонджы бӕллиццаг азтӕ нырма фӕстейӕ сты, кӕдӕм тагъд кӕныс? Уыцы кары ма та цы ми кӕндзынӕ? Уӕд дӕ рӕзынмӕ нал ӕвдӕлдзӕнис ӕви искуыдӕм цӕуын ис дӕ зӕрды, мӕ хур?

Абай ӕмӕ йӕ мады зӕрдӕйы рагӕй нывгонд у – скъолайы фӕстӕ йӕ ӕнӕмӕнг акӕндзысты Чъребамӕ. Ныр ахуырмӕ мӕнӕ-мӕнӕ йӕ хъус ничи уал дары. Ахуыргӕнджытӕ дӕр, дам сыл не ʹрвылбонон фӕдисты тынг нал тыхсынц, фӕлӕ чызджы йӕ чингуытӕй барвӕндӕй фӕиппӕрд кӕныны бӕсты фӕлтау стонгӕй ныууадз. Ӕмӕ сын Чъребайы уӕлдӕр ахуырмӕ кӕй бахаудзӕнис, ууыл сӕ дызӕрдыг кӕнын нӕ фӕндыд. Фӕлтау искӕй ӕлхӕнгӕ дӕр бакӕндзысты. Сӕ хъустыл ӕрцыд, йӕ цӕсгом капеччытыл чи уӕй кӕны, уыдон, дам, уӕлдӕр ахуыргӕнӕндӕтты арӕх сты ӕмӕ сӕм фӕндаг ссарынӕн дӕртты зилын нӕ хъӕуы. Фӕлварӕнты рӕстӕджы, дам, дын дуаргӕрон, «Мӕнмӕ

рацу! Мæнмæ рауай!»-гæнгæ, ис гæнæн, чидæртæ дæ уæлæфтауы цæнгтæ нæ, дæ базгуытæ дæр аскъуыной. Макæмæ сын аирвæзай. Æмæ сæ уыдæттæй ис ныфс.

Стæй дæр, зонынц æй хъæууон адæм дæр, ныр цард горæты ис. Ма дæ куысты ´фсæрм уæд, ма ´хсæвыцъæхæй фестыны. Фердæхтджынтæй хъæуы цæрын йæ сæрмæ дæр ничи уал хæссы.

Æмæ сæ кæмæн хъæуынц сæ муртæ сæ хуртæй дарддæр. Ноджы уыцы рæсугъдтæ ныццис Цæринæ! Цыма дзы хуртæ æмæ мæйтæ кæсынц. «Мæ адджын хъæбул!» – Абай йын йæ ныхæн куы фæба кæны, уæд сæ дыууæ дæр зæрдæбынæй бахудынц – хомфыд чызг афтæ фæдисæй куы рæза, уæд тагъд йæ мад нæ, йæ фыды сæрты дæр акæсдзæнис.

Æмæ байрæзæд. Кæстæры байрæзт уынынæй хуыздæр цы ис. Суанг æцæгæлонæн дæр. Мад æмæ фыд, сæ хъæбултæ куыд рæзынц, уымæ цæстыдзагæй куы кæсой, уæд уымæй сæ царды иууыл стырдæр бæллицтæ æххæст кæнынц. Кæстæры раст къахайст, йæ цины мидбылхудт ныййарæгыл базыртæ садзынц, фæлæ лæг ницы ´мбæрста йе ´хсæвы фынæн. Йæ хъæбулимæ цы ми кодтой фæстæмæсæфтæгджынтимæ? Фыдмæ уыцы дæлимонтæ цæмæн хатыдысты йæ хъæбулы фыдтæй?

Лæг йæ фын тыхсырд кодта йæ хъуыдыйæ. Нæ йæ фæндыд, æрбынат кодтаид йæ сæры. Цыдæрхуызон дзы тарст. Фæлæ, æвзæр кæй у, уымæй дарддæр ын йæ рафæлгъауынæн кæй ницы хатыд, уый йæ ноджы тынгдæр тыхсын кодта, æнæрай фæуа. Фыныгъдауæй адæймаг алцы дæр уыны, фæлæ йæ хъæбул зæрдæбынæй цæмæн худт фæстæмæсæфтæгджынтимæ? Фыдæн йæ хъæбулы фыдтæ кæй хæрын кодтой, уый та цы фыныдиссаг уа? Цæуыл дзурæг у уыцы ´намонды хабар, уый нæ ахста æнæхин лæджы зонд æмæ йæ хурх кодтой йе ´нæраны хъуыдытæ.

Фын радзурын æй никæмæн фæндыд. Æвзæр фын куы аныхъуырай, уæд сæфы йæ фæд. Фæлæ, иунæгæй скъуыддзаг кæнын нæ куымдтой йæ фæндтæ. Бинонты уынаффæ домдтой. Уый тыххæй та сæ фергом кæнын

æмбæлдис. Æмæ фыд сæумæцъæхæй йæ хъуыды бамбарын кодта йе 'фсинæн:

–Хъуыддæгтæ мах фæндиаг не сты. Ме 'хсæвы фынтæн æвзæртæ хæринаг фæуæнт!.. Кæд сæ ууыл нæ домдтон…

– Цы 'рцыдис, сау бон мæ баййæфта… – сылгоймаг уайтагъд аивæй, фæлæ тарстзæрдæйæ æрхоста йæ фыдæвæрд уæрджытæ.

Лæг ын бамбарын кодта, чызджы æвæстиатæй кæй хъæуы ацæттæ кæнын. Дзул æмæ цыхтæй дарддæр, сæ уæлæ цы дарæс ис, æндæр ницы айсдзысты семæ. Иннæ хæссинæгтæ аласынæн дæр иунæг Хуыцауы фæрцы кæд фæуаид сæхи рæстæг. Кæннæуæдæг дæр удæй зынаргъдæр ницы ис. Цалынмæ бæстæ бынтон нæ сызмæст, сурæг лидзæджы фæскъæбут нæ гæрах кæны, уæдмæ сæ 'нæмæнг хъæуы хæстæг хъæуты, Стыр къуылдым, Æхсынцъыджын æмæ уым фалæмæйы ирон хъæуты хъæдтыл ахизыны сæр. Сæ цæстыхаугæ хъæбул Чъребамæ фæхæццæкæнинаг у. Уырдæм бацæуынæй нæ фыдбоны сыхæгтæн сæ кард – сæ кæрддзæмы. Стæй, сæ боны хай сыл баталынг уæд, бон цæуы æмæ фарн хæссы-иу хуымæтæджы нæ акодтой нæ зондджын æмæ 'гъдауы фыдæлтæ.

Мад æмæ фыдмæ кæстæр лæппу тынг нæ байхъусдзæнис, цалынмæ йын фарсхæцджытæ уа гауырты ныхмæ хъæбæр фæлæууыны тыххæй, уæдмæ. Фæлæ сæм мадимæ кæстæр чызджы кæйттæ иу æмæ дыууæ хатты не 'рхауд, кæд сæ кæрæдзийæ сæ тæссаг хъуыдытæ 'мбæхсæгау кодтой, уæддæр. Иунæгæй ныууадзын æй сæ зæрды никуы ис. Ныр сылгоймаг бадис кодта: цы ма рауад лæгмæ ацы фыддуджы æрдæг æхсæвæй боныцъæхтæм?

Фæлæ йæ хъуыды нæ фергом кодта. Мад. Æгайтма, лæгæн уыцы хъуыды йæхи зонд æрцахста. Сылгоймаг æй кæд рагæй уыдис скойыл, уæддæр ныхас уымæй нæ рацыд. Ныр фæстæ нал фæлæуудзæнис. Фыд. Æмæ сæ кæстæртæ æдас ран куы уаиккой, уæд сæхи цард цы у? Адæймаг Уæллагæй иу мæлæт дары æмæ æгады цыд ма

акæнæд йе ´нусон дунемæ, уæллæгтæн йæ ном æлгъыстагæн ма баззайæд, æндæр нырма тъымы-тъыматæм цæргæйæ никуы ма ничи баззадис.

Æмæ мад уыцы рæвдз февнæлдта йæ удуæлдай бæлццæтты рæвдз кæнынмæ. Ногконд дзултæ сын гæххæтты тыхтæй тъыста хызыны. Цыхты къæртт цы у, æнæхъæн гуымбыл дæр æм цъус каст. Йæ дыууæуагъд арахъхъæй айдзаг кодта æнæхъæн дурын. Хызыны тыхтъыст кодта бур-бурид мыды къопп, чызджы райстбавæрд дарæсæй цыдæртæ…

– Мæнæ ус, хуынды нæ цæуæм. Æз дын загътон дзул æмæ цыхты къæртт. Ууылты кæддæр мæ фыдимæ ахызтыстæм къахæй. Уæд дзы гæзæмæ фæндаг уыдис. Ныр схъæд уыдаид. Уæддæр изæрдалынгты, кæд Хуыцау æмæ Уастырджийы бафæнда, – сыгъзæриныл фæбадæнт, – уæд Чъребайы уыдзыстæм. Æмæ нæм зæрдæхсайын нал хъæудзæнис, – лæг скалдта æфсины æвæрæнтæ. Цы загъта, уымæй фылдæр ын ницы уагъта æвæрын, уæддæр дзы сылгоймаг пластмас мигæнæны тыхтъыст ныккодта ´рдæгавг арахъхъ.

– Сихорыл ын иу-дыууæ адар æмæ къæбæр адджынæн ахæра, – афæдзæхста чызджы æмæ йыл ныттыхст цæссыгдзастæй: цы бæрæг ис, цы фæндагыл цæуынц йæ бæлццæттæ?

Цæринæйæн дæр йæ цæссыг йæ хъуыры цæмæй лæууыд. Уый тыххæй ницы дзырдта – дзырд сæ йæ фæдыл ма расайа. Фæлæ… Зæрдæ бæттын нæ комы. Худыны охыл азылын сты йæ навгонд былтæ. Йæ мады ´рвылхаттау фæзмгæйæ йын йæхицæн авæрдта ныфс:

– Фæндагыл кæуын нæ фæччы, – æмæ йыл ныттыхст, цæссыгкалгæйæ.

Фæлæ куыддæр къæсæрæй рахызтысты…

Цæргæ тæккæ хъæды дзыхы кæнынц. Дæс, ссæдз дзæбæх къахдзæфы – æмæ хъæдмæ бахызтæ. Фесæфт дæ фæд. Фæлæ уыцы дæс кæнæ ссæдз къахдзæфы саразын нæ хъæуы? Æмæ куыддæр къæсæрæй рахызтысты, афтæ фæкæс æмæ сæ сыхæгты дуармæ лæууы сæ сылыстæг Къекъело. Йæ даргъ фындз ноджы ныг-

гуыбыр æмæ дæ фыдгул-фыдзæрдæ бакæсæд уымæ. Йæ мысты хæрды ´нгæс тымбыл цæсты къуырфытæй сæм рагæпп кæнынц йæ рахауинаг саусауид гагуытæ. Нымдзаст сæм æмæ сæ нал исы йæ мæрддзæст.

Сæ дыккагхæдзæртты лæппу нæ фыдбоны гуырдты сыхаг хъæуæй Къекъелойы ´рчындз кæнынмæ куы рахъавыд, фæлдыст ын фæуа, уæд ын йе ´мгæрттæ æцæг æмæ хъазгæйæ цынæ кодтой: «Уырдæм кæдæм хаукс, сæхи фидиссæгтæ ирон чызджытыл куы хæрынц сæхи, цæмæй сæ дæлæмæдзыд туг сыгъдæг тугæй раивой?!.»; «Нæ мыггаг фесафын дæумæ ´рхаудта?»; «Кæс ма-иу, кæддæра, дæ фæстагæттæ дæлæмæдзыдæй схъæлбæрзæйтæ куы рацæуой, уæд сын удæгасæй ныгæнинаг куыд фæуай!..»

Йæ мæгуыр мад æмæ фыд сæхимæ марæн кæрдтæ хастой, уый ма ракур æмæ гæдыйы лæппын дæр æрхæсс искуыцæй – чындзы уарзт æй кæндзыстæм, нæ дæллагхъуыр æй дардзыстæм, зæгъгæ.

Мæ уд акæн, никæмæ байхъуыста. Æвæццæгæн, æцæг, амонд ис, куыдз ыл макуы амæла, æндæра, сæхи Згъудер, зæгъай, сыхаг ирон хъæуты чызджытæ – раст фыццаг хатт схъазынмæ хъавæг хъуазы фисынтыл амадты ´нгæс. Кæдæм мæрдтæм ма хъуамæ кæса усгур лæппу? Кæрцæн йе ´мпъузæн йæхицæй куы уа, уæд æрмæст уый йæхæдæг дæр цасы аргъ у! Фæлæ дæм Хуыцауæй æндæр амонд куынæ кæса, уæд дæхи сæрты нæ агæпп кæндзынæ, мæ куыйтæ нывонд фæуой уыцы ´взæр амонддæттæгæн!

Лæппу æмæ, дам, чызгæн, куы райгуырынц, уæд сæ зæрдæтæ дыгай дихтæ фæкæны. Лæппуйы зæрдæйы ´рдæг чызджы зæрдæйы ´рдæгыл баныхасы, чызджы зæрдæйы ´рдæг – лæппуйы зæрдæйы ´рдæгыл. Æмæ, чызг æмæ лæппу куы сыстыртæ вæййынц, уæд зæрдæты ´рдджытæ райдайынц сæ кæрæдзи агурын. Афтæмæй зæрдæты æрдджытæ сæ кæрæдзи куы ссарынц, уæд лæппу æмæ чызг баиу кæнынц сæ цард.

Æмæ Къекъелойыл цæхæрадоны, быдыры куыстытæм, искуыцæй исты рамырхынмæ æнæхъæн хъæу-

бæсты сылгоймæгтæ нæ, нæлгоймæгтæ дæр нæ фæтых уыдзысты, нæлгоймæгтæ. Йæхи нæ ныхсдзæн, йæ сæр нæ ныффасдзæн, афтæмæй саубон-баизæрмæ йæ цыбырхъæд (йæхимæ гæсгæ йын æй сарæзта йæ хивæнд æмкъай) къæпийæ сæ зæххы гæппæлтæ хыртт-хыртт, сыллынг-мыллынг кæндзæнис.

Фæлæ йын «хæдзар бафснай» ма зæгъ. Цъылын райсын, къуымтыл уымæл гæппæл рауадзыны бæсты йын йæ хурхыл кард сæвæр. Æмæ йын фыццаг бонты фыддæртæ кодта, йе ´взæртæ йын бахæра, йе ´ркæнæг. Фæлæ къæрттæй цъула нæ фæци. Йе ´нæфаст сæр-иу ныттыхта йæ къухтæй. Нæмыс æй æмæ, йедзаг голлаг куыд хойай, уый куыд нымæг тъупп кæна, æндæр уынæр дзы ма райхъуыса. Адæймаг æвзæрыл тагъд ахуыр кæны. Ныхъхъуыдты йæ кодта йæ лæг дæр æмæ уымæ дæр афтæ кæсы, цыма хæдзарыл цъылын рауадзын, къуымтæ ныссыгъдæг кæнын, хи ныхсын æмæ хи къуымы хъарм хæринаг саразын æрмæстдæр бæрæгбонон куыстытæ сты.

Уый хыгъд дæлæмæдзыд, тыппыр сылыстæджы ´ндæр, сæрмæ нæ хæссинаг бирæ хъуыддæгтæм дугъы бæхыл дæр бирæ чидæртæ нæ аййафдзысты. Алцы дæр хъуамæ фена. Алцы дæр хъуамæ фехъуса. Алцы дæр хъуамæ «зона», куыйтæ йыл амæлой. Æмæ сæ уыйфæстæ алы къахджын, къухджын, базырджынтæй байтаудзæнис фæрнджын адæмыл дæрдты æмæ æввæхсты.

Абай æмæ йæ бинонты раздæр хъуыдис сæ сыхæгтыл сæ цæст ахæссын. Хъæууон адæймаг сæумæйæ кæд рабаддзæнис, уый йæхæдæг дæр алы хатт бæлвырдæй нæ фæзоны. Ныр ма цы. Байрæджы æмæ фæцис. Къекъело сæм ахæм кастæй каст, цыма сæ тынг рагæй хъахъхъæдта. Ныр рацæудзæн сæ размæ: «Кадам дин джи лидзут саумацъиккай?! Сабиргай цауин уа джи ничи уаджи ави ма симах удта куи аирвазой, уæд дин джи уалвандаг фауиджистам?»

Хъæубæстæ нæ, комбæстæ, æнæхъæн Карелæн дæр зындгонд у – хъуыддаджы фæдыл цæуыс, Къекъело дыл сæмбæлд, уæд ныхъхъуытты уадз дæ хъуыддæгтæ

иууылдæр. Фæстæмæ раздæх. Уæддæр фыдвæндаг фæуыдзынæ. Уас сындзытыл фæцæуæд. Ноджы дæ хъуамæ бæстæтты фæрса: «Кадам дин джи чауис? Чи хъуиддаг дин джи ис? Сусаг канис?»

Лæг бамбæрста, сæ балцы сæр куы фергом уа, уæд æй хурыскастмæ æнæхъæн комбæстæ зондзысты. Æмæ та уайтагъд йæ куыйтыхæринаг зæрдыл æрбалæууыд йæ уæзгуытыл баззаинаджы æхсæвы фын. Уазал рызт æм бакодта йæ буар. Ахста йæ зонд, хатыд йæ зæрдæ, цыдæр дудгæбоны хабар æм æнхъæлмæ кæсы, цыдæр. Къекъело дæр сыл бынтон хуымæтæджы нæ амбæлд. Уæддæр батагъд кодта йе ´фсины:

– Рæвдз... Хызын тæгæнайы авæр æмæ йæ хъæды смидæг кæнут дыууæйæ. Цыма цыдæр бырæттæ калут. Стæй дæхæдæг афтид тæгæна фæстæмæ рахæсдзынæ. Мауал фæстиат кæн.

Сылгоймаг нæ бафæстиат. Сæ фæдыл лæг дæр, йæ фæрæт – йæ дæларм, ома, хъæдмæ цæуын. Фæлæ йæ къахайст æгæр рæвдз уыд, стæй – «йæ сыхаджы нæ федта». Нæй йæ раарфæ кæныны ´фсæрм.

Уæддæр йæ уæнгты змæлд æгæр кæнгæ, æгæр узгæ уыдис. Кæдæмдæр æхсайдта йæ зæрдæ. Ноджы ´фсин афтид тæгæнаимæ иунæгæй куы фездæхт фæстæмæ, йæ цæссыгтæ сæрфгæ; фыд æмæ чызгыл сæ райст-бавæрд дзаумæттæ кæй уыдысты, уый, кæд æхсæвы-цъæх уыдис, уæддæр куы фæхатыд Къекъело, уæд ма йын цы базонын хъуыдис – йæ сыхæгтæм цыдæр хъуыддаг йæ раны нæй. Сæхи фæндиаг не сты. Æнæмæнг дзы цыдæр æмбæхсынмæ хъавынц. Фæлæ, цы, уый йæ зонд нæ ахста æмæ уыцы зæрдæбынæй ныхта æмæ ныхта йе ´нæфаст сæр.

Цæринæ дæр нал æмæ нал зынд. Æвзонг чызг уыйбæрц... Табу – уæхицæн, фæлæ цы ми хъуамæ кæна йæхи хъуыдыйы? Кæм æрбадæлдзæх? Къекъело айтæ-уйтæ нал фæкодта, тагъд-тагъд суад хъæдмæ: бондзир-дзуры, дыууæйæ кæй слухтой, ахæм æнæхъæн тæгæна-йы дзаг цы акалдтой?.. Æрдæгæхсæв номы кусæрттæ кæнынил уыдысты?

Фælæ дзы цы аппæрстой, цæуыл дзы хъуамæ ´рхæцыдаид æнæзæрдæмæцæугæ сылыстæджы рахауинаг цæст? Æмæ бынат нал ардта йæхицæн.

Уæдмæ йын фыд æмæ чызг дæр хъæды мæрайы аирвæзтысты æмæ уый зæгъ. Никæй уал сæ ´рцахста йæ цæст. Ахсгæ дæр сæ куыд æркодтаид? Сæхи сыхы хъæдвæндагыл улæфт æмæ æдасæй, цæй удуæлдай æмæ цæй цыдæр, цины хабармæ цæуæгау, уыцы дугъыуайæгау сгæппытæ кодтой – уыцафон, фæззæджы къæсæрыл, сæ хъæубæстæ бондзир-дзурæй, Къекъелойау, кæйдæр хæндыджы нæ хауынц. Нырма сæхицæн адджын фынтæ фæуынынц æмæ сæ æдас уыдысты. Сæрибарæй уымæн хатыдысты сæ уæнгтæ. Фælæ Фæсрагъы Абайы къахайст фæуæзбындæр. Фыд ын ницы загъта, фælæ фæкъæрцхъус чызг йæхæдæг дæр.

Цæринæ йæм каст æмæ, æвæлтæрд адæймагæн куыд æмбæлы, афтæ йæ фæзмыдта. Тагъд уайын кæм хъуыд, уым тагъд кодта. Хъавгæ къахайст дæр ын нæ хъуыдис амонын. Æрмæст, йæ райстбавæрд къаба æгæр модæйыл хуыд уыдис – даргъ æмæ уынгæггонд. Тыхст йæ даргъ, схъæл зæнгтыл. Фæрсæрдыгæй йæ куы йæ иу къухы атымбыл кæны, куы – иннæйы. Схæцы йыл хæрдмæ. Уæд йæ къахайст фæрæвдздæр вæййы.

– Дедо, дедо, дедо!.. Му-у-у!.. – Фæсрагъæй дысон йæ хъуг кæмæндæр хизæнæй не ´рыздæхт æмæ йæ агуырдта æхсæвыцъæхæй. – Дедо, дедо, дедо!.. Му-у-у!..

Æвæццæгæн сæм фæхæрам хъуг. Кæнæ йын йæ род ныргæвстой, кæнæ ныууæй кодтой кæмæндæр. Гъе, йæ рæстæгыл нæ дуцынц, марынц æй, мæгуыр, фыдудæй æмæ сæ уый дæр удуæлдай митæй исы йæ маст. Цалынмæ йыл сырдтæ никуы ´рбамбæлой, уæдмæ. Æндæр сын цы йæ бон у?

– Дедо, дедо, дедо!.. Му-у-у!.. – æвæццæгæн ын хицау зоны йæ ахаст. Цард чи дæтты, уый зæрдæ уæлæнгай у. Нæ фæлæудзæнис – бауасдзæнис æм искуыцæй. Сидынæй йæм йæ уды быцъынæг уымæн скъуыны.

Æгомыг фосæн дæр ис зæрдæ. Æмбары рæвдыд. Зоны схуыст. Рыст куыд æмбары, афтæ – рис дæр. Æмæ

йын йæ зæрдæ хъуаджы-æнæхъуаджы не ´мбæлы къахын. Æндæра уыцы зæрдæ стæй нал ссардзынæ. Цасфæнды йыл дæ уд хъар.

Адæймаг та адæймаг у. Иунæг хатт æй куы фæзæрдæдзæф кæнай, уадиссаг æвзæр ын куы ницы саразай, фæлæ йыл куы ахæцай иуварс, уæд ын, фондзыссæдз хатты цы дзæбæхты бацыдтæ, уыдон дæр дон фæласы йæ бынмæ. Æмæ ма йыл дунейы хæрзтæ кал, уæддæр ын дæ дзыхы комдзагæй дæр йæ фыццаг зæрдæ никуы уал раздахдзынæ.

Цæуыл хъуыды кæнынц нæ фыдбоны, дæлдæрфæуинаг сыхæгтæ? Афтæ сæм кæсы, ирæттæй туг куы кæла, уæд уыдонæй æхсыр тæдздзæнис? Æмæ, уæд, Уæллаг дæр афтæ зæгъы йæ рафæлдисгæ адæмæй, ууыл цæмæннæ хъуыды кæнынц гормонфæуинæгтæ? Æви кæйдæр мулк æввонгæй ассивыны цинæй сæ хъуыдыгæнæнтæ ныкъкъуырма сты æмæ сын нал кусынц? Кæйдæр ис-бон байсын, кæйдæр туг баназыны цинæй зæххыл æрхæст нал зонынц. Æмæ уый у, уый йæ сæйраг фыдбылыз, æвзæр куыйтæ ныммæлой æнæфсис, æнæбын, кæрæф зæрдæ æмæ ахсæны.

– Дедо, дедо, дедо!.. Му-у-у!.. – хъугагурæг ныффæсус, æндæра йæ Абай уайтагъд базыдтаид хъæлæсæй. Згъудерæй Фæсрагъмæ цас у. Къæсæрæй – дуармæ. Сæ фæндæгтæ иу сты. Ноджы сæ уыйбæрц цæрæг куынæ уал ис, мыййаг.

– Дедо!.. – Абай, хъуыдытæгæнгæ, нæ фæхатыд, йæ фындзы цурмæ куыд æрбахæццæ хъугагурæг. Фæхæцыд чызджы къухыл æмæ ма фæсвæндагæй фæцыдис къутæрты сыбар-сыбур.

Хъугагурæг уынæр фехъуыста. Цы ´рцыд, фæсвæндаг цæй сыбар-сыбур ссыд, уый нæ бамбæрста. Æмæ фæстæ-фæстæ алæууыд. Уыцафон хъæдвæндагыл йæ размæ сырд рацæй цыдаид, уæдæ, æндæр цы уыд?

Йæ амонæн æмæ ´нæном æнгуылдз йæ дзыхы уыцы арф акодта. Фæндыдис æй йæ тых, йæ бонæй, хъæд куыд ныррызтаид, афтæ ныхситт кæнын. Фæлæ йæ фыртагъдæй йæ хъуыды фæмæнг.

Уæд йæ даргъ лæдзæгыл дыууæ къухæй ныххæцыд. Йæ рахиз уæхсчы сæрты йæ бæрзонд систа. Йæхæдæг раст лæджымсæр куыд фæбæрзонддæр уа. Цыфæнды сырд дæр йæхицæй стырдæрæй тæрсы. Æмæ сарæзта, йæ сыбыр-сыбур кæмæн ссыд, уый йе ´мгæрæтты хæснагæн дæр куынæ уал æрлæууа, афтæ.

Абайы зæрдыл æрбалæууыд, сырды цæст йæ амæттаджы тыхæн йæ асмæ гæсгæ кæй аргъ кæны. Куыд бæрзонддæр у, афтæ дзы хи тынгдæр хъæуы хизын. Цæмæй дæхæдæг ма бахауай фыдбылызы.

Лæг базыдта фæсрагъаг Бурдымы. Мæгуыр. Иунæг зæронд лæг. Цы цæуы, уый – мæгуырыл. Йæхиау, йæ къухылтухгæ, уæздан, сæрмæхъус сылгоймаг цалдæр азы размæ фæзиан. Йæ кæстæртæ хуыздæр цардæнхъæл кæдæмдæрты фæлыгъдысты. Зæронд хъæбулы дæр нæ хъæуы. Ныууагътой йæ иунæгæй уæзæджы къæйыл. Хир-хур кæны. Нымайы йæ царды фæстаг, удхайраг бонтæ.

Йæхæдæг дæр ма кæдæм акомдзæнис йæ кæстæртæн? Кæй зоныс, цæст кæуыл не ´ххæссы, уыцы стыр горæты? Кæй дзы цæмæн бахъуыдтæ? Дæ хъæбулы сыхæгтæ дæ мæстæй мардзысты, ома, уыцы амонд нæм кæцæй каст, ацы стыр гал-кусæрттаг нын кæцæй æрластай? Æмæ дæ бон сæ ныхмæ ницы сдзурын уыдзæнис. Аба-бау. Фæсхъус-æргом дæ гал-кусæрттаг кæй хонынц, уый тыххæй.

Куы сын бауайдзæф кæнай, куыд дæн гал, зæгъгæ, уæд дыл артæнхæлдтæ кæндзысты фырхудæгæй. Уый уал, дам, рæхджы радæргъ уай, кæддæра, дам дын хистæн цæй стыр гал æрбатæрой æмæ ныргæвдой. Ды, дам, никæй уал æндавдзынæ бынтондæр. Сæйраг, дам, гал-кусæрттаг суыдзæнис: «Цал азы йыл цыдис? Цы мыггаг стур у? Кæм байрæзт ахæм стырæй?..»

Уыдæттæ хорз зоны Бурдым. Йе ´мкъайы цурмæ дæр æй нал æрбаласдзысты баныгæнынмæ. Хистæй сæ не ´вдæлдзæнис. Зæхх, дам, иу у æмæ йæ искуы фæсуæлмæрд нытътъысдзысты, мæгуыр. Йæ кæстæртæй уы-

мæн никæимæ комы. Ноджы ма йæ дарæг хъуг куы фесæфа, уæд… Йæ Хуыцау – йæ хъахъхъæнæг.

Фæлæ Абай фæндагмæ нал равæрдта йæ къах. Чи йын цы зоны, кæм дыл чи куыдз æмæ хæрæг æрбамбæлдзæн? Хуыцауы сконд адæймаг дæр фестæд. Ныр æууæнк бирæтыл нал ис.

Фæсвæндæгты ахызтысты Фæсрагъæй, уæддæр фыд æмæ чызгæй æххæл-мæххæл фæндаг цыма рох фæци. Фæндонæй, æвæндонæй сыл макæй уал гагуытæ андæдзой. Къекъелойы цæст сын ницы батых кодта, уый дæр нырма бæрæг нæу. Арвæй бон-сихорафон æхсидав æрхауынæй куыд хизай дæхи, афтæ дзы тарст.

Æмæ та йæ кæрчытыхæринаг зæрдыл æрбалæууыд йе ´хсæвы фын. «Куыйтæ дын фæлдыст!» – ралгъыста йæ йæхинымæры æмæ æрхуымæй дарддæр кодта йæ сыгъды фæндаг.

Стæй лæг иурæстæджы ахсын райдыдта цыдæр æнахуыр уынæр. Æрлæууыд. Уынæр, цыма, фæбæлвырддæр. Цыд æхситт… Фындзы хуынчъыты скъуыдтæ ´хситт… Тыхулæфт… Къутæрты къабæзты сæртæг дзæхстытæ… Алыхуызон тарст къæрццытæ… Банкъуыст, барызт тарст, удуæлдай лæджы хауæггаг зæрдæ уидагмæ. Йæ туг йæ цæуынæй ныллæууыд йæ уæнгты.

Чызг йе ´рмттæ акодта йæ дæлроцъо. Бауазалгомау сты йæ зырнæйзылды ´нгæс аив, æндыгъд уæнгтæ. Хъæды астæу сыл исты фыд æрцæуынæй тас у, уый æххæстæй нæма бамбæрста. Йæ райстбавæрд æрвхуыз къаба æмæ кофтæйы хъуыртæ йæ даргъ æнгуылдзтæй йæ дæллагхъуыр нылгъывта сæ кæрæдзимæ. Цыма, йæ урс-урсид риутыл ын искæй рахауинаг цæст куы андæгъдаид, куы йын сæ фæцæсты кодтаид, уымæй фætарст. Фæлæ йæ цы кæнын хъуыд, уый нæма зыдта йе ´намондæйлидзæг чызг.

«Ау, сæ тæккæ хъæлæсы бахаудтам?!.» – уыд Абайы фыццаг хъуыды æмæ лæджы буарыл цыма сæрæй къæхтæм ихдон аскъæрдæуыд. Йе ´нгом, бурдзалыг хъуын слæууыд арц. Худ систой сæ уæлæ. Йæ галиу армæй йæхи хъæдæй æрхаудта хызын. Йе ´нгуылдзтæ

ӕрдӕгпырхӕй цыма сӕлгӕ акодтой. Цӕттӕ йын уыдысты искӕй хъуырыл, ӕфсӕн тӕлытау нындӕдзынмӕ, ныххурх ӕй кӕнынмӕ. Рахиз арм, сасмӕй ныдадзӕгау, ныдӕгъд фӕрӕты хъӕдыл. Ардуаны хуызӕн дӕрзӕг арм, цыма йыл къулбадӕг усы хин ӕрцыд, сиу ис фӕрӕты лӕгъз хъӕдимӕ. Уынгӕджы бахауӕг лӕг знӕт цӕстӕнгасӕй ауыдта урс... цъӕхбын... цъӕхбын... цыдӕр схъиугӕ буар. Фӕзыны йӕм, иу адӕймаджы ӕрмттӕ кӕуыл нӕ аххӕсдзысты, ахӕм ставд бӕлӕсты дӕрзӕг бындзӕфхӕдты, къутӕрты ´хсӕнӕй. Нызмӕлын кӕны хӕмпӕлгӕрдӕг, зӕгъай, ныллӕг сыфтӕрӕй... Тӕхы се ´рдӕм. Абаитырдӕм.

Ӕмӕ, знӕт лӕгӕй тарст чызджы ´хсӕн куыд февзӕрд сӕрӕй къӕхтӕм, гӕды хъӕдау, чи рызт, уыцы цъӕхбын ӕлвӕст сӕгуыт, уый Цӕринӕ ӕмӕ фыд хатгӕ дӕр нӕ фӕкодтой. Йӕ хауд тӕнтӕ йӕ тыхулӕфтимӕ афтӕ раппар-раппар кодта ӕмӕ йын ныдзӕвдысты фыд ӕмӕ чызджы къӕхтыл. Фӕлӕ йӕ уыдон сӕ фырдиссагӕй хатгӕ дӕр нӕ кодтой. Сӕ хъуыды ӕмӕ хъӕды змӕлдӕй ахстой, фыдбылыз фӕстейӕ кӕй ис. Ноджы мӕгуыр... Ныр – амондджын, лыстӕгсы сӕгуыт уыцы схъиудӕй фӕстӕмӕ куы фӕзылд ӕмӕ йӕ чысыл, ногрaйхӕлд хъустӕ размӕ куы фӕцъупп кодта, йе ´нӕныкъулгӕ цӕстытӕ куы ныццавта, кӕцӕй фӕзынд, уырдӕм, уӕд чызг ӕмӕ фыдӕн сӕ сӕрты куыннӕ хъуамӕ фестъӕлфыдаид, хъӕды фидыц сӕгуытӕн йӕ уд ӕрдуйыл кӕй лӕууыд?

Абай йӕ фыццаг, чысыл ма бахъӕуа, йӕ фыртыхстӕй ӕркъуыра сӕрдасӕнау цыргъ фӕрӕтӕй. Фӕлӕ йӕ арм фӕрӕты хъӕдыл ӕндыгъдӕй нӕма фӕиртӕст, йӕ къух нӕма банцад йӕ ризынӕй, афтӕ тарст, мӕлты ӕгъатыр дзӕмбытӕй йӕхи йӕ тых ӕмӕ ныфсы фӕрцы ратонӕг сӕгуыты фӕстӕ ӕлвӕстдӕндаг, йӕ комы фынк калгӕ, ӕрттиваг цъӕх цӕстытимӕ расӕррӕтт кодта ӕндыгъдбарц бирӕгъ.

– Ӕ-ӕ-ӕ!.. – ныцъцъӕхахст кодта чызг.

– Ӕ-ӕй, куыйты холы дӕ фӕкӕна Хуыцау ӕмӕ дын ӕвзӕртӕ фӕлдыст фӕуой! – ныррыхыд Абай, фӕлӕ

фæхатыд, бирæгъæй сырддæр ыл кæй не ´рбамбæлд, уый йæ удæн куыд æнцон уыдис. Сулæфыд уыцы быноз æмæ ´нцонæй, мæгуыр.

Бирæгъы фæчиттгæнæнтæ хорз скуыстой. Уайтагъд фæлæууыд æмæ йæ фæстæгтыл абадт. Фæлæ йæ тугмондагæй æфсæрм нæ фæцис. Хом фыдыл чи сахуыр вæййы, уый æфсæрм нæ зоны. Кæны æрмæст тæрсгæ. Йæхицæй тыхджындæрæй. Йæ удæй дарддæр æй ницы фендавы æмæ, кæм нæ тæрсы, уым йæ гауырæн æмбал нæй. Æнæхотых, аргъуцгæнинæгты цур уымæн нæ фæчитт кодта. Йæ рахауинаг цæстытæ ноджы астыртæ сты. Йе стыр, цыргъ, урс-урсид дæндæгтæ (се ´рттывдæй бæрæг уыд – нырма ´взонг тугдзых у), ныкъкъæппæввонгæй ноджы сæлвæста. Йæ барц слæууыд. Кæны мæсты хъырнд. Цæттæ у, йæ амæттаджы аирвæзты мæстæй, йæ фырдиссагæй йæ фыдгæнæг адæймæгтыл дæр дæндагæлвæстæй баппара йæхи.

Лæг, чысыл ма бахъæуа, фæрæт ыл ныццæва. Фæлæ ацахста йæ хъуыды – куы сæм лæбура, уæд сæм æндæр цæвæнгарз ницы ис. Тугдзыхы цæст дæр акъахта фæрæты комы ´рттывд. Фæхатыд æй Абай. Фæсус хъæлæсæй, – йæхæдæг дæр фæдис кодта, иу уысммæ йын цы ´рбалгъывта йæ хурхы сæртæ, цы йыл æрцыд, фæлæ йæ ууыл хъуыды кæнынмæ не ´вдæлд, – æмæ фæсус хъæлæсæй, йæ цæстæнгас иу уысм дæр тугдзых бирæгъæй нæ фæиппæрд, афтæмæй сыбар-сыбургæнæгау бакодта йæ чызгæн:

– Дур мын…

Тугмондаг бамбæрста, иугæр, уый сæ рæстмæ куынæ хъуса, афтæмæй ныхас кæнынц, уæд сæм цыдæр сусæг фыдвæнд ис. Фæлæ сыфтæрты бын дур нæ разынд. Чызг йæ фыдмæ дуры бæсты ризгæ армæй бадардта бæласы къалиуы саст. Æниу, уый дæр фаг уыдис, лæг ыл æй куы ныббынæй-бынмæ кодта, уæд цæмæй тугдзых сырд фæсастаид æмæ фæуыдаид æхгæд хъæды бæлæсты ´хсæнты суайæг къутæрты ауон.

Уæддæр сæгуыт нæ алыгъд сæ цурæй. Куы, бирæгъ кæм фæауон, уырдæм каст, куы – Цæринæмæ, куы –

Абаймæ. Хаттæй-хатт-иу фемдзаст фæрæтмæ дæр... Фæлæ змæлгæ нæ кодта. Рæстæгæй-рæстæгмæ-иу йæ цыбыр дымæг тарстæй цы сдыууæрдæм ласта, æндæр. Нæ ныкъуылдта йæ цæст дæр.

Стæй йын сæ, мæгуырæг, иурæстæджы æнæн-хъæлæджы уыцы ставд, тугхæццæ цæссыгтæ фемæхс-тысты. Сæ кæрæдзийы фæдыл фæдисы цыдæй райдыдтой згъорын, сæ тугдадзинтæ нывгондау кæм-æн зындысты, йæ уыцы къæсхуыр уадултыл. Згъæлдысты йын, зæхх хъæццулау чи ´мбæрзта, бæлæс-ты уыцы бур, хус сыфтæртæм æмæ цыд сæ нымæг, сабыр къæрцц-къæрцц, цыма сæ нымайгæ кодта.

Абай фæхатыд, Хуыцауы радтгæ сырд нырма æдас нæу. Бирæгъ дард куы ауадаид, уæд æй уый æнæмæнг базыдтаид йæ тæфæй. Уымæн æмæ нал ахстаид æмбыд-къæдзилы хъылма смаг æххæстæй. Æмæ фергом йæ зæрдæфысты – тугдзых сырд хус къалиуы састæй нæ фæтарст.

Лæг фæрæты ком йæ галиу дæларм куы акодта, тугмондаг бирæгъыл къалиуы саст куы ныццавта, фæрæты хъæд куы фæразмæ, бирæгъ уæд кæй аппæрс-та йæхи фæстæмæ хъæдмæ, уый бамбæрста Адай.

Æнæмæнг æм фæрæты хъæд хъæргæнаджы лулæ-йы ´нгæс фæзынд. Уыцы гауыр, уыцы ракæнонхуызæй къалиуы састæй æвиппайд нæ фæчитт уыдаид. Алæбон сæ уыны, фæлæ йын сæ ницы тас у, æцæгæлон цæстæй йæ кæй хизынц, уыцы рæрзиуæгæй дарддæр.

Æмæ нæлгоймаджы зонд ацахста – æхсæнгарзы хуызæн-цыдæр æй саразын хъæуы. Уадз, бæласы къалиу, ногдзыд талайæ дæр уæд. Йæхицæн дæр ныфс уыдзæнис – хотыхджын у. Нырма сæ удуæлдай фæндагыл цастæ хъæуы ауайын, адæймаджы фæд барджын кæм нæу, уыцы бынæтты. Бахъуаджы сахат ын лæдзæджы бæсты уæддæр уыдзæнис.

Тугдзыхмæ дæр дзы февзиддзынæ. Куы ницы тас бада йæ уæнгты, уæд нæ фыдбоны сыхæгтæй уæлдай нæу, гуырæй-гуырмæ цæудзæнис сæ фæдыл. Куынæ сæм æрбаххæсса, уæддæр сын сæ уæнгты мигъ бадын

кæндзæн. Уæлдайдæр, æвæлтæрд чызгæн. Ацы бынæттæм лæджы къах нæ хæццæ кæны, æнæмæнг гуыдынкъæдзилджыны сæрибар хæтæнтæ сты æмæ, йæ хъуын саст куынæ уа, уæд æдых сæгуыт цы, уыдоныл дæр нæ бацауæрддзæнис тугдзых дæндагæй сæм бавналынмæ. Афтæ у йе´рдзысконд.

Лæг йæ фæрæт ногæй райста йæ рахиз къухмæ: «Йæ Хуыцауы хай йæ уыцы зондыл куы сардауид æмæ йæ Абай куыд уына, афтæ сыл куы расæрфид йæхи», – ахъуыды кодта йæхинымæры. Цæмæй чызджы уæнгты тас ма схицау уа, уый тыххæй æргомæй ницы загъта. Фæлæ, йæ фыд тохæввонг куыд æрлæууыд хæлиу, уый чызгæн цы фæхатын хъуыд.

Сæгуыт та ныффуртт кодта. Ныр сæрибардæрæй ахаста йæ цæстæнгас фæйнæрдæм. Фезмæлыдысты йæ цыргъ хъустæ. Ныттылдта йæ къæдзил. Йæ рахиз къахы чысыл, цыргъ сæфтæгæй æрхоста зæхх. Цыма искæй тæрсын кодта. Йæ цæссыг нал калд. Йæ тæнтæ тарст æмæ фæлладæй нал раппар-раппар кодта. Цыма нал рызт йæ буар дæр. Æмæ дзы байрад чызг. Рæвдаугæ йын асæрфта йæ рагъ:

– Фæтарстæ, мæгуыр дæ бон.

Фæлæ сæгуыт чызджы уæздан ´нгуылдзты ныдзæвдæй фестъæлфыд. Агæпп кодта иуварс. Уæддæр нæ алыгъд. Йæ чысыл цыргъ сæфтæгæй ногæй æрхоста зæхх. Фæлæ дзы ничи тæрсгæ кодта, ничи йын уадиссаг йе´ртхъирæнмæ дардта йæ хъус.

Абай йæ алфæмблай æдæрсгæ йæ цæст куы ахаста, иу рæхснæг, топпыфатау æмраст талайыл æй куы ´рæвæрдта, куы йæм бацыд æмæ йæ фæрæты иу æртъæппæн куыд æркъуырдта, уымæй сæгуыты цæстæнгас нæ фæхицæн. Йæ уæлтъæфалтæ сæ кæрæдзийыл нал авæрдта. Каст æм уыцы æдзынæгæй. Тала йæ ирвæзынгæнæг лæджы къухы куы аззад, уæд дзы Хуыцауы сконд уд тарстгомауæй ацыд чысыл дæрддзæфгомаудæр. Йæ сæфтæгæй та, морзе дæттæгау, æрхоста зæхх, фæлæ нæ алыгъд. Йæ сæрыл схæцыд бæрзонд æмæ йæ цæстæнгæс нæ иста хъæды арфæй.

Уыцы сабыргай, дæргъвæтин æмæ æнæрæнцойæ улæфыд сатæг уæлдæф.

– Махæй ма тæрс, ма, – рæвдаугæ, сабыр хъæлæсæй йæм дзырдта Цæринæ. Æмæ-иу ыл йæ алы фезмæлдæн андæгъд сæгуыты, нырма тарст, фæлæ ныфсджын цæстæнгас дæр. Кастис æм æдасæй. Хионмæ кæсæгау. Цыма, рагæй зонгæ сты.

Абай æнæсым, æнæхъæлæбайæ бахсæста тала. Цæмæй цæсты тынг ма хауа, уый тыххæй йæ стъигъгæ нæ бакодта. Ныууагъта йæ, æхсæнгарзæй даргъдæр куыд уыдаид, афтæ. Йæ лыстæг къалиутæ йын кæронæй абыдта сæ кæрæдзийыл æхсæнгарзы цæгатау. Йæ дзых ын алыг кодта æмраст. Уæрдæх ыл афтыдта æккойæ хæссæн гæрзы бæсты. «Топпы кæсæны» акаст, бирæгъ кæм фæауууон, уыцырдæм æмæ дзы фæцыд цыдæр сыбар-сыбур æмæ хъыс-хъыс.

– Æтт, джауыр! Уым ма уыдтæ?!. – фæкодта лæг æмæ йæ уæнгты ацыд цыдæр уазал уылæн. Фæлæ фæбузныг йæхицæй – уадиссаг рæстæг нæ фесæфта, афтæмæй тугдзыхæн заманайы тæрсæн æрымысыд. – Ацыдыстæм, – дзургæ сæгуытмæ акодта, фæлæ йæ ныхас уыд чызгмæ. – Ды дæр цом немæ! – ныр æцæгæй сæгуытмæ дзырдта. – Куыд кæсын, афтæмæй дæуыл дæр ам, бирæгъты ´хсæн, махæй хуыздæр бон нæй, удуæлдай цард цы кæныс, æндæр, мæ хур. Чи зоны, кæд Уастырджийы бафæнда, уæд нæм нæхи уарзон Ирыстоны цы фарн ракæса.

Æмæ, йæ зæрдыл æрбалæууыд, нæ фыдбоны сыхæгтæ, рувæстау, сæ къæдзилтæй сæ фæдтæ æмбæрзын куыд зонынц, кæдæм никуы схæццæ сты, уыцы бæрзæндæй искæуыл сусæгæй цъыф калынмæ куыд арæхсынц, афтæ та цыдæр фæсарæйнаг ахуыргонд æви фыссæг сæм уазæгуаты куы уыдис, йæ ном Гюнтер-цыдæр хуынд, – Абайы зæрдыл рæстмæ нал лæууынц йæ ном æмæ йæ мыггаг, йæ чиныг ын се скъолайы ахуыргæнæг уартæ кæд æмæ кæд фенын кодта! мæстæй сæм æхсыст. Ахуыргæнæг. Чиныг, æнхъæл у, йæ ном «Путешествие по стране Руставели» хуынд.

Ахуыргæнæгæн-иу йæ дæндæгты къæс-къæс цыд, кæм сын уа гæнæн, уым ныл цъыф ма бакалой, зæгъгæ, уый гæнæн нæй. Сæ Хуыцауы хай сыл æркæла, уыцы кæуинаггаг зæрдæйыуаг, дам, сын уымæй лæвæрд у. Уæддæр, цыма «Барсы цармдарæджы» авторы бæстæйыл цыдысты балцы æмæ, дам, æцæг, цыма уыцы генийы фыдæлты зæххыл уыдысты, фæлæ бæлццон лæджы сæхæдæг сай-майты дæрдты æмæ ´ввæхсты зилын кодтой, гæды митæгæнгæ, афтæмæй йын сæ чидæр дыдзæсгом Реваз «æмбарын» кодта – мах, ирæтты фæсарæйнаджы цæсты æфтыдта, ома, дам, Хуссар Ирыстон комкоммæ æмæ ахæсгæ нысаниуæджы бæз-бæз кæны тугдзых сырдтæй.

– «Южная Осетия кишит различными хищниками»,* – йын дзырдта хъал мидбылхудгæ, – фырмæстæй-иу тъæппытæ хаудта уыцы ирон ахуыргæнæг. Фæлæ Абай уæд æххæстæй не ´мбæрста, цæмæн ахæм зæрдæйы уагыл уыд. Сæ ахуыргæнæг.

Уыцы цъыфкалджытæн се ´мбыд зæрдæты цас марг æмбæхст ис æмæ сæ куыд мары, махыл дæр æй куыд калынц æнауæрдонæй, уый бæлвырдæй сæхæдæг дæр нæ зонынц. Нæдæр сæ йæ зонын фæнды. Æмæ йæ мардæрцыд уый у, уый, гормæттæ.

– Раст нæ зæгъын? – Абай зæрдæбын æмæ, цыма йæхæдæг æппæт зæххон фыдтæй хызт уыд, сæрыстыр æмæ æвæлмастæй ныхас кодта мæлæты хъæлæсæй фервæзæг сæгуытимæ.

Фæлæ сæгуыт уæддæр нæ ацыд, мæгуыр, сæ фæдыл. Хъæды фæйнæрдæм ноджы дæр знæтæй акæстытæ, асмыстытæ кодта, йæ тæнæг фындзы хуынчъытæ ныттыппыргæнгæ. Йæ чысыл, цыргъ сæфтæгæй ма ноджыдæр иу хатт ныххоста зæхх æмæ сын, цыма, бузныджы охыл хæрзбон дзырдта, цалдæр хатты ныттылдта йæ чысыл рæсугъд сæр, стæй сабыргай, фæстæмæ фæкæсфæкæсгæнгæ, фырбуцæн йæ къæдзилæй хъазгæ, фæауун йæ раттæг, йæ уромæг хъæды.

* Хуссар Ирыстон бæз-бæз кæны алыхуызон сырдтæй (уырыс.).

Адай йæ тала-æхсæнгарз бафтыдта йæ уæхскыл. Систа йæ хызын галиу арммæ. Хорз уыдис, асæттинаг дзы ницы уыд. Хызыны. Рахизы ныр ссадком фæрæтыл рæвдзæйдæр хæцыд. Адæймаг ныры фæдисон дуджы арвæй бирæгъ æрхауынмæ дæр хъуамæ цæттæ уа. Афтæмæй, йæхæдæг – разæй, æвæд хъæды фæдгæнгæ; йæ зæрдæдарæн, дзæкъулы цæгъдæнтæ, æрвон фидыцæй фидыцджын хъæбул Цæринæ – йæ фæдыл, афтæмæй æвæндон, фæлæ сæ дудгæбоны знæгты фыдæнæн разæнгардæй дарддæр цыбыр кодтой сæ удуæлдай фæндаг. Æмæ, фæндаджы зынтæ кæд развæлгъау æххæстæй нæ зыдтой, уæддæр сæ, фыддæрадæнгæнæгау, æрлæууыны, фæстæмæ аздæхыны хъуыды йæ фæсонæрхæджы дæр никæмæн уыдис.

Фыды фæндыд, чызг зæрдæфидар цæмæй уа, ма дон кæна йæ уæрджыты магъз æмæ йæ ´ййафа, ахæм исты саразын. Йæ зæрды уыд, дзыхы дзырдæй йын ныфсытæ цæмæй авæра, йæ тыхыл ын тых бафтауа, фæлæ, мæгуыр, рагæй дæр дзыхыкъæбæл никуы уыдис – цы тыхдæттæг дзырд зæгъа, уый нæ ахста йæ фæллад хъуыды. Нæдæр зæрдæвæрæнтыл, былдауæн цинтыл ахуыр уыдис. Иу былцых дзырды бæсты дыни у бон комæй дуртæ хастаид. Тыхст. Æмæ, цыма, мæлæты мæлгъæвзагæй у йæ комбæстæн зындгонд – йæ къуыбыр рихиты бын, æппæты фыццаг йæ зæрдыл, йæхимæ гæсгæ, цы ´мбæлгæдæр дзырдтæ æмæ хъуыдытæ æрбалæууыдысты нæ Ирбæсты бирæ хъæбатыры зарджытæй, уыдон нымдæй, чъызгæ, йæ хъæлæсæй тыхæй ласгæ, бакодта тыхзарæгау:

*Ой, ой, Уыналгом, зæгъынц, ой – мæнæугом.*
*Гъей, гъей, абоны бон мæ мæгуыр сæрæн, ой – мæлæн бон.*

*Ныр размæ цон – æмæ мын æфсæст нæл хуытæй*
*фæндаг куынæ ис.*
*Гъей, гъей, ныр фæстæмæ лидзон æфсæст нæл хуытæй –*
*Æмæ мыл, ой, куы фæхуддзысты хуыфæдис.*

*Ой, æз нал фæцæудзынæн фæстæмæ не ´фсины цурмæ,*
*Ой, тох, кæрдзынтæ хæрынмæ, ой.*

Фæлæ йæ хъæлæс уыцы уынгæгхъуыр, уыцы кæуындзаст уыдис. Нæ хыр-хыр кодта, нæ – хъыс-хъыс, нæ йæм рæстмæ райхъуыстис… Йæхи зæрдæ дзы бамæгуыр. Афтæмæй кæмæн фæуыдзæнис ныфсы хос. Йæ… Зарæг æй схонæм. Уæлдайдæр, йæ цард, йæ бонæйлидзæг адæймаджы удуæлдай фæндагыл? Æмæ та йæ куитыхолыйаг зæрдыл æнæнхъæлæджы ´рбалæууыд, дысон æм фыны уыцы дæлимонтæ, кæлкæлгæнгæ, куыд хатыдысты йæ зæрдæлæууæны фыдтæй. Уас, сæ фыдæлты уæзгуытыл сæ цæрын чи нæ уадзынц, марæн кæрдтæ сын сæ хурхытыл сæвæрынмæ чи хъавынц, уыдон сæ ахсджиæгты фыдтæ фæхæрой. Зæххы цъарыл сæ туг, хъæстæйы мур мауал баззайа æмæ сын уымы бæстæм æвзæртæ фæфæлдыстæуа, кæд сæ нæ ирон адæмыл цы бафтыдта.

– Ту! – лæджы фæндыдис, уыцы сæфтæгджынты цæсгæмттыл зæрдæйы фаг куы нытту кодтаид, фæлæ куыд фæхатыд, афтæмæй йæ ком ноджы ахус æмæ дзы ницы рантыст, йæ уд цæмæй сулæфыдаид, ахæмæй.

Къæмдзæстыгæй ракаст йæ чызгмæ: æййафы йæ; хъусы йæ; худы йыл? Куыдзы цармы тыхтæй фæцæуæнт æмæ фæцæрæнт, сæ цард сын чи ´нæад кæны, уыдон. Чызг æй æййафы, фæлæ йæ нæ хъусы, нæ йыл худы. Нæдæр æй уыдæттæм æвдæлы. Уымæн дæр ис йæхи сагъæсаг. Йæ сæры зилдух кæнынц йæхи хъуыдытæ. Ныгъуылы йæхи сагъæсты.

Сагъæссаг дæр куынæ у: цалдæр мæйы фæстæ, тæккæ сæрды райдайæны хъуамæ каст фæуа астæуккаг скъола, афтæмæй кæдæм лидзы? Æцæгæлон адæм, æнæзонгæ ´мбæлттæ, æнæзонгæ ахуыргæнджытæ… Цы цæстæй йæм ракæсдзысты?

«Æмбæлтты фарнæй æлгъыст нæу», – фæхудынц ыл йе ´мгæрттæ, стæй ахуыргæнджытæ, фæлæ йæ æнæзонгæ адæм кæцы фарсæрдыгæй фендзысты. Иутæ рæсугъдтæм феппарынц сæхи, кæд уый дæр рæсугъды

фарсмæ фенид исчи. Иннæтæ та сæ се сæфт уынынц, ома, ныккæнынц нæ сæ аууон. Уæлдайдæр, дæ туг, де стæгæй чи нæ уой, уыдон. Æмæ, раст куы зæгъæм, уæд нæу æмбæлтты фарнæй цух.

Фæлæ, кæм уыдзæнис, кæй фидар дæлбазыр балæудзысты, чи сæм цы цæстæй ракæсдзæн, уый дæр бæлвырд куынæ ма зонынц, уæд цы кæндзысты? Уæдта, сæ мыггагæй мæнæ адæмыл нæ сæмбæлдысты, уæд чи уыдзæнис сæ бавæрæг, сæ фарсхæцæг ацы фæкæсинаг рæстæджы? Æцæгæлон адæм цы цæстæй кæсдзысты кæйдæр æвзонг чызгмæ? Цы зæрдæ йæм дардзысты, онгæддæр кæмæ у, уыдон?

Йæ мардæрцыд уый у – нæй йын æнæцæугæ, куыдзы туг ныккæла, кæмæй лидзынц, уыдон ингæнты?!. Тынг хорз æй зоны, куыйдзыхтæй æппæты фыццаг кæй къухы бафта, уыдонæй йын аирвæзт нæй. Нырмæ сæрыстыр цы бакастæй, цы уæнгæвæрд æмæ рæвдаугæ мидбылхудтæй, дзыхыдзырдæй уыдис, уый уысммæ фестдзæнис йæ мæрдты удхæссæг – тыхмитæ йын кæндзысты, хафдзысты йыл сæ сæтæйдзаг хæмхудтæ, ирхæфсдзысты йыл сæхи…

Æмæ уый иу кæнæ дыууæ боны нæ уыдзæнис… Æнæрæгъыдзыдтæ Советон Цæдисæй куы рахицæн сты, уæдæй фæстæмæ сæ паддзахады фæтк æрæвæрын нæма базыдтой. Нæдæр æй базондзысты. Бирæгъы куыд фæнды, афтæ хъаздзæнис уæрыччы сыгъдæг, æнæазым удæй. Æмæ, йæ мардæрцыд уый у, макæ зæгъæг ын ничи уыдзæнис. Бирæгъ бирæгъæн цы нæ ракæны, адæймаг адæймагæн уыцы фыд кæны. Æмæ уыдæттыл, развæлгъау хъуыдыгæнгæйæ, Цæринæйæн йæ кæуындзæг тымбыл кодта йæ хурхы сæрты. Æхгæдта йын йæ уæздан, даргъгомау хъуыр. Æмæ йæ фыды хъæлæс хъусгæ дæр уымæн нæ кодта. Кæд йæ каст фылдæр уымæ уыд, фæстæмæ ахъахъхъæнын-иу дзы ферох, уæддæр йæ удхар иу кодта йæ сæнттимæ.

– Тæрсгæ ма кæн, мæ чызг. Ныртæккæ хъæуы иувæрсты Стыр Обауыл схæрд кæндзыстæм. Суайдзыстæм ыл тагъд-тагъд. Уый фæстæ – Æхсынцъыджын.

Уырдыгæй куы ахизæм, уæд Мугут дард нал у. Мугутæй Чъребамæ, дæлæмæ дæр, уæлæмæ дæр – иу къахдзæф. Уæлбыдыры Цъунармæ куыд багæпп кодтам, уый нæхæдæг дæр нæ базондзыстæм. Йæ уæлæ – Тъыбет. Чи зоны, машинæйыл дæр бамбæлæм. Æмæ – дæ хъуыддаг раст – нæ уарзон, нæ цард æмæ нæ ныфс, нæхи Чъреба!

Абайæн йæ ныфсытæй йæхи зæрдæ байрад. Йæ зæрдæйы равг фæрухс. Йæ цыд фæрæвдздæр. Æмæ уыцы цины равг уайтагъд джиппыуагъдау абадт сыгъдæгзæрдæ Цæринæйы удыл.

Афонмæ йæ сæ къласы чызджытæй лæппутæ тынгдæр агурдзысты. Чи йын къафетт æрбахæссы йемæ, чи – стæм дыргъ… Алкæй дæр сæ фæфæнды, хæстæгдæр æм лæууа сыгъдæгуд, сæгуыты æнгæс чызг, йемæ ныхас кæна, литературæйæ уый цы чиныг бакаст, уыцы чиныг бакæса… Цæмæй сæм уацмысты кой куы ´рхауа, уæд, æфсæрмыгæнгæ, йæ сæр йæ къæхты бынмæ ма ´руадза.

Кæд базыдтой… Нæ, нырма нæ базыдтаиккой, кæм ис. Куы базоной, Чъребамæ алыгъд, уæд æм чи хæлæг кæндзæнис, чи та йæ иннæты цæстмæ æфхæрдзæн. Уæлдайдæр, чызджытæ, ома, йæ уд афснайдта; цыма, мах дæлбынты сæфинаг стæм. Фæлæ сæм хъусæг чи уыдзæнис. Дæлæмæдæр, уæлæмæдæр ма – цалдæр ахуыргæнинаджы.

– Стыр Обауæй уал фæдæлæмæ уæм… – чызджы йæ хъуыдытæй фæиппæрд кодта йæ фыды хъæлæс. – Ныр дзæвгар рауадыстæм.

Фæлæ дзы Цæринæ уа Стырæй ницы федта. Иу дзæвгар хæрдгомауы фæцыдысты. Æмæ сæм Обауы сæрæй Карел разынд армывæрдау. Айтынг, адаргъ комы. Сыхæгты хъæуы автобусыл раджы уыдаиккой уым. Далæ йæ лæгъз уынгтыл цæуынæй афонмæ æфсæдгæ дæр бакодтаиккой. Дыууæрдыгæй йæм уыцы лæмбынæг кастысты бæрзонд къуылдымтæ. Карелмæ. Цыма йын тæрсгæ кодтой – мацы фæрæдийа.

Рагæй-æрæгмæ дзы алы адæмы хаттытæ сыхæгтæй фæцардысты. Иу сæ иннæйы рæзты никуы ахызт. Ныр

сæм цы рауад? Сæ иуæй-иутæ сæ æрмæст сæхи цæмæн райдыдтой Стыр Хуыцауы сконд æмæ уæлбикъонтыл нымайын? Иннæты, уæлдайдæр, ирæтты цæмæн хонынц æрцæуæггæгтæ, уазджытæ, цæмæн сæ хъавынц бирæгътау, аныхъуырынмæ? Уыцы «уæлбикъонтæн» уайтагъд цы сзыгъуыммæ кодта сæ зонд? Æви, цæргæ-цæрæнбонты кæнгæ, цæстмæ митæ цы кодтой, æз дæр лæг дæн, зæгъгæ, æндæр сæм куырыхон зонд никуы уыдис æмæ уыдзæнис?

Далæ сæм адæм ардæм бæлвырд-бæрæгæй зынынц. Мæлдзгуытау, кæнынц дыууæрдæм. Сæ кæрæдзийæ ницæмæй хицæн кæнынц. Раст, мæлдзгуытæ куыд сты, афтæ. Фæлæ, цыма сæхæдæг дæр æххæстæй нæ зонынц, чи сæ кæдæм тагъд кæны, Хуыцауæй сæ кæмæ цы ´нхъæлмæ кæсы, уый. Чи цы бауыдзæн, уымæн, мах фæнда æви нæ, уæлæрвтыл бадджытæй дарддæр ничи ницы фæзоны, мæгуыр нæ бон.

Уæддæр лæджы зæрдæ ныррухс зонгæ бынæттæм кæсгæйæ. Сæ районы хистæртæ, – адæмы цард чи змæнтынц, уыдон хист фæуой, – далæ, дзабырты каропкæйы ´ййас хæдзары бадынц. Фыднизæй дзы бадæнт, сæ хæлд буæрттæ сæ марг æвзæгтæй ныхæнт, æнæхин, фæллойгæнæг адæмы змæнтынмæ сæ æнцойбон дæр куыннæ уал æвдæла, ахæм бон сыл акæнæд рæхджы. Дон сæрæй рæсуг кæны, адæмы змæнтджытæ та фылдæр уæлейæ фæбадынц.

Пæрттойы каропкæты ´нгæс хæдзæртты адæм цæрынц. Абай дзы цасы зоны! Ирæттæ, гуырдзиæгтæ, уырыссæгтæ, сомихæгтæ, тæтæйрæгтæ... Фæлæ нæ фыдбоны сыхæгтæ уæлдай фыдзæрдæ ирæттæ æмæ уырыссæгтæм хæссынц. Мах сын, цыма, уазджытæ стæм, уырыссæгтæ – тыхгæнджытæ. Уæдæ. Цæргæ-цæрæнбонты сæ фыдтæй чи фæхызта, стонгæй кæй фæрцы нæ аскъуыдысты æмæ сæ къахыл чи слæууын кодта, уыдæттыл хъуыды кæнын сæ нал фæнды. Æмæ сæ амонд – сæхи. Нæ сæ фæнды сæ сæры мæгъзтæ базмæлын кæнын æмæ лæууæнт. Сæ фæсарæйнаг «хæлæртты» фæндиаг. Фæлæ, фидиссаг, кæйдæр

рæсугъд артдзæстмæ дæ доны хуыпп куыд сарæзтай, æнæзæрдæмæдзæугæ хуызы йын æй куыд хуыссын кæныс, гормон макуы фæуай?

Сахаргæронмæ хæстæг дæргъæццон агъуыст – æфсæнвæндаджы станцæ. Дыууæрдыгæй йæм лыстæг æндæхтау ныллæууыдысты æфсæйнаг фæндæгтæ. Лæгæн йæ цæстытыл фылдæр уайгæ кæндзысты, æндæра йæм афтæ бæлвырд-бæрæгæй куыд зынынц? Уæддæр, станцæйы агъуыстыл ныхæсæгау цы цыппæр-тигъон хæдзар бакодта, уый фендæй йæ цæсгомыл ауылæн кодта æхцон æнкъарæн. Йæхæдæг дæр æй рæстмæ нæ бамбæрста, цæмæн, фæлæ та йæм æрцыд цæрын. Размæ цæуын. Фыдбылызæй хи бахизын. Æмæ æрбахъæбыс кодта йæ хъæбулы:

– Уыныс, мæ чызг, далæ æфсæнвæндаджы станцæ?

– Уынын, – уыд чызджы дзуапп.

– Гъемæ, куы райгуырдтæ… Гыццыл, гыццыл мур ма куы уыдтæ… Рынчындоны рудзынгæй мын æй дæ мад куы загъта гыццыл, рæсугъд чызг, дам, нын ис… – йæ ныхæн ын акодта æртæ, – Хуыцау, дам, æртыгай нымадмæ рæдаузæрдæ у, – фæлмæн ба. – Уæд, фыццаг цы дыууæ зонгæйыл амбæлдтæн, уыдон фæхуыдтон уыцы станцæйы фарсыл ныхæст хæрæндонмæ. Стæй, æнæхъæн Карелы нуазын кæй фæндыд, уыдон нæм, хæрзæггурæггагау, арфæтæгæнгæ куы райдаиккой цæуын. Хæрæндон байдзаг адæмæй. Цалдæргæйттæ куы анызтам, уæд акæс æмæ махмæ. Фырцинæй хъазын, кувын, зарынæй нал æфсæстыстæм…

– Æмæ фæрасыг дæ? – бахудæнбыл чызг йæ фыды ´хцон мысинæгтæм.

– Чи ма кодта расыджы кой. Фæлæ фидыны рæстæг куы ´рцыдис, уæд сомихаг буфетгæс нымайæны къæ-бæлтæ дыууæрдæм куы райдаид ратъæпп-батъæпп кæнын: дæс сæны – иуырдæм, авд физонæджы – иннæрдæм… Хæбизджынтæ, цæхæраджынтæ, цæх-джынтæ чи нымадта!..

– Иууылдæр дæ фидинаг фесты? – бацымыдис та кодта æвæлтæрд чызг.

– Фидынафон мæ цуры ничи уал аззад. Фынгæй ма йæ къухы кæмæн цы бафтыд, уыдон семæ айстой æмæ фæтары сты. Мæнмæ та уыйбæрц æхца кæм уыдис?!. Фæлæ мæ сомихаг хорз зоны. Æмæ дыккаг бон, æхсæвы цъæхтыл мæ дыууæаздзыд уæныг базары ныммидæг кодтон. Хæрæндоны мæ хъуыддæгтæй куы сраст дæн, уæд ма мæм цы ´хца аззад, уыдон дæ мадмæ радтон, зæгъын, мæ чызджы куыд ницы цух ныууадзай. Цыма ды дæр махау хæрæндæттæм кæнæ дуканитæм цыдтæ.

Фыд æмæ чызг цины мысинæгтæй байрадысты. Ноджыдæр ныхъхъæбыс кодтой сæ кæрæдзийæн. Стæй фыдæн æрбалæууыд йæ зæрдыл сæ балцы сæр æмæ фæтар сты йе ´рфгуытæ.

– Ныр сихорафон у æмæ уал нæхи истæмæй куы фæсаиккам, хъæбул, – лæджы уадиссаг ницы хъуыд, фæлæ сывæллон райсомæй ницы бахæры æмæ, зæгъгæ, фæхъуырттхъом уа.

Æмæ чызг бæласы бын айтыгъта хисæрфæн. Цы сæм уыд, уыдон ыл авæрдта. Æвæццæгæн, хæринæгты тæфмæ, сæ галиу фарсæрдыгæй хиуа уыцы фæдисæй фæзынд. Цæуылдæр ныччыр-чыр кодта, стæй сын… Йæ фæдиуæджы тахтимæ куы ахастаид сæ рынтæ. Фæлæ йæ фыд æмæ чызг уадиссаг хъуыды дæр не ´ркодтой. Цал маргъы дыл æмбæла, уалмæ куы хъусай, уæд дæм митæ ис. Хъусын та сæм, æвæццæгæн, æнæмæнгæй фæхъæуы. Адæймаг ма сын се ´взаг куы ´мбарид, бæргæ! Се ´взаг сын куы зониккам, уæд нын, æнæмæнг, лæмбынæгæй фæдзурынц, нæ алфæмблай цы хабæрттæ фæцæуы, уыдоныл.

Абай чысыл сыкъайæ зæрдæбынæй ссардта Хуыцау æмæ Уастырджийы ном. Сæрмагондæй акуывта йæ чызджы амондæн. Фæндагсæр Уастырджийы номыл слæууыд. Æмæ дарддæр кодтой сæ фæндаг.

Гъе, кæй фæхъуыртхъом сты, уый фæрцы, гъе, Стыр Обауæй кæй ауырдыг кодтой, уый цинæй – фыд æмæ чызг сæхæдæг дæр нал хатыдысты, сæ фæндаг куыд тагъд цыбыр кодта. Ноджы-иу фыд æдасдæр бынæтты ахызт, раздæр уæрдонвæндаг кæм уыдис, ныр

чи скæрдæг æмæ скъутæр, уыцы æдзæрæг нæууы уадздзæгтæм æмæ сын æнтыст размæ цæуын. Сæ къахайстæй рад сæ зæрдæ.

Уый, фыдмæ гæсгæ, Уастырджийы ном рæстæгыл кæй ссардтой, æнæмæнг уымæн афтæ уыдзæнис. Æмæ уыцы райгондæй баззад йе ´фсинæй. Уый нæ уыд, зæгъгæ, уæд ын, æнæхъæн фæндагыл æмбæлæг удæй йæхи кæй хиздзæнис, уый тыххæй чи хъуамæ ´рымысыдаид, йемæ йæ хæрдмæскæсинагæй рахæссын хъæуы, зæгъгæ. Уастырджийы ном сæрмагондæй кæй ссардта, сæ фæндаг ын йæ бæрны кæй бакодта, уымæй бынтон байрад йæхицæй. Алкæмæн йæхион – йæ амæттаг.

Фæлæ, Æхсынцъыджынмæ нæ бирæ нал хъæуы, куыд загътой, афтæ поствæндаг ныддаргъ сæ рæзты. Ныхъхъус сты фыд æмæ чызг. Фæндагыл цъиузмæлæг нæй. Иу-стæм хатт ыл кæд цыдæр гæлхæрд хæдтулгæ фæзыны, уæддæр уайтагъд æрбайсæфы рыг-мигъы къуыбылойы астæу æмæ йæ цæст, кæйонг уыны, уый бæрц дæр рæстмæ нал фæахсы.

Лæг сдыгъуырццæг: ахизой фæндаджы сæрты æмæ сыл искæй цæст куы ´рхæца; изæрмæ банхъæлмæ кæсой – æмæ цы фæуыдзыста æхсæвы, Æхсынцъыджынæй дарддæр куынæ уал аххæсдзысты, уæд?

Лæгæн дызæрдыккаг фæцис йе знаджы сæр.

– Чи нæ уыны – азгъорæм фæндагыл цæхгæрмæ, стæй – нæууыл, æмæ хъæды дзыхы стæм, – чызг хатыд йæ фыды тыхст æмæ йын уыдис баххуысæнхъæл.

Стæй сын цы уыдис хуыздæр амал? Хуыздæр хос цы æрымысыдаиккой... кæд, уæрдон куы афæлдæхы, фæндæгтæ иууылдæр уæд разынынц, уæддæр? Æмæ, фæхсыныл цыргъ карды комау, акарста сыгъдæгзæрдæ чызджы ныхас. Фæлæ сæ удуæлдай дудгæбæттæ æвæндонæй раст уæд райдыдтой.

Фæдисы цæуæгау ныууадысты къулаив нæууыл. Æмæ сосæ фæндаджы тæккæ астæумæ куы бахæццæ сты, уæд ныннæрыд æнæмигъ арв. Нызгъæлдис сыл пиллонкалæг æхсидæвтæй. Æд дуртæ, æд хъæдтæ, æд дæттæ сыл рафæлдæхт сæ уæзæджы хай...

– Æ-æ-æ! – ныцъцъæхахст кодта чызг.

– Ма тæрс, мæ хъæбул, – ныфсавæрынæн ын фыд ацахста йæ уæхск.

Йæ риумæ нылгъывта йе ´намонд, æвзонг хъæбулы. Æррæвдауа, æрсабыр æй кæна. Арв куыд нæры, Хуыцау сыл афтæ ма хъуамæ рахæта.

Фæлæ чызг бæлвырдæй рахатыд – йæ фыдæн ризы йæхи фидар арм дæр. Зоны, сæ бар кæуыл бацæуа, мур пайда сæм кæмæй æрхауа, уый сæхи туг-стæг куы феста, уымæй ахсджиаг дæр сын куынæ уа а зæххыл, уæддæр ыл нæ бацауæрддзысты. Бахсындзысты йын йæ зæронд къогъодзитæ дæр… Æлгъ сыл нæ фæкæндзысты.

– Хелеби магъла![*] – хъæды дзыхтæй сæм æд хæдæхстæ дыууæрдыгæй æрбацæуынц куыйдзыхтæ. Дыууæрдыгæй та сæм сосæ фæндагыл сау машинæтæ æрбатардтой. Фæурæдтой сæ цæхгæр. Фæцыдысты хæдтулгæты пакришкæты зæрдæуынгæггæнæн æмæ удмарæн сæртæг хъыррыстытæ. Сæ кæрæдзи ма тыхæй уыдтой рыг-мигъы…

– Ма тæрс, мæ зæрдæ…

Фыд йæ цардырухс, йæ зæрдæдарæнæн бæргæ бирæ ныфсæвæринæгтæ уыдис, фæлæ йæхи зæрдæ дæр ницæуыл дардта йæ сау тых æмæ йе ссадком фæрæтæй дарддæр. Цы уыдзæн, куыд уыдзæн, куыйдзыхты къухы кæцырдæм ныззилдзысты хъуыддæгтæ, уыйбæрц йæхи сæры магъз дæр нæ ахста лæгмарты хъæддаг богътæ хъусгæ æмæ радугъ-бадугъмæ кæсгæйæ. Æмæ йæ бынбауинаг зæрдæ ´мбыд æндæхтæй бастæй йæхи хоста риуы къултыл: куыдз кæуыл фæмиза, ахæм фынтæ фылдæр цы ис; цæмæй фæтарст; кæдæм удхæсджыты хъæлæсмæ хаудта?

Кæд раскъуыйдзæнис йæ уыцы кæрчыты холы зæрдæ, йæ къæхты бын рыг хуырыл йæ мыра тъупп кæд фæцæудзæнис, уымæн лæг йæхæдæг дæр ницы зоны. Зонгæ дæр æй кæцæй кæна, хъуыддæгтæ дарддæр куыд тулдзысты, уый дыкъахыг куыйдзыхтæ

---

[*] Уæ къухтыл схæцут (гуырдз.)!

æмæ Хуыцау йæхæдæг дæр куынæ уал хатынц. Сæ хъысмæт сыл, сæ удуæлдай фæндаг сын чи ´рæхгæдта, уыдон ын фæлдыст фæуой, хæраммæ куы цæуы, сæ цард сыл бон-сихорафон куы талынг кæны, цъæх арвæй нæ, сæ алфæмбылайæ сæм галы цармæййас дæр куынæ уал зыны, уæд ма, мæгуыр, сæ удуæлдайæ чызг æмæ фыд цы хъуамæ кодтаикккой?

– Гадаагдет иарагъи, тквени дедакъи!..* – уыцы тæккæ уыдис, æппæты фыццаг цы нарстуадул, тымбылцæст, згъæрхудджын, æнæфастсæры ауыдта, уыцы лæгхоры зæрдæхалæн æмæ ноздвæллад богъ.

Абай хорз зоны, йæ тымбыл къухы цæхæртæ чи калы, фезмæлын æй кæн æмæ, фæстæ чи нæ фæлæууид, уайтагъд бирæ фыдтæ чи бакæнид , йæхи уыцы ссадком фæрæтæй ныфс цас ис, авдфондзыссæдз хатты фылдæр та уыцы хотыхджынты æви хотыххудинаггæнджыты фыдтас кæй уадзы, уый. Ныртæккæ йæ цæгаты онг ныссадзид хæмхудджыны ´мбыд риуы, йе згъæр хæдон ын ницы уал баххуыс кæнид...

«Уæд цы бауыдзæн ме ´нæхуруынд хъæбул?!.» – судзгæ хъуыды айгæрста лæджы сæры магъз æмæ цыргъ фæрæт йæхи хъæдæй æрхаудта... диссаг – æрхаудта æмæ йæ цыргъ бырынкъæй, арцау, ныссагъдис хуырфæндаджы.

Æниу, арц дæр нæ сæдзы дуры гуыбыны... Фæлæ, не ´рдзысконд адæймагыл гадзрахатæй куы рахæты, уæд диссæгтыл дис фæкæнынмæ никæй уал февдæлы. Абайы дæр уымæ не ´вдæлд.

Æмæ рыг куы ´рбаттисгомау, уæд, æнахъом чызг æмæ фыдмæ алырдыгæй куыйдзыхтæ æрбакъæппæввонг хæдыхсты дзыхтæ куыд дарынц, зæгъгæ, сæ ´нæнхъæлæджы суагътой, уæд сыл сæ кæрæдзийы тугтæ куыд ныппырх уыдаикккой, уый бæрæггæй разынд. Фæлæ ´хсгæ нæма кодтой. Се ´дых, æнæхотых амæттæгтыл сæ хъæлæсты дзаг сниудтой æмдзыхæй:

– Гау-гау-гау!.. иа-гау-гау!..

* Акалут уæ хæцæнгæрзтæ, уæ мæдты (гуырдз.)!..

Абай аппæрста йæ фæрæт. Цы ма сæ хъæуы? Цæй тыххæй рæйынц афтæ хъæрæй? Цы йын аразын кæнынц тыхæй? Уыдæттæн ницы ´мбæрста. Акаст йæ алыварс. Фæрсæджы каст. Кæмæ дзурынц? Исчи ма ис семæ, мыййаг?

Æмæ та нынниудтой нæ дуджы хæстонтæ:

– Гау-гау-гау!.. иа-гау-гау!..

Тарст чызг сын бамбæрста сæ тарст цæстæнгас. Нырма сæ æдас не сты бынбауинæгтæ. Фыд æмæ чызгæй. Ницæйаг йе ´лгъаг удæн тынгдæр фæтæрс. Йæ фыдæн уымæн бакодта лæгъстæгæнæгау:

– Дæ бирæгъытæрсæн хъил дын æппарын кæнынц…

Абай бахудт. Тыххудт. Зæрдæуынгæггæнæн худт. Чи зоны, фылдæр – зæрдæскъуыйæн худт. Уысммæ, цæугæ-цæуын цы ´хсæнгарзæнгæс сырдтæрсæн хъил агобытъи ласта, уымæй арвы талынгты чи кæны, уыдон дзы хъуамæ хынджылæг кæной? Ацы, нæлыстæг худинаггæнджыты, цъыфæйдзаг хуыты къухæй хъуамæ æрцæуа йæ худинаггаджы мæлæт? Æмæ уæд дæлæмæ не ´рхаудзæнис йæ рафæлдисæг, афтæ ´гады мæлæтимæ йын хуры рухс чи фенын кодта? Стæй… йæ зæрдæлæууæн хуры рухс дæр куынæ ма федта, уæд уый та цы азымджын у?

Абай рахиз къухæй фæцæй æвнæлдта «дунесафæн» хотыхмæ, фæлæ та æмдзыхæй нынниудтой хуыæфсад. Сæ тæппудæй сæ ´фсæрм дæр ничи кæны. Ничи!

Æмæ бамбæрста лæг, цалынмæ нæ басгарой уыцы ´нæфенддаджы лæдзæг-хотых, уæдмæ зæрдæскъуыдтæ фæуыдзысты. Рафтыдта йæ галиу къухæй. «Кæсут æм!» – ныххæцыд ын йæ сæрыл, галиу къахæй йын ныллæууыд йæ тæккæ астæу æмæ фæцыд сæртæг талайы сæртæг къæрцц. Уыцы «гæрахмæ» фенддаджы ´фсад сæхи ныдздзавтой арвыл. Фæлæ, кæддæр куы уыд, уæд сæхи ´рцахстой. Уæддæр, тарст куыйдзыхтæ зылдысты фыд æмæ чызджы алыварс. Дисгæнгæ кастысты лæджы хотыхмæ – ныртæккæ ма æхсæнгарз куы уыдис, уæд æй ацы дæлимон ирон цы хинтæй, куыд фестын кодта талайы лыггаг – хуымæтæджы къæцæл?

Зæгъгæ, чи зоны, ма сæм æрдæр æмбæхст хотых ис – сæ иу, йе ´фсæн худ йæ сæрыл кæмæн ныззылын, ахæм лæпп-лæппгæнаг лæппулæг сæм хæстæг бацыд сымсымгæнгæ. Йæ хæдæхс æнæфыдæбонæй сæвæрдта, йæ гуыбын, æнæфенддаджы стыр бызычъийау, кæм ракъуыпп, раст уый сæр. Фыццаг фыды, – рахизæй хæдæхсыл хæцыд, фæлæ галиу армæй бæстон фесгæрстытæ кодта сæрæй къæхты бынмæ.

– Махæн ахæм цæстдарджытæ ис æмæ сурыл мысты фæд зæххы бынмæ уынынц! Сымах нын куыд хъавыдыстут аирвæзынмæ?!. – уыцы сæрыстыр æмæ разы уыдис сæхицæй æмæ сæ дзырдхæсджытæй.

Абайы зæрдыл æрбалæууыд Къекъело. Хорз хатыд, йæ рахауинаг цæстытæ сæ фæдыл фарсты нысæнттимæ куыд ивæзтытæ кодтой.

Джигулгæнæг йæ нард æрмттæ, – ныр дыуулæ къухæй æвнæлдта, – ризгæ, фæлæ уыцы ´хцонхудтгæнгæ, æнæфсæрм уагъд æркодта саурæсугъд, æвзонг чызджы хъæбæр риутыл… æмæ йын сæ хъавыд йæ даргъ, æндыгъд зæнгтыл æрсæрфынмæ дæр…

Фæлæ фæцыд, æнхъæл ын куыд ничи уыдис, русы ахæм зæрдæбын, ахъаззаг зæлланг. Æмæ иууылдæр сæ цæстытæ фæирд кодтой. Адай дæр – цы ´рцыдис? Арв сыл кæцырдыгæй æркалд?

Æмæ се ´ппæт дæр бæрæг-бæлвырдæй федтой, джигулгæнæгæн йе згъæр худ ноджы куыд фæзылын. Йе ´нæдаст æхсæрфарсыл хæцыд йæ хъуынджын, нарст армæй. Чызг та йæ цæвæн къух нæма ´руагъта – дыккаг дзæхст дæр ма куры ´наккаг-цыдæр? Уæд æй рæстæгыл райса æмæ йæхимæ ´рхæца йе ´нæхсад, чъизи къухтыл.

Хотыхтæ сæм чи агуырдта, уый чызджы риутыл йе ´рмттæ куы ´рсæрфта, уæд æнæрцæф чызг айтæ-уйтæ нал фæкодта, фæлæ къух дард фæхаста æмæ дзы йæ тых, йæ бонæй ныдздзæхст ласта ´наккаг, æнæгъдау лæджы æнæдаст, хæмпæл æмæ тымбыл æхсæрфарс. Уый фенгæйæ се ´ппæт дæр аззадысты цавддуртау.

Лæджы ном худинаггæнæг дæр æй хъавыд ныдздзæвынмæ, фæлæ йын Абай йе стыр, нуарджын

армæй йæ цонджы хъул куыд ацахста, куыд ын æй аздыхта æмæ сцæй рæдывта, уый сæхæдæг дæр нæ фæфиппайдтой Адай æмæ æнаккаг.

Æгуыдзæджы богъимæ баиу сты хæдæхсты къæр-къæр, кæйдæр сылваз цъæхахст. Сæ иу, мæллæг, æнæфаст, зæронд дæлæмæдзыд русы ныдздзæхст, Адайы фестъæлфт æмæ æнæдасты богъæй афтæ фæтарстис, æмæ йæ ризгæ ´нгуылдз æхсынæввонг хæдæхсы мæнгвæдæгыл йæхигъдауæй асалд. Куыд æй æрбалгъывта, хæдæхс æвиппайд йæ ризгæ ´рмттæй куыд фæиртæст, уымæн йæхæдæг дæр ницы бамбæрста, афтæмæй тæвд нæмыг йæ сыхаджы ´нæхсад дæлфад хъæбæр сосæфæндагмæ ахуыдта.

Цы ´рцыдис, уый сæ бирæтæ зонгæ дæр нæма бакодтой. Куыд фæраздæронæй хæрдмæ райдыдтой фæдисы гæрæхтæ. Фæлæ сыл фæбогъ кодта се ´ппæты стырдæр, цы кодтат, зæгъгæ. Æвæццæгæн, сæ хистæр у.

Æмæ, куы фæхъус сты, уæд сæ райхъуыст кæйдæр фуртт-фуртт. Æнæмæнг, се ´ппæты ´взонгдæр – йæ рихитæ, фысгæ кæй нæ чындæуы, уый хъуынтау, бæрæг радардтой. Ныххауд йæ уæрджытыл æмæ йæ сæр хойы зæххыл. Уый йæ иу тъæпп æркæны, сæр та дыууæ цæфы баййафы: фыццаг – худы тигъыл, стæй – сосæ фæндагыл. Тъизы, фæлæ цæуыл, уый ничи ´мбары:

– Уый мын… раттут… уый. Уый мын… Нæ хуыскъ хъуг æргæвдын… Мæ фыды быркуытæ иууылдæр сисдзыстæм… мæ мады… – фыд æмæ сын чызг се ´взаг сæхицæй æвзæрдæр нæ зыдтой, фæлæ, цы куырдта, йæ мады йæхицæй афтæ фыддзыхæй цæмæн æлгъыста, – Цæринæ йæ цæсгом йæ ризгæ æрмттæй амбæхста, – уымæн æххæстæй ничи ницы ´мбæрста. Æгæрыстæмæй, йæхиуæттæ дæр. – Æнæхъæн мæй цæл кæндзыстæм… Æнæхъæн аз дæр!..

– Цы дæ хъæуы? Æргом æй зæгъ! – хъæлæсыдзагæй ныррыхыд сæ хистæр æвзонг лæппуйыл.

– Уый… – лæппу фæлæууыд йæ кæуынæй. Схæцыд йæ сæрыл. Ацамыдта Цæринæмæ. – …мын раттут. – Æмæ та йæ сæр нытътъыста зæххы. Ныр – æнæ кæу-

гæйæ. Фæлæ уæддæр цыд йе ´гомыг фуртт-фуртт. Æнхъæлмæ каст хистæры дзуаппмæ.

Æмæ дзы хæццæ кодта чызджы зæрдæ.

– О, о! Цæй хорз зæрдæйы уаг ын ис, – йæхи нал баурæдта, Абай, хъæмпы халау, кæй къух аздыхта, уый. – Æмæ мах ам нæ мæдты фарсмæ дзæгъæлы бадæм, куыдзы фырт?!. Махмæ дзы ницы хауы?!. Мæнæн мæ гуыбын фæриссын кæндзæнис?!.

Сæ хистæрмæ чидæр дзуры рацийæ. Уый дæр нысхъæл, цъерийы хъилау. «Батъоно! Батъоно!»[*] кæны. Æвæццæгæн, йæ хистæртæй чидæр у. Йæ ныхасы уагæй йын хаты лæг, уый, Абай æмæ сæм Цæринæйы кой ис. Андæдзы сыл йæ цæстæнгас. Дзурæгæн кæны разыйы дзуапп. Фæлæ чи у уыцы дзурæг? Цы ´нхъæлмæ кæсы куыйдзыхты балы дарддæр фыд æмæ чызгмæ? Сæ удуæлдай митæ æппынфæстаг ацы удыскъуыйæны цæуыл аскъуыддзаг уыдзысты?

– Мах дæр дзы нæ хай хъæуы, нæ хай! Æмæ стæй уыйфæстæ дæ хъуыры аирвæзæд æд къæхтæ, æд æвзæртæ! – йе здыхст арм йæ дæларм батъысгæ, нал æнцад æцæг куыдзы фырт. Æмæ йæм кæд бакæсынмæ дæр æлгъ кодта, уæддæр æм йæ фырмæстæй нал æмæ нал фæлæууыд Абай:

– Фæлæу ма, къуылых Къупъриайы фырт нæ дæ?

Йæ къух ын уыцы иу февнæлдæн кæй аздыхта ирон, уый тыххæй йæм сусæгæй калд йæ дæндæгты хид. Ныр ын Абай йæ цæстмæ куы бадардта, зæгъгæ, къуылых æмæ нозтылмарды фырт дæ, уæд æй фæцис йæ судзгæ маст райсыны бон. Ома, мæ зæрдæйы фаг дын фенон æз дæр – уыцы æнæхсæст, æлгъаг хъæлæсы уагæй йыл ныздыхта:

– Æмæ Къуприайы фырт сылгоймаг æрбынæй кæнынæн нæу, æнхъæл дæ, мыййаг? Æви æз лæг нæ дæн?!. Æмæ йемæ?!. – æвæццæгæн ын йе ´мбæлттæ дæр ахæм æнæхсæст ныхас кæнын æнхъæл нæ уыдысты. Ныккастысты йæм ииуылдæр.

---

[*] Æлдар (гуырдз.).

Цæринæ фырадæргæй йæ цæсгом амбæрзта йæ дыууæ армæй æмæ лæджы… æви куыдзы æнæхсæст ныхасмæ ныккуыдта йæ фыды ´фсæрмæй.

– Уыцы сывæллон куы райгуырд, – Абай къухæй ацамыдта Цæринæмæ, – уæд ды Къуприаимæ ´рбацыдтæ акувынмæ. Фынгæй дæ роны дзаг рахастай де ´мбæлттæн дæр. Ныр дæм мæлæт нæ кæсы йæ цуры ахæм дзыхæй дзурын?

– Уæд æндæр рæстæг уыд, – йæ былтæ йыл акъуырдта Къуприайы ´нæфсæрм, уæцъæф фырт. Æмæ йе ´нæгъдау уагæй байрад йæхæдæг.

– Хуыцау, дæ фæдзæхст нæ бакæн, – Абай аивæй йе ´рхæндæг, стыр цæстытæ сзылдта хæрдмæ, цыма сæ хъысмæт уым бакæсынмæ хъавыдис. – Хуыцауы раз тæригъæд ныхас кæнын нæ фидауы! – æнæхсæстæн хъавыдис не Сфæлдисæджы номæй йæ ных бакъуырын. Фæлæ арв уыдис мигъ æмæ афтид.

– Цхинвалимæ куы бацæуæм, уæд уым цас рæсугъдтæ уыдзæнис, уый зоныс? Æвзар æмæ сæ ралас-балас кæн дæ уды дзæбæхæн! –лæппуйыл йе ´мбæлттæй чидæр бахудт сæрыстырæй.

– Дæ зæрды та нæ ам бæттын ис! Нырма уал – ам!.. Стæй – уым!.. – иннæтæ дæр ыл, æнæхафт хуытау, скъох-къох кодтой æмæ байрадысты сæхицæй. Уыцы зæрдæбынæй ныххо-хо кодтой æмдзыхæй.

– Куыйтæ!

Цæринæ нымдæй басыбар-сыбур кодта, фæлæ йæ фыд бынтон бæлвырдæй фехъуыста. Стæй ма йæ, чи зоны, фæцис хъусджытæ, фæлæ агъуыд куыйдзыхты сæргълæуууæг стыр хицæуттимæ фæцис йæ ныхас. Йæ бардзырд уыд ныфсджын æмæ фæндвидар:

– Иууылдæр – машинæтæм! Уацайрæгты хорз сбадын кæнут. Иунæг-иу уæлдай ныхас дæр сæм куыд ничи уал скæна, афтæ бакæнут! – æрхоста йæ хæдæхс. – Мæ бардзырд мын хорз бамбæрстат æви нæ?!

– Нæ мын æй ратдзыстут? – милрихи нæма банцад йæ хæкъуырццæй. – Нæ хъуг аргæвддзынæн! Мæ фыды быркуытæ сисдзынæн!..

– Мæ бардзырд мын фехъуыстат æви нæ?!. – сæ хистæры хъæлæс уыд, æнхъæл ын куыд нæ уыдысты, афтæ тызмæг.

Йæ дæлбартæй иунæг уæлдай дзыр сæппарын ничи уал сфæрæзта. Фыд æмæ чызджы машинæйы фæстаг бандоныл сбадын кодтой æнæ хъыпп-сыппæй. Æмæ араст сты. Фæлæ фыд æмæ чызг нæма хатыдысты, сæ амонды балцы цыд фесты æви се сæфты, уый.

Лæг фæндагæй базыдта, Карелмæ сæ нæ кæнынц. Ахызтысты Сурамы тъунелæй. Хæдтулгæтæ тæрынц фæдисæй. Сæ фæндаг Калакмæ уа æви Гурмæ? Чи фæцис удуæлдай фыд æмæ чызгæн сæрылхæцæг? Кæмæн кувдзысты сæ хус къæбæртæй дæр? Чи сæ нал бауагъта æфхæрын? Цы Хуыцау сæм ракаст хорз цæстæй? Цы зæд, цы дуаджы ном ардзысты цæргæ-цæрæнбонты фыдæй-фыртмæ сыгъзæрин тæбæгъты?

Алыхуызон фарстытæ ферттив-ферттив кодтой удуæлдай уацайрæгты, зæрдæрыст фыд æмæ ´намонд чызджы сæры. Фæлæ сæ хотыхджынæй, уацайрагæй ничи ницы дзырдта. Се ´ппæт дæр æгас фæндагыл, цы ´рцæудзæнис, уымæ æнхъæлмæ кæсгæйæ, цыдысты хъусæй. Кæдæм, уый сæ бæлвырдæй ничи хатыд æмæ ныххуыдтой сæ дзыхтæ.

Адæм сæ кæрæдзийы хурхытæм дæндагæй куы февналынц, уæд бирæ хуыздæр у, адæймаг йæ дзыхы бакæна дон, лæууа хъусæй, цæмæй йыл арвы цæф ма сæмбæла æнæнхъæлæджы.

Машинæ куы ´рлæуууыд, куы ´рхызтысты иу, цыма, æнæрудзынг, фæныкхуыз дыууæуæладзыг агъуысты раз, уæд се ´ппæтæн дæр цы базонын хъуыд, Гуры сты. Калакмæ фæндаг афтæ цыбыр нæу.

Цыма æнамонд уацайрæгтæм Гуры тынг рагæй æнхъæлмæ кастысты, сæхи равдыстой афтæ. Сæ размæ бæрæгбонарæзтæй, мидбылхудгæ рахызтысты æвзонг, хæрзвидыц чызджытæ æмæ лæппутæ цалдæрæй. Агъуыстмæ сæ, табутæгæнгæ, куы хуыдтой, уæд сæм, чи сæ æрцахста, уыдон къæппдзыхтæй баззадысты – кæцы хицауы хъыг райстой? Сæ амынæттæн ахæм стыр

сæрхъызой чи разынд æмæ сын сæ чи фелвæста сæ фындзы бынæй? Ноджы сæ нырæйфæстæмæ нæмдзысты куыдзы къахæй: «Сæ бафхæрынмæ куыд бахастат уæ ныфс»?!.

Æнхъæл уыдысты, се стыр хицæуттæй кæмæндæр хиуæттæ баххæссынц æмæ цыдæр, ныббарæн кæмæн нал ис, ахæм рæдыд æруагътой. Ныр сæм хистæрæй, кæстæрæй митæ уыдзæнис. Æмæ сæ алчи дæр йæхи ласта фæстæ-фæстæ – фыццаг мæсты цæф уый ма баййафа тæвд армæй.

Фæлæ Абайы уабирæ рæстæг нæ бахъуыдис сæ «фысымты» гæды-гацца хъуыдытæ рафæлгъауынæн. Фыд сын хъуамæ комкоммæ телеалæвæрды дзура, ацы тугкалæн ирæтты аххосæй кæй цæудзысты тугкалæн хъуыддæгтæ. Уымæн æмæ сын, цыма, мах, ирæттæ раджы бацахстам æмæ ноджы ахсæм æмæ ахсæм сæ зæххыты хуыздæртæ. Уымæн æмæ дзы, тæрхъустау, не ´фсæдæм лæппынтæ уадзынæй, ома, цот кæнынæй. Æмæ сæ уæзгуытæ нал кæнынц сæхи фаг. Цыма нæ уынгæджы фесты æнæхъæн тетиаты хуымыггаг. Æмæ йæм фарстытæ чи дæттой, уыдонæн дæр цæмæй дзуапп кæна уыцы хуызы… Уыдон та, фарстытæ, ирæтты номæй сæхæдæг иронау кæй дæтдзысты Абаймæ, уый дæр куыннæ хаты.

Стæй сæ тетиатæ сæхæдæг сбадын кæндзысты фæлмæн хæттулгæйыл æмæ сæ ахизын кæндзысты, Ергнеты цы куыйдзыхты бардз лæууы, уыдонæй æнæфыдбылызæй. Цæмæй рæстæгыл æнæзагъд-заманайæ балæууой Чърембайы æмæ адджынæн хæрой, уырыс сын кæй калынц, уыцы лигъдоны адджын æмæ дзадджын къæбæр. Кæд сæ фæнды, уæд та æнæниз, æнæмастæй аздæхдзысты фæстæмæ сæ бæркадджын хæдзармæ. Æмæ, акæс æмæ ды уыдон фæрнджын, бæллиццаг цардмæ! Æрмæст рæсугъд дидинæг не ´фтаудзысты, фæлæ сæ сыхæгты ´хсæн сæхи фæндиаг дæттдзысты адджын дыргъ дæр. Æмæ уыцы хъуыддаджы сæ ныхмæ никуы ничи фæлæудзæнис. Уыдзысты гуырдзыйы мыггаджы сæрхъызойтæ фыдæй-фыртмæ!

Фæлæ сæ Абай æгæр хорз бамбæрста. Фæдзурын, фæрæйын æй кæндзысты «барвæндæй», ирæттæ, кæй нæ бæззæм, зæгъгæ, нæ сыхæгты зæххытæ байстам тыхæй æмæ сыл æрцардыстæм. Ныр сæ ныхмæ, цыма, схотыхджын кодтам нæхи. Лæбурæм сæм. Милмæ сæ исæм сылгоймагæй-нæлгоймагæй, сабийæ-зæрондæй. Скодтам сæ бынаскъуыд скæныны фæнд. Цыма – мах! Æмæ къæмдзæстыг дæр нæ кæнæм.

Сæхæдæг æм, ирæтты номæй, – стæй ссардзысты ахæм, сæ дæлбынтыхъомыл ирæттæ дæр фаг, чий æ тыхсын кæной – дæттдзысты алыхуызон цъыфкалæн фарстытæ, цæмæй ирæтты ноджы сæхицæй дарддæр нæхи дзыхæй æфтауой цæсты. Адæмы цæсты калæм нæхиуыл цъыф.

Уыйфæстæ йын, йæхæдæг цыфæнды фæуæд, фæлæ йæ зæрдæйы æрттиваг къæрттæн… Куыдз фæлдыст – йæ мыггагæн, искæмæн фыдмитæ чи кæны! Йæ зæрдæдарæнæн ын… кæндзысты алы фыдмитæ… Куыйдзыхты иу къорд æй уæй кæндзæнис æндæр куыйдзыхты къордæн… Алчи йыл сæ æвзардзæн йæ тых… Тыхмийæ йын мардзысты… йæ хъæбулы… Йæ хурты хур Цæринæйы! Цæмæй æрвылуысм æлгъита йæ райгуырæн бон…

«Ту! Куыйдзыхты мыггаг!» – лæг сын йæхинымæры нытту кодта, чи сын нæй æмæ никуы уыд, уыцы цæсгæмгæндтыл. Æмæ йæ фидарæй куы бауырныдта, йæ хъуыды раст у, уæд сын афтæ:

– Æз алцæуыл дæр разы дæн… Æрмæст мын сымах дæр… иу хъуыддаг… хъуамæ саразат, – тых æмæ фыдæй сфæрæзта лæг. Фæлæ йæ сдзурын дæр куынæ бауыдаид йæ бон, афтæмæй йæ быны зæхх куы аскъуыдаид æмæ авддæдзæх куы ныххаудаид, уый йæ фæндыд.

– Ууыл цы тыхсыс, дæ хæдзарылæй. Алы хъуыддаг дæр дын сараздзыстæм! Къух къухы ныхы! – цинтæ, хъæбыстæй йæ уæнгсæстытæ фæцæй ластой. Æмæ Абайы ноджыдæр бауæндын кодтой, йæ зæдæнвиц, æнамонд хъæбулы охыл йæ развæлгъау уæззау хъуыды тынг раст кæй у. – Ды йæ æрмæст зæгъгæ кæн! Зæгъ

æй, æмæ йæ сæххæст кæнын тæккæ – мах быгъдуан. Фæкæс ма-иу, уæдæ! Зæгъ ма, уæдæ, дæ фæнд æмæ дын æй ацы тæккæ сæххæст кæнæм!.. Ахæм адæм стæм! Дзырд загътай – сараз æй! Мах стæм ахæм… адæм!

– Раздæр уал мын… мæ чызджы… Куыннæ йæ фæхата… куыннæ йæ базона… афтæмæй фехсут! – уыд фыды цæхгæр фæндон. – Сардаудзæнис мæ… Тыхмийæ дзы кæй ницы ис. Мæхæдæг кæй сразы дæн ацы хъуыддагыл… Мæхи уды тыххæй… – æмæ ма, дам, – дзырдта тагъд-тагъд, – стæй уыйфæстæ кæцы ирон лæг æрлæудзæнис мæ цуры. Куыд ма, дам, цæрдзынæн се ´хсæн. Бахæрдзысты, дам, мæ дæндагæй…

Æмæ гæды-гаццатæ, сæ дæндæгтæ хурмæ ракалгæ, ныууофф кодтой – ома, уый гæнæн куыд ис, мах, Хуыцауы сконд адæм, ахæм рæсугъд чызгмæ амарыны тыххæй нæ къух сисæм?!.

– Нырма… цæй чызг… Хъуымызбыл, – Абайæн йæхи ныхæстæм йæ зæрдæ скъуыдтæ кодта. Фæлæ, сæ цæстмæ митæм йæ хъуыдыйы рæстдзинадыл тынгæйтынгдæр æууæндыд. Æмæ нал басаста йæхи. Цæйнæфæлтау ын йæ удлæууæнæн… Ацы æрра фосы мыггаг алы фыдмитæ…

Йæ амарыныл ын куынæ разы кодтой, уæд сæ ´рцахста ныхасæй. Кæд æм сымах къух нæ тасы, уæд мын мæхимæ раттут мигæнæн. Æмæ сæ нæ уырныдта йæ ныхас, ома, уыйгæнæн куыд ис?..

Фæлæ йæм æй радтой ифтыгъдæй. Кæд, æцæг, афтæ бакæна, уæддæр, ома, хъæбулхорæй кæуылты ныффидиссаг уыдзæнис сæ туг, се стæг! Сæхæдæг ын фенын кодтой, дамбаца ифтыгъд кæй у. Мæнгвæдæгыл æрбахæцынæй дарддæр æй ницы уал хъæуы. Æмæ йын æй нытътъыстой йæ хæлафы комдæлы чъылдымæрдыгæй. Ма сæм фæцырд уа. Бахгæдтой йыл дуар.

Фыд куы бахызт, йæ хъæбул иунæгæй цы хатæны уыдис, уый къæсæрæй, уæд гæды хъæдау рызт. Лæг. Нæ зыдта, цæмæй, цы дзырдтæй райдайа. Нæ йæ фæндыд, йæ хур исты фæхата. Бацыд гом рудзынггæронмæ. Чызг дæр æй бафæзмыдта.

– Баба… Цы зæгъынц? – чызджы хъæлæс фыды цæстæнгасмæгæсгæ уыдис тарст. – Нæ нæ ауадздзысты нæ фæндагыл?

Фыд æй æрбахъæбыс кодта йæ рахиз къухæй. Аба йын кодта йæ ныхæн. Уазал ба. Ризгæ былты ба. Йæ ризгæ галиу армæй йын амыдта фæззыгон, дзадджын дыргъдонмæ:

– Ауадздзысты нæ… Тагъд. Кæс ма… Диссаг… Бынтон диссаг… Бынтон… мæ бонылæй…

Æцæгдæр, фæззыгон фæткъуы бæлæстæ заманайы зад уыдысты. Сæ цæнгтæ сын нæ урæдтой сæ дыргъты. Æмæ сæм чызг дæр кæсыныл фæцис. Фæлæ уымæ та диссаг, йæ фыды дыргъбæлæстæй дарддæр ницы ´ндавы, сæ уавæрыл нæ тыхсы, зæгъгæ, уый фæкастис.

– Ахæм фæззыгон хъарм бон…

Фыд, цы дзырдта, уый йæхæдæг дæр не ´мбæрста. Фæлæ рызт йæ хъæлæс. Рызт сæрæй къæхты бынмæ. Æмæ йын йæ зæрдæдзурæнтæ, йæ хуызивæнтæ, йæ уæнгты уазал рызт кæронмæ не ´мбæрста чызг.

Стæй йæ куыд æмбæрстаид, ахæм хуызы йæ куы никуы федта, йæ уыцы хъæлæсыуаг ын куы никуы фехъуыста, уæд? Рацæй йæм зылд. Базона бæлвырдæй, цы кæны? Фæндыд æй бамбарын…

Æмæ фæтарст Абай. Фæтарст, куы фена йæ хъæбулы, йæ къæссайы цæгъдæнтæ, йæ къæлæсытæ чызджы тæригъæддаг цæстæнгас… Куынæ уал… мыййаг, куынæ уал… бауа йæ бон…

Æмæ фæцыд… гæрах. Ныззылд, куыройы цалхау, дуне. Æрфæлдæхт ыл йæ арвы хай. Фæхатыд ма, йæ къæлæсытæ чызг ыл куыд æрбаппæрста йæхи. Нырмæ хуымæллæджы уæз чи нæ кодта… Иу уысмæ дуры уæзæн чи ацис… йæ уыцы бæллиццаджы хъæбул…

–Ба-ба… – фæндыдис йæ бæллиццаджы хъæбулы, куы ацауындзæг уыдаид йæ хъуырыл… фыртæсæй…

Фæлæ нæ бамбæрста, иу уысммæ йыл цы ´рцыд. Йæ цæнгты нал уыд тых. Фæцудыдтой йе схъæл уæрджытæ… Йæ ризгæ, рисгæ уæнгтæ æнæхъæнæй… ныккодтой æмрызт… Рафæлдæхт ыл дуне…

Фыд æй ацахста дыууæ къухæй…

О Дунескæнæг… Куыд уæззау, куыд зынуромæн разынд йæ сæртæг, йæ мæлхъы фисынтыл амад зæрдиаг! Нæ йæ баурæдта… Ныццудыдта… Ахаста йæ йемæ. Æрхаудта… æнæхсад фæйнæг астæрдмæ... фыд ын æрхæцыд йæ цæстытыл. Йæ уæрджытыл ын æрраст кодта йæ райстбавæрд, тугæйдзаг къаба. Йæ цæнгтæ йын дзуарæвæрдæй æрæвæрдта йæ риуыл. Йæ цæсгомыл фестъæлфыд цыдæр разыйы мидбылхудт...

Йæ ахсджиаг хъæбул Цæринæ цæрынæн бæргæ райгуырд. Йæ мадимæ йын ныхасгæнæн, райдзаст бонты стыр амонд быдтой сæхимидæг…

Æмæ дын уый йæ ныхыфыст. Йæ амонд. Фæлæ, æгайт ма, аирвæзт ацы куыйдзыхты фыдмитæй… Сæ худинагæй… Æххæстæй нал базондзæнис, кæимæ цардысты, уыцы лæгхортæ куыд фыдадæм сты, уый. Ныр ын йæхи уæнггай дæр скæнæнт. Йæ фыдтæ йын бахæрæнт хомæй…

Йе ´хсæвы фыдфын та фергом йæ фæрчытæфæхауинаг зæрдæйы… Фæлæ дзы ныр нал фæтарст. Куыдзы хъуыды дæр æй нал æркодта.

Слæууыд йæ уæрджытыл: «Кæм ис, Хуыцау, дæ рæстдзинад?.. Кæм?!. Цæмæн æй æмбæхсыс, гормон?» – йæ дзыхы бакодта йæ чызджы удахæссæг дамбацайы лулæ. Уыцы райгонд, уыцы фæндвидарæй ахæцыд мæнгвæдæгыл… Фервæздзæнис йæ удуæлдай цардæй.

Фæцыд мынæг, хус къæрцц…

Дамбацайы уыдис иунæг нæмыг.

## ТÆФ

Æмæ, ау, полы хъил дæр ма аз иу æхст куы кæны, уæд хæдзардарæг лæг иу бон, дыууæ боны искуы иу хатт куыннæ хъуамæ афæстиат уа?!. Кæнæ – йе ´рдхæрдтæм… Уæд та – йæ туг-стæг хæстæджытæм.

Уый – хæдзардарæг лæг!

Ирбон та… Цас абырæг, цæй абырæг уыд, фæлæ дæ ном хæссынæн хъуамæ уай. Мад, фыды фæндонæй æвæрд ном дæр цæмæннæ, фæлæ дыл адæм цы разагъды ном сæвæрдтой, уый хæссынæн хъуамæ ´нæмæнг уай, зæгъын.

Æниу, лæппу йæ абырæг ном йæхæдæг бакуыста.

Кафгæ, йæ идоны згъæлаггæмттæ ´ууилæг бæхыл рацæй цыд быдыры хъæуæй. Лæгыстæг йæ тæккæ тыхыл уазæгуаты куы уа, фысымтæ дæ цæрайæ сæхицæн адджын куы ницы уал кæной, хæдзарыдзагæй дын уырдыг куы лæууой, «Нæ нуазæныл «нæ» ма зæгъ!», «Ма нæ фæхудинаг кæн!» – дын куы лæгъзтæ кæной, сæ хъуыры цъар ивазгæ, уæд диссаг нæу иудзæвгар аназын дæр.

Æмæ ноздзæф зæрдæ кафгæ бæхыл пæррæстытæ фæкæны. Фæлæ Ирбон ноздджыны охыл, мыййаг, нæ ацыд йæ зæрдæйы фæндоныл. Нозты тыххæй нæ бакодта афтæ. Хытъынджын æлдары куы ауыдта, йæ тых, йæ бонæй ехсæй куыд нæмы йе ´дых, къорийау тымбыл æххуырсты; æлдары фырт – сæ фарсмæ, чысыл дæрддзæг сæм – æххуырсты æмбæлттæ, æмæ сæ иу иргъæвæг ничи ис, ууыл æххæстæй куы бауæндыд, уæд фырмæстæй лæппуйы цæстыты туг абадт.

Йæ туг йæ цæстыты бадгæ дæр куыннæ акодтаид, гормæттæ. Дыууæ къухы ´нгуылдзтыл кæй банымадтаис, уыйбæрц хуымонтæ уалдзыгон хурмæ сулæфæг зæххыл баззадысты хæбæццæй. Сæ цыбыр къæхтæ, цыма, сæ бынты тымбылтыхт не сты, фæлæ лæджы ном худинаггæнджытæ се стыр, тымбыл æрбадæнтæм фæл-

мæн мæры аирвæзтысты. Сæ хъуынджын сæртæ сæ уæлвонг тымбыл, хидæй хъулон-мулон худты онг аныгъуылдысты сæ мæллæг уæхсджыты. Се ´нæдаст цæсгæмттæй æлдармæ ныззынг сты сау сæнæфсиры нæмгуыты ´нгæс дыгай гагуытæ, афтæмæй, фыртæсæй ризгæ, цыма сæ фæстаджы хæрд у, уыцы адджынæн æрдзæм-æрдзæм кæнынц нартхоры кæрдзыны къæбæртæ хъæдурдзæхтонимæ.

Сæхæдæг нæ хатынц, хъæдурдзæхтонæй удæст къæбæр сæ рахиз армы æртæ хистæр æнгуылдзæй сæ дзыхты арф куыд батъыссынц, уæддæр ма сæ цæхтонæйдзаг æнгуылдзтæ сæ цъупгомау рæсыд былтæй дзæвгар куыд фестъæрынц æмæ сын уый тыххæй бæрæг урсдæр, стæй лыстæггомаудæр кæй сты, æмæ сæ адæймаджы цæст кæй ахсы.

Чысыл дæрддзæг сæм се ´мбал та дæлгоммæ ныххаудта ауæдзыл. Сæнноздтæй рæсыдсæр æлдар ыл рæхсæнтæйбыд ехс куы ´рсæрфы йæ тых, йæ бонæй, уæд йæ рыг скæлы. Цыма стæхынмæ хъавы, уыйау хæрдмæ фесхъиуы æмæ ныхъхъыс-хъыс кæны, къæбысау. Æндæр йæ бон нæ дæр ныббогъ кæнын у, нæ дæр фестын æмæ алидзын. Ныхмæ фæлæууыны кой ма чи кæны.

Ирбонæн йæ тæвд туг йæ цæстыты афтæ абадт æмæ рæстмæ нал ацахста, цы зæгъын ма-иу фæндыд мæгуыр хуымгæнæджы йæ рыст фенцондæр кæныны охыл йæ тæригъæддаг хъыс-хъысæй: «Уæлæ Гетта!», «Айда-дела!» æви «Уæйме, деда!» Стæй, цы дзырд-иу сæппæрста, уый нæмæг кæнæ нæминаг йæхæдæг дæр бæлвырдæй зыдтаид, уый дæр зын бауырнæн у. хъусгæ нæ кодтой, æндæра сæ Ирбоны бæхы хуыррытт æнæмæнг исчи фæхатыдаид. Æмæ цагъартæ тæсæй бакъуырма уæнт, фæлæ æлдар æмæ йæ фырт та цы кодтой?

Ирбонмæ афтæ фæкаст, цыма æлдары цыбыр, нард къухы ехс нæ, фæлæ хæтæлкард ис – хъуамæ дзы ´рсæрфа ´намонд хуымоны æмæ йæ бацарæфтыд кæна. Йæ мæгуыр бинонтæ æнæ дарæг фæуой.

Æмæ... йæ фындзы хуынчъыты адымст æмæ йе ´взистхъæд ехсæй йæ хор-хор бæхы агъды ´ргæрах баиу

сты. Ирбонæн. Фæндагæй йæ фæцарæзта æлдары зæххы сындзкъутæр æмбондмæ.

Йе згъæлаггæмттæ, цъæх хосау, аууилынмæ хъавæг æфсургъы ма уый хъуыдис æмæ… Сагау асæррæтт кодта сынд æмбонды сæрты. Йæ раззаг къæхтæ ацавта фæлмæн мæры, фæлæ фæстæгтæй ахæм риуыгъд акодта йæхи æмæ хуымонæй, æлдарæй ничи фæхатыд, кæм арвы скъуыдæй, кæм урсбарц æврæгътæй æртахт… ирæттæ æрвыл фынгыл цалдæр хатты кæй ном фæарынц, æххуыс кæмæй фæагурынц æмæ сæрбæрзондæй кæмæн фæтабу кæнынц, уыцы тæхгæ-нæргæ, æргом Уастырджи сæ цурмæ.

Лæппуйæн йæ урс уæлдзарм худ, йæ урс-урсид алдымбыдтæ басыллыхъ æмæ цикъæвидыц цухъа сæ бакастæй ерыс кодтой æвзист бæрцытæ æмæ хотыхты ´ртывдимæ. Фæлæ сæ ´лдарæй, æххуырстæй уыдонæй сæ цæст рæвдауыны бон нæма фæци – нæмæджы нард, фæлмæн синтыл æнæзонгæйы тасаг æмæ дудаг ехс, калмау, куы атыхст æмæ йæ рыг йæ рагъыл тæлмæй куы аззад, уæд иууылдæр фæкодтой æмбогъ… Суанг, æлдар кæй надта, уый дæр, иннæты фæзмгæ, ныхъхъыллист кодта ´рæджыйау. Сæ гыццыл, тымбыл æмæ дæрзæг æрмттæй амбæрзтой сæ мысты хæрды хуызæн чысыл æрттиваг цæстытæ. Уыцы æмхуызонæй срызтысты. Цыма сæ цæрмтты ´мпылын райдыдтой. Кæсыс сæм æмæ кæнынц гыццылæй-гыццылдæр.

– Цæуыл æй марыс, куыдзы ´фтыддаг?!. Цард ын… ды радтай? – Ирбонæн фырадæрг æмæ фырмæстæй йæ ком асур. Дзырдтæ тыхæй-амæлттæй лæмæрста. – Куыдзы ´наккаг фырт!..

Æлдарыл дыккаг хатт æруагъта ехс, фæлæ фыццаг цæфæй… О, о, иунæг цæфæй…

Нырма уал, иугæр нæм адæттыл æргомæй æрæфтыд дзырд, уæд, нæ хорз хорз у æмæ, æлдарæй уадиссаг æлдараг кæй ницы уыдис, уый кой нын æнæраккæнгæ нæй.

Иуран бадын, сæн нуазын æмæ фынæй кæнынæй рæсыдсæр æлдарыл йæ къабафадыг хæлафы стыр

комдæл тыхæй æххæсыд. Йæ цыбыргомау хæдоны уагъд фæччитæ сæ тæккæ бынтыл цыдæр æрттиваг хуыйæндагæй ныббаста йæ рæсыд тæнтæм æмæ, царвцæгъдæн дзоныгъ голладжы дæргъырдæм куы ныввæрай, раст уый фидыц лæвæрдта. Мæгуыр хуымоны нæмынмæ-иу йæ къух куы фæхъил кодта, уæд-иу йæ гом гуыбын, цыма голладжы скъуыдæй, йæ цыбыр хæдоны бынæй ферттывта хурмæ.

Æмæ хъалзæрдæ Ирбоны ехсы фыццаг æнæнхъæлæджы гæрахæй æлдаргонд уайтагъд фæхъил гуыбынырдæм. Лæппуйы хор-хор бæх, мырмыргæнгæ, йæ алыварс куыд кафыд æмæ хъазыд, афтæ-иу ехсы тъæпæн чъепс аныгъуылд йæ фæлмæн, дымст æрбадæнты. Æмæ уый нæмæджы ноджы разæнгард кодта йæ амæттагæй мæгуыр æххуырсты маст исынмæ. Йæ рыджы скалд æмæ-иу йæ еу-додой баиу сты, афтæмæй-иу куы йæ сырх-сырхид рæсыд ных æркъуырдта зæххыл, куы – йæ къогъодзиты цыргъ бырынчъытæ.

Ноджы нæ цы фæцæй рох кодта…

Бынбауинаг æлдарæй чысыл дæрддзæфгомау ирон аив нымæтхуд, цухъа æмæ нымæты (Ирбон иу фæкастæй базыдта ирон сылгоймаджы æрмдзæф), къабафадыг хæлаф æмæ ногрæхсад къогъодзиты лæууыд æлдары æвзонг фырт. Йæ сины сæртыл хæцыд æмæ, йæ фыд кæйдæр æнамонд удæй куыд хъазы, ууыл худт йæ лыстæг, къæдз рихиты бын. Нырма – хъуымызбыл, фæлæ, хуыйы фых хъыбылау, йе ´мбæхст сой йæ цармæй æддæмæ раирвæзынил хъардта йæ уд.

Лæппуйы фарсыл уыд дамбаца ауыгъд. Йæ гæрз роныл цы хъама æрзæбул, уый бырынкъ дыууæ къахы астæумæ кæй æнцад, уымæй фæхатыд Ирбон – хохаг ирæтты фæзмынæй æфхæрдзæнис йæ ницæйаг, тæрсаг уд. Кæцыфæнды ирон хъæумæ бафтæд, сывæллæтты йыл сæхи худæгæй схæссиккой. Æрмæст йæ фадыбарцыл дæр. Ирон нæлгоймаджы уæлæдарæс æмæ къабахæлаф иумæ скæн!

Афтæмæй уыцы хæлынхъус æмæ хæтæлкъубалы кой скæнын фæцæй рох кодта махæй.

Фæлæ Ирбонæй нæ айрох. Æппæты фыццаг йе знæт цæстæнгасæй æлдары хуыммæ кæй ацахста, уыдонæй иу æвзонг лæппу уыд. Уыцы сæрыстырæй каст, йæ цыбыркъах фыд йе ´ххуырсты фæрсджытæ иугай куыд нымадта, уымæ. Фæлæ йын Ирбон йæхи фæрсджытæ æмæ æрбадæнтыл куы ´рцыд ехсæй, уæд лæппу фыццаг цæфæн йæ гыццыл сæр атыхта йæ хæтæл цæнгтæй. Сæрæй къæхтæм-иу фесхъиудта ехсы алы зæллангмæ дæр. Стæй, цæфтæй йæхиуыл куынæ ныдзæвд, уæд хъуызгæ ракаст йæ лыстæг цæнгты бынты – цы цæуы йæ алыварс?

Ирæтты Уастырджийы кой куыд нæ фехъуыста – йæ даргъ урс зачъе фæйлауы уддзæфмæ; йæ урс цухъа тыбар-тыбур кæны митхъæпæнау; йæ урс æфсургъ – æртæкъахыг. Уастырджийæн. Лæппуйæн та – мыдадзынгæс цыбыр зачъе. Йæ бæх – сынты базыры хуызæн. Йæ хъуын æрттивы хурмæ.

Æмæ дзы, зæгъгæ, æз рох дæн, тæнтъигъæг лæппуйы куы фæсаид уый зæрдæ. Йæ ризгæ, урс æнгуылдзтæ фыццаг ацагуырдтой хъамайы фистон. Фæлæ йæ куынæ æмæ куынæ ардта, уæд æм кæнæ йе сласыны хъару нал разынд, кæнæ та, ахæм цыргъагæй Ирбоны дæлфæдтæм дæр кæй нæ сæххæсдзæнис, уый æрцахста йæ тарст хъуыды.

Æмæ йæ ныфс æрæнцад дамбацайыл. Кардæй бавзидын æмæ хъæргæнаджы мæнгвæдæг æрбалхъивынæн та кæд иугъуызон тых нæ хъæуы, уæддæр, куыдфæнды йæ нымайæм, иугъуызон ныфс агурынц. Æмæ буцхаст лæппу, йæ цæссыгтæ асæрф-асæрфгæнгæ, цалынмæ йæ фарсмæ æвнæлдта, цалынмæ, æдæрсгæ архайын кæимæ нæ уæндыд, уыцы хотых йæ дзыхъхъынног хуымпырæй ласта, цалынмæ йын, фуртт-фурттгæнгæ, йæ мæнгвæдæг, исгæй къухтæй æвæрæгау, дæлæ-уæлæ кодта…

Уалынмæ Ирбонæн, йæ бонæй йæ уа, ныффæздæг ласта йæхи дамбаца. Æлдары фыртæн йæ хъæргæнаг атахт йæ къухæй. Йæхæдæг хæрзæвзонг чызджы цъæхахст фæкодта. Цыма йын исчи йæ бацæбиттæ

бакъуырдта – фæхъил. Йæ рахиз, цæф къухы хъул йæ галиу армæй æрцахста. Цъæх нæууыл ратул-батул кæны. Фæлæ йæ цъæхснаг цъæхахст æмæ хъыллистæй нæ æмæ не´нцайы.

Æвæццæгæн дыккаг нæмыгæй æдас нæ уыд. Рагацау йæ уд йæ мидæг баззайыныл йæхи хъардта, ома, мæнæй хæстон нæй, мæ цард мын æнæхуруындæй ма аскъуын. Ирбонæн та йе уæнгтæ барызтысты, зæгъгæ, кæд лæппуйы ´фсон сылыстæджы тæригъæды бацыдтæн, уæд мæ ном фæстагæттæн худинаггагæн баззадис. Адæм мыл, ома, сылгоймагæй, нæлгоймагæй къуыппæн зарджытæ кæндзысты. Фæлæ, лæппуйы нымæтхуд ахауд æмæ йын йе´лвыд сæр куы ауыдта, уæд æрсабыр.

Уæддæр æм диссаг цы фæкаст…

Æлдар цы хуымоны надта, уый ныр ауæдзыл хуыссыд уæлгоммæ. Йæ цыбыр къæхтæ æмæ къухтæ, згъарæджы сæпгæнæнтау, ныззылын-мылынтæ сты. Йæ цæсгом фыртæсæй ныггæлиртæ. Йæ астымæнгæс бур æрфгуыты бын йæ лæбырд сау цæстыты бузныджы бæсты кæд зындис æнæразыйы нысан. Ирбоны фæзындæй йыл цыма стыр, сау фыд æрцыд. Худæг куыннæ уыд, цыма уæдмæ йæхи æхсыры цады надта æмæ йын ирон йæ хъаны цард йæ къухæй байста, ахæм хуызы бынæй каст æнæсысмудæн.

Æмæ йыл фæцæй уагъта йæ къух – уыдонæн цæргæ-цæрæнбонты се уæнгты цагъайраджы туг фæлæдæрст, гутонæй сæ куы суадзай, уæддæр сын уæрдоны ´фсондзы бынмæ æнæ бахилгæ нæй, зæгъгæ. Уыцы ´наккаг туг ис се уæнгты.

Фæлæ йæ цæсты зулæй ауыдта: чысылраздæр йæ хъæдурдзæхтоны æлыг къус йе ´нгуылдзтæй чи стæрдта, уыдон дæр, цæф сыл куы сæмбæлайы тасæй, сæ сæртыл стыхтой сæ цыбыр къухтæ. Се стыр хъоппæг цæстытæ нал истой тæлфаг æфсургъ æмæ æнæнхъæлæджы бæлццонæй. Æхсарджын лæппуйæн йæ сæры уымæн февзæрд хивæнд фарст: цымæ, чи куыд гыццылдæр у, афтæ йæ уд цæмæн фæхъары, куыд стырдæр уæлæфтау, куыд стырдæр кусæнгарз, куыд

стырдæр хæдзар, куыд стырдæр ус ракурын, куыд стырдæр бынтæ æмæ цот скæныныл? Цæмæннæ истæмæй фефсæдынц сæ ивæзт ахсæнтæ? Цæргæ-цæрæнбонты сæ гыццыл удтæ цæмæн фескъуынынц сæхи уæлæмæ ивазыныл?

Ноджы ма диссаг цы у: сæ гыццыл удтæ фæхъарынц хъæрæй дзурыныл! Цæмæй сæ хъусæг фæлмæца. Цæмæй сæ исчи: «Кæсут, цæй тыхджын у?!.» – зæгъа. Уæдæ! Бынбауинæгтæ.

Фæлæ йæхицæн дзуапп раттыныл нæ батыхст. Нæдæр æй йæ фарстытæн æмбæлон дзуапп райсын фæндыд. Цы аккаг сты, уыцы цард кæнынц. Фæлæ йæ мигътыл хафгæ сæры февзæрд ног фарст: ныр сын сæ дарæг, сæ уромæг дзыгуын галтыл ахъæр кæн, уæд сæ исчи йе ´намондæн чысыл сым-сым скæнын бауæндид йæ ныхмæ? Ирбоны ныхмæ?

Адæймагæн, йе, тас, йе, æфсарм, табуйаг искæуыл кæнæ истæуыл куынæ хæца йæ рахауинаг цæст, уæд, зæххы цъарыл уымæй фæрнджындæр, хæрзæгъдаудæр, хъомылгонддæр куы ничи уа, уæддæр хæрæгæй, цъæх хæрæгæй хуым кæны. уромæг æй нæ уромы. Æнæмæнг ныггалиутæ, ныххивæндтæ, ныддæрзæджытæ уыдзæнис йæ зонд. Æмæ Ирбон уайтагъд ацархайдта йæ хъуыдыйы рæстдзинад феныныл.

Сау-сауид, сау сы дзыгуын галтæ сæ хицæутты фарсмæ нартхоры ´мбыд хæтæлтæ зивæггæнгæ ´ууылдтой ставдæрдæм. Цæфтæм, гæрахмæ-иу сæ сæртæ фæхъил кодтой. Ракастысты-иу сæм æмæ-иу се стыр сæртæ цы ныттылдтой, æндæр сæ удтæн тæссагæй уадиссаг ницы хатыдысты. Фæлæ сæ хицæуттæй разындысты хивæнддæр. Нæ сæ фæндыд, се ´над сихорæй фæиппæрд уыдаиккой. Фæлæ ехсы гæрах бæзджын цармы дæр хъары. Уæлдайдæр, Ирбон лæппуйы дамбаца йæ чъылдымы куы ´рсагъта, уæд йæ цонджы тых фæдывæр. Хъавыд ын йæ нымæтхуд сисынмæ дæр, – уæддæр уый аккаг нæу, – фæлæ йæм æлгъаг фæкаст, кæйдæр сæрæй йæ райса. Ауыæрста йæ дугъоны къæхты бын. Фæзылд кусæг фосмæ. Йæ

цæстæнгас та иу лæгæй иннæмæ пæррæстытæ кодта. Æмæ дзыгуын галтæ, зивæггæнгæ, сæ кæрæдзи сыкъайæ схойгæ, асæпп кодтой хъал æфсургъы разæй.

Адæймаджы хивæнд зондыл куыдз амæлæд. Лæппу хорз зыдта, цæрæнбонты ссæст æмæ æфхæрд чи ʹййæфтой, уыцы мæгуыр дæлзутæгтæй йæ фæдыл æргомæй тæрк ныхас рахъæр кæнын дæр ничи бауæнддзæн. Æвзæрæн йæ цард иууыл зынаргъдæр вæййы. Бафхæр æй, фæнæм æй, бастъигъ æй, æрмæст ын йæ уд æрдæгыл ма аскъуын. Кæддæр, дам, иу-чидæр рынчын цæйау дзырдта: «Хур мæ тавæд æмæ фæнды куыдзы къæдзилы бынæй кæсон».

Ту, ахæм цард!.. Кæй цæмæн бахъуыдис, гормæттæ?!. Уæддæр, Ирбон аскъæрдта йæ хивæнд зонд.

Нæ ирон адæмы фыдæлтæ сæ тæккæ тыхыл куы уыдысты, бердзенæгтимæ сын æргом базарадон ахастытæ куы уыдис, уæд дæлзутæгты Сау денджызыл уыдон, бердзенæгтæ, ластой. Ацырдæм-иу сын фæтæрын кодтой сæ афтид науты. Сæхæдæг-иу, цæлгæнгæ, сæхиирхæфсгæ, цыдысты, сæ цагъартæ сын – лæггадгæнджытæ, хиирхæфсæнтæ.

Сæ базарæй-иу куы ныррухс сæ зæрдæ, уæд, цæмæй фæстæмæ уæлдай уæз ма ластаиккой, уый тыххæй-иу сæ дæлзутæгты алантæн сæрмæ-сæр сæгътыл баивтой – сæ фæндаггаджы кусæртты кой-иу бакодтой.

Цы сæфтой алантæ: сæнычча хъус бирæгъ дæр хæссы, цагъайраг та цыфæнды гыццыл, цыфæнды æдых уæд, уæддæр зæхх змæнтын, цума йын бакæнынæн у. Бафтау æй куыстыл æмæ йæхи дæр дардзæн, дæ къух дæр дын рог кæндзæнис. Æмæ сæ æфтыдтой сæ кусæн зæххытыл. Алантæ дæлзутæгты. Æмæ сын куыстой.

Ноджы ма се ʹрвылбонон тохтæй цы ʹнæпайда цагъайрæгты тардтой, уыцы цæфтæ, уæнгцухты сæм æфтыдтой. Уыдонæн – цард æмæ къæбæр, алантæн – фæллой æмæ кусæг тых. Сæхи æрвылбонон хæстытæ æмæ дæлæ-уæлæйæ куысынмæ ʹвдæлдис? Кæнæ йæм сæ астæу тасыд? Афтæмæй сæ дыууæтæ дæр райгондæй тыдтой сæ царды бонтæ.

Сæ пайда цæмæннæ, фæлæ сын нæ хатыдысты сæ зиан. Куыд сæ кодтаиккой лæджы ´мсæр тохмæ семæ? Æмæ цот кодтой цагъартæ. Цагъарæй-уацайрагæй æддæг-мидæг афтæ ауадысты æмæ сæ чи цы туг-стæг у, уый сæхæдæг дæр нал хатыдысты. Бæр кæнынмæ сæ сыстытæй фæстæ ницæмæй лæууыдысты. Абон дæр æй нал зонынц. Уæлдайдæр-иу сын сæ сылгоймæгты равзаргæдæрты аланты нæлгоймæгтæ уæлахизхæссæг хæсты фæстæ сæ нымæтты фæччиты кæй атыхтой, сæ тæлæттагæй-иу кæй фæхайджын кодтой, уыдон. Æмæ дæлзутæгтæ Аланыстоны быдыртыл, лывдзæгау, пырх кодтой. Куыд тагъд рæзт сæ нымæц, уый сæхæдæг дæр нал хатыдысты.

Кæд-иу сæм алантæ иу стæм хатт уазæгуаты ´рцæуынмæ сæ сæр æрхастой, уæд-иу дæлзутæгтæй йæ ис, йæ боныл фæстæ ничи уал фæхæцыд. Æнæхъæн къуыригæйтты-иу сæ дардтой кады уазджытæй, нæ къахыл сымах фæрцы лæууæм, зæгъгæ. Куывдтæн-иу урс галтæ фæхъомыл кодтой. Бон-изæрмæ-иу сæ рæсугъддæр чызджыты æмæ чындзыты алыгъуызон æхцонтæфгæнаг кæрдæджыты дæтты фæнадтой, стæй-иу сæ æхсæвы хуынтимæ бакодтой сæ ноздджын уазджытæ, алантæн. Цæмæй, зæгъгæ, сымахæй, алантæй, нæ хæрзгæнджытæй, ива нæ туг, не стæг. Искуы, ома, мах дæр суæм сымах хуызæн – бæрзонд, рæсугъд, зонджын, тыхджын…

Расыг адæймагæн йæ удæн куыд æхцондæр, æнцондæр уа, æппынæдзух уымæ фæтырны йæ уд. Алантæ-иу сæ мидбылты худтысты дæлзутæгтыл – цагъайраг цагъайраг у, æдæр нын, уæдæ, куыд хъуамæ лæггад кæной, зæгъгæ.

Стæй монголты ´нæнымæц æфсады ныхмæ тугкалæн тохты алантæн, бецау, сæ астæуымагъз асаст. Сæхи цагъарты бынатмæ не ´рæппæрстой, фæлæ сæ уд сæ кой ссис. Нал сæ ´ндæвтой сæ уæзгуытæ.

Дæлзутæгтæм-иу исчи куы ´рбабырста, уæд-иу нæлгоймæгтæ сæ сæртæ бамбæхстой хъæдты, астымты. Сæ мæгуыр къæстæ-иу ныууагътой се ´дых сылгой-

мæгты ´вджид. Тыхгæнæг-иу сын сæ сылгоймæгтимæ куыд рæсугъддæрæй йæхи фæирхæфста. Исбонæй-иу сæ рахауинаг цæст цæуыл схæцыд, уыдон-иу чызджыты равзаргæдæртимæ сæвæрдтой бæхтыл æмæ-иу сæ фæндаг дарддæр кодтой.

Дæлзутæгтæ-иу æрыздæхтысты хъæдтæй. Акуыдтой-иу. Се знæгты фæстæ-иу, бирæуæладзыгон æлгъыстытæ æрвитгæ, сæ сылгоймæгты цæстмæ артхъирæнтæ кодтой æмæ та-иу, цыма никуы æмæ ницы, æрæвнæлдтой сæ дæлзутаг цард ногæй аразынмæ.

Афтæмæй кодтой фылдæрæй-фылдæр. Аланты сæ фыссынад нал æндæвта æмæ уыдонæн баззад æввонгæй. Абон дæр ма фæдзурæм нæ фырмæстæй: «Нæ чиныг нын сæгъ бахордта». Ома, сæгътæй кæй фелхæдтам, уыдон нын баци. Фæлæ ма нын уæд дæр æмæ ныр дæр, нæ мастыл дæндагæй хæцынæй дарддæр цы хос уыд æмæ цы хос ис? Тыхы дон хæрдмæ ласы.

Туг та, цъус уа æви бирæ, уæддæр нæ сæфы. Æмæ зыдта Ирбон, нырма цагъайраджы туг сæ уæнгты фылдæр кæмæн ис, уыцы дæлзутæгтæ фæлтау сусæгæргом кæудзысты, дардæй сæ цыбыр къухтæй æртхъирæнтæ кæндзысты, фæлæ сæ йæ фæдыл «хорзыл амбæл» рахъæр кæнын дæр йæ ныфс ничи бахæсдзæнис. Йæ мардæрцыд уый у, бирæтæм хъуыддаг райдайынæй хъуыддаг ныууадзын зындæр кæй фæкæсы. Ирбон, цыма, йæ тæлæттæгты куы ныууагътаид æрдæг фæндагыл, уæд искæмæй фæтарст, афтæ хъуыды кодта æмæ дзыгуын галты рæгътæ йæ фырмæстæй ехсæй ноджы хоста тыхджынæй-тыхджындæр. Фæндаг-фæндаг сæ бæхы разæй раст фæдисы уадзæгау фæтардта суанг Ирыстонмæ.

Фыццаг ирон хъæумæ куы бахæццæ фыдахин, уæд кæсы æмæ лæгтæ иу хæдзары къулмæ бадынц хурварс. Уыдон æй æгомыг фосы уасын, дзыгуын галты сæппсæпп æмæ сыты дзæхстытæ, цуанонты ниудæй раджы базыдтой. Бирæтæ сæ сыстадысты, зæгъгæ, ныл бонсихорафон уый цы фæдисы хабар ныккодта? Чи нæм æрбахаста йæ ныфс? Чи нæм лæбуры?

Ләппу сын уӕлбӕхӕй раарфӕ кодта. Стӕй сӕм уайдзӕфы хуызы дзуры, цы, дам, уӕ сӕртӕ ´руагътат ӕмӕ уӕ зӕрдӕтӕм хъусут? Уӕ родтӕ, зӕгъгӕ, уӕ гуыбынты куынӕ амардысты, мыййаг:

– Мӕнӕ уын кусарт! Кувут ӕмӕ минас кӕнут! – ӕхсаргардӕй дзыгуын галтӕй иуы ставд бӕрзӕй ӕрдаудта, йӕхӕдӕг иннӕты фӕцырддӕр кодта, цыма се ´мӕфсондзы байсӕфт ӕмӕ туджы тӕфмӕ цырддӕрцух уыдысты.

Дзыгуын фос тыхӕй диссагӕн дзуринаг у, фӕлӕ зымӕг уазалӕн нӕ фӕразы, сӕрд – тӕвдӕн. Къӕдзӕхыййас галтӕ се ´взӕгтӕ ´рӕппӕрстой. Цыд сӕ лӕфлӕф, сӕ тыхулӕфт. Ӕрхаудтой сӕ удтӕ исынмӕ. Уӕддӕр сӕ уӕраджы магъз нӕ саст.

Ирбонты хъӕумӕ сӕ уадиссаг бирӕ нал хъуыд. Ахӕм дугъӕй ма – иудзӕвгар рӕстӕг ӕмӕ уым уыдаиккой. Фӕлӕ дзыгуын фос хъусӕй ӕххӕст у. Се ´намондӕн комӕй ӕрцахстой, дӕлейӕ, сӕхи ´рдыгӕйиу йӕ кӕрон цъыфдзасты сӕ зӕрдӕты дзӕбӕхӕн ӕнӕхъӕн бонгай ӕфсӕстӕй кӕмӕн хуыссыдысты, уыцы хӕххон доны сӕр-сӕр.

Комӕй дӕм уалӕ рагъы тӕккӕ цъуппмӕ цӕугӕ доны уынӕр, цыма дӕ тӕккӕ раз хъазы йӕ фынкрагъ цъӕх базыртӕй, афтӕ хъуысдзӕнис. Йӕ сатӕг дӕ сайдзӕн, хингондау, йӕхимӕ. Цыма раст дӕ цӕстыты раз ис. Нӕ фӕдызӕрдыг уыдзынӕ, доны уыцы ӕхцон сӕр-сӕр дӕ хъусы цурӕй кӕй нӕ цӕуы, фӕлӕ далӕ кӕмдӕр, сӕрсӕфӕны бын кӕй ис.

Ӕмӕ дзыгуын галтӕ, фӕндагыл нал, фӕлӕ, оффгӕнгӕ, фурттгӕнгӕ, хъӕд-хъӕд, цыма сӕ, Ирбон ӕхсаргардӕй кӕй ӕрсӕрфта, сӕ уыцы ´намонд ӕмӕфсондзоны хъысмӕт фӕстейӕ сырдта, фӕдисӕй фӕцагайдтой ӕмуырдыг.

Дзыгуын фосы мыггаг ӕнӕуый дӕр хивӕнд у. Дымгӕйы ныхмӕ йӕ чъылдымы бӕсты йӕ ных аразы. Ныр ма сӕ уромӕг урӕдта! Хъӕд та цӕхгӕр фӕлыг тигъыл. Ӕмдзӕхгӕр лыг къӕдзӕх дзы уыд. Йӕ сӕрӕй йын дӕлӕмӕ йӕ бынмӕ, дон кӕуылты згъорста,

уырдæм куы акастаис, уæд дзы сæр зылд. Æмæ уырдыгæй сæ тыхстæй кæрæдзийы фæдыл, фыстау, акалдысты донмæ.

Дымгæйы æрбахæссæггаг дымгæ фæстæмæ куы ахæссы, уæд ыл, удæн кæд æхсызгон никуы вæййы, уæддæр зæрдæ уадиссаг нæ риссы. Рисгæ дæр ыл цæмæн кæна – дымгæ йæ ´рбахаста. Дæуæй ницы фæхъуыд. Ничи дæ ницы байста. Æгайтма дын дæхи фæллойæ йемæ ницы ахаста. Уымæй дæр – бузныг. Лæппу йæ тæлæтыл йæ къух ауыгъта æнæмæтæй. Йæ ехс дæр сын сæ фæдыл фехста донмæ:

– Дæлзутаджы тæф кæны!

Æлдар та, хох-лæг уа æви дæлзутаг, æппæтхъом уа æви æнæбон, уæддæр йе уæнгты адæймаджы хиуарзон туг фæхъазы. Адæймаг та, цас хиуарзондæр уа, уый бæрц æм марг фылдæр ис. Æмæ йæ уый нæ фæуадзы йæхи састы бынаты ныббæттын. Алы сусæг æмæ æргом хинтæй йæ быцъынæг фæтоны, цæмæй цыфæнды цъыфы астæуæй дæр рахиза итувæрдæй.

Рæсыд дæлзутаг йæхицæн нал адджын кодта йæ туаг сæны хуыппытæ, йæ хъæбæр кæрдзын. Стæй – æлдар уæддæр æлдар у. Иу лæджы цæмæй суазæг кæна, уый йæм, æвæццæгæн, алы хатт дæр разындзæнис. Æмбæхстæй уæддæр. Æмæ йæ хæрд, йæ нозт æрвыл бон хъардта губернаторæн. Афтæ æмæ, дам нæ афтæ мæ фыртимæ бон-сихорафон æд абырджыты бал ныццавта уыцы æмæ уыцы ирон-абырæг. Ардыдта йæ Ирбоныл. Мæхи, дам мын ехсыты надæй мардтой, мæ фырты та, дам, мын цалдæрæй милмæ систой. Йе ´хсæн къух, дам ын ныппырх кодтой, æндæра, дам, сæ уый йæхæдæг сухты цагъд бæргæ ныккодтаид æмæ ныккæнид. Уæддæр, дам, дзы цалдæры ласгæ фæкодта.

Æз, дам, сын афтæ æмæ афтæ, зæгъын, æй комкоммæ губернаторæн æнæмæнг радзурдзынæн. Æмæ, дам, фырхудæгæй артæнхæлдтæ кодтой. Тагъд, дам нæ уымæн, губернаторæн, йæхимæ дæр хъæуы. Æмæ йын мах, лæппу цы у, уый фенын кæндзыстæм – ныттылдтой-иу сæ хотыхтæ æмæ сæ дæхи хиз – ардыдта йæ, æнæуый

дæр туггоппа пагонджыныл. Æмæ, дам, мæ дæуæй, Ирбоны мын мæ ныхты бафтау, æндæр ницы хъæуы. Æз, дам ын, æцæг лæппу цы у, уый мæхæдæг фенын кæндзынæн уыцы куыдзы фыртæн. Ахстæй, дам, мæм рæстæгыл куы ´рбахауид, уæд.

Фæлæ нæ хæхты уыцы заманты æцæг абырæджы фæдыл губернаторæн дæр, бæсты бикъ æмæ комы дæгъæл куы фестадаид, уæддæр æнцон ахæтæн нæ уыдис. Абырæгæн алы æвæрд хъæд, алы къæдзæхты цъассыты дуæрттæ гом уыдысты, губернаторы адæмæн та – æрхæвæрд. Хин æмæ фыд адæмы никуы ничи уарзта нæ хæхбæсты.

Хицæуттæ æмæ сæ фæсдзæуинтыл æууæнк никуы ис. Уымæн нæ тылдысты губернаторы хъуыддæгтæ. Æмæ æлдары бынтондæр ницыуал ныфс уыд пагонджынтæй. Цагъайраджы æнæхъæн фондзыссæдз азы куы ´ргæвдай, куы марай, куы йыл тутæ кæнай, уæддæр дын быхсдзæнис. Фæлæ дæм куы баххæсса, уæд дын йæ ихсыд мылытæй дæр бахсындзæн дæ хурхы сæртæ. Рæсыдсæры судзгæ маст уымæн нæ сыст. Алырæтты агуырдта, æххуырста сусæг лæгмарджытæ. Æфтыдта сæ Ирбоны фæдыл.

Ирбон та... Цæй абырæг уыд, фæлæ исчи дæ фæдыл куы зила йæ хъузæттимæ, цæмæй дæ скуынæг кæна, уæд дзы рæстæгыл æфсонæн уæддæр хъуамæ бахизай дæхи. Æмæ лæппу бар-æнæбары кодта хæтæг лæг – æнæхъæн къуыригæйтты дæр-иу æрбайсæфт. Кæм-иу уыдис, кæмыты-иу хæтыд, уымæн йæхицæй дарддæр ничи уыдис æвдисæн.

Уæд дæр, Къуыдаргоммæ ме ´рдхорды уынынмæ цæуын, загъта. Йæ нывонд гал, дам, фырнæрдæй тъæппытæ хауы. Йе ´ртæаздзыд арахъхъ быркуыйы сбур æмæ нал у æнхъæлмæ кæсынæй. Цалынмæ йыл Ирбон сæмбæла, уæдмæ, зæгъгæ, сæ кой скæнын дæр нæ уадзы. Иу изæрмилты йæ сынтбазыр бæхыл абадт æмæ йæ цæст нал ауыдта.

Уый та, цæй Къуыдаргом æмæ цæй Туалтæ. Дзырд кæддæриддæр дугъон бæхыл бадт æмæ бады. Йæ хъус-

тыл æрцыд, уыцы сæнныуæзтæй рæсыдсæр та цыдæр лæгмар кæй баххуырста, Ирбоны фæдыл æй сусæгæй кæй æфтауы. Æмæ нал лæууыд æрхъæцмæ – раздæр сыл куы фембæлдаид, хъæргæнаг нæ, йе ´хсаргарды комæй сæ куы асхъаудтаид, уый йæ фæндыд.

Æлдары хъæуы йын уыдис зонгæ. Хорз зонгæ. Дæлзутæгтæн сæхицæй. Æууæндыдис ыл, кæд сæ кæронмæ никæуыл ис æууæндæн, уæддæр. Уырныдта йæ, дам-думтæй йæ хъустыл цы хабæрттæ ´рцыдысты, уыдон уый лæмбынæгдæр кæй зыдтаид.

Æфсургъ йæ уæнгты ´мбæрц йæхи нæма айвæзта. Фæндыдис æй, уæгъдидонæй йæ къæхты нуæрттæ зæрдæйы фаг сызмæлын кæнын. Æмæ кæйдæр талынг кæрты кодта йæ мидбынаты кафæгау. Тагъд ма йын фæуыдзæнис уайыны фадат æви йæ хицау уым хъавы кæйдæр талынг кæрты ныббæттынмæ? Стæй – кæдмæ?

Фæлæ Ирбон дзæбæх уыдта – йæ зонгæ лæг, фысым, кæрты астæу бады стыр дурыл. Йе ´нæфаст сæр ныппæрста йæ хъæбысы. Цæуы йæ фуртт-фуртт. Æгомыг куыды йæ судзгæ цæссыгтæй æхсы йæхи.

Ноджы йæ уæлхъус сираг бæхы тæлфаг къæхты уынæр æмæ згъæлаггæмтты мыртт-мыртт куы фехъуыста, уæд ныррызт, тæфсæгæй рынчынау. Йе ´фсæр ныззылын. Йæ дæндæгтæ сæ кæрæдзи нал ахстой. Йæ дыууæ тымбыл цæсты рацæйгæпп кодтой фыртæсæй. Цæссыгдзаст æмæ ´хсæвы цæстæй нæ базыдта ´рбацæуæджы. Сыгъдæгудмæ кувæгау, йæ уæрджытыл æрхаудта барæджы раз. Йæ еуу-додой фергомдæр. Йæ цæссыгтæ, сæ кæрæдзимæ быцæугæнæгау, ноджы ныггæргæр кодтой æмæ йын Ирбон фæтæригъæд кодта:

– Цы кодтай?! – бæхæй æргæпп ласта лæппу.

Фысым æй куы базыдта, уæд фырцинæй йæ зæрдæ бахъарм. Æмæ йын Ирбон ацахста йæ хæдоны хъуыртæ. Фæлæ лæзæрд хъуымацыл æгæр тыххæст фæцис – ссыд йæ пъæр-пъæр. Уæддæр æй ныууыгъта. Æмæ, лæг йæхимæ куы ´рцыд, уæд æй æрфарста æнафоны бæлццон: цы кæныс; цы сау мæтæй хæрыс йæ уд, зæгъгæ. Æмæ йын лæг тæрсгæ-ризгæ ацамыдта:

– Уим… – дыз-дызгæнгæ йæ лыстæг амонæн æнгуылдз дардта хæдзарырдæм.

Хæдзары чысыл, авгсаст рудзынгæй мидæмæ æхсæвы цæстсайæн рухс калд æви дзы æддæмæ лæдæрст дыдзырухс, уый æвиппайды æхсæвы цæстæн æнцон рахатæн нæ уыд. Йæ рахатыныл лæппу нæ дæр уадиссаг ахъуыды кодта. Цæмæн æй бахъуыд? Уæддæр дзы Ирбон бæлвырдæй цы рахатыд, уый уыдис – рæстæгæй-рæстæгмæ-иу къулæмбæрзт къæсы рудзынгæй æддæмæ райхъуыст цахæмдæр уæлмонц зæлтæ, агуывзæты къæрццытæ… Фæлæ æххæст бæрæг нæ уыд, исчи дзы фынджы фарсмæ бады æмæ рæстæг æрвиты æви… Цыма дзы чидæр сынтæгыл хуыссы æмæ… Цы кæнынц, уый дæр æххæст бæрæг нæ уыд… Цыма дзы хъæрзын дæр райхъуыст…

– Уим… Ма усима… – дæлзутаг, фæрксаст къæбысау, ногæй ныхъхъыс-хъыс кодта. Фæлæ Ирбонмæ диссаг цы фæкаст – йæ фысым кæугæ кæны æви худгæ, уымæн ницы бамбæрста.

– Уый та куыд?!. – фæцæйæрра кодта лæппу. – Чидæр уым?!. Дæ усимæ?.. Дæ бындар фæуай… Ды та ам тъизыс? – йæ фыртæвдæй йæ рахиз арм андæгъд йæ цыргъ хъамайы фистоныл.

– На, на, на… Сабир. Уа фидалта дар-иу афта кодтой… – фысым йæхимæ бахаста марæн кæрдтæ. Æфсæр нал уромы. Мæ усимæ, дам… ирон ис. Сусс. Ды куы ацæуай, уæд, дам, нæ иууылдæр ныргæвддзæнис. Хъама, дам, æм ис. Цыргъ хъама!

Æмæ Ирбон мæсты ту ныккодта зæххыл. Уайтагъд йæ дугъоны рагъыл куыд февзæрд, уый йæхæдæг дæр нæ базыдта. Цыма йæ фыдызнаджы уынджы нæй, фæлæ йæ райгуырæн хъæуы ис, уыйау æй фæцарæзта комкоммæ. Тас йæ хъуыдыйы кæрон дæр нал уыдис. Чъизийы хъылма тæф æм калдис алы самандур кæнæ зæххы къахт къæсæй дæр. Цыдæр дæлæмæдзыд, куыдзы ном худинаггæнæг къæбылагæндтæ-иу ыл сæ удтæ фæцæй скъуыдтой хæдзæртты къæсæртæй къæукъæуæй. Фæлæ-иу бæхы хуыррыттмæ, ома, федтай,

куынæ ныл фæтых дæ, сæрыстырæй амбæхстысты тыргъы. Стæй та-иу уырдыгæй ныммæнæ-мæнæ кодтой сæ тых, сæ бонæй.

Уыдон бынаты æрдæгæхсæв ирон цуанонтæ сæ хъæуы астæуты ´нæзонгæ барæджы сæрбæрзондæй, цапуалуадæй скъæргæ куы феникой, уæд йæ разы цæхгæр слæууиккой зæхмæ йæ ´рисыны тыххæй.

Æмæ лæппуйы хъуыдыйы стъæлфыд – Хуыцау кæй цахæмæй сфæлдыста, афтæмæй йын схай кодта, цы йын радта, уыдон дæр. Йæ туг, йе стæг ын нæ аивдзынæ. Куы йын сæ аивай тыхæй, уæддæр та кæддæр суыдзæнис, куыд уыд, афтæ. Æвиппайды йын нæй цæхгæр фæивæн, фендæрхуызонгæнæн, æнус-æнус цы хъуыдытæй цардис, уыдон дæр.

Æндæра, ау, куыд ис уый гæнæн, чидæр дын дæ хæдзары дæ усимæ?.. Ды та, дæхи дæр, гормон, дæ карды фындзыл сисыны бæсты, дæ тыргъы бадай æмæ дæхи дæ цæссыгæй æхсай? Иу мардæй фылдæр кæндзынæ, куыдзы хъæвдын? Æмæ ууыл тъизыс? Æви дæм уый мардæй фыддæр нæ кæсы, исчи дæ ратæра дæ сынтæгæй, æнæхицау къæбысау, æмæ дын де ´мкъайы дæ лыстæны?..

– Ту! – ноджыдæр.

Ахæм æмæ фыддæр хъуыдытæгæнгæ балæууыд йе ´цæг æрдхорды хъæугæрон. Бон нæма цъæхтæ кодта. Нæ йæ фæндыд йæ фысымты сæууон фынтæй байсын. Æмæ бæхы згъæлаггæмттæ рафтыдта. Систа йын йæ саргъ. Уæгъдæй йæ ауагъта нæууыл. Йæхæдæг æрхуыссыд нымæтыл. Йæ уадул саргъмæ ´рхаста æмæ тар фынæй аци, цыма йæ сæр йæ мады хъæбысы уыд.

Фыны йе ´рмттæ цыдæр ивæзаг хъылма, цыдæр стыррыны цæфæй сахуырстысты. Цыхцырмæ сæ нысыныл куы хъардта йæ уд, уæд æм æхxуысмæ фæзынд йæ бæх. Рæвдаугæ йын астæрдта йæ зачъе. Бамыр-мыр ын кодта йæ хъусы, ома, куыд ныффынæй дæ, хуры узæлдæй хæхты цъуппытæ куы батадысты.

Æцæг, хъæу лæууыдис йæ къахыл. Ирбоны ´рдхорды дыккагхæдзæрттæм уыдис чындзæхсæв.

Лæппу æнæхонгæ уазæджы хал ахæрыны бæсты йæхи æнæвдæлон рахонын хуыздæрыл банымадта. Ныллæууыд цæуыны къахыл.

– Цытæ дзурыс?!. – фысымтæ йæ ской кæнын не суагътой. – Æнæхъæн комбæсты нæ фидиссаг ныххъæр уыдзæнис, зæгъгæ, сæ уазæджы цины фынгмæ бакæнынхъом не систы, – худт йе ´рдхорд.

Иунæг цины фынгыл дæр мæгуыр у. Цалдæр рæгъы рацыд, æйтты рæгъ дæр сæхи фæци, уæддæр ма Ирбон æфсæрмытæ кодта, «ауылты цæуинаг нæ уыдтæн», зæгъгæ. Йæ алы фезмæлд, йæ алы февнæлд – чъызгæ. Адæймаг йæхи сæрибарæй кæм нæ фæхаты, уым æм алчи дæр свæййы дзырдхъом, ома, ды мæ цуры ничи дæ. Зæгъгæ, сæйраг æз дæн!

Æмæ хъæубæстæй иу йæхи карæн – æнæсæргонд-чидæр, нæ йæ зыдта, фæлæ, чысыл куы анызтытæ кодта, уæд æй, цыма, йæ хæйрæджытæ Ирбоныл ацардыдтой, уыйау æм дзырдæппарæнтыл ныллæууыд.

– Хъама куы бæттай дæ фарсыл, уæд æрмæст – ахæм! – бæллыдис ын йе ´взист хъамамæ. – Тæмæнтæ калы, йæ бонæй йæ уа. Æмæ цæмæннæ иса цæсты тигъ-тæ, цæмæннæ?!.

– Дæ азиæгтæ ам балхæдтай æви сæ уырдыгæй æрхастай?!. – ацамыдта-иу дард кæдæмдæр. – Ам ахæмтæ нæй. Æнæмæнг уырдыгæй, дард Азийæ ´рхæсгæ уыдзысты. Гъе-гъе-гъе!..

– Мæхи къухæй цæуынц.

– Дæ къахайстимæ куыд ныхъхъыс-хъыс кæнынц!

– Цæмæй мын къæрныхы цæуæн ма уа. – Ирбон æнхъæл уыдис, зæгъгæ, зоны, абырæджы номимæ кæ цæры æмæ мын уый дары мæ цæстмæ. Уый та уæлæмæскæсинаг рæдийын кодта.

– Хах-ха-ха! – уыцы худæг фæкаст Уæгъддзыхмæ.

Ныхас хъазынырдæм здæхта Ирбон, ома, абырæг нæ дæн, æз дæр, сымахау, мæ уæнгты тыхæй цæрын. Зæгъгæ, æз дæр, сымах хуызæн, сыгъдæгзæрдæ адæймаг дæн: дон нуазын, кæрдзын хæрын, мад æмæ фыдæй рацæугæ дæн, ис мын хотæ æмæ ´фсымæртæ. Зæгъын

æй фæндыд, æвзæр æй кæй никæмæн фæнды, æнæхъуаджы йæ чи бафхæры, æрмæст уыдонæй дарддæр. Уæлдайдæр, уазæгуаты. Фæлæ дæм Хуыцауæй цы кæса, уымæй, дæ цармы куы ныббырай, уæддæр ирвæзæн нæй æмæ уый зæгъ.

Ноджы ма фæйнæ цалдæргай сыкъатæ куы анызтой, уæд гом кæнын райдыдтой сæ зæрдæты ʼмбæхст дуæрттæ. Фысымты хъæуккаг лæппуйæ йæ цæсгомæн аргъ кæнын ферох. Ныууырдыг Ирбонмæ:

– Уазæг, æвæдза, ирон дæр ироны хуызæн нал у. Нæ фыдæлты дуджы, дам, зæгъгæ, ироны исбонæй дæ зæрдæ истæмæ бахъазыд, уæд дын фынг сæвæрдтаид, афтæмæй дын æй кад æмæ радæй ныллæвар кодтаид!

Лæппутæй йыл чи худгæ бакодта, чи йын буцтæм фæци – ома, дæ сæры зонд нуазыс, де ʼвзаг дæ цæмæннæ фæрсы? Фæлæ уæдмæ Ирбоны хъуыдыйы цыдæр ацыд судзгæ. Йе стъæлфгæ цæстæнгас андæгъд йе ʼрдхордыл. Стæй йæ фарсæй сæрдасæны хуызæн кард фелвæста. Цырыхъы хъусыл æй февæрдта. Æрфаста йæ сæрæй уæлфадмæ. Дыккаджы дæр. Фынджы бынты сæ, цыма йын сæ йæ уæгъддзых былтыл фæкодта, уыйау мæстыйæ баппæрста æнæгъдау лæппумæ.

– Рæхсæнæй сæ абидзынæ. Дæхи аккаг уыдзысты. Æниу, цы фыдæбон кæныс, уæддæр сæ дæ цæст никуы бауарздзæнис скæнын, – Ирбоны бафæндыд, исты йæм куы сдзурид ныхмæ. Фæлæ Уæгъддзых базыдта йе ʼнамонд. Уайтагъд авронг. Иунæг хъыпп-сыпп нал скодта. Ныхъхъæцыд алцæуыл дæр. Ирбон уыцы ʼхсæв йæ урс-урсид цъындатæ æмæ йе ʼрдхорды къогъодзиты радымдта уыцы хъæуæй.

Фæлæ къуыририйы бонмæ хæлæггæнаг лæппуйæн йæ дыууæ цæсты разæй, йæ кæртæй саргъæвæрдæй æрбатары йæ бæх. Цыма карчы цъиу уыдис æмæ йæ хъæрццыгъа аскъæфта – нал разынд йæ фæд.

Мæйы фæстæ сын сæ кæртæй, сæ тæккæ къæсæрæй чидæр æмбисæхсæв акодта æртæаздзыд, фырнæрдæй тъæппытæхауæг дыгæрдыг æмæ йæ, ацу, æмæ дæхицæн агур. Уый хыгъд се стыр, хъыхъхъаг куыдзы

ссардтой сæ фарсмæ стыр кæрдо бæласы цъуппыл тæсчъы. Каст тæсчъы сæрты бынмæ, зæхмæ æмæ-иу тарст хъыс-хъыс бакодта. Æвæццæгæн, зылд йæ сæр.

– Æнæфсис!.. Фесæфтай мæ! Бабын дæн!.. – бæласы зæнгыл баст ауындзæн бæндæн ын суадзыны бæсты йыл бынæй уæлæмæ ниудта Уæгъддзых.

Фæстæдæр-иу куы йæ гал æрбайсæфт, куы – йæ фыстæ. Старст йæхицæн дæр. Йæ сæрæн ницы уал зыд-та æмæ ныххатыд сæ хъæубæсты дзырддзæугæ лæгтæ æмæ Ирбоны ´рдхордмæ – лæппуйæн арвыста, дард Калачы стыр аргъæй йæ цæст йæхицæн кæй никуы бауарзта балхæнын, ахæм азиаг цырыхъхъытæ. Ирбонæн сæ арвыста дзадджын хуын æмæ стыр хатыртимæ.

Уалынмæ рацæй-рабон æмæ, Ирбоны тæлæттаг дзыгуын галтæ цы рындзæй атахтысты, уый сæрмæ сынтытæ къордгæйттæй куы райдаикկой зилдухæнтæ, бухъзæрдæ хъуахъхъытæ кæнын.

Уый хорзы нысан кæй нæу, уый алчи дæр хорз зоны. Комбæсты лæппутæ йæм цалдæрæй ацыдысты бæрæггæнæг. Цахæмдæр хъылма æмбыды тæф æмбудæнтæ цавта. Нæ сæ уагъта ´ввахс. Хъылма тæф. Фæлæ цы уромы лæппуйы хивæнд. Æмæ æнæрцæугæ, æнæфехъусгæ хъуыддагæй ныххæцыдысты сæ цæстытыл: иу рæхснæг талайы тæккæ цъуппыл, йæ дыууæ цыбыр цонджы бæласы фасты фидаргонд, афтæмæй зулчъытæ æмæ сынтытæ, халæтты холы фæцис…

Адæймаджы ´нгæсæн дзы ницы уал уыд.

Асæй, цыма, дæлзутæгты ´взаргæдæрты ´взаргæдæр уыдис. Уыдонæй – бæрзонддæр. Фæлæ йыл йе ´нæхсад пыхцыл сæр æмæ ´мпъызтытæ голлаг-дарæс гадзрахатæй цыдысты – уыдонæй уыд. Дæлзутæгтæй.

Дарæс дзы йæ рагъмæ кæмæн бахауы, уый йæ, цалынмæ йын бынтон алæзæра, йæ уæлæмæ йæ исты хуызы æмпъузæн, кæрæдзимæ фæхæцæнтæгæн уа, уæдмæ йæ ма раласа. Æппаргæ нæ, ласгæ дæр æй никуы ракæны. Кусгæ дæр уым кæндзæнис. Бæлцуаты дæр уым фæцæуы. Йæ хæдзары дарæнтæ æмæ йæ фынæйгæнæнтæ дæр уыдон свæййынц...

Уæ фарн – фынæй, фæлæ фæсвæндаг дæхи хъуыдыйы фездæхтæ, зæгъгæ, уæд дын цæмæй дæ бызгъуыр ласын ма хъæуа, уый тыххæй дæ къаба-хæлафы сагæхстæ уадз гомæй – лæугæйæ дын йе стыр ссывтытæ ´мбæрздзысты дæ гом буар, бахъуаджы рæстæджы йын йе ´рбадæнтыл фæйнæрдæм фæхæц æмæ дæ хъуыддаг – раст. Афтæмæ-иу, – уæ фарн – фынæй, – сæ мæрдтæнхæринаг сæ с…ы хъуынтыл тымбылтæй ныхъхъæбæр, фысы фæхсыныл куыд ныззæбултæ уой, уыйау æмæ-иу сын цæугæ-цæуын къæрцц-къæрцц кодтой.

Кæд-иу сæ йæ дарæс искуы исчи раласта, уæд – æрмæстдæр цыдæр стыр бæрæгбоны хæдразмæ, цæмæй йын йæ сыстытæ тæвд торнемæ ныццæгъда. Дарæс æхсын цы у, уый зонгæ дæр нæ кодтой. Сæ фæлыст-иу ногæй та раивтой, цыдæр стыр хъуыддаг ыл куы ´рцыдаид, æрмæстдæр уæд – кæнæ йæ амондарæн бон, кæнæ цардæй куы ахицæн уыдаид æмæ йæ фæстаг балцы куы хастаиккой.

Лæппутæ фенæг уыдысты. Цас базонинаг сын уыди, чи фæци сынтыты холы, уый. Йæ дарæсы бызгъуыртæ æмæ йæ сæрыхилæй уайтагъд базыдтой. Фæлæ сæ уырдæм, тæккæ ирæтты хъæлæсмæ, стыр хæснагыл бæхыл ссæуын куы ничи уæнды, уæд уый цы йæ фыдбылызы къæхтæ схастой рагъмæ? Исчи йæ дзæкъулы схаста?

Нæ Ирбæсты иууыл кадджындæр мард у. Æнæхъæн комбæстæ йæм фæфæдис сты – чи, кæй никуы ма фехъуыстой, ахæм хуызы ауыгъд куыд æрцыдис, уый фенынмæ; чи – æгъдауæн, чи… Адæмы нæ бамбардзынæ. Фæдис фæцыд, уæд æм дугъ кæн!

Бæлас ратасын кæнынæн цы хъуыдис? Æмæ йæ чи райстаид, уыдон дзы разынд. Цæмæй сæ ма хуыдуг кодтаид йæ тæф, фæпырх ыл кодтой алыхуызон кæрдæджыты дон æмæ йæ сæвæрдтой сынтыл. Фæбæрæг ын кодтой йе ´мтуг-стæг хиуæттæм, æвваxс бонты уæ ахæм æмæ ахæм кæмæй фесæфт, махырдæм йæ сæфты къæхтæ кæй рахастой, зæгъгæ.

Уайтагъд хъæуы астæуæй райхъуыст удмарæн цъæхснаг хъыллистытæ, фæсус богъ-богъ, судзгæ

хъарджытæ. Хъуыддаг фæбæрæг, судзаггаджы нæма федтой, афтæмæй. Ахæм æмæ, дам, ахæмы æлдар стыр æхцайыл баххуырста Ирбоны амарыны тыххæй. Дымгæйау, дам, уый фæдыл зылд… Мард чи фæцис, уый. Фæлæ йæ уырдæм цы йе ´намонды дымгæ схаста, уымæн йе ´нæдарæгæй баззайæг бинонтæ дæр уадиссаг ницы ´мбæрстой. Ирæтты хъæуты ´хсæнты ацæуын бон дæр ничи уæнды. Уый цафон сæфтыд уырдæм?..

Сæннуæзтæй рæсыдсæр æлдарæн ма Ирбонæй йæ маст райсыны фæстаг ныфс уый уыдис. Æнхъæл уыд, рæхджы йыл æркъуырдзæнис йæ къах. Æмæ иугæр уый къухтæм бафтыд йе ´ххуырст лæгмар, уæд ын цынæ зæгъгæ уыд, чи йыл æй бафтыдта, уый ном. Базыдта, тагъд ын йæхимæ дæр æнæфæзынгæ нæй æмæ, зианы нæма сæмбæлын кодтой йæ хæдзарыл, афтæмæй уый та фыртæсæй зæрдæскъуыд фæцис. Дæлзутæгты хъæу ссис додой æмæ ´рдиаг. Хъæубæстæ ´лдары хæдзармæ хъарæг кæнынмæ цыдысты, æххуырст лæгмары къæсмæ – алыхуызон дам-думтæ нывæндынмæ. Цынæ дзырдтой – цыма сæм ныр ирæттæ ныббырсдзысты æмæ сæ бындзагъд кæндзысты, бындзагъд… Кастысты стырдæр дудгæбæттæм. Фехъусын кодтой полицимæ…

Фæлæ йæ мардæрцыд цы уыдис – Ирбон нал æмæ нал зынд. Æнамондджинад иунæгæй не ´рцæуы. Стыхстысты йæ хиуæттæ, йе ´мбæлттæ, хъæубæстæ… Агуырдтой йæ сусæг-æргомæй. Алыхуызон тар хъуыдытæ сæм æвзæрд, фæлæ сæ фергом кæнынæй сæхæдæг дæр тарстысты æмæ ныххуыдтой сæ дзыхтæ.

Кæддæр куы уыд, уæд сæм фæфæдис лæппуйæн йæхи саулох. Фæзынд æнæ саргъæй. Æнкъард мыр-мыр бакодта мидæмæ. Йæ раззаг сæфтæджытæй хоста зæхх. Цыдæр сæ кæй домдта, уый сын цы базонын хъуыдис.

Æнæ мард æрдиаггæнгæ нæу. Фæлæ ´нæнхъæлæджы хабармæ бинонтæ февнæлтой сæ рустæм. Кæуынмæ хъæубæстæ фæфæдис сты. Чысыл хохаг хъæу сызнæт. Кæмæн сæ цы акæнгæ у, стæй æмткæй цы хъуамæ сарæзтаиккой, уымæн уа бæлвырдæй ничи ма ницы зыдта. Æмæ стыхстысты.

Уæдмæ фæзынд Ирбоны кæстæр æфсымæр. Æнæсаргъ бæхы рагъмæ баппæрста йæхи. Йæ хус къогъодзиты зæвæттæй йын фесхуыста йæ фæрстæ. Æнæ идонæй йæ ауагъта йæхи бар.

Æмбаргæ æфсургъ æй ахаста ком-ком. Изæрмилтæмæввахс æй мыствæндæгтыл балæууын кодта, бынтондæр æнхъæл кæдæм нæ уыдис, уым. Æдзæрæг комы. Рох лæгæты раз. Сызгъордта йæм къæдзæх асиныл.

Ирбонæн бахаудтой йæ цæстытæ. Йæ худ йе ´рфгуытæй фæдæлдæр. Йæ уадулты стджытæ цыма æддæмæ рацыдысты. Йæ бурдзалыг зачъе йын æрæхгæдта йæ фæтæн риу. Йæ цухъа йыл зынд ауыгъдæй. Стыр дæрзæджытæконд дурыл бадт лæгæты тæккæ былыл. Йæ цухъа æмæ куырæты дыстæ фæмидæгдæр сты рæмбынкъæдзтæй. Лæгæтмæ бахизæны фылдæр хай æхсæрдзæн-дуар кæм æмбæрзта, уырдæм дардта йе ´рмттæ. Их дон сыл калдис цыхцырджытæй. Доны ´ртæхтæ тагъдысты йæ фæдджитæй.

Кæстæр æфсымæры цинæн кæрон нал уыдис. Сæрæгасæй йæ фендзæнис, уымæйдæр, кондджын, зондджынæй, уый йæ тынг нæ уырныдта. Хъавыд ыл йæхи баппарынмæ, йе ´фцæджы ныттыхсынмæ.

Ирбон æм дзагцæстæй нæ ракаст. Фæхъил кодта йæ рахиз къух. Афæдзæхста йæ:

– Хæстæг мæм ма ´рбацу!

– Цы кодтай, ме ´фсымæр?!. Цы дыл æрцыд?!. Дæ хуыз дæ мидæг куынæ уал ис, уæд цы кæныс? – æвзонг лæппуйæн фырдисæй йæ цæсты гагуытæ æддæмæ бырыдысты.

Ирбон дзуаппыл нæ тагъд кодта. Дзырда сабыргай, бадт хъæлæсæй. Æхсæрдзæны уынæрмæ йын йæ алы дзырд дæр куыд хъуса йе ´фсымæр:

– Хъуыды ма кæныс, сæннуæзтæй рæсыдсæр æлдары ехсæй куы снадтон?

– Куыннæ йæ хъуыды кæнын?

– Хъуыды ма кæныс, йæ къæбыла мæн дамбацайæ ´хсынмæ куы хъавыдис æмæ йын куынæ уал фæтæригъæд кодтон, йæ хæтæл цонг ын куы бахстон?

– Куыннæ йæ хъуыды кæнын?

– Хъуыды ма кæныс, сæ дарæг, сæ уромæг дзыгуын галты сын мæ разæй сæныччытау куы ратардтон æмæ лæджы ном худинаггæнджытæ сæ бынтæ куы схуылыдз кодтой, уый æппæтæй сæ иумæ ахæм ныфс куынæ разынд, цæмæй мæ фæстæ æфсонæн уæддæр… рахъæр кæнын нæ… сабыргай радзырдтаид, нæ сывæллæтты нын æнæдарæг ма фæкæн, зæгъгæ?

– Куыннæ йæ хъуыды кæнын?

– Гъе, æмæ уыцы дæлæмæдзыдтæ… цъаммæрттæ, ницæйæгтæ!.. – мæсты кæнын райдыдта Ирбон. – Кæд сусæг фæндтæ кæнынмæ, искæй фæндæгтыл уæрмытæ къахынмæ дзæргъытæй сты диссагæндæр дзуринаг!

– Нæ дæ æмбарын.

– Кæд сæ, уæлæмæ цас зыны, авд ахæмы ис бынæй!

– Нæ дæ æмбарын.

– Уыцы сæннуæзтæй рæсыдсæр мын мæ фæдыл кæд бафтыдта лæгмар!

– Зонын æй.

– Цæмæй йæ зоныс?

– Æнæхъæн комбæстæ кæй зонынц, уый зонын мæнæн не ´мбæлы?

– Куыд æй зонынц æнæхъæн комбæстæ?

– Афтæ. Бæласæй йæ мах райстам.

– Цæмæн?!. Цæй тыххæй?!. Ух-х!.. Налат! – ныррызт Ирбон. Цыхцыры бын ныттылдта йæ тымбыл къухтæ. – Цæмæн æй райстат?!. Сынтытæн æй холыйæн цæмæннæ ныууагътат?!.

– Йæ цæстытæ йын скъахтой. Йæ буар кæм зындис, уым ын йе стджытæ бахсыдтой. Йе ´ннæ буар зулчъыты холы фæцис. Уый куы фехъуыста се ´лдар, уæд фыртæсæй йæ зæрдæ аскъуыд. Ныр дæр дзурынц, Ирбоны тæсæй, дам, фæраздæр йæ мæлæт, æндæра ма, дам, нырма бирæ сæны быркуыты тæригъæды бацыдаид…

– Æй, цъаммар, цъаммар… Раздæр æй хъуыдис нымарын… Хъæугæронмæ сæм барæй ныццыдтæн. Расайдтон æй мæ фæдыл. Йе ´ххуырст лæгмары. Гуырæйгуырмæ хъуызыд мæ фæд-фæд… Стæй мæхæдæг йæ

фæстæты фæдæн. Йе згæ хæцæнгæрзтæ йын куы ´ркалын кодтон… Ехсæй йыл куы ´рцыдтæн… уæд йæ цæнгтæ бæласы фасты атъыста йæхæдæг. Цыма дзы уæз нæ уыд… Бæлас уыцы сæрибарæй сраст… Йæ хъысхъыс ма цыдис, фæлæ æргомæй скæуын не суæндыд. Æвæццæгæн, раирвæзын æнхъæл уыдис.

– Хæдзары сæхи бахордтой…

– Зæгъ сын, сывæллон нал дæн.

– Нæ лæууынц сæ кæуынæй.

– Афтæмæй сæм куы ныццæуон, уæд дæлзутаджы тæфмæ сæ зæрдæтæ хæрдмæ хаудзысты æмæ сын тæригъæд кæнын.

– Æнæ дæу аздæхон?

– Мæнæн, цалынмæ уыцы смаггæнаджы тæф мæ къухтæй ссæуа, уæдмæ фæрныг хæдзары къæсæрæй бахизæн нæй, – йе ´рмттæ ´хсæрдзæны батъыста арфдæр. Йæ былтæ сæ азылын кодта иуварс. – Нæй мын хæдзармæ бахизæн!..

– Æз дæр æй хатын…

– Хатдзынæ йæ.

– Тæф кæнынмæ сæ ничи айафдзæнис.

Кæстæр æфсымæры сулæфæнтæ ныццавта, бæласы цъуппæй кæй рафтыдтой, уыцы ´мбыд æмæ сынтыты холыйаг дæлзутаджы тæф. Йæ бон нал уыд улæфын. Хуыдуг кодта. Йæ зæрдæ хæрдмæ хаудта. Йæхи цы фæкодтаид, уый нал зыдта. Хъавыд дзы йæхи цармæй агæпп кæнынмæ. Йæ галиу армæй аивæй ныххæцыд йæ дзых æмæ йæ фындзыл, афтæмæй Рох лæгæтæй ракодта згъорæгау. Лыгъд дард, дард. Тæф кæдæм нал æнкъардтаид, ахæм ранмæ.

Ирбоны зондджын саулохаг сын бæлвырд ницы ´мбæрста сæ хъуыддæгтæн. Иу сæ йæхи хуызæн цæмæннæ уал у, уый бæлвырдæй базонын нæ амыдтой йæ авналæнтæ. Фæлæ уый дæр стъæлфыд хохрæбын, æхсæрдзæны цур. Уый дæр-иу хъилхъусæй, йæхиимæ дзурæгау, бамыр-мыр кодта зæлланг хъæлæсæй.

Æмæ дзы уыцы разы уыдис Ирбон!

## ЧЫРЫСТИЙЫ ФÆДЗÆХСТ

*Алеш æмæ Таймуразæн цырагъы бæсты*

Фыдцардæн йæ бон дæр, йе ‘хсæв дæр; йæ хъал дæр, йæ фын дæр – фыд æмæ фыдбылыз. Æндæр-ма нæ кæрæдзиимæ кæд быцæу кодтам? Нæ ацыд, не ‘рбацыд, нæ хæрд, нæ нозт æппынæдзух – иумæ, «гъа» æмæ «гъо»-йæ куы уыдис. Фæлæ цард хæццæ кæнын куы райдайы, алчи дзы йæхимæ фылдæр хай куы фæласы, уæд адæм нал фембарынц сæ кæрæдзийы дзырд. Æгæрыстæмæй, фаззон æфсымæрты ´хсæнты дæр, йæ къæдзил сыллынджытæгæнгæ, азгъоры сау гæды. Афтæ нæм фæкæсы, мæ сих чи нæу, уый мæ цыдæр æмбæхсы кæнæ цыдæр давы. Æмæ уæд чи куыд æвзæрдæрæй ныллæууы хылы, тыхы сæрыл

Æцæг, махмæ быцæуагæй ницы уыдис. Бадтыстæм, æрвылхаттау, æртæйæ фынджы уæлхъус ме ‘мдзæрæн хатæны. Хаджейы-фырт мæнæй – æртæ азы хистæр, къæсхуыр æмæ мæнæй – гæзæмæ ныллæгдæр, фидæрттæарæзт; Алеш та мæнæй – раст уыйбæрц кæстæр, уый хыгъд мæнæй – чысыл бæрзонддæр æмæ дæрзæджытæ конд. Фæлæ нæ уыцы нымад бонтæ æмæ уæнгты конд никуы дæр цæрынæн хъыгдардтой, никуы дæр – кусынæн, фынджы уæлхъус бадынæн, уæлдайдæр. Фылдæрхатт – æртæйæ.

Уæддæр Хаджейы-фырт, йæ галиу уæхскыл размæ чысыл зулаив фæхæцыд, йæ гуырыконд фесхъæл кодта, тагъд-тагъд дыууæ армæй æрдаудта йæ тæнæг зачъетæ æмæ йæ, цыма, фыццаг хатт уыдта, ныккомкоммæ Алешмæ:

– Так! Уæддæр ды афтæ куыд жагътай, шывæллæттæ, дам, мын куы уа, уæддæр, дам, мын мæ чингуыты фæхъхъау фæуæнт?!. Хах-ха-ха!.. – худт ыл хæлхæлæй. Хъæлæсыдзагæй. Цæмæй мæсты кæна æмæ йæм зына ноджы худæгдæр. Стæй фæкомкоммæ, йæ

«Примæ»-йæ ма йæ амонæн æмæ астæуккаг æнгуылдзы ‘хсæн цы гыццылмур аззад, уымæ – æвæццæгæн ын йе ‘нгуылдзтæ судзын райдыдта. Уæддæр ма йæ сæнцъырдта уыцы зæрдæбын, уыцы тамакомондагæй æмæ йæ зынгæй йе ‘нгуылдзты царм ноджы гæзæмæ фæбур æмæ фæтардæр.

– Нæ, нæ, нæ!.. – йæ тарбур, хуызивд, бæзджын зачъе йæ тымбыл, дзæккор армæй зулмæ адаудта, æрдæгæй уæлæмæ йæ гуыр нынкъуыста æмæ йæ уд баскъуыдта Алеш. – Шæйнæфæлтау мæ гыццыл чызг йæ къахы алгъæй дæр схъæрза, фæлтау, нырæйфæстæмæ ма шы чингуытæ ныффыссон, уыдон дæр мын йæ сæры бæсты фæшæуæнт!

Фæлæ мын ды уый зæгъ: махæй алчи йæхи ныхасыздæхтыл куы журы, уæд а Хъазийы-фырт, – Таймуразы ардауы мæныл, – шæмæн ныххæшыд литературон æвзагыл? Кæмæй хуыздæр кæны йæхи?!. Уыдæттæм махырдæм дурæппарæн кæй кæны, уый дæ ферох, уый?!. – йæ кæсæн цæстыты бæзджын æвгты сæрты мæм ныдздзавта йæ дæргъæццон, уынгæг цъæх цæстытæ æмæ кæны уыцы хинæйдзаг худт, цыма мæ æцæгæй сфæлмæцыдис.

Ома, тагъд дыл дыуæйæ æвварс кæндзыстæм æмæ дæм митæ уыдзæнис. Стæй аслам «Примæ» ахæм зæрдæбынæй сæнцъырдта, цыма, Таймуразимæ тамако дымынæй быцæу кодтой æмæ йын йæ фæздæг йæ хъустæй рауадзынмæ дæр хъавыд.

Диссаджы адæм стæм – йæ кæсæн цæстыты æвгтæ + 14. Алешæн. Лæппу æнæ уыдон йæ уидыг дæр нæ уыны. Кæддæр ын дымгæ йæ нымæтхуд аскъæфта æмæ йын, цы фæци, уый нæ федта. Фесæфт уый номыл дзыхъхъынног худ. Нозты номыл ын адджын доны фæрсты дæр æдæрсгæ ацæуæн нæй. Карз нозты кой ма æргомæй чи кæны. Мах та, – цыма никуы æмæ ницы, – иу «Воткæ» адæлæмæ кодтам, ныр æнцад-æнцойæ сæныл ирхæфсæм нæхи. Нæхæдæг дæр цæмæннæ, фæлæ Гуыцмæзы-фырты цæстырухсæй цы кайы нозт, уый нæ хъуыдыйы кæрон дæр нæй.

Ноджы цы ахсæны хицау баскъуыхт! Алешæй зæгъын. Рæстæгæй-рæстæгмæ, уæлдайдæр, фынджы размæ содæ доныл нæ атайын кодта æмæ йæ нæ анызта, уæд ын фæлтау йæ удыбонтæ сæппар. Царæй-зæхмæ лæппулæг ныззылын-мылынтæ, ныттæстытæ вæййы. Йæхи цы фæкæна, уый нал фæзоны æмæ йын мæхæдæг дæр стæрсын: Хуыцау бахизæд, фæлæ йыл мацы ´рцæуа, зæгъын.

– Ма йæ нуаз – дæ ахсæн фæхуынкъ кæндзынæ! Диссаг у, иу дзырдæй куыд никуы фæчитт кæныс?!. – Цасфæнды йæ фæдзæхс, алы хатт дæр йæ дзуапп вæййы итувæрд: «Шалынмæ мæ ахсæн хуынкъ кæна, уæдмæйы шæрæнбонтæ мын куы раттид Хуышау».

Фæлæ уæд уыцы хъуыдытыл нæ уыдыстæм. Фынгыл куы бадтыстæм, уæдæй зæгъын. Таймураз уацмысты коймæ цыдæр поэтикон сæнтты ацыд. Иучысыл бадт æнæдзургæйæ, стæй йæ цæстытæ æристы æрдæгцъынд. Бæзджынгомау, фидар, фæлæ гæзæмæ ризгæ хъæлæсæй кæсын райдыдта йе ‘мдзæвгæ «Алайнаджы тох ромаг хæстонимæ»:

*Æз цæрынæн нæ райгуырдтæн.*
*Нæй мыл, ромæгтау, даргъ æвзаг.*
*Мæн дæ ныхмæ æрцагуырдтой:*
*– Та бан хас, ызнаг!*

*Нæу нæ тугкалд мæ азымæй, –*
*Уый мæ хæстон цард амоны…*
*О, куыд бæллыс, куыд разы дæ*
*Ацы сау тохы амондыл!..*

*Бæх дæ хæссынæй не ‘фсæды, –*
*Уасы, фесхъиуы, баризы.*
*У сæ цардамонд не ‘фсæдтæн*
*Баст нæ иуы уæлахизыл!*

*Æз, æфсымæрау, уарзин дæу,*
*Фæлæ тохы хъæр азæлыд,*

*Уæд ызгъæры бын дадзинты*
*Туг, ивылд фурдау, базмæлы.*

*Æз дæ уындæй нæ бафсæдин, –*
*Фидыцамад, ысгарбæрзæй! –*
*Фæлæ ахсæв нæ иуы цин*
*Хъуамæ сау нымæт бамбæрза.*

Йæ хъæлæс сабыргай райдыдта зæлланггæнагдæр, тыхджындæр, ныфсджындæр кæнын. Йæ ацы ´мдзæвгæ цыбыр нæу, фæлæ йыл дзырд дæр нæй, Таймуразы зæрдæйы дзæвгар хъулон æнкъарæнтимæ – нæ хъæбатыр, удуæлдай фыдæлтæм йæ зæрдæйы уарзтæй райгуырд. Йæ цин, йæ уды рис дзы бавæрдта æмæ, диссаг нæу, кæстæр хъæбулы уарзтæй йæ цæмæн уарзы, уый. Уыцы уарзтмæ, дæу фæнда æви нæ, уæддæр здæхдзынæ ног æмæ ногæй. Кæцыфæнды кары дæр. Уæлдай арæхдæр, къуымæлдзæфæй.

Поэт йæ уацмыстæй уарзгæйæ цы фæкæсы, уый адæймаджы фелвасы йæхимæ. Бынтон оригиналон куынæ уа, уæддæр. Æмæ ныхъхъус стæм Алешимæ. Таймуразæй мах, цыма, ферох стæм. Йæ цæстытыл уайы алайнаг æмæ ромаджы тох:

*Истуг хъаматæ рог ныдзæвдзысты,*
*Уаз ирон чызджы русты стæлфынау,*
*Æмæ уæд цирхъытæ сау æдзæм куысты*
*Арвмæ калдзысты судзгæ стъæлфæнтæ.*

*У нæ карз æгъдау – сатфæдисонæн*
*Ратт фыццаджы бар ды фыццаг цæфæн!*
*Рог куы ферттивы кард йæ фистонæй, –*
*Нæу лæджы нысан, нæй лæмæгъ уæвæн!*

*Дард ныззилдзынæ ды дæ сау фæринк,*
*Тугæй айсæрддзæн уый йæ фæтæн гуыр...*
*Æз ныхъхъæрздзынæн: О, мæ тохы цин,*
*О, мæ мады ‘хсыр!..*

*Стæй уæд – гъай-да-гъа! – сары арæнмæ*
*Лæг цы нæ быхсы! –*
*Æз дæу айсдзынæн комы нарæгмæ*
*Уым мæ хъæлæсы.*

Æмдзæвгæ кæронмæ куы ‘рхæццæ, уæд фæсабырдæр Таймуразы хъæлæс. Нал дзы хъуысы æртхъирæн. Цыма, йæ хъайтары мæлæтыл фæсмон фæкодта, уыйау. Нал абухы, знæт донау. Ныхъхъус иудзæвгар. Ныссабыр. Мах дæр нал улæфæм.

Æмæ та ногæй – Таймуразы хъæлæс. Ныр – фæсусæй. Сабыргай. Цыма, цæуылдæр фæфæсмон кодта:

*Цирхъы рог цъыввытт анæры,*
*Кæмтты азæлы сонт мыр-мыр...*
*Къух-ма зæрдæйыл авæры:*
*О, мæ мады ‘хсыр...*

Таймураз æрбадт æнæдзургæйæ. Йæ хæлафы дзыппæй систа йæ къухсæрфæн тымбылтæй. Ныссæрфта йæ ныхы хид. Йæ цъæх былтæ. Стæй фæуæлахизуæвæджы каст æрбакодта махмæ:

– Ныр-ма шымах дæр бакæшут ишты, прозаиктæ! Романтæ бакæшдзыстут æви уацаутæ?!. Дæ хæдзарæй райсомæй куы рахизай, уæд æрмæст дæр – поэтæй! Иннæтæ ницы сты! Ницы шты иннæтæ – æмæ фæциш! Афтæ загътон æз – Хаджеты Таймураз!

Мæнæн дæр фæцис уыцы фадат, цæмæй Алешы бацардыдтаин Таймуразыл æмæ йæ нæ ауагътон мæ иувæрсты:

– Уый бæсты де ´фсымæрмæ дзæбæх куы ‘ркæсис: цы йын ракодта къуыдайраг ныхасыздæхт?!. Цæмæн ыл систа йæ къух? Цæмæн?!.

– Уый та йыл куыд систа йæ къух?!.

– Йæ мад æмæ йæ фыд цы дзыхæй дзырдтой, ууыл йæ къух цæмæн ауыгъта æмæ фалæрдыгон æвзагыл цæмæн зары?! Цæмæн нæ худинаг кæны не ‘фсымæрты

‘хсæн, кæд раст лæг у, уæд?!. Ома, къуыдайраг ныхасыздæхт чиуы? Фæлæ дæхæдæг дæр нæ дæ фарны фæндагыл лæуд, æмæ уымæн цы хъуамæ зæгъай?

– Так! – йæхи фесхъæл кодта Хаджейы-фырт. – Æвварш мыл кæнут, нæ? Ферох уæ, жнон фалейæ кæй æрцыдтæн, и? – Уымæй тынг буц уыдис, алы хатт дæр нæм кæцæйдæр кæй цыд: «Мæшкуыйæ штахтæн», «Фалейæ æрцыдтæн», «Къуыдары уыдтæн», – уыдон ын хи буцгæнæнтæ уыдысты. Уæд, дам мæм адæм хъулон цæстæй фæкæсынц. – Так!

Æмæ та – ха-ха-ха, хи-хи-хи, хо-хо-хо!.. Афтæмæй агуывзæ агуывзæйы æййæфта. Æмæ нын никуы зынд сæ кæрон. Фылдæр хатт-иу нæ ферох, кæд райдыдтам. Æз та-иу фылдæр æхсæвыгæтты куыстон. Боныгон – паддзахады службæйы. Уыцы ‘хсæв дæр хуыссæджы цъынд нæ федтон. Нозт дæр кодта йæхион æмæ мæ цæсты хаутæ æвæндонæй, фæлæ сæхи хъæдæй æндæгъдысты сæ кæрæдзийыл.

Хорз ма ауыдтон, фæрсагæй бындз куыд æрбатахт. Йæ зæрды уыд нæ фынджы сæрты аразил-базил кæнын. Нæ нордтыл нын ахъазын. Æнхъæлдта, иугæр фынгыл бадæм, уæд дзы исты зæрдæхцон ацахоинагыл йæ цæст куыннæ схæцдзæнис, фæлæ дзы хус цыхт, цæхджынтæ, нурытæ, хъæдындзтæй дарддæр куы ницы федта, уæд зæрдæскъуыд фæцис тамако æмæ нозты хъылма тæфмæ. Цыма нæм арвæй раппæрста йæхи. Йæ зæрды бæргæ уыдис, мæгуыр, нæ цуры ´рбадын. Фæлæ йæ уды фыдæнæн йæ парашют нæ райхæлд – йæ къæрцц фæцыд фынджы лак рагъыл.

Ныккомкоммæ йæм Алеш. Байрадаид æнамонд уды сæфтæй, уый мæ тынг нæ уырны. Мæлдзыджы къахыл нæ фæлæууыдаид. Ныр нæ цæстмæ зæрдæскъуыд бындзыл уыцы стыр, зæрдæбын худт бакодта:

– Уый уал дын – фондж! – йе ставд æнгуылдзтæй йæ систа йæ лыстæг къахæй арæхстгай æмæ йæ æрæвæрдта фынджы быгъдæг кæрон йе ‘мтуг, æдзард бындзыты фарсмæ. Уыдоныл дæр раст уый æмбисонд акодта æмæ сæ Алеш тымбыл ласта иуранмæ, цæмæй

йын æнцондæр нымайæн уыдаиккой. – Ам нырма, мæнмæ гæсгæ, нæ тæригъæдæй бирæ бынджытæ фæуыджысты зæрдæскъуыд.

– Комкоммæ æви ахæсгæ нысаниуæджы?!. – уыцы зæрдæбынæй ныххудтис Хаджейы-фырт.

– Дыууæ хуызы дæр! – уыд Алешы дзуапп.

– Зонут, куыд? – афтæтæ никуы уыдтæн, ныр, нæ зонын, цæмæн, фæлæ мыл хуыссæг тых кодта; нæ фынгæн та æввахс кæрон кæй нæ уыдзæнис, уый тынг хорз зыдтон. Нырма галуадзын афон уыд. Æмæ нал басастон мæхи. – Цалынмæ сымах иу-дыууæ куывды кæнат, уæдмæ æз мæ цæстытæ фæсайон æмæ уæ аййафдзынæн… гæнæн ис, уæ разæй дæр фæуон.

Мæ тамако æрдæгдымдæй æртхутæгдоны, чысыл ма бахъæуа, ныцъцъæл кæнон, фæлæ сын бакастæн сæ тар, фæрсæджы цæстæнгасмæ: «Цæуыл нæ сафыс, тамако нын куынæ фаг кæны, уæд?»

Сабыргай, йæ гуырыконд куынæ фесафа, афтæ йæ ахуыссын кодтон æртхутæгдоны, стæй йæ мæ афтид тæбæгъы хъусыл æрæвæрдтон. Уый нысан кодта – æрыздæхдзынæн æм ногæй æмæ æхцонæй сулæфыдысты. Сæхинымæры ма нođжы цытæ гуым-гуым æмæ хъуыр-хъуыр кодтой, уымæ нал байхъуыстон. Æд дарæс батылдтæн сынтæгыл æмæ, цы фæдæн, уый нал базыдтон…

Стæй мæ райхъал кодтой æртæйæ. Уыдон дæр – зачъеджынтæ. Урсзачъеджынтæ. Ацæргæ лæгтæ. Уыцы зонддждынхуыз, уыцы хъуыддагхуыз уыдысты. Æви уыдон дæр, ныры кæнгæ адæмау, сæхи цæстмæ афтæ æвдыстой? Æмæ чи уыд сæ аргъуцы аккаг?

Мæ фадыбарц мын дзæбæхтæ кодтой. Архайдтой, цæмæй мацæуыл фæхъыг уон. Алцы дæр цæмæй уа нывыл. Дзырдта æрмæст сæ иу. Æвæццæгæн, сæ хистæр. Иннæтæ архайдтой æмырæй. Хистæры ныхас уыд цыбыр, фæлæ фидар:

– Хуыцауы фæнды дæ фенын.

– Цæмæн æй бахъуыдтæн? – ныккæуынмæ хъавын мæ хъæлæсы дзаг. – Нæ мæ фæнды! Нæ мæ фæнды!..

Ацы хуызæнæй куыд бацæуон йæ размæ, – æфсонæн амонын мæ фадыбарцмæ.

Фæлæ мæ ницæмæй фарстой. Мæ хъуыды сын фæндон нæ уыдис. Дыууæйæ мын фæйнæ армæй мæ уæхсджытыл, иннæ – мæ сæрыл æрхæцыдысты. Æвæндонæй мæ слæууын кодтой мæ уæрджытыл. Уымæйдæр – æнæдзургæйæ.

Уыцы рæстæджы мæ разы даргъ, сау пæлæзы, йæ сæрыл – худ, йæ зачъе – сау, йæ хъуымбыл сæры хил – йе уæхсчытæм, февзæрдис Чырысти. Табу – йæхицæн. Йæ цæстæнгас – стыр арф. Йæ рахиз армы æртæ хистæр æнгуылдзты зæрдæтæ кувынæввонг сиу сты. Каст сæрыстыр æмæ хъуыддагхуызæй. Мæнмæ. Цыма мæ цыдæр ныфс æвæрдта, афтæ мæм фæкаст. Фæлæ, цы, уый нæ хатыдтæн.

Мæнæн мæ хъæлæс ныххауд, фæлæ нырма цыд мæ хæкъуырцц. Ныр бамбæрстон, уыцы æртæ зачъеджыны сыгъдæг удтæ – зæдтæ кæй уыдысты. Чырыстийы раз фæйнæрдæм алæууыдысты. Уый та слæууыд, – табу – йын, – мæ хæнтразмæ. Каст мæм рæвдаугæ, арф, хъуыдымдзаг æмæ рæвдаугæ цæстæнгасæй. Стæй мыл райдыдта дзуарæфтауын. Дзырдта сабыр, фидар хъæлæсы уагæй, цæмæй йыл æвуæндыдаин кæронмæ:

– Ды зæххыл хъуамæ уай мæ бартимæ!

Æртæ хатты мыл дзуар бафтыдта. Зæгъгæ æндæр ницы кодта, фæлæ йын æнæдзургæйæ æмбæрстон, цы зæгъын æй фæндыд, уыдон: «У фыдрæстæг. Адæм сæ кæрæдзийы кæрдтыл æфтдзысты. Хъæудзæнис сын æххуыс кæнын. Сæ куывд сын æмбæлы Хуыцаумæ хæццæ кæнын. Уый у дæ комкоммæ хæс дæр æмæ йыл дæхи ма тигъ кæн. Араз, цы дын дзурын, уый».

Æз мæхи æххæст нæма æрцахстон. Мæ сæр зылд куыройау. Фæндыд мæ дзурын, фæлæ ме 'взаг ныууад мæ комы. Ныссалд. Ницы дзуапп радтон Чырыстийæн. Фехъал дæн цæссыгдзастæй…

– Хах-ха-ха! – Хаджейы-фырт, йæ галиу уæхск фырхъалæн раппæрста гæзæмæ размæ, йæ гуыр нысхъæл кодта, йæ сæр фæстæмæ аппæрста æмæ хæл-

хæл кæны. – Уый цæй диссаджы кæуын жоныс, ме ‘фшымæр, æмæ дæ куынæ жыдтой!

– О, Дунескæнæг… – сыбар-сыбур кæнын æз.

Гуыцмæзты Алеш ныггуыбыр кодта ноджы. Æрдæгæй уæлæмæ йе стыр гуыр дыууæрдæм, реуагæнæгау, ратил-батил кæны æмæ, цæмæй йæ кæсæн цæстытæ ма ахауой, уый тыххæй сæ йæ галиу армы амонæнæн æнгуылдзы цъуппæй нылгъывта йæ фындзы рагъмæ. Байтыгъта йе стыр дзых æмæ йæ бæзджын хъæлæсæй бæзджын худт кæны:

– Ныр куы амæлон, уæддæр ыл нал фæсмон кæнын. Федтай – кæуæг мыл уыджæнис, кæуæг! Хах-ха-ха!.. Дæхиуыл фæхæцын нæ зоныс, – хæцыд Хаджейы-фыртмæ. – Цы хъарæг кодта, æххæст уый фехъуыстаиккам. Кæдæм хæл-хæл кодтай?!.

Æз чысылгай мæхи æмбæрстон:

– Ныр дæр уæ нæ бауырндзæнис, кужмандуритæ, мæ хъалы фыдæбæттæй мæ фыны удхæрттæ дудгæбойнагдæр кæй сты, уый? Федтат, фыны ‘гъдауæй мæ сæрыл куыройы цæлхытæ куыд зилынц, уый?!. Федтат, къуырматæ, æви нæ?!. Æниу, сымах цы зонут æмæ цы хъуамæ фенат?

Æмæ сын радзырдтон, мæ фыны мæм Чырысти зæдтимæ куыд фæзынд, цы мын ныффæдзæхста. Æмæ сæ уый ноджы амардта худæгæй. Бынтон æрæджыйау Алеш уæддæр фæхæцыд йæхиуыл æмæ йæ цъæх цæстытæй нымдзаст Таймуразмæ:

– Кæсыс æм, йæ фынты дæр шытæ уыны?! – стæй фемдзаст, ног бындз куыд фæхуыдуг нозт, тамако æмæ нурыйы хъылмайы тæфæй. Йæ тъупп фæцыд фынгыл. Алеш æй йе ставд æнгуылдзтæй арæхстгай систа йæ саст базырæй. Æрæвæрдта йæ фынджы афтид кæрон йе ‘дзард туг-стæг æфсымæрты рæдзагъдыл. – Уый уын – фынддæс!

Алешы нымадæй фæхатыдтæн, мæ фын цас ахаста. Æмæ æфсæрмхуызæй ныккастæн мæ афтид тæбæгъмæ, ме ´рдæбоны ´рдæгдымд «Примæ»-мæ. Фæндыдис мæ, куы йæ ссыгътаин, зæрдæбынæй йæ куы сцъырдтаин,

йæ фæздæг ын куы рауагътаин здыхсгæ-здыхсгæ. Фæлæ йæ нæ иста мæ куыйтыхæринаг зæрдæ.

Диссаг куыд нæ уыд, мæ фыны фæстæ мæм нал дæр тамако дымын цыдис, нал дæр нуазын… Хæрдыл, куы йæ загътон, æнæуый дæр нæ къух ницы-уадиссагыл фæхæст. Стæй йыл тыхсгæ дæр мæнæ-мæнæ никуы бакодтам. Ацы царды алцы дæр ахуырæй у…

Æмæ базарыдтæн ныллæг хъæлæсæй…

Уый кæд уыдис! Кæдыккон фын у! Мæ мæгуыр æрдхорд-æфсымæртæ мыл сайдæй раджы рацыдысты – æвæндонæй, раст сæ бæллицты фыцæнты цардцухæй афардæг сты се 'нусон дунемæ – уымы бæстæм: Алеш – нæ фыдбоны сыхæгты сау нæмыгæй, Таймураз – фыдцарды азарæй. Дзæнæттаг уæнт. Фæлæ иунæг бон дæр нæ цух кæнынц мæ цæстыты разæй.

Цæуын сæм мæ царды, мæ фынты, мæ бæллицты:

## ДÆТТÆЙ

*Кæй адзалыл фæрайынц, уый æгад у.*
*Къуыбар цæссыг кæуыл фæкалынц – фесты дзы æдзар.*
*Алеш, Таймураз, у æгад, гъе, кад у –*
*Дæттæй сымахимæ та иу едзаг фынгыл фæзар!*

Диссаг куыд нæу, нæдæр мæ Чырыстийы фæдзæхст рох кæны. Уыцы фæдзæхст дæр, цыма мын æй мæ ныхыл ныффыста, æппынæдзух лæууы мæ зæрдыл.

## Ц И Н

Диссагæн дзуринаг у нæ адæймы сконд – нуазын дæм цæуы æмæ баназ. Цæй æмбæлттæ агурыс – сыкъа мардхæссæн сынт у, дыууæрдыгæй йыл куынæ схæцай, уæд бынатмæ нæ фæхæццæ уыдзæнис, гормон? Ноджы диссагдæр та – куы нуазай, уæд цы ´нæмæнг у, нæхицæн куы зæгъæм, уæд фынгтæ хæрдæй тасой? Бынтон диссагдæр та ирон лæджы сконд у: нуазыс, уæд дын уый алфæн, мард дæ, ‘гас дæ, æнæмæнг ссарын æмбæлы ´фсон – афтæ æмæ афтæ, уый тыххæй æмæ уый тыххæй æвæрд æрцыд фынг, зæгъгæ.

Уыдæттæ нын, – нæ дзæнæтыбадинаг фыдæлтæн сыгъзæрин тæбæгъты фæрухс чындæуæд, – уыдонæй баззадысты. Сæ аппарын нæ тынг куы фæнда, уæддæр, нæ туджы афтæ ныффидар сты, æмæ уый нæ бон нал бауыдзæнис. Æмæ сыл куы дзурæм, уæддæр уый, къæдзæхыл хуыртæ калæгау у. Стæй сæ æппаргæ дæр куыд кæныс?! Кæнæ цæй охыл? Дæ туг куы аивай, адæмы ‘хсæн бæрæг кæмæй дарыс æмæ дын фарнхæссæг чи сты, уыцы хуызтæ чъырæй куы сцæгъдай, уæд ма дæ инкубаторы цъиуæй уæлдай кæнгæ дæр чи цы кæны? Ничи.

Æмæ Бытъыр, йæ ныллæг, цыма цудгæ фæкодта, йæ уыцы самандурæй конд хæдзары чысыл рудзынджы тæрхгондмæ йæ куыстæфхæрд, ардуаны фарсау, дæрзæг æрмттыл æруагъта йæ æнæдаст цæсгом, афтæмæй лæууыд гуыбырæй. Рудзынджы чъизи авгæй каст, æддейæ арв куыд хауд дæлæмæ. Кæдæйнырмæ йын нал æмæ нал æнтыст æрлæууын.

Авг та чъизи, кæдæй нырмæ рацард, уый рæстмæ йæхи зæрдæфысты дæр кæй нал баззад, уый тыххæй уыдис. Рæстæг ын куыд схæццæ, афтæ йын схæццæ йæхи хуыз дæр. Авгæн. Æмæ нал æмæ нал ахста йæ цæсгом. Фæлæ уыдæттæ Бытъырæн, æддæмæ кæсгæйæ, йæ

фæсонæрхæджы дæр никуы уыдысты. Зæгъгæ, йæм æддейæ бынтондæр ницы зынд, уæддæр тынг хорз уыдтаид, къæвдайы æртæхтæ сæ кæрæдзийы фæдыл гуыр-æмгуыр хидкалгæ куыд скъæрынц. Мæнæ-мæнæ сæм сырхтæпп кæсаг фæкомкоммæ, уæд æртах-æртах – æртахтагыл мигъты сæрæй агæпп кæнид. Уыцы цыхцырджытæ хæдзары æрдæгæмбыд æмбæрзтмæ куыд ныккомкоммæ сты, Бытъыр уыцы уынæр куынæ ахсид, уæддæр йæ цæстытыл бæрæгæй уаид, дæргъæй-дæргъмæ æртæх-зæгæлтæ сæ удтæ куыд уæлдай кæныц йæ фæхуынчъытæ кæныныл. Цыма, сæ уды быцъынæг скъуынгæ, фысыммæ лæбурынц.

Æмæ йæм лæбурæнт. Уыдон æддейæ, уый, Бытъыр – мидæгæй. Цы йын сæ бон у? Кæсаг дæр сæ, уадз, гæппытæ кæнæд. Æртæх-зæгæлты. Цы бар æм дарынц? Æрмæст сæ, уæлдайдæр, ахæм къæвда, мæй æмæ æрдæг, дыууæ мæйы размæ куы æрфарстаид, уæд ын аргъгæнæг аргъ бæргæ не скодтаид. Йæ кады ном ныхъхъæр уыдаид. Къæвдайæн. Мæгуыр, зæхкусæг адæмыл хорзæйтæ рауагътаид æмæ уый ницы у!

Куыд снæрстаиккой, гормон, мæнæуы хуымтæ! Нартхор, мæгуыр, йæ паддзахы худы къæбæлдзыг коцора фырбуцæн арвыл хафтаид. Иннæ ахæм халсæрттæ! Фырбуцхастæй, фырнæрдæй «офф» кæниккой, офф! Акæс æмæ ды уыдонмæ!

Фæлæ йæ ныр дæр Хуыцау адæмы фарнæн рауагъта. Уарыны. Иу уый, æмæ ахæм къæвдайы хæнтфæстæ сæнæфсиры гагатæ, армыдзаг тæбын къуыбылæйтты æййæстæ суыдзысты. Сæ цармы нал цæудзысты, сæ цармы, сыгъзæрин фестой.

Цупæлттæ ныннæрсдзысты, æлвынинаг уæрыччытау, сæ бындар макуы фæуой. Гъа-гъа-гъа, цас сæ уыдзæнис, цас, царддæттæг, ныфсдæттæг, амонддæттæг... Диссæгтæ æмæ ´мбисæндтæ!

Дон æй схонæм? Нæ, сæнæфсиры æлутон тæнгъæд «дон» æрмæстдæр адæймаджы сæфтмæ бæллæг, адæймаджы фыдызнаг схондзæнис. Æрмæстдæр æй бынтон ницæйаджы цæст бауарздзæн афтæ бафхæрын! Куыд ис

цинхæссæг, уарзтхæссæг, фарнхæссæг, стæй, боныфæстагмæ, адæймагыл базыртæ садзæг… диссаджы æмæ ´мбисонды стыр цыдæрæн «дон» схонæн?! Кæцы фыдгæнæджы зæрдæ батæрдзæнис уый йæ дзыхæй сæппарын, дæлдæр фæуа?!.

Æмæ йæ стæй уыйфæстæ, йæхи куы ´рцахса, бынозæй куы сулæфа, уæд цахæм цæсгомæй райсдзынæ, гормон, дæ къухмæ? Цы зæрдæйæ дзы батабу кæндзынæ не Сфæлдисæгмæ, сыгъзæрин тæбæгъты йын фæкуыивдæуа, адæймаджы уыцы стыр хорзæхы аккаг чи скодта, æмæ нын æй чи радта! Кæмæн æй хоныс «дон»?

Нæ, уый Бытъыры, стæй лæгау-лæджы цур зæгъын йæ ныфс ничи бахæсдзæнис, арсы зæрдæ йын куы феста, пылы тых æм куы уа, уæддæр. Уымæн æмæ цæсгом уыдонæй уæлдæр у. Сæйрагдæр. Адæймагæн йæ цæсгом йæ тых æмæ йæ асæй уæлдæр лæууы.

Ацы къæвдайы хорз ма уый у, сыгъзæрин феста, æмæ райсом хур зæххыл куы атула, уæддæр æцæг зæхкусæг нæлгоймаджы ми кæнинæгтæй бакусынæн никæцы сбæздзæн. Быныбынтондæр! Уæлдайдæр, нæ дæлбыдыр уа, нæ уæлбыдыр зæххыл. Бадай дæхицæн. Улæф. Ницытæ-мацытыл ирхæфс дæхи.

Æмæ уый у, уый, гормæттæ, йæ рахæцæн! Йе стыр æмæ йе ‘мбæхст рахæцæн! Йæ зæрдæйы къуымты сусæгæй ууыл цин кæны Бытъыр. Райсом, йæхи æцæг лæджы фырт чи хоны, уый, фæнды йæ æви нæ – æцæг лæджы куыстытæй сæрибар уыдзæнис! Сугмæ цæуын удмарын у, зæхмæ февналын – тæригъæд. Лæгау-лæгæн бон Хуыцауыдзæгъæлы сафын – худинаг æмæ мæлæт!

Бытъыры цæстæнгас хуызсæфт авгæй æртæхтæй быд тынты ´хсæнты андæгъд, къæвдадон змæстæй куыд згъоры, нырмæ хурмæ чи сфыхт, куыстдзагъд лæджы æрмттау, хурмæ чи ныггæлиртæ, зæххы уыцы уæлцъарыл. Нæ дзы барухс йæ зæрдæ. Къæвдайы дон йæ сæрты æгæр æнцонæй згъордта. Уырдыгæй агæпп кодта амад фæйнæгæй арæзт сæндоны размæ. Стæй – сæндоны раз къæхты бын над мæрмæ. Дарддæр – йæ дыууæ кæрæттæм цы чысыл къанаугæндтæ цæуынц,

уыдонмæ. Уыцы фыдракæнон хуыз ын уыдис. Къæвдадонæн. Нæ дзы барухс лæджы зæрдæ. Æмæ Бытъыр, катайгæнгæ, бабæллыд зæрдæбынæй…

Æтт, дæ-дæ-дæй, йе ‘фсымæр Митъуйау ын амад дурæй куы уаид, уæдта, йæхи сæндоны фæлгæтты агъуыст арæзт!.. Уыцы бæстæттæ конд, уыцы аивтæ йæ ныззылдта. Митъу. Цыма зæхх батонын ис йæ зæрды. Цыма царды сæрты акъахдзæф кæндзæнис. Аразджытæ йæм Хурныгуылæнæй æрбакодта. Æгас мæйдæргъы цына дур ластой æмæ ластой. Мæйы бæрц сæ рацъон фæрæттæй уыцы бæстæтты амадтой, йæ бон макуы ныккала!.. Ома, Бытъыр æн дур – йæ гуыбыны. Мæгуыры сæндонæн хæрдты кæсгæйæ нæу. Цæмæй йæ сæндоны сæн бирæ ма лæууа. Фæлæ сурæг дæр Хуыцаумæ куывта æмæ лидзæг дæр.

Уый дын æфсымæр!

Куыннæ исдзæнис ахæм сæндон, Митъуйы сæндон, цæсты тигътæ! Галуанау, дардмæ дæр урс-урсидæй æрттивы! Цæст дзы улæфы, цæст. Куы йæм бакæсай, уæд – дæ бындар фæу, дæ бындар…

Цæмæннæ йæм уа тæхудыгæнджытæ! Йæ фæсфæстагæттæ дæр дзы буц цæмæннæ уой? Лæгбындарæй йын иу цъиутысайд ис… Æмæ бæргæ сæхи халдих у, – бирæ цæрæд, æвзæрæн хорз зæнæг цæуы, – фæлæ уынгты куы фæзыны, уæд æгас зылды цуанонтæ æмбу кæнын райдайынц. Куыдз хуысгæ кæм фены, уым æм сабыргай-сабыргай фæстæты бацæуы. Йæ къæдзил кæнæ йын йæ фæстаг къæхтæ куыд ацахсы, уый мæгуыр цуанон йæхæдæг дæр нæ базоны. Райдайы йæ зилын, райдайы йæ зилын… Йæ алыварс.

Уæдта кæйдæр цуанонæн йæ ахсæн йæ мæнгхурхы фæбадт, гормон! Фæлæ йæм, ахæмтæ нымады дæр не сты. Бытъыры æфсымæр Митъуйы фыртмæ. Куыннæ, ма сæ æрцахса йæ сæр. Æндæр мæт æй нæй. Йæ фыд дæр афтæ у. Дæртты хуыфын нæ фæцахуыр сты. Райсом цы уыдзæнис, уый сæ не ‘ндавы. Абон сын хорз уæд æмæ та, зæгъы, райсом Хуыцау ратдзæнис. Цымæ кæцы хорз лæджы федтой ахæм фæндтæ нывæндгæ?

Фæлæ ма йæ басæтт. Сæгъæй сæныкк цæуы, фысæй – уæрыкк. Æмæ уымæн, цъиуты бæлæлæйæн, дурæйконд сæндон баззайдзæнис йæ фыдæй. Уымæй дæр – амад дурæй конд сæндон. Бытъыры фыртæн та – гæлхæрд сæндон. Æмбыд фæйнæджы гæппæлтæй гобытъитæ арæзт сæндон. Фæлæ уый хыгъд, йæхи тугвæллойæ арæзт. Стæй кæйдæрты сæндæттау афтид, гæдыты симæн нæ, фæлæ сæнæфснайæн. Сæндон!

Йæ бонæй йæ уæд. Бытъыр дæр æгас районы сæрбосылхæцæг куы уыдаид бирæ рæстæджы, уæд амад дурæй арæзт сæндон нæ, галуантæ ныззылдтаид, галуантæ… Стæй æрмæст Урсдурты нæ, фæлæ суанг районы тæккæ астæу!

Уас, Бытъыры райгуырæн рæстæгæн æвзæртæ фæлдыст! Советон дуг æй цæмæннæ ´рæйййæфта рæстæгыл!.. Æндæра, уый дæр сахуыр кодтаид чиныджы! Афтæ сахуыр кодтаид, афтæ, кæйдæрты фыддæрадæн!.. Æмæ уый дæр…

Сæндоны ныхæй сæндоны ныхы кæрæттæм зулаив цы чысыл къанаугæндтæ цæуынц, уыдон сæрддонсæрддæргъы алы бронæй байдзаг сты. Къæвдадон сæ рæстмæ нæ цæуы. Хуыдуг кæны уæлæнгай къанауты æмæ алæгæрста сæ сæрты. Уыцы ракæнонхуызæй гæппытæ, тæррæстытæгæнгæ, афсæрста сæндонæрдæм. Фæрæтæй амад фæйнæг ын цы у? Мидæмæ ныссæх-сæх кæндзæнис сæ зыхъхъырты. Змæст донæй цас айдзаг кæнинаг у армыдзаг… кæд бынтон армыдзаг нæу, уæддæр сæндон? Стæй йæ къусгай кал.

Бытъыр фестъæлфыд. Æрдæгталынг къуымты цæстæнгасæй ацагуырдта цыдæр. Фæкомкоммæ, пецы фарсмæ цы тæрх ныддæргъ, уымæ. Æппæрст ыл уыд афтид голлаг. Æмæ йæ рæвдзæй фелвæста лæг. Йæ ком ын фæзылдта бынмæ. Йæ быны иу къуым ын фæцавта иннæйы. Пæлæзы конд æй акодта йæ цæгæргонд сæрыл. Æмæ цыма къæвда нæ, арвæй йæм хурты хуртæ ныккастысты: йæ къогъодзитæ нал бырыдысты – уыцы лæбурæджы цыдæй фæраст сæндонмæ. Фегом ын кодта йæ мæнгæхгæд дуар.

Лæджы зæрдæйы хур йæ был сдардта – ныррухс Хуыцауы радтгæ стыр цин æмæ диссаджы сæрыстыры ´нкъарæнтæй. Сæндоны сыджытбын астæрд, сæрды судзгæ бонты, донмæ бæлгæ, куыд ныскъуыдтæ, афтæмæй лæууыд хусдзыхæй. Цæй къæвдайы дон æмæ цæй донивылд-цыдæр. Цыма арвæй æртах не ´рхаудта!

«Нæ, нæ, мæ хæнцъул!.. Афтæ!» – йæхицæй байрад хъалзæрдæ Бытъыр.

Сæндоны къултæ зæххимæ кæм иу кæнынц, уым сæ æнгом бамбæрзта толæй. Уыдисны бæрц æй зæххы дæр ауагъта. Фæйнæг къулимæ сæ фосы фаджыс æмæ ставд зыгуымимæ хæццæйæ кæй байсæрста, уый фæстæ та – æлыг æмæ зыгуымæй, уый тыххæй иу галы бузныг фæцис, – йæ развæлгъау æрхъуыдыйæ бузныг дæр цæмæннæ фæуыдаид, – йæхицæй.

Æмбаргæ лæг йæ сомбоны микæнинæгтæ афæдзраздæр аразы, афæдзраздæр. Бытъырæн, йæ сæндонмæ дон кæлгæ нæ-нæ, хъаргæ дæр кæй нæ бакодта, уый тыххæй йæ зæрдæ куы барухс, уæд сæрыстырæй райста къæпи æмæ рахызт æддæмæ. Ничи йæм кæсы? Цыма къæвдайы цыхцырджытæ нæ, уалдзыгон хуры тынты бын лæууы, уыйау сабыргай, æвдæлоны сыгъдæг кæнын райдыдта донцæуæн къанаугæндтæ. Æгайтма, уаргæ кæны. цæхх куынæ у, мыййаг.

«Афтæ, гъе, – куы фæци куыст, уæд къæпи цæгатæрдæм æрхоста дойнаг дурыл, æмæ йæ бакъул кодта сæндонмæ бахизæн къуымы. Ныр, искæй тынг куы фæнда,уæддæр къæвдайы доны фæндæгтæ йæ сæнты ´вæрæнмæ æхгæд сты. Уæддæр ма йæ цæстæнгас ныссагъта, рæбинаг къулы цур рахизæрдыгæй сæрыстырæй стæхынвæндтæ цы ногист быркуы кодта, уым.

Бæрзонд æвæрд у, йæ бонæй йæ уа. Йæ алыварс – æлыгæй дардыл бæзджын сæрст. Йæ сæрыл – клиенкæйы гæбаз дывæлдахæй. Уæлейæ йыл  дойнаг тæнæг дур ахæм ныфсджын дæлгом ныццис, афтæ йыл нындæгъд æмæ, мæ бон акæн, кæд ын искæй, – уынын нæ, нæ, –  йе ‘мгæрæтты Бытъыры ´вастæй æрлæууын дæр бауадза. Тъæпæн дойнаг дур.

«Нæ, дон куы æрбакалдаид, уæддæр дзы æдас уыдис, – сæрыстырæй байрад Бытъыр. – Лæгау-лæг цы кусы, уый – бæстон. Иу бонмæ кæй аразай, уый æнусты фаг куынæ скома, уæд уый арæзт нæ хуыйны. Зайгæ дæр афтæ бакæны: бонæн арæзт – æнустæм. Цард кæцырдæм ныззилы, уый ничи фæзоны не Скæнæгæй дарддæр – табу йæ тæхæн базыртæн.

О, фæлæ… Иу уынд ма йæ куы фæкæнин? Мацы…» – лæджы рахауинаг цæст та йæхи скъуырдта, уырыссаг афицерау, сæрыстырæй чи слæууыд, бæрзæндты чи кæсы, уыцы быркуыйыл.

Сахат, сахат æмæ æрдæджы размæ систа быркуыйы сæр. Бæстæтты йæ ссыгъдæг кодта. Арæхстгай йын скалдта йæ сæртæ. Бынмæ дзы мацы аздæха. Стæй дæм кæхцæй кæцæй скæсдзæнис, хæйрæг йæ зонæг, æмæ зæрдæзæгъгæ фынгыл лæджы чем фехалынц. Ногист сæны уыцы лыстæг урс сæртæ. Хорз лæгæн йæ нозтыл фæзыны йæ лæгдзинад.

Æгъдаумæ гæсгæ йын йæ былмæ, быркуыйы былмæ, йæ фыдæлтæн загъта рухс. Быркуы куы систа, уæд. Нæ фыдæлтæ дæр-иу фыццаг афтæ бакодтой. Æмæ сæнæй ахуыпп кодта.

Æй, дæ бындар фæуай! Уый дын сæн! Уыцы туагдзæф, уыцы æхцон, уыцы диссаджы æцæг æлутоны ад ын уыд!.. О, йо, йо!..

Æз дæр, æлутон… Сæнæн, æцæг диссаджы сæнæн йæхи ад ис. Ницæимæ йæ схæццæ кæндзынæ. Ницæуыл æй баивдзынæ, бынтон сау диссаг-исты куы феста, уæддæр.

Æмæ улæфт сæны æхцон адæй лæджы уæнгтæ ныррызтысты сæрæй-къæхтыбынмæ. Æнæуынгæ цины тæгтæй ныддыз-дыз кодта, мæгуыр. Сæнæй бынмæ, ахсæнырдæм ницы ацыд. Йæ фырдиссагæй, мыды къæрттау, атад лæджы комыкъултыл.

Сырх сæн, дам, æххæст иу афæдз нæ лæууы. Йæ ад, йæ хуыз, йæ тых, дам, фесафы. Ивæзын, дам, райдайы. Йæ бирæ каст, дам æм ницы пайда у. Афæдзмæ, дам, æнæпайда фæвæййы. Ничи уал, дам ыл февværсы.

Хуыцауы дзæгъæлы, дам, ракал-бакалинаг фæвæййы. Йæ хицауæн, зæгъгæ, цины бæсты ´рхæссы маст.

Æ, кæннæуæдæг уыдæттæ чи фæдзурынц, Хуыцауы радтгæ диссаджы скувинагæй ахæм сау диссæгтæ æмæ сау æмбисондтæ чи фæхæссынц, сау тугтæ йыл чи фæмысынц, уыдон мад æмæ фыдæн… уымы бæстæм ахæм… диссаг æмæ æмбисондæн дзуринаг, алæмæтон нозтæй сæ дзæнæтыбадинаг нæмттæ макуы ссардæуа, агъаны-дæргъы!

Мысын та сын сæ цы кæнын кæны, мысын! Нæй дын æмæ дæ куыдзы бынаты сбад. Æвæджиаг нозтæй тугтæ цæмæн лæхурыс?!. Фæтæрс ын йæ азарæй. Гæды, дам, фиумæ не ‘ххæссыд æмæ афтæ – мархо, дам, у.

Бытъыры къухы æлыгын къусы сæн, уыцы сырх-сырхид сæн, бугъайы туджы хуызæн сæн, йæхи мидæг змæлыд. Тæлфыд, æнæхост æфсургъау. Йæ фырдис-сагæй йæхимæ здæхта адæймаджы знæт цæстæнгас. Цыма æвиппайды къусы былтæй фæйнæрдæмыты ныц-цæфтæ кæнынил сагъæс кодта. Цыма хæрдмæ стæхын уыдис йæ зæрды.

Æмæ йын фæтарст Бытъыр. Къус ныццæй муртæ кодта йæ армы, афтæ йæ балгъывта. Ма фæселф кæна хуыцауысконд. Уыцы тæрсгæ хæст ыл скодта. Уыцы зыдæй, уыцы æхцонæн æй нозта.

Æмæ нал улæфыд. Æмæ нал куымдта йæ цъæх цæс-тæнгас къусмæ тыбар-тыбургæнаг сæнæй атонын. Сæн куыд фæуд кодта, афтæ тад йæ цæсты рухс. Комы къултæ ноджы цыма хус кодтой… хус, хус, хус… Цыдæр æнæуынгæ тых сæ æлгъывта сæ кæрæдзимæ. Йе сулæфæнтæ нæрстысты, нæрстысты, нæрстысты…

«Хах-ха-ха!.. Æй, дæлдæр фæуай, дæлдæр, сау æмæ урс ма хат. Ноджы адæмы´хсæн дæхи лæг кæн!»

Афтæ уæлæ йе ‘фсымæр Мыстæй загъта. О, Мыс-тæй. Йæхинымæры. Æмæ йын æмбæлгæ дæр кæны. Афтæ æгуыдзæг у, æмæ хорз æмæ æвзæр ма зон, афтæй дæхи хохы цъуппыл æвæр. Мæлæты лæг.

Иу найгæнæнты комбæсты лæгтæ сæ мæгуыр кусгæбонтæй сыгъдæг нæлхæйы æнгæс род балхæдтой.

Дæ тых, дæ бонæй йын, зæгъгæ, тымбыл къухæй йæ рагъ ныххафт кодтай – фæйнæрдæм фиугай фæхаудаид. Уый фæстæ ма сахатаразæгæн дæр, – æцæг, сахатæн йæ саразæггагæй йæ аргъ къаддæр у; нал сты, – йæ бон бауыдзæнис йе ‘ртымбыл кæнын? Га-да-гъа!

Комы къултæм чи ‘взидæнтæ кæна, чызджы æхсгæ фæкастау, комы къултæ кæмæн пъатæ кæной, ахæм джибритъайы къус ныллæмар! Стæй уыцы дæйгæ роды хашламайæ комдзаг, дасгæ чи кæны, уыцы кардæй æрчъепп лас. Нуры æмæ йæ цъæхыгтимæ, – мæнæ нæ сæрты куы кæлынц! – ногарæзт цъæх туаджы хорз стул… æмæ йæ ахæр. Æууил æй сабыргай… Йæ цард-дæттæг сой цæудзæнис де уæнгты… Тайдзæнис дæ буар æмæ дæ удыл… Тайдзæнис… Ды йæ æууил…

Ныры къулбадджытæй бирæтæ… Род, дам, æгæр нард уыдис. Æмæ родæн йæ мæллæг хæдмæл у. Хæдмæлхортæн та се ´мбисонд – сæхи.

Ахæм кусæрттагæн – нард роды фыдæн йæхи ´мсæр нозт куынæ уа… Æнæ хорз нозт æй куы бахæрай, уæд… Уазал доны къусы сæфт фæкæндзæнис, гормон. Æмæ стæй ацу, æмæ гæппытæ кæн. Дæ уды фыдæнæн.

Сæйраг уый у, уый! Нозт у сæйраг! Цыфæнды фын-гыл дæр! Уый, нозт куынæ бæзза, йæ мад макуы амæла, уæд дзыхыакæнинаг уадиссаг ницы ахады. Дыгæр-дыджы мæкъуыстæг куы феста, фиуытыхт куы уа, уæд дæр! Нæ фыдæлтæм хæрдыл хæлоф кæнын худинаг æмæ мæлæт уый тыххæй уыдис. Адæймаг хæргæ дуртæ дæр бакæндзæнис. Гуыбын талынг скъæтæй дарддæр исты у? Ницы! Бынтондæр ницы! Сæр уæлдæр у.

Фæлæ нозт куынæ бæзза…

Æмæ мæгуыр адæм, фæллад, фæлмæцыд найгæн-джытæ, фæззæджы сæм хоры дихыл колхозæй цы мæ-гуыр муртæ ‘рхаудзæнис, уымæй рагацау фæйнæ къæрта ратыдтой сæ гомгуыбын сабиты дзыхтæй. Мыст йæхи фæразæй кодта. Нозтæвзарынмæ, дам, мæн хуызæн чи у?!. Ничи. Æмæ раст загъта. Мæнæуæй едзаг уæрдон, æвæццæгæн, развæлгъау йе ‘намонд зыдта – сабыр дзынæзтæй, тъизгæ, анкъуыст быдырырдæм.

Куыдз сæ мæрдтæ макуы бахæрой, уæдæ, уыдон, быдирæгтæ, цалдæргай азты куыд фæлæууынц сæ ноэтмæ! Кæнæ сын къаты бон никуы вæййы, кæнæ – бæрæгбон? Кæнæ сыл цин никуы цæуы, кæнæ – маст? Уыдон сæ цæмæннæ ацъыр-цъыр кæнынц сæхæдæг? Цæмæннæ ныффæрсудзынц сæ афæдзы куыстфæллой?! Мах æм цæмæннæ фæлæууæм? Æфсæнттæ цæмæн фæагурæм: «Фесæфдзæнис»!

Мыстæн кæмæйдæр йе ‘мбудæнтыл æрцыд, –мацы базона, – хорз сæн, дам, комыкъултæ, магнитау, сæ кæрæдзимæ фелвасы. Хъуамæ, дам, туаггомау хæца æмæ комыкъултæ сæ кæрæдзимæ ´лгъива. Уый алчи нæ зоны. Мыст та йæ... Хъусгæ уæддæр фæкодта. Æмæ йæ ныр комбæсты цæсты бафæндыд йæхи равдисын. Мæлæты лæг...

Сæны хицау-иу мæнæуы уыцы физонæджы карсты хуызæн сырх-сырхид гагатæ куы ауыдта!.. Богъы туг царвимæ куы схæццæ кæнай... Дзæбых æй æрысс. Хыссæ хорз куы сæнхъиза, уæд дзы тæвд торнейы дзултæ сфыц. Кæд ма дæ хæндыджы цыхты къæртт разына, уæд Хуыцау йæхицæн ницы уал ныууагъта. Радта дын сæ дæ сæны цъырттмæ! Хæр æмæ цæр!

Табу сæхицæн, фосы Фæлвæра галты сæрбосылхæцæг кæм уыд, Зæххыбардуаг – гутондар, хоры Уацилла – тауæг, уыцы хуымты æрзайгæ тыллæг, мæнæйдæрма, тугыл аскъуыйдзæнис, уæдæ, цы?!

Быдирæгтæ-иу уайтагъд сæ бæрæгбонмæ æвæрд быркуытæ къахынмæ дæр фесты – мæ дзуары хаимæ исты хуызы сраст уыдзынæн, зæгъгæ, фæлæ уыйхуызæн хойраг фердæхыны фыдæй къухæй ауадзын тугтæригъæдыл нымадтой. Æмæ æнæ гæды раккæбакæ афтæ дæр уыдис. Хуыцау дын æй йæхи армæй куы дæтта, уæд «нæ» куыд хъуамæ зæгъай?!.

Мæлæты сæнæвзарæг-иу дзы, – уæлæ Мыст, – æфсонæн ахуыпп кодта. Равзаргæ сæнтæй. Йæ сау сыгъдыйы мидцæстытæй-иу, – уæд ын рахауæнт, кæд дыссымыл  мидцæстытæ куы уаид, уæд афтæ нæ сарæзтаид, – гæды куырысмæдзогау, ныдздзагъыр кæдæм-

дæр, ома, сæнæн аргъ кæнын, æмæ-иу æвиппайды: «Нæгъа!» – йæ сæр æнæразыйы ´нкъуыст бакодта.

Сæнгæнæгæн йæ нозт ма бафау æмæ йын йæ сæр дзæккорæй ныххафт лас. Мæгуыр лæгтæн-иу, замманайы сæны хицæуттæн фырадæргæй сæ цæссыгтæ акалдысты – сæ зæдты хайæ зæрдæхудт кодтой, уый хуызæн хойрагæй – æнæхай. Афтæмæй сын рæстмæ аргъгæнæг ничи уыд. Сæ сæртæн ницы уал зыдтой – æндæр ма цы стыррыны цæф агуры Мыст, зæгъгæ.

Фæлæ алы кæрцæн йæхи æмпъузæн ис. Иу куыдзы фырт сæ фæхатыд, Мыст йæхи кæмдæр кæй æвæры, æндæр, сæн цы у, уымæн бынтондæр кæй ныцы ´мбары. Быны бынтондæр! Гагайæ дыгъд сыгъдæг сæн ын куы радтай, уæд æй, æнæмбаргæ родау, къуымæлы нозт бакæндзæнис, æмæ йæ сæфтыл нымай.

Æвзæры амонд сах кæм нæ бады? Бытъыры чи фембæрста, уыцы цæстфæливæгæй зæгъын. Баскъæфта йæ сæхи сæндонмæ хъазгæ-худгæйæ. Уыцы куыдзы фырт. Афæдзмæ æввахс чъачъа рауадзинаг кæмæй уыдис, фæлæ йын йæ зивæг æмæ суджы тыххæй чи баззад, – быдыры суг стæм у, – уыцы туаг сæны боцкъа йын цингæнгæ фегом кодта: æй, мæ ахсджиаг, ныр кæдæй-уæдæй æрзылдис дæ сæфт хур, зæгъгæ, – сæрыстырæй бакодта туаг сæнæй тъæппытæхауæг боцкъайæн, йæхи нымæры мидбылхудгæйæ.

Туаг сæн комы къултæ куыннæ алгъивдзæнис?!. Сæ дон сын куыннæ акалдзæн?!. Куыннæ ахæсдзæн хурхы сæртæ, æмæ Мысты-ницыфенæг ныццин кодта йæ зæрдæйы фаг: «Ай, сæ-æ-æн!..»

Фæрнджын уыцы сырх-сырхид мæнæуы уæрдон, къæс-къæсгæнгæ, куы базылдта йæ къæсы дуармæ, уæд, æлутоны хуызæн, бадт сæны хицæуттæ, мæгуыр, фырмæстæй, фырхæлæгæй, фырадæргæй зæрдæскъуыдтæ фесты, зæрдæскъуыдтæ. Мыст æмæ сыл йæхи хуызæн сæнгæнæг та сæхи нымæры сæрыстырæй худтысты. Ома, федтат, æнæсæрæнтæ, ныры дуджы цы цалх тулы? Фæлæ сæ чи кæй фæсайдта, дзинæдтæ кæдæм кæнынц, уый сæ алчи æххæстæй нæма ´мбæрста.

Ӕмӕ сӕнгӕнӕг цӕмӕннӕ худтаид, ахӕм мӕнӕуы хицау чи баци йӕ калинаг… Сӕн куыд схонӕм ахӕм? Сӕны ном куыд фӕхудинаг кӕнӕм, гормӕттӕ? Ӕмӕ хинӕйдзаг уӕйгӕнӕг куыннӕ худтаид ницымбарӕг сӕнӕлхӕнӕгыл?!. Фӕлӕ Мысты ӕнӕсӕрӕны цин цӕуыл уыдис, уый йӕхӕдӕг дӕр ӕмбӕрста, уымӕн хӕйрӕг – йӕ зонӕг.

Ныр нӕм уадиссаг адӕм дӕр нал ис. Фӕлӕ уӕд уыйбӕрц найгӕнджытӕ куыддӕр дзаг фынгыл ӕрбадтысты; фынджы хистӕр куыддӕр фыццаг гаджидау расидт; куыддӕр кувӕггаг алӕвӕрдта…

– Уый цы у?!. – кувӕггагӕй цы лӕппу ацаходыдта, уымӕн йӕ цӕсгом ныггӕлиртӕ. Йӕ комӕй, нӕ йӕ фӕндыд, фӕлӕ «сӕны» цъыртт зӕхмӕ акалдта. Ӕмӕ куыннӕ фӕтар уыдаиккой хистӕры ´рфгуытӕ?!.

Уалынмӕ хистӕрӕй-кӕстӕрӕй иууылдӕр систы сӕнуынӕг. Ӕмӕ та-иу ӕй, сӕ тыбыртӕ бацӕгъдгӕ, зӕхмӕ, – табу уӕ фарнӕн, – фӕлӕ  ату кодтой – ай цы у, цы нуазӕм, зӕгъгӕ.

– Мыст кӕм ис?!. – кӕйдӕр сӕ нал бафарста йӕ маст. Йӕ зӕрды уыд, ӕвиппайды йӕ ныккалдтаид цъиутысайд сӕнӕлхӕнӕгыл.

Мыст дӕр уӕдыккон у. Уыдон, йӕ хъӕубӕстӕ, кӕдӕм цыдысты, уырдыгӕй, йӕхи нымадмӕ гӕсгӕ, уый, Мыст, раджы, тынг раджы раздӕхт. Фӕлӕ-иу йӕхи равдисыны тыххӕй цынӕ фыдбылызы батахт, ахӕм ницы уыд. Ныр дӕр ма йын цы базонинаг уыдис, цыдӕр та раст нӕ сарӕзта – хӕдзармӕ, фӕстӕмӕ фӕкӕс-фӕкӕсгӕнгӕ, фӕцӕй уад фӕсвӕндӕгты.

Хуымонтӕ стырӕй-чысылӕй базыдтой, фӕирвӕзы сӕ масты сӕр. Хӕдзармӕ куы бахауа, уӕд калинаг «сӕн» дӕхӕдӕг хатыртимӕ лас йӕ хицауӕн. Чи сагой фелвӕста, чи – фыййаг, чи – цъылын… Фӕстейӕ йӕ фӕсурӕг сты. Ӕйтт, уӕдӕ, цӕст-ма сыл хӕцыдис, цы?!. Дугъ кӕнынц куыдхуыздӕрӕй. Мыст – разӕй, хуымгӕрдджытӕ, найгӕнджытӕ – йӕ фӕдыл.

Мыстӕн цы базонинаг уыд йӕ Хуыцауы цӕф. Фыццаг хатт ын уыдис, мыййаг?!. Йӕ тых, йӕ бонӕй

фæтъæбæртт кодта: «Марынч мæ!..», «Марынч мæ!..» – хæдзармæ баирвæзын ссис йæ иууыл стырдæр бæллиц.

Бамбæрстой йæ сурджытæ – сæ кæстæрты гуыбынтæй ратонгæ сырх-сырхид мæнæу уазал доны къусы сæфт кæны. Мысты цалынмæ æййафой, уæдмæ сын дуарæн фæмидæмæ уыдзæн. Уым та... Уым та ис... Уым та ис йæ Хуыцауы къахæргæвдæг, дзыргъан æмкъай. Йæ бацамонæг уый хуызæн суæд. Наййонтæ нæ, æгас комбæстимæ куы фæныхæй-ныхмæ уа, уæддæр сын сæ рыг скалдзæнис, сæхæдæг дæр æй нæ фæхатдзысты, афтæ тагъд. Ноджы сæ къуырийы бонмæ куыдзы... æрбадæнтæй ласдзæн æмæ ласдзæн адæмы ´хсæн.

Митъуйы хин æмæ кæлæнимæ куыд ссардтой иу æвзаг – хæйрæг йæ зонæг. Фæлæ кадмондаг сылгоймаджы къуыммæ иу къæбæр бахæсс, æмæ йын йæ муртæ бахæр. Ноджы куыд кадджын у, куыд къæбæрдæттаг, куыд бæркадарм?!. Митъу дзы æппæлын куы райдайы, уæд Бытъыр нæ, Мыст йæхæдæг дæр ныссырх вæййы: ау, æцæг, ахæм комыйаргъ сылгоймагимæ цæрын, зæгъгæ. Æмæ йын æй, уæд, æндæр исчитæ дæр цæммæннæ зæгъынц? Фæлæ æргом ссыпп кæнын нæ уæнды йе ´мкъайы цур.

Пу, налат. Сæны къус уал-иу фынгыл уæддæр æрæвæр, гормон. Афтæмæй дзы æппæл. Йæ ардæй йын нæ тæрсыс?!. Сæны цъыртты тыххæй нарты гæды-гадздза Сырдонæй фыддæр куы фæдæ сайынмæ, налат, уæд дæм худинаг ницы кæсы?!

Бытъыр йæхинымæры афтæ йæ къулбадæг æфсымæр Митъуйæ фæдзуры. Стæй йæхи нымæры цæмæн? Хицæнæй йын æй йæхицæн дæр бапъæртт кодта. Уæдæ, уанцон нæу, гормон, æппæлынмæ куы фæвæййы, æппæлынмæ, уæд æй уырысы ‘фсад дæр нал бауромдзысты. Нартхоры хъæллæгъæй дын ахæм адæймаг ацараздзæн æмæ йæм батæхуды кæндзынæ – «Тæхуды ды кæй дæ».

Фæлæ хинæйдзаг тæрсгæ йæ сæны къусæн фæкæны – мачи йын æй аскъæфа! Æндæра дзы йæ гуыбын цухæй аззайдзæнис. Цыма дунейы къæрныхтæ уымæ ныккæсынц. Йæ сæны цъыртт ын аназой!

Чындзæй дæр, мæгуыр, кæдæй-уæдæй чидæр раппæлы æмæ, маргъау, зæххы цъарыл нал фæхæцы. Ноджы уыцы æппæлæг дæ тиу куы уа, æгас районы хицау!.. Уадз, раздæры хицау дæр фестæд... Цы уæлдай у, цы?!. Уæд уый мæнæ нæу, мæ къонатæ. Æмæ бынбауинаг сылыстæг йæ къуымы бæркады номыл сæхицæн ницы уал садджын кæны.

Ахæм æвзаджы хицау æфсымæр ис, гъе, Бытъырæн. Æмæ, дам æй районы хицау куыд скодтой! Уыцы ´взагимæ, кæйдæртау, йæ рæстæджы дзæбæх куы ацархайдтаид, уæд, районы хицау нæ, нæ, Америкæйы паддзах дæр суыдаид, Америкæйы. Фæлæ йæм уыцы хорздзинад ис, æмæ бынат æмæ кадыл мард нæу. Мæ уд акæн, уæдта дзы йæхиуæттæм дæр исты ´рхаудта.

Бытъыр ма фæстаг хатт сæны кæхцыл афтæ зæрдиагæй кæд схæцыд, уый йæхи мысинæгты дæр рæстмæ нал зынд. Æрвыл бон – кусгæ æмæ кусгæ. Адæймаджы йæ хъуыддæгтыл рæстмæ ахъуыды кæнынмæ дæр алы хатт не ´вдæлы. Нуæзт та... Бæргæ сæнджын комбæстæ сты, фæлæ сæм сæйраджы джибритæ зонынц. Адæймагæн сæм æцæг æвдадзы хосыл æрмæст уыцы æвæджиаг нозт цæуы нымад. Æгас комбæстæн æмбисондæн баззад: иууыл фылдæр, дам, цы уарзут æмæ – джибритæ, джонджоли æмæ джучъи.

Хорз сæ чи нæ зоны, уый дисы бахауы. Джибритæ – ойы. Уыцы тæнæггонд, æнцонтайæн, æвæджиаг сæны ном афтæ хуыйны. Дзондзоли дæр джонджоли фестæд – «ш»-гæнаг ныхасы здæхтыл дзурут. «Джучъи» та цы давы, цæмæн афтæ хонут гогыз? Йæ ирон номмæ йын цы фау æрхастат, цæмæн ын æй гæлиртæ кæнут?

Æмæ, дам, царды иууыл фылдæр цы хæрд æмæ нозт уарзæм, уыдон, дам нын цæмæй иууылдæр иу зæл – «ш»-гæнаг адджын æмæ бæркадджын зæл «дж»-йæ райдайой, уый тыххæй, дам, афтæтæ кæнæм.

Сæ раст дæр, сæ зылын дæр сæхицæй хуыздæр ничи зоны. Фæлæ сæ бындурон «дж» цæуы сæ зæрдæмæ, æмæ цы дæ зæрды ис?.. Кæд сын исчитæ æхсызгонæй бахудынц сæ фынджы фидыцыл, уæд,

æвæццæгæн, сæ уды сконд сын рæстмæ кæй не ‘мбарынц, сæ зæрдæйы ‘нкъарæнтæ сын кæй нæ фæхатынц, уый вæййы йæ сæйраг аххосаг.

Ахæм бындары патриоттæ стæм нæ ирон адæм. Фæлæ ныртæккæ Бытъырæн патриотизм йе ´нкъарæнты кæрæтты дæр нæ тæлфыд. Сыхбæсты нæ, æгас комбæсты сæнтæ дæр раджы кæй фесты нозт, афтæмæй джибритъæ сæйраджы-сæйраг уыдонмæ кæй зайы, уый алкæмæн дæр зындгонд уыд. Æмæ лæг, хурмæ æппæрст боцкъайау, схуыскъаг. Æгас комбæсты лæгтæй зæгъын.

Ацы ницæйаг судзаджы цъырттытæ… Йæ радтæджы цæмæн бахъуыд, уый стыр диссаг у. Иуæй дзы туг сур кæны, аннæмæй дзы фаг нæй. Кæм ис уый бæрц хойраг, æмæ алæбон Чермены цæссыг скъæрай? Æмæ сæм чи ис, уыдон дæр сылгоймæгтæн æнæбары æвгты алы къуымты уазæгæн рамбæхс-бамбæхстæй сæфгæ дæр фæкæнынц, сæфгæ. Æрдæг авг цы йæхæдæг у, цы йе ´мбæхст уыдзæнис?

Цæй мигæнæн ис авгæй? Кæс æм æмæ тæрс, алы сыкъайæ дæр цас фæцух уыдзæнис. Йæ бынмæ куыд фæцæй цæуы, афтæ лæджы зæрдæйы тæгтæ йемæ фæцæй æлвасы. Лæгау-лæгæн дзы иу авг сулæфты фаг нæ кæны. зæрдæбынæй сулæфыны фаг. Сæны дурын куынæ æрæвæрай дæ разы, уый тымбыл фæрстыл куынæ ´рсæрфтытæ кæнай де ´рмттæ, уæд авджы уæз лæг хатгæ дæр нæ фæкæны.

Уæз! Уæз кæм… æмæ кæй нæй, уым ницы ис. Цасфæнды йæ ракал-бакал, рафæлдах-бафæлдах, ратилбатил кæн. Уæзæй у хойраг дæр, нозт дæр, адæймаг дæр. Æгæрыстæмæй, паддзахад дæр уæзæй, йæ уæзæй у. Йæ кой кæуыл сæмбæла, уый хъуамæ фæхата, исты ахады æви нæ? Адæмы ‘хсæн ын уæз ис, уæд æм дæ зæрдæ ма ‘хсайæд – бакæндзæнис йæхион.

Стæй, нæхицæн куы зæгъæм, уæд цæй нозт ис судзагæй? Туг цы сур кæны, зонд цы сафы, æндæр мын кæм ранозт? Мæ фыдгул-фыдзæрдæ йæ фæнуазæд. Сылгоймæгтæ йæм феппарынц сæхи. Æмæ уыдон æмбарæн ис – цæмæй искæй цæстмæ къаддæр баназой

æмæ сыл тынгдæр бандава, уый тыххæй. Стæй, цæмæй æддæмæ рауай-бауайтæй хызт уой. Макæй рахауинаг цæсты бахауой.

Лæг фынгæй сыстад, уæд ын фæстæмæ уырдæм здæхгæйæ кæй нал у, уый алчи нæма ныффыста йæ ныхыл. Æмæ сæ бирæтæй зæгъдзынæ – дæ Хуыцаумæ скæс, ай дурæнкъуыст фæцис?

Фæлæ нæм, сылгоймæгтæ фынгыл фылдæр судзагæй цæмæн фæнуазынц, уый кой уыдис. Стыр агуывзæимæ цæсты ма хауой. Цыма дзæгъæлы ныхас æмæ уæлдай митæй нæй цæсты бахауæн. Фæлæ сылгоймагыл куыдз дæр нæ рæйы. Æмæ сæ ныууадзæм сæхи адыл. Цалынмæ нæ иу хатт нæ фæхатыдысты æмæ нын Сыбыр ардыгæй нæ аззад, уæдмæ.

Гъе, æмæ сæ хуымы гæппæлтæй сæ къухты бафтæнт. Судзагæй зæгъын. Æндæр сын мах бон цы у? Ныры дуджы адæймаджы дзырдæй йæ саби куынæ уал «хе» кæны, уæд сылгоймæгты кой цы кæнæм? Нæхи фæхудинаг кæнынæй дарддæр дзы цы рахæссинаг стæм? Науæд нæ мæдтæ, нæ хотæ, не ´мкъæйттæ, нæ чызджытæ не сты? Нæ уарзæдтæ дæр фестæд. Сæ хорз дæр махæй у æмæ... Нæ, сылгоймагæй æвзæр нæй. Уый, цас баназай, цы цæстæй йæм акæсай, уымæ гæсгæ у.

Фæлæ Бытъырæн, стæй лæгау-лæгæн джибритæ... йæ мад макуы амæла!.. Куыд ын ис истæуыл?!. Уæлдайдæр, цыдæр судзæгтæ, дудæгтæ... стыррыны цæфтыл баивынил афæлварын дæр?

–Къуырма! Уæ Къуырма!

–Стыр рыны цæф!

–Ардæм-ма рауай.

Арв æгæр саутæ-тартæ кодта. Мæргътæ тыргътæй исты хæринаг раскъæфыныл лæвæрдтой сæ мæгуыр, æдых удтæ. Æгæрыстæмæй, кæрчытæ сихорафон æвæндонæй æрцагуырдтой сæ бадæнтæ, æмæ цы æнæ базонгæ уыд хæдзардзин сылгоймагæн – æнæуаргæ йын нал ис. Рæстмæ уард. Æвæццæгæн, сæрддон-сæрддæргъы кæмæ фæбæллыдысты, æмæ сæ арвы кæрæттæм чи лыгъд, ахæм къæвда. Мæр æртахгай нæ, цыхцыргай

кæй нуаза æмæ кæмæй улæфа, ахæм. Зæхх æмæ зæрдæ цинæй йедзаггæнæг уард.

Æмæ уый фæивдзæнис сæрды тæвд. Майрæмыкуадзæн бæмбæджытыл кæд афардæг, æмæ йын ныр афон дæр уыд. Къæвдайæн. Удмарæн тæвд фæивынæн. Зæххæй, адæмæй сулæфой. Сылгоймаг уый тыххæй атагъд кодта дыргъдонмæ. Бæлæстæй цы дыргътæ æрызгъæлдысты, уыдон цалынмæ къæвда цъыфимæ нæ сызмæста, уæдмæ сæ рауидза. Астъигъдзæн сæ, хурмæ сæ ахус кæндзæнис – адæймаг зымæджы дудгæбонты дуртæ мыды адæн куы баууилдзæн. Зымæгон дæндагæн æхсон дæр – бæмбæг.

Йæ раздарæны дзаг сырхбын кæрдотæ æмæ фæткъуытæ кæфойы ауагъта æмæ, йæ фæччитæ цæгъдгæ, араст сæндонмæ. Йе ´мкъайы сидтмæ. Фена, цы йын æрцæттæ кодта йæ сæры хицау. Хуымæтæджы йæ нæ хондзæнис уырдæм. Æмæ йæм бакæса.

Уæдмæ йын Бытъыр быркуыйæ арæхстгай, иу æртах дæр дзы куынæ акæла, æлыг кæхцы æрдæг систа абузгæ, сыр-сыргæнаг улæфт сæн. Йæ бындар макуы фæуа, цыма сæм худгæ кодта. Сæнæй зæгъын.

Нæлгоймаг æм æй радта уыцы æнæдзургæйæ. Сылгоймаджы фæрсæджы кастмæ йæхи ницыуынæг скодта. Фæлæ æмбаргæ сылгоймагæн йе ʻмкъайы цæстыты сусæг æрттывдæй цас базонинаг уыдис – лæг йæ нозтæй йæ сæр ахафта мигътыл. Сæны æлыг къусмæ æнæдзургæйæ, мидбылхудгæйæ уымæн ныккаст. Йæхинымæры кувыны номыл бæлвырд цыдæртæ асыбырсыбур кодта. Æргомæй та загъта: «Мæ куывтытæ дæр дæ куывтытимæ уæд». Азылд иуæрдæм. Æрмæст лæгæй нæ, фæлæ, цыма, къусæй дæр æфсæрмы кодта. Хъавгæ йæ схаста йæ былтæм. Сабыргай, фæлæ йæ уыцы адджынæн цъыр-цъыр кодта. Уæзбынæй. Уæддæр дзы фæуагъта кæхцы бын.

–О, куыд хорз бавæрдта йæхи!.. – къус балæвæрдта лæгмæ. – Фынгмæ нозт куы хæссай, уæд – ахæм…

– Куыд хорз бавæрдта йæхи нæ, фæлæ йæ куыд хорз бавæрдтон. Æз! Уый йæ æз бавæрдтон, æз!

Бытъыр æркаст, къусы ма цы сæны цъыртт аззад, уымæ. Йæ цæст æй нæ бауарзта акалын… Стæй йæ куыд калыс, Хуыцауы хай дын нæй, гормон?!. Уалдзæджы райхæлд. Æнæхъæн сæрддон-сæрддæргъы, чындздзон чызгау, арвы айдæнмæ йæ гуырыконд фæбибитæ кодта. Йæхи цæсты йæхицæй куы ныррайгонд, уæд æхцонæн æрфæлдæхт, æппынæдзух ыл чи фæаудыдта, уыцы Бытъыры къухтæм. Уый йæ гагагай фæтыдта. Цыма гуымбыл ахсы, йæ цæст æй цъæл кæнын нæ уарзта… Куыд æй калас? Æмæ йæ ахуыпп ласта.

Афтæ кæнай, уфтæ аразай, уæддæр адæймагæн æрцæуы цардмæ уарзон цæстæнгасæй кæсыны рæстæг. Фæфæнды йæ халыл хал, капеккыл капекк æвæрын. Йæ сусæг æвæрæнтæ æмæ бæллиццтæ бон бæр фæкæнынц, æхсæв къуыртт фæуадзынц. Æмæ Бытъыры цæстæнгас чындздзон чыззыты фæдыл сусæг-æргом райвæз-байвæз кæнын куы райдыдта, уæд сæ сыхæгты лæджы зæрдыл æрлæууыд, йæ каисты дыккаг хæдзæрттæм, кæм федтай, ахæм æрхионкæнинаг сылыкъах кæй ис.

Æй, дæ хæдзары мыггагылæй!.. Бытъырæн ма зæххы цъарыл уымæй адджындæр лæг исчи уыд! Йæ сыхаджы кой йын кæнын. Ауылты-ууылты-иу акодта, æмæ та-иу мидбылхудгæ йæ цуры февзæрд. Сыхагæн. Хур-иу ыл уый цур скаст æмæ-иу ыл уый цур аныгуылд. Род дæр йæ мады фæдыл нæ фæрауай-бауай кæны афтæ иузæрдыгæй. Æппынæдзух æм каст, цы та йын зæгъдзæнис йæ каисты сыхагæй?

Æз дæр – иузæрдыг. Йе ‘нæхин уд ын, мæгуыр, цъыфдзаст зæххыл дæр йæ къæхты бын æвæрдта гауызы бæсты. Йæ къах ма бафæллайа, йæ уд ма фæрисса. Афтæ йын куы загътаид, донæй мын дойнаг дуртæ хæсс, уæддæр «нæйы» номыл йæ цæст уæлдай ныкъуылд не ‘ркодтаид. Мæрдтæм дæр ацыдаид йемæ. Цæмæй йæ акæна йæ каистæм.

Æрцæуинаг чи у, ууыл фæстæ хæцын бынтон зондджын ми нæу. Къуырийы бонмæ араст сты чызгфæрсæг. Фæлæ зæхкусæг лæджы цардæн цы загъдæуа: куы – иу фезмæлинаг, куы – иннæ. Бытъыр

сахатæй фылдæр сæ сыхæгты дуармæ сиахсарæзтæй зынджытыл лæууæгау кодта. Сыхаг-иу куы йæхи найын æрымысыд, куы – йæхи дасын. Стæй та йæ растбавæрд хæлаф æвзæр æвæрд уыд. Ногæй йæ ныййиту кæнын æрымысыд… Йæ дзабыртæ дæр кæд разындысты ´нæсæрфт. Æмæ лæппуйы зæрдæ кæрчытæ хордтой.

Рæстæг!.. Уый дæ куынæ араза, уæд арвæй стъалы раскъæфæн нæй. Æмæ алцы дæр рæстæгыл æмбæлы бакæнын, уæдæ, цы.

Уæд тоджы иту кæм уыдис. Нæ мæгуыр Ирыстоны йыл уадиссаг тыхсгæ дæр ничи ма кодта. Зынджыты итуйæн та нырма арт скодтой. Стæй цалынмæ иту стæвд!.. Рафу-бафу йыл, ратил-батил æй кæн!..

Цыма усгур Бытъыр нæ, фæлæ уый цыдис. Сыхаг.

Уæддæр æм лæппу нæ мæсты кодта. Мæсты цы, уайтагъд-иу йæхи ацардыдта сыхаджы митæ кæныныл. Æмæ уый дæр, кæдæй-уæдæй йын ахæм иузæрдыг æххуысгæнæг кæй ис, йæ каисты цæсты йæ кад кæй схиздзæн, уый тыххæй йæхицæй ыббуц. Цæмæннæ кодтаид буц æмæ сæрыстыр митæ? Къулбадæг митæ та алы хатт хорзмæ не ‘ркæнынц.

Æгæр сын байрæджы. Кæфтæй-Кæсæгмæ къахæй цыдычты. Сæ удты тæригъæд сын чи исы – нæ сыл бацауæрстой. Сæ удтыл. Фæлæ хур дæр йæ куыст кодта, йæ бонæй йæ уа. Усгур кæмæ цыдысты, уыдон сæ сынтæджытæй рабадын кæнын аив нал уыдис. Исгæ дæр ма сæ акодтаиккой, чи йын цы зоны. Лæг та йæ каистæм барджындæр уыд. Æмæ ´хсæвы æрфысымуат кодтой уыдонмæ.

Уыдон, тынг хорз зыдта, нæ фæзивæг кодтаиккой фестынмæ. Æвæстиатæй æрбаргæвстой карк. Февнæлдтой куыд хуыздæронæй фынг æвæрынмæ. Æрдæгæхсæв кæй уыдис, уый кой сæ кæнгæ дæр ничи скодта. Уæлдайдæр, сæ гыццыл, фæлæ рæз чи схаста, уыцы гыццыл мæлинаг чызг. Æрбадавта нозт. Йæ раздарæнæй уыцы бæстон сæрфтытæ кодта дурын.

Сиахсæн, Бытъыры усгур чи акодта, уыцы лæгæн йе ‘мкъайы хо уыдис. Æвзонг, фæлæ, уыцы зынгæвæрдау,

худгæбыл чызг разынд. Йæхицæй-иу, йæ былы галиу кæрон цы сау стъæлф уыдис, уый зæрдæбынæйдæр бахудт. Иуран æрхæст нал зыдта. Цыма йын йæ гыццыл уд курæггаг уыдис, уыйау дыууæрдæм симæнтæ кодта. йæхимæ здæхта уазджыты цæстæнгас.

Чырыстон ссады кæрдзын кæцæйдæр æрбадавта. Афæлмæн æй кодта пецы пурнейы. Цæхджын цыхтимæ мыды ад кодта. Дзондзоли æмæ нурыйы цæхджынтæ афтæ аив авæрдта æлыг тæбæгъы, æмæ – иу диссаг. Цыма цæрæнбонты ´рмæст уыдон æвæрын ахуыр кодта. Дзондзолиты цæхджынтыл судзæгтæй афтæ æнгæс тымбыл цæгтæй акарста, æмæ…

Усгур лæппуйы цинмондаг зæрдæ ныффæлмæнтæ, ныруад, ныххорз… Кастис æмæ йæм кастис. Йæ хæдзары къуымты кæд разилдзæнис ахæм æмкъай?

Æ, дæ бындар фæуай, цы чызг дæ! Кæд сыл уыцы хъæдындзтæ джиппы нæ ауагътай! Дзондзолитыл. Бытъыры къухты æнгуылдзтæ сæхи уыдонмæ тынгдæр ивæзтой æви фысымты чызгыл ацинтæ кæнынмæ, уый лæппу йæхæдæг дæр рæстмæ нал æмæ нал хатыд. Чызг сын се ‘рбацыды сæр – сыхæгтæм усгур цæуынц, уый куы базыдта, раст уыцы рæстæджы æвæрдта фынгыл къуыдырфых карк цъæхыгтимæ. Цыма йыл уæдæй æхсызгондæр цау никуы сæмбæлд!.. Уыцы уæздан сæм бахудт:

–Уæхи-иу хорз дарут. Карк дзæгъæлы ма фæкæнут.

Усгур лæппуйы дзыхæй урс уæрыччытæ фæгæппытæ кæнынц. Уæддæр, Бытъыры къуырма байгомыг. Уый хыгъд чызджы худгæбыл дзырдтæ йæ пъагæнæн рæсугъд былтæй тахтысты, раст урсриу зæрватыччытау. Лæппуйы хъус сын ахста се ´хцон, зæрдæскъæф пæр-пæр. Йæ хауæггаг цæстæнгас сонт райвæз-байвæз кодта сæ фæдыл. Чызджы дзырдты фæдыл. Кæм æмæ кæмæ ис, уый тынг хорз зыдта, фæлæ йын йæхи, куыд даргæ у, уый бæлвырд нал ахста йæ зонд. Æмæ тыхст йæхи мидæг, мæгуыр.

Сæ цæрæнуæтты алыварс, хуымзæххытæ æмæ сæндæтты бынæттæ аразгæйæ, къодæхтæ къахын æмæ

´лвасынæй йæ уæнгтæ дæр мæцъистæ æмæ къодæхты хуызæн ныммæстæг сты. Уæддæр, Хуыцауы хорз – ногсаст зæхх игæрæй хафгæйæ, йæ зæрдæйы къуымтæ фæлмæнæй баззадысты. Ныр ын, мæгуыр, æвзонг чызджы кæстытæм, йæ мидбылхудтмæ, йæ русы сау стъæлфы æрттывдмæ, йæ алы дзырдмæ, чырыстон ссады цырвау, райдыдта райвæз-байвæз кæнын. Усгуры зæрдæ. Ноджы ма уыцы уайдзæф куы ацахста: «Карк нын дзæгъæлы ма фæкæнут», – уæд йæ зонд, бецау, нал æмæ нал каст йæ коммæ. Йæ зæрдæ кæм уыдис, уый-иу бынбауинаг лæппу нал æмæ нал хатыд. Цы аразын, цы дзурын ыл æмбæлд, – æниу æй цы дзуринаг уыдис (?), – уыдон бынтондæр нал ахста. Æмæ-иу байгомыг бынбауинаг усгур фысымты чызджы фæдыл ракæс-бакæсæй. Йæ уæнгты змæлдмæ дзыназынæй.

Фæлæ йын фынджы цур уæддæр ницы уыд. Куы сын бауат кодта уыцы гыццыл мæлинаг, уæд сыл бахудт: «Райсом-иу бирæ фæфынæй кæнут, æмæ сиахсæй, усгурæй урс уæрыччыты хуызæн уат».

Æмæ чызг куы феддæдуар, Бытъыр фыдæхсæв раст уæд фæцис, гъе. Йæ цæсты хаутæ-иу сæ кæрæдзийыл авæрдта, æмæ-иу фыны куы худгæ кодта, куы – кæугæ. Куы -иу дидинæфтыд нæууыл ратул-батул кодта, куы та -иу цыдæр æнахуыр цъиутæ ахста. Фæлæ, цыма, се ´рцахсынмæ дæр нæ арæхст, йæ къухтæ-иу сæм цы ныттыгъта, æндæр.

Уæдмæ ахæм фынтæ йæ фæсонæрхæгмæ дæр никуы æрцыдысты. Стæй сæ фыны уынæн ис, уый дæр нæ зыдта æмæ тыхст. Уайтагъд-иу фæирд кодта йæ цæстытæ. Цы кæны, уый рæстмæ не ‘мбæрста. Æмæ йæ уый тынгдæр уынгæджы кодта.

Сæ сыстадмæ сын сæ балцы сæр сыхæгтæ нæ, комбæсты кæрчытæ дæр базыдтой. Æвæццæгæв се ‘дзард хойы æнамонд хабарæй. Кæрчытæй зæгъын. Хъуыдаттгæнгæ дыууæрдæм кодтой. Старстысты – кæй зынг та сæ хуысдзæнис? Фæлæ æхсæвæй райсоммæ Бытъыры домбай уæнгтыл цы дойнаг дуртæ ныббастæуыд, уый койгæнæг ничи уыд.

Мæгуыр лæппу сæ нал фæрæзта базмæлын кæнын. Йæ хуыссæнæй нал стад. Йе ‘мбæлццон æй тыхæй æппæрста тæрхæгæй. Сусæг-æргом æй хылæй мардта: цы кодтай, дæ род дæ гуыбыны амард, зæгъгæ, æви дæ ферох, ардæм цæмæн æрцыдыстæм? Тарст, йæ каисты цæсты йæ мацæмæй бафтауа. Схæцыдис ын буцтыл, цы мард, дам дыл сæмбæлд; мæ каистæм мæ ныххудинаг кæнын дæумæ кæсы, зæгъгæ. Не ‘цæг фысымты цæстытæ, дам, махмæ кæсынæй урс кæнынц, æмæ дæхи рæстæгыл арæвдз кæн. Кæд, дам, дæ быны фæмызтай, уæд, дам мын æй зæгъ æмæ, зæгъгæ, гыццыл чызджы хъусы бадзурон – басусæг æй кæна, цалынмæ ус æркæнай, уæдмæ уæддæр.

Лæппу уыд æгомыг. Азылд къулæрдæм æмæ – хуыссыд æмæ хуыссыд. Топп ыл ныххуырс, уæддæр нæ фезмæлыдаид. Æрмæст-иу рæстæгæй-рæстæгмæ райхъуыст йæ уæззау улæфт. Цыдæр фæсмоны улæфт. Цы кодта, куыд кодта, цавæр кодта уый дзурæг нæ уыдис. Стæй йæ æрæджыйау, буцтæгæнгæ, «быны фæмызты» æфхæрдмæ сфæрæзта сæппарын:

–Æз никуыдæм шæуын.

Æмæ йын йæ цыты уазæджы сæумæцъыккæй æгъатырæй æркъуырдта уæлæ цъæх-цъæхид, æнæмигъ, сæгъы цæстау ирд арв. Æркъуырдта йæ, фæлæ, арвы цæф куыд вæййы, афтæ лæг, цыты уазæг, хаугæ нæ акодта. Фæхатыд, йæхимидæг, тулдз бæласау, кæй барызт. Фæлæ хаугæ нæ акодта. Баурæдта йæ цыдæр стыр тых. Баззад сагъдæй. Фæлæ чысылфæстæдæр фырмæстæй, фырадæргæй, бецау, йæ фырдиссагæй фæхаудта хæрдмæ:

–Уый та куыд никуыдæм шæуыс?!

Сæры цæфæн фыддæр цы агурыс? Стæй уымæй дудгæбойнагдæр цы хъуамæ ссарай? Цыты уазæджы сæры магъзы цыдæр, арвы æрттывдау, ацыд судзгæ. Фырдисæй, бынтон фырдисæй фæцæй мард. Быны худинаг кодта йæ каисты цæсты. Æмæ йыл ныххоста йæ къæхтæ: æдзæсгом, æнæсысмудæг-цыдæр, мæ худинаг кæнын дæумæ кæсы, зæгъгæ?

Уæддæр йæ къæхтæ ныццавта фыдырдæмыздыхт лæппу. Дзургæ дæр æм мачи кæнæд. Домгæ дæр дзы мацы кæнæнт. Никæмæ байхъусдзæнис. Никуыдæм цæуы, нæ йын куры йæ каисты дыккагхæдзæртты чызджы æмæ фæцис!

Куынæ æмæ йæ куынæ уал уагъта йæ цыты уазæг. Цы кодтай, зæгъгæ, æнæмæнг мын æй зæгъ; йæ низы хаттæн ын æнæ раргомгæнгæ куынæ уал уыдис, уæд ын йæ аххосаг æппын æрæджыйау сæппæрста усгур:

– Сыхæгтæм ма кæдæм мæрдтæм хауæм?.. Де ‘мкъайы хо… чызг нæу, чызг, дæ бинонты сæрыл хаст макуы фæуай?!. Цæмæн, цæй тыххæй ма мæ тыхæй ласыс се ´нæбайрайгæ сыхæгтæм?

Бынтон арвы цæф уæд фæцис цыты уазæг. Хъæубæсты кады сиахс. Йæ сæр, мæгуыр, ныххоста дыууæ къухæй: кæдæм мæрдтæм цыд, кæйдæр æнæсысмудæны тыххæй бонсихорафон цæмæн фæхудинаг кодта йæхи йæ кады каисты цæсты?

Бытъыр, хъуыддаг дæ нæй, къæрттæй цъула нал аппæрста. Афтæмæй дыууæ уазæджы сусæг загъды сæр фысымтæн цас бамбаринаг уыд? Æмæ, бинонтæ сæ гыццыл къулбадæгимæ хылы къахыл куы ныллæууыдысты, ды йын уæддæр исты зæгъ, ома, цафон чындзы цæугæйæ дын у нырма, уæд уый дæр, гыццыл къулбадæг, йæ цæсгомы цъар куы бахæрид, æмæ цæхгæр куы скæрдид:

–Мæ зондæй нæ аразы йæ цард. Мæн дзы ма хæццæ кæнут. Æз æй нæ рарвыстон усгур. Нæлгоймаг у. Йæхиуыл ис сæр. Цы аразгæ йын у, уый йæхæдæг мæнæй бир-бирæ хуыздæр зоны.

Уый дын гыццыл чызджы дзуапп!

Æмæ Бытъыр йæ хуыссæнæй ракодта хауæгау. Никæй уал бауагъта йæ дзырды сæрты ахизын. Хом чызджы ´нафоны каркæргæвст дзæгъæлы нæ фæци. Фыццаг фæкастæй фæстæмæ сæ кæрæдзи афтæ бамбæрстой усгуримæ, æмæ сын фаг у, сæ иу иннæйы цæстæнгасыл фæхæст уæд, æндæр, чи сæ цæмæй улæфы, уый уайтагъд кæронмæ базонынæн.

Ныр, лæг къусы бынтæ куы ахуыпп кодта, куы бахудт, уæд æй йæ сæрмæхъус сылыстæг уайтагъд бафæзмыдта – цæмæннæ йын уа æхсызгон йе ‘мкъайы цин?!. Цинæвдылд зæрдæ гæрæнтæ нæ зоны.

–Уæдта сæ фæхоникkам?

–Фæхон сæ, фæхон! Базоной, джибритæйау джибритæ цы у, уый!

Æмæ йын йæ разыйы дзуаппæй, уымæй дæр ахæм фидар дзуаппæй, байрад иударон, сæрыстыр лæг. Стæй дзы цæмæннæ байрайа, цæмæннæ? Иу цармы нæ тонынц сæ царды бонтæ? Сылыстæг, Колыты Болатонау, æппынæдзух йæхи дзырд куынæ скъæра, йе ‘мкъайы дзырдыл дыуæ куынæ дзура, уæд сæм цард йæ мидбылты худы. Уæдæ.

Æнæмæнг сын æмбæлы фæхонын сæ сыхæгты. Чи зоны, зынгæдæрты? Лæгаудæр лæгты? Æмæ ахæм бирæ куынæ уал сты, мыййаг. Фæлæ, уадз, æмæ иууылдæр фидарæй зоной алцы дæр... Сæ хъæуы нæ, комбæсты æцæг нозты хицау чи вæйййы! Йæ фыдæлты фарн мæрттæм чи нæ уадзы! Сæ комбæсты æцæг лæгауæджы кад кæмæ æмбæлы!..

Ахæм кады фынгыл чырыстон ссадæй куынæ уа æртæ луасийы... Æртæ къæрисджыны дæр фестæнт... Ссывды ном уæддæр хæссы. Уымæн цыфæндыйæ дæр йæ кад бынтон æндæр у, йæ кад, макуы амæла! Кæрдзын, уæлдайдæр, бур нартхоры кæрдзын, Хрущёвы сыгъд рæстæджы дæр, алы мæгуыр хæдзары ис.

– Сыхæгтæй цыма дзултæ фæстаг рæстæджы чи скодта? – сылгоймаг йæ миддзуринæгтæ нымадта æргомæй. – Æнхъизæн дзы ма ныууагътаид, уæддæр... æндæр хаттмæ...

– О, о, – лæг ын бамбæрста йæ фæнд, æмæ дзы байрад. – Чырыстон сады кæрдзынæн йæ кад æндæр у, æндæр, йæ мад макуы амæла! Уæдæ, дзул æмæ нартхоры кæрдзын иу кæныс?!. Ноджы, кæрдзын уыцы бур-буридæй йæ цæстытæ куы ныййирд кæны адæймагмæ! Цыма сæйгæ рынчын у. Игæрхуыз райста æмæ дзы исты хæсджын дæ!

Æмæ ныр сылгоймаг сыхæгтæм уыд. Уадз, развæлгъау зоной, сæ фарны сыхæгтæ цыдæр фарны хъуыддаг кæй ныффæнд кодтой. Ацы дзæбæх бадгæ бонтæ дзæгъæлы нæ фесафдзæн æрхъуыдыджын, хæдзардзин адæймаг. Чырыстон ссадæй хуымæтæджы нæ кæндзысты дзултæ. Æмæ сæм сыхæгтæ цыбæлæй ныккæсдзысты алырдыгæй.

Йæхæдæг уыцы тæккæ куы астыдтаид чырыстон ссады ´нхъизæн, уæд дыккаг бонмæ уый дæр куыннæ бабæздзæнис? Фæлæ цæмæй сыхæгтæ зоной, дæлвæндаг лæуд сæ чи нæу, уый тыххæй ахæмтæ дæр æбæлы, уæдæ, куыд?

Æхсæвæрмæ дзы иу цъус мемæ куы айсин, зæгъгæ, сæнæй – февзæрд лæджы сæры, æмæ йын йæ фæнд уыцы æхсызгон уыдис. Йе ‘фсинимæ дзы æхсæвæрыл фæйнæ агуывзæйы адджынæн баназдзысты. Сæ фыдæлты рухс нæмттæ ссардзысты. Иунæгæй ма ныххæц агуывзæйыл, æндæр дæ бинонтимæ дæ мард, дæ дуаджы ном куы ссарай, уæд уым æвзæрæй цы ис?

Кæддæр кæмдæр цыма чидæр дзырдта, Американ, дам, зонджын адæймагæн мызд фидынц. Доллартæй! Уæдæ. Сæ бонæй сæ уа æмæ сыл куыдз амæла сæ доллартимæ! Махмæ хуымæтæджы гæххæттын æхца дæр фаг никуы уыдис.

Кæм не ‘мбæлы, уым батъыссæнт сæ смаггæнаг долларты. Фæлæ мызд хорз у. Мыздæн æмбал нæй, æмбал! Уæлдайдæр, дæ уæзæгимæ фидар баст куы уай, зæххы сойæ дæм исты куы ‘фта, уæд.

Митъу, мæнæ, уæдæ, сæхи Митъу, куыд слæг æмæ куыд сцæрæг?!. Нырма бонкалд райæххæсткомæй куыста. Æмæ хæдзармæ лухта стыр мызд. Цас, уый алкæмæн дзургæ дæр нæ кодта. Цæмæннæ арæзтаид амад дурæй сæндæттæ?!. Фæлæ мæнæ ууыл, мæнæ, рагæй фæстæмæ зæрдыйæ у, зæрдыйæ, – бахоста, сæнæй цы чысыл дурын едзаг кодта, уый фарс.

Æххæсткомы паддзæхты хæдтулгæйыл цыдис йæ зæрдæйы фæндиаг. Фæуромын-иу æй кодта Мыстты раз. Уыцы цъæхснаг уаст-иу сæм бакодта. Цыма сæ

сыхбæстæ хæттулгæты бын уыдис æмæ йæ æнæуи нæ базыдтаикком, чи у, æддæмæ йæм нæ ракастаиккой. Цыма сæ хæтулгæджын уазджытæй сæ удтыл уыдысты.

Бытъыр мæсты кодта, йæ дзыргъан чындз-иу сæм, шофыры къухты-иу исты хæссинæгтæ куы ауыдта, уæд, мидбылхудты йæхи найгæ, кæй рауад, уый тыххæй:

– Ой, мидæмæ, мæ тиуты хуыздæр!

Цæй хуыздæр... Уæдæ ма афтид армæй, цы ахæрондзыхæй балæууыдаид йæ къæсæрыл. Æниу, кæд сæм нæ цыд цы ахæрон, цы аназондзыхæй?!. Тиуты хуыздæр! Йæхæдæг та – чындзыты хуыздæр! Уагæры йын цас тиутæ ис?!. Сæгъы фæдджытау, дæлæмæ дæр æмæ уæлæмæ дæр бæрцæй дыууæ сты – Бытъыр, зæнæджы хистæр, æмæ Митъу, зæнæджы кæстæр. Фæлæ, цæмæй сæ хистæры хæрам райсой, смæсты йæ кæной. Мæстхæлд фæуа цæгатæрдыгæй, уастæн, кæд сæ нæ бафтаудзæнис сæ кæрæдзийы кæрдтыл, уæд.

Куыд дардтаиккой ахæм хистæры уыцы стыр бынаты? Стæй йæ цас дардтаиккой? Æмæ йæ, – кæй дзы баурæдтой, уый цыма махонæй хуыздæр у, – фæлæ йæ æгайтма расырдтой. Уæддæр æй сæ цæст аппарын нæ бауарзта. Тæвдæй йæ басырдтой дæлдæр, фæлæ йæ дæндаг истæуыл кæм хæцыдаид, æввонг фынгтæ кæм уыдаид ахæм бынатмæ. Уæлæмæ бахауын – дæ зын, стæй дын сæфынæй тас нал у.

Уым та «полтаратонкæ» хæдтулгæйы хицау баци. Цыма æлдары фырт уыдис, æнæ хæдтулгæ нæ фæрæзта. Æниу, цæй хæдтулгæ. Уыцы фæллад, фæсус уыд йæ уаст. Адæймаджы зæрдæ-иу æм бамæгуыр, бецау. Фæлæ хæдтулгæ уæддæр хæдтулгæ у. Æмæ дзы куыста, йæ фæндаг дзы цыбыр кодта. Мысттæм ласта, хæрдæй, нозтæй цæуыл хæст кодта, уыдон. Æртæйæ цы хордтаиккой æмæ нозтаиккой, уый фаг сын, æвæццæгæн, уыдысты. Сæ цардыл, кæйдæртау, нæ тутæ кодтой.

Фæлæ куыд дæлдæр зындæр кусæн у. Уæлейæ дæ цы мæт ис? Бад æмæ зонджын фæндæттæ æрвит дæлæмæ. Дæлейæ та æппынæдзух змæл... Бирæ дзы нæ афæстиат. Йе 'рбадæнтæ йын скъуырдтой, æмæ куыд

дæлæмæ ацыд, хæр-хæргæнгæ. Йæ фæлмæнтæ асины къæпхæнтыл хойгæ. Ныр колхозы фермæгæсæй хырхы. Йæ хид дзы асæрфæд. Бынат ахсы, æндæр…

Йæ сæрыстыр, хæттулгæйыл балцытæ бæхмæ æрхаудтой. Фæлæ, бæх у æви хæргæфс, æххæстæй дзы уый бæрæг нæй. Дæ къах бæрзæндты сис, æмæ комкоммæ саргъыл бабад. Йæ сæрыл цыма сикъо галы сыкъатæ ныззæбул сты. Йæ бæх-хæргæвсæн.

Уæддæр ууыл дæр нæ фæцис Мысттæм йæ балцытæ. Йæ хайуаныл сæм уыцы лæгхуызæй балæууы. Уæлбæхæй сын ехсы фындзæй бахойы сæ дуар: «Ам стут?» Акæс æмæ ды уыдонмæ!

Кæцæй ма уой ам – дæуæй лидзинаг фесты, дæ хæдзары бындарылæй. Æмæ сæ ныууадз сæ мæгуырыл. Æнæфæрсгæйæ æрхизы… афтæ зæгъæм – бæхæй. Йæ хордзенæй сисы йæ «хуын». Æмæ, гъæйдæ-гъа – нуазгæ.

Иу хатт сæм Бытъыр нал баурæдта йæхи. Балæууыд сæ дуарыл. Фыддæрадæн сæм бадзырдта, Митъуйы фæзмгæ: «Ам стут?» Уæдæ, цыма цы фæуыдаикккой. Сæ фынг ма дзы кæдæм æмæ кæуылты аскъæфтаиккой, тынг сæ куы фæндыдаид, уæддæр? Стæй дзуаппмæ дæр нал фæлæуууыд. Искæй хæдзармæ, мыййаг, цыд? Бараст агъуысты астæумæ. Æппæты хистæр æфсымæрæн, хæдзары хицауæн куыд æмбæлы, афтæ. Хæдзары тæккæ астæу æрлæууыд цыракæнонхуызæй. Хæлиукъахæй.

Фестадысты йын. Оф-ф, ам, дам, дæ. Мах, дам, дын, хæдзары дæ, уый зонæг нæ уыдыстæм. Æппæты фыццаг, дам, дæумæ фæдзырдтаиккам. Цымæ ма кæмæ фæдзырдтой æндæр? Фырæфсæрмæй ныкъкъæдзтæ, ныззылынтæ сты, мæгуыр сæ бон. Мæлæты къæмдзæстыггæнджытæ… Æфсæрмæймæрдтæ… Тæригъæддæгтæ. Æмбæлæггаг æм дæттынц.

Сæ цæхтоны къустæ – æрдæгхæрд. Фынгыл – цъæх памидоры цæхджынтæ æмæ цыхты къæрттытæ. Хæдзары хус къуымтæ джибритæйы æхцон тæфæй дидинæг æфтауынц.

– Нæ нуазын, – цæхгæр «нæ» ныццавта Бытъыр.

– Уый та куыд нæ нуазыс?

– Афтæ. Нæ нуазын.

– Нæ хистæр, хонгæйæ дæр нæм дæ къах зынæй куы ´рбавæрыс… Миййаг, исты?..– йæ чындз йæ афæрсынæй нæ бафсæрм. – Дунескæнæг Хуыцау нæ бахизæд фыдбылызæй…

Бытъыр развæлгъау не ‘рцæттæ кодта æфсон, фæлæ нæ фæтыхст:

– Тамако уæм кæд ис?

Чындз фырдиссагæй ныххоста йæ уæрджытæ:

– Æс-саубонтæ, уа масты кæм ныххаудтæ, тамако дымын райдайай?

– Уазæг мæм ис, – стæй йæм уыцы æфсон фаг нал фæкаст, æмæ сæ ноджы фелхыскъ кодта. – Стæй, æрвыл бон адонмæ кæсын, дæумæ гæсгæ, цъус маст у? Алæбон ноздзуан кæн, гормæттæ!..

Бытъыры уыцы тæккæ кардæй куы ныццавтаис, уæддæр дзы фырдиссагæй туджы ´ртах нæ рахаудаид. Уый тыххæй йæм «иу сыкъа уæддæр айс» ничи уал суæндыд. Йæхæдæг та, Митъуйы ахуыр лæг, йе ‘фсымæры йæхи хæдзармæ цæмæннæ бакæны, йæ ноз кæйдæр, –уадз, дæ туг-стæг дæр фестæд, – бынаты бынмæ цæмæн фæхæссы, ууыл сагъæс кодта. Ау, йæ цъиутысайд фырт нуазын райдыдта, æмæ дзы уый хизы? Æви сæ ноз уалы фаг не скомдзæнис? Æмæ ´фсинимæ ´ртæйæ рабадынц фынджы алыварс.

Митъу йæ дзыппытæ фæкъахта, фæкъахта… Æппынфæстаг йæ риуы мидæггаг дзыппæй сласта иу æнцъылдтытæ бапироз. Æвæццæгæн æй йæ цæст раттын нæ уарзта, æндæра уанцон агуырд нæу. Бытъыр æй ноджы йæ ардуан армы ауурæрста, æмæ йæ фæкодта зæххыл. Фæцæуæг.

Уыйфæстæ сæ æгас мæйы дæргъы хызта йæхи. Уыдон-иу иуæрдæм куы ацыдысты, уæд йæхæдæг та æндæрæрдæм дардта йæ фæндаг. Цæмæй сæ макæуыл сæмбæлдаид, ноджы сæ масты хай макæй фæкодтаид.

– Оф-ф, уæ кой макуы фесæфæд! – Бытъыр сæндоны размæ фæбырыд æмæ йæ дурын йæ роны фæцæй тъыста. Ма йын ахауа. Сæтгæ дæр цæмæн, фæлæ

заманайы джибритæ цъæх арвы бын уазал доны къусы сæфт фæкæна? Æмæ, уæд, цæй охыл?

Уæддæр ацух-мух кодта. Дурын куыддæр фæкъул. Уыцы царддæттæг тæнгъæдæй… Чысыл дæр фестæд – фæкъул… æмæ къæвдайы доны ауагъта йæ уидæгтæ. Фæбалц кæны уыцы кæмæн цы ракæнон хуызæй… Йе ´хцон ад.

Бытъыр дурыны сæнæйдзаг фарс ссæрфта йе ‘нгуылдзæй. Йе ´мбудæнтæ бахъыдзы кодтой нозты ´хцон адæй… æмæ йæ астъæрдта зæрдæбынæй. Иф-ф, иф-ф, иф-ф!.. Уыцы хæрзад уыдис!

Ацафон нæ аназиккой ахæм сæн. Мыст æмæ Митъу. Куынæ стæй. Уый тыххæй сыл, куыд æмбæлы, афтæ сæ кæстæры бынаты бадын æмбæлы. Се ской – сæ зын, æмæ сын æй Мысттæм йæхи къахæй схæсдзæнис. Уæдæ ма æфсымæр æндæр цæмæн у? Ныллæгъзтæтæ сын кæндзæнис, цæмæй дзы саккаг кæной. Баввæрсой йын йæ удыхос сæныл.

Лæг, цыма йыл къæвдайы æртах нæ хауы – уыцы æнцой боны раст баци хæдзармæ. Дуар рахгæдта, æмæ йæ дурыны фарс ноджы дæр иу хатт æрсæрфта йæ дæрзæг армæй. Йæ дзыхы йын æртъыста цыдæр быз-гъуыры скъуыд. Дурынæн. Йæ сæрæй систа хуылыдз голлаг. Айтыгъта йæ  тæрхы тигъыл, цæмæй басур уа. Йæхæдæг та йе ‘фсæрмæ рудзынджы фæрссагтæрхæг-æй сбыцæу кодта йе ‘рмттæ, афтæмæй зæрдæрайæ каст æддæмæ. Йæ цæст улæфыд къæвдайæ.

Исты фæндтæ кодтаид, йæ зонд бафæлладаид, уый йæ нæ фæндыд. Фæлæ та -иу фæкæс, æмæ йæ зæрдыл æрбалæууыд, сыхæгты лæгтæн æнæ фæхонгæ нал ис, уыцы хабар. Æмæ цы ‘фсонæн баддзысты? Куыд сын зæгъа: цæй тыххæй сæ фæхуыдта?

Афтæ сын рахабар кæна, кусынæн нæ бæззы, бадæн бонтæ сты æмæ уæ уый тыххæй фæхуыдтон? Æмæ уый цæй æфсон у – кусынæн цал боны нæ фæбæззы, уал хатты сæ цæлы фынгтæм фæхоны?.. Уæдæ æмæ…

Уæдæ æмæ, кæсы – саг фæрæтмæ æрцыдис. Цытæ уыны, диссæгтæ! Йæ цæстытæ йæ сайой? Æмæ уанцон

сайд нæу, гормæттæ. Уыцы арвхауды йæм Митъу, сæхи Митъу, æрбацæуы йæ бæхыл. Йæ нымæт худы фæрстæ йæ рустыл бандæгъдысты. Бæхы «сикъо сыкъатæ» ныззæбул сты. Лæгæй-бæхæй, мæгуыр сæ бон, сæ дон мизы цыхцырджытæй. Сæ дыуæ дæр æзхуыздæронæй сæ даргъ фындзтæ хафынц зæххыл, афтæмæй лæджы цæстытæ кæнынц цины ´рттывд.

Къæвда йæ цы бахуыдта бæхы рагъмæ, уый йын цыма фаг нæу, лæг, Митъу, йæхæдæг дæр нынныгъуылд йæхимидæг. Уæддæр йæ цины цæстæнгас йæ бон нæу дуарæй атонын. Йæ тæнæг фындзы базыртæ ныддымстысты, ныттынг сæ кодта. Уæлдæфимæ дзы уыцы знæтæй баулæфы æмæ раулæфы сау æнагъæддаджы къæвдайы дон.

– Ам стут? – Дзуапп ын куы ничи радта, уæд ехсы фындзæй бахоста дуар. – Ам стут, уæдæ, ацы ´рвхауды ´ндæр кæм хъуамæ уат? Фæлæ уæ сæн ма бамбæхсут, йæ адæй байдзаг æгас уынг!

Лæг фæтыхст. Йæ алыварс акаст. Уыцы сатæг, æхцон уæлдæф сулæфыд зыдæй. Акаст сæндонырдæм. Йæ дуар æхгæд у. Уæдæ ма кæм сты? Æмæ та ногæй, ныр разæнггардæрæй бахоста дуар.

Бытъыр æм каст рудзынджы хуызивд авгæй. Рад йæ зæрдæйы фæндиаг: «Афтæ, афтæ, мæ хæнцъул! Мæ цæсты дзаг дын федтон æви нæ?! Бытъыримæ афтæ хæцгæтæй нæу, нæ, уый базонын дын æмбæлы, мæ бон». Йе ´фсымæрыл худт йæхинымæры.

Æмæ та кæстæр æфсымæр ногæй куы бахоста дуар, уæд æм уый дæр, йæ мидбылты йыл кодта фæуæлахизуæвæджы цин, афтæмæй ракъæрцц-къæрцц кодта рудзынджы авг.

Митъуйы алцы дæр бауырныдтаид, фæлæ йæм йе ‘фсымæр, сæ хистæр æфсымæр Бытъыр сусæгæй рудзынгæй кæса?!. Йæ къах ыл æркъуыра?!. Хынджылæджы бынатмæ йæ ´ рæппара?!. Йæ мидбылты йыл худа?!. Уый гæнæн куыд ис?!.

Уыцы дисгæнгæ йæм ныккаст Митъу. Ноджы йын Бытъыр йæ къухы хистæр æнгуылдзæй уæлæмæ,

Мысттырдæм куы ацамыдта, уæд бамбæрста алцы дæр – фæцис æй йе ‘нæуромгæ маст райсыны бон. Зæгъгæ та дæ фæндаг уырдæм дар. Æппæл дæ чындзæй æмæ... Нуазут. Фæлæ уын кæм ис джибритæ? Йе ‘нæфисткалд зæрдæ ныр кæд фырцинæй алопъо уаид. Макуы йын аскъуыйа, уастæн, кæд ацы æрвхауды, ацы джибритæйы алæмæтон æхцон адмæ смудгæйæ, маст исынты рæстæг нæу.

Митъуйы фæндыд зæххыл стыр ту ныккæнын, фæлæ хистæр уæддæр хистæр у – æмæ ахæм æнæгъдау ми саразынмæ йæ ныфс нæ бахаста. Афтæ иу бынтонæнæгъдауæй дарддæр чи бакæндзæнис? Фефсæрм.

Цардæфхæрд хайуан бирæ фыдтæ бавзæрста. Ахуыр сыл уыди. Митъумæ нал фæлæууыд. Азылд æмæ æнæракæ-бакæ, йæ хауд сæр зæххыл ласгæ, йæ къæвдайы дон мизгæ, хауд зæрдæйæ араст Мысттырдæм.

«Кæсыс – фæшæуы та сæм. Уазæг – Хуышауы уазæг! Падджахы дуæрттæ йын байтынджут! – анæрст хистæры зæрдæ. – Хæрæг! Мæнгæй нæ акæнынц: гæбæр бæх гæбæр бæхы ныхы.»

Ныр уым йæ фыдгойæ, дзондзолийау, цупал дидинæг æфтаудзысты. Æмæ æфтауæнт. Дидинæг æфтауын цы у? Сæйраг вæййы йæ дыргъ. Уый та ис Бытъыры къухы. Уым ын йæ равзаргæ чындз кæмдæр чырыны бынæй иу æрдæг авг судзагæй сласдзæнис... Æмæ сын цымæ æртæйæ цасы фаг скомдзæн... æрдæг авг, мæгуыр уа сæ цыбыркъух бон?!.

Уыцы æвзæр æцæг нуаздзæнис?

Бытъыры зæрдыл æрбалæууыд йе ‘фсымæры лæппу. Тунтул. Нæ, уый карæнæй уанцон нæу. Тунтул афтæ нæ бакæндзæнис. Куы нуаза, уæддæр йæ мады аххос у. Уæдæ, æндæр сæ аххос кæмæ аппарой? Сæхæдæг ын сты ´вдисæн. Чысылæй-иу ын, нæ фынæй кодта сывæллон, æмæ-иу ын мад нартхоры кæрдзыны фæлмæнтæ сæны баудæста, афтæмæй-иу ын сæ авдæнмæ бадардта.

Расыг сывæллон бафынæй уыдзæнис, уæдæ, цы. Æмæ йæ уыдæттæй кæд фесæфта... уæд та? Кæд æй

уыдæттæй бафтыдта нозтыл?.. æмæ сæ мыггаджы чи никуы-ма уыдис…

Нæ, кæд æцæг афтæ нуазы, уæд ын Бытъыр сæхи Шакрийы ми бакæндзæн ис! Æрра Шакрийы ми!

Хорз æрра у, хорз. Сдзырд, дам, мæм нæй. Æрра, дам, дæн. Хуыцауы куывды дæр йе ´рра ных аскъæры – хистæрты цур рабады уыцы кадджын лæгау. Фынг бынтон сæрфт куы уа, уæддæр æм æртæ кæрдзынæй йæ фаг æрхауы. Стæй иу-цалдæр баназ, æмæ дæ мацы мæт уæд, – куывд уа, кæнд уа, – дæхицæн зарджытæ скъæр.

Æмæ, дам, æрра.

Кæннæуæдæг æрра низæй фæсæйæд йе ´взæр цъиутысайд сæр, кæд æрра æппынæдзух йæхи сæры мæт нæ кæны, уæд.

О, фæлæ алы æррайы дæр йæхи фæзмджытæ вæй-йы. Æвзæр æнцон фæзмæн кæй у, уый бирæтæн, тынг бирæтæн фæдæтты къух. Æмæ иу хисты кæстæртæй чидæр, Шакрийы фæзмгæйæ, куы базарид.

О, о! Кæстæртæй чидæр иу хисты, сабыргай дæр нæ, фæлæ йæ дзыхы дзаг бæрæгбоны зард куы ныккæнид. Цыма уыцы кæнд уый бæрзæйыл æнцайы. Æмæ уæд дæр уанцон диссаг нæу… Дæхицæн цы бартæ дæттыс? Уымæй дæр йæ лыстæг къубал хæрдмæ сивæзта æмæ, æнафоны уасæгау, фæйнæрдæм уæлахизхуызæй куы фæлгæсид, ома, фарс мын нæма дæттут?

Шакри хистæрты цур йæ ахуыр бынаты бадт. Ныр-ма йæ хæрд, йæ нозты койыл уыдис. Ахæм рæстæджы йæ цыфæнды диссагæй дæр дзæгъæлы зарынмæ нæма февдæлы. Ныр æй, цыма, æцæг, хур бон арв йæ тых, йæ бонæй æргæрах ласта, афтæ фæцис: чи бауæндыд, ахиза йæ рæзты – бон сихорафон ын байса йæ зарæджы хай?

Уæззаугай сыстадис. Шакри. Сабыр къахдзæфтæй ацыд зарæггæнæджы цурмæ. Йе стыр, цæхæрадонæййас къухы дæрзæг уæлармæй йын æгомыгæй йæ тых, йæ бонæй йæ былтæ ахæм хафт ныккодта, æмæ мæгуыр лæппуйы къæхтæ фæуæлæмæ сты. Дæ мад æмæ уа, дам, дæ фыдæн афтæ æмæ уфтæ уа – «Нæ мыггагæн иу æрра фаг нæу?!»

– Нырма Шакри удæгас у, æмæ куы амæлон, уæд зар æмæ зар! Дæ фæрстæ дæр атон зарынæй!..

Шакри уæлахизæй раздæхт æмæ сбадт йæ бынаты.

Æмæ уæд Митъуйы къулбадæг фыртæн дæр, кæд йæхи Шакрийы бынатмæ цæттæ кæны, уæд раст афтæ бакæнын æмбæлы, гъе! Йæ къæхтæ куыд фæуæлæмæ уой. Æмæ уый бакæндзæнис…

Бытъыры зæрдæ фæкъæпп кодта – цымæ сæ исчи федта? Митъу сæм куыд æрбацыд æмæ куыд аздæхт, ууыл цымæ исчи скъуырдта йæ рахауинаг цæст? Уæд сæ худинаджы ном фидиссагæн баззайдзæнис æмæ уый зæгъ, æндæр ницы. Адæмæн се 'рбадæнтыл дæр цæстытæ ис, æнæрай макуы скæной сæ цъилопи сæртæй, фæлæ ацы æрвхауды уыдонмæ кæй равдæлдаид?

Лæг дуарæй йæ сæр радардта æддæмæ. Акаст фæйнæрдæм. Исчи зыны?

*Уæлæсыхæй – дæлæсыхмæ*
*Уæдæ дзыхæй цæй рæхысмæ…*

Кæцæйдæр ахста Шакрийы æмхæдон зарæг.

«Æ, дæ хæдзар дын мыстад макуы скæна, кæд ма дын хæдзар дæр ис… Æппынæдзух уынгты цы хæтыс?» – Бытъыр æм хуымæтæджы нæ рамæсты: куыд ис уый гæнæн, царæй зæхмæ нæлгоймаг æппынæдзух уынгты йæ гуыбыны фæдыл лекка кæна?

Кæд Митъуйыл сæмбæлд, уæд æнæмæнг исты фæхатыдаид. Æрра, æрра дзы мацы басусæг кæнай. Йе ´рбадæнтыл дæр, – йе ´взæр мæрдтæн хæринаг фæуой, – цæстытæ ис. Хæдзари-хæдзар сæ улæфт адæмæн ныццитт-цитт кæндзæнис æмæ ныххудинаг сты, уый зæгъ. Куыдзы фырт сыл æрра, æрра къуыппæй-къуыпмæ фæзардзæнис. Йе 'фсымæры, дам, йæ хæдзармæ нæ бауагъта… Расырдта, дам, æй Мысттæм.

Нæ, фæлæ ма сæм кæд цыдис? Митъу? Цы йе 'намонды къæхтæ йæ æрбахастой абон? Сæн æцæг базыдта йæ адæй?!. Уый æмæ Мыст!.. Митъу та… Æмæ йæ ныххудинаг кодта адæмы ´хсæн…

Йæ адджын чындзæн æй уæддæр радзурдзæнис... Нæ, уымæн æй не ской кæндзæн. Мыстæн æй «раппæлдзæн». Цæмæй йæм сæ зæрдæ фæхæрам уа. Чындзæн ницы зæгъдзæн. Уый уонгæддæдæр у. Афтæ ´рра нæу, сæ хæдзарвæндаджы ныххудинаг кæна. Чындз цыфæнды адджынæй дæр уыдон мыггаг нæ хæссы. Хæдзарвæндаджы хабæрттæй алцы зона, уый йæхицæн дæр, аба-бау, ницы пайда æрхæссы.

Бытъыræн, катæйттæгæнгæ, уалдзыгон хур бонау, ныррухс йæ зæрдæ. Ныррухс ын, йæ зæрдæйыл, фыдтæвды, сæлдæгау, чи абадт, уыцы æхсызгон, зæрдæмæдзæугæ фæндæй.

Нæ, фæлæ йæм, – лæг асагъæс кодта йæхинымæры, – Хуыцау уыцы фыддон-фыддуры кæсы уæларвæй йе сфæлдисгæ зæхмæ, æмæ йын амоны, цы сараза, уыдæттæ. Адæммæ фæраздæр уыдзæнис йæхæдæг. Катайгæнгæ сын рахабар кæндзæн йе стыр масты сæр – йе ‘фсымæр нозтыл æгæр фæцалх, æгæр, куыдзы сæр макуы бахæра.

Сыхбæстæ иууылдæр хорз зонынц, иу бон ын йе ‘мкъай куыд æхсын кодта йæ сæр. Дон, дам, дын сæвæрдтон пецыл. Дæхи, дам, асатæг кæн. Де уæнгтæ, дам, сулæфой.

Митъу Мыстимæ фæйнæ банкæ баныстой сæн æмæ хи асатæг кæныны коймæ хæрдмæ фæхаудта:

– Æрра дæ! Цы сатæг кæнинаг мæ ис, æхсæр дæн? Науæд, кæм бафæлмæцыдысты ме уæнгтæ? Нæ, нæ, нæ! Нырма ныртæккæ баныстон иу джибритæйы банкъæ! Алидздзæн, дам, Хуыцауы ницæй тыххæй мæ нозт! Сæн, дам, фесæфдзæнис!

Уый дын хæдзардарæг, районы сæрбос лæг, мæгуыр нæ бон! Æмæ, дам, нын цард аразын не ´нтысы.

Уæлдæр куыйтæй йын чидæр зонгæ уыдис. Фынгыл кæмдæр сæ кæрæдзийы былтæ фестъæрдтаиккой, æндæр библиотекæйы куынæ базонгæ сты, мыййаг. Районы хицауæн, дам, бæззы, – алы кæрцæн йæхи æмпъузæн агурынц, – арвыста йæ дæлæ нæ фыдбоны сыхæгтæм. Уæхæдæг, дам æй фенут, цы кадр ссардтон!

Бакодтой, дам, мæ Бериамæ, мæрдты бæсты куыдзы сæр æхсына, уастæн дæр – Ирыстоны хуыздæрты нæхи куыйтæн фæцæгъдын кодта. Уый, дам, цыдæртæ фыста. Стæй йæм фæкомкоммæ:

– Ты нашу партию любишь?! – æфиппайд æй афарста дзыхыдзагæй.

Нæхион дæр дзы ныфсджындæры тыххæй райсом раджы цалдæр джибритæйы агуывзæ цæмæннæ æркъуырдтаид йæ фæндаджы размæ? Амыдта йæ йæ къух æмæ фæзындисты йæ дзуаппыл:

– Да! Люблю!

– Иди, и работай!

Æмæ дын уый йæ куыстытæ.

Сыхæгтæн рахабар кæндзæн, зæгъгæ, уыдæтты тыххæй йæ нæ бауагътон хæдзармæ, æмæ фæцис! Фæлæ, зæгъгæ, ныр уæхæдæг уынут – йемæ фидауын мæхæдæг, сæрмагонд быркуы систон, йæхи аргъ сæрмагонд фынг ын сæвæрдтон. Фæхуыдтон мæ буц æфсымæрты. Иууыл куыйтæ куы уæм, уæд нын холлаг та чи ныккæндзæнис? Æрмæст сæ ноззтыл чысыл фæхæцæнт. Уанцон диссаджы нозт нæу!

Стæй ацæуæд, æмæ сыл Шакрийы æдылы адæмы хæдзæртты, къахдзæфæн къуыппытыл нæ, нæ, адæмы скъæтты дæр зарджытæй фæрстæхæлд кæнæд. Æдылыцыдæр! Митъуйы æргæвдгæ куы акæнай, уæддæр æцæгæлон фынгмæ нæ бавæрдзæн йæ къах. Уæдæ, æнæхонгæйæ дæр йе ´фсымæртæй дарддæр макæй къæсæрыл балæууа. Афтæмæй йæхи хæдзары къæсæр адæмы къæхты бын ихсыд у. Районæй райдай, æмæ сыхаджы онг чи не ´рбалæудзæн йæ къæсæрыл! Уымæн та, – Шакрийы дзæгъæлдзуйæн, – йæ къæсæрæй уазæджы номыл гæди дæр никуы рахызт.

Йæ къулбадæг фырты дæр ын фæхондзæнис. Митъуйы фырт Тунтулы. Сæхи лæппуимæ, уадз, фынджы алыварс куыдлæгдæрæй зилой. Рæгъ рæгъы фæстæ скъæрдзысты. Хаудзысты сæм хæлæггæнджыты гагуытæ. Æфсонмæ-æфсæнтты Тунтулæн сыхæгтæ дæр дардзысты. Æмæ дзы иу-цалдæр куы аназа, уæд ын

Бытъыр æгомыгæй раст уæд фæкæндзæнис Шакрийы цæф. Уадз, адæм феной, куыд ауды йæ кæстæртыл!

Нæ, йæхи хæдзары йæм ницы сдзурдзæнис. Афтæ худинаг у. Мæлæт у. Де ´фсымæр-уазæджы дæ хæдзары фæнæм! Дæ сыхбæсты ´хсæн... Уадз, дæ туг-стæг дæр уæд... Уæддæр уазæг у. Дæ хæдзары дæ куыдзы дæр куы фесхойай, уæд æй уазæг йæхимæ бамбардзæнис. Фæнды ма йын йæ сæрыл сой рауадз, уæддæр ын доны ад дæр нал скæндзæн.

Уанцон нæу! Уый, æцæг, бынтон худинаг æмæ мæлæт у. Уый гæбæр, æвзæр гæбæр хæрæг дæр не схæсдзæнис йæ сæрмæ. Уый, Шакрийы ´гомыг цæф, æндæр ран сараздзæнис Бытъыр. Кæд нозтыл, æцæг, йæ фыдау, зæрдыйæ у, уæд.  Æфсымæр дæм куы ´рбацæуа, уæд уый дæр уазæг у, уæдæ, цы. Нæй йын бафхæрæн. Æмæ йе ‘фсымæрты дæр цæмæн фæхудинаг кæна æмæ йæхи дæр. Бонтæ нырма мыстытæ куынæ бахордтой, мыййаг. Æмæ æрра хæрæг фыдбылызæй аирвæзт. Тунтулæй зæгъын.

Лæг, йæ хуындæн æфсон, йæхимæ гæсгæ, тынг хорз æфсон кæй ссардта, уымæй ныббуц. Ноджы йе ‘мкъайы куы ауыдта, йæ кæлмæрзæны бын, цæмæй йын къæвдамæ ма ныххуылыдз уа, цыдæр æмбæхстæй æрбахæссы, уæд, фæскъæвда хур бонау, бынтон ныррухс йæ зæрдæ. Кæд æрбахæццæ уыдзæнис, уымæ нал фæлæууыд. Ахызт йæ размæ – аппæла йын рæстæгыл йе стыр, æнæаргъæвгæ, æнæбауромгæ цинты цин: Митъуйæ куыд райста йæ маст æмæ йæ хуындæн куыд ссардта, æгас комбæстæ дæр æнæ уый кæй никуы ‘рымысдзысты æмæ сæ чи никуы ферох уыдзæнис, ахæм диссагæн дзуринаджы æфсон!

Сæрмæхъус æфсин æм каст мидбылхудгæ æмæ разыйæ. Сæ развæлгъау фæндтæй уыцы дзæбæх æфтыдтой дидин.

## ДАВИДОВИЧ

Диссаджы лæг зæгъон, æмæ дзы уа диссагæй дæр ницы ис. Стæй диссаг дæр цæмæннæ? Ома, чи зоны, йæ комæйкургæ хабæрттæй уа диссаг нæ, фæлæ… Куыд æй зæгъон… Йæхæдæг æй нæ хаты, афтæмæй йæ цинтæ дæр, йæ фыдбылызтæ дæр сæрæй-кæронмæ баст вæййынц, йæхи загъдау, куыдзы туг сыл ныккæлæд йæ хинымæры, иннæ адæмау, фæндтæ кæнын кæй нæ зоны, ууыл.

Гыццыл-ма куы уыдис, уæд-иу, мæгуыр, йæ мады цур йæхи тæригъæддаджы къултæ бакодта: «Ныр, цымæ, Гыццийæн куы ныллæгъстæ кæнин, уæд мын инджын нæ радтид?!»

Йæ уыцы бакаст, йæ уыцы ныхасы уагæй-иу ныффæлмæнтæ мады уарзæгой æмæ лæмæгъ зæрдæ. Йæхæдæг-иу йæхицæй фефсæрм – нырмæ йæ куыннæ ‘рцахста йæ зонд: «Куыннæ, куыннæ, мæ зæрдæйы цъупп! Уæдæ, æндæр кæмæн бынтæ кæнын, кæ?! Хуыздæр сæ кæмæн æвæрын? Дæу куы стæм иууыл дæр!» – æлыг къус-иу ын айдзаг кодта уыцы комы къултæ рæвдауæг, уыцы сатæг, адæймагыл базыртæ садзæг лæмæрст инджынæй. Дæндæгты æхсæн-иу æхцон цъыззыдтт кодта. Æууил æй, æмæ йын йæ адджын цъыс-цъысмæ дæ цæстытæ æрдæгцъынд æркæн.

Скъолайы-иу уыцы «нæ мын фæтæригъæд кæндзынæ»-йы цæстæнгасæй нымдзаст ахуыргæнæгмæ: «Ныр, цымæ, ахуыргæнæджы раз мæ зонгуытыл куы æрхауин, куы йын ныллæгъстæ кæнин, уæд мын мæ нысан иу ахх нæ фæуæлдæр кæнид?! Стæй иннæ хатт ам нæ уаиккам».

«Æнæрай макуы фæу! Афтæ мæм нымдзаст вæййыс, цыма мæ гипноз кæныс! Мæ уæнгты тых нал аззайы. Адон мын вæййы, – ахуыргæнæг-иу сахатгæйтты йæхи

нал æмæ нал ахста. Йæ ахуырст цæстыхаутæ-иу фыртъæбæртт-тъæбæрттæй сæ кæрæдзийыл бандæгъдысты. Йæ бон-иу сæ æнцæнтты фæхицæн кæнын нал уыдис. – Мауал мæм кæн тæригъæддаг каст. Мауал мæм кæс. Æвæрын дын нысан», – скæуыны къахыл-иу ныллæууыд, мæгуыр йæ бон.

Йе ‘мкъласонтæ-иу æм куы ныццæхгæрмæ сты: «Ахуыргæнæгæй нысæнттæ цы курыс, худинаг нæу?!» – уæд-иу дисæй мард, цытæ мыл мысут, цæй нысан дзы курын, зæгъгæ? Уый, ахуыргæнæгæн нæ, фæлæ мæхицæн дзырдтон афтæ.

Æвæццæгæн, дам, сæры магъзмæ адæймаджы сусæг фæндтæ кæсын зоны. Ахуыргæнæг. Уымæй-иу раст кодта йæхи. Æмæ йын йæ риуыл куыдз куы аргæвстаис, уæддæр дын нæ басастаид.

«Мæхи дыууæ цæсты раз ын загътай! Дæ тæккæ фарсмæ бадтæн æмæ мæ куыд сайыс, кæд бынтон æдзæсгом нæ дæ, уæд?!» – бирæтимæ-иу ын асайдта хылмæ. Суанг къухæй æртъæппытæ кæнынмæ дæр.

Фæлæ никуы никæмæн басаст. Къæрттæй цъула нæ кодта: «Мæнгзæгъæджы мадæн!.. – ныссомы-иу ласта йæ зæрдæйы фаг. – Уый, æвæццæгæн, сымах дæр зонут адæймаджы сусæг фæндтæ цæстытыл кæсын? Хуымæтæджы нæ гæппытæ кæндзыстут, нæ. Æмæ йæ уæд æргом зæгъут. Мæныл тæригъæдтæ цæмæн мысут, гормæттæ? Мæнмæ сымахау сусæг митæй ницы ис».

Æмæ-иу ын уыцы зæрдæйы уаг бирæ хæттыты фæхос, бирæ хæттыты. Йæхæдæг-иу дзы ныфс куынæ æвæрдта, уæддæр. Афтæ кæй у, йæ сæры цы вæййы, уыдæттæ иууылдæр дзургæ кæй фæкæны, уый тыххæй æнæдзургæйæ йæ бон нæу цæугæйæ дæр, кусгæйæ дæр, бадгæйæ дæр, хæргæйæ дæр, хуысгæйæ дæр… Суанг фынæйæ дæр, бауырнæт уæ мæ раст ныхас, фылдæр дзургæ æмæ æлгъитгæ фæкæны.

Æнæлгъитгæйæ дзурын, баууæнд мыл, нæ мыл æууæндыс, дæ бар – дæхи, фæлæ æнæлгъитгæйæ куы фæныхас кæны, уæд æй бирæтæ хатгæ дæр нæ фæкæнынц. Афтæ йыл сахуыр сты æмæ сæ амар.

Кæмæндæр йæ сины ‘лвæст куыд фæхос, афтæ уымæн дæр йæ фыддзырд, йæ фыддзых, куыдзы туг ацæуа йæ хурхы, бирæ хæттыты фæрæстмæ вæййынц. О, о, иу æмæ дыууæ хаты нæ, фæлæ тынг бирæ хæттыты. Йæхæдæг дæр фæдис кæны йæхиуыл – Хуыцауæй йæм æвзæр-æвзæр цы амонд каст!

Усгур лæппу куы уыдис, уæд сæ сыхæгтæм уазæг-чызг æрцыд. Давидович æм… Уæд дæр, бауырнæд уæ, Давидович уыд. Йæ фыд æй гыццылæй, гуырцæй дзырдфæразон кæй рахаста, уый тыххæй кады охыл афтæ хуыдта. Æмæ йæ адæм дæр фæдавидофич кодтой. Омæ, дам, сыхæгты уазæг-чызгмæ сæрæй-къæхтæм, фæстейæ-разæй бирæ фæкæстытæ кодта. Ныххаудта йæ зæрдæйы æмæ йын афтæ:

– Ныр ацы чызгæн куы балæгъстæ кæнин – «баком мын, æнæдæу мын цард царды ад нал скæндзæнис», уæд мæ цымæ нæ бауарзид? Ай йæ мады!.. – æдзæсгом æй æнæзонгæ чызджы цур ныссидтис комкоммæумæ. – Ахæм дзадджын цард скъобор кæниккам иумæ æмæ – диссаг!

Чызг сыхæгты чызджытимæ цæуылдæрты худтыс-ты. Давидовичы ницы-мацы фæндонæй фефсæрм. Йе ‘мбæлттæй-ма кæй фæстæ амбæхстаид, уымæ нал фæцарæхст. Фæтыхст æмæ йæ къах фездыхст. Уæддæр, ацы царды, æвæццæгæн, амондæй дарддæр ницы ис – йæхицæй йе ‘взаг рæвдздæр разынд: «Æнæрай мæ макуы фæу, кæд дын дæ цыты уазджыты æнæ дзуап-пæй нæ раздæхтон».

Уæлæнгай къахыздыхст цас бабадинаг у. Уæл-дайдæр æй, «æцæг нæм уæдта искæй фæрсæг æрбарвыста» – тагъд-тагъд цæхджын дæтты куы æвæрай, уæд. Дыууæ бинонтæ ма сæ зонгæты сæ фидæны хæстæджытæй фылдæр æфсоны фæрстытæ цы акодтой, æндæр фидарæй скарстой, лæппу æмæ чызг кард æмæ кæрддзæмы хуызæн кæй æрбаддзысты сæ кæрæдзийыл. Афтæмæй фыццаг хуыцауæхсæв Давидовичы цыты уазджытæ чызджы къæсæрыл куы балæууиккой. Цæй къахы рыст æмæ ма цæй цыдæр –

чызг хæдзары къуымты, урс уæрыккау, уыцы тыбар-тыбургæнгæ рауай-бауай кодта. Мæ бон акæн, зæххыл-ма хæцыдис, цы – йæ дзыхæй сабыр дзырдтæ нæ, фæлæ, уæларвон зæды къалиуау, сæ кæрæдзийы хынцмæ худгæцæст зæрватыччытæ пæррæстытæ кодтой.

Æмæ сæ уыцы бонæй фæстæмæ никуы ничи ралгъыста йæ амондскæнæджы. Лæппу æмæ чызгæй. Фæлæ Давидович йæ дзæнæттаг фыдæй рахаста йæ зæрдæйы уаг æмæ дзы йæ бон нæ æмæ ницы хуызы у фервæзын. Исты æрцæуинаг куы вæййы, уæд зæххыл æрхæст нал фæзоны. Цы ‘рцæуинаг у, ууыл фембæл-ынмæ йæ уд йæ дæлæвзаг æрбынат кæны. Йæ рахауинаг цæстытæ йæм урс кæнын райдайынц.

Лæг дæ, гормон, æмæ дæхи фæуром. Дæ дзыхыл æрхæц. Дæ бынат æрцахс. Æрцæуинаг цы уыдис, уый зæххы цъарыл лæджы фырт никуы-ма баурæдта. Нæдæр æй бауромдзæнис. Уæдæ ды, донивылды размæ чидæр къодах куыд æхста, уыйау йæ размæ кæдæм хауыс?

Мæ уд акæн. Æппынæдзух фæрафт-бафт кæны, айыкæфтауæг уæрццау. Цыма дуне иууыл уымæ кæсæг свæййынц, æндæр сæ ницы уал фендавы. Цыма хабæрттæ иууыл уымæй кæнгæ вæййынц. Цыма уый куынæ фæрæвдз уа, уæд зæххы цъарыл иу змæлæг уд нал ис.

Нæдæр ыл искæй уайдзæф ныдзæвы. Нал дæр æй искæй мæт вæййы. Стæй тыхсгæ дæр цыма уадиссаг ницæуыл фæкæны. Уæддæр, йæ рафт-бафтмæ уынгты цуанонтæ дæр дыууæрдæм рауай-бауайыл свæййынц. Цыма сын сæ зæрдæтæ кæрчытæ фæхæрынц. Алкæй дæр йæхи кой ис. Сæхицæн стæрсынц – мацы фыд сыл макуыцæй сæмбæла. Адæймагыл æууæнк нæй. Иугæр, цæуылдæр тыхсы, уæд æм фыдæй дарддæр хорзæй мацæмæ кæс.

Ныр дæр та йын иуран æрхæст нал уыд. Давид-овичæн. Цы гыццыл куыстуаты техникæйы æхсæвгæсæй кусы, æхсæвыцъæхæй уый кæрты иу кæронæй иннæмæ рауай-бауайыл сбæндæн. Куы

фæлæууы, тагъд-тагъд бауайы, уæзласæн машинæтæй иуы буфер йæ фырт Къукъури æрæгæхсæвæй фæстæмæ фæдисæй куыд бæстæттæ арæзы, уый абæрæг кæнынмæ, куы фæстæмæ фæзилы цæхгæр. Рæстæгæй-рæстæгмæ машинæмæ фæкасы бæстæтты æмæ та, дисгæнгæ, нынкъусы йæ сæр:

– Афтæ, афтæ. Йæ саразæг дæр æй куыннæ уал базона, – байрайы дзы йæ зæрдæ æмæ та ауайы уынгæй куыстуаты кæртмæ æрбахизæн дуарæрдæм – мачи сæм фæзына æнæхонгæйæ. Бирæ искæй сусæг хабæрттæ базонæд, æндæр ын мацы схай кæн зæххы цъарыл. Стонггуыбынæй дæр йæхи амондджынты амонд-джындæрыл нымайдзæнис.

Ардæм æй йæ фырт æрбакодта кусынмæ. Йæхæдæг дзы шофырæй кусы, йæ фыд – æхсæвгæсæй. Æртæ æхсæвы иу хатт дæхи аирхæфс. Æмæ горæттагæн, чи зоны, иу мæй дыууæ-æртæ мины æхца не сты. О, фæлæ йæхи зæххыл, йæхи хæдзары, йæхи ис-бисимæ чи цæры, уыдон ахæм лæгæн иу мæйæ иннæ мæймæ сабæттæгты фаг уæддæр скомдзысты. Æмæ уый хæдзардарæгæн мæнæ нæй.

– Æз æххæст уынгмæ акæсон. Йай-йайы цъаммар макуыцæй фæзынæд? – Давидович та фæуайы дуарæрдæм.

Йай-йай сæ хистæр у. Куыстуаты хистæр. Æвзæр адæймаг цыма нæу, фæлæ – ай- уйгонд. Æрмæст, ай-уй мацæй тыххæй зæгъа. Уæлдайдæр, хорз зæрдыл куы уа, уæд. Афтæ дзургæйæ, дам, бирæ тых хардз кæны æмæ дзуры «йай-йай». Хуымæтæг, æнцондзурæн æмæ дзæбæх. Суадоны донау йæхæдæг лæдæрсы. Фæсау-уонмæ йæ иууылдæр афтæ уымæн хонынц: Йай-йай! Фæлæ куы смæсты вæййы, уæд йæ маст мауал æрысыса. Нал дæр æй йæ тых фендавы, нал дæр – йæ уд.

– Нырма цафон куысты рæстæг у?

– Ойы? Гъемæ, хорз, – фыд уайтагъд сразы йемæ.

Къукъури машинæйы ног буфер конд куы фæци, уæд ма йыл иу хатт æрхæстытæ кодта къухæй. Æрлæууыдис ыл къахæй дæр. Æруыгъта йæ. Фидар у?

Байрад дзы йæ зæрдæ. Æмæ бахудт. Зæронд буферы цъæлтæ ахаста кæрты кæрон, къуымы цы æфсæйнæгты – машинæты саст хæйтты рæдзагъд уыдис, уырдæм. Куы сæ æрæвæрдта, уæд сыл æркалдта æндæр, згæ æфсæйнæгтæ. Бафснайдта йæ кусæн мигæнæнтæ дæр æмæ бакатай:

– Иу цъус-ма мæ брæттæ куы уыдаид.

– Цы дæ куы уыдаид? – Давидович хæрдмæ фæхаудта æмæ æрхаудта. – Бырæттæй та цы кæныс? Ай уа йæ дарæг, æмæ бырæттæй фылдæр цы ис? Æрбахæссон дын? Ныртæккæ, мæ лæппу, ныртæккæ. Бырæттæй хуыздæр нæ мацы æрцагур, æндæра уыдонæн... – кæцæйдæр къутæрты ‘хсæнæй иу зæронд бедра йе ‘фсæрæй хыбар-хыбургæнгæ сласта. Кæрты ауад иуæрдæм, иннæрдæ. Дзæбæхгонд цыма æрбарухс, фæлæ кæрт уыцы къæдз ус ахæм фыддæрадæн хæрзсæрфт ныккодта æмæ – иудиссаг. Никуы дзы ницы зыны. – Ныртæккæ, ныртæккæ. Мæус уый поро!.. Брæттæ æз ныртæккæ рауардзынæн. Брæттæй фылдæр та нæм цы ис, мæ лæппу.

Ауад дуарæн æддæмæ. Фæлæ нал æмæ нал зыны. Лæппу, кæрт асфалт кæм уыдис, уый къухæй æрсæрфта. Фыццаг тутæ кодта ног буферыл æмæ та-иу ыл бакалдта рыг. Фæлæ йыл рæстмæ нæ хæцыд. Æмæ лæппу йæ алыварс фæрсæджы кæстытæ акодта: чи йæ уыны? Йæ фыд дæр никуыцæй зыны. Æмæ феуæгъд кодта йæ хæлафы къæртт. Куыдзау ыл бакалдта йæ доны хуыпп. Буферыл. Стæй та йыл рыг калдта. Йæ уæлæ дзæбæх куыд ныххæцыдад.

Уалынджы Давидович фæзындис. Бедрайыл хæцæн æмæ бын нæ уыдис. Дыууæ къухæй йын ныцъцъецъелæг йæ былтæ æмæ йæ быныл. Æрбахаста дзы цыдæр дзабыры зæрæдтæ, дуртæ, гæххæттытæ... Брондоныл æй куыд схафта æмæ дзы уыцы ист цы скодта, уыдон æм æрбантъыхта.

– Мæ лæппу, брæттæ нæ уыйбæрц дæр куы агурис. Адон брæттæ сты, уæдæ сыгъзæринтæ сты, ай уа сæ... Брæттæй фылдæр та нæм кæд цы уыдис æмæ ис? –

уыцы райгонд уыд йæхицæй. Йе ‘ппæлыны зæрдæ хæлбурцъ кодта мидæгæй.

Лæппу йæ куы ауыдта, уæд фæтарст, ома, кæд искæй уазæгдоны гæххæттытæ æрбахаста æмæ фæраст кодта йæ астæу:

– О, о, о!.. Аппар сæ. Уыдон цы сты?!

– Аппарон сæ?! – адыгъгъуытт сæ кодта иуварс. – Цæмæн? Ссардтай брæттæ? Уæдæ сæ цæмæн агуырдтай? Аппарон сæ? Аппæрстон сæ.

Бон æгæр æрбацъæх. Йай-йайыл æууæнк нæй. Йæ сывæллæттæ йыл кæнуынц – ма сæм фæмидæг уа? Халонæн дæр-ма цардæмбал вæййы. ахстон кæимæ скæна. Лæппынтæ кæимæ рауадза æмæ схæсса. Йæ буарæй йæ чи батава æмæ кæй тава. Йай-йай иунæгæй куыдзы зæронд кæны. Æмæ, чи зоны, раст у – ницæй, никæй мæт æй ис. Нæл гæдыйы цард кæны: цы баййафай, уый бахæр; цы дын ис, уый скæн; рæстæгæй-рæстæгмæ баныдзæвæггаг, æнæмæт сылгоймæгтимæ ирхæфс дæхи.

Фæлæ адæймаг иу бонон гæлæбу нæу. Фæрынчын дæр зоны. Æмæ, Хуыцау бахизæд, фæлæ уæд та æрхаудтæ, уæд дын, дæ хæдзары мыггагылæй, дæ дзыхыл дон сдараг куынæ уа, уæд уый куыдзы цард у, уæдæ, æндæр цы стыррыны цæф у.

Лæгæй æцæг лæджы тæф куынæ цæуа, уæд мæ уымæй ныууадз. Къукъури йын фыртæн бæззы æмæ йын ныр æртæ хæлиудзых сабийы ис. Йæ уæрджытыл сбадынц йæ фырттæ æмæ сæ бæхтæ дугъы фæуадзынц, «Æчу, æчу!»-гæнгæ.

– Ныууадзут æй! Сымахмæ йæ не ‘вдæлы! Фæллад у! – йæ мады фæзмгæ сæ уайдзæфты хай фæкæны сæ хистæр хо. Ома, æз стыр дæн, зонд сын фæамонын. Алчи дæр йæхицæй дæлдæрæн – зондамонæг. Зондамонæг цас æдылы дæр уа, уыйбæрц – мардæрцыддæр.

Фæлæ йæ Йай-йай куы ‘рбаййафа!.. Куы базона, цы бакуыста, уый, уæд йæ кæстæртæ æнæ къæбæр зайдзысты. Уæд сæ комæйкургæ дугъонтыл уайын дæр айрох уыдзæн. Æмæ батагъд кодта:

– Æз ацыдтæн! Макæмæн мацы срæдийай!.. –Уыцы даргъ къахдзæфтæй фæраст дуарæрдæм.

– Ай уа йæ поро… Уанцон нæу, мæ лæппу! – бадиссæгтæ кодта лæг. – Мæ хурх мæхи дыууæ къухæй лыг кæнын… Кæмæн цы срæдидзынæн, ай уа йæ?.. Æрра дæн, мæус?.. – йæ фæдыл фæцæй цыд дзургæ. Уайдзæфтæ кæнгæ. Бедра дæр дзы айрох.

Фæлæ лæппу кæрты дуар уайтагъд тарстæй ахгæдта фæстæмæ.

– Йай-йай æрбацæуы… – Алыгъд заборгæрæтты. Къутæрты ‘хсæнты. Дæлейæ фæйнæг æмбондæй цалдæр сæры цух ис. Кæд ууылты аирвæзид йæ хистæры цæстæнгасæй. Стæй йæ фæстейæ сурæд. Цæмæй йæ базондзæнис – чи у, кæм уыд? Стæй йæ фæдыл æфтыд у?

Давидович йæ астæу фæраст кодта. Йе ‘рфгуытæ абадтысты йæ ныхы астæу. Уыцы ныфсджын, уыцы цардзонæг лæджы цыд ракодта йæ размæ, цыма йæ фенынмæ тынг рагæй хордта йæ былты цъæрттæ.

– Æрбацæуы æмæ æрбацæуæд. Бæмбæджытыл – йæ фæндаг. Чи йæ нæ уадзы? Рацу, рацу, мæ къона! Рацу! Æз ам дæн!

Йай-йай æрбацыд мæстыйæ. Ницы йæм сдзырдта. Зоны йæ, йæхиимæ та ныхас кæндзæнис. Дуар ныккодта мæсты тъупп. Машинæтæм, цæваг галау, кæны дызæрдыг æмæ мæсты каст. Раст сын цыма се ‘хсæн искæй агуры. «Дæ райсом хорз» дæр ын нæ загъта. Давидовичæн. Йæхицæй йæ мæсты фарст фæраздæр:

– Дысон шофыртæй чи не ‘рбацыд?

– Уый та дзы… исчи цæмæннæ æрбацæуа, ай уа?.. Æрбацыдысты иууылдæр. Уас сæ фæйнæ мадыл… Цæугæ дæр акодтой. Иууылдæр. Ам дзы чи цы хæрæджы дымæгæн зад.

– Ды мæнæн, Дзауы дианбег куы бадт, уый ныхæстæ ма кæн. Сæ машинæтæ иууылдæр æрбакодтой æви нæ? Ам сты, – машинæтæ лæууыдысты рæгъ-рæгъа, цыма сæ исчи барæй афтæ слæууын кодта æмæ

Йай-йайы бардзырдмæ кастысты – цы куыстмæ фæраст уой? – Ам сты, фæлæ сæ фæстагмæ чи ‘рбацыд? Йæ машинæ сæ чи ныппырх кодта, мæ куыдз аргæвда йæ фæйнæ мад æмæ фыдæн?

– Цæй пырх?.. Къукъурийы… мад æмæ фыд… йæ фыд æз дæн…

Йай-йайы Давидовичы ныхас не ‘ндæвта. Фыццаг фæкастæн машинæтæй цæфы нысан куы никæуыл разынд, уæд сæм хæстæг бацыд. Лыстæггай сыл иуæггай хаста йæ цæст. Давидович дæр чысыл дæрддзæфгомау чъызгæ цыд йæ фæдыл. Йæхимидæг гуым-гуым кодта:

– Йæ фыдæн, о… Мæнæн ныффæлдисæд куыдз… Фæлæ йæ мад цы гæнæг у?

Хицауы цæст пырх машинæйыл куынæ хæцыд, уæд ацахста Давидовичы гуым-гуым æмæ йæхи ноджы фæтызмæгдæр кодта. Ссыд йæ тай-тай:

– Æмæ æз дæуæй дзурын, куыдзы фырт?! Мæ машинæ мын чи ныппырх кодта, уый зæххы бынæй дæр скъахдзынæн! Арвæй йæ æрисдзынæн! Сыбыр ын ардыгæй аззайдзæнис! Мæ тугвæллойæ сæ дарын æмæ мын уыдон та мæ машинæтæ пырх кæнынц. Куыдзы фырт! Æз æй ссардзынæн! Кæйдæр машинæтимæ мын мæ машинæ хæцын кæны – базона йæ, чи сæ тыхджындæр у! Æз ын бацамондзынæн, чи нæ тыхджындæр у, уый! Куыдзы фырт!

Къукъурийæн нал бантыст фæйнæг кауы хуынкъæй агæпп кæнын. Зæххымбæрц ныббырыд къутæрты астæу. Ныр йæ коймæ уылынгæмбæрц хæрдмæ хаудта. Къутæрты хихтæ-иу базмæлыдысты, фæлæ афтæ тынг нæма ‘рбабон – йæхицæй дарддæр æй лæгтæй ничи фиппайдта. Фæлæ сындз къалиуыл пысырайы цъиуæн ахстон уыд, æмæ уый фыртæсæй йæ удисгæ йæхи аппæрста кæрты иннæ кæронмæ.

Лæгæн цыма исчи йæ зæрдæ арсы сойæ айсæрста. Байрад йæхицæй. Йай-йайæ дæр, уæдæ, цы. Уыцы дзæбæх æрсабыр – уый кæй нæ хоны куыдзы фырт, уый æвзæр нæу.

– Омæ, кæд мæнæй нæ дзурыс «куыдзы фырттæ», уæд – хорз. Иухатт нæ Стыр хæсты рæстæджы мæ хæстон къордимæ знаджы фæсчъылдым парашюттæй куы ‘рæппæрстой, уæд мах дæр раст афтæ зæрдиагæй агуырттой, сæ мад æмæ сæ фыдтæн æцæг мæ куыдз аргæвдой. Гитлер æй базыдта, Мæхæдæг дæн уым. Агурынмæ нæм Йæхæдæг уый тыххæй рацыдис. Дæуау. Мах æй нæ зыдтам, цы. Уыцы стыр дзынатæ амад дзы уыдис. Немыц кусаг адæм сты. Дзынаты бын, цыма сæ мах тыххæй самадтой, бабырыдыстæм. Фæлæ нæ фæфиппайдта куыдзы фырт. Гитлеры цъаммарæй зæгъын. Ай йæ ма, загътон!..

Иу дзынамæ бацæуы: «Басудзут æй!» – йæ къæхтæ ныххойы йæ фæсдзæуинтыл. Иннæмæ бацæуы: «Басудзут æй!» Æмæ сæ уыдон дæр судзынц. Судзынц сæ кæрæдзийы фæдыл. Ма ма сæ басыгътаиккой, ай уа уыдон фæйнæ мады!.. Ме ‘мбæлтты хус смаг фындзы хуынчъытæ цæвы. Фæлæ мыл цы бон ис?! Бадын. Нæ, лæууын хæстæввонгæй. Мæ автомат – мæ къухы. Æхсынмондагæй цъæх арт уадзы. Ме ‘ннæ дыууæ къухы спырхæввонгæй – дыууæ гранаты. Мæ дзыппыты дæрма дзы иу-цалдæр ис. Хæстон æрмæгæй не сцух уыдзынæн. Ай уа уыдон фæйнæ мады!.. Зæгъын, рацыт æввахсдæр, рацыт – æз уын фенын кæнон, лæппу цы у! Уалынмæ æрбахæццæ сты, æз цы дзынайы бын æмбæхст уыдтæн, уымæ. Куыддæр дзына судзынмæ февналой, афтæ сыл… Кæй дзына судзынц?!.

– Оставить! – Гитлер уайтагъд фæбогъ кодта йæ фæсдзæуинтыл. Ам, дам, нагомеуели* дæлзутаг Давидович бады. Йæ иувæрсты, дам, ацæут. Уæхи, дам, бахизут. Мацы, дам уын сфыдбылыз кæнæд уыцы Хуыцауы къахæргæвдæг. Йæхæдæг дæрдты азылд æмæ дзына æнæсыгъдæй баззад.

– О, о, сæрмагондæй дæу тыххæй сахуыр кодта уырыссаг æвзаг! – Йай-йай æнæкæсгæйы зоны уыцы ныхасы алы зæл дæр. Æндæр хатт та йыл се ‘мбæлты

* Нагомеуаг (гуырдз., хъæу Знауыры районы).

цæстмæ зæрдиагæй ахудтаид. Ныр æм мæстыйæ уæддæр нæ баурæдта йæхи.

Лæппу ахста йæ фыды дзырдты алы мыр. Хатыд, йæ ныхас, æрвыл хаттау, бынтон худæг нæ уыд. Йæ «хабæрттæ» уыцы ‘цæгхуызæй куы фæдзуры, уæд ыл адæм артæнхæлдтæ фæкæнынц. Ныр æй Йай-йай, цыма, уынгæ нæ, хатгæ дæр нæ кæны. Уый ноджы фæнды йæ цармæй рагæпп кæнын, цæмæй йæ хицау иу чысыл уæддæр бахуда йæ мидбылты, кæд дзы айрох уаид йæ маст. Цы ‘рцыдис – лæппутæ фæбыцæу сты: кæй машинæ сæ тыхджындæр у? Ныхæй-ныхмæ сæ тростæй бабастой. Анцайын сæ кодтой. Æмæ Къукъурийы машинæйы буфер уыцы хæстæн нæ бафæрæзта. Цыдæр ыл аныдзæвд скъуыдтæ тросæй æмæ йæ атыдта. Фæлæ цы ‘рцыд? Лæппу йæ бынтон ногæй раивта йæхæдæг. Ныр йæ фыд хицауы раз йæ зонгуытыл æрхауынмæ цæттæ у, æрмæст бахудæт.

Лæппуйæн сындæггай йæ фыды уавæрмæ йæ кæуындзæг ныкъкъуыбылой йæ хурхы сæрты. Фæнды йæ, фæйнæрдæм куы атонид. Йæ кæуындзæг. Куы ныббогъ-богъ кæнид.

Давидович уæддæр кæны йæ ныхас:

– Æмæ æвзæгтæ нæ зыдта, цы?! Фæлæ немыцагау куы загътаид, уæд æй æз нæ бамбæрстаин. Фæсномыгæй-иу мемæ иууылдæр уырыссагау дзырдта. Иухатт разведкæйы куы уыдтæн, уæд дæр уырыссагау дзырдта. Сбырыдтæн иууыл стырдæр бæласы цъупмæ. Уырдыгæй кастæн немыцæгты æфсады равæрдмæ. Сæ зæрды цы ис, уый ахуыр кодтой.

Гитлеры йæ дæлдæртæ йæхи раирхæфсыны тыххæй сатæг уæлдæфмæ ракодтой. Æмæ куы ‘рбынат кæниккой мæ тæккæ бынмæ. Цалынмæ физонджытæ арæзтой, уæдмæ йын бæласы бын фынгыл айтыгътой хæстон картæ. Йæ къухы къарандас, афтæмæй сын амоны алы тæпмæ дæр:

– Ам кæй æфсад сты?

– Инæлар Рокоссовскийы.

–Уничтожить!

– Ам та кæй æфсад сты?

– Инæлар Василевскийы.

– Уничтожить!

– Ам та кæй æфсад сты?

– Маршал Жуковы.

– Уничтожить!

– Ам та?..

– О-о!.. Уым Давидовичы къорд лæууынц…

– Война плоиглана… – Гитлер йæ кърандас ныццавта фынгыл. Йæ бецыкк йæ сæры сæртæг фезмæлдæй мæстыйæ ацъыкк кодта иуварс æмæ тагъд-тагъд фæцæуæг.

Йæ фæсдзæуинтæ, ай уа уыдон фæйнæ мады… тæсæй ризгæ, фæцæуæг сты йæ фæстæ. Сæ хæрд, сæ нозт равзаргæйæ фынгтыл баззадысты. Физонджытæ уæхстытыл цъыс-цъыс кæнынц. Зæгъын, уыцы цæхæркалæг зынджытыл судздзысты – æрхызтæн бæласæй. Ме 'нгуылдзтæ мæ дзыхы фæцавтон æмæ мæ тых, мæ бонæй ныхситт кодтон.

Уайтагъд мæ хæстон æмбæлттæ мæ цуры февзæрдысты. Уыцы стонгæй сбадтыстæм, æмæ ма ды дæр уым куы фæуыдаис.

– Дæ ныхæстæ дæхи уырнынц?!

– Ай йæ мады… Æмæ дзы æнæбауырнинагæй цы ис? – фæхæрам æм Давидович. – Цы хуызæн физонджытæ уыдысты, уый зоныс? Улæфт бонты цы аразыс? Æрбацу нæм æмæ мæ бырынкъджынты равзаргæдæры æргæвдын. Лæппу дзы раст ахæм… Уыдон физонджытæй хуыздæртæ сараздзæнис! Раст мæ джибритайы хуызæн сæн уыдис уыдон фынгыл дæр. Æй, цæй рæгъытæ, цæй нуæзтытæ дзы фæкодтам! Хæствæлладæй.

– Ма мæ тыхсын кæн! Машинæтæм кæсын.

– Сымах, мæ комбæстæ, уæ бонæй уæ уæд, Уæлахизы Парады хабар дæр нæ уырны. Æмæ йæм лыстæггай куы 'ркæсæм, уæд дзы æнæбауырнгæйæ цы ис, ай уа йæ?.. Гыццыл ма мæ бахъуыд, æмæ та фæцæй æлгъыстон. Сымах лæджы æнæ ´лгъитгæ

ныууадздзыстут? Сталинтæм, мæхи хæдзармæ куыд цæуын, афтæ барнджын уыдтæн.

Хæсты рæстæджы йæ кабинеты нæ хæстон хабæрттыл уынаффæтæ кодтам. Гитлеры митæ ‘взæрстам. Быцæу ныхæстæ дæр нæм рауад. Мæстыйæ куы рахызтæн, уæд мæ сирвæзт, зæгъын, уыцы «черт усатый» нæ сафдзæнис.

Уайтагъд æм Берияйы куыдзыфтыттаг бауад æмæ йын аппæлыд, Давидович, дам, дæуæй куы рахызт, уæд, дам, дæ «черт усатый» схуыдта. Сафдзæнис, дам нæ.

Уайтагъд мæм фæстæмæ Сталинмæ фæдзырдтой.

– Чи рихиджын нæ сафдзæнис? – йæ сурдымæн уыцы никуы ницы хуызæй æнцъирæ, йæ рынтæ ахæрон.

Зæгъын, дзырд дæр ыл нæй, æмбал Сталин, Гитлер нæ сафывæнд скодта.

Уый сабыргай азылд Бериямæ. Ныккаст æм, æмæ йын афтæ: «А вы, Лаврентий Павлович, кого имели в виду»?

Мæ цуры йæ агуыпп кодта. Мæнæй дæр нæ фефсæрм, ахæм хорз зонгæ уыдыстæм.

– Берияйы агуыпп кодта дæ цуры?! – фæзылд æм Йай-йай. Йæ амонæн æнгуылдз йæ къæмисæны цур бырæуау азылдта, ома, фæкъæрцц дæ. – Берияйы Сталины амæлæты фæстæ амардтой.

– Берияйы тугхор фехста мæ цуры, уыцы гæдыныхас ын чи загъта, уыцы налат дзырдхæссæджы, – фæцарæхст Давидович. – Сталинимæ ахæм хæларæй цардтæн – куыннæ мæ хъуамæ фæхуыдтаид Уæлахизы Парадмæ? Дзыхæй дæр æм нал сдзырдтаин. Немыцаг æфсады тырысатæй дыууæ мæнæ ацы дыууæ къухæй ластон мæ фæдыл. Афтæмæй мæ куы ауыдта! Дзæнæты фæбадын дæр ын цъус у. Йæ рахиз къухыл хæрдмæ схæцыд: «Парад, стой!» Æрхызт мæм трибунæйæ. Ныттыхст мыл. Ныпъпъатæ мын кодта. «Къукъури рогор арис?»* – æрхоста мын мæ уæхск.

* Къукъури куыдтæ у? (Гуырдз.)

– Иу хатт дæм бахъарæд, иу хатт – Къукъури уæд гуырд нæма уыдис!

– Нæ уыдис гуырд, фæлæ Сталин!.. Уый алцы дæр зыдта. Йæ хæдзары бындарылæй. Гъе-гъе-гъе!... Уыцы ном ыл æвæргæ дæр уый тыххæй скодтон. Иугæр æй афтæ схуыдта, уæд, хорз лæппу дæ, æмæ йæ аив. Йæ ном. Æндæр номимæ йын райгуырцы гæххæтт дæр ничи уал радтаид. Уæдæ!

Лæппу æнæуый дæр æхсæв-бонмæ хуыссæджы цъынд нæ федта. Йæ цæстыты йын цыма исчи хуыртæ бакалдта. Ныр йæ судзгæ цæссыгтæ йæ фыды тæригъæддаг уавæрмæ араугæ æрлæдæрстысты йæ рустыл æмæ, фыццаг рафсæргæ ивылд донау, семæ раластой лæппуйы зæрдæйы риссæгтæ.

– Фæстаг чи уыд?

– Мæ лæппутæй? Æви?.. Ныр хуы у! Уый кой кæныс? Ахæм физонджытæ дзы рацæудзæнис! Гитлеры физонджытæ уый цур ницы сты. Пу, мæ куыдз ын хæрæд йæ физонджытæ! Амæйразмæ мæ дзондзолийы боцкъа куы систон, уæддæр дæ не ‘вдæлд. Æви ‘фсон скодтай?..

Ды, æвæцæгæн, Гивимæ кæсыс. Тхелидзейæ зæгъын. Æмæ уымæн йæхи аххос уыдис, ай уа уый мады тæккæ... Фынгыл бадæм æмæ хæр æмæ нуаз. Нæхимæ хæдзары бадтыстæм. Хæдзары æлгъитгæ кæд кæй федта уыцы куыдзыфтыттаг? Нæйы, уæддæр, дам, ралгъит! Кæннæуæдæг, дам, нæ фынг æнæад кæны.

Нæл дæ, сыл дæ – ныззай! Ирвæзт дзы нæй. Афтæмæй хæдзары иууылдæр – мæхиуæттæ. Фæлæ мæ куынæ æмæ куынæ уал уагъта, уæд ын æз дæр... Зæгъын, мæ рахиз фарс Алардыйы æнгæсæн мæ мады ‘фсмæр бады, галиуфарс, сыкъа тамакойæ чи ивы, тамако – сыкъайæ, уый – мæ хæрæфырт. Дæ ныхмæ ныл хинæйдзаг пыррыччытæй йæхи чи хæссы – мæ каис у. Лæггад нын мæ фырт кæны. Куыд сæ уыныс, афтæмæй иууылдæр сты мæ хиуæттæ. Хионы æдылы дæр не ‘лгъиты. Дæуæй дарддæр нæм æнæзонгæ, æнæхонгæ уазæг ничи ис. Æмæ нæм «сампришелæй» кæдæм

хаудтæ, ай уа дæ поро мады тæккæ!.. Ноджы ма мæ исты домыс?!

Æмæ йын фыддæртæ не ‘мбæлд? Чи дæ фæрсы, æлгъитын æви не ‘лгъитын, уымæй? Æнæхонгæйæ цæл кæныс æмæ дын хæлар уæд, мæ къона. Мæн дæр цæмæн лæхдзых кæныс, дæ бадт дæр дæ адджын адæимæ дæхицæн цæмæн æнæад ласыс?

Æндæр, кæд кæй фелгъыстон мæ хæдзары?!

«Афтæ, афтæ!... – йæ фыдæй уыцы райгонд уыдис лæппу. – Афтæ йæ дзурыныл фæкæн æмæ мацы фæхата. Стæй машинæ цъыфты куы аратæр-батæр кæнон, уæд ын йæ ног хæйтты мæхæдæг дæр нал базондзынæн. Сымахæн та дзæргъ дæр аргæвддзынæн! Æрмæст, мæ сабитæ бæгъæмвад æмæ стонгæй ма баззайæд Хуыцауы дæлбазыр.»

– Фæстаг кæцы уыд?

– Хуытæй æви быркуытæй? Ай йæ ма, ме стыр быркуыйы сæр кæд нырма къуырма сæрст нæу!

– Шофыртæй фæстаг кæцы уыд?! – скарз Йай-йай.

– Шофыртæй? Фæстаг?..

«Ма йæ зæгъ-гъ-гъ… Ма-а-а…– лæппу тынг хорз зоны, йæ фыд нæ фæсайдзæнис; цынæ йæ уырна, уымæй нæ фæсайдзæнис, уæддæр йæ дæндæгтæ нылгъывта сæ кæрæдзимæ. Лæгъстæ йын кæны йæ хинымæры. – Ма йæ зæгъ-гъ-гъ…»

– Фæстаг дзы чи уыд? Мах куыдзыфтыттаг! Æндæр чи уыдаид? Йæ мады тæккæ!.. – афтæ зæрдæбынæй йæ загъта, æмæ изæрсарæй фæстæмæ йæ риуы цы маст æмæ тас æртымбыл, уыдон цыма иууылдæр уыцы æлгъыстимæ сæппæрста.

«Æй, куыд мæ фесæфтай, куыд?! Мæ сывæллæтты мын стонг гуыбынæй хурмæ куыд ныууагътай!..» – лæппу йæ сæрыл ныххæцыд дыууæ къухæй.

– Агъа! – хицауæн йæ фæдысгæрст кæронмæ кæй фæхæццæ кæны, уымæй уыцы тыхджын байрад. Цыма йын ныр зæххы цъарыл бынтондæр ницы уал ис кæнинаг, æрмæст ма дæ иу къах иннæ къахыл сæвæр, афтæмæй цæр, уыцы хуыз райста. – Алæ-ма, æркæсæм

ын йæ машинæмæ. Кæй бæрзæйыл кафы куыдзы фырт? Æз ын Сыбыр ардыгæй куыннæ аззайын кæнон!

«Æй, хæдзарыдзагæй нæ куыд фесæфтай, мæ фыд!» – къутæрты ‘хсæн, йæ уæрджытыл ныххаугæ, джитæнтæ кодта фæллад-фæлмæцыд лæппу.

– Куыдзы кой уæгъды кæныс. Куыдзы фырт нæу, – Давидович йæхи нымæры дзурыныл архайдта, фæлæ йæ алы мыр райсомы сатæджы дзæбæх зæлыд.

Йай-йай машинæйы алывæрсты фæрацу-бацу кодта. Бæстон æм фæкаст. Йæ цæлхытæ йын йæ батинкæйы бырынкъæй бахоста. Алцы дæр дзы – нывыл. Уæдæ-ма йæм телефоны цæмæн дзырдтой, дæ шофырты, дам, æгæр ронбæгъдæй ауагътай æмæ дын дæ хæдзар халынц, зæгъгæ?

– Нæ, амæн йæ машинæ хорз у. Ай нæ уыд. Фæлæ чи уыд, уæдæ? – ногæй та æрзылд иннæ машинæтыл. – Нæ, фæсайдтой мæ куыдзы фырттæ! – низ хæцгæйæ у – Йай-йай дæр йæхинымæры ныхас рахаста рæгъмæ. Æмæ къутæрты ‘хсæн йæхицæй райгонд лæппу фырцинæй мард. Давидовичы æнцъылдтæ цæсгом ныллæгъз. Йай-йай йæ кабинетмæ фæцæйцыд мæстыйæ. – Ничи сæм кæсы, куыд сæдзæсгом сты! Сæ зæрды мæ фæсайын уыд! Мæ нуæрттæ мын айхалой куыдзы фырттæ!

Æмæ агъуыстмæ йæ кусæн хатæнмæ куы фæцæй хызт, уæд ацахста Давидовичы разыйы дзурын:

– Æй дæ мадæн цынæ æмбæлы уыдæттæ кæнай, мах Къукъури, – уый йе ‘лгъыст комкоммæ загъта, – кæд дын цæмæй къухтæ ис! Гъе-гъе-гъе!

Лæг, хицау йæ цæстытæй ницы уал ауыдта, йæ къах скъуырдта, Давидович цы брæтты бедра ‘рбахаста æмæ дзы фырадæргæй кæрты астæу чи айрох, ууыл. Ацухмух кодта. Гыццыл-ма, æмæ йæхи фæцæй хаста асфалтмæ. Уæддæр хаугæ нæ акодта.

– Бынтон сæдзæсгæмттæ стут! Уыцы сæрфæг сылгоймаджы ам куы никуы уал фенон! Стæй æхсæвгæсы дæр! Шофырты дæр!

– Уымæ дæр… Сæрфæг сылгоймагмæ. Мæнмæ дæр хауы,– дыууæ нæ загъта цинæй райæг лæг.

– Куыд?!. Иу хатт-ма зæгъ, цы загътай чысыл раздæр! Цæмæй къухтæ ис дæ куыдзы фыртæн?!. – хистæр Давидовичмæ фæзылд фæстæмæ. Нымдзаст æм ис, калм хæфсмæ куы кæса, уыйау.

– Æз шпион нæ дæн. Æвзæр мæ ма бамбар, – зæронд лæг фырцинæй æфтауы дидинæг. – Фæлæ мах лæппуйæн цы къухтæ ис!.. Йæ мадыл бада!.. Уыцы къухтæ никæмæн уал раттдзæн Хуыцау! Нæ, нæ, нæ!.. Дысонбонмæ йæ машинæ ногæфтыд айчы хуызæн фестын кодта æви нæ?!

– Алæ ма?!. – Йай-йай бауад машинæмæ. Нымдзаст буфермæ. – О-о, кæмдæр æй цъыфты дæр фæратæрбатæр кодта. Нырма йын нæ басур сты, – буферы цъыф схафта йæ армæй. Æркаст æм, стæй йæ асæрфта йæ хæлафы фадыгыл.

– Уый цы бакуыстай?! – къутæрты ‘хсæнæй ныббогъ кодта Къукъури. Фестад æмæ сæм фæцæуы цæхгæрмæ.

– Æ?!. Ды та ам цы ми кæныс?!. Лæппу?!

– Ардæм-ма рауай. Ныртæккæ дæхи къухæй куынæ ныффыссай куырдиат де ссæрибар кæныны тыххæй, уæд дæ хабæрттæ сау сты. Бынтон сау-сауид сты дæ хабæрттæ! Ахсын дæр дæ æркæндзынæн!.. – Йай-йай, йæ цонджы фыдтæ хæргæ, йæ кабинетмæ фæцæуы лæппуйы разæй.

– Лæппу… Лæппу, аурс, зæгъ, сæ кæнæм, – Давидович йæ къухы хистæр æнгуылдз хафы йæ амонæн æмæ астæуккаг æнгуылдзтыл, афтæмæй дзуры йæ фыртмæ. – Аурс сæ кæнæм ын зæгъ.

Хæдзарæй æддæмæ сæ кæрæдзийы фæдыл цы богътæ, гыбар-гыбур, фурттытæ æмæ æлгъыстытæ тахтысты, уыдонмæ-иу мæгуыр Давидович йæхи арвы цъæхыл ныццавта. Уыййонг-иу куыд фæхаудта, уымæниу ницы базыдта, фæлæ-иу зæххыл йæ тъупп куыд фæцыд, уæд-иу ссыд йæ тæригъæддаг кæрзын:

– Оу, мæ куыдз аргæвд дæ мад æмæ дæ фыдæн! Ой! Æй, мæ бон! Амардтæн! Удæгас нал дæн! Уæуу! Мæ бон ныккалд!

Хыл куы фæсабыр вæййы, уæд уымæн дæр йе ‘взаг фæбады йæ комы.

Стæй мидæгæй сыбар-сыбур дæр нал цæуы. Давидовичы уд афардæг. Йæ цæстытæ нал ныкъулы. Нал улæфы. Ӕрхаудта йæ уæрджытыл:

– Фесæфтæн! – йæ худ фелвæста æмæ йæ сæр ныххоста дыууæ къухæй. – Фесæфтæн! Сæ дыууæйы дæр мæхи къухæй бабын кодтон. Сæ кæрæдзийы кæрдтыл бафтыдысты! Бабын дæн, хорз адæм!..

Кæуынмæ рагæппытæ кодтой Къукъури æмæ Йай-йай. Лæг сæ куы ауыдта, уæд æрбадт зæххыл. Ныххудт:

– Уæ кæрæдзи нæ амардтат?!. Ай уæ дыууæйы тæккæ мады!.. Хуыцау, дæ рын бахæрон, æххуысгæнæг нын у.

– Фесæфут ардыгæй, куыдзы фырттæ! – Йай-йай йæхи куы ‘рæмбæрста, уæд сыл цæф арсы богъ фæкодта. Ӕмæ лæппу систын кодта йæ фыды. Бацыд йæ дæлармы. Никæмæ сæ ницы дзуринаг уыд. Ничи сæм ницы дзырдта. Уæддæр сæ фæурæдта Йай-йайы фæдзæхст:

– Дæ ныхас дæ ма ферох уæд!

– Кæцы, кæцы? – здæхгæ йæм иумæ ракодтой, фæлæ йæ фæрсгæ Давидович акодта.

– Гитлеры физонджытæ ферох кодтай? Фæссихæрттæм!

Давидович уыцы уæздан бахудт:

– Мæ куыдз бахæрæд Гитлеры физонджытæй. Фендзынæ, мæ лæппу цы хуызæн физонджытæ кæны базыдта! Дæ къухты æнгуылдзтæ сын рæбынтæм анцъирдзынæ семæ. Афтæ, афтæ.

Ӕртæ дæр фæцæйцыдысты уыцы райгонд, уыцы сæрыстырæй. Сæ иу – йæ кусæн хатæнмæ, иннætæ – сæ хæдзармæ. Пысырайы цъиу дæр æрсабыр. Фæстæмæ йæ ахстонмæ æрбатахт æмæ йæ лæппынтæн йæхи æвзагыл уыцы зæрдæбынæй цыдæр зæндтæ амыдта айчы хуылфмæ.

## А Х У Ы Р

Гица куыддæр фæхæрдгæнæнмæ бахæццæ, афтæ тыхсын райдыдта – цыдæр дзы рох кæны. Фæлæ, цы у, уый бынтондæр нæ ахста. Æрцахсын та йын æнæмæнг æмбæлд. Цæмæй мацы фæрæдыдаид. Фæлæ цы у, цы?..

Æмæ райдыдта тæвд кæнын. Йæ хæдоны æфцæккотмæ æвналгæ дæр скодта. Бауыгъта йæ. Фæуæрæхдæр уа. Фылдæр уæлдæф цæуа йæ фæллад буармæ. Æмæ æнцондæрæй улæфа. Уæддæр йæ зæрдæфыст ирдæй кæсын нæ уыдис йæ бон.

Раст уый тыххæй мæсты кодта йæхимæ: йæ зæрдæ йын кæрчытæ бахордтой, цы кæны? Хатт-иу дзы æхсæвæй райсоммæ дæр, йе 'хсæвæр цы уыд, уый айрох. Æмæ уанцон диссаг нæу, уæдæ.

Дæлæ, кæй ном нæ дзырдæуы, сæ уыцы фыдбоны сыхæгтæм нал зыны сæ фæндаг. Уый йæ нæ ферох. Фæндаджы уыцы уадздзагыл тагъд-тагъд фескъæрын кæны дзыгуын галты. Уадз, афæллайæнт. Бæргæ тæригъæд сты, фæлæ сын цы кæна. Уыдон дæр Хуыцау туг æмæ стæгæй сфæлдыста, фæлæ сын уыцы дæрддзæгыл тагъд ауайынæй уадиссаг ницы уыдзæнис. Уый хыгъд фыдбылызæй хызт уыдзысты. Нæ фыдбоны сыхæгты фыдбылызæй, фыдбылызтæ сыл фæцæуа!

Фæндаджы уыцы уадздзагæй куы раирвæзынц, уæд сулæфы зæронд лæг. Раирвæзтысты, мæгуыр, топпы артæй сæ дзыгуын галтæ дæр. Гицаитæ сæхæдæг дæр. Стæй, чи зоны, сæ туг-стæг дæр.

Уæдæ, уæдæ. Се 'ппæт дæр, – бынсæфт сæ Хуыцау фæкæнæд, – нæ сыхæгты стыр фыдтæй уыдзысты хызт. Дæлæ сыл нæ фыдбоны знæгты рахауинаг цæст куынæ уал хæст кæна, уæд. Адæм сæхи кæмæй хизой, уый цæстхауинаг дæр у, саудзыдзыдайæ цæуинаг дæр æмæ цæнкуылтæ кæнинаг дæр. Хуры ад æмæ зæххы змæлд дæр куынæ уал хата, уæд та – ноджы хуыздæр.

Омæ, уæдæ, чымотæн уыдон чердыгон митæ æмæ диссæгтæ сты, хæрæг сæ уаргъæн куынæ афæраздзæнис, уæд? Уас ницæйæгтæн гæбæр хæрджыты бын æрцæуа сæ мæлæт!

Ксуис кæуылты бæхдугъ цæрæнбынат у! Ир æмæ дзы æнæзæгъинæгтæ фæрсæй-фæрстæм кæдæй нырмæ цардысты, уый суанг дурты зæрдыл дæр рæстмæ нал лæууы. Уымæй дæр, цыма хæлар сыхæгтæ уыдысты. Хæстæгдзинæдтæ кодтой.

Æцæг, мæнæ-мæнæ ироныл йæхи чи нымайы, уый сæ зæхкъахæджы лæппын балхæнын дæр нæ хæссы йæ сæрмæ. Фæкæс, æмæ уый фæстæ дæ цоты цотæй дæлæмæдзыдæй чи рагæпп кæндзæнис, уый хæйрæг дæр нæ рахатдзæн. Стæй ацу, дæ былтæ хой.

Æмæ ахæм уавæры сæ сылыкъахимæ цы дудгæ æмæ судзгæбæтты цæрын ис дæ зæрды? Уæлмæрттæн дæр сæ бынтон æрæджы арæзт уæттæй сзынынц сæ мæрдты стджытæ.

Иуæй сæ ардæм алантæ æрбауагътой, уыдон сæ бакодтой зæххы хицæуттæ, æмæ сын кæм агурыс сæ фыдæлты рагон ингæнтæ; аннæмæй та – сæ мæрдты ныгæнгæ нæ, фæлæ хæргæ кодтой... Кæй бахæрай, уымæн цæй ингæн агурыс, æнæрай дзы макуы скæнай?!

Ту, тæвд цæхæр ацæуæд ахæм уæцъæфы!

Æмæ ныр кæмфæнды ракъахæнт, уæддæр та дзы скæлынц нæ фыдæлты стджытæ. Æмæ, дам, уæ мæрдты стджытæ нæ зæххыл цы ми кæнынц? Ныддымынц сæ. Басчъил сыл кæнынц сыджыт. Нæхи фыдæлты мæрдтæ, дам, кæм сты?

Ау, кæй фыдтæ фехсыдтат, уыдон стджытæ ныр кæм агурут? Стæй, нæ мæртты кæм ныгæттаиккам, уымæй сымах фарстам? Кæнæ уæд сымах кæм уыдыстут? Уый ныртæккæ, нæ къах куы фæцудыдта, уæд райдыдтат æдылы гæппытæ æмæ æнæсæрфат цъах-цъах, æндæра, уæд ироны коймæ мысты хуынкъ туманæй агуырдтат.

Фæлæ сæ уæддæр Ксуисы мах ирæттæ бинойнаг æркæнын дæр æфсæрмы кодтой – йæ хомæ, куыдзы туг

кæмæн ис, уымæй дарддæр ахæм цæстæй чи бакæсдзæнис? Æмæ сæ иустæмтæй дарддæр махуæттæ сæ хотæ æмæ æфсымæртыл нымадтой. Уымæн æмæ нæм размæ худгæ кодтой æмæ, чи зыдта, чъылдымæрдыгæй та нын не счъилтæ сусæгæй кæй карстой.

Афтæмæй сын æрдæгæхсæв мæнгард куыйдзыхтæ сæ хæдзæртты хотыхифтыгъдæй балæууыдысты. Ксуисæгтæн. Иуæн дыууæ – æфсад. Уыдон та иу æнæхотых ироны ныхмæ фондзыссæдз гæрзифтонгæй бырсынц. Иунæг нæлгоймаг дæр дзы тауинагæн нал ныууагътой. Акодтой сæ. Аластой сын сæ судзгæ мæрдты дæр. Æмæ равзаргæ нæлыстæг фесты æвæдсæфт.

Ныр дæр ма, сæ хиуæттæ æмæ мын чиныгкæсджытæ ныххатыр кæнæнт ме 'ргом ныхас, фæлæ бирæ дзурджытæ ис – чи зæгъы, аргæвстой сæ æмæ сæ бахордтой; чи – æфсæн хæтæлты сæ баппæрстой æмæ сæхгæдтой хæтæлты кæрæттæ... Æнæ уæлдæфæй сæ æнæ тугæргæвст акодтой.

Дзурынц, цыма сын се 'взæнгты атардтой сæ хохбæстæм, адæймаджы къах æнцонæй кæдæм не 'фты, æмæ сæ уымыты Хуыцауы æлгъыстытæ, æнæхуыцауы хæйттæ фыр куыстæй марынц удхарæй.

Афтæ дзурджытæ дæр ис... цыма сæ ауæй кодтой сæ ныгуылæйнаг æрдхæрдтæн сæ уæнгцухты къабæзтæ саджы фисынтыл амад уæнгтæй æмæ сæ чъизи туг алайнаг тугæй раивыны тыххæй.

Сæхи хуызæттæ, дам, сын... уартæ дзуттæ, зæгъай, Америк æмæ Украинæ æнæаххос адæмы куынæг кæныны тыххæй... цынæ фыдбылызы хæцæнгарз калынц. Рæстдзæвин лæг дзы иу боны-бонцауы дæрццæгмæ цъиуы цæст акъахдзæнис.

Хорз у, бынмизтæн фыдæлтæй фæстæмæ Уæллаг хæстон лæджы зæрдæ нæ дæтты. Гæрахы нæрдмæ арвы талынгты кæнынц, æндæра зæххы къори туджы леуахитæн фæласын кæниккой.

Æмæ уыдонæн сæ рихи даст у, фæлæ сымах, дзуттæ æмæ Америкæ, цы кодтат зæххы иу кæронæй иннæмæ? Æви сымах дæр уыдонæй хуыздæр не стут? Æнауæд,

украинæгтæ, нæ лæппуты хуыздæртæ Фыдыбæстæйон Стыр хæсты рæстæджы уæ сæрæибардзинады тыххæй куы ‘рхастой сæ рæзинаг сæртæ нывондæн, уæд нын нæ хæрзтæ судзгæ артæй фидут?

Сæхицæн хæсты тæфмæ сæ цæстытыл мигъ бады, æмæ украинаг æдылыты америкæйаг доллартæй баххуырстой. Ирæттæ æмæ сын уырыссæгты гæрах кæнын кодтой. Ирæттæ, дам, не ‘мдæндаг бырынкъджынты знæгтæ сты, уырыс – нæхи.

Диссаг нæу, де ‘мтуг-æфсымæртæй барвæндæй знæгтæ араз. Йе ‘рмттæ æнæаххос адæмы тугæй æвдылд кæмæн сты, уыдонæй та, – ома, – æфсымæртæ кæн. Цы ма уа æдылыдæр ми! Фæлæ зондцухæн фæтк æмæ æгъдау никуы уыд æмæ нæй.

Уырысимæ сæ бакаст, сæ дарæс, сæ хотыхтæ – иу; æгæрыстæмæй, се ‘взаг дæр. Чи сæ кæцы у, ацу, хæйрæг дæ, æмæ йæ ды базон. Уæлдайдæр, цалынмæ уырыссæгтæ æргом фæхатыдысты, сæ фæскъæбуттæ сын милмæ чи исынц, уый, уæдмæ.

Гицайы цæстытыл ауад, уыцы судзгæ уазалы Украинæйы æгæрон тыгъд быдырты, дзыгуын галтау, сæ сынæгтæ тымыгъы ныхмæ саразгæ, хотыхæвæрдæй куыд хылдысты фашистты ныхмæ…

Æгæр растæй куы цыдаис, уæд, афтæ лæмæгъ уыдысты, æмæ дымгæ куы ныффутт кодтаид, уæд дæ аппæрстаид фæстæмæ. Æнæуый дæр дæ дзæгъæл нæмыг æнцондæрæй ссардтаид, кæд-иу æм фæлмæцыд уд рæстæгæй-рæстæгмæ тагъддæр фервæзыны тыххæй йæхи бæрзæндæн слæууыд, уæддæр.

Бынтон гуыбырæй дæр нæ уыд размæ цæуæн. Уыцы судзгæ тымыгъы лыстæг, судзгæ æвзæгтæ буарæй пысулты ‘хсæн куыд фæмидæг уыдаиккой, кусарты фыд æрчъиагæй фæхицæн кæнæгау дæ куыд фæхицæн кодтаиккой дæ «цармæй», куыд асалдаис, уый дæхæдæг дæр нæ фæхатыдаис.

Æмæ-иу, куынæ тымыгъ кодта, уæддæр уазалы тасæй æрдæггуыбырæй цыдысты.

– Гъæ, зæгъын!..

Зæронд лæгæн йæ фырты фырт Мукка рæвдз кодта дзыгуын галты. Кæй ном нæ дзырдæуы, уыдон сæ цæмæй фæндагмæ макуыцæй сæхсой. Дæлдæр фæуой, уыдон тыххæй сын сæ удтыл нал ацауæрдынц. Дзыгуын галтæн. Æмæ афæллайынц. Ныр Æнгузты цур суайæны схæрд кодтой, æмæ сæ нал хаста сæ къах размæ.

Алы хатт дæр фæндаджы ацы скъуыддзагыл афтæ кæнынц. Ноджы, Сыкъаджын æд æфсондз аласдзæнис Зыгъары. Цыфæнды хæрды дæр. Цыфæнды уæзимæ дæр! Ацы æнæбары хæрды та йæ æрдæджы онг, суанг Бабуцаты фæзилæны онг, фæндаджы тæккæ саджилмæ Зыгъар фæласы йæ фæдыл… Сыкъаджыны йæ къæхтæ нал фæхæссынц размæ. Уырдыгæй уæлæмæ сæ Сыкъаджын уæрдонæй, дзыгуын галæй раст хуымæллæджы скъæфт скæны йæ фæдыл.

Гицайы фæндыд уæрдонмæ скæсын – фæллайынц, мыййаг? Фæлæ æгæр гуыбыр уыдис. Йæ астæу не сраст. Йæ бæрзæй та фæстæмæ уый бæрц нæ тасыд. Уæрдон æм æгæр адард. Зæронды цард цы у – рæстмæ йыл нæ хæцыд йæ цæст.

«Дæлдæр фæу, цы зæрдæ дæ!» – лæг фæхатыд, цы дзы байрох – йæ къæдз лæдзæг нырма йæ къухы уыд. Афонмæ йæ куы атъыстаид йæ цæнгты фæкъæдзгæнæнтæй йæ астæуы ´хсæнты, уæд йæ рагъыстæг чысыл айвæзтаид зæрдæйы фæндиаг. Нал уыдаид афтæ гуыбыр. Цæуынæн ын фенцондæр уыдаид. Хæрды афтæ фæкæны. Æмæ йыл фæцахуыр. Уæрдон дæр æм чысыл рæстмæ зынид.

– Æй, зæронд цы рауагъта… – Гицайæн бантыст къæдзлæдзæджы кæрон йæ фæсчъылдымты ´рцахсын. Йæ къухтæ йыл сæ фæкъæдзгæнæнтæй æркодта ауындзæгау. Йæ бон куыд бацыд, афтæ йæ размæ ралгъывта, цæмæй йæ астæу араст уа. – …уый дæлæмæ макуы æрхауа…

– Гъæ, зæгъын!.. – Мукка архайдта уæрдон рæвдздæр кæныныл.

– Сæхи бар сæ ауадз. Цæвгæ сæ… ма кæн, – фæстаг дзырдтæ зæронд лæг йæхæдæг дæр рæстмæ не ‘рцах-

ста. Сæппаринаг сæ цы уыд, æндæр йæ зæрдæфысты баззадысты раргомкæнинагæй.

Æмæ афтæ уыдис уыцы Стыр хæсты рæстæджы дæр?! Куынæ стæй. Йæ иу фæбогъмæ стъалытæ боныгон дæр згъæлдысты. Нæ фыдбоны сыхæгтæ нæ цæргæцæрæнбонты фæскъæбутæй куыд хуыздæрæй уымæн цагътой. Ссæдзæм азты нын цы геноцид сарæзтой, уый сабыр дуджы дæр сусæг-æргом никуы ныууагътой. Сæ зæрдæты æлвынинаг бынæттæ мидæмæ уыдысты. Хæсты дуджы дæр нæ сывæллонæй-зæрондмæ хæстмæ скъæрдтой – план æххæст кодтой, сæхи уæттæ та – тъетъиатæ(!), – къæдзнизы ныхмæ Къахет æмæ Батумы хуры ваннæтæ истой. Æмæ-иу æвзæртæй сапон кæмæ бахаудта, уый -иу æй къафетты хæрд бакодта, цæмæй йын айгæрда йæ хуыргуыбын. Ссæрибар æй кæной æфсадæй. Æрыздæха йæ бинонтæм. Фервæза мæлæтæй. Цыма, ахæм зæрдæйы уаг æмæ ахæм митæ аразгæйæ, стыр кадимæ фæцардаид.

Куыдз амæлæт ахæм лæджы номыл.

Æниу, лæгтæ... Æви – лæджы ном худинаг-гæнджытæ. Искуыцæй дæ мæнгардæй æрбагæрах ласдзæн, æмæ бамбæхсдзæн кæмдæр хæмпæлты. Æддагон цæст ыл ма схæца, æмæ йын тас ницæмæй у. Йæхиуæттæ æмæ йын сæ фæсфурдаг хæлæрттæм та – кад, хорзæхтæ, доллæртæ... Сабиты, сылгоймæгты марджытæн. Ницæйæгтæн! Сабийы фыдхортæн!..

Афтæмæй сæ нæхи къухтæм чи ´рбафты, уыдонæн сæ лукъа фындзтæ æмæ сæ сæт баиу вæййынц: «Me ра шуаши вар...», ома, æз цы уæ астæу фæдæн – цы аххосджын у?!. Се ´нæхафт митæ æндæрты аххос фæкæнынц.

Махмæ знон немæ дæ тасгæ фынгыл чи бадт, уый дыл искуы йæхи хуызæн уæйгæнджытимæ хотыхарæзтæй куы рахæст уа, куы дæ æргæвда, æмæ йын куы зæгъай, знон мын ард нæ бахордтай, æфсымæртæ кæй уыдзыстæм, уый тыххæй, уæд бадиссæгтæ кæндзæнис: «Ис схва дро ихъо».

«Хъихъо» дарæг æмæ дæ уромæг мауал уа, уæд æндæр рæстæг уыд, раст у, æмæ дæ ныр ивгæ бачын-

дæуыд? Ныр дын де уæнгты куыдзы туг ауагътой æви йæ уæд дæр æмбæхсгæ цы кодтай, æндæр хæрæджы тугæй гуырд дæ? Хæрæгыл та фæнды цæфхæдтæ ныссадз, фæнды йыл æвзист саргъ сæвæр, уæддæр йæ сæпп-сæпп нæ ныууадздзæнис.

Уæд, дам, æндæр рæстæг уыдис.

Нæхи аххос у. Сахуыр сæ кодтам... Иу хатт сын ныббарæм сæ хуы митæ, иннæ хатт... Нæ фыды зæхх нын комдзаггай, кæрдихгай хæрд фæфæуынц. Æмæ сын сæ былтæ, куы нæм æрбабырсынц, уæд æвиппайд цы бакъуырæм, æндæр нæ сæ фыдтæ уый фæстæ айрох вæййынц. Æмæ хуытæ хизынц кæрийы сæрмæ.

Ныр, Ирыстоны хуссар хайæ лæгъз быдыр аразынмæ куы æрæвнæлдтой, уæд уыцы фæстаг хæсты бæргæ æрдæг фестæм, фæлæ сæхиуыл дæр хуыздæр бон нæ акодта. Уырысы хæлддзаг танкты гыбаргыбурмæ, цæмæй, «хæстонтæ» сты, уый бæрæг ма уыдаид, уый тыххæй тæппуд дæлзутæгтæ сæ НАТО-йы формæ æмæ хæцæнгæрзтæ акалдтой, афтæмæй сыл мадард бæгънæгæй цæст нал хæцыд. Лыгъдысты сæ хиды мæцгæ. Лыгъдысты сæ удтæ исгæ. Фæлæ, кæцырдæм, уый сæхæдæг дæр нал зыдтой. Гур кæцырдыгæй ис, Дзау – кæцырдыгæй, уыдон сын схæццæ сты, æмæ дзы бирæтæн Хуыцъе фæстейæ аззад.

Абон дæр сæхи нæма ахсынц, æмæ сын сæ фæсденджызаг æмлæгмартæ стъæрынц сæ цæфтæ. Кæд сын, ома, тагъддæр байгас уаиккой, æмæ та нæм сæ ног хотыхтимæ ´рбакаликкой.

Уыдонæн, сæ фæсденджызаг «æрдхæрдтæн» уæд нæ хæхтæ уырысы ныхмæ хæстон фидæрттæн бабæздзысты. Æнæсæр ницæйæгтæй хæстонтæ аразыныл уымæн хæрынц сæхи. Æцæг æнæсæртæ!

– Ту!.. Кæд сымахæн адæймаджы номимæ ницы ис... – Гицайы бæргæ фæндыдис, адæймаджы фыд чи хæры, адæймаджы туг чи нуазы, уыдон цæсгæмттыл нытту кæнын. Фæлæ дзы нал цæсгом разынд, нал – ту.

Хæстон адæм!.. Уагæры афтæ, сæхийау, мах дæр нырыккон хæцæнгарзæй куы хæцыдаиккам! Фæса-

рæнтæ нын сæ æввонгæй куы каликкой!.. Уырыссæгтæн фæйнæ уафсхоры фестой…

Ныр сæ уырыс дæр базыдтой, цы сты. Растдæр зæгъгæйæ, цы не сты, афтæмæй сæхи кæм æвæрынц, уый базыдтой. Ноджы сыл фæцахуыр сты, æмæ та сæм кæд тагъд ныздæхиккой.

Мыст цалынмæ гæдыйы сæр скъаха, уæдмæ йæхицæн не ’рбады. Æмæ йæ дæлæ уыцы ницæйагтæ бынтон æргомæй къахынц. Уæд сæ мах бæргæ айрох уаиккам. Æмæ та базондзысты сæ номы нысаниуæг.

Сæрмагонд закъон, дам сæм ис, америкæйаг сын сæ цуры сæ бинонтимæ, табу – уæ фарнæн, фæлæ цы не ’мбæлы, уыдæттæ куы фæкæна, уæддæр æм сдзурæн нæй – уый афтæ аразы, уæд раст у; цы æмбæлы, ууыл æй хъæуы нымайын. Æмæ йæ нымайæнт.

Уый дын адæм! Цы – сæ иутæ, цы – се ’ннæтæ.

Гица фæтыхст – Муккайы уынæр куынæ уал цæуы, уæд зæххы скъуыды аирвæзт?

Йæ къæдз лæдзæгæй йæ астæуы стæг йæ тых, йæ бонæй æрбалвæста. Чысыл ын цыма араст. Йæ сæрыл, йæ бон куыд уыдис, афтæ схæцыд, æмæ йæ мæсты цæстæнгас зивæггæнгæ феггуырст рыг фæндагыл.

Фæндаджы дуртыл йæхи къуырттытæ гæнгæ, фæцæй хæццæ кодта Бабуцаты цур фæндаджы саджилмæ. Йæ удхæссæг дзы уыдта.

Цæвиттон, Бабуцатæ сыхæгтæй чысыл уæлдæргомау цæрынц. Афтæмæй æгас комбæсты фæндаг сæ хæдзары бынты дæр цæуы æмæ йæ сæрты дæр. Стæй та чысыл фалдæр баиу вæййы. Раст цыма хæдзары йæ риумæ æрбалвæста. Фæндаг. Чи уыд йæ аразæг, кæй сæрмæ æрцыд ахæм æнусон индзынерон фæнд, – йæ бонæй йæ уа, – ничи йын ницы зоны, фæлæ дыууæ фæндагæн дæр ис йæхи бæлццæттæ.

Дæллаг фæндаг чысыл цыбырдæр æмæ фæздæр у. Уæллаг – хæрддæр. Уыдон сæ хицæндзинæдтæ.

Æмæ зæронд лæджы цæстæнгас фæндаджы саджилмæ куы фæцæй хæццæ кодта, уæд фæндаггæрон йæхи скъуырдта зæронд, каубыд æмбондыл. Сындæг-

гай, сындæггай, сындæггай… йыл уисæй-уисмæ схылд æмæ… Базыдта Муккайы резинæ кæркæ-мæркæ дзабыртæ. Куыннæ сæ базыдтаид?!. Цæуау та слæууыдис Бабуцайы зæронд æмбондыл. Йæ даргъ цæнгтæ сывæзта уыцы сау-сауид, нард члауитæм. Цупалгай сæ фæтоны æмæ фæтъыссы йæ дзыппыты…

Стæй сæ де стыр дзыхæй мыртт-мыртт кæн.

Хатт дзы Гицамæ дæр фæхаты: «Гъа», – фæлæ йыл сбуцтæ кæны зæронд лæг:

– Алæ!

Цæмæй æвзæр у, сæрды тæмæны ног ратонгæ дыргътæй дæ ком асатæг кæнай?! Фæлæ сын афарстай сæ хицауы? Уымæн дæр æхсызгон уыдзæнис, гормон?

Зæронд лæг уымæн цынæ кæны – ма тон кæйдæр дыргътæ(!); ма йын сæтт йе ‘мбонд æмæ йæ зæрдæ!.. Фæлæ дурмæ дæр дзур æмæ уымæ дæр. Афтæ сахуыр, æмæ йæ уæрдоны гоппмæ бабæтт, уæддæр ауылтыуулты акæны, æмæ дзы, цъиусурау, æнæмæнг йæ тонайы хай ракæндзæнис.

Гицайы цæстæнгас Муккайæ тарстæй агæпп кодта уæрдоны фæдыл. Дзыгуын галтæм.

Зыгъар ныззылын, ныттымбыл, мæгуыр, афтæмæй йæ къæхтæ ныццæхгæр кодта, æмæ уæрдоныл æнцайы дæллаг фæндаджырдæм. Нæ йæ фæнды хæрды едзаг уæрдон ласынæй йæ уд дзæгъæлы скъуынын.

Фæлæ тыхджын ныфсджын у. Сыкъаджынæн фæрæдувынц йæ бæрзæйы, йе стыр хæцъæфты, уæрдæхау здыхст, æндон нуæрттæ; йæ, карды хуызæн, цыргъ сæфтæджытæ хус зæххы ныхсынц, сулæфгæ мæрау, афтæмæй уæллаг фæндагыл хæрдмæ тыхласт фæкæны едзаг уæрдон æмæ Зыгъары.

Гица сæ рæстмæ нæ уыдта. Йæ цæстытыл мигъ бадт. Фæлæ йæ хауд, нымæг цъæх цæстытыл ауадысты, дзыгуын галты тыхулæфтмæ, сæ утæхсæн сын фæхатыд æмæ йæ гагуытæ, хур боны арвæрттывдау, æвиппайд ныццæхæр калдтой:

– Хæрды йæ амардтай, дæ хистæн хæрд макуы фæуа!.. Кæдæм кæсыс?!. Амардтай æгомыг фосы!

Цæй зæронд æмæ цæй цыдæр – феуæгъд сты Гицайы хурхы уадындзтæ, æмæ ныддыз-дыз кодтой хæдзæртты рудзгуыты æвгтæ. Мукка, сæгъау, асæррæтт кодта кауы сæрæй. Лыгъд радта уæрдоны фæдыл. Фæхæст уæлдуаныл. Фæстæмæ  ма йыл æнцайы йæ тых æмæ йæ бонæй.

– О, о, о, æрлæу, Сыкъа... Æрлæу... æрлæу...

Фæлæ Сыкъаджынæн йе 'мцæдон Зыгъары бон куы ницы бацис, уæд ын Мукка цы у? Уæрдонæй, æмцæдисонæй, Муккайæ... Гицайы цæстæнгасæй... сæ, къæскъæсгæнгæ, фæласы йæ фæдыл. Стæй ма искуы æрлæууа, уый бæрæг дæр нал ис.

– Æфсондз ма асæттæд... – афæсус, мæгуыр, зæронд лæг æфсондз куы асæттайы тæсæй..

Уæддæр сын сæ алы сулæфт  дæр хорз ацахста Бабуца. Хæдзары уыд, æмæ сæ нæ уыдта. Фæлæ йын алцы дæр зындгонд у. Мукка йын йæ дыргътæ куыд тыдта, уый уынгæ нæ фæкодта, фæлæ йæ зоны. Йæ зæронд æмбонд та йын йæ уæлхæдзар хойæны æнгæс къæхты бын куыд ныссаста, уый дæр ын, лæппу куыд нымайы, афтæ æмбæхст нæу. Сæ уæрдон дæлæты, фæз фæндагыл цæмæннæ тулы, уый дæр...

Сыкъаджын уæрдон æмхæрд цæмæн фескъæфы, уый Гицаитæй уæлдай Бабуцайæн тынг хорз зындгонд у. Æмæ сæм рахызт, йæ сæрбæттæн рæстытæгæнгæ.

Сыкъаджын ноджы йæ цæсты зулæй сылгоймаджы куы ауыдта, уæд цыма бындз фестадис; цыма йыл, гæдыйау, авд уды февзæрд æмæ йын авд дзыгуын галы тых авæрдтой. Ныффуртт ласта. Йæ фындзы хуынчъытæй йæ комы тæф ныллæууыд, цыхцырырджытау. Йе стыр рагъы, зымæгон куыдзхуыссæны æййас къуырфытæ уайтагъд адымстытæ, атыппыртæ сты, сдудыдтой – цæстыныкъуылдмæ сæ уæрдонылласинагæй, иуварс хæцæг дзыгуын гал æмæ фæстæмæхæцæгæй дæр фæуæлбырц кодта.

Бабуца сæрыстырæй суагъта йæ кæлмæрзæны баст, æмæ та йæ ногæй бæстæттæ кодта. Бынтондæр æй ницы тагъд кæнинаг уыдис. Йæ зæрдæ æмæ йæ цæсгом

уыдысты уыцы рухс. Цыма йыл хур ныртæккæ сныдзæвд. Йæ мидбылты кодта уыцы сæрыстыр, уыцы фæуæлахизуæвæджы худт.

Æмæ, уæдæ, сæрхъæн дзыгуын йе ‘нæхафтæй йе ‘дылы сæрæн уый йæхæдæг нæ сарæзта? Сыкъаджыны тыхджын!.. Иу йæхи хуызæн ыл нæма сæмбæлд, æмæ йæм цард худæг каст. Уæд! Уый ма зонай, тыхджынæй тыхджындæртæ бирæ, тынг бирæ дæр ис.

Сыкъаджын сахуыр Бабуцаты цæхæрадонмæ. Сæрдыгон хæдкуыст, хæдрывд цæхæрадонмæ æмæ дзы сылгоймагæн йæ уд схауынæввонг ссис, мæгуыр.

Сылыстæгкъухæй йе ‘мбондыл цынæ æвæрдта – дур, зæгъай; пыхс, зæгъай; сындз, зæгъай... Бигæ йæ нæ кодта, фæйнæджы гæппæлтæ йыл нæ хуыдта, телы муртæй йæ не ‘мпъызта – Сыкъаджыны уромæг нæ урæдта. Йæ цæсгом дæр йæ бæзджын цармæй разынд. Иу хатт дзы базыдта нартхоры цъæх æвзарты, памидор, джитъриты бынты ад, æмæ йæ... уромæг нал урæдта.

Нæлгоймæгтæй-иу хæстæг куы ничи уыдис, куы -иу базыдта, йæ рагъыл ын галтæрæн рæхснæг уисæй дзæбæх-дзæбæх ничи æрцæудзæнис, уæд-иу йæ бон уыдис!.. йæ бон ныккала. Æмбонд ныллæджытæ æмæ бæрзæндтыл нæ дих кодта. Йæ сæрты агæпп кæнынмæ йæ ныфс кæм нæ хаста, уым-иу æй, хæр-хæргæнгæ, аласта йæ фæдыл. Уыцы цæхæрадоныл чидæр йæ туг калы, уый мæт дæ нæй...

Бабуца йын йæ рагъ, йæ фæрсчытæ, йæ былтæ цæмæй нæ хоста – цъылыны хæцæн, зæгъай, лæдзæгæй, фыййагæй... Æндæр дын куыст нæй. Сыкъаджын -иу, рæстæгæй-рæстæгмæ, цыма йæ сылгоймаг ныхгæ кодта, йæ сæр цины æнкъуыст цы ныккодта, йæ фурттытæ-иу цы ссыдысты, æндæр ын Бабуцайы хылтæ æмæ æлгъыстытæ, табу уæ фарнæн, фæлæ иу ранмæ дæр нæ уыдысты. Фос уæвгæйæ йæ цæсгом афтæ суагъта.

Сылгоймаг-иу сбадт æмæ куыдта, йæ бон ын кæй ницы уыд, ууыл. Цæхæрадон дæр!.. йе ´дыхыл куыдта.

Æмæ та иухатт торнейы дзултæ куыд кодта, афтæ ацахстæ зонгæ къæс-къæс, хыбар-хыбур, дзыгуыны

фурттытæ… Цы æнæ базонгæ ма йын уыд… Сыкъаджын та йын йе ‘мбонд фæцæй ласта йæ фæдыл.

Нартхæрттæ сæ тæккæ æфсир кæныныл уыдысты. Уыцы цъæх-цъæхид джитъриты раст дыккаг бон тонинаг уыдис. Сцæхджын кæнын сæ уыдис йæ зæрды. Пъамидор нæма фæбур, фæлæ сæ цæст улæфыд… Къæвдаджын аз уыдис æмæ акæс ды уыдонмæ!

Бабуца йæ фырдиссагæй ницы уал базыдта. Фырадæргæй тæвд торнейы чъилыл куыд абадт, уый йæхæдæг дæр нæ фæхатыд. Йæ цæссыгтæ йæ уадултыл æзфæраздæронæй лæдæрстысты, афтæмæй каст, Сыкъаджын хæрæг ын, марг ын феста, куыд зæрдиагæй æууилы йæ тугвæллой…

Æмæ рахаудта тæвд торнейы чъилæй. Йæ буар æгасæй кодта судзæгау. Чысыл ма, æмæ ныггуыпп кодтаид, дæлзутæгтæ сæ систытæ тæвд торнемæ куы фæцæгъдынц, уыдонау. Цъыбыртты сыгъд кодта.

Сылгоймаг фемдзаст торнейы бынмæ. Уыцы сырхсырхид, ставд зынджытæ йæм сæ сырх, туджызилæг гагуытæ кодтой хин ныкъуылд.

Мæстæй тъæппытæ хауæг Бабуцайæн цыма исчи йæ къухтыл хæцыди. Цы ми кодта, уый нæ зыдта, афтæмæй ацахста цæхæр тымбылгæнæн зест фыййаг. Фыййаджы комы дзаг фелвæста йæхи зынгæй судзæг цæхæр. Азгъордта Сыкъаджынмæ. Йе стыр рагъыл цы къуырфытæ уыдис, уым ын æй куы фæдæлгом кæнид.

Дзыгуын фыццаг нæ бамбæрста, цы фыд æрцыдис. Стæй хæрдмæ фелвæста йе стыр сæр. Сæ дыууæ дæр лæууыдысты цавддуртау. Сыкъаджын æмæ Бабуца. Бæлвырд ахстой, куыд цъыс-цъыс кæны Сыкъаджыны рагъ. Судзы…

Стæй дзыгуын гал иу дæргъвæтин, уыргтæ калæн уаст куы ныккæнид. Цæхæрадон ахаста йæ разæй. Ницы уал æй баурæдта. Адæмы цæхæрадæттыл, сæндæттыл, танкау, цæхгæрмæ ацыд. Æмбондæй, зайæгхалæй сæ ассæста йæ разæй. Ахызт мæнæуы хуымтыл… Æмæ – Хуыцауы хорз, карст кæй уыдысты… Æнæмæнг цъыбыртты сыгъд бакодтаиккой…

Къуырийы фæстæ йæ хæфсбадæн цъыфдзастæй æрбаскъæрттой тых æмæ фыдæй. Сыкъаджыны. Уымæйдæр, Бабуцаты цурты нæ ракуымдта. Дæрдтыл ныццавта йæ фæндаг.

– Дæ бон хорз, чындз, – Гица æрбахæццæ Бабуцайы комкоммæ. Ныр Муккайы къæбæда миты тыххæй хатыртæ курын уый рад уыдис.

– Кæй бон у, уый хорзæх дæ уæд, нæ хистæр, – Бабуца дæр, чындзæн куыд æмбæлы, афтæ тыхæфсæрмытæ баци.

– Ацы къæбæда, – йæ кæстæрæй дзырдта, – куыдзы ахуыр сси уыцы дыргътыл… Нæхи уæттæ æмбигæ кæнынынц. Хæрæг сæ куы уаид… Уый ноджы, цæукъайы сæррæтт скæны æмбонды сæрмæ…

Цахæм цæукъа?.. Кæцы цæуы йæ хицауы мад æмæ фыды мардæн ныргæвстæуыд, æмæ уыййас ссис? Цыфæнды ног æмбондæн дæр йæ цархойæн къулæгты бын ссæуы йæ къæс-къæс. Бабуцайæн та – иунæг сылыстæджы æмбонд. Ноджы донджын члауитæ йе стыр æфсæртæй, æнæфсарм мидбылхудгæ, куы рацæй цæуы æуыилгæ! Сæ къуркъатæ дæр сын адæлæмæ кæндзæн.

Уæддæр сылгоймагæн йæ хистæр тиуы цур не ‘мбæлд ныхас карз кæнын:

– Хæрынæн не сты?

– Æмбонд сафы! Æз амæн цы кæнын, уый лæг йæ куыдзæн нæ ракæндзæнис, уæддæр нæ сæтты! Нæ сæтты, куыдзы сæр бахæра. Хæрæджы ахуыр сыл сси! – Гица нæ бамбæхста йæ маст. Фæлæууыд, æмæ йе уæхсчы сæрты радзырдта сылгоймагмæ. Фæлæ йын сдзырды бон нæ радта. Фæндаджы хæрд фæцис æмæ, ахуыр куыд уыд, афтæ йæ лæдзæг йæ синтæй тагъдгомау райста. Фæзылд æмæ фæцæуæг уæрдоны фæстæ. Хæдзары аууон фæуыдзæнис. Сылгоймаг уыйфæстæ, кæмæн фæнды, уымæн дзурæд йæ мæстытæ.

Уæдæ, гормæттæ, дыууæ æмбыд члауийы тыххæй кæд чи амардта йæ бындары? Æмæ дзы байрад? Уанцон нæу?!. Стæй, кæд æй исчи амардта, уæд бахус уæнт, цы къух æм систа, уый – раст уыд?

Йæ хин фæнд цы бамбаринаг уыдис Бабуцайæн. Мæсты худт бакодта йæ мидбылты: «Алы фыдæн – алы хос. Сыкъаджын уымæй тыхджындæр сахуыр цæхæрадонмæ. Æмæ йæ пайда – йæхи.

Нæ фыдбоны сыхæгтæ дæр нæм сахуыр сты: æрбабырс, æмæ нын атон нæ уæзгуытæй. Фæлæ сын фæуыдзæнис сæ чъизи ныхтыл æрхæцæг. Æмæ уый уыдзæнис тагъд. Сæхæдæг æй куыннæ хатынц, афтæ тагъд. Афтæ рæстæгыл сæ удтæ дæр куы схауиккой, æмæ сын уæдмæйæ дарддæр Хуыцау цæрæнбон куынæ раттид. Махтæ дæр æй куыд фенæм.

Мукка дæр сахуыр æмбонд халын, члауитæ тонын. Фæлæ ницы кæны. Рацахуыр æй кæндзыстæм, рацахуыр... Нырма уал сæ тонæд.»

Сылгоймагæн йæ цæстытыл ауад, Мукка æнæхæцгæйæ йæ даргъ къæхтæй уыцы гæпп куыд скæны æмбонды рагъмæ; йæ даргъ къухæй куыд ацахсы цæхæрадонæй раирвæзыныл сæ удтæ уæлдайгæнæг бæлæсты зæу-зæугæнаг къалиутæ.

Цыма лæппуйы рацахуыр кæныны хос сылгоймаджы сæры тæккæ астæумæ тымбыл кодта – схордта йæ уыцы тыхджын. Æмæ йæ Бабуца кæлмæрзæнæй мидæмæ, мæстæлгъæд æмæ, цыдæр æрцæуинаг стыр цин æнкъаргæйæ, сабыргай ныхта æмæ ныхта йæ галиу къухы амонæн æнгуылдзæй.

## ДИССÆГТÆ ÆМÆ ÆМБИСÆНДТÆ
(Мæ зонгæйы радзырд)

Мæ лæппу мæм каст уыцы ´нкъард, æрхæндæгæй. Йе стыр цæстытæ ныкъулгæ дæр нал кодта. Сæ нывонд ын фæуон, цыма йын сæ тæнæг фæлм ныббадт. Бæрæгæй сæ уадиссаг ницы уыдта, ахæм æнгæс ын лæвæрдтой, мæ бон.

Йæхæдæг истæуыл æрхуым уыдис æви мæнмæ истæуыл мæсты кодта, ома, мæ фезмæлдтытæ, мæ дзыхы дзырд йæ зæрдæмæ нæ цыдис, уый бакæсын нæ уыд мæ бон. Мæ лæппуйы цæстыты.

Æмæ стыхстæн…

Табу – уæ фарнæн, фæлæ хаттæй-хатт адæймаг вæййы ахæм уавæры æмæ, фырадæргæй, цы акæна, уый нал фæзоны. Ме ´взаг цыма мæ комы ныррæсыд, калд мæ сурхид…

Æмæ фехъал дæн.

Хуыссæгæн мæ ´виппайды тыхрайхъал цæмæн хъыг уыдис, уый абон дæр нæ хатын, мæ бон. Фæлæ иу хъуыддаг бæлвырдæй базыдтон – фездæхта мæм йæ чъылдым. Ме ´мгæрæтты ацæуын йæ фæсонæрхæджы дæр нал уыдис.

Мæ фарсмæ иннæ сынтæгыл та, – табу – уæ фарнæн, – ме ´мкъай цыма фынæйæфсон кодта. Йæхи ныттыхта хъæццулы. Ницы хъусы, ницы уыны, ницы дзуры. Æмæ йæ ацу æмæ ды фæхат – фынæй у æви ´фсон кæны?

Омæ, уæдæ, уанцон фынæй нæу, мæ бон! Уæлдæф сулæфын дæр дæ нæ хъæуы, уæлдæф сулæфын, быңдары сылыстæг макуы фæхуыйнай. Дæуæй та иунæг иу сым уæддæр сирвæзæд?!.

Æмкъæйттæ зулдзыхтæй фылдæр цы кæнынц. Бынтон ницæй тыххæй дæр. Гæнæн ис, стыр бустæ сæм рауайа, йæ фыд сæ уазæг райсынмæ, кусарт акæнынмæ кæмæн рæвдздæр у; гъе, сæ кæй мад тæнцъардæр уæ-

ливыхтæ, ивæзагдæр дзыкка сфыцдзæнис, æгæрыстæмæй, уыдæтты тыххæй. Цыма сæ стыр, мыггагон дугъты фæуадзынц.

Уæ фарн – фынæй, фæлæ æхсæвы ме ´мкъаимæ зулдзыхæй бафынæй стæм. Фæлæ мæ хуыссæджы уæлфадыл кæм чи фæлæууыд? Уый мæ тæргай фæлыгъд, зæгъгæ, уæд ма мæ сынтæджы дæр æндæр цы хъуыд, йæ къах мыл æркъуырдта – йæхи нымæры мыл пыр-пыр кодта. Цыма уый дæр фыд адæмæй у – искæй сæфтæй къахджын, къухджын кæнынц. Фыд адæймæгтæ, æндæр ницы.

Бон уыцы тæккæ æрбацъæхтæ. Хатæнтæм рухс æддейæ кæлы, зæгъгæ, уый адæймаг рæстмæ нæма хатыд. Сыстын, куыстмæ ацæуыны рæстæг мын, гъеригъа, нырма кæм уыдис!

Уæддæр сыстадтæн. Æнæдзургæйæ. Мæхицæн фыддæрадæнгæнæгау. Зивæггæнгæ. Æрхуымæй.

Мæ фырт Бызыкк йæхи хатæны йæ адджын фынтæм нырма йеныр, райсомы сыгъдæг уæлдæфы, бахæццæ – йæ урс, пух цæнгтæ аппæрста фæйнæрдæм æмæ цыд йæ адджын сым-сым. Цыма йæ зæххы цъарыл йæхицæй дарддæр бынтондæр ницы ´ййæфта.

Æз та, хæдзарæйсырд цуанонау, бондзир-дзуры ацыдтæн куыстмæ.

Диссаг у иуæй-иу фыны хъуыддаг: адæймаджы хъуыдыйæ цыргъ карды бырынкъæй къахгæйæ дæр нал фæкомы. Куысты цыфæнды хъуыддагыл ма ифтыгътаин мæхи – адæмы хъæстытæ æвзарыныл архайдтон, алыхуызон гæххæттытæ рæвдз кодтон, чиныг кастæн, æнæфыст гæххæттæй дæр та-иу мæм Бызыччы цæстытæ уыцы æнкъард, æрхæндæгæй ныккастысты. Уыцы фæлмбадт-иу ын уыдысты. Раст сæ фыны куыд федтон, афтæ. Фæлæ, цæмæн, уый бæлвырдæй нæ хатыдтæн.

Скъоламæ цæуыны агъоммæ, – æниу, цæй скъола, нарма сын а-бетæ амонынц, уымæйдæр, фæссихор, – фæлæ уæдмæ хæдзары вæййы. Зыбыты иунæгæй. Куыд разы кæны ууыл, диссаг мæм кæсы.

Мæ сихоры улæфты рæстæг куы ´рцæй хæццæ кодта, мæ бон, уæд мæхицæн уымæн бауайдзæф кодтон – нырмæ ницыты-мацыты æз та иу сахат раздæр мæхи куыннæ айстон куыстæй? Ау, гормон, телефоны йæм уæддæн куыннæ адзырдтон? Цыма мын уынгты нал цæуынц, йæ хистæр хотæ æмæ йæ ´фсымæртæ рæвдаудзысты, ахæм зæрдыл цæмæн вæййæм, æмæ гъа.

Ныр тагъд кодтон хъæмæ. Мæ удмæ. Мæ рæдыд рараст кæнынмæ.

Æцæг, цæугæ рацæй кодта æви мын йæ уæргты тасæнтæ æвдыста, уый æвиппайды бæлвырд зæгъын нæ уыд мæ бон. Йе уæнгтæ-иу сæхи мидæг цыдæр-хуызон базмæлын кодта, рæстæгæй-рæстæгмæ-иу йæ уæхсчытыл калд дзыккутæ афтæ ´рфастытæ кодта, цыма йæм адæймаг киномæ каст æмæ йæм кæсынæй не ´фсæст, афтæ зынд, мæ бон.

Цæст зæрдæ хæры, уый алчи дæр зоны. Фæлæ сылгоймагæн, уæлдайдæр, зæдæнвиц сылгоймагæн, йæ алы уæнджы змæлд йæхи зæрдæйы фæндиаг куы вæййы, уæд, мæ бон акæн – фæсвæндæгтæй йæм дидинджытæ дæр хæлæггæнгæ нымдзаст вæййынц. Бæлæстæ адæймаджы цастæ æмбарынц, нæ зонын, фæлæ уыдон дæр фæцæй хауынц йæ фæдыл.

Ныр та...

Улæфты рæстæг æххæстæй нæма райдыдта. Зыдтон æй. Алкæмæн йæ куыстæй раздæр радугъгæнæн, улæфты фæстæ агæдзæ кæныны фадат нæ вæййы. Чъребайы уынгты ахæм рæстæджы уыйбæрц адæмыл куынæ ис æмбæлæн.

Æмæ, цыма, уынг æнæхъæнæй махæн, Æз æмæ Уымæн баззад. Нысхъæл, ныддиссаг стæм. Æппæт дæр мæ ´рбайрох. Мæ сæр систон бæрзонд. Уый мæм æрбацæуы, йæ уæнгты тасæнтæй хъазгæ, йе æрттивгæ сау дзыккутæ лæгъзытæ гæнгæ, йæ мидбылты сæрыстырхудтгæнгæ, мæ бон. Æмæ ма Хуыцау, цыма, йæхицæн исты ныууагъта, – дидинæй, хуры тынæй, арвы цъæхæй, арвы рон æмæ арвы ´хсырæй, – калдта æмæ сæ рæдауæй калдта махыл. Нæ дыууæ удыл. Æмæ

нæ дыууæ дæр, мæ бонылæй, зæххыл нал æмæ нал ныдзæвдыстæм. Тахтыстæм... Уæлдæфы.

Ӕрдзы хъуыддаг дæр куыннæ у диссаг æмæ ´мбисонд – иу адæймагыл уыйбæрц рæсугъддзинад ныккал: уæдæ, уæдæ, йе ´рттиваг рæсугъд, ставд сæры хил; уæдæ, йе ´мдынг лæгъз буар; уæдæ, йæ тыбар-тыбургæнаг цæсытæ; уæдæ, йе ´мраст фындз; уæдæ, йæ худгæ былтæ... йæ хъазхъуыр, йæ цыргъ риутæ, йæ тасгæ гуыр, йе схъæл зæнгтæ...

О Хуыцæутты Хуыцау!.. Зæххы цъарыл æмæ уæлæрвты ´ппæт дæ фарн, дæ фæндонæй цæуынц арæзт. Мах дæ цагъартæ стæм. Куыд дæ фæнды, афтæ нын, де ´нгуылдзтыл хъазæгау, нывæндыс нæ царды бонтæ. Кæй тыхджын, уындджын, зондджынæй ауадзыс адæмы ´хсæн; чи рæсугъд, хæрзуд, хæдуындæй рантысы дæ уды рæбынæй æмæ дын – табу.

Табу дын – дунескæнæг!..

Афтæ кæй у, уый кæй нæ уырны, уымæ тых ничи хæссы. Ӕз æй мæхæдæг уыдтон. Мæ тæккæ цæстыты раз уыдис... уыцы рæсугъд, хæрзуд, хæрзуынд. Аргъæутты ма фæдзурынц ахæм сæрджын саджы тыххæй: «...йæхи-иу куы базмæлын кодта саг, уæд-иу хъуын алы ´взагæй суасыди», «хъисæн хъуытаз æмæ æрдуйæн мырмырæг» ыл уыд конд. Ӕмæ йæ алы фезмæлд, йæ алы къахайстæй зарыд дуне. Кафыд дуне. Зæххыл æмвæтæнæгæй гуыпп кодта цин æмæ йын нæ зындис кæрон... Уыцы цинæн.

Стæй йæ уæлхъус, чызджы... Зæды уæлхъус, арвæй æрхауæгау, февзæрдысты дыууæ... æртæ... фондз лæппуйы... Ӕви авд уыдысты? Сæ иуæй иннæ – æлвæстдæр, сæ иуæй иннæ – гуыппырсардæр...

Ӕнаккæгтæ!

Йæ алыварс, – искуы ма нæ Иры дзыхъхъы ахæм худинаджы хабар æрцыд, мыййаг(?!.), – Зæды алыварс ирон туг-стæг худинаггæнджытæ, – æви ирæттæ нæ уыдысты(?), – нæ, ирæттæ куыд уыдаиккой ахæм фыдхъуын æмæ æнæгъдауæй, – фæлæ йæм сæ бæхы дæндæгтæ ныззыхъыр кодтой...

Кæд æй хъавыдысты сæхи ʹрдыгæй фæкæнынмæ. Кæд æй хъавыдысты фæсайынмæ. Кæд сæ фæндыд, семæ йæ куы акодтаиккой, уый, гормæттæ! Цыма дуне иннæрдæм рафæлдæхт æмæ дзы хицау нал ис.

– Сау бон мæ баййæфта!.. – чызгæн йæ тарст уд йæ тæнæг, дымст фындзы хуынчъытæй рагæппæввонг у æмæ, цы ацарæза, уый нал зоны йæ тыхст, рæсугъд уд.

– Ми-хæ, хæ-хæ!.. – уыдон мыр-мыр кæнынц. Æвналынц æм къухæй.

– Цы, дам, у уый?! – нырма мæм дард уыдисты, фæлæ иу гæппæн сæ уæлхъус куыд февзæрдтæн, уымæн мæхæдæг дæр ницы базыдтон, уыдон та фесты, кæй ном нæ дзырдæуы, уый ахæрæгау.

Уæдæ, мæ бон. Æнæгъдау истæмæйты ʹнæгъдау вæййы. Æвæццæгæн сын уыцы хъуыддаг фыццаг нæ уыдис. Сæ тæлфаг цæстытæ мæ фæхъæрмæ, арвы ферттывдау, цæхæртæ акалдтой. Чызджы фæуагътой. Мæ алыварс алæууыдысты. Куыройы цалхау зилынц. Цæстæнгасæй бæрджытæ кæнынц, кæцырдыгæй мæм февналой? Куыд тагъддæр мæ аныхъхъуырой?

– Куы-ыд?!.

Нырмæ сын ныхмæлæууæг никуы ничи фæцис, уый бæрæг уыд сæ дисгæнæджы ʹмфарстæй, стæй – сæхи куыд æнæрцæф, æнæджелбет æмæ цы ракæнонхуызæй дардтой, уымæй дæр.

– Уæхи дарын цæмæннæ зонут?!.

Иуæн дыууæ ʹфсад сты, фæлæ ма Зæды раз йæхи чи басастаид, уыдонæй нæ разындтæн. Мæ хъæлæс уымæн фæкарздæр. Богагæнджыты уый бынтон амардта. Лæпputыхджындæрæй мæм февнæлдтой алырдыгæй.

Æмæ сæм æз дæр февнæлдтон… Оу, куыд сæм февнæлдтон!.. Оу, цы хъару мæм разынд, мæ бонылæй!.. Оу, куыд сын хъазыдтæн сæ къæйных æмæ ʹнæсæттон удтæй!.. Иуварс-иу сæ кæй фехстон, уый-иу асфальтыл тъæпæнæй аззад.

Цыма, бахатыр кæнут, фæлæ бæгънæг уыдтæн. Цыма мæ гом буар сойæ сæрст уыд. Цал уыдысты, уалæй мæм лæбурынц, бирæгътау. Фæлæ мыл, аба-бау,

æппындæр нæ хæст кæнынц. Сæ арм мыл фæбыры. Мæ бæсты се ´рмтты аззайы уæлдæф.

Æз, тæригъæд цы у, уый ферох кодтон. Кæй сæ мæ къахы бырынкъæй скъуырдтон; кæй зæрдæсæр мæ зæвæтæй ныххостон; кæмæн сæ мæ тымбыл къухæй йæ мукъутæ ныххостон æмæ йæ дæндæгтæ базгъæлстон.

Оу, гормон фæуат, амæй-ай фидæрттæконддæр, амæй-ай саджы фисынтыламаддæр лæппутæ æмæ, кæркнизæй рынчын мæргътау, мæ разы сæ кæрæдзийы уæлæ ныффæлдæхтытæ сты. Уæдæ, мæ бон.

Уый ма сæ куыд аззад... Сæ иу ма куыд аззад къахыл... Фæстæты мыл йæхи раскъæрдта. Ме ´ккой куыд абадт æнамонд хæрæг, уымæн абон дæр ницы хатын. Йæ зæрды мæ кæд уыдис фæфæлдахын. Цæмæй мыл ныккæлой.

Куыннæ амæсты уыдаин! Рахиз къухæй йын ме уæсчы сæрты йе ´фцæггот ацахстон. Ратъæпп æй кодтон размæ. Æмæ мæ сæрты, уынджы хъусыл хæдзары бæрзонд бруйæн иннæрдæм, æхситтгæнгæ, куыд фæцæй тахт, афтæ йын мæ галиу къухæй йæ фатхъул ацахстон, цъиутæтæрсæн быдыргъау. Чъыл-дымырдæм æй алæууын кодтон мæ разы æмæ йын, табу – уæхицæн, йе ´рбадæнтæ, – йæ радтæгæн хæринаг фæуæнт, – мæ фырмæстæй скъуырдтон мæ уæрагæй:

– Тагъд фæтары ут мæ разæй, фидиссæгтæ! Ирон адæмы худинаггæнджытæ! – ныррыхыдтæн сыл, æмæ ма фыццагон кинонывты вæййы афтæ: тæ-тæ, тæ-тæ-тæ... – сæ кæрæдзийы фæстæ ныббындз сты. Фесты тигъы аууон. Уæддæр ма бирæ рæстæджы, – уырны уæ æв нæ, – хъæбæр асфальтыл цыд сæ сæпп-сæпп.

– Хах-ха, ха, ха!..

Чызг, мæгуыр, æрцахста йе ´муд. Рацæуы, ´фсæрмгæнгæ, фæлæ сæрджын саджы къахайстæй. Мæнмæ. Мæ размæ. Йæ къæмдзæстыг мидбылхудт, хуры тынтимæ быцæугæнгæ, хъазы йæ тыбар-тыбургæнæг цæсгомыл.

Йæ разы мæ асфальты хъæбæрыл цыма исчи садзгæ ныккодта – баззадтæн цавддурау. Уæддæр кæнын

тыххудт. Æфсæрмдзæстыг худт. Зæдæнвиц рæсугъд чызгмæ. Цыма уыцы лæппуты азым мæнмæ, æрмæстдæр мæнмæ хауы.

Уый мыл хъуамæ атыхса. Чызг. Хъуамæ мыл баузæла бузныджы нысанæн. Уæдæ. Фервæзын æй кодтон куыйдзыхты хъæлæсæй. Мæнæ мæнæ мæм æрбацыд. Ныр йæ цæнгтæ дардыл айтындздзæнис…

Æвæццæгæн, йæ разы хъен дурæй кæй баззадтæн, уый йæм фæхъыг каст. Чызгмæ. Æрбахæеццæ мæ цурмæ æмæ айсæфт йæ мидбылхудт. Йæ дыууæ лыстæг сау æрфыджы, сау кæлмытау, атыхстысты сæ кæрæдзийыл. Асчъил мыл кодта йæ нывгонд ахуырст былтæ. Æмæ уаа-лæ уыцы фыдахинты фæстæ фæхæссы йæ нарæг астæуы рæсугъд тасæнтæ.

Оу, мæнæ царциаты диссæгтæ æмæ æмбисæндтæ! Исчи уæ ахæм æбузын хабар уынгæ нæ, фæлæ хъусгæ дæр фæкодта, хъусгæ, мæ бон?!. Мæхи ма цы фæкодтаин, уый нал зыдтон. Ноджы

– Хах-ха, ха-ха! – чызджы иувæрсты ме ´мбал, йæ фæдыл фæкæс-фæкæсгæнгæ, рахызт даргъ къахдзæфтæй. Тагъд кæны, уæддæр мыл йæхи хæссы йæ зæрдæйы фæндиаг.

Куыстмæ дард цæры æмæ сихоры улæфты рæстæджы иу къусыдзыг хъæрмхуыппы тъылланджы тыххæй фæдисы фæуайы дыууæрдæм. Ныр æй уый мæт дæр нал ис. Æрлæууыд мæ цуры. Кæсы мæм нæ, фæныхъхъуыры мæ уыцы фæуæлахизуæвæджы цæстæнгасæй. Йæ ахсæны тæригъæд дæр фæхæс-дзæнис, æрмæст æй искæуыл чысы ахудыны бон уæддæр фæуæд. Ныр та йæ хъул сах абадт. Мæ лæмæгъыл мæ баййæфта æмæ мыл цæргæ-цæрæнбонты худынæй дидинæг цæмæннæ ´фтауа.

– Шæмæн уæззау шæуы, шæ? – амоны чызджы фæдыл. – Мæгуыртæг, дæ уды бон… Дæ зæрдæ дын кæрчытæн бахæрыны тыххæй, мыййаг, кæд нæ фæхæссы йемæ?

Цæй æмæ куыд, цы хуызы уæззауæй фæцæуы? Æцæг худæг æмæ кæуинаггаджы ныхæстæ, æндæр

ницы. Йæ цыргъбырынкъ дзабырты уидисн зæвæттæ асфальты хъæбæрыл цыма ныдзæвгæ дæр нæ кæнынц. Æмæ, дам, уæззауæй фæцæуы. Ацы ´наккаг (йæхæдæг дæр искæмæ куы фæмæсты вæййы, уæд æй афтæ фæхоны) мыл йæхи аирхæфса, уый фадат ын фæцис æмæ фæстæ цæмæн фæлæууа.

Æз ын, чызгыл лæппутæ куыд атымбыл сты, цæмæй дзы ахынджылæг кæной; æз сæ куыд ныззыгуым кодтон, таппызарды хай сæ куыд фæкæнын ластон… Чызг… Зæд та…

Хъуыддаг куыд æрцыдис, цы уыдис, афтæ йын сæ лæмбынæг дзурын… Цауæй цаумæ.

Æмæ та мыл худæгæй бакъæцæл

– Шæй лæппутæ?!. Шæй хыл?!. Нæ дын дзурын… æгæр ма нуаз?

– Цы, дам?!.

– Цæстсайæнтæ дын райдыдтой æмæ йыл басæтт!

Стæй мæм ныккодта фæрсæджы каст. Йæ цæстæнгас мыл æрхаста сæрæй къæхтæм, цыма мын аргъ кæнын уыдис йæ зæрды. Стæй йæхицæн цыма цæмæйдæр фæтарст. Батагъд кодта:

– Шæй, мæн не ´вдæлы… – фæцæуæг йæ даргъ къахдзæфтæй.

Уæддæр-иу мæм рæстæгæй-рæстæгмæ фæкаст фæстæмæ. Андæгъд-иу мыл йæ цæстæнгас. Æнæмæнг æй бæлвырд базонын фæндыд, æцæг мын ис цæстсайæнтæ æви нæ. Æвæццæгæн, тынг нæ бадис кодтаид, уынджы иунæгæй заргæ кæнæ кафгæ куы фæцæй цыдаин, уæд. Йæхицæй байрадаид, ома, федтат, æвиппайд ын куыд фæхатыдтæн йæ цæстсайæнтæ. Ныр дæр æм, ома, лæмбынæгдæр хъуыдис æркæсын.

Фæлæ йæ нал æрхъуыды кодтон. Мæхи нымæры дисæй мардтæн: «Оу, мæнæ царциаты диссæгтæ æмæ æмбисæндтæ! Адæймаг афтæ æбузын цæмæн хъуамæ уа, чидæр дын хорзы бацыд æмæ йыл ды та дæ былтæ акъуыр?» – хъуыдытæ кодтон, фарстон мæхи, фæлæ мæ фарстæн мæ бон рæстмæ дзуапп раттын нæ уыдис æмæ тыхстæн.

Стæй та Бызыччы ´нкъард, æрхæндæг, фæлмаст цæстæнгас сæвзæрд мæ разы. Цæмæн æй хъуамæ федтаин ахæм хуызы, уый æрцахсын мæ бон нæ уыдис æмæ тагъд кодтон хъæмæ. Рæстæгыл æй федтаин.

– Бызыкк, мæ лæппу! Кæм дæ? – дуары байгом æмæ мæ дзурын баиу сты.

Мæ размæ ракодта уайдзæфгæнæджы уад. Йæ амонæн чысыл æнгуылдз йæ былтыл, гуыдырæвæрдау, цæхгæрмæ æвæрд. Ома, цы уыдис, уый уыд, фæлæ дарддæр хъыпп-сыпп дæр куынæ уал скæнай.

– С-с-с… Хъал сæ кæныс.

– Кæй? – ныххауд мæ хъæлæс.

– Тохвæллад сты. Шæфтæ. Ныртæккæ ´рулæфыдысты.

Мæ разæй йæ къахфындзтыл ахызт фатеры тыргъмæ. Даргъгомау фынджы иу кæрон – алыхуызон цъæл машинæтæ æмæ фæлдæхт, пырх танкæтæ æмæ хæдтæхджыты ´хсæнты сæ кæрæдзийы уæлæ хæуттытæй лæууынц йæ хъазæн хæстонты зынгæ хай. Хæстон техникæ кæм пырх кодта, уым уыдоныл дæр сау дудгæбон куы сæмбæлд.

Фынджы иннæ кæрон чысыл, хъазæн æфсæддонтæ æмæ индеецтæй чи машинæйы, чи танчы, кæнæ хæдтæхæджы уæлæ банцой кодта, афтæмæй бадгæлæугæйæ æркув-æркув кæнынц. Бирæтæн дзы йæ къах, йæ къух кæнæ йæ сæр урс марлæйы гæппæлæй баст. Тугкалæн хæсты кæрон дзы кæй кæм æррæййæфта, уым тæгæл фынæй аци.

– Ныртæккæ фæшис хæст. Знæгты ныппырх кодтой, – амоны фынджы кæронмæ. – Сæхæдæг, кæс ма сæм, куыд адджынæн улæфынц. Ма сæ райхъал кæн. Æндæра та схæцджысты.

– Тæригъæд не сты? – амонын ныддæрæнгонд «знæгтæм». – Уыйбæрц адæмы ныццагътой… Сæ тæригъæдæй адæймаджы зæрдæ скъуыдтæ кæны, мæгуыр уа сæ бон.

– С-с-с… Хъал сæ кæныс, – тыхсы «йæхиуæттыл». – Уыдон знæгтæ сты, – амоны иннæтæм. – Кæд ма федтай

знæгтыл мæтгæнгæ? Махонты зæхх истой. Сæ хæжæрттæ сын хæлдтой, сæ хæжæрттæ макуы фехæлой. Мардтой сын сæхи, сæ сабиты… Æмæ, цы агуырдтой, уый ссардтой. Махуæттæ сæ быны дæрæн ныккодтой.

Уыцы зæдæнвиц Чызг æмæ къулбадæг лæппутæ ´рбалæууыдысты мæ зæрдыл. Бызвккæн, хъуыддæгтæ куыд уыдысты, афтæ дзырдтон. Ницы сæм бафтыдтон. Уый та мыл худæгæй бакъæцæл:

– Шал лæппуйы уыдысты?

– Фондз… Æви авд… Чи зоны, фылдæр

– Сывæллæттæ уыдысты?

– Стыр лæппутæ. Мæхицæй – бæрзонддæртæ. – Хих-хи-хи!.. Ныр мæ куыд сайыс, баба?..

– Нæ дæ сайын. Куыннæ дæ уырнæ?..

– Æмæ дын, уæдæ, æз амæйразмæ куы дзырдтон, хъыхъхъаг куыйтæ мæ кæй расырдтой… Æз бæласмæ сгæпп кодтон. Йæ цонгыл ын сбадтæн. Уырдыгæй сæ мæстæй мардтон. Куы сфæлмæцыдысты, уæд мæ ныуугъуагътой. Ацыдысты.

– Уый лопъо гæдыныхас уыдис.

– Лопъо гæдыныхæстæ ды кæныс. Мæ хæстонтæй дæр иунæгæй ничи фæтых уыдзæнис авдыл. Ды та – фараст!.. Сæ къæхты фæрцы ма дæ куыд аирвæзтысты, диссаг у! Хих, хи, хи!..

Стæй фæхъус. Нымдзаст мæм уыцы стыр, æнкъард, фæлмбадт цæстытæй:

– Чызг дæм фæмæсты?

– Ойы.

– Йæ былтæ дыл акъуырдта?

Мæхæдæг мæхицæн батæригъæд кодтон: æфхæрын æй ма бауадз, куыйдзыхты дзыхæй йæ æнæ хъинцъ, æнæ хъыллистæй ратон æмæ дын дæ лæггадæн мур дæр мацы бамбарæд. Йæ былтæ дыл расчъил-басчъил кæнæд. Цас раст у уый?

– Ойы. Акъуырдта мыл йæ былтæ.

– Æмæ дын раст бакодта, – уый та мыл фыддæрадæн æркъуырдта йæ къах.

Бызыкк, мæхи чысыл Бызыкк, мæ уды къæртт, мæ ныфсы мæсыгмæ, æнхъæл дæн, фæхæрам дæн. Æз ын мæ зæрдæйы риссаг хæлдтон, уый та мæ хынджылæггаг скодта. Мæ фарст дæр буцтæ кæныны хуызы уымæн уыд:

– Цæмæн?

– Куыд шæмæн? Ды йæ ардæм æрчындж кæнынмæ хъавыдтæ? Æмæ уæд мæхи Гыцци та шы фæуыдаид, мæхи Гыцци? Ууыл ахъуыды кодтай? Мæн «мачеха» нæ хъæуы!

– Цæй «мачеха»? – стæй мæ бафæндыд йæ амæстæй марын. – Стæй цæмæй æвзæр у дыккаг мад? Цæстмæ уарзт дæ кæндзæнис. Хæринаджы сойтæ дын дæддзæн. Адджинæгтæ дын æлхæндзæн.

– О, о! Уæдæ, дысон Гицциимæ кæрæжимæ мæсты кæстытæ уымæн кодтат? Хъуамæ-иу мæ нæма, нæ? Æвзæр хæринæгтæ-иу мын араза? Æнæитугондæй мæ æрвита, уый дæ фæнды, нæ?

– Цæмæн дын араздзæнис æвзæр хæринæгтæ?

– Мачеха уыжæнис æмæ уымæн!

– Ау, дыккаг мæдтæ хорз хæринæгтæ аразын нæ фæзонынц?

– Фæзонынч. Æмæ-иу уыдон та дæуæн аразжæнис. Æз-иу скъолайы куы уон, уæд. Цæмæй йæ бирæ уарзай. Мæн æмæ Гыццийы та ма уарзай. Æмæ дæ сайджæн алы къахжæфæн… – йæ зæрдæ райдыдта уынгæг кæнын.

Ныггуыбыр йæ «индеецмæ». Уыцы æнæдзургæйæ, уыцы ´рхуымæй йын хæлдта йын йæ къухы баст. Хатыдтæн, зæрдæбынæй йæ нал фæнды мемæ дзурын. Фæлæ йæм æнæнхъæлæджы цы рауадис, уый рæстмæ нæма рахатыдтæн.

– С-с-с… Сабыргай… Йæ къухы цæф фæрисдзæнис, – хъавыдтæн, йæ фыццаг зæрдæйы уагмæ йæ æркæнон. Нæ ныхас здæхтон хъазынæрдæм. Тарстæн, уымæй дарддæр ма куы фехæла йæ чем, куы фæкъæртт уа йæ кæуындзæг, уæд тагъд нал æрцахсдзæнис йæхи. Æмæ нал бахæцдзæнис мæ сихор мæ фарсыл. Мæ сихоры улæфтæй дæр æнæ улæфт фæуыдзынæн. – Æри ма,

иумæ йæ райхалæм. Арæхстгай йæ байсæрдæм хосæй. Стæй та йын æй бабæтдзыстæм.

– Шæф нæу. Хъазгæ кодтон, – халы йын йæ баст. – Нæу шæф, зæгъын.

– Куыннæ у цæф?

– Афтæ. Нæу шæф.

– Мæнæ куыд ныффæлурс! Æвæццæгæн дзы æгæр бирæ туг фæцыд…

Фæцыд дуары уынæр.

– Гыцци ´рбашыд!.. – цыма йæ рагæй нал федтам, нæ зæрдæты рацыд цины уылæн. Бызыкк æй фергом кодта. – Мæхи Гыцци!.. – фæцæйзгъорста йæ размæ, фæлæ фæлæууыд.

Иу каст мæнмæ кæны, иннæ – дуарæрдæм. Нæ кæны дуар. Дызæрдыг кæны цæуылдæр. Фæнды йæ цыдæр зæгъын, фæлæ хæцы йæхиуыл.

Стæй мын сусæгæй афтæ:

– Куыд мæ хъазыдтæ… чызг… лæппутæ-йедтæ… Æдылы хылтæ… Уыдон Гыццийæн ма зæгъ! Æз дæ нæ сардауджынæн…

Фæлæ сæ куыд ма зæгъ? Куыд сæ ма зæгъон? Ацу, уыцы диссæгтæ æмæ æмбисæнттæ, ды хорз лæппу дæ, æмæ макуы макæмæн радзур!

## УСГУРТÆ

Хистæр цæры растæндæр Гуыбынауыл. Æниу, цæй гуыбын æмæ цæй цыдæр! Зæхх уыцы ран, кас куы фыцай, æмæ астæуæй сбухъ кæнынмæ куы фæкъуыпп уа, уыйау чысыл уæлæгомау ссыд. Табу – уæ фарнæн, мæнæ ног чындзы гуыбын гæзæмæ размæ куыд рахæца, раст уыйау уыд. Искæй фæнды æви нæ, уæддæр дзы зæрдæ афтæмæй уыцы хорз райы. Цыма цыдæр стыр хъуыддагмæ æнхъæлцау у.

Æмæ йæ фæ-Гуыбынау кодтой. Адæм сæхæдæг. Хистæр уыцы бынат æлхæнгæ дæр раст Гуыбынауы тыххæй бакодта – хъуамæ адæмы ‘хсæн чысыл къуыпп дарай. Цардæй дæр, лæджы ахастытæй дæр, дæ цæрæн бынатæй дæр æмæ дæ кæд йæ базонын фæнды, уæд дæ цардыуагæй дæр. Цæмæй дæ адæм уыной æппынæдзух. Дæ ном сæ ма рох кæна.

Йæ роныл дыууæ къухæй ныххæцы, йе уæхсчытæ фæстæуæз аппары, афтæмæй, бæрзæндты кæсгæ, цæ-уылдæрты бынозæй фæхъуыдытæ кæны Хистæр. Фæ-лæ, хъуыдытæ кæнын иу у, цард аразын – æндæр. Æмæ уый у, уый йæ рахæцæн.

Цы самандур хæдзаргонды хицау бацис æрæджы, уый йæ алыварс дыууæуæладзыг цъæхсæрты ‘хсæнæй рæстмæ зынгæ дæр нæ кодта. Ахъуыды ма кæн! Уæд-дæр-иу, цыдæр фæндтæгæнгæ, сæрыстырæй бахудт. Хистæрæй зæгъын. Йæ нарстгомау æрмттæй-иу йæ пиджакы дымджытыл фæстæмæ куыд ахæцыд, иу каст-иу йæ гуыбынгондмæ куыд кодта, иннæ – Гуыбынаумæ, уæд-иу æм сыхæгтæ сæ хæдзæртты тигътæ æмæ хыз-æмбæрст рудзгуытæй дисгæнæджы кæстытæ кодтой. Не ´мбæрстой, цæуыл райы.

Йæ сыхæгтæй йыл чидæр зæронд цæрджыты æхсæн сусæгæй ныппыррыкк кæнынмæ хъавыди, ома, цардæфсæстхуызæй йæхи куыд ницы фенæджы дард

кæны. Хорз уыд, рæстæгыл ацахста йæ дзых… Уыцы сыхаг. Уæддæр дзы… Пуй-пуй-пуй, йе ‘мбисонд – йæхи… цыдæр хъинцъ фæцыд.

Хъуыддаг, ома, «йæ тæнæг былты аххосæй рауад», йе сфæлхат кæныныл аивæй цалдæр хатты фæлваргæ дæр акодта, фæлæ ныры адæмы фæсайынмæ хъавыс? Ноджы Худæг фыртыхстæй æгæр ныссырх… Стæй дыл ныры адæм дзыхы дзырд æмæ лæгъзтæтæй куынæ æрæвæрдзысты сæ цæст, уæд дыл, гормон, æгомыг здыхстытæй, былты пъыррыстытæй баууæнддзысты? Мæ хур акæн. Æмæ йыл абон дæр сыхæгтæй чидæртæ сусæг-æргом артæнхæлдтæ кæй фæкæнынц, уый тыххæй йын йæ ном нæ зæгъын – сыхбæсты ´хсæн ын йæ иу худинаг æгъгъæдæй уæлдайдæр у.

О, æмæ Хистæр самандур хæдзаргонд къапеччытыл йæ къухмæ куы ‘рбайста!.. Йæ бонæй йæ уа… Тъыгуыцгонд стырфыййагджын æфсæн уæйыгæн быныл куы асæрфын кодта æмæ йæ æд брон коммæ куы ассывта, уæд ын йе ´рхъуыдыджын сыхæгтæй чидæртæ зæндтæ амыдтой, æххæст уыцы Гуыбынау слæгъз кæн, зæгъгæ. Æмæ сыл, йæ роныл дыууæ къухæй ныххæцгæ, йе уæхсчытæ фæстæуæз аппаргæ, сусæгæй худт йæ мидбылты. Хистæр зондамонджытыл. Йæхи-иу æфсонæн мæгуыры къултæ дæр бакодта: «Кæм ис уыйбæрц фæллой?!. Уый ныххаф, алас!.. Кæмæн ис ахæм диссæгтæ æмæ фадæттæ?!. Стæй дзы бынæй, уæдта, урс мæр сзындис…»

Афтæмæй дзы стæй галуантæ куы ныззилид!.. Дардыл æмæ райдзаст, фенддаджы галуантæ фыдæлтыккон мæсыггæндтимæ! Цъæхсæртæм уæлейæ дæлæмæ куы æркаст, уæд æй уыдон хицæуттæ æгæр хорз дæр бамбæрстой, цæмæн æй хъуыд, уыдон цæсты чи нæ ахадыдта, йæ бакастæй сæ чи хъыгдардта æмæ уæлдайаджы цæстæй кæмæ кастысты, уыцы Гуыбынау!

Ныр дæр Хистæр сæрыстырæй рацу-бацу кодта йæ плитæвæрд кæрты дидинджыты губаккты ´хсæнты. Искæй гуыбынтæ-йедтæ йæ удхæссæг сты, фæлæ йæхицæй райгонд куы вæййы, уæд дыууæ къухæй

ныххæцы йæ роныл, йе уæхсчытæ фæстæмæ аппары æмæ йæ хæдзары бынаты æнгæс йæ нарст гуыбыныл размæгонд рахæцы.

– Ой, ой, ой! – йæхи тыхстхуызæй цы ‘вдыста, æндæр æй бынтондæр ницы фæлмæцинаг уыдис. Йæ сыгъзæрин сахатмæ дæр æфсонæн æркаст – уадз æмæ секундыййонг зона, цас у рæстæг. «Рæстæгæн чи аргъ кæны, уый амондджын адæймаг у», – фехъуыста кæмæйдæр, æмæ уыцы хъуыддаг уæдæй фæстæмæ цæуы йæ зæрдæмæ. Рæстæгæй æмбаргæ адæймаг йæхицæн дуцгæ хъуг аразы. О, о, дуцгæ хъуг. Уый, рæстæг, цæуы размæ, фæлæ ды хъуамæ рæвдз лæууай æмæ йæ дуцай. Цард Хистæрæн уым ис.

Йæ шофыр – æлвæст, тæлфаг лæг, уæдæй нырмæ рауай-бауай кæны кæрты. Иуæрдæм бандон ахæссы, аннæрдæм – уисой… Куы мысалгъыл андадзы йæхи, куы растæфсæр цыргъ фæрæт кæрты иу къуымæй иннæмæ аскъæфы, фæлæ йæ цæмæн хъуыдысты, уый бæлвырдæй йæхæдæг дæр нæ зыдта. Фылдæр уымæй тыхст. Æмæ фæрæт йе ´рттивгæ цыргъ бырынкъæй арæхстджын æртъæппæй æрсагъта, бæласы бын фылдæр фидыцæн цы къуыдыр уыдис, уым.

Афтид хæрзсæрфт фынгтæ æд бандæттæ тыргъы минасгæнæны ныддæлæ-уæлæ кæныны размæ уыцы хъусæй лæууыдысты. Гъе, афтидæй, цæттæввонгæй уыйбæрц æнхъæлмæ кæсын ахуыр нæ уыдысты, гъе…

Æниу, цæй тыргъ… Кæрты иу кæронæй иннæмæ ирон орнаменттимæ арæзт астæу цæджындзтыл стæхынæввонгæй æрæнцой кодта рæсугъд цар-агъуыст. Йæ иу фарс сыгъдæг уæлдæфы тыххæй гом цы у, æндæр йæ къултыл къухæй цы зæдтæ æмæ дуæгты нывтæ арæзт ис, уыдонæн се ´хцон, уарзæгой бакаст дæр цалдæр галуаны аргъ у. Цыма стæхынмæ хъавы. Йæ къух сыл куы сисид, аргъ скæнынмæ сæ куы æрæвæрдæуаид, уæд.

Фæлæ уыдæттæй Уæллаг бахизæд. Хистæр нæ уарзы, æмæ тынг раст кæны, исчи йын йæхицæн дæр, йæ ис-бонæн дæр сусæг-æргом æргътæ æвæра, Хуы-

цауы ницæй тыххæй йæ цыбæл æмæ уæгъддзыхты цæсты æфтауа.

Омæ, Шофыр змæлын ахуыр у. Иуран бадынæй згæ фæкæны. Йæхиуыл æргом фæхуды. Цæвиттон, бон дæ горæты уынгты тагъд цæуын чи уадзы æмæ, дам, хатт æрдæгæхсæв сыстын, сбадын машинæйы æмæ, дам, æй стæхын кæнын, йæ мæрттæ фæлæууа.

Уыдæттæ мырмыр кæнын уарзаг адæмы аирхæфсынæн йæхæдæг фæдзуры. Æмæ йæ хорз чи зоны, уыдон æм фæсномыгæй зындгонд машинæтæрæг Шумахер номæй фæдзурынц. Ахудынæн, мыййаг, нæ. Рæвдаугæйæ. Уарзгæйæ. Стæй, хæдтулгæйы хъуыддаг хорз кæй зоны, уый тыххæй дæр. Æмæ цæмæннæ хъуамæ уа буц йæхицæй?

Фæлæ, ныр цы арæзтаид, уый йын нæ уыдис. Фысымтæн алцы дæр развæлгъау хъуыдыгонд уыд. Стæй – йæхицæн дæр. Ныр Хистæр йæ сыгъзæрин сахатмæ куы ‘ркаст, уæд уыцы цины стъæлфт фæкодта:

– Акæсон сæм! – стахт æртыккаг уæладзыгмæ.

Æмæ йæм бирæ ′нхъæлмæ кæсын нæ бахъуыд. Уайтагъд йæ цины хъæлæс æрыхъуыст… Галуанимæ æмыстæг, æмбуар амад чи уыдис, уыцы худгæбыл арæзт мæсыгæн æртыккаг уæладзыджы цы уынгæггомау рудзынг уыдис, – ома, «топп радарæн», – уырдыгæй:

– Гъе, гъе, гъе, сæ БМВ-йы уд цæмæннæ æппарой!..

Хистæр æрмæст йæ бынатæй хистæр нæ уыд. Адæймаг хъуамæ зона, кæм æй куыд хъæуы йæхи дарын. Ахæм хуыз равдыста, цыма нæ бамбæрста Шофыры цин. Бакодта хуыфæгау. Аивæй, сабыр къахдзæфтæй йæхи айста цæхæрадонырдæм. Уым уал йæ цæст арæвдауа йæ рæдау, хъæздыг мæры исбонæй. Йæ зæрдæ стæхынæввонг вæййы зайæгхалмæ кæсынæй.

«Куыдзы фырт диссаг у зæххы куыстмæ! – афтæ йæ шофырæй фæдзуры. – Къæпи йе ‘рмтты змæлгæ нæ, нæ, хъазгæ фæкæны.»

Куыстæй чи тæрсы, уый де ′мгæрæтты макуы ауадзай. Хæдзары даринаг нæу. Фыдбылыз, фыдæбонæй дарддæр æм макуы мацæмæ æнхъæлмæ кæс.

Куыстуарзагыл та цас дæхимæ æрбахæцай, уый бæрц дæ хъуыддæгтæ дæ зæрдæйы фæндиаг уыдзысты. Йæ куысты машинæ йын йæ бæрны уый тыххæй бакодта.

– Хистæр, æрбацæуынц! – Шофыр ноджы, сывæллонау, цингæнгæ, адзырдта фидæрттæ лæджы фæстæ.

– Æрбацæудзысты, уæдæ цы фæуыдзысты? – уымæн цыма уæлдай нæ уыд – æрбацæудзысты æви не ʻрбацæудзысты, ахæм хуыз равдыста. Уæддæр ын хъыг уыд Шофыры цины хабар: «Ау, БМВ-йæ хуыздæр æм цæуыл æрбацыдаиккой, уый не ссардтой?»

Фæлæ хæдзар… Ахæм галуан хæдзар рахонын, чи зоны, бынтон аив нæу… Æмæ цыфæнды дæр фестæд, фæлæ хæдзар шофыры цины хъæлæсмæ йæхимидæг æнæхъæнæй уыцы сабырæй базмæлыд. Чысыл фæстæдæр рауад рæстæмбис, ныртæккæ сылгоймæгты рæсугъдгæнæн хæдзары къæсæрæй чи рахызт, афтæмæй йæ галуаны чи æрбалæууыд, йæ духийы æхцон тæф кæмæн калд, йæ ногкрахмал æнгуылдзтæ тæбæгътыл ныдзæвгæ дæр кæмæн нæма акодтой, ахæм астæуккаг кары хæрзуынд сылыстæг. Хистæры цæхæрадоны гом дуарæй ауыдта æмæ даргъ, лыстæгзæвæт дзабырты цыбыр къахдзæфтæй ауад йæ фæдыл:

– Фынг авæрын кæнон?

– Кæд уал, зæгъын, чысыл фæлæууæм.

Хистæр йæ тасгæ фынгтæй, горæты нæ, хъæууон адæмæн дæр зындгонд уыд. Ныр та йæ æцæг сæр бахъуыд, адæмæн диссагæн куыд баззайа. Сылгоймаг æм уыцы рæвдаугæ, уыцы фæлмæн хъæлæсы уагæй бадзырдта сыбар-сыбургæнæгау æмæ йе ʻрмттæй йæ уæрджытыл æррæстытæ кодта… æцæгæй та бынмæ æвазынмæ хъавыд, зына-нæзына йын уынгæджы ад чи кодта, йæ уыцы ног, тыбар-тыбургæнаг къаба. Чызг ын æй балхæнын кодта. Сæ чындздзон чызг. Хистæр ын æй йæ уæлæ нæма федта.

Сылгоймаджы аив уæнгты фæзилæнтæ æддæмæ æгæр æвдисы. Сылуарзаг нæлгоймаг æм куы бакæса, уæд æй цæстæнгасæй æнæмæнг рахъавдзæнис æрфистæджытæ кæнынмæ. Йæ рахауинаг цæст ын фена,

гæзæмæ фыдæвæрын чи райдыдта, йæ уыцы зырнæйзылд уæнгты тасæнтæ. Стæй йын, цыма, къаба æрмæст уæнгтымбæрц нæу, фæлæ нæлгоймаджы цæсты цинæн ноджы цыбыргомау хæцы – йæ уæрджыты зилладжджытæ дзы уыцы урс-урсид æмæ ирдæй зынынц. Йе схъæл зæнгтæм ын чи фемдзаст уа, уый цæстæнгас æндæр фенддаджы удсайæнтыл аив цæсгоммæ ма сгæпп кæна, уый гæнæн нæй.

Хистæр йæхи сылыстæгыл, йæ уæнгты рæсугъдтæ йын æддæмæ чи кала, ахæм дарæсы фарс нæу. Æвзонгæй дæр афтæ уыд. Йæ лæджы кары дæр ницы уадиссаг фæивта. Йæхæдæг алцы дæр куы уынид искæй сылгоймæгтæй, фæлæ йæхи сылыстæгыл искæй цæст йæхи къуыргæ дæр куынæ скæнид. Афтæ у йæ удыконд.

Уæддæр ын сылгоймаджы зæрды уыдис йæ ног къаба равдисын – куыд ыл фидауы? Куыд цæуы йæ зæрдæмæ? Нæлгоймагæн æндæр цæстæнгас ис æмæ йын базона йæ хъуыды.

Фæлæ йæ, цыма, нæлгоймаг нæ фæхатыд, йæхи афтæ дардта, кæд ыл йæ цæст акъуырдта, уæддæр æмæ уый сылыстæгæн хъыггомау уыдис. Фæлæ йæ зæрдæйы фæлм нæ равдыста. Лæг æгæр хъуыддагхуыз кæй уыд, уый тыххæй Æхсин дæр фæхъус – æгайт-ма сæ кæстæры фидæнмæ фыд ахæм бæрнон цæстæй кæсы.

– Мидæмæ уал сæ рауадзут. Мæхæдæг дын зæгъдзынæн, – лæг уазæггагæй нуазæны онг алцы дæр развæлгъу, йе ´нгуылдзтыл амонæгау, бæстон банымадта æмæ йын фынджы тыххæй Æфсины фарстæн итугонд дзуапп æвæрд уыд.

– Хорз, хорз, – сылгоймаг та йæ уæрджытыл, йæ къаба цыма рæстытæ æркодта, бынмæ æрхæцыд æмæ та цыбыр, фæлæ рæвдз къахдзæфтæй уайтагъд фæстæмæ фæмидæг хæдзары.

Машинæ уынджы сæ дуармæ кæй æрлæууыд, уый Шофырæн бирæ базонинаг нæ уыд. Цафон сæм акæса – Хистæры фæдыл фæцæй уад, фæлæ чидæр кæрты дуарæй æрбадзæнгæрæг кодта. Дыккаг хатт дæр. Æртыккаг хатт дæр!..

«Уанцон диссаг нæу! Кæдæм фæдис кæнынц? Цыты уазæгыл хиуыл хæцын æмбæлы», – нырмæ дæр тыхæй лæууыд – змæлыд йæ мидбынаты, ныр æй æфсон фæцис æмæ ауад сæ размæ. Кæрты бæрзонд, орнаментæфтыд дуарыл лæууыд Рæстæмбис, фæлæ, къæбæрцух чи никуы баййæфтаид, ахæм парахатцæсгом лæппу-лæг. Цыма йæ ныхъхъæбыс кæнынмæ хъавыд, йæ къухтæ йæ фæрстæм не´мгом кодтой.

Шофырæн, уæддæр, йæ цæст фыццаг сæ БМВ-йыл андæгъд. Сæ ногтæй нæ зыны. Итугонд баййæфта, уый бæрæг у. Чидæр æй, æвæццæгæн, Германы зæххæй фæфос кæныны охыл æртардта. Ныры зæрæдты дæр ма æхца кæдæмыты нæ хæссы. Доллартæ, евроты кой ма чи кæны. Уым, дам, сæ дæрдджын хæдтулгæтæ цы фæкæной, уый тыххæй сæ сæр сæ кой фæвæййы – ног машинæ балхæнынæй, дам, сæм зæронд машинæйæ фервæзын зындæр у. Искуы йæ куы аппарай, уæддæр дын æй иваримæ дæ къæсæрыл æрбалæууын кæндзысты. Зæхх сæм фыдæлтæй у уæрзт тых æмæ мулчы сæрыл.  Йæ зæххыл дын æй, мæ бон акæн, ныгæнын чи хъуамæ бауадза. Хæргæ йæ бакæндзынæ?

Æмæ нæ цæхæрцæст лæппуты æндæр цы хъæуы. Хуыцау дын æй куы дæтта, уæд æм ердойæ дæр æнхъæлмæ кæс. Нæ ариаг æфсымæртæм фæзынынц æххуысмæ. Сæ дæрдджын хæтулгæты сын кæмдæр сау суаритыл дзуггай æртæрынц ардæм, ног машинæты аргъмæ сæ ныуулæй кæнынц æмæ цæстыныкъуылдмæ нарддзыппджынтæй агæпп ласынц.

Уазджыты хæдтулгæйæ Шофыр уыцы зонæнтæ цæстыныкъуылдмæ райста, фæлæ йыл зынд, нырма бирæ кæйдæрты цæсты бакалдзæнис рыг. БМВ. Стæй сын куыддæр фехæлынц, афтæ сын ивæн хæйттæ агурæг, сæ сæртæ фæвæййынц дыууæ дурæй хоинаг.

– Дæ бон хорз, фæрнджын лæг!

Æрбацæуæг Рæстæмбисæн æхсызгон уыд, йæ машинæйы уындæй, йæхимæ гæсгæ, Шофыры кæй фæкуырм кодта. Йæ мидбылхудгæ йын уыцы зæрдæбын æмæ адджын арфæ ракодта. Шофырыл та,

кæд сæ машинæйæ уæлдай се ´ддаг бакастæй йæ зæрдæ уадиссаг ницæмæй барухс, уæддæр, хицау æй кæй фенхъæлдтой, уымæй ракаст фæззыгон хур. Бангæстæ.

– Æгас цæуат! – хъарм зæрдæйæ зæгъынмæ фæстæ нæ фæлæуууыд. Бацин сыл кодта мидбылхудт æмæ уæнгтызмæлдæй. Стæй сын сæхимæ дæр нал банхъæлмæ каст. – Уазджыты каст кæнут æмæ уазæг – Хуыцауы уазæг! Мидæмæ нæм саккаг кæнут, уæ хорзæхæй! – стæй фæхæцыд йæхиуыл: цыты уазджытыл фыццаг фембæлдæй ахæм тыхцин не ‘мбæлы.

– Мидæгæй ис?.. – зивæгæй гуым-гуымгæнæгау бакодта, фæстейæ гуыбыргомауæй цы æвзонг, къæдзæхæййас лæппу лæууыд, уый. Фæлæ Рæстæмбис кæртмæ куы бараст, уæд уый дæр дыууæ нал загъта.

– Не знæгтæн равдисынæн бæззинæгтæ-иу æрбалæууæнт нæ уынджы! – Шофыр, цыма йæм хæрзæггурæггагмæ æнхъæлмæ каст, Хистæрмæ фæцæй гæпп кодта цæхæрадонмæ, фæлæ фæхæцыд йæхиуыл. Уæлдай цинтæ йын нæ уыдзысты æхсызгон. Хистæрæн. Ома, мæ чызг æнæ чындзыцыд зайы, уæлдай митæ цæй охыл кæныс? Фырцинæй, зæгъгæ, цæмæннæ уал хæцыс зæххыл, цæсты нæ цæмæн æфтауыс?

Æмæ, йæ зæрдæйы рохтыл цæхгæр фæстæмæ кæй фæхæцыд, уый тыххæй йæхимидæг аздыхст уæрдæхау. Афтæ йæм фæкаст, цыма йæ цæхгæр фæлæудæй йе уæнгтæ ныхъхъыс-хъыс кодтой æмæ дурæвæрд кæрты йæ ног «пакришкæты» бынæй скалд рыг. Уæддæр фæбузныг йе ´рхъуыдыйæ. Фæзылд уазджытырдæм:

– Бадгæ уал æркæнут, уæ хорзæхæй? Исты хабæрттæ кæнут. Уазæг хабархæссæг у.

Уазджытæн сæ цæстытæ ныййивæзтытæ сты аиварæзт, дидинвæлыст кæрты къуымты: кæмдæрты дидинтæ бынæй цæуынц уæлæмæ, кæм та – уæлейæ бынмæ. Куы цæрай, уæд – Хуыцауы цæхæрадоны. Алы дур æмæ хъæды гæбаз нывæфтыд кæм у, алы дуры цъуппæй Аза-бæласы дидин йæ сæр кæм сдардта, алы тигъ дæм йæ цъæх цæстытæй мидбыл-худгæйæ кæцæй кæсы, уый дзæнæты къуым у, уæдæ, цы.

Фæлæ уыцы дзæнæты цæйдæр тыххæй Шофыр тыхст. Уазджытæн исты… курыны хуыз нæ уыдис. Сæ цæстытæ кæрты къуымты райвæз-байвæз кодтой. Сæ конд дæр – ронбæгъд. Сымах та дыууæ удæн иу галстук искæмæй ракуырдтаиккат… Цы атоной хуыз сын.

Æмæ Хицауы тыххæй йæ уд лæмарынмæ хъавыд, фæлæ цыты уазджытимæ йæ дзырд нæ хъæрмуд кодта. Хистæрмæ адзурын йæ ныфс нæ хаста. Афтæ нæ зæгъдзæнис, цы фæдис кæныс, мæхæдæг сæ нæ зонын? Æмæ адæргæй хæрзæггурæггаг фæцис æфсинтæм:

– Æрбацыдысты!

Хистæр фехъуыста дуары уынæр. Дардæй йæ цæст андæгъд тыргъы нывæфтыд гом дуарыл. Фæтарст, йе ‘мкъай сæ размæ куы рауайа бæгънæгзæнг, æлгъывдуæнгæй. Батагъд кодта, сæмбæла сыл йæхæдæг. Фæлæ цæхæрадонæй кæртмæ нæма рахызт. Æрлæууыд гом дуары къæсæрыл. Дыууæ армæй æрхæцыд йæ роныл. Йæ уæхсчытæ фæстæмæ феппарæгау кодта. Бахудт:

– Ай нæм… – йæ зæрды «цыты уазджытæ» зæгъын уыд, фæлæ фæхæцыд йæхиуыл. – Уазджытæ куы ис, уазджытæ æмæ æз та мæхи мæ уды дзæбæхæн цæхæрадоны куы ирхæфсын, гормæттæ… Оу, мæнæ… Æгас нæм фæцæут!

Фæлæ се ‘ддаг бакастæй уадиссаг нæ барухс йæ зæрдæ. Уанцон нæу, гормон, цыты уазæг дæ æрвиты чидæр æмæ уый мацы æмбарæд, фæлæ ды дæ уæлæ къæрцциту дарæс уæддæр æрбаппар. Дæ амондгур уазджыты цы пецы цъæлыл æрвитыс… БМВ æндæр, уæдæ, цы хъуамæ схонай? «Прадо», «Тойота» дæ чи домы. Иу «Лексус» дæр никуы уал уыд, гормæттæ? Иу зæронд «Лексус»… Сывæллæттæ сæ уынгты, – уый мæнæн цы у, зæгъгæ, – спичкæйы каропкæтау, куы дæрæн кæнынц. Не схъæластæу хицæуттæ уырысы машинæтæм бакæсын сæ сæрмæ куынæ уал хæссынц...

Афтæмæй хæдзарвæндаджы кæстæр у. Ис æм уæлдæр ахуырад. Алы хæдзармæ, кæд сæ адæм æлгъыстцух нæ уадзынц… Æниу, уыдон та кæй не ´лгъитынц? Кæмæ уæндынц, уыдон – æргомæй; сæ ныфс

кæмæ нæ хæссынц, уыдон – фæсауууонмæ. Уæддæр… алы хæдзармæ политик усгуртæ нæ цæуынц. Æмæ уазæгæн, дæ цыты уазæгæн, зæрдæмæдзæугæ, цæстыахадгæ адæймæгтæ равзар. Уадз, сæ кауты зыхъхъыртæй сæм цæстхауд кæной, сусæг-æргомæй сæм чи гудзитæ кæной, уыдон.

Уыдæтты фæстæ фыццаг йæ сæры цы фарст февзæрд, уый: «Æмæ уазджыты æртыккаг æмбал кæм ис? Дыууæйæ чи цæуы цыты уазæг?»

Цыма дзы исты рох кæны, йе ´рымысыныл архайы – йæ гуыбыр фындз йæ галиу армы хистæр æмæ амонæн æнгуылдзæй уыцы тыхæнкъуыст бакодта.

– Æрбадут уал, – скодта тыхдзырд. Бакодта тыххудт. – Æцæг, афтид фынджы алыварс.

– Нæ-æ… Бадгæ нæма! – йæ уд баскъуыдта Гуыбыргомау. – Бадынæн дæр рæстæг уыдзæнис…

– О, фенæм уал æй. Стæй – фынг. Схуылыдз æй кæндзыстæм, уæдæ куыд вæййы?..

– «Цæй фынг?.. Цæй хуылыдз?!. Скъæргæ сæ кæнынц æви мах ницæмæ дарынц? Уæд сын æз ныртæккæ!..» – фырмæстæй йæхимидæг аздыхстытæ шофыр. Уæддæр, къухылтухгæ лæггадгæнæгæн куыд æмбæлы, йе ´взаг йæ комы арынгмæ нылгъывта.

«Куыд уал æй феной? Ныртæккæ ног æгъдæуттæ фæзынд? Цыты уазджытæ, кæй фæдыл æрбацыдысты, уый хæдзар фæйнæ сыкъайæ Хуыцау æмæ Уастырджийæн нæма бафæдзæхсынц, афтæмæй чындздзон чызджы хъуамæ феной? Базайрагау æй хъуамæ цæстæнгасæй фæрасгар-басгар кæной?.. Æмæ ахæм исты… фенæг лæгæй йæ хъустыл куы никуы æрцыд…

– Æрбадут… – Хистæрæн йæ хъæлæс йæхимæ дæр рæстмæ нæ фехъуыст. Удæй зыдта, цыдæр раст нæ аразынц, фæлæ – цы, уый нæ хатыд. Æмæ тыхст.

– Æрбадут уал, æрбадут! Уæдæ. – Шофыры фæцис дзырды бон. – Æрбадут уал. Уанцон нæу! Кæрæдзийы къухтæ нæма райстам æмæ… Куыд уал æй фенат… Фæйнæ куывды куынæ акæнæм… Фæйнæ уал куынæ баназæм… Зесты мур у?

– Зесты мур нæу, – дзырды бон фæцис Рæстæмбисы æмæ йæ рахиз къухы кæстæр æнгуылдзы даргъ ныхæй ныхта йæ къуыбыр, цъæх карандасæй ахуырст рихи. – Фæлæ, дам, разæй ног цæф у.

– Куыд?!. – фесхъиудта Шофыр. Йæ галиу армæй йæ тæнæг былтæ амбæрзта, рахизæй – йæ рахиз хъус, ома, ницы фехъуыстон. Фæлæ йæ цырд цæстæнгас андæгъд Хистæрыл.

Уымæн, мæгуыр, сындæггай, сындæггай йæ гагуытæ кодтой стырæй-стырдæр. Æнæуый дæр ын стыр цæстытæ уыдис, ныр ын фырдисæй систы æнæхъæн сыхырнаты æййæстæ.

– Фæстейæ дæр, дам, цалдæр цæфы баййæфта, – нæ фæчитт кодта Гуыбыргомау.

– Йæхи цæстæй сæ чи федта, ахæм сылгоймаг нын загъта, – йæ ныхас ын уыцы цы ракæнонхуызæй адарддæр кодта Рæстæмбис.

– Фессæфут!!! – галы хурхы хъама куыд атъыссай, уыйау йæ бæзджын хъæлæсы дзаг ныббогъ кодта Хистæр. – Аргæвддзынæн æй!.. Сымах дæр!

– Æс-сау бон мæ куыд баййæфта!.. Æс-сау бон мæ!.. – хæдзарæй тарстæй рагæпп кодта æфсин. Йæ къаба æцæг сбырыд йæ лæгъздаст урс уæрджытыл. Заманайы фидыд кодта йæ хъамбул уæрджытыл, йæ нывгонд уæнгтыл. Фæлæ, диссаг куыннæ уыд, уый никæй уал æндæвта. Мæсыджы æртыккаг уæладзыджы даргъгомау рудзынгæй, йæ ризгæ æнгуылдзтæ æхсынгæ, дзынæзта нывгонд зæд, фæлæ йæм скæсæг нæ уыд.

Шофыр, мацы йын бантыса, цæстыныкъуылдмæ атахд æмæ бæласы бын нывгонд къуыдырæй фелвæстæ ссадком фæрæт. Цы йæ зæрды уыд, уый ничи ма зыдта.

– Омæ, уæдæ, машинæ æлхæнын æмæ, хъуамæ ныррасыг уон, ма йæм æркæсон, афтæмæй йæ акæнон? Мæн ничи фæсайдзæнис!

Хистæрмæ стыр, æхгæд, уæзтæласæн машинæ ис уæййаг. Æддейæ, сæ хæдзары раз, фæтæн уынджы фæлæууы. Ныр æй Шофырæн тигъы аууонмæ атæрын кодта. Цыты уазджыты цæсты ма хауа. Ма сæ хъыгдара.

Дард балцытæй йын ис-бисласгæйæ цæфтæ баййæфта æмæ йæ уæлдай кæны. Йæхæдæг ног балхæндзæнис, уæдæ, цы. Лæгæн йæ цард æддаг бакастæй дæр хъуамæ бæрæг дара.

– Раздæр æй хъуамæ фенæм, уæдæ, цы – Рæстæмбисы дæр та фæцис дзырды бар.

– Оу, мæнæ… – Хистæр стыхст, фæлæ хæцыд йæхиуыл. Фæллад бадт æркодта бандоныл.

– Æнæрай дзы макуы скæнут… – Æфсин йæ ног къабайы фæдджитæ æррæстытæ кодта йæ уæрджытыл. – Æнæрай дзы…

– Ту!.. – Шофырæн йæ фæрæт сласт кæй фæдзæгъæлы, ууыл æм, цыма, фæсмон æрцыд – сур ту ныккодта зæхмæ æмæ та цыргъаг мæстыйæ ныссагъта йæ бынаты.

Фидары рудзынгæй чызг-зæдмæ, уынгæ сæ цы кодта, æндæр сæ ныхæстæ уа диссаг нæ хъуыстысты, йæхи лæгты рафт-бафтæй цы тæрсын кодта, æндæр. Цæмæй тарстаид, уый дæр дзы уыдис – хъуыддæгтæ куы ныссулæ-мулæ уой, уæд ацу æмæ сæ ды уыйфæстæ рæстытæ æмæ итутæ кæн. Ныр бамбæрста, куыд фæтарстысты, Стыр Хуыцау сыл, – табу – йæхицæн, – афтæ нæ рахæтыд æмæ йæхи æрцахста.

Раст уыцы рæстæджы ныззарыд кæрты дуары дзæнгæрæг.

Шофыр фегом кодта кæрты нывæфтыд дуар. Хистæры цæст гом дуарæй фыццаг цы ацахста, уый – цæхæртæкалгæ урс-урсид «Прадо». Йæ фарсмæ, æлвæст æхсаргæрттау, сау костюмты, урс хæдæтты, галыстукифтыгъдæй лæууыдысты æртæ бæзæрхыг лæппуйы. Æвæццæгæн сæ куы фæндараст кодтой сæ фысымтæ, уæд сын Хуыцау æмæ фæндагсæр Уастырджи, амондагур кæстæрты тыххæй сæ куывтытæ кæронмæ бадардтой æмæ сæ балцы цинæй дидинæг калдтой.

– Æгас цæут, цыты уазджытæ! – йе стыр цин æмæ худын нал баурæдта Шофыр.

## АФТÆТÆ

Саби мæллæг ахаста. Хъæмæ. Уыцы æнæнхъæлæджы æрхаудта, мæгуыр. Йæ тæвд иуран нал лæууыд: куы уæлæмæ кодта, куы – дæлæмæ. Тарстæй нæм нымдзаст вæййы. Кæсгæ махмæ фæкæны, хъусгæ – кæдæмдæр. Уыцы тарст, уыцы фыдхъуыстæй, мæгуырæг. Ацу, ма йын стæрс. Æмæ уæд адæймаг цæмæ не ´рцæуы, цытæ нæ фæкæны.

Афтæ та мæм куы ныккаст, тарстæй, кæдæмдæр та куы ныхъхъуыста, уæд мæхи нал баурæдтон. Фестадтæн. Ныххудтæн мæ дзыхыдзаг. Тыххудт. Зæгъын, бафæзма мæ. Сывæллон.

– Кæс ма, дæ баба цы кæфтытæ зоны! – кæмдæр кинойы федтон, иу уæдæгонд хæдмæл ноztджынæй чысыл хуыздæрæй зæххыл куынæ уал хæцыд, хæццæ здыхстытæй хæрдмæ куыд хаудта. – Опп! Опп! Опп!.. – нал хæцыдтæн зæххыл.

Саби цæмæйдæр фæтарст ноджы тыхджындæр. Йæ къухы чысыл амонæн æнгуылдз йæ былтыл цæхгæр сæвæрдта. Фæдзæхсы мæ:

– С-с-с…

Гуырдзиаг мæтыхтæ ныл куыд фæцахуыр сты, афтæ та æрдæгæхсæв дардæй нæ сахар Чъребайыл сæ тæппуд тых цыфыддæр хотыхтæй дардæй куы æвзæрстой, уæд тугхорты ракетæ нæ бирæуæладзыгон хæдзары тигъыл уыцы арфгомау суад. Раст, нæ фатер кæм уыдис, уыцы тигъыл.

Тигъы кой цы кæнæм, æнæхъæн хæдзарыл рудзынг, зæгъай, дуар нал баззад. Ныггæлиртæ, ныцъцъæлтæ сты. Сæхи тæригъæдæй рудзгуытæ сæхæдæг фæкуыдтой авгцæссыгæй. Мигæнæнтæ дæр люстрæтимæ тигъсæстытæй нæ фыдгæнджыты тугахст хъуыртты фæбадæнт, фæлæ фынæй саби уыцы дудгæбоны куыннæ хъуамæ фæтарстаид?!.

Цы ныл цыд, уый, ævæццæгæн, æрвылæхсæв йæ фынты уыдта. Фæхаудта-иу хæрдмæ. Цъæхахстгæнгæ-иу алæууыд йæ къæхтыл:

– Нæ! Нæ! Нæ!.. – хъæр-иу кодта йæ дзыхы дзаг.

Табу – Стыр Хуыцауæн. Хуыцау кæй фарс уа, уымæн сæфынæй тас нæу. Уый та, Хуыцауæй зæгъын, сыгъзæрин феста, – ноджы йын аргъ дæр куынæ ис, аргъ, – æмæ, кæй фарс уа, уымæн сæфынæй тас никуы бон у. Адæймагæн йæ мыггаг æмæ йæ номмæ нæ кæсы. Кæй фырт у... Уый дæр æй, ома, не ´ндавы?

Кæй фырт у, уымæ йын... чи зоны, кæсы. Рæстаг мад æмæ фыды фырт дæ, уæд – дæ хъуыддаг раст. Уыны сын сæ удты рæстдзинад. Æндæра ракетæ цы хæдзармæ бахауа, судзины бын æнæ ныддымгæ кæм нал ныууадза, уым нæ ирон æнæазым удтыл хъæмпы хал уæддæр куыннæ аныдзæвы?!.

Фæлæ цы хъæуы фынæй сабийы зæрдæ фæхауынæн? Уæлдайдæр, уыцафон ахæм нæрд æмæ гыбаргыбурæй! Ноджы, цы фын уыдта, хæйрæг йæ зонæг. Кæд, йæ уисын бæхыл йæ тых, йæ бонæй куы згъорста, уæд æй автоматджын лæгхортæ танкæй милмæ истой, бирæуæладзыг хæдзары тигъыл ракетæ раст уыцы рæстæджы сæмбæлдис, уæд та?

Æмæ ныккæсы кæдæмдæр, æгасæй фесты хъустæ. Дзæвгар рæстæджы фæстæ дæ хъæбысы, гæды хъæдау, райдайдзæнис ризын. Кæд иу уысм фынæй ауа, æндæр ын æрлæуд нал æмæ нал вæййы. Искуы ма йæхи æрцахсдзæн, ссæрæн уыдзæнис, бæлвырдæй уый зæгъæг рынчындоны дæр ничи у.

Æниу, цæй рынчындон. Нæ дзы дон ис, нæ – рухс, нæ – газ, нæ – хостæ, нæ – хæрд... Цыдæр зест пецтæ сæ алы фæрстæй тамакодымæгау цы кæнынц, æндæр сæ дондзахи фæрв сугтæ ссудзыныл сæ уд нæ тыхсын кæнынц. Цы иуæггай дохтыртæ ма дзы баззад, уыдон палатæты сæхи иу къуымæй иннæмæ тыхстæй цы фæраппар-баппар кæнынц, æндæр сæ бон ницы у. Джынасу фыруазалæй кæм сæлы, уым цæй хос скæныныл ис дзурæн.

Чысыл лæппуйæн йæ уадултæ бахаудтой. Сымæр ныккæнды, мæгуыр, фæйнæджыты муртæй конд сынтæгыл æнæзмæлгæйæ хуыссы уæлгоммæ. Фæхъус вæййы алы къæрццмæ дæр.

Йæ цæстытæ æмæ йæ хъустæ ныййисты йæ сæрæй стырдæртæ. Йæ гагуытæ æдзух алырдæмты ирвæзтытæ кæнынц. Йæ хæлын хъустæ йæ сæры стджытыл чысыл сæртæг уынæрмæ дæр фæхъил вæййынц: нæ фыдбоны сыхæгтæ та нæ ´хсынц? Райдыдтой йын змæлын. Йæ хъустæ.

Уыцы джауыртæ, хорз у, æмæ хæстæг нæ уæндынц. Сахары уынгты, фæсгорæты хæстæг бæрзæндтæм цæсты куыд нæ хауай, афтæ дæ бон у азилай. Фæлæ дзы кæдæм æмæ цæмæн зылдтæн? Афтектæ – афтид. Дуканитæ – сæрфт. Базары цæхджынтæ, салд фæткъуытæ, дзаумайы хæррæгътæ – туджы аргъ. Хæст хæст у. Де знаг дæм æрмхæстмæ куынæ уæнда, дардæй дæ куы иса милмæ, уæддæр.

Фæсвæндаг кæддæры цъæхдарæны, ныртæккæ та ракетæтæ, танчы нæмгуытæй хуым нæууыл цы æрдæгцъæлтæ, нуæстæ бандон ис, ууыл фæллад æмæ мæстджынæй æруагътон мæхи. Дæ сыхаг дæм, цæрæгæцæрæнбонты йæ дæлларм æмбæхстæй цы дур хаста, уый æргомæй куы сиса, уæд цы ми хъуамæ бакæнай? Дæ рынчын саби дæм хæдзары, – æвдадзы хосы кой нал кæнын, – йæ ком цæмæй арæвдауа, ахæм истæмæ куы æнхъæлмæ кæса æмæ йæ дæ удæй ссарын дæр куынæ уа дæ бон, уæд та цы бакæнинаг дæ? Цы бакæнинаг дæ, де знаджы нæмгуытæ дыл æрвыл бон, уæлдайдæр, æхсæвыгæтты, ихау кæм уарой, уыцы сыгъдыйы, – не знæгты сæртæ басудзæнт, – уыцы сыгъдыйы сахары?..

Æнæнхъæлæджы бандон мæ быны базмæлыд. Бахуыфыд. Фæсус, фæллад хъæлæсæй. Æмæ арвыл ныццавтон мæхи. Дзургæ чи фæкæны, ахæм бандон никуы ма федтон:

– Афтæтæ, гъе!

Мæ фарсмæ, цъæл бандоны иннæ кæрон, кæд бадт къæсхуыр зæронд лæг. Къæсхуыр цы, йæ уадулты рухс

каст. Йæ цыргъ, царм æмæ стджытæй роцъо йæ тæнæг æрмттæй йæ гобытъиарæзт къæдз лæдзæгмæ ныххуыдта. Йæ буар цыма фæныкдонæй сæрст уыд – нæ бынтон цъæх уыд, нæ – бынтон сау.

Ныртæккæ ахæм цыртытæ кæцы бæстæты, кæцы горæтты, кæцы уынгты нæ фендзынæ. Бадынц бандæттыл æнæхъыпп, æнæсыппæй. Æмæ нозтæй иунæгæй иу сыкъа йæ фындзы бынмæ чи не схæсдзæнис, уыдон æрдæгæхсæв дæр рабадынц сæ фарсмæ. Сæ уæхсчытыл сын æртухынц сæ цæнгтæ æмæ боныцъæхтæм иумæ куы нуазгæ фæкæнынц, куы – заргæ. Æмæ сæм никæй ницы хъуыддаг ис. Дургæрдджытæ сæ уыдон удæнцойæн скодтой.

Дзурæджы ахæм дурцыртæй ницæй тыххæй фæхицæн кодтаис. Каст кæдæмдæр. Уыцы æдзынæгæй. Мардæрцыдау, æрхуым æмæ æрхæндæгæй. Стæй мæм цæхгæр фæзылд:

– Бад, бад. Æмæ-ма зæгъ, ацы хæстыты тыххæй, иу бæстæйы адæм уæллæгты ардыдæй сæ кæрæдзийы туджы кæй æвдылынц æмæ нын хицау кæй нæй, – æнæхицау сæ фæкæнæд Уæллаг! – уый тыххæй Раиса та цы зæгъы? Раиса Максимовнайæ зæгъын, – Горбачевайæ. Нæ ус-паддзахæй, йæ лæгæн, цы хъæуы, уый кæна.

Уый æнæхъæн Советон Цæдисы фыдбоны, æхсæны дурæймаринаг президент Горбачы кленц, кикимора ус Раисайæ зæгъы. Æнæзонгæ адæммæ дæр, нæ зонын, цæмæн, фæлæ афтæ кæсы, цыма æз уæллæгтæм æввахс лæууын, семæ æмуынаффæ дæн æмæ алцы дæр зонын. Уыдон та мæ, чи фæнды дзы уæд хицау, хуыскъаг хъугау сæхи фæхизынц. Нæ сæ фæнды, зонон сын сæ хæлд, дæлгоммæ хъуыддæгтæ.

Цыма мæ адæм исты басусæг кæндзысты. Кæй æвдæлы, æндæра иу сахат Театралон фæзуаты сæ цуры абад æмæ, фондзыссæдз азы размæ цы уыд, фондзыссæдз азы фæстæ цы уыдзæнис, уыдон дæр дын къахджынтæ, къухджынтæй фæдзурдзысты.

Раисайы, Раиса Максимовна, Раечкæйы тыххæй та… Худгæ кæнай, кæугæ, цынæ диссæгтæ зонынц.

Йæхæдæг сæ фæлæхуры, йæ бонæй йæ уа. Сусæгæй нæ, телеуынынады. Алчи дæр æй куыд хъуса.

Йæ тыффыттсæр лæджы æнæрайы рацарæзты рæстæджы нæ хуыдуг чи кæнынц, уыцы проблемæты дæр Райка ахæм æрцъыккæй ахауын кæны, æмæ дæ цæстытыл ныххæц. Сылыстæг дзы ахæм куынæ уа!..

Ниша Мишкаимæ Ленинградмæ сæхи ирхæфсынмæ куы ныуувадысты, – цыдæр музейтæ, дам, дзы хонынц, – уæд сыл адæм цæй тымбыл ныййисты!.. Цыма сæм иу хызы маймули æмæ рувас баластой. Барстой сæ цæстæнгæсæй. Фарстой йæ уыцы знæтæй. Фыдбоныгуырд Горбачы! Боныфæстагмæ, дам, мах кусджытæ ´хсыры продуктты проблемæ куыд аскъуыддзаг кæнæм?!.

Куыд цæхгæр, хъуыддагзонæг дзуапп сын радта-а-а!.. Лæг нæ, – лыгтæ бауæд, – уый цы ´мбары. Гæрæмсæр!.. Гæды дзырдмæ йыл куырттатаг гæды лæг нæ фæуæлахиз уыдзæнис. Фæлæ, уæддæр, хатт адæймаг зоны фæтыхсын. Раиса сын йæхæдæг сдзуапп кодта. Сæрыстырæй. Ныфсхастæй. Æнæкъæмдзæстыг æмæ хъуыддагзонгæйæ:

– Корову надо держать, корову!

Æхсæрдæсæм уæладзыджы, дам – иу сылгоймагæн дзы, мæгуыр, йæ зæрдæ бавзæр. Дæттæ ма йыл калдтой. Цы бацис, хæйрæг йæ зонæг.

Уый дын паддзахады сæргълæууæг.

– Паддзахады сæргълæууæг уый нæу.

– Гъы! Æвæццæгæн дын æмкъай нæй? Уæдæй фæстæмæ ма искуы ленинградæгтæй, урсаджы продукттæцух стæм, зæгъгæ, фехъуыстай? Разамонæг дзы ахæм куынæ уа…

Афтæтæ, гъе!

Мæ рынчын саби ма æхсыр ахуыппытæ кæны. Хъæрмуст æхсыр. Æниу, æхсыр Хуыцау куы зæгъид. Æхсыры ссад, дам, доныл сцæгъдынц. Цæсгомы цъар кæмæн нал ис, уыдон. Адæмы тæригъæдæй ничи уал тæрсы. Æхсыры ´фсон нын æхсæнтæ уæй кæнынц. Уымæйдæр, æрдæгæхсæв дæ хуыссæг фæсурын хъуамæ бауа дæ бон, æмæ дæ аходæнафонмæ кæд туджы аргъ-

мæ иу кæнæ дыууæ æрдæг авджы фæуа, æхсыры мондæгтæ кæмæй марай, ахæм урс тæнгъæд, уæд дæ худ арвмæ æхс.

Фæлæ рынчын сабийы уд æхсыры, – афтæ дæр æй хонæм, – æхсыры æнхъæвзæнтæй цæуыл фæлæудзæнис? Æрцахсдзæнис сæ йæхи? Кæд? Куыд?

– Æмæ кадрты кæнæ стæм базайрæгты проблемæ Мæскуыйы рацарæзты дуджы куыд æхсарджынæй æрцъыкк кодта, уый нын нымаинаг нæу? Æви адæм не стæм? – йæ цъæх цæстытæ та мæ ныссагъта зæронд лæг. – Рулыл Раиса хæцы, Раиса. Нæ хъуыддæгтæ нывыл уымæн цæуынц. Æмæ, дæлæ кæнæм, уæлæ кæнæм, уæддæр ын искуы æнæраргом нæй.

Ельцин дзы фæтарст. Æнæхафт дзыгуын галы хуызæн лæг æмæ цъырцъыраджы хуызæн сылгоймагæй фæтарст. Сылыстæгæн, йæхицæй мачи раппæлæд, – фæрæдидзæнис, – тыхгæнæг тых никуы ма ракодта æмæ нæдæр ракæндзæнис.

Æниу, Горбачевæй, Ельцинæй, адæмы цы сайынц, æндæр цы уæлдай ис? Сæ иуыл – хъиссын, иннæуыл – голлаг. Ноджы, цыма, кæйдæр къæдзилтæ сты. Фæсарæнты кой кæнын. Уыдон куыд базмæлын кæнынц сæ фæстаг, адон дæр афтæ батилынц сæхи. Баластой сæ стыр бынæттæм æмæ сыл ныр уырдыгæй «фæстæмæ», «размæ» кæнынц. Мах цур та схъæл бæрзæйæ цæуынц. Нæ паддзæхтæ.

Фæлæ Ельцин фæтарст Раисайæ. Бæргæ, дам, Мæскуыйы горкомы фыццаг нымæрдар дæн, хъуыддæгтæ æмæ дзинæттæ иууылдæр мæ къухы сты, фæлæ, дам, мæ бон нал у алы уысм Раиса Максимовнайы телефоны зæллангæй: уый уыцы бынаты сæвæр, уымæн уый ратт, уый уырдæм арвит... Нал, дам, у мæ бон. Мæхуызæн бирæгъ, дам, ыл фæхæцæд. Фæлæ, Раййайы уыйхуызæн удхæссæг куы хæсса, уæддæр дзы нæ фæтæрсдзæнис.

Дæ бон нал у æмæ иуварс «фæхе» кæн. Дæ къæлæтджын, дам, кæй бон у, уымæн æй... Нæхæдæг, дам ын æй ратдзыстæм. Дæхæдæг, дам, нæ бадыс, уæд æй, мæ бон акæн, бадынгæнæг фæци. Æмæ, дам, Раиса нæу хицау?!.

Искуы ма уæ исчи иу мæскуыйагæй съезд уа, пленум кæнæ сессийы афтæ фехъуыста, аккаг бынат мын нæй, науæд, исты цух дæн, зæгъгæ?

– Афтæтæ, гъе!

– Куыд?

– Зæгъын, афтæтæ, гъе!

Зæронд лæг-иу «Афтæтæ, гъе!» куы загъта, уæд-иу, цыма, йæ дзул лæвæрд фæцы, йæ размæкъæдз цыргъ æфсæрæй-иу йæ хус æрмттæ йæ лæдзæджы къæдзмæ æркодта хуыйæгау.

– Æмæ ноˊзтылмард хæрджытæн цы сæрсæттæн цæф фæкодта?!. Максимовна, Максимовна!

Цы фæрсæджы каст мæм кæныс? Цыма йæ никуы фехъуыстай. Æмæ, гормон, афтæ цауд куынæма дæ, телевизормæ никуы бакастæ? Мæнæн дæр мæ телевизор фæстаг рæстæджы иууылдæр гуылæвзагау дзуры, фæлæ йæм уæддæр кæсын. Цы бон мæ ис. Цыдæр гуылæвзагау дзурæг адæмы хатт, дам, фæзынд. Хицауы бынæттæ иууылдæр сæ къухы сты. Гуылæвзаг чи нæ дзуры, уыдон сæхимæ арвæй æввахсдæр нæ уадзынц æмæ сæ фæзмынц иннæтæ дæр.

Кæддæр Англисы дæр афтæ уыд. Сæ королæн сын йæ лымæн фыруарзтæй йе ˊвзаджы цъупп ахордта. Уæдæй фæстæмæ гуылæвзаг дзырдта. Æмæ йæм хæстæг лæууын кæй фæндыдис, уыдон дæр гуылæвзаг дзурын райдыдтой. Ныр иууылдæр уый фæзмынц.

– Михаил Сергейы лæппынæн кæмфæнды уыдаид фембæлд, адæм ын ауылты-ууылты куыдфæнды ма æрыфтыдтаиккой нозты кой, ома, хъуыддаг цæуыл фæуыдзæнис, мах нозтыл ахуыр адæм стæм æмæ нын æй куыд исыс, уæддæр-иу сын Раиса цæй цæхгæр дзуапп радта президенты бæсты!

– Водки нет и больше не будет!

Ома, ныр нуазут, нозтылмард хæрджытæ. Æмæ-иу Мишка дæр йæ хъулон сæр æруагъта, азымджын ахуыр арсау. Ома, æз ницы гæнæг дæн. Мæн ничи фæрсы. Уæгъды мæм мацæмæ æнхъæлмæ кæсут:

– Вот, видите…

Ома, мæнæн ахæмтæ æрæхгæныны бар нæдæр уыдис æмæ нæдæр ис. Уæхæдæг, дам, фидаут. Уæ бар – уæхи. Уæхæдæг, дам, нуазут. Фæлæ ма цы нуæзтаикком. Урсæй дæ æрдæг авг хъæуы, уæд дæ дзыппы æфснайд сырхытыл дæ къух сис, дæ ныхæй дæ хæдзары астæуцæджындз – дæ экономикæ цæв. Баив æй иу авгыл! Æмæ дæ ахсæны судзгæ ацæуæд. Ферох дын кæнын кæндзæнис дæ мард, дæ дзуары хай дæр.

Раст у бирæты нымад. Паддзахад бæргæ дæсгай, сæдæгай миллиард сомтæ фæзиан кодта, фæлæ уый мах бинонты хъуыддаг нæу. Нæдæр сæ Раечкæйы бибиты нымæц фæкъаддæр.

Паддзахад йæ уæрджытыл æрхауд? Паддзахад фидар у. Сыстдзæнис та ногæй. Цы бон ыл ис. Фыццаг хатт ын у. Ахуыр у ахæмтыл.

Стæйдæр, фæсарæнтæ æппынæдзух Уæрæсейы ныппырхмæ цæмæн бæллынц? Уыцы зондджын адæм!.. Æвæццæгæн, Уæрæсейæ хъуын-хъис куынæ уал хæца кæрæдзийыл, уæд сын уым цыдæр фарн уыддзæнис. Раисæйы алы хуызон реформæтæн æнæнхъæлæджы нæ фемдзæгъд кæнынц мидбылхудгæйæ.

Æмæ ахæм кады цур уырыссаг хæдын, гæбæрхæрд миллиардтæ цы сты, цы? Доллардтæ... Америкæйаг доллартæ куы уаиккой, уæд уый зæгъ. Долларæн æндæр у йæ кад. Стæй йæ ад дæр. Адæймаджы уæнгтæ йæм уыцы æхцон рызт бакæнынц. Цыма йыл базыртæ разайы. Сцæй тæхы уæлæрвтæм. Æмæ доллартимæ уæлдæфы, хæрдты цасфæнды ленчытæ кæн, тас дын ницæмæй у. Раечкæ, дам, йæ дзыппы уырыссаг хъæдын сомтæ нывæрын йæ сæрмæ дæр уымæн нæ хæссы.

Цы балхæнын сæ ис дæ зæрды? Хъæдын сомтæй? Дæ мæйы улупайæ дын судзагæй иу авг дæр нал рацæудзæн. Æмæ уымæн нал ис, гъе!

Ленин дæр нал ис. Сталин дæр. Коммунизм дæр... Фæрæвдыдтам сæ адæмы, фæлæ нал сты. Папу!.. Фæлæ æвзæр рацарæзт ныццавтам?!. Адæймагæн афтæ зæгъ, дæхи амар æмæ мæрдты дзæнæты баддзынæ, æмæ дæ æдылы афтæ нæ бафæрсдзæнис: «Æмæ кæд чи фæфос

кодта бадгæ цардæй?» кæнæ – «Кæд афтæ алæмæты диссаг у дзæнæты бадгæ цард, уæд нын уæлдзæхы нæ къæбæр нæ дзыхæй цæмæн скъæфыс, дæхæдæг æм цæмæннæ атагъд кæныс?»

Горбач æмæ нын Райкæ та ныфс бавæрдтой уæлдзæнæтæй. Рацарæзты фæрцы нын райхæлдтой нæ уæнгтæ, нæ дзыхты баст. Ссæрибар стæм! Цы нæ фæнды, уый дзурæм стонггуыбынæй! Цы нæ фæнды, уый кæнæм гомзæвæтæй! Революци! Революци та æнæтуджы лæсæнтæ ничи ма сарæзта. Адæм сæ кæрæдзи цæгъдынц æмæ цæгъдæнт. Нырмæ дæр сын афтæ аразын хъуыдис. Кæд чысыл сæ сæры къуыдырты зонд бацæуид. Ныгуылæн нын æппынæдзух, æгæр кæй сбирæ стæм, уый куы дзурынц.

Афтæ куы бирæ кæнæм, уæд ма сæхæдæг та нæ зæххытыл кæм æрлæууой? Æмæ нæм уæд сæхи цæмæн æппарынц, сæрибарæй сæхи кæм хатой, уыцы бон сæ куынæ уа, уæд?

Фæлæ уал ды, паддзах уæвгæйæ, дæхи ницыуынæг, ницызонæг скæн æмæ, кæй кæм хæра, уым æй ныхдзæн. Æмæ сыл худ уæлейæ бынмæ. Ноджы хуыздæр та – дæ кикимора усы къухыл ныххæц æмæ де знаг Америкæйæ хæстæг Китаймæ дæхи ирхæфс. Дæ адæм сæ кæрæдзийы кæрдтыл куыд тагъддæр, куыд хуыздæр бафтдзысты, уый тыххæй де сæфтмæ бæлджытæй ног хæслæвæрттæ ис. Нæ бонæй нæ уа, мах алцы дæр сфæраздзыстæм. Куы нын зæгъой, хъуамæ уæ иууылдæр æрцауындзæм, зæгъгæ, уæддæр нæ афтæ ничи бафæрсдзæнис: «Нæ ауындзæн бæндæнтæ сымахæй уыдзысты æви сæ нæхæдæг æрбахæссæм?» Æввонгæй. Нæхæдæг сæм фæзындзыстæм æд бæндæнтæ. Цæмæй уыдон мах тыххæй мацæуыл фæтыхсой. Афтæ нæма раихсидыстæм, нæхи æрцауындзынæн бæндæнтæ ма самал кæнæм.

Кæд бынтон ницы, уæд нæм коопераци уæддæр ис. Цъус бакус æмæ йæ бирæмæ ауæй кæн. Кæнæ та бынтондæр ма бакус. Паддзахадæй йæ асламæй рахæсс... уæдта рачырх æмæ йæ æнæхицау, стонг

адæмæн туджы аргъмæ ратт. Химарæн кард дæр фестæд. Радав æмæ йæ дæ фыдæлты хæзнайау уæй кæн. Зынаргъыл. Туджы аргъмæ. Исчи дæм исты дзуры? Стæй дæм чи цы хъуамæ сдзура? Уæд ын Ныгуылæн уайтагъд йæ былтæ батъæпп кæндзæнис, адæймаджы сæрибарæй цæрын нæ уадзут, зæгъгæ.

– Афтæтæ, гъе.

– Куыд?

– Зæгъын, афтæтæ, гъе!

Зæронд лæг йæ мæсты уынæргъдимæ йæ уыргтæ дæр кæрдихгай сцæйкалы. Зынаргъы кой кæны, фæлæ фæсарæйнаг æмбыд хæлц æмæ лæзæрд дарæсæй дарддæр зынаргъыл дæр кæм цы арыс? Чи дын сæ дæтты зынаргъыл дæр? Ныр мæ рынчын, нæ фыдбоны знæгты хæстæй тарст хъæбулæн хостæ… Кæм ын сæ ссарон зынаргъыл дæр?

– Æцæг, Рахимхат Максудовнайæн… Фестæд Раиса Максимовна дæр. Ныр йæ фыды номыл ничи уал æввæрсы. Иу нæлгоймаг, зæгъынц, йæ мыггаг Петровæй Ивановмæ ивта. Фарстой йæ, дыууæ дæр, зæгъгæ, сыгъдæг уырыссаг мыггæгтæ куы сты, уæд дзы иуы иннæмæй цæмæн ивыс?

О, æз дæр æй, зæгъгæ, зонын, сыгъдæг уырыссаг мыггæгтæ сты, фæлæ, дам, мæ искуы исчи, раздæр мæ мыггаг куыд уыдис, уымæй куы æрфæрса хъуыддаджы, уæд, дам, ын цы дзуапп ратдзынæн? Æнæмæнг, дам, ын ме ´цæг мыггаг хъуамæ раргом кæнон? Цæмæй, дам, алчи дæр базона, æцæгæй чи дæн, уый?

Æмæ ма сæ чи кæй фарс хæцы, чи кæуыл нал ауæрды, уый, – йæ кой авд дæлдзæх, – дæлимон дæр нал рафæлгъаудзæнис. – Зæронд лæг, мæгуыр, æвæццæгæн, мæ хуызæн æнæсдзырд хъусджытыл арæх не ´мбæлы. Бакодта йæ дзуринæгты къæссайы ком. Нал ауæрды йæ зæрдæйы рыстытæ лæмарыныл. – Æмæ дын уый дзырдтон, Раисайæн дæр, æцæг, алцы раст кæнæ йæ зæрдæйы фæндиаг нæ рауайы. Дзых дзурынæн у, фæлæ алы дзырды фæстæ дæр къуыдыртæ баст ис. Йæ æрæвæрын ын зонын хъæуы.

Мишкæимæ та Америкæмæ сæ иу хиирхæфсæн балцы сомихæгтимæ куы сæмбæлд Раиса, уæд сын дзырдта, сомихæгтæ кæд цæхджын адæм сты, уæддæр, зæгъгæ, семæ мах, Советон Цæдисы, æфсымæрты цард кæнæм. Уый дæр ын:

– Дæ ахсджиæгтимæ афтæ æфсымæрты цард фæкæн! – йемæ, дам, ахъаззаг хыл кæнинаг уыдис, фæлæ сæ нæ бауагътой фыдбоны президенты хъахъхъæнджытæ. Йемæ сæ, зæгъы, уымæн ралас-балас кæны, цæмæй сын адæм мацы кæной. Уый дын къухдариуæггæнæг. Дæ адæмæй тæрс!

Уый дын æфсымæр! Тæтæримæ сын сæ дон сызмæстой. Сæ кæрæдзи сухты цагъд кæнынц. Æмæ сæм Райкæтæ уæлбылæй, цæмæй сын сæ хæрд хуыздæр тайа, мидбылхудгæйæ кæсынц.

– Афтæтæ, гъе!

– Куыд?

– Зæгъын, афтæтæ, гъе!

«Мæгуыр уа нæ тæригъæддаг бон, æцæг, не ´нæсæр бодзты ардыдæй нæ кæрæдзийы тугæй кæдмæ æхсдзыстæм нæхи? Не ´намонддзинадæй чи тухы фиу? Кæмæн у æхцондзинад æмæ доллартæхæссæг? Кæдмæ нæ кæндзысты сугъты цагъд?»

– Лæмæгъдзинæдтæ æмæ йæм диссæгтæ дæр куыннæ ис. Максудовнайæ зæгъын. Америкæты-кæмдæрты куы вæййы, уæд йæхицæн сæдæ мингай, милуангай долларитæй цыдæр бибитæ-йедтæ, йæ цæст дæр нæ фæныкъулы, афтæмæй алхæны. Алы уысм, æцæг паддзахы ´хсинау, йæ уæлæдарæс дзыхъхъынногтæй ивын кæны... Ферох дзы, размæцыд социалистон бæстæйы ´хсин кæй у...

Фæлæ, цыма, уæддæр цы хъуыды кæны ацы хæстыты тыххæй; иу бæстæйы адæм сæ кæрæдзийы кæрдтыл кæй бафтыдысты, уый тыххæй? Максудовнайæ зæгъын. Горбачерттæн йæхи ныхæстыл куы æуууæндæм, уæд хæдзары йæ усимæ алы паддзахадон фарстытыл дæр куы фæуынаффæ кæнынц, уæд фыдбоны президент æппын уымæн дæр никуы зæгъы,

йæ сæрсафæн рацарæзт кæд фæуыдзæнис, кæд нæ нал цæгъдын кæндзæн нæ фыдбоны знæгтæн? А? Уыцы фарст мæ фæнды, гъе, базонын кикиморайæ.

– Афтæтæ, гъе! Мауал мæ бафæрс «куыд», уымæй.

Нымдзаст мæм зæронд лæг, фæлæ, куы базыдта, мæнæй йын рæстмæ дзуаппдæттæг нæй, уæд сыстад. Гуыбыр-гуыбыр, зæхмæ кæсгæйæ, цыма дзуапп уым ссарын æнхъæл уыд – араст кæдæмдæр. Уыцы схъиугæ къахайст ын. Цыма, фæрсырдæм цæуы. Æмæ йæм лыстæг ныккæс, уæд фæрсырдæм дæр нæ цæуы. Цыма, гуыбыр у. Æмæ уа гуыбыр дæр нæу. Йæ цæсгомы æвæрд ын, цыма, бахъуыды кодтон. Фæлæ йæ уадиссаг нæ хъуыды кæнын. Нæдæр йæ цæстæнгас баззад мæ зæрдæфысты. Цæуылдæр райдыдтон тыхсын. Раст мæ, цыма, йемæ исты фæцæйхаста.

Æндæр планетæйæ нæм æртахт? «Гæбæр – черттæ», «кикимораты» кой æнæнхъæлæджы нæ кодтаид? Цы бамбарын кæнын мын уыдис йæ зæрды? Ома, сæфæм дæлимонты зынгæй æмæ дзы рæстæгыл нæхи бахизæм? Æмæ нын æй æргом цæмæннæ зæгъы? Кæдæм араст?

Сыстадтæн æз дæр. Ацы фæдисы дуджы иуран æвæлмаст бадтæй бадæн нæй. Хъæуы мæ кæмфæнды дæр, цыфæнды аргъæй дæр мæ ныфсы хъæбулæн æвдадзы хос ссарын.

Хос мæнæ нæй. Афæрсын дзы хъæуы уыцы зæронд лæджы. Фæлæ, цы фæцис? Мæ хæнтразмæ куы сыстад йæ бынатæй? Кæм зæххы скъуыды аирвæзт?

## МÆ МÆГУЫР ФЫД

«Стыр дурæн - стыр тулæн,
стыр фурдæн - стыр уылæн».
Ирон адæмон æмбисонд

Зымæгæн йæ бон-дзирдзур дæр – сыгъд æмæ йæхæдæг дæр... Адæймаджы уд дзы ´фсонæн ма сулæфа. Цыма Хуыцауæй æлгъыст фæцис.

Æниу дзы зымæджы аххос дæр уадиссаг ницы уыдис, телефоны аххос дæр, æмæ ноджы бирæ æндæр кæйдæрты æмæ цæйдæрты аххос дæр. Райдайæн цæмæн ис, уымæн искуы, дæ роны йæ куы бамбæхсай, уæддæр йæ кæрон æрцæуы, æмæ йын стæй фæнды агур йæ аххосæгтæ, фæнды – нæ.

Фæлæ уый ныртæккæ, мæхицæн ныфсытæ æвæрыны æфсон, хъуыды кæнын афтæ. Уæд уыцафон та, æхсæв дæр куынæуал уыдис, фæлæ ´ххæст бон дæр куынæма сси, уæд нæма æнхъæлмæ кастæн телефоны зæллангмæ. Рынчындонæй мæ бинойнагимæ нырма дыууæ-æртæ сахаты размæ æрбаздæхтыстæм. Мæ рынчын фыдæн æнæхъæн бон мæ хъуыры цъар цас февæзтон, цæмæй цъус, уæд та иунæгиу комдзагæй йæхи уæддæр фæхъуырттхъом кæна.

– Хæргæ нæ, нæ... дæ фæхъхъау фон.

Йæ ардуаны хуызæн стыр армы уæзæгыл мæлдзыг «адгуытæм, къуылдымтæм» хизгæйæ иу боны-бонцау куыннæ хъуамæ бахъуыдаид. Ныр ын сæ рухс калд. Цыма йыл уæз кодтой – æнцадысты йыл зæхмæ. Куы-иу сæ иуыл схæцыд хъавгæ, куы – иннæйыл. Йæ мæллæг уæлармæй-иу мын æддæмæ уыцы сабыргай рахæцыд мæ цонгыл. Цæмæй йын ма кодтаин хæрды кой.

– Нæ йæ уадзы... мæ зæрдæ.

Хæрды кой-иу ын куы кодтон, уæд мын йæ цæстæнгас не ’вдыста. Цыма мæ цæмæйдæр æфсæрмы кодта. Цыма мæ цыдæр æмбæхста.

Изæрмæ æвваxс æм рынчынфæрсæг æрбацыд мæ мад. Нал æй ауагътон хъæумæ аздæхын. Зæгъын, йæ цуры æрлæуу ахсæв. Зæгъын, чи зоны, дæ къухæй исты ацахода. Цынæ вæййы.

Уымæ хыл дæр скодта. Мæ мадмæ. Хæрды кой мын ма кæн, зæгъгæ. Йæ фæстаг бонты бæллиц ма цалдæр дзырдæй æрзад не ’взаджы алгъыл. Ныр дæр æй нæ ферох кодта:

– Акæн мæ хæдзармæ, мæ хур, – лæгъстæгæнæгау дзырдта мæнæн. – Райсом мæ акæн мæ хæдзармæ. Æндæр дæхи дзæгъæлы мацæуыл тыхсын кæн.

Хохыйас лæгæн фыдцард, фыдкуыст, фыдхæст цы нæ ракодтой, уыйбæрц æй бадомдта чысыл фыды мур – йæ зæрдæ. Фæстаг дæс азы ма нæхи дохтыртæ æмæ фæсарæйнаг хосты фæрцы лæууыд йæ къахыл. Ныр æй уыдонæй дæр нал ис ныфс. Нæ дохтыртæй дæр. Фæсарæйнаг хостæй дæр.

– Акæн мæ хæдзармæ...

Йæ рафт-бафтæн хъуыдысты йæ фæстаг тыхтæ, æмæ ′рдæгæхсæвмæ ′вваxс райдыдта рæдзæ-мæдзæ кæнын. Стæй афынæй. Фыццаг – схъиугæ, стæй фæллад, адджын фынæй...

Арв куыд нæры, афтæ кæй нæ цæвы, уый ныфсæй æрхастон æз дæр мæ сæр базмæ. Æз – хæдзары. Нæхимæ. Ныр мæм телефоны æнæзонгæ сылгоймаджы хъæлæс уасы халонау:

– Дæ фыд йæхи æвзæрдæр хаты...

Мæ зæрдæ нынкъуыстис.

Дыууæ-æртæ сахаты размæ...

– Зонын æй, ныртæккæ ашыдыстут ардыгæй... Дæ мадæн жырдтон, зæгъын, цъус уæддæр аулæфой... Уæддæр, дам, фæжур. Бахатыр кæн.

Хатын æй, сылгоймаг æфсæрмы кæны, йæхи аххосджыныл нымайы, ома, йын уыцафон йæ фын байстон; кæд раст у, уæддæр æй чъызгæ хъæлæсæй фæнды йæхи сраст кæнын, фæлæ мæ хурхыуадындзты ’хсæн ныууад бурæмæдз. Байгомыг дæн...

Абон дæр мæм телефоны хæтæлы уасы халон:

«– Дæ фыд йæхи æвзæрдæр хаты...»
«– Дæ фыд йæхи æвзæрдæр хаты...»
«– Дæ фыд йæхи æвзæрдæр хаты...»

Æнæхайыры куыйты хæринаг зæрдæ! Чысыл фыды мурæй уæлдай куы ницы дæ, уæд зæххы цъарыл æппæт дæр дæ фæндонæй цæмæн цæуы арæзт?

Мæ фыдæн нымæцæй æстæм сывæллон дæн. Куы райгуырдтæн, уæд ыл цыдис æртæ æмæ дыууисæдз азы. Йæ сабибонты йæм никуы æрхаудта йæ къам сисыны амонд дæр. Мæн та афтæ фæндыд, уæлдайдæр ма чысыл куы уыдтæн, уæд – æнахъомæй цахæм уыд, уый дæр зыдтаин.

Йæ къуыбыргомау халас рихитæ-иу, зæрватыччы базыртау, айвæзтысты фæйнæрдæм. Йæ сабыр мидбылхудт-иу æрцард хурсыгъд цæсгомы ауæдзты.

– Мæ хур, гыццылæй иууылдæр иугъуызон вæййæм. Ды куыд дæ, æвæццæгæн, æз дæр афтæ уыдаин. Радугъ-бадугъ-иу кодон. Гогызтæ, сæныччытæ-иу хызтон... Мæ мад æмæ-иу мæ фыдмæ хъуыстон...

Саби саби у, фæлæ бынтон къухылтухгæ кæй нæ уыдаид, уый мæ удæй ахстон йæ фæстаг чъызгæ дзырдты. Уæддæр-иу мæ нæ фæндыд йæ зæрдæйы хъыг райсын.

Уыдысты цыппар æфсымæры: Калман, Рутен, Федыр æмæ Ресо. Мæ фыд. Уый кæстæр уыдис. Уæд нæ Иры дзыхъхъы пурти нæма зыдтой. Хоккей сæ йæ зæры бонмæ дæр ничи федта æмæ базыдта. Æрвылбон хъæл æмæ лæдзæгæй, стæй гæррыйæ хьазынæй та, саби саби у, фæлæ уый дæр куыннæ хъуамæ сфæлмæца.

Æмæ æрымысыдысты ног хъазт.

Цыппар æфсымæры, цыппар «знаджы», цыппар æфсадхоны слæууыдысты цыппар раны. Нæ хæхбæсты та хуымгæндты дæр дурæй фылдæр цы ис, æмæ нæууыл сæ цурты батымбыл кодтой фæйнæ цæнды. Æфсымæр æфсымæры, «знаг» «знаджы» сисы милмæ.

Цы цæуы, уый – æдыхдæрыл. Алчи дæр æм фæхæссы йæ ныфс. Фыццаг цæф ууыл сæмбæлы.

– Нырма мæхи цæй фыдбылызæй хизын зыдтон? Ноджы мыл мæ хистæртæ, – ома, æдыхдæрæй уал фервæзæм, стæй нæхæдæг нæхимæ æркæсдзыстæм, – æртæрдыгæй ныззгъæлстой дур...

Дзæгъæл «нæмыгæй» йын акалдтой йæ сæры туг. Ноджы хæдзармæ фесты йæ разæй, ома йын – «æхи», йæхæдæг æрымысыд уыцы хъазт.

Йæ фыд Уанкъа йæ хорты найыл уыд, уымæ йæ нæма ´вдæлд, фæлæ йæм бартхъиræн кодта, ма, дам, æрхизай, мæнæ уал, дам, мæ найæ фервæзон, æз, дам, ахъаздзынæн демæ хæстæй. Æмæ сывæллонæй айрох йæ сæры рыст. Фæлæ дзы йæ фыды æртхъиræн нæ рох кодта. Стыр нæ, сывæллонмæ дæр йæ дзырд нæ сайдта Уанкъа. Зæгъгæ-иу сæ искæй фæсурæг, уæд æй Къаралетæй агæпп кæнын кодтаид, уæддæр æй ма ныууадза. Иæ къухтæ-иу авæрдта йæ чъылдымыл, афтæмæй-иу фæцæуæг йæ фæдыл: «Мæ мад, мæ фыды цæсгомыстæн, æрлæуу, уæддæр дын æнæфæнæмгæ хос нал ис». Лидзæгæн дæр-иу йæ къæхтæ йæ быны фесты.

Сывæллон зыдта, ныр уый зæрдæхудты дæр нал бадæудзæнис, æмæ фыд хæдзармæ цæмæдæр куы 'рбацæйцыд, уæд йæ мадыл баппæрста йæхи:

– Адда æрбацæуы!

Мад æй кæм амбæхстаид, уый нал зыдта, æмæ йæ, хæндыджы цыхтыты сæр æвæрд фæйнæгыл цы стыр дур уыдис, ууыл алæууын кодта, йæхæдæг ын уæлæнгай æрæмбæрзта йæ сæр.

Фыд кæд агуырдта цъалды, фæлæ йæ нæ ардта æмæ гуым-гуым кодта йæхимидæг.

– Уæдæ цы фæцис? Цы, хæйрæджытæ йæ ахордтой?

Æмæ йæ хъустæ ацахстой нымæг хъæлæс:

– Мæнæ лæуууын.

– Мæ мад, мæ фыдыстæн... Цы, дам, цы?!. – хæрдмæ фæхаудта лæг.

– М' аххос цы у, м ’аххос? Æз сын аскъуыдтон сæ сæртæ? – сывæллон йæ сæр сдардта хæндыгæй. – Сæхæдæг мын куы акалдтой мæ сæры туг…

Адæймаг йæ тыхыл йæхæдæг куынæуал æуууæнда, уæд æм цыфæнды аргъыл дæр хон зонгæ æмæ æнæзонгæ дохтыртæ, цахæмфæнды фæсарæйнаг хостæ дæр ын хæсс, уæддæр уыдон ныфсæй ныфс нæй.

«Лæгау-лæгæн йæ мæлæт йæхи къуымы хъуамæ æрцæуа», – хъуыстон цæргæ-цæрæнбонты æмæ ныллæуууыдтæн, йæ цæнгты тыхæй, йæ тугвæллойæ цы хæдзар фæцарæзта, ууыл æй сæмбæлын кæнон.

Сынтыл æй æрæвæрдтам, систам æй, æмæ фестъæлфыд æнæхъæнæй. Йæ тугбадт цæстытæ фæкодта тарст ирд:

– Кæдæм мæ хæссут?!. – боныцъæхтæй фæстæмæ зилын йæ алыварс æмæ мыл фыццаг хатт андæгъд йæ цæстæнгас. Тарстæй.

Нæ комбæсты, стæй æмткæй нæ хæхбæсты æгадыл нымад у, дзæгъæл мардау, моргмæ бахауын. Фæлæ ныр цы уыд йæ тасы сæр: йæхæдæг йæхиуыл кæй систа йæ къух, дохтыртæ, стæй дзы æз дæр кæй ницыуал ныфс æвæрын, уый æви моргмæ цæмæй ма бахауа?

Нæ фыдбоны сыхæгты ´ндæвдадæй йæ «мама» хуыдтон. Ныр дæр æм уыцы номæй сдзырдтон:

– Мама, хæдзармæ дæ кæнæм. Дæхæдæг мын куы дзырдтай... акæн, дам, мæ хæдзармæ.

Æмæ æрсабыр.

– О, дæ фæхъхъау, – ныуулæфыд къæхты бынæй.

Мæлæтæй фæтарст? Кæд æй йæ фæстаг фæндаг нырризын кодта къæхты бынæй? Æмæ уæд йæ цæстытæ цæмæн æрæхгæдта сæрыстырæй? Рæстæг ын йæ цæсгомыл хæлд дзыргъайæ цы ауæдзтæ фæкодта, уыдоныл цыма исчи иту асæрфта.

Здæхтис йæ фыдæлты зæхмæ. Здæхтис йæ тугвæллойæ цæрдхуыз хæдзармæ. Здæхтис æм удæгасæй, фæстаг хæрзбон ракæнынмæ. Æмæ ферттывта мæ сæры хивæнд хъуыды – ныртæккæ уымæй стырдæр амондмæ нал бæллы. Фæлæ махыл, хæдзарыдзаг бинонтыл цæмæннæ хъуыды кæны? Куыд кæндзыстæм æнæ уый?

Кæцы сабийы бæллиц нæу тагъддæр айрæзын, йæ хисдæрты сæййафын, уæлейæ сæм дæлæмæ ракæсын?! Удгоймаг, стæй зайæгхалæн дæр уæлейæ уæвын йæ туджы ис. Æнахъом та йæм фæбæллы дыууæ хатты тынгдæр. Æппынæдзух хынджылæджы къахыллæуд Калман дæр нырма цæуæнты нæ ацыд, хæтæнты нæ ахатт, фæлæ йæ кæстæртæм, уæлдайдæр, тæлтæг æмæ худгæбыл Ресомæ кæсгæйæ, уыцы хъуыддаг фидарæй базыдта. Хистæртæ хъæубæсты чындзæхсæвы фынгыл куы бадтысты, уæд, развæлгъау цингæнгæ, уымæн афарста йæ кæстæр æфсымæры:

– Ресо, нæ дæ фæнды, мæныйас куы уаис?

– Куы байрæзон, уæд дæуæй стырдæр уыдзынæн.

– Зæххæй цармæ лæг куы уаис, уый дæ нæ фæнды?

Зæххæй цармæ лæг!

Уый, æвæдза, сабиты нæ, лæгтæн сæхи дæр фæнды. Гъай-гъай, фæндыдис Ресойы дæр. Йæ саби-бæллицтыиу йæхи ахæмæй уыдта æмæ, хистæр æфсымæры цæстытæ хин æрттывд цæмæн кæнынц, ууыл ахъуыды кæнын дзы ферох. Калман йæ фыды æнгæс кæй уыдис — ныллæггомау, фæлæ бæзджынтæарæзт, зæххæй цармæ кæй никуы сыræздзæнис, уый зыдта кæстæр æфсымæр, мæстæймарæгау ын уымæн загъта:

– Уый дæхи дæр фæнды.

Хистæр æфсымæры хин фæндыл ма уыцы цæхх айзæрын хъуыдис. Æфсæст байрагау, йæ сины нуæрттыл батылд тæрхæгыл. Йæ къæхтæ хæрдмæ ныхъхъил кодта:

– Рауай тагъддæр. Мæ дæлфæдтыл слæуу æмæ уайтагъд фестдзынæ царæй зæхмæ лæг.

Зæххæй къуыпп ма дар, афтæмæй дæ армытъæпæнтæ хæдзары царыл авæр, дæ хисдæрты мидбылхудтмæ уырдыгæй дæлæмæ ракæс, уымæй æхсызгондæр цы хъуамæ уа чысыл лæппуйæн?!. Фæлæ уæллæгтæм дæлейæ уæлæмæкæсджытæ цы зæрдæ фæдарынц, уый дæ рох ма хъуамæ уа.

Саби йæ къæхтæ куы сраст кодта, царыл йæ чысыл æрмттæ куы авæрдта æмæ куы ныххудт, уæд Калман та

´виппайды фæкъæдз кодта йæ къæхтæ. Ногрæхсад, хъуынбын къогъодзитæ сæ кæрæдзийыл фæбырыдысты æмæ сывæллон асхъиудта, дурыны тигъ ныссагъд йæ рахис æрфыджы сæрмæ ныхы стæджы.

Рутен сæм нырма уæзбын, хæлæггæнгæ каст, ныр тугæй фæтарст. Фестад æмæ лыгъд радта – фæфæдис чындзæхсæвмæ:

– Калман Ресойы амардта! Калман Ресойы амардта!.. Калман Ресойы... амардта...

Федыр йæ кæуын фæурæдта, фæлæ кард раскъæфта хæдзары рахиз къуымæй, мигæнæнты цурæй, æмæ йæ тыхæй тъыссы Калманы къухы:

– Æдылы хæр-рæг!.. Æдылы хæр-рæг!.. Цы сарæзтай?!. Ацу, дæхи амар! Уæддæр дæ Адда фысыргæвст кæндзæнис!

Æнæбонæмгъуыд мæлæт нæй. Комбæсты хуыздæр хосгæнæг йæ хостæ æппынæдзух йемæ хаста. Сывæллоны амондæн уый дæр чындзæхсæвы бадт. Хъæдгом хъарм донæй ныхсадта. Ныхы саст стджытæй магъзырдæм чи бакъæдз, уыдон галы сыкъайæ ранцъырдта. Рараст сæ кодта арæхстгай. Стæй æргом хъæдгомыл алыхуызон кæрдæджытæйарæзт хостæ байзæрста æмæ йæ бабаста...

Цалдæр боны лæг йæ цурæй нал анцыд.

Калманы ма Уанкъайы къухтæй, æцæгдæр, тыхæй скъахтой. Цыд йæ тарст фуртт-фуртт, фæлæ зыдта йæ азым, æмæ йæ цæсты зул нæ иста йæ кæстæр æфсымæры фæлурс цæсгомæй.

Уымæн, кæстæр æфсымæр Ресойæн, йæ рыст чысыл куы фæлæууыд, уæд фæфидар йæ зæрдæ æмæ бахудт йæ цармы нынныгъуылæг Калманмæ:

– Фæлæу, æцæг уал уыйас лæг суон!

Мæ рынчын... йæ удисæг фыды... нæ мæгуыр къæсыл удæгасæй сæмбæлын кæныны тыххæй, хъусмæ фæскъæбутты æвналæгау, равзæрстон иууыл дарддæр фæндаг: Гуры районыл — Тхъуиау —Чере, стæй — Къоркъула— Ногхъæу.

Ирыстоны хицæуттæ фæлмæн машинæтыл цæуын куы райдыдтой, уæдæй фæстæмæ сæ, æвæццæгæн, бирæтæй нæ фæндæгтæ рох дæр фесты. Раздæр-иу сæ кæд лæгдыхæй, галдыхæй æрвылаз лæгъз кодтой, уæд сæ ныр уыдонмæ нал февдæлы. Адæмæн фæлмæн машинæтæ кæй нæй, уый сæ ферох. Бирæ рæтты фæндаджы тæккæ астæуты хъомысджын тракторæн дæр фæзын вæййы ахизын. Дæ цæстытæ баст куы уой, уæддæр нæм, Гуры районы фæндæгтæй нæхиуæттæм кæм рахизай, уый хæдтулгæйы цыдæй æнæбазонгæ нæ фæуыдзынæ.

«Тагъд æххуыс»-ы æххуырст машинæ мит æмæ цъыфæмхæццæ салд фæндагыл райдыдта бырын, схъиуын. Фæндаджы алы дзыхъхъы дæр-иу мæ фæфæндыд мæ зæрдæ цалхы бын авæрын, цæмæй мæ фыды рыст уд йæ уæзæгмæ кæна зæлдæгтылцæуæгау. Адæймаджы бæллицтæ æмæ фадæттæ та иу кæд вæййынц, æмæ та-иу цыма машинæ æцæг мæ зæрдæйыл æркъуырдта йæхи — ныррызтæн-иу сæрæй къæхты бынмæ. Мæ цæстæнгас-иу андæгъд мæ фыды ауæдзтæ цæсгомыл. Иунæг хатт нæ равдыста йæ цæстæнгас. Сынтæгыл æй æппынæдзух иу фарсæй иннæ фарсмæ хъуыд разил-базил кæнын, ныр æм кæсыс æмæ, цыма, улæфгæ дæр нал кæны.

«Мыййаг, мацы?..» – ныуурæдтон-иу мæхи улæфт. Ныхъхъуыстон-иу æм лæмбынæг.

Йæ фæстаг тыхтæ ацыдысты йе 'фсæртæм. Ныууадысты йæ дæндæгтæ. Æмæ мын йæ рустыл ныттынгуæвæг нуæрттæ дзырдтой йæ хъæлæсæй, мæ фыды хъæлæсæй: «Тагъддæр... Тагъддæр хъæмæ... Кæд ма мæ буары фæстаг хъарм дæр нæ зæххы ахъарид... Кæд ма мæ фæстаг сулæфт дæр йæ уæлдæфыл бафтид... Кæд ма мæ цæстæнгасы фæстаг хатт нæ уæзæджы ´хцон æмæ рæсугъд хуыз баззаид...»

Октябры революци куы фæуæлахиз, уæд хæхты зынвадат бынæттæй адæм сæхи ´ппæрстой быдыры ´рдæм. Хъазиты рагфыдæлтæ Чниаламæ Сауацхурæй хуыздæр цардæнхъæл, хуыздæр хуымгæндтæ ссарыны ныфсæй æрцыдысты. Æниу, Сауацхурмæ та Быры-

тъатæй, уырдæм – Санибайæ – Десæй, Куырттатæй… æрцыдыстæм. Ныр та нын уыцы зæхх дæр нал фаг кодта æмæ сæ цæст æрæвæрдтой Отъреуы хъæуæй Къоркъулайы ´хсæн сæрвæттæ æмæ хъæдыл. Иуæй — быдырмæ къухæй авналæгау, аннæмæй — хъæд басæтт, уæд хуымзæххæй бафсæстаикккой. Афтæ уыдис сæ хъуыды. Æмæ афтæ арæзтой.

Уыцы бартæ сын лæвæрдта ног хицауад. Фæлæ нырма мыггаджы тых, хъæубæсты тых бирæ уыд. Сыхаг хъæутæ слæууыдысты сæ ныхмæ: уыцы зæххытæ, дам, нæхи, нæ кæстæрты фидæн сты.

Фæлæ фидæнæй абон хисдæр у. Хъазитæ кастысты сæ тыхы цæсты. Кæмæн сæ куыд йæ бон уыдис, афтæ-иу сæ къах фæфидары тыххæй зæххы бын рæстæгмæ ныккæндтæ ацарæзтой. Астæуарт-иу дзы андзæрстой. Хæдзары зынг та æрмæстдæр тугæй ис ныддымæн. Кæсдæртæ-иу æй уымæн æрæхгæдтой сæ риутæй.

Уыцы ´хсæв Уанкъайы къæс йæ фырттæ Калман, Федыр æмæ Ресо хъахъхъæдтой. Нырма сынтæджытæ чи фарста, æмæ æфсымæртæ сæрдыгон, æрдæгæхсæв бафæлдæхтысты астæуарты алыварс. Райсомæрдæм стъæлфæн рахаудта кæстæр æфсымæры чъылдымыл. Фæсмын хæдон цас схæцинаг уыдис? Фынæй лæппу цалынмæ хъал кодта, уæдмæ хæдон асыгъд. Боны рухс сын нал рæвдыдта сæ зæрдæ. Ноджы æддейæ загъдзамана байхъуыст æмæ лæппутæ рагæппытæ кодтой.

Цы базонын сын хъуыдис хабар, æнæзонгæ адæмы дзæккортæ, мæцъистимæ куы ауыдтой, уæд. Сыхаг хъæу сын æрбалæбурдтой сæ къæстæ ныддымынмæ.

Тъæпæн, æнæдаст, хъуынджынæрфыгæн дзы бынтон арт æмæ фæнык нал уыд — йæ бирæгъ-цæстытæ æрттывтой. Стыр, хуылыдз мæцъисæй архайдта Уанкъайы къæсы ердо ныппырх кæныныл.

Æмæ кæстæр æфсымæры æрхæндæг цæстæнгасæй айсæфтысты йæ сыгъд хæдон дæр, сæ къæс дæр, ердо дæр... Сæ бынат сын бацахстой, цалдæр азы размæ Чниалайы хъæу адæмæй-фосæй, стырæй-чысылæй, мæлдзгуыты губаккау, куыд сызмæлыдысты – бурны-

мæтджынтæ æрбацæуынц, адæмы ахсдзысты; сæ коммæ чи нæ кæса, уыдон мардзысты; хæдзæрттæ судздзысты, фос атæлæт кæндзысты сæхицæн, зæгъгæ. Æмæ дзы ирвæзт никæмæн ис.

Кæмæн ма сæ куыд æнтыст, афтæ сæ мæгуыр муртæ скъæфтой хъæдмæ. Фос тардтой фæсæфцæгмæ. Бирæты дзы йæ къогъодзитæ скæнын дæр айрох.

Уанкъатæн талф-тулфы сæ фæрæт аззад хæдзары фарсмæ хъæды сагъдæй. Цонджыйаргъ фæрæт. Æмæ йæм кæстæр лæппу аппæрста йæхи. Скъæфгæ дæр æй ракодта, фæлæ цалдæр налат бурнымæтджыны бæхтыл хъæугæрон фесты йæ размæ.

Хорз фæрæт, æцæгæй, галыйаргъ уыд, æмæ лæппу фæцарæхст хæмпæлты йæ баппарынмæ. Фæлæ йæ синтæ тæлм абадтысты ехсы гæрахæй.

– У-у, джауыры лæппын! Кæдæм лидзынмæ хъавыдтæ?!. – сæ иу ыл, – ирон(!) – уæлбæхæй ралæууыд ехсæй. – Кæм стут, æнаккæгтæ?!. Цæмæннæ рацæут нæ размæ? Æз дæу куы фæрсын, кæм сты адæм?!

Хъæубæстæ – хъæды. Хъæд - Хъарсы фидар. Бацæуын æм тынг зын у. Фæстæмæ рацæуын дзы хъуамæ фæзындæр уыдаид.

Уæддæр фæтарст лæппу. Фæтарст лæджы тугбадт бирæгъ-цæстытæй. Фæтарст ын йæ фарсыл ныззæбулуæвæг дæргъæй-дæргъмæ æхсаргард æмæ йæ къухы ныффæздæг кæнынæввонг хъæргæнагæй. Фæтарст, æмæ æнæтæрсгæ цы уыд, чысыл фæстæдæры топпы гæрæхтæ æмæ хъаматы зæллангмæ цы туг хъуамæ райдыдтаид лæсæнтæ кæнын, уымæй. Уæддæр, фæцарæхст дзуапп раттынмæ.

– Цы сын зонын... Сæ хæдзæртты.

– Æз та афтæ зæгъын: нæ размæ хъуамæ рацыдаиккат! – Сæ бæхтæ фæзылдтой хъæумæ.

Хæдзæртты дуæрттæ æхгæд уыдысты ричъийæ. Цы хъуыдис сæ батонынæн. Уæдмæ æвзонг лæппу ныггæпп кодта æрхмæ. Йæ рагъы тæлмыты дудаг дæр æм нал хъардта, нал хатыд дур æмæ дон — йе 'мпъызтытæ къогъодзийы бынтæ цæхæртæ калдтой, йæ ныхбынтæй

туг хъардта, афтæмæй цъала-цъала балæууыд хъæды. Зыдта, йæ хиуæттæ йæ разы лæудзысты. Хъæдгæрон ыл æд хотыхтæ амбæлдысты лæппутæ. Уыдысты йæм æхxуысмæ рагæппæввонг.

Уый фæстæ-иу зæрыбоны арæх æрымысыд:

«– Адæймаг фырзондджынæй æдылы у. Иу æхсæры аппæй дьуудадæс æфсымæры фæцæл кодтой, афтæмæй хаттæй-хатт дыууæ удæн арвæй зæххы 'хсæн суынгæг вæййы. Сæ фырхæлофæй йыл сæ кæрæдзи бахæрынц. Цæмæй сæ иуы дæр мауал фæуа æмæ се 'ннæйы дæр».

Ныр, сыхагхъæуккаг Хъуынджынæрфыджы тугбадт цæстытæм кæсгæйæ, ныррызт лæппу.

– Уый у...

Йæ ризгæ сыбар-сыбур йæхæдæг дæр не 'рцахста рæстмæ. Уæддæр æй Федыр фехъуыста. Бацымыдис æм кодта уайтагъд:

– Чи у?

– Хъæугæрон мæ ехсæй чи цавта... Гуырдзыимæ цы ирон уыд… Нæ хæдзар нын пырх кæнынмæ чи хъавыд...

– Æз афтæ зæгъын: мæ цæст æрттивгæйæ, ардыгон дон нæ баназдзыстут! Æнæ туджы пырхæнтæ уæ фæсхъæбуттæ дæр нæ фендзыстут! – хъæр кодта Хъуынджынæрфыг. Хъæдмæцъис тыхтъыст кодта ердойы хъæды бын.

Ресо нал базыдта, хуылыдз мæцъис ын лæдзæгау куыд стыдта йæ къухтæй, зулмæ йын дзы, цыфыддæр знагау, куыд æрсæрфта йæ сæр.

Федыр гыццылæй рахаста æнæбарон æмæ хылæмхиц. Йæ фыдау, йæ ифтыгъд ливор æмæ йæ хъама никуы 'ппæрста йæ фарсæй. Лæгмæ фæгæмæл, уæд æм æнæмæнг хъуамæ баххæссыдаид йæ къух. Уый тыххæй йыл сбадт абырæджы ном. Ныр байрад йе 'фсымæрæй. Хъуынджынæрфыджы сæр куыд ныххафта, уымæй.

– Æгъи! Уый дын туг! Хъæуы ма дæ, куыдзы хъæвдын?! — йе 'рмттæ сæхихъæдæй æрæнцадысты йæ тохæввонг хæцæнгæрзтыл.

Зæхх нæм рагæй фæстæмæ æгæр зынаргъ уыд æмæ у. Фæлæ, лæджы æгъдау æмæ кадæй чи нæ цæры, уы-

донæн цæргæ-цæрæнбонты сæ лыскъ удтæй зынаргъдæр никуы ницы уыд æмæ ницы дæр уыдзæнис. Сæ ницæйаг удтæ сæм цы фæдзурынц, уый цингæнгæ араздзысты алы хатт дæр.

Æрлæууыд машинæ.

Мæ рыстзæрдæ фыды йæ къæхтæ фыццаг хатт нал хастой сæхæдæг йæ фæрныг хæдзармæ. Бахъуыдис та нæ схæцын сынтыл.

Æмæ та мæ фыд кæдæй-уæдæй дыккаг хатт байгом кодта йæ цæстытæ. Каст мигъæхгæд, æгомыг арвмæ:

– Кæм дæн?

О, ацы тæссаг фарст! Æнусты цин æмæ хъизæмар... Æппæт нæ цард æмæ нæ бон дæр, нæ кад æмæ не 'гад дæр, кæм вæййæм, ууыл цæмæн вæййы баст? Уæдæ, нæ бирæтæн уæд та иунæг иу хатт нæ царды ивуыл стырдæр фарст цæмæннæ искуы ´рлæууы йæ зæрдыл: кæм дæн (?); æцæгдæр, мæ бынат ам ис æви нæ?

Æви нæ фæзонæм нæ бынат?

Мæ фыд æй зыдта. Йæ бынат. Йæ нымæг, разыйы цæстæнгас ивæзт йæхи сагъд къабазджын æнгузбæласæй балмæ, балæй – тутамæ, тутайæ – цæнгæтвидар тулдзмæ... Стæй æрæнцад, йæ алы тыччы дæр йе ´рмтты хъармæй цалдæр хатты кæмæн батавта, йæ уæладзæнтæ ардуаны бæсты йе 'рмттæй кæмæн лæгъз кодта, уыцы хæдзарыл.

Дыккаг уæладзыджы мидæггаг фисыны цы стыр цынадур амад уыдис, уый-иу, цыма йын удæгас буар уыд, рæвдаугæ цал хатты сæрфта йæ армæй?

– Куыд æдылы уыдтæн... Фæсрагъæй ардæм исчи уыййас дур дзæкъулы хæссы? — худтис-иу йæ сабыр мндбылхудтæй. Зындис-иу ыл, йæхи дæр чи нæ уырны, ахæм гæдыныхас кæй кæны — хæдзары тигъы ахæм дуры фæрсты ныр дæр нæ ахызтаид уазал зæрдæйæ. Æнæмæнг æй нывæрдтаид йæ дзæкъулы…

Кæхцæгæнæны мæй йæ тыхы уыд, æмæ хуры араугæ тынтæ адæймаджы хуылфмæ, скифты æгъатыр

æрттигъон фæттау æгæрстой фæндаг æмæ сæ хус кодтой сулæфæнтæ.

Уæддæр-иу Уанкъа тулдз мæцъис атъыста къодахы бын, йæ иннæ кæрон-иу лæг ныкъкъæдз æрдынау. Дык-каг мæцъис-иу æрæнцад кæстæр лæппуйы уæхскыл. Стæй-иу зæнгтæ æмæ цæнгты нуæрттæ дымсын рай-дыдтой, астæутæ – раст кæнын.

Къодахы къæс-къæс æмæ-иу йæ уидæгты хъыр-рыст куы баиу сты, уæд-иу фыд æмæ фыртæй байрох хур дæр, сæ фæллад дæр… Байрадысты-иу:

– Гыццыл ма, гыццыл ма… Гыццыл ма!..— сæ цинæвдылд æнгас та-иу нындæгъд, æрдæгхус къодахы урс уидæгтæ ма-иу фæстаг уысмы онг куыд ныззæгæл сты сæ радтæг, сæ уромæг зæххыл.

Лæгæн йæ дыууæ хистæр фырты фыййауы лæдз-джытыл ныххæцыдысты. Федырæн бонæй-бонмæ стæг-низ йæ уæнгтæ зæрдæйы фæндиаг нал уагъта айтынг кæнын. Хуымзæххытæ та аразын хъуыд. Цæмæй бæлæсты бæсты уыцы ног бынаты, Ногхъæуы ныр та уыдон ауагътаиккой сæ уидæгтæ.

Æмæ фыд æмæ фырт кодтой уыргæфтыд.

Федыр бæласы ауон къодахыл бадт æмæ уыцы ад-джынæн, цыма йæ удыхос уыдис, дымдта тамако. Стæй йæм сæ дыккагхæдзæртты лæппутæ дыууæйæ, мид-былхудгæ, Уанкъаитæм фæкæсфæкæсгæнгæ, фæзын-дысты. Уыдонимæ сусу-бусуйæн бахъуыд.

Фæстагмæ фергом кодтой сæ хъуыды: Чниалайы, дам, нæ хæдзæрттæ, нæ угæрдæнтæ абæрæг кæнæм. Кæдæй нырмæ, дам, дзы нал уыдыстæм! Цыма, Уанкъайы æнæзонгæтæ сты, фыргуыстæй дзы, мæгуыр, уидæгтæ ауадздзысты.

Хорз зæххы гæбаз дзадджын къæбицæй уæлдай нæу. Ногæрлидзгæ адæм сæ кæрæдзийы хынцмæ зæххытæ сæттыныл уымæн фесты. Æндæра уыд хос кæрдыны афон. Барæй йыл фæстæ-фæстæ хæцыдысты. Афтæмæй Уанкъа йæхæдæг дæр ныффæллад æрвыл-бонон удмарæн куыстæй. Куыннæ тæригъæд кодта йæ кæстæр фыртæн? Уæддæр сын æй уыцы рæвдзæй, уы-

цы райгæ, уайтагъд абалц кодта семæ, цыма йæ хъæубæсты чындзæхсæвмæ ´рвыста:

– Федыржн къахæй йæ бон бирæ цæуын нал у, фæлæ-иу дæхæдæг уыгæрдæнтыл иууылдæр азил... Дзæбæх сæ фен, ма фæкæрдиппæрд уæнт.

Æмæ фыды фæдзæхст бæргæ хорз бадардта йæ зæрдыл, фæлæ цинзæрдæ лæппутæн Чниаламæ сæ фæндаг кæд азылд Цоциаты уæзæгыл.

Нæ хьусмæ нæ фæсхъусты цæмæн æвналæм, зæгъ-гæ-иу сæ куы афарста Ресо, уæд-иу сæ æнæмæнг исчи бамыр-мыр кодтаид:

– Ацы араугæ тæвды Фæсдзуары суадонæй, зæгъгæ, иу улæфт ныккодтай, уæд уый иу галы аргъ у, иу галы. Дæрдты уымæн зилæм, не ´фсымæр.

Æцæг, нæ хæхбæсты уазал суадæттæй фылдæр цы ис! Фæлæ дзы Фæсдзуары суадоны хуызæн дыккагыл мауал сæмбæлай! Де ’нгуылдз дзы уысмæй фылдæр нæ фæдардзынæ. Йæ фыруазалæй йæхæдæг дæр хъавы ныкъкъæс-къæс кæнынмæ. Стæй куыд хæрзад у!

Фæлæ лæппутæ сæ фæндаг цæмæн дарынц хъæдты? Ноджы, суадонмæ куыд æввахсдæр цыдысты, афтæ сæ хъæлæс та кæд кодта нымæгæй-нымæгдæр.

Æппынфæстаг, æрлæууыдысты.

– Ресо, ацы фæлладæй нард физонæг нæ бахæрис? – худт лæппуты хистæр.

– Гъе-е, Фæсдзуары уазал суадонæй йын куы ауадзат йæ фæстæ, уæд уæ ахсæнтæ асæлдзысты. Уæхи цæуыл сафут?

Хынджылæг скъæрынц, æнхъæл уыдис, æмæ хынджылæг кодта йæхæдæг дæр. Фæлæ хъæдæй хъæды уадздзагыл сæ фæндаг хызтис къохмæ. Уый та сæрддон-сæрддæргъы ривæддон вæййы. Лыстæгкъах фосæн дæр, хъомтæн дæр. Цалынмæ хур фæсæтты, уæдмæ бындзытæй сæхи фæхизынц сатæджы. Ды та, фыййау, хъæды дзыхы нæууыл кæнæ адджын фынтæ здух, кæнæ дæдадæйы зарджытæ кæн.

Лæппутæн сæ февнæлд, сæ арæхстыл зындис, уыцы бонæй кæй нæ райдыдта сæ фæндаджы сæр: сæ иу

хъæдæй уыцы рæвдз йæ хъус дардта фыййæуттæм, иннæтæ уайтагъд, – мæгуыры фос æууæндагдæр у, – иу нард, хуыскъ хъуг рацахстой. Цингæнгæ йын йе рагъ армæй æрхостой.

«Хорз у!» – бахудтысты сæ мидбылты. Йæ сыкъатыл ын афтыдтой, сæ къухы цæттæйæ чи уыдис, уыцы уæрдæх æмæ йыл ахæцыдысты æрхæрдæм. Дон-дон, мæ хур акæн, уысммæ стыр хъæды балæуудзысты. Уырдæм та сæ фæдыл барвæндæй йæ къах ничиуал бавæрдзæн.

Фæлæ Ресо хъуыддаг уайтагъд куыннæ хъуамæ бамбæрстаид? Йæ фыд Уанкъайау, уыцы тыхстæй æрхоста йæ уæрджытæ:

– Æй, гормон фæуат, гормон... Уый Сагкаты саударæг Саучызджы хъуг куы у. Йæ лæг æмæ йын йе 'фсымæры бурнымæтджынтæ амардтой. Йæ лæппу тифæй фæхъуыд. Йæ хъуымызбыл сидзæртæ, уæрццы лæппынтау, хурæй хæдон кæнынц, зæххæй – дзабыр. Уыцы иунæг хъугмæ кæсынц, æмæ сын сæ фæстаг комдзаг мах хъуамæ фелвасæм сæ дзыхæй?

Уыцы заманы дæр ма, искæмæн йе ‘ууылд комдзаг раскъæф йæ комæй, йæхи йын куыдзы хъуыды ма ‘ркæн, уый бирæ кæмæндæрты уыдис нымады. Фæлæ, мæгуыр саударæг усы сидзæр сабиты сафæг разын, уый кæцыфæнды рæстæджы дæр кæуинаггаджы ми куыннæ хъуамæ уыдаид? Хъуг кæй уыд, уый дæр хорз зыдтой, фæлæ сын иугæр фосы фæлвæра уый радта сæ ныхтæм, уæд, цы зонынц, уый сæ кæрæдзийæ хъавыдысты æмбæхсынмæ. Ныр сын иугæр сæ уæлфадыл гал  æрлæууыд, уæд сæ кæрæдзийы цæстытæм æргом нал бакастысты, хъуджы сыкъатæй уæрдæх райхæлдтой, зивæггæнгæ.

О, фæлæ хъомæн иуæй сæ ривæдафон фæцис, иннæмæй – фæтарстысты æнæзонгæ лæппутæй, æмæ сæм хуыскъæгтæй арвæй æввахсдæр ници уал лæууыд. Сæ тæлтæгдæртæ сæ сæртæ бафснайыны ныфсæй кафгæхизгæ ахызтысты нæууытæм. Нæууытæ та, армæвæрдау, зындысты фыййæуттæм.

Уый – хуыскъæгтæ.

Фæлæ, кусæг лæгау, кусæг фос дæр алкæмæн йæхи-йау иугъæдон æнхъæл у. Æмæ стыр сырх-сырхид галмæ куы фæсидтысты, куы йæм бараст сты æргомæй, уæд ма йе стыр сæр бæргæ ныттылдта – «нæ, нæ», зæгъгæ, рæгъауимæ сæрибарæй куы мерс кæнин, уый мæ фæнды, фæлæ сæм уæддæр æрлæууыд. Ифтындзгæ мæ кæндзысты, æнхъæл уыдис. Йæ сæр систа бæрзонд. Йе стыр урс сыкъаты цъуппытыл сæмбæлдысты хуры тынтæ æмæ йын ссыгъдысты цырæгътау. Ныррухс кодтой хъæд, стæй – лæппуты зæрдæтæ. Иунæг Ресойы бынбауинаг зæрдæйæ дарддæр.

Куымæридтаты Сосейы галты æнæхъæн комбæстæ зыдтой. Фæкæсинаг хæдзары уæз иунæг Сосе æмæ йæ иударон галтæ хастой, æртæ æнæсайгæ цæдисонау. Дыууæ-æртæ боны-иу сæ куы бахъуыд сæхицæн баку-сыны сæр, уæд иу бон та æнæмæнг æндæр искæмæн куыстой уыцы æнæсайгæйæ. Ныр дæр нæ сайдта. Гал.

Мæгуыр лæг-иу йæхи ныууагъта стонг æмæ дой-ныйæ. Йæ дарæг, йæ уромæг галтæй-иу никуы ницы бахъулон кодта. Йæ мæгуырæй сын нæ иста се ’фсондз сæ рагъæй. Уыцы бон дæр сæ цы се ´намондæн ауагъта сæрвæтмæ, диссаг уый уыд.

– Гъе, æмæ уæд ифтыгъд гал дæр. Бæргæ йæ фыды-згъæл дыгæрдыг кæнæ хуыскъ хъуджы дзидзайы хуыз-æн хæрзад нæ уыдзæнис, фæлæ уыйхыгъд йæ акæнын, стæй йе ´ргæвдын та – æнцондæр. Йæхæдæг æрхуыс-дзæнис, ома, мæ цæфхад кæнынц.

– Гъе, Сосе, дæ галæй мæ бон куыд бакалд, гъе! – Ресо та нынкъуыста йæ сæр. — Сантхойы зæд-дуаг, Бæрзонд дзуар, Цъуппы дзуар, Сосейы тæригъæд мын ма фенын кæнут!.. – æмæ фæцæуæг Чниаламæ йæ уыгæрдæнтæ бæрæггæнæг.

– Ма та райдай! – фæхæрам æм Федыр.

– Фæлæу-ма! Немæ ардæм адæмы стуртыл Тутыры дзуарæвæрд кæнынмæ рацыдтæ?—дзырдта ма йæм иннæ лæппу дæр, фæлæ сæм фæстæмæ нал фæкаст.

Федыр куыннæ зыдта йе ’фсымæры. Аддайыл дæр фæдызæрдыг – семæ сын æй барæй рацом кодта? Мæг-

уыр лæджы дарæг галмæ куы бавналой, уæд сæ Уанкъайыл æнæмæнг сардаудзæнис. Уый та сæм Сосейы, йæ сæр цым лæдзæгæй хойгæ, æркæндзæн. Уыйфæстæ се ´ппæтмæ дæр уыдзæнис митæ æмæ дзинæдтæ. Æмæ фæцис йе ’фсымæры фарс:

– Къæдзæхыйас гал ацы тæвды доны къусы сæфт фæкæндзæнис. Цалдæрæй иу рæстмæ дыгæрдыг не 'рцахсдзыстæм?

Фæлæ дыгæрдыг сæ къухы нæма бафтыд, афтæ стыр хъæдæй æрбайхъуыст булæмæргъы зарын. Фæдфæдыл – æртæ хатты.

Къæрныхтæн сæ туг ныццавта сæ сæртæм. Бонсихорафон цæй булæмаргъы зарын у? Фæлæ бамбæрстой – къуыдырфых дзидза æмæ бур физонджытæй фесты æнæхай. Хъомгæс лæппутæм йæ цæст чи дардта, уыцы æмбал сæ фæдзæхста булæмæргъы зардæй, фыййæуттæ цæуылдæр фæдызæрдыг сты æмæ сæ фос батымбыл кæнынмæ фæуайынц, зæгъгæ.

Уыдоны сæ ног «æмбалы» фæдыл нал хаста сæ къах, фæлæ йæ иунæгæй ныууадзын дæр нæ бауæндыдысты – хæдзары мацы срæдийæд, зæгъгæ.

Фæстæмæ изæрмилты здæхтыст иумæ, фæлæ сæ дзыхыдзаг ничи уал бахудтис. Алырдыгæй рæнтъузæн кодтой сæ «фыдвæндаджы» аххосджыны. Сылгоймаг, мыййаг, куынæ дæ, дæхи сæры кой кæн, кæйдæр бæсты искæй сидзæртыл цы тъизыс, зæгъгæ. Нæ сæ фæндыд йæ рæстдзинад бамбарын, æмæ сæ уый дæр ныхъхъуыдты кодта. Сæхимæ Уанкъайæн та – абон, дам, уыгæрдæны фарсмæ арæдзæ-мæдзæ кодтон, æмæ Сатхойы дзуарырдыгæй мæ сæрты цыма цахæмдæр сыгъзæрин маргъ ратах. Афтæ, дам мын загъта, изæры, зæгъгæ, хæдзары афтæ æмæ афтæ куынæ бакæнай, уæд, дам-иу мæ хъаст ма ракæн.

Йæ боны æмбæлццæттæ йæ изæрмилты абæрæг кодтой: æмзонд кæимæ нæ дæ, уымæ алцæмæ дæр æнхъæлмæ кæс, зæгъгæ – Уанкъайæ сæ уоны мигъ бадт.

Уый та – сæ боны фыдвæндаджы æмвæндаггон, Ресо, бæхдугъ хæдзары астæумæ бакодта дыууæаздзыд

уæныг. Цырагъы рухсмæ йæ къæбæлдзыг хъуын æрттывта, бухар худау. Ахæм æнгæс ын уыдис, ахæм фурттытæ кодта, цыма йæм йæ райгуырцæй зылдысты.

Фæхæцут мын ыл æмæ уын бур физонджытæ бахæрын кæнон, – мæстæймарæгау, дзырдта йе ´фсымæр æмæ йæ хæрзбавæййæгтæм – йæ фыды 'фсымæры лæппутæм.

Лæппутæ афтæ æнхъæлдтой, Уанкъайыл сæ сардыдта æмæ сæ хъуыдыйы рæстдзинад хъавыдысты Федыры цæстæнгасы бакæсынмæ.

Уый дæр уадиссаг ницы ´мбæрста, цы ´рцыдис, уымæн. Уый тыххæй схъæр кодта йæ кæстæрыл:

– Уæныг бабæтт! Æмæ дæ бынат зон!

Фестадысты лæппутæ дæр.

Кусартгæнæг уый куы базыдта, йе ´рвадæлтæ æцæгæй лидзынмæ хъавынц, уæд фелвæста йæ фарсыл ауыгъд фæтæн сау хъама.

– Сантхойы зæд-дуаг, хорз фæндæгтыл-иу нæ цæуын кæн. Нæ хосгæрстытæ фæстаг бындзыджы онг æвæлмастæй нæ къухы цы бафтой, уыцы амонд ратт! – кувыны номыл адзырдта тагъд-тагъд æмæ цыргъ хъамайæ æрдавта уæныджы бæрзæй.

Мæ мады йæ уæрджытæ нал уромынц. Зæхх тасы йæ быны. Уыцы тас æй нæ уадзы иуран слæууын. Куы мах цурмæ разгъоры, рынчыны цъæхбын цæстытæм ныккæсы; куы йын хæдзармæ, йæ сынтæгмæ бауайы… Йæ хуыссæнгæрзтæ йын ивы нæуджытæй.

Паддзахад нæм алы хъуыддаджы нæ нычъчъынды кæны йæхи. Дунейы дохтыртæ, медицинон хотæ, хистæртæ, кæстæртæн— кусой, нæ кусой — уæддæр мызды æфсон капеччытæ уæддæр хъæуы фидын. Уæдæ, рынчынтæн дæр, кæцыфæнды цауд рынчындоны тонæнт сæ фæстаджы бонтæ, тагъд кæй сæнæниз уыдзысты, сæ уыцы бæллицтимæ бон фæйнæ уазал цай æмæ æнæсойаг кас уæддæр хъуамæ фыцой сæ номыл. Уæдæ, нæм мæгуыр рынчынты тыхст хицæуттæ дæр сæ дзыппытæ кæм ныххуыйынц; сæхицæй ницызонджытæ

кæм фæаразынц – уд нæ бирæтæм худæй зынаргъдæр у, фæлæ искæй бæхæн—искæй ехс.

Фæнды мæ мады, рынчындоны фæстæ ма йе ’мкъай, мæ фыд, куы банкъарид хæдзары хъарм, хæстæг, хиуætты сойбыл ныхас… Фæлæ йе ’взонгæй дæр ныллæг, къæсхуыртæ сылгоймаг уыдис. Ныр йæ тыхстæй ноджы нымпылд. Йе ’рмттæ сæхæдæг домынц æмхасæнтæ...

Табу – уæ фарнæн, фæлæ ма мæ бындар чысыл куы уыдис, уæд дзы йæ мад хынджылæг кодта:

– Иууыл дæхи цъыфмæ ´ппарыс, æмæ дæ мæ бон нал у. Хъуамæ дын иу стыр ус ракурон, æмæ дæ уый æхсæд, хæринаг дын уый цæттæ кæнæд...

Лæппу худт:

– Бобо папæ (афтæ хоны мæ фыды) йæхæдæг куыд стыр у æмæ куыд гыц-ц-цыл ус ракуырдта. Дзыцци йæ уæхскмæ дæр не 'ххæссы.

Мæ фыдæн йæ фæлмæн мидбылхудт хъазыд йæ урс рихитыл. Йæ уарзæгой цæстæнгас хаста йе ’мкъайыл. Мæ фыртæй афтæ, ай æмæ, дам нын Рутен нæ цард сæнад кæндзысты.

Йæ фыццаг æмкъай Елдзартæй уыдис. Таисæ. Хонгæ йæ Дзыгы кодтой. Сæ кæрæдзийыл, адæм куыд зæгъынц, афтæмæй зæрдейæ уыдысты, фæлæ иумæ цæрынæй нæ бафсæстысты. Дзыгы йын ныууагъта хъуымызбыл сидзæртæ – æртæ чызджы æмæ иу лæппу. Йæхæдæг сæ, мæгуыр, цæссыгдзастæй фæлыгъд мæрдты бæстæм.

Нæ хъуыды кæнын, мæ фыдæн нæ хæдзары искуы дзаг фынгыл фадат фæуыдаид, æмæ йын иу сыкъайæ рухс ма зæгътаид. Уарзгæйæ. Хæларзæрдæйæ.

Уæддæр, бирæтæ афтæ кæй фæдзурынц, ома, адæймагмæ уарзт, æцæг уарзт æрмæстдæр иунæг хатт æрцæуы, уый мæ уырны. Уарзт, нæ эмоцийыл чысыл куы ’рхæцæм, искæй нæ зондджын хъуыдыты ахæсты бакæнынмæ куынæ хъавæм, уæд æрмæстдæр у æнкъарæн, уды æнкъарæн, æмæ æнæниз адæймаг цы царды

уавæрты бахауы, йæ царды бонтæ цас ахæссынц, ууыл бирæбæрцæй вæййынц баст йе ´нкъарæнтæ дæр.

Мæ фыд мæ мадыл куы сдзырдта, уæд сæм минæварæй арвыста йæ хистæр æфсымæр Рутены. Уый дæр Куыдзеты сиахс уыдис. Ома сæм барджын уыдзæнис. Фæлæ сæ райгондæй не ´рыздæхт. Рутен.

– Уый махæн къух нæ раттдзæнис, ме ´фсымæр, – уыд йæ цыбыр, фæлæ фидар дзуапп.

Афтæ, дам, куы загътон, зæгъын, мæ чындзаджы мын фенын кæнут, уæд, дам, мæм иу дæлæмæдзыд сывæллоны ´рбакодтой. Йæ къухтæ, дам, йæ къабайы стыр дзыппыты нытътъыста, афтæмæй, дам, сæркъулæй лæууыдис къæсæргæрон.

Æмæ минæвар ныххæцыд йæ цæстытыл. Чысыл раздæр æй федта йæхæдæг дæр. Фысымты цуанонтæ йæм куы ралæбурдтой, уæд чызг æхсынцъы бæласæй, хæйрæгау, æрсæррæтт кодта æмæ куыйты уайтагъд аиргъæвта дуртæй.

Уыцы ныхас-иу рæстæгæй-рæстæгмæ ´рхауд нæ хæдзары. Рутен-иу йæхæдæг дæр худтис зæрдæбынæй:

– Æмæ æз цæмæй зыдтон – Хуыцау хæйрæг фæлдисынмæ хъавыд, фæлæ кæркуасæн афон сси. Уасæг ныууасыд æмæ хæйрæг чызг фестад!

Нæ зонын, нæ рæстæджы ма нæ уавæрты искуы Хуссар Ирыстоны фæндæгтæй хæлддзагдæр уа. Хохы кой ма чи кæны, быдыры хъæутæм дæр цыфæнды фæлмæн машинæйыл цу, адæймагæн йæ игæртæ йæ хъуырæй снæй кæлынц.

Æмæ сын цынæ æфсæнттæ фæарæм: фондтæ нын нæй, планы не сты, нæ сыл æххæссæм нæ цыбыркъухæй... Цыма искæй къухтæ мах къухтæй даргъдæр сты.

Чъребайы дуканиты, мыст йæ къæдзил цæуыл ракъуыра, ууыл дæ цæст не схæцдзæнис. Йæ боны сæфт, йæ фæндаггагыл нæ йæ къух чи ауигъы, уыдон фæстаг азты æмбыд картофтæ æмæ тахынæг æлхæнынмæ дæр Гур æмæ Тбилисмæ фæцæуынц. Афтæмæй фæкæс, æмæ та машинæ, йе стыр, æхгæд гуыффæ ногæргæвст стур-

ты фыдызгъæлæй тыхнад, афтæмæй, схъиугæ, узгæ фесхуыста горæтæн хурыскæсæнырдæм фæндагыл...

Йæ зын, йæ дудгæбон – Ирыстоны арæнтæй ахизын, стæй йæ фæндаг ныллæгъз æмæ ныффæлмæнтæ уыдзæнис... нæ сыхæгтырдæм. Нæхæдæг фелгъæд стæм фыдызгъæлæй. Уым хъуаг ма баййафой. Стæйдæр, уадз æмæ мах бæсты уыдон зæронд кæной. Фыдызгъæл арæх чи хæры, уымæн, зæгъынц, йæ фæндаг уырдæм цæуы. Зæрыбонтæм цæры.

Махæн фондтæ уымæн нæй...

Планы не стæм...

Цæмæннæ уæд, цæмæннæ?!. Чи аразы уыцы сау плæнттæ? Чи хицæн кæны уыцы фондтæ? Кæмæн дæтты къух, цæмæй нæ хъæуты, уæлдайдæр, хæхты, æвадат цардæй сфæлмæцæм, нæ дзæнæты уæзгуытæ фæуой æдзæрæг, баззайой хъæууатæй?

Кæд нæ йæ къух уазал доны атулын никæй фæфæнды, зæгъгæ, мæ фæлмæн къæлæтджынмæ мын мачи фæныхилæд æмæ дур мауал баззайæд дурыл вæййы йæ аххос? Кæд нæ, мыййаг, уыцы къæлæтджын кæй номыл у арæзт, уыдон ферох вæййынц? Кæд?..

Æви, цуанон лæгау, нæхæдæг цы кæмттæ нæ басгарæм, уыдон фенхъæлæм сырдджын, æмæ нæ фыдæлты зæххытæй хуыздæр цардæнхъæл нæхæдæг æлвасæм нæ уидæгтæ, цæмæй фæиппæрд уæм, фаты бæсты дæр нын чи у, уарты бæсты дæр, нæ уыцы хæхты сойæ? Æмæ баруайæм æрдызт бæласау.

— О, Хуыцау... — мæ куыстдзагъд, низæфхæрд фыд йæ риссаг уæнгтæ æрхаста сынтæгмæ. Ныуулæфыд бынозæй. Сыгъдæг уæлдæф улæфы зыдæй. Стæй та ныхъхъус. Нæ хæдзары, йæ къуымы хъарм комулæфтмæ йыл фæтых хуыссæг.

Мæн та куыд фæнды йæ рæвдаугæ дзыхыдзырд, йæ зондджын ныхас, йе ´хцон хъæлæсмæ хъусын! Йæ тыхыл куы уыдис, уæд æй йæ фæллад уæнгтæ сынтæгыл æвæлмастæй æруадзынмæ дæр никуы æвдæлд. Уæд æй афтæ нæ хатыдтæн, ныр ыл дис кæнын

60-æм азты бур нартхоры кæрдзын дæр алкæмæн нæ фаг кодта, махæй, æнæхъæн хæдзарыдзаг бинонтæй мæ фыдæй дарддæр ацæуын æмæ æрбацæуынæн куы ничи ма уыдис (хистæртæй алчи сарæзта йæ цард, мах – ахуырдзаутæ), уæд ныл куыд æххæссыд? Сæумæйæ-иу нæ ныуагъта нæ сынтæджыты фынæйæ. Кæнæ-иу æд уæрдон хъæдмæ аивгъуыдта, кæнæ – быдырмæ. Уырдыгæй та-иу, мæгуыр, тæвдсурæджы балæууыд колхозы куысты. Изæрæй-иу нæ æрбаййæфта фынæйæ. Фæлæ дзы «Бафæлладтæн» – æфсонæн дæр никуы сирвæзтаид. Уыцы дзырд йæ комы нæ арæхст.

Куыд-иу æй æрымысыдтæн!.. Мæ фыды.

Зæрдæниз æй куы ´ртасын кодта, æрмæстдæр æй уæд æрæвдæлд махæн йæ хабæрттæ бæстонæй кæнынмæ, æмбисæндтæ хæссынмæ.

Фæхъуыды кодтон, мæ дзыппы чиныджы йын йе ’мбисæндтæй кæддæрты кæй фæфыстон. Мæхи аивæй айстон уæллаг хæдзармæ. Фæлдахын мæ дзыппы чиныг. Агурын сæ иуæггай æмæ йын хъусын йæ уæзбын хъæлæс...

## 1. ÆППÆЛОЙ УАСÆГ

Иу æппæлой уасæг кæрты бæдулты ’хсæн, йæ сæр мигътыл хафгæ, раду-бацу кодта:

– Цымæ ма зæххы цъарыл мæ сыгъзæрин къоппа, мæ сырхзæлдаг боцъо, мæ кæркæ-мæркæ дымæгæй рæсугъддæр искуы исты ис?

– Мæнæ мæ къæдз бырынкъ æмæ мæ цыргъ ныхтæ! – арвæй йыл йæхи раскъæрдта цæргæс.

## 2. БÆХЫ САРГЪ

Иу хæрæг йæ хицауимæ загъд самадта:

– Куыд дæм кæсы, мæнып бæхы саргъ хорз не сфидаудзæнис?

– Бæхы саргъ та дыл хорз куыннæ сфидаудзæнис, фæлæ бæхты дугъ дæр рафидаудзæн дæуæй? – ныууырдыг æм хицау дæр.

## 3. РУВАСЫ ДЗУАПП

Рувасы æрцахстой æмæ йæ фæрсынц:
– Сайын куыд базыдтай?
Уый сын афтæ:
– Суадзут мæ, æмæ уын æй фенын кæнон.

## 4. ÆГЪАТЫР ЦÆРÆГОЙ

Гæдыйы фарстой:
– Зæххы цъарыл иууыл æгъатырдæр цæрæгой кæцы у?
– Кæй зæгъын æй хъæуы, куыдз! — фæцырд гæды.
– Æмæ ма уæд гæды та цы у?— йæ хуыккомæй ныцъцъыс-цъыс кодта мыст.

## 5. ЗЫГЪАРÆДЖЫ ÆППÆЛД

Зыгъарæг, дам, æппæлыд йæхицæй:
– Сырдтæ мыл дæлæмæдзыдæй, зылынкъахæй, тъæпæнкъахæй худынц… Фæлæ уый хыгъд мæ фыд къæдзнизы хос у!

## 6. ПЫЛ ÆМÆ МЫСТ

Пылæн афтæ загътой:
– Мыст дæ ныхысæрыйас куынæ у, уæд дзы цæмæй тæрсыс?
Уый, дам, лæпп-лæппгæнгæ хæрдмæ фæхаудта, æрхаудта æмæ афтæ бадиссæгтæ кодта:

– Зонын æй, мæ ныхысæрыйас кæй нæу. Фæлæ мæ æлхыскъ кæнын, стæй фыдхæрд кæцæй райдайдзæнис, уымæн бынтондæр кæй ницы ´мбарын, тæрсгæ дæр дзы уымæн кæнын!

**7. ХУЫЙЫ МАСТ**

Иу сæрдыгон тæвд боны хуы хъæрзгæ фæцæйцыдис уынджы:

– Оф-ф... оф-ф... оф-ф...

– Хо, хо, хо!.. Дæ мад макуы амæлæд, кæд дæ зæрдæйы цы маст ис, – гогыз дæр йæ фæдыл фæраст, катæйттæгæнгæ.

Хуы, ахуыр куыд уыд, афтæ цъыфдзастмæ куы бахæццæ, уæд дзы ныффæлдæхт:

– Иф-ф… иф-ф… иф-ф!..

– Мæ дыдфынтæ – дæ хай! Кæд у расыг! – фæхæрам æм ис гогыз.

**8. КАРЧЫ ДЗУАПП**

Карчы фарстой:

– Дон куы аназыс, уæд арвмæ цæмæн скæсыс?

Æмæ сын афтæ:

– Нозт зæхмæ кæсгæйæ чи фæнуазы, уыдон та йæ хæсгæ нæ кæнынц.

**9. ФЫС ÆМÆ СÆГЪ**

Фыс кæдæмдæр тагъд кодта. Азгъордта тагъд-тагъд, мæгуырæг, йæ фæхсын фæхъил æмæ фæстейæ фæзынд.

Сæгъ уый куы федта, уæд ыл райдыдта пыррыччытæ кæнын:

– Хах ха-ха!.. Фыс фæхудинаг.

Фыс, катайгæнгæ, йæ сæр нынкъуыста:

– Оу, мæнæ диссаджы рæстæг ныккодта! Фыдæйфыртмæ йæ фæстаг хурмæ кæмæн судзы, уыдон искæуыл бахудынмæ кæд сты рæвдздæр.

## 10. БИРÆГЪ ÆМÆ УÆРЫКК

Бирæгъ уæрыччы ´рцахста, æмæ уæрыкк нырдиаг кодта:

– Ма мæ бахæр! Мæн Хуыцау цард рæсугъд кæнынæн рафæлдыста!

– Дæумæ гæсгæ, мæн Хуыцау стонгæй амæлынæн сфæлдыста? – худæгæй йыл бакъæцæл бирæгъ.

## 11. ФЫС ÆМÆ БÆХ

Фыс æмæ бæх фæбыцæу сты – чи сæ фылдæр фæхиздзæнис.

Бонцъæхтыл æрæвнæлдтой хизынмæ. Хизынц, хизынц, хизынц… Уæлдæф – сатæг. Цы мæт сæ ис. Уыцы зæрдиагæй стъигъынц нæууы царм. Иннæ фос дæр уыдон хынцмæ нал зонынц æфсис. Фыс æмæ бæх та, искуы бафсæддзысты, сæ хизынæй æрлæудзысты, уый сæ хъуыдыйы кæрон дæр нæй.

– Нæма бафсæстæ, фыс? – дзуры бæх фысмæ.

– Уанцон æфсæст нæу, бæх. Нырма ныртæккæ куы райдыдтон, – цыма никуы æмæ ницы, дарддæр хизы фыс.

Бонрæфты хур атылд зæххыл. Дзæгæрæг æй кæны. Адæмæй, фосæй айстой сæхи ауүон бынæттæм, уæлдæф сатæгдæр кæм у, уырдæмыты. Сынæр цæгъдынц…

Фыс æмæ бæх бæласы ауүон дæр нæ уадзынц сæ хизын. Стъигъынц нæууы царм. Се ‘хцон мыртт-мырттмæ иннæ фосæн уайынц сæ комы къулты дæттæ.

– Бафсæстæ, фыс? – дзуры йæм бæх.

– Уанцон æфсæст нæу, бæх. Нырма хъуырттхъом дæр куынæ фæдæн, – йæ хъуыддаг дарддæр кæны фыс.

Изæрырдæм сасæста. Нытталынг бæстæ. Сдымдта фыддымгæ. Арв дæлæмæ æрхаудта. Бæстæ хуыдалынджы хуызæн ныццис. Удæй, змæлæг буарæй – алкæмæн йæ уд йæ кой сси.

Бæхæй байрох, фысимæ, чи сæ фылдæр фæхизайы тыххæй быцæу кæй уыдысты. Йæ чъылдым сыздæхта дымгæ æмæ къæвдамæ, йæ бæрзæй æркъæлæт, афтæмæй йæ сæр нытътъыста йæ дæллагхъуыр; æрæппæрста йæ хъустæ æмæ кæсы къæвдайы фæудмæ.

Иурæстæджы хъусы фысы хъæлæс:

– Бæ-æ-æх, бафсæстæ?

– Ы?!. Кæм дæ, кæ? – фесхъиудта бæх.

– Мæнæ хизын.

Фыс фыддымгæ æмæ æрвхауды бамбæхст бæхы бын æмæ стъыгъта нæууы царм.

## 12. ÆРТÆ БАРÆДЖЫ

Иухатт арв доны цыхцырджытæй дæлæмæ æрхаудта. Фысфосæн дæр сæ бон хизын нал уыдис æмæ сæ фыййау баздæхта гуыбыр къæдзæхы бынмæ. Йæхæдæг слæууыд йæ лæдзæджы æнцой æмæ кæсы, ивылд дон йæ комы куыд хæссы хъæдтæ æмæ дуртæ.

Уалынмæ тæргæбæхыл фæзынд иу барæг. Æвæццæгæн, кæдæмдæр фæдисы цыд. Ныллæгъстæ кодта Уастырджимæ:

– Уастырджи, мæ уд дæ фæхъхъау, баххуыс мын кæн æмæ, æгас хæдзар куы ссарон, уæд дын стыр куывд скæндзынæн!

Бæх ивылд доны батардта. Æмæ йæ ивылд дон æд бæх анахъуырдта.

Фыййау кæсы дисгæнгæ.

Уалынмæ тæргæбæхыл фæзынд дыккаг барæг дæр. Æвæццæгæн, уый дæр кæдæмдæр фæдисы цыд. Фыццаг барæгау уый дæр ныллæгъстæ кодта Уастырджимæ:

– Уастырджи, мæ уд дæ фæхъхъау, баххуыс мын кæн æмæ, æгас хæдзар куы ссарон, уæд дын стыр куывд скæндзынæн!

Уый дæр бæх ивылд доны батардта. Æмæ уый дæр ивылд дон уайтагъд анахъуырдта. Йæ бæх раирвæзт былгæронмæ.

Фыййау кæсы дисгæнгæ.

Уалынмæ фæзынд æртыккаг барæг. Æрхызт бæхæй æмæ ныллæгъстæ кодта Уастырджимæ:

– Уастырджи, мæ уд дæ фæхъхъау, дæуæн кувæг адæймаг дæн æмæ мын баххуыс. Æгас хæдзар куыд ссарон, ахæм арфæ мын дæ цæст бауарзæд.

Бæх ивылд доны бахызт æмæ йæ бæхы цæфхад дæр не схуылыдз, афтæмæй ахызт иннæ фарсмæ.

Æмæ фыййау нал баурæдта йæхи:

– Æй, Хуыцау, кæм ис рæстдзинад?!. Æртæ барæджы дæр Уастырджимæ бакуывтой. Фыццаджы дон аныхъуырдта. Дыккагæн йæ бæх аирвæзт, йæхæдæг бацарæфтыд. Æртыккагæн йæ бæхы цæфхад дæр не схуылыдз ивылд доны.

Æмæ йæм уæд æрдзырдæуыд уæлейæ:

– Фыццаг барæг йæ ныхасы хицау никуы уыд – Хуыцау æмæ зæдты дæр сайынмæ хъавыд. Дыккаг барæг тыхстрæстæгæй дарддæр йæ сæрмæ кувын никуы хаста. Æртыккаг барæгæгæн æппынæдзух йæ куывд йе ´взаджы алгъыл уыдис.

Æмæ фыййау къæдзæхыл банцой кодта йæ лæдзæг. Куывта уæлæрвтæм, йæ цæстæй йæ кæй ракæсын кодтой, уый тыххæй.

Фыццаг уæладзыгæй сыхъуыст мæ фыды уæззау уынæргъын, стæй мæ мады тыхст дзурын:

–Омæ дын цы мæ бон у, цы мæ бон?

Мæ низæфхæрд фыдæй хуыссæг дæр райдыдта тæрсын. Йæ бон æй нæу æрсабыр кæнын.

Дæ бонæй дæ уа, удхæссæг, цæмæн уыныс искæй утæхсæны удæнцой? Адæймагæн, гормон, йæ уд аркъауæй куы фæласыс, уæд ма йын, цæмæй йæ фæстаг

балцы сæр зæрдæнцойæ æрлæууа, уый тыххæй йæ рæуджыты фаг уæлдæф сæрибарæй сулæфыны фадат цæмæннæ уал фæдæттыс?

Махыл, адæмыл, сахуыр дæ дурзæрдæ уæвын, уый мын ма зæгъ.

Æниу, чи зоны...

Фæлæ ма йæ «чи зоны»-тæ цы сты... Уарзæм мах дæр, – оу, куыд уарзæм! – ацы царды кæуыл æмæ цæуыл тых кæнæм, уыдоныл лæгæрдын, цъыфы сæ змæнтын, сæ хорз сын нæхиуыл нымайын, нæ цъæмæлтæ уыдоныл калын... Æмæ сырх дæр нæ фæвæййæм.

Афтæмæй тыхджын æдыхы хъавы йæ хъуынджын дзæмбыйы бын дарынмæ, хъæздыг – мæгуыры, къæлæтджыны хицау – лæггадгæнæджы... Стыр нациты æнæсæр минæвæрттæй бирæтæ чысылтæм сæ дзыхтæ, кæфты дзыхтау, дарынц нықъкъæппæвонг, стыр паддзахадтæ – къаддæртæм... Зæххы цъар нын нал фаг кæны, æмæ «нæ, æз фæтыхджындæр уон, нæ, дунейы æз æркæнон мæ уæззау цæфхады бын» – анхъæвзтам стъалытæм, милуангай гомгуыбын сабитæн зæххы сой скъæфæм сæ дзыхтæй æмæ йæ скъæрæм атомы ´нæфсис гуыбынмæ. Уый дæр къуыртт куыннæ уадза, Зæххæй Хуры ’хсæн куыннæ лæууа мæнгæвæрд уæлхæдзарау?

Бирæгъ фысы цармы бамбæхст, хъæрццыгъа — бæлоны пакъуыйы, æмæ дзы, удхæссæгау, адæймаджы удмæ чи кæцæй æвналы, уый нæ иунæг Хуыцау æмæ дауджытæй дарддæр ничи уал зоны.

Æнæдаст, хъуынджынæрфыг лæг йæхицæй хъуынджындæр цуанонмæ æхсæнгарзæй куы бавзыста, куы райхъуыст йæ хыр-хыргæнаг хъæлæс: «Бындзагъд фестут, æддæм уæ цæмæннæ исчи ракæсы?!» – уæд ма хæдзар дæр йæ цыппæртигъон цæстытæ хъавыд æрæхгæнынмæ – ма йæ уына. Зæронд ус, чындз, сабитæн, къæвдабоны кæрчытау, æрызгъæлдысты сæ уæнгтæ.

Уыдысты Фыдыбæстæйон Стыр хæсты тугкалæндæр бонтæ. Фашистты лæгмартæ лæгæрстой фæллой-

гæнæг адæмы тугæй удæст зæххыл. Сæ уæззау цырыхъы бын æууæрстой, надтой нæ хæхтæ æмæ нæ быдыртæ. Сæ царм æмæ сын сæ уд ластой, афтæмæй нын ссæстой æмæ пырх кодтой нæ сабыр, алæмæтон хъæутæ, нæ горæттæ... Ардыд цуанонтæй уæлдай нæ уыдысты. Æз дæр – цуанонтæ… Бал бирæгътæй уæлдай нæ уыдысты. Кæуыл æмæ цæуыл ныдзæвдысты, уыдоныл, фыддæрадæнгæнæгау, нæ ауæрстой.

Чындз уæддæр йæхи фæфидар кодта, йæ урс кæлмæрзæнæй йæ былтæ абаста, æхсæнгарзджын лæгæй цуанон асырдта иуварс.

– Ресо кæм бамбæхст, æддæмæ цæмæннæ рахизы? – Лæгæн йæ хъуынджын æрфгуытæ ´рфæлдæхтысты йæ маргæмдзаг цæстытыл.

Нæ комбæсты хъæуæй хъæумæ къахдзæф, дыууæ къахдзæфæй уæлдай нæу. Сæ кæрæдзийы цуанонты дæр фæзонынц. Зыдтой Хъуынджынæрфыджы дæр. Кæддæр мæ фыдыл уæлбæхæй ехс куы ´рсæрфта, мæ фыд та йæ мæцъисæй куыд мардта, уый дæр куыннæ æрыхъуыстаиккой?!. Иухатты бурнымæтджын ныр партизанæй кæй агæпп кодта, кæддæр нæ адæмы риутæм цы винтовкæ дардта, у та кæй баргъæвта, хæстмæ фæсивæды ´рвитыны тыххæй хицауады номæй хъæутыл кæй зылдис, æмæ зулдзых кæмæ уыд, уыдон кæй уыгъта, гъе та-иу тасгæ фынгтыл кæмæ бадт, уыдон кæй æмбæхста, стæй-иу хицæутты раз сиддонты тыххæй йæхицæй кæй æппæлыд, топпы фындзæй сæ æртардтон, зæгъгæ, уыдæттæ дæр æрцыдысты сæ хъустыл. Йæ фенд сæ цæсты фæныхст. Ноджы ма уый цух уыдысты, сæ хæдзардарæджы сын æмбæхст рахона!

– Æз ахæм хъæбул не схъомыл кодтон, мæ хур, йæ мады фæччийы бынæй искæуыл чи рæйа. Никуы дæр йæ бæсты искæй размæ тъысдзæнис, – зæронд мад Хъуынджынæрфыгæн йæ дуртæ йæхи хуыммæ бахста.

Нæ хистæр æфсымæр Жорайыл дæс азæй фылдæр нæма цыд, фæлæ йæм уый дæр нæ баурæдта йæхи:

– О, дæ тæсæй аласта куыроймæ ссинаг! Фæлæ йæ фæстæ дугъ кæн!

Сылгоймæгты фæндыдис, чысыл лæппуйы дзыхыл куы фæхæцыдаиккой, фæлæ йæ рæстдзинады фарс уыдысты æмæ ауыгътой сæ къух — æгайтма йæ фыды ´фхæрд нæ бары. Сæ хæдзардарæг хæсты фыццаг бонæй фæстæмæ цыма йæ фидæн зыдта — сусæг-æргом йæхи цæдтæ кодта дард балцмæ. Æхсæвыцъæхæй дæр, уæрдоныл куыд фылдæр ссинæгтæ бацæуа, ууыл йæ уд хъардта, йæ тæнæг æрфгуыты бынæй-иу йæ цæстытæ худтысты йе ´мкъаймæ:

– Фæстæ-фæстæ сыл мауал хæц. Мæ фæстæ мæ фыд нæ растдзæнис мæрдтæй æмæ сæ уый не ´рысдзæнис.

– Æмæ ды мæрдтæм... цæуыс? — бæргæ ма хъавыд йе 'взагыл фæхæцынмæ, фæлæ ма уæддæр нæ хæхбæсты дыууæ ´мкъайы искæй цур сæ кæрæдзимæ сæ уарзт, сæ бустæ æмæ рæхуыстытæ æлгъин æлгъыстæй æвдыстой, уымæн нал баурæдта йæхи. – Ацы хæсты кой дæ ма хъусон!

– Дæ бонæй дæ уа, Куыдзион, кæд Гитлеры дуар æз нæ бакодтон! – Лæг худт йæ хъуызгæ фæлмæн мидбылхудтæй.

– Кæсут, адæм сæ туг хæсты калынц, уый та куырæйтты рамбæхс-бамбæхс кæны! Хæцын хъæуы, хæцын! Афтæ зæгъы хицауад, афтæ зæгъын æз! — фæцæуæг Хъуынджынæрфыг.

– Уæд дæ мад дæ быныл баззайæд, мæ хур, кæд ды ам уынгæг баст нæ дæ, — нæ зæронд Æнайæ нæ байрох йæ афæндараст кæнын.

– Æз партизан дæн!—Хъуынджынæрфыгæн йæ цæстыты абадт туг. – Мæ сæр ам тынгдæр хъæуы. Афтæ зæгъы хицауад, афтæ зæгъын æз! — йæ къахдзæфтæ ныфсджын æмæ стыртæ уыдысты. Æвæццæгæн, бирæ уый тыххæй нæ афæстиат – æрдæгвæндагæй раздæхт мæ фыдимæ.

Мæ мадæн, зæгъынц, йæ хъæлæс ныххауд, фыртыхстæй ма йе ´мкъайы алыварс рауай-бауайæн бахъуыд. Де 'рысгæ чырыстон хойрагæй дын иу къæрис фæндаггагæн уæддæр ракæнон, зæгъгæ, фæлæ партизаны цармы тыхт хæрæг йæ гæндзæхтæ цагъта:

– Хицауад дæ къæристæ фыцынмæ нæ лæууы! Нæ дæр сæм æз лæудзынæн! Уæдмæ ныл Чъребамæ фæндагыл ныййизæр уыдзæнис.

Æхсæвы фæндагæй æдас нæ уыд. Уæлдайдæр, Ресоимæ. Уыцы тугхор бурнымæтджынты ´рбабырстæй фæстæмæ сæ донæн нал æмæ нал æнтыст æррæсуг кæнын. Уæлдай змæстдæр та сын колхозы арæзтады рæстæджы бацис.

Сыхаг хъæуимæ иу колхоз арæзтой. Уымæй дæр тæккæ хуымгæрдæны! Хуымзæххытæ сæттыныл йæ туг чи фæкалдта, афтæмæй сын сæ хойраджы ад рæстмæ чи нæма базыдта, уый, мæ бон акæн, куыннæ фæндыдаид йæ кæрдинаг хуымтæ искæй разæй скæнын.

Æмбырд куыдфæстагмæ загъд-заманамæ уымæн асайдта. Адæм нæ, районæй æрвыст лæгтæ дæр нал хъуыстой сæ кæрæдзимæ. Кæй сæ цы фæндыд, уый йæхæдæг дæр нал хатыд.

Нал фæлæууыд мæ фыд дæр, ныууырдыг уазджытæм, уæ къухы цы гæххæттытæ ис, уыдон ма нын иухатт ракæсут, зæгъгæ.

Æмæ та сæ ракастысты.

– Омæ нын комкоммæ куы зæгъынц, колхоз барвæндæй кæй у, уæд, немæ кæй нæ фæнды, уыдон нæм тыхæй цæмæн ласут? – лæг ныууырдыг уазджытæм.

Мæ фыдæн, адæм æй куыд хуыдтой, «быргадæй» йæхи равзæрстой, æмæ йын ныр йæ хъуыды куы бамбæрстой, уæд ныххæррæтт кодтой сæ хæдзæрттæм.

Хъуынджынæрфыгæн мæ фыд цыма йæ сæры фахсыл уыцы тæккæ æрсæрфта хуылыдз мæцъис, сдудыдта, срыстис ын судзгæ рыстæй ногæй. Схæлбурцъ кодта йæ сау зæрдæ, йæ амонæн æнгуылдз, топпы лулæйау, ныддардта лæгмæ – мæ фыдмæ, афтæмæй хъæр кодта районæй æрвыст лæгтæм:

– Уый æвзæрстат хисдæрæй, гъе! Уый адæмы знаг у, гъе! Афтæ зæгъы хицауад, афтæ зæгъын æз! Æмæ йæм ноджы къæппдзыхæй кæсут, къацо!

– Нæ йæм кæсæм, нæ! – уыд йæхи хуызæтты ныхас.

Уазджытæ йæм, Хъуынджынæрфыг куыд хъæр кодта, афтæ нал кастысты къæппдзыхæй. Æнæуый дæр сæ зæрдæты джитæнтыл уыдысты: йæ хисдæры размæ кæй фæнды афтид армæй здæхын? Афтæ зæгъой: «Ницы нæ бон баци»? Мæ уд акæн! Æмæ уыцы ’хсæв, — сæхæдæг—бæхтыл, «змæнтæг» Ресо — фистæгæй, — иумæ балæууыдысты Чъребайы. Æрмæст, колхозгæнджытæ сæ хъарм хæдзæрттæ бацагуырдтой, мæ фыды та сымæр ныккæнды ныппæрстой.

Æмæ худт «партизан» йæ мидбылты, уый куыннæ зыдта мæ фыд, фæлæ... царды цалх фæстæмæ зын тулæн у, уæлдайдæр, ахæстоны уазал æмæ уынгæг къулты ’хсæн, иу адæймаг дæ фарс куынæ уа, уæд.

Уый фæстæ-иу дисгæнгæ ´рымысыд:

– Хуыцау, дæ рын бахæрон, уæддæр рæстаг адæм ис зæххыл. Милицийы хистæрмæ гæххæтт гæххæтты фæстæ фыстон æрвылбон... Зæгъын, цæй тыххæй мæ ´рцахстат, уый мын уæддæр зæгъут.

Басидт мæм йæхимæ. Радзырдтон ын, æрмæстдæр сын Сталины ныхæстæ кæй бакæсын кодтон.

Хъуыддаг куы бамбæрста, уæд мын афтæ: ацу æмæ, дам, дæ зæрдыл дар – гæххæтт æппæтаразæг куы свæййы, уæд ыл фыст куыд ис, алы хатт æй афтæ кæй нæ фæхъæуы æххæст кæнын.

Ныр та Хъуынджынæрфыгимæ сæ дон змæста ногæй. Фæлæ адæймаг йæ дард фæндаджы размæ хъуамæ йæхиуыл фæхæцын фæраза. Уæлдайдæр, тынг хорз зыдта, абон уа, сом, уæддæр ын хæстмæ цæугæйæ у. Æмæ фæндаггагыл дæр ауыгъта йæ къух – æфсæст лæг зивæггæнаг вæййы алы хатт дæр. Цæй райгуырæн бæстæ хъуамæ бахъахъхъæна лæг æфсæстæй?

Дыккаг бон ма йын Чъребайы æфсæддон къамиссариатмæ Корды хъæуыл 18 километры мæ мад къахæй фæхаста йæ фæндаггæгтæ. Фæлæ фæстæмæ аздæхт, йæ цæссыгтæ сæрфгæ. Хæсты æнæфсис гуыбын нал æмæ нал фефсæды амæй-ай тыхджындæр удтæй. Æмæ мæ фыдæн æрдæгæхсæв бацархайдтой йæ даргъ фæндаг бацыбырдæр кæныныл.

Удисæджы ма-иу йæхи ныддур кæныны тых куы уанд – мæ низæфхæрд фыдæн та йæ сынтæг райдыдта уазал дуры ад кæнын. Фæндыдис æй иннæ фарсыл æрзилын. Мæ мад æй нæ фæрæзта.

Асиныл æрцæйзгъорстон, фæлæ мæ цæстæнгас нал бакуымдта атонын рагъхъæдыл ауыгъд мыртгæтæй. Кæсынц мæм уыцы дисгæнгæ, уыцы цымыдисæй. Цæмæн мæ уромынц? Цæмæн сæ фæнды базонын, сæ бынты уазал зæрдæйæ ахиздзынæн æви нæ?

Мæ зæрдæ-фысты фергом, мæ фыд мын куыд дзырдта, немыцæгты Мæздæджы фронтæй фæстæмæ куы сырдтой, уæд уыцы судзгæ фыдуазалы сæ цинелты куыд салдысты. Ноджы сыл хæлц нал æмæ нал æмбæлд. Фашистты хæдтæхджытæ, дам, сæ сæйраг нысанæн систой хæлцласджыты. Æфсадæн уазал æмæ стонгæй сæ удтæ сæ хъуырмæ куыд суыдаиккой, уымæ тырныдтой. Дæндаг цæуыл схæцыдаид, знæгтæ ахæмæй ницы уагътой сæ фæстæ.

– Цалдæр боны фæстæ уазалы дзæнгæлтæгæнæг быдыры мæ къах скъуырдтон иу тымбылкъухыйас салд сырх цæхæрайыл, – æрымысыдис-иу арæх. – Ме 'мбалимæ йæ ´рдæгыл фæдих кодтон. Мæ цæрæнбонты уый адæн, афтæ адджынæн никуы ницы бахордтон, – дзырдта-иу сагъæсгæнгæ.

Йæ удхайраг бонтæ-иу ын цы хастой сæ ризгæ базыртыл? Йæ мысинæгты-иу цы ныхас кодта, æнустæм дæр кæимæ никуы уал сæмбæлдзæнис, йæ уыцы хæстон æмбæлттимæ?

Мæ хъуыды нæ комы, ныр дæр хæлцы хъуыддагæн, стæй йæ ком бауымæл кæнынмæ дæр йæ хъуыры кæдæй нырмæ ницы уал ауагъта, уый æрцахсынмæ. Æнæуый дæр нал лæууыд йæ къахыл. Мæ фыд. Ныр ын йе стонг бонтæ банымайынæй цæмæн тæрсы мæ хауд, хъеллаугæнæг зæрдæ? «Мыртгæ бирæ куы уарзта», – цыдæр цинимæ фестъæлфыд мæ хъуыдыйы.

Хъавгæ дзы расастон иу салд цупал. Чысыл бахъарм уайы тыххæй йæ акодтон ме ’рмтты ’хсæн. Бауадтæн

мидæмæ. Нырма дæр мæ уырны, хатт иу судзины бырынчъы йас цыдæр адæймаджы цард цæхгæр кæй ныззилы. Мæнмæ уыцы ныфс ракаст мыртгæйы худгæ гагуытæй. Тарстæн, куы ’рхауа ме 'рмттæй, мæ куыстдзагъд фыды цард æмæ мæ фæстаг ныфсимæ куы ныз-гъæлæнтæ уа авгау. Хъавга йæ æрæвæрдтон фынгыл. Мæ къухтæ арæхстгай атъыстон мæ фыды дæлæрмтты, схæцыдтæн ыл бæрзонддæр, разылдтон æй мæхирдæм.

Цæстæй нæ ракаст. Мæ бавнæлдæй мæ базыдта æмæ ныуулæфыд бынозæй. Фенцондæр ын галиу фарсыл æрхуыссын æмæ базмæлыдысты йæ былтæ:

– Амардтон дæ, дæ фæхъхъау, – райхъуыст йæ нымæг хъæлæс.

Мыртгæйы цупал райстон арæхстгай.

– Мама, мыртгæ бирæ куы уарзтай... Йæ ад ын уæддæр фен...

– Йы?

– Уæд та иу нæмыг. Мыртгæ. Æрмæст иу нæмыг...

0, хуыцау! Мæ къухтæ ризгæ куы кæнынц.

Мæ низæфхæрд фыд дæр дзы ризгæ былтæй айста иу нæмыг, дыккаг... Æмæ фæлæууыд цæхгæр.

– Хæргæ... нæ...

Нал байхъуыста мæ лæгъстæтæм. Цæмæннæ, цæмæннæ?!. Хæргæ цæмæн «нæ»-йы? Уæдæ ма афтид голлаг кæд лæууыдис хъил?

Æрæджиау та базмæлыдысты йæ былтæ:

– Фæндаг... ис?

Нæ йæ бамбæрстон. Уымæн та куыд зын уыд дзурын. Уæддæр ын йæ зæрдæ æвдæрзта цыдæр катай:

– Лæппутæ...

Оу, мæнæ диссаг! Цæмæн у адæймаджы конд афтæ, æмæ йын цыдæр хъуыддæгтæ йæ удæй зынаргъдæр уой? Æви царды ад уæд фенкъарæм, адæймаджы йæхицæй дарддæр йæ алыварс, цы ис æмæ цы нæма ис, уыдон дæр куы фендавынц?

– Ис, мама, фæндаг... Ис… Фæдзурдзынæн сæм. Тæкка абон сæм телефонæй адзурын кæндзынæн. Æрцæудзысты… Хостæ дын... æрхæсдзысты, – æхгæны

мæ хъуыр, фæлæ мæ куыд фæнды, оу, куыд мæ фæнды, куы мын бауулæндид, мæхæдæг фидарæй кæуыл æуулæндын, мæ уыцы дзырдты рæстдзинадыл. Йæ фæстаг, ацу æмæ ма ’рцуйы фæндаджы размæ йæ куы бауырнид, Цæгат Ирæй Хуссармæ фæндагыл карчы айк куы атулай, уæддæр ын фæсвæндагмæ фæзилынæй мур тас кæй нал уыдзæнис.

Дыууæ ´фсымæры, стæй мын дыууæ хойы уым цæрынц. Хотæ сæ амæндты фæдыл фæцыдысты, æфсымæртæ—ахуыры. Æмæ иууылдæр æрбынат кодтой уым.

Диссаг мæм кæсы иуæй-иу адæймæгты хъуыддаг: хурмæзилæгау сæм хур кæцырдыгæй фендавы, се ’ргом кæд фæдарынц уыцырдæм. Цæгат Иры та рагæй фæстæмæ, цы дæ хъæуы цæрынæн, уый æнцонвадатдæр уыдис æмæ у.

– Кæуылты?..

Ныййарæг та куыннæ хъуамæ тыхса йæ кæстæрты фæндагыл?!. Мæ низæфхæрд фыды, йæхæдæг ма йæ удыл дæндагæй куы хæцыд, уæддæр куыд æндæвта уыцы хъуыддаг?

– Дыууæ фæндагыл дæр ис цæуæн. Фæснауырыл дæр æмæ Рукъыл дæр. Ручъы тъунел нæма сырæзт, фæлæ йæ куы зоныс – фегом. Машинæтæ йыл цæуынц. Сомизæрты сæ ардæм хъæуы.

– О… о…

Ирæй Ирмæ фæндаг фыдæлтæй фæстæмæ ссис Ирыстоны стыр бæллиц, фæлæ йын нал æмæ нал æнтысы аразын. Афтæмæй Ирыстонæн ис иу сæр æмæ дыууæ зæрдæйы – Цæгат Ир æмæ Хуссар Ир. Нæ бæндæн иу дагъæй не ´ххæст æмæ нын æй бадыдагъ кæнын кодтой æппæтхъом, бынбауинаг уæллæгтæ. Бирæ зымæг хæхты Ирæй Ирмæ маргъ нал фæтæхы. Уæддæр мыл æууæнды мæ низæфхæрд фыд. Барухс йæ фæлмаст цæсгом. Йæ мæрдон буарæй уæддæр банкъардзæнис йæ хъæбулты судзгæ цæссыг. Йæ цæстæнгас, хæхтырдæм здæхтæй, уыдонмæ ´нхъæлмæ кæсынæй, батад. Фæлæ, арс йæ хъыбылы фæдыл куыд цæуы, алы адæймаг афтæ нæу. Мæ фыд йæ уæзæгыл никуы сивта йæ зæрдæ.

Институты мæ зымæгон фæлварæнтæй куы фервæзтæн, уæд ныкъкъуырдтон нæхимæ – æнæхъæн дыууæ къуыри дæ зæронд мад æмæ фыд, дæ хотæ, де 'фсымæртæ, дæ тугхæстæг адæмы ´хсæн арвит, уый ма студент-лæппуйæн бæллиццаг дæр у.

Мæ хистæр æфсымæр та Дзæуджыхъæуæй æрцыдис. Æрцыдис нæ, фæлæ æртахтис. Беслæнæй – Калакмæ. Адæймагæн йæ ацæуæнтæ, йе 'рбацæуæнтæ йæхи бар куынæ уой, куы йын сæ ´хгæнай, уæд кæнæ тæхгæ кæндзæнис, кæнæ йæ сæрыл лæудзæн. Ныр дæр Æфсæддон-Гуырдзиаг фæндаг мит куы 'рæмбæрзы, уæд къуыритæ кæнæ та мæйгæйтты бахъæуынц йæ асыгъдæг кæнынæн. Уæд та йыл, уалдзæджы-иу цалынмæ хæхтæ цæрдхуыз баисты, уæдмæ йыл хъуыды та чи хъуамæ акодтаид?!. Зæй дын кæцырдыгæй дæ бацæбиттæ ракъуырдзæн æмæ дæ кæм комы цъассы атъысдзæн, уымæн иунæг Хуыцау уыд йæ зонæг. Ручъы тъунелæн та фыдæлтæй фæстæмæ, сусæг зæрдæнизау, рæстæгæй-рæстæгмæ йæ кой нæ зæрдæтæты цы дзырдтам, æндæр æй де 'фсымæры цур дæр æргомæй ма загътаис. Тас афтæ зоны. 37-æм азы тъунелы арæзтады сæйраг индзылер Гаглойты Рутен æмæ йæ иузæрдионты цæмæн æхстой Иры знæгтæ, уый зыдтой.

Адæймаджы уоны мигъ куы ныббады, уæд уыцы тас туг нæ хæссы дын исчи куы зæгъа, уæд-иу ын мæ бæсты дæр бакъуыр йæ ных. Адæмы знаг кæй рахоной, уыдон ныхмæ мын уæлейæ æгæр стыр бартæ ис, зæгъгæ, бирæ зæвæтстæр хицæутты хъуыдыйы тæлфыд 1937 азы, æмæ йæ къахы æлгътыл сæ разы чи нæ кафыд, уыдонæн туг куы омын кодтой сæ раттæг зæххæй сын сæ уæлмæрдты фæд дæр куы сæфтой, Рутенæн дæр йæ адæм æмæ йæ Ирыстоны тыххæй йæ хъуыдытæ йæ хъуыры куы фæбадтысты, уæд та фæндаджы арæзтадимæ йæ кой дæр ныхъхъус, æмæ цалынæ паддзахадæн æнæмæнгхъæуæг сси, уæдмæ йыл комкомæ æргом сдзурын ничиуал уæндыд: фосы йæ мæхстæттæй хойынц, фæлæ дæ адæймаджы зонд æмæ зæрдæ

бардузын куы фæнда, уæд ын йæ фæдыл хъустæ æмæ цæстытæ бафтау.

Æмæ зылдыстæм дардыл æгас хæдзарагурæг.

Нæ хохбæсты та уазæг рагæй дæр кадджын у. Уæлдайдæр, æз æмæ ме 'фсымæр нæ чысыл хъæубæстæй фыццаг студенттæ уыдыстæм. Нæ хиуæттæй ныл нæ сыхæгтæ къаддæр нæ цин кодтой.

Иуизæр нæм дзы хъæуы кæронæй сæ иу фæзындис хонæг. Сабыр адæймаг уыдис. Хуыцауысконд адæймаг цыма уыд, афтæ мæм каст.

– Кæдæй-уæдæй ма уæ федтон, æмæ нæм иуцъус абадут, – йæхæдæг йæ бандой не 'рхъарм кодта. – Ахуыр кæнут, мæ бон, ахуыр, æмæ кæд искуы махæн дæр феххуыс уаиккат. Мæнæн дæр ма сымах рæстæг куы уаид. Цард фысы фæхсын у æмæ, цас фылдæр зонай, уыййас дзы стырдæр хай ралыг кæнын бауыдзæнис дæ бон. Æмæ стæй – дæхæдæг зоныс.

Мæ куыстдзагъд фыды хурсыгъд ныхы ауæдзтæ уыцы ныхасмæ бæрæг фæфылдæр æмæ фæарфдæр сты. Хонæджы тæлфаг цæстытæ, дымстбазыр фындз æмæ тæлфаг æнгуылдзтыл æрхаста йæ фæллад цæстæнгас, стæй йæ дæрзæг æнгуылдзæй сабыргай æрхоста фынг:

– Е-е-е, цард фæхсын нæу. Цард тох у. Æмæ искæй нард хай йæхицæн æрлыг кæнынмæ чи фæхъавы, уый йæ сæр цæхæры тъыссы, – чысыл раздæр ма нæ цыма йæхицæн æнхъæл нæ уыдис – хаста ныл йæ дзаг цæстæнгас, йæ сабыр мидбылхудт хъазыд йæ халас къуыбыр рихитыл, ныр ыл цыма йæ сæр размæ ауæз кодта. Йæ сæр цы, йе 'рфгуытæ дæр ыл цыма ауæз кодтой, афтæ мæм фæкаст.

Зымæгон бадæнæхсæв уыд. Уæдæ йыл хонæг дæр, мæн тыххæй фæнык цæмæн феста, фæлæ зæрдиагæй ацархайдта – йæ комахсæйнаг хуы нырма уыцы æввахс бонты рафæлдæхта. Фæлæ уæддæр немæ йæ къах нал равæрдта. Мæ фыд.

Æмæ ма абон дæр, цард фысы фæхсын кæй нæу, уый тыххæй йæ сабыр, фæлæ фидар хъæлæс нæры мæ хъусты. Йæ зондамынд, мæ ауунонау, зилы мæ фæдыл.

...Фæссихæрттæм æввахс мæ зæрдæ сфæдисхъус. Мæ фыдмæ-иу мæ алы февнæлдæй дæр фестъæлфыд. Кæрчытæ мын-иу æй цыма сæ цыргъ ныхтæй райдыдтой къахын: кæд, мыййаг, йе уæнгты хъарм цæуын байдыдта? Цæмæн уазалæй-уазалдæр кæны?

Донласт уылæны барц ацахсынмæ дæр фæхъавы. Æз дæр зонын, æгæр хорз дæр ма йæ зонын, мæ куыстдзагъд фыд йæ туг цы хæдзарыл æмæ хæдзары фæкалдта, йæ уд ма ууыл кæй сæмбæлд, уымæй дæр райгонд у, уæддæр не скъуыйы мæ дывæнды кæрон: чи зоны, дыууæ-æртæ сахаты ма куы бафæрæзтаиккам рынчындоны; чи зоны, дыууæ-æртæ судзины ма йын куы саразын кодтаин?..

Фæлæ ма æцæгæлон зæххыл, æцæгæлон рынчындоны, æцæгæлон адæмы ´хсæн бафæрæзтаид дыууææртæ сахаты?

– Куыд уазал у…

Уазал кæны, фæлæ йæ хъуыды фæсыгъдæгдæр. Фæрухсдзаст сты йæ уадултæ дæр. Цыма йæ раздæры хуыз исын райдыдта…

Арæх-иу снoг уыцы бон йæ зæрдæ-фысты:

«Цæмæй къылдыммæ немыцæгтæй мах фæраздæр уыдаиккам, уый тыххæй йæм æгас бон лидзгæ фæкодтам. Хуыцау, дæ рын бахæрон, астæумæ миты æгас бон лидзгæ кæн! Уæддæр нын нæ бантыст рындз бацахсын. Немыцæгты дæр нæ фæцис. Нал дæр нæм нæ кæрæдзиимæ схæцыны тых уыд. Уыдон уыцы фарс æрбынат кодтой, мах— ацы фарс. Нæ фæстаг хъарутæ ма фæлвæрдтам акъоппытæ къахыныл. Галуадзын афонмæ нын фесты, фæлæ уыцы дзæнгæлтæгæнæг ирдгæмæ нæ хид уæгтæ, карчы къахау, райдыдтой æмпылын.

Ноджы Хуыцау адæймагыл куы рахæты... Бæстæ къæс-къæс кодта, махæн та нæ акъоппыты кæд сзындис дон. Уæдæ.

Æвзонг нал уыдтæн, фæлæ цыфæнды хъуымызбыл хæстонæн дæр цы бамбарын хъуыдис, уыцы донæн æхсæвы ´нæныссæлгæ кæй нæ уыд?

Ноджы мæ разы, саппыл, дзодайы астæуæй сæхи уæлæмæ ивæзтой уæлхъæдæйхус хæрæгсындзытæ. Изæры зызын сыл мæстæймарæгау сыф-сыф кодта.

«Иу армы бæрц дзы дæ цырыхъхъыты бын акæн! Уæд, чи зоны, адæймаджы къæхтæ нæ ныссæликкой», – ахъуыды кодтон.

Изæрмилты рындзмæ немыцæгты каст мæнмæ уа, ууыл бауæндын мæ нæ фæндыдис. Мæхи сæм аппæрстон. Сындз кæрдæджытæм.

Хуыцау, дæ рын бахæрон... Æвæццæгæн, Уæллаг адæймаджы куынæ рауæлдай кæна, уæд ын сæфæн нæй: мæ армыдзаг дзы нæма ратыдтон, афтæ мæ хъустыцурты ныцъцъыввиттытæ кодтой нæмгуытæ.

Митæмбæрзт быдыр хуытæ куыд сызмæнтой, уыйау ма ногкъахт акъоппытæй хъæдгæмттæ фахсыл акъуырдтон мæ цæст æмæ рахаудтæн фæстæмæ. Ратылдтæн нæхирдæм.

Цы мард, зæгъы, дæ хæдзарыл æрцыд, дæхи цæмæн сафыс хус сындзыты тыххæй, – милрихи, къæсхуыр афицер мыл сцагъта йæ гæндзæхтæ.

Мæгуыр сæ бон мæ хæстон æмбæлттæн, бирæтæ дзы райсоммæ сæ акъоппыты ныссалдысты доны. Милрихи афицер дæр — семæ».

Удæгас адæймагæн йæ цины дæр æмæ йæ тыхсты дæр рухсы цъыртт хъуамæ æхцондзинад хæсса, – æрцахста мæ тыхст хъуыды. Уый ныфсæй ссыгътон рухс дæр æмæ мыл андæгъд йæ фарсты цæстæнгас. Йæ хъæлæс уыд нымæг.

– Баизæр?

Куы баизæр уа, уæд цы? Цы уæд? Ау, нырмæ йын æхсæв иууылдæр боны хуызæн нæ уыд? Йæ хæдзары куыстмæ-иу æй колхозы хъуыддæгтæй куынæ ´вдæлд, уæд-иу сæ æмæхсæвæджы нæ кодта?

Уыдон дæр рæстмæджытæ уыдысты, уæдæ цы? 50-æм, 60-æм азтæ. Ма дын къаты бон уæд, ма – улæфты бон. Хурыскастæй хурныгуылдмæ колхозы быдыртæ хаф дæ игæрæй, цæмæй иумæйаг къæбицы бæркад кæла йæ былтæй. Стæй дзы ахицæн кæн паддзахады

хæйттæ, тауинаг æмæ, дзы хицæутты фаг æрæфтауц кæн дыккаг азмæ. Стæй ма дзы кæд, уыцы фæллойыл йæ чъиухид чи фæкалдта, уыцы зæхкусджытæм дæр исты муртæ ´рахауа, уæд афæдзæй-афæдзмæ дæ уд дзæгъæлы не скъуыдтай.

Æмæ ма нæм цалынмæ хъæуæн колхозтæ уыдысты, цалынмæ ма нæм адæм сæхицæн хистæртæ сæхæдæг æвзæрстой, сæ фæллой сæхи цæстæй уыдтой, уæдмæ йæм сусæг арм нæ уагътой æмæ сæ къахыл лæууыдысты. Фæлæ лидзæг дæр Хуыцаумæ куывта æмæ сурæг дæр. Иумæйаг къæбицы бæркадæй сойбылæй цæуын кæй фæндыд, уыдон бонæй-бонмæ фылдæр кæнын райдыдтой. Сæр та хъуыды кæнынæн у, æмæ æрымысыдысты цæрыны ног амал – чысыл колхозты сиу кодтой, комæй коммæ сæ айвæзтой, йæ иу кæроныл арт куы сирвæза, уæд йæ иннæ кæронмæ йæ хус сымаг куыннæ кæла... Иуран дзы дæ сой ходæн дæхирдыгæй куы фæуа, уæд æндæр ранмæ дæ козбаутæм телефонæй бадзурын кæн æмæ дæ цалынмæ къазнайы хардзæй æлхæд машинæ уырдæм ласа, уæдмæ дæ чысыл банкъусдзæнис, дæ ахсæны къуым гæзæмæ фæкъахыр уыдзæн, æмæ та зæхкусæг мæгуыр адæмы фæллойæ ногæй æрбад тасгæ фынгыл.

Сæхимæ ма дзы цы «чысыл истытæ» згъæлд, зæхкусджытæн, уыдон дæр бонæй-бонмæ куыройы фыдтæ сæрдыны фаг нал кодтой. Хæдзарыдзаг бинонты та иу хоры æркондæй иннæмæ сайæн къæбæр уæддæр хъæуы. Æмæ кæд æцæг хæдзары хицау дæ, уæд дын хъуамæ гæдыйау уа авд уды. Алы хъуыддаг дæр хъуамæ дæ бон уа кæнай авд барсты, афтæмæй бон æрбадт ма зонай, æхсæв – æрхуыст.

Гъеуæд дæр мæ куыстæфхæрд фыд рæстмæ нæма арæдзæ-мæдзæ кодта, афтæ йæ цæстытæ сæ хуыссæнхъæлдзæг ахуырæй фæирд сты сæхигъæдæй. Рудзгуытæй талынг хатæнмæ лæдæрст рухсы тын. Хæдзары дзаумæттæй цæмæфæнды ныккомкоммæ у, цæст-иу æй райдыдта æвзарын бæрæг-бæлвырдæй. Афтид фынг, афтид бандæттæ, сывæллæттæ хуыссынц

дæлфæдтæ-уæлфæдтæм. Цæуы сæ адджын сым-сым. Зырнæйзылд авдæны æнахъом лæппу хъазы æмæ худы йæ тæрхъустимæ...

«Ау, байрæджы мын?» – лæг æвиппайд феппæрста йæ хъæццул.

– Цы кодтай? – фехъал йе ’мкъай.

– С-с-с… Дысон фæскуыст фæсрагъмæ суадтæн. Суадонджын æрдузы заманайы зад кæрдæг уыд, æмæ йæ ракарстон. Иу уæрдоны дзаг уыдзысты. Цалынмæ сæ ничи федта, уæдмæ мæхирдыгæй куы фæуаиккой...

Раздæр-раздæр ма-иу хъæдыдзыхы, фæндаггæрæтты, ауæдзтыл ракарста кæрдæджы муртæ, ныр районæй æрвыст адæмæй, колхозы хицæуттæй – къæссавæлдæхт фесты. Цалынмæ колхозы фосæн фагæй уæлдай холлæгтæ не ´рцæттæ кæной, уæдмæ хъæды дæр кæрдæджы хал куыд ничи ратона. Уæлдайдæр, хицæутты æнæбафæрсгæйæ! Фæлтау, дам, хъæды бамбийæд. Хъацæн, дам, уæддæр уыдзысты.

Ноджы ´рдæгæхсæвты адæмы скъæтты зылдысты, бирæ фæллой, уæлдайдæр, кусæг тых – галтæ дарыны бар, дам, нал ис. Зæгъгæ, хæдзарæн хъуг уæ фаг у. Цæмæй адæмы знæгтæ, Хрущёвы хуызæттæ, мæгуыр зæхкусæг адæмы сæ дарæг зæххæй фæиппæрд кодтаиккой.

Хæдзарыдзаг бинонтæ та хирхураг цардæн æнахуыйæн къæбæр уæддæр хъуыдис, æмæ йæ хæдзардарæг галты æрцæуæг хицæуттæй хъæдты бæргæ рамбæхсбамбæхс кодта, фæлæ дæ сыхаджы цæстæй та кæдæм хъуамæ фæлидзай?

Æмæ баивта йæ галты зæддаг къамбецтыл, хъуццыты бæсты сæ дарын, зæгъгæ.

– Ссывд мын уæддæр куы уыдаиккой! Куыстафонмæ æрхæццæ уыдаин... – бакатай мæ фыд йæ хосы мурты тыххæй.

Сылгоймаг хъуамæ тæригъæд кæна йе 'мкъайæн: боныфæстагмæ, нæлгоймаг дæр туг æмæ стæгæй уæлдай ницы у. Алы фыдæвзарæнтæн цас хъуамæ фæраза? Уд фæхауын дæр зоны, мæлын дæр.

Æмæ фестад мæ мад дæр:

– Æз дæр демæ цæуын.

Лæджы цæстæнгас атыхст авдæныл. Ацы фыдцарды æнахъом, æнæазым саби авдæны йæ фынты куы фæхъазы, уымæ кæсынæй хуыздæр æм ницы каст, æмæ дзы байрад йæ зæрдæ.

– Æлдар дæр афтæ зæгъы?

Фæлæ æлдары йæ фынтæй уыдонмæ не 'вдæлд, æмæ хъæдвæндагыл куы схæрд кодтой, уæд нæлгоймаджы цæстæнгас арвыл æгæр райдыдта андæдзандæдз кæнын: стъылытæ сæм уыцы ныллæг æрцыдысты, уыцы цингæнгæ сæм гудзиццытæ кодтой, цыма сæ алыварс æрызгъæлын уыд сæ зæрды. Мæй сæм афтæ худт йæ парахат зæрдæйæ, цыма уымы æввæхсты йæ цæст æндæр никæуыл, стæй ницæуыл хæцыд. Æмæ лæджы зæрдæ-фысты фергом, къамбецты багалæджы куы ифтыгъта, уæд куыд зивæггæнгæ сыстадысты, куыд тыхивæзтытæ кодтой сæ уæнгтæ, цыма сæхи уонггай аскъуыдтæ кæнынмæ хъавыдысты.

Цы базонын ма йын хъуыдис, мæйрухс æхсæвы цæст сæ фæсайдта. Æгæр раджы цыд фесты. Сылгоймаг та хæппзæрдæ у. Æмæ, цæмæй ма фæтарстаид, лæг уый тыххæй ныххуыдта йæ дзых. Сбадын æй кодта уæрдоныл, йæхæдæг цыд уæрдоны иувæрсты. Дзыгуын хъуццытыл иу уæлдай хъæр не скодта. Уадз, фæндагыл ма тагъд кæной, зæгъгæ.

Фæлæ тас адæймагæй æгомыг фос раздæр банкъары. Рагъыл къамбецты сæфтæджытæ нæууы нынныхстысты. Райдыдтой знæт футтытæ.

Лæг зыдта, уымæн æнæрцæугæ нæй. Фæрæт йæ армы бын куыд уыдаид, афтæ сагъд ын уыдис багалæджы кауы. Фелвæста йæ уыцы иу февнæлдæн. Багæпп кодта къамбецты размæ.

Сылгоймаг йæхи ныццавта арвыл:

– Ресо, цы уыдис?!

Цы уыдис, уый йæхæдæг дæр хорз федта: нæууыл бадтис арс. Йæ раззаг дзæмбыты 'хсæн тымбыл цыдæр раууæрд-баууæрд кодта. Хосдзæуттыл уый цæст раздæр схмцыд. Арсы. Ома, ацы хæтæнтæ ˊхсæвыгон мæн сты,

ма мæ хъыгдарут. Нæ уыдис йæ зæрды ацæуын. Сымах дæр, ома, уæ фæндаджы кой кæнут, уæ разы чи лæууы. Фæлæ уыдон куы ахъомпал сты, фæрæты цыргъ ком уыцы мæйрухсмæ цæхæртæ куы акалдта, уæд арс зæронд лæгау, рабадт. Зивæггæнгæ. Хъæрзгæ. Бустæгæнгæ. Йæ гуыбын ныхгæ. Дыуумæ къахыл араст хъæды тарфырдæм... Æмæ ´нафоны хосдзаутæ сæ дзыгуын хъуццытимæ сулæфыдысты зæрдæбынæй.

Бондзир-дзуры æрыздæхтысты райзæрдæйæ. Æмæ куыннæ радаиккой – сæ хосы бындзыг æнæхъæнæй сæхирдыгæй фæци. Никæй цæст сыл æрхæцыд. Уыцы цъæх-цъæхид хос лæг холлагдоны дæр атæнæг кодта. Ахус уыдзæнис уайтагъд æмæ дæ хъуыддаг – рæвдз. Арс дæр федтой. Мах, сабиты, нырма нæ адджын фынтыл æрæййæфтой.

Æниу, нæ хистæртæ нæ цуры уыдысты æмæ нæм сæ зæрдæ не ´хсайдта. Мæ фыд колхозы куыстмæ цæуынафонмæ йæ цæвæг дæр рацагъта.

Фæлæ мæгуыр лæджы дур хæрдмæ кæм суры, уым йæ цин цас хъуамæ ахæсса – сыхагхъæуккаг Хъуынджынæрфыг. Ныр та йæхи финагент хуыдта. Бæлгæ йæм кодта. Финагенттæн – æвзидæнгарз. Сæрыстырæй балæууыд фæллад, фæлæ цинзæрдæ лæджы уæлхъус.

Адæймагæн æрдзæй цы уа лæвæрд, уымæн хорзæй дæр æмæ æвзæрæй дæр, æвæццæгæн, нæй фæивæн, æмæ уый зæгъ. Уыцы чапары хъæлæс ын уыд:

– Абон нæ хос кæрдынмæ æвдæлы, къацо?!.

Æнæуый дæр иумæйаг куысты йæ хид никуы рауагъта. Хъæусоветы цумайы лæппуйы бынатыл дæндагæй ныххæцыд. Финагекттимæ-иу адæмы хæдзæрттты ралли-балли кодта æмæ сын алыхуызон фиддонтæм сæ къуымтæ къахта.

Кæддæр ын нæхи кæрты дæр барджынæй ныххæцыд се 'ртæаздзыд цæуы здыхст сытыл æмæ йæ фæцæйласта йæ фæдыл. Ноджы хъæр кодта:

– Нæ бамбардзыстут, нæ бамбардзыстут лæджы ныхас! Къацо, иу каркæн алы аз дæр хъуамæ фиддон фидай фондзыссæдз айчы! Фондзыссæдз айчы! Иу айк

куыд фидай, раст – уыйау! Афтæ зæгъы хицауад, афтæ зæгъын æз!

– Ædылы куыдз, æмæ ма цæуы кæд федтай рæвдуæттæ æфтаугæ? – мæ фыд æрлæууыд йæ разы. – Кæрчытæн сæхи ахæсс æмæ сын дæуырдыгæй ныртæккæ фондзыссæдзгай æйчытæ чи не ´рæфтауын кæна, уый мæрдты былтыл!.. – ныссидтис ын, чиныджы кæй нæ фæфыстæуы, фæлæ æнæфыстæй дæр уæхæдæг тынг хорз кæй бамбæрстат, уыцы æлгъыст. Æмæ æнæсæрæн фæхос йæхи надæй бахизынæн.

Ныр та фæзынд ногæй. Хъæусоветы номæй. Мæлæты хъуыддагхуыз æмæ йын барджын бакаст уыд.

Уый фæстæ-иу арæх æрымысыд мæ фыд:

– Ме уæнгтæ куыннæ ´рызгъæлдысты. Зæгъын, адæмы тæригъæд бухъ зæрдæйæ тагъд рох кæны, æмæ та арвы зынгæй кæд исчи басыгъд, немæ та хæст кæд расидт чидæр æнæсæр.

– Бафæдзæхстам уæ цалдæр хатты: «Нæй кусæг фос дарæн!», «Нæй кусæг фос дарæн!» – æмæ сæ ныххъуыдты кæнут рæстæгыл! Афтæ зæгъы хицауад, афтæ зæгъын æз!

Ахæм хабарæй уайтагъд куыннæ хъуамæ æркалдаиккой мæгуыр лæджы фæллад уæнгтæ?!. Ахæм хабарæй куыннæ хъуамæ барызтаиккой йæ къухтæ дæр æмæ йæ къæхтæ дæр. Уыддæр ма фæндыдис мæ фыды ницызонæджы хуыз равдисын:

– Мæ галтæ… – йæ куырæфцæг, къуыбырсы, тарсырх тыбар-тыбургæнаг цыкурайы фæрдгуытæ уысммæ фестадысты йæ цæстыты раз. Йæ зæрдæ йын цыдæр балхъывта йæ уазал ныхты ’хсæн. Ныуулæфыд бынозæй. – Фарон сæ куы радтон... дзидзайы цæттæйы.

– Ресо, салтай-балтаймæ нæ не ’вдæлы! Дæ кæрты дыууæ къамбецы ис æви нæй? Ис! Къамбец кусæг фос у æви нæу? У! Уæдæ дзы тæккæ абон иу куыд раттай дзидзайы цæттæйы! Къацо, пълæнттæ æххæст кæнын хъæуы, æххæст! Афтæ зæгъы хицауад, афтæ зæгъын æз!

Мæгуыр лæг каст йæ цæвæгмæ. Каст æм, æмæ йын йе ’рттиваг, сырх тæппытæ ком йæ туг дымдта, фый-

йагæй фæйлауæгау. Иу расæрфтæн ачъепп кодтаид цыфæнды цъаммар, æнаккаг, куыдзы гуыбынæйдзыды бæрзæй дæр. Цæвæг. Фæлæ лæгæн йæ цæстыты ивæнты йæ разы ферттив-фестъæлф кодтой куы йæ сырх галтæ, куы – йе 'рдæгбæгънæг, мæллæг сабитæ, куы йæ уырынгсы сау къамбецтæ, куы – æрбацæуæджы хъуынджын æрфгуытæ... Сæ кæрæдзи афтæ тагъд ивтой, æмæ рызт лæджы буар. Цæвæг æрмæст фезмæлын кæн. Фæлæ дыдзæсгом лæджы сæр ракъуырыны бæсты йæ маст нытту кодта æргом æмæ рæдауд зæххы риуыл:

– Ту! Мæ куыдз амæлæд дæ цæсгом æмæ дæ хицауадыл! – фæлæ дзы йæ фырмæстæй ту нæ рахауд. Асур ын йæ тæвд былтыл.

Йæхи, стæй Хъуынджынæрфыг æмæ йын йæ хурхыл цы «хицауад» хæцыд, уыдон фыдæнæн къæбæр нал систа йæ дзыхмæ, йæ цæвæг баппæрста йе ’ккой æмæ та Хъæдвæндагыл араст Чниаламæ, колхозæн хос кæрдынмæ. Хъуынджынæрфыг æй ахæм тугбадт цæстытимæ куы ауыдта, уæд фæхъус. Базыдта, цыдæр фыд у æрцæуинаг. Фæзылд æмæ фæцæуæг йе ´лгъыст «хицауадмæ».

Раст уыцы рæстæджы райдыдтой гыццыл колхозты иутæ кæнын, цæмæй зæхкусджытæн сæ куыстыл сæхи цæст мауал æххæсса æмæ дзы æцæгæлон къухæн йæхимæ уа фылдæр рахафæн. Ногхъæу æмæ Дыгъуызты хъæуы дæр сиу кодтой сыхаг колхозимæ. Фæлæ сæ фыццагахуырæй нырма хицæн бригадæтæй куыстой. Мæстджын лæг дæр комæн иу фахсыл, Дыгъуызты хæдзаруæтты, йæ бригадæйы бынаты æрлæууыд. Иннæ фахсыл, Къуыппыдыгъуызтыл та сыхаг хъæуы бригадæйы хосдзаутæ куыстой.

Мæстджын лæгæй йæ кусæнгæрзтæ дæр фæтæрсынц, æмæ йæм æххуысмæ ничи уал фæзынд. Æниу сыл дис нæ бакодта: сæ иутæ, фылдæр фыдбылызты алывæрсты æрзилгæйæ, хаудзæрдæйæ сæ кусæг фос дзидзайы цæттæмæ аскъæрдтой, иннæтæ сæ къах куыстмæ нал æвæрдтой – цæй тыххæй, уый сæ хауд зæрдæтæм дæр æргом нæ дзырдтой, афтæмæй, чи сæ сæфта, уыцы «хицауады» фыдæнæн сæрды тарфы бадтысты сæ уазал

хæдзæртты, æмæ сæ куыд ничи фехъуыстаид, афтæ рæстагæй æвзæртæ фæлдыстой сæ рафæлдисæг Хуыцау, æмæ сæ гуыбынтыдзаг сæ хъуыры къæбæр цы «хицауады» аххосæй нал цæуы, уыдонæн.

Мах, чысыл хъомгæсты, та цъæх нæууытыл нæ бонизæрмæйы хъазтæй куы равдæлд æмæ нæ цæстæнгас куы андæгъд, мæстджын лæг иунæгæй æмæ æнæхъæн бригадæ та иумæ цы уыгæрдæнтæ ныккарстой, уыдоныл, уæд ныххæцыдыстæм нæ цæстытыл— иунæг хосдзау ныддаста æнæхъæн фахс.

Изæрæй Бецъахойы сæрмæ сыхагхъæуккаг хосдзаутимæ куы баиу мæ фыд, – сæ иуæй иннæ гуыппырсардæр лæппу, – уæд ын дзырдтой:

– Ресо, абондæргъы дæм Къуыппыдыгъуызтæй кастыстæм æмæ дæхи цæуыл мардтай? Дæ цæвæг рацæгъдын æфсон-иу уæддæр цæмæннæ аулæфыдтæ, гормон? Уанцон куыст нæу?!.

– Къуыппыдыгъуызтæй?!. Иурæстæджы дзы, æцæг, мæ цæст кæуылдæрты скъуырдтон... Зæгъын, хъомгæстæ стут, уыгæрдæн ма ныссæндат, хъуамæ уыл схъæр кодтаин, фæлæ аууоны куы сбадтыстут…

Лæг хынджылæгыл нæ уыд. Йæ тугбадт цæстæнгас сыл æцæг акъуырдта, фæлæ йæ байрох сты. Нырма дæр æм йæ развæндаг хорз нæ зынд.

Ноджы йæм хæдзармæ хъæубæстæй чидæртæ аивæй фæхабар кодтой: Хуынджынæрфыг, дам, хъæусоветы йæ къухты фыдтæм дæр лæбурдта дæндагæй, цæмæннæ уал, дам, у 37-æм аз! Уæд, дам, æй зиан зианы фæдыл æййæфта. Фыццаг, дам, йæ абырæг æфсымæры бавæрдта, стæй – йæ чындзы, стæй – йæ фыды, стæй – йе ’мкъайы… Баййафæд, дам, сæ. Кæндтæ æмæ мастæй æфтыд, чи ма йын уыд йæ сæрыл схæцын æнхъæл?!— хъæр, дам, кодта. Ныр, дам, 37-æм аз куы уаид, уæд ын æз бацамонин, хицауадыл куыд тутæ кæнын хъæуы æмæ йын куыйтæ куыд хъуамæ фæлдисид, уый.

Хабархæсджытæ йæ фæдзæхстой, иу къамбецы тыххæй, дам, дæхи дæр æмæ дæ хæдзарыдзаг сабиты дæр уазал доны къусы сæфт ма фæкæнын кæн.

Иуæй-иу адæймаджы, – æви æнаккаг, цъаммары, – хъуыддаг афтæ у, æмæ дæ искуы хуры хъæрммæ лæугæ баййæфта, дæхимæ дын нæ баххæст, зæгъгæ, уæд дын фыдæнæн дæ ауюныл уæддæр хъуамæ балæгæрда йæ цъыф къæхтæй. Иуварс дзы куы алæууай, уæд бынтон мæстхæлд ууыл фæвæййы. Лыскъуд та, ой, куыд зоны мæстхæлд кæнын!

Æмæ дзы зондджын лæг хъуамæ йæхи бахиза. Фос ссаргæйæ у. Мæгуыр лæг æрдæгæхсæв уæрцц æмæ хæрдмæдзог цъиу сæ зарджытæ куы райдыдтой нывæндын, уæд Ломайы ставд сыкъатыл бафтыдта бæндæны скъуыддзаг, араст хъæусоветырдæм.

Дзыгуын хъуг цыма зыдта йæ ныхыфыст. Йæ фæдыл цыд зивæггæнгæ. Фæлæ йæм лæг никуы ´рлæууыд. Йе стыр, сагъæсахст цæстытæм ын нæ бакаст. Ахæм фæндагыл æй кæй кæны, уый тыххæй дзы ´фсæрмы кодта. фæлæ йæ æндæр цы бон уыд.

Мах, сывллæттæ, йæ нæ федтам фæцæйцæугæ. Нæ мады ´гомыг хæкъуырцмæ райхъал стæм. Хъуыддаг куы бамбæрстам, уæд хæдзарыдзагæй нæ кæрдзийы хынцмæ куыдтам нæ дарæджы фæдыл.

Мæ зæрдыл æрлæууыд, фыццаг хатт ыл æфсондз куы сæвæрдтам, уымæй дыууæ-æртæ мæйы фæстæдæр æй æз æмæ мæ фыд галимæ сифтыгъτам. Фæсрагъæй ластам хосы муртæ. Уыгæстæм уæрдонвæндаг нæ уыди æмæ сæ багалæджы цурмæ ´ргъомæй хастам.

Тарстыстæм, къамбец нырма рæстмæ нæу ифтындзынахуыр æмæ куы алидза хæдзармæ. Багалæджы цур æй бæндæнæй даргъ бабастам къутæрмæ, цæмæй хызтаид нæууыл.

Уый нæ фæстæ, мæгуыр, иудзæвгар æнкъардæй фæхъуа-хъуа кодта, стæй нæм смидг, йæ бæндæн йæ фæдыл ласгæ. Мах къахвæндагыл куыд дæлæмæ-уæлæмæ кодтам, уый дæр нæ фæдыл – афтæ.

Байрад дзы зæхкусæг лæджы куыствæллад зæрдæ. Куыд æхсызгон ын уыдис, йæ кусæг фосимæ иу æвзаг кæй ссардтой! Куыд дзы ныббуц!.. Дæлæмæ уаргъимæ хицæнтæй цыдысты, уæлæмæ – кæрæдзи рæвдаугæ.

Æз та йæ уымæй фарстон, зæгъын, цæмæй адæм кæрæдзи тынг хорз æмбарой, уый тыххæй иууыл хуыздæр кæцы ´взаг у?

Худтис мыл. Йæ сабыр, сыгъдæг мидбылхудтæй. Афтæ-иу куы фæхудтис, уæд-иу йæ зæрдæ цинæй уыдис йедзаг. Стæй мын сагъæсгæнгæ афтæ:

– Мæнæн, мæ хур, иууыл хуыздæр у ирон æвзаг, стæй – гуырдзиаг æвзаг, стæй – уырыссаг... Уыдон фæстæ мын иннæ ´взæгтæ иууылдæр иухуызон сты.

Дарддæр ма тæтæйрагау иуггай дзырдтæ зæгъынмæ, цалдæры онг нымайынæ арæхст, æндæр никæцы ´взаг зыдта...

...Дыккаг изæр фæсахсæвæрты нæ къамбецы аргъмæ уыцы фæндагыл фæстæмæ ´рбакодта къамбецы чысыл, мæллæг лæппын...

Цæргæ-цæрæнбонты ма йæ, колхоз саразынæй фæстæмæ, йæ хæдзары куыстытæм æрмæстдæр æхсæвыгæтты ´вдæлд, фæлæ ныр цæмæн фæрсы, баизр, уымæй? Раст у, цард нозтæй уæлдай нæу, адæймаг цас фылдæр цæры, уыйбæрц æй ноджы фылдæр цæрын фæнды? Мæ фыд дæр тæрсы мæлæтæй? Удисæг адæймагæн ма, дам, йæ фæстаг бæллиц боны рухс фенын вæййы. Мæрдты, дам, ыл нал фæкæсы хур.

Æмæ та мæ зæрдæфысты сæхи раргом кодтой ног мысинæгтæ. Раджы чи уыдысты, уыцы мысинæгтæ.

– Æх-хы, х-хы... – тыргъæй æрбайхъуыст кæйдæр тых хуыфын.

– Калман æрбацуы, — мæ гыццыл хо дæр æй базыдта. Йæхæдæг дæр уымæн схуыфыд. Дуар æрбахойыны бæсты-иу алы хатт дæр хуыфгæ скодта. Базонæм æй – нæ уæлкъæсæр ис.

Йæ цыппарыссæдз азы раджы батыдта Калман. Хдзары куыстытæ уæддæр йæхи мæллæг, зæронд уæхсчытыл æнцадысты.

– Амбæхсут сæ! — къæсæры сæрты йæ къах хъавгæ æрбавæрдта йæ хъазæн ныхасимæ, ома, мæ сусæгæй цы хæрут, уыдон басусæг кæныны фадат уын дæттын.

Ногтыд, ногласт хъугомыл тæрккъæвда куы ´рцæуа æмæ йæ куы ныххафа, уыйау алæзæрд йæ цæсгом. Йе стыр, зæбул рихитæ цъæхбыцрхуыз райстой тамакойы фæздæгæй. Æруæз ыл кодтой. Нал æй уадзынц йæ астæу сраст кæнын. Йæ сурдымæн – йæ къухы. Кæлы йæ фæздæг. Йæхи арæзт у. Сырхбын хъæды мыггагæй. Куыдфæстæмæ ацыд лыстæггомау. Сурдымæн. Йæ къухæй йæ не ´ппары.

Мæ гыццыл хойæн йæ саунæмыг цæстытæ цæхæртæ калдтой. Худæгæй мæ мардта. Афæззæджы, дам, кæмдæр аззадис йæ сурдымæн. Сывæллæттæ йæ ссардтой æмæ йæ раскъæф-баскъæф кодтой, кæй сыппа у, кæмæй фесæфтис, зæгъгæ.

– Цы нæм ис æмбæхсинаг, Калман? Дæлæмæ дæр, уæлæмæ дæр – арахъхъы дурын. Абон дæр нæхи нуазинаг у æмæ – райсом дæр, – мæ фыд дæлдæр фæбадт. Йæ хистæр æфсымæрæн радта йæ бынат – кувæджы бынат.

Фæлæ Калман «нæ», «нæ»-тыл схæцыд. Зæгъгæ, иу сыкъа дæр не схæсдзынæн мæ дзыхмæ. Дзæгъæлы, дам, мæм ма бахатут.

– Исты дын тых кæны? – иу-цалдæр сыкъайы дзы «нæ»-тæ гæнгæ куы анызта Калман, уæд æм нал фæлæууыдтæн æз. Бынтон æрæджы дæр ма-иу сыкъа фынгыл атылдта æмæ йæм цы рауад, уый базоныны тыххæй суагътон мæ цæсгом.

– Гъе, мæ хур, Цоционы (йе ´мкъай Цоцитæй уыдис) амæлæтæй фæстæмæ мæ цард иунæг куыдзы цардæй уæлдай нал у. Дыууæ удæй иу куы фæхъæуы, уæд иннæ зæрдæдзурæнты фæвæййы – фæнды паддзахы фырт уæд. Уæлдай додойаг – иунæг зæронды цард. Ме знагæн дæр æй Хуыцау макуы бавзарын кæнæд. Зæрдæйæзæрдæмæ макæимæ аныхас кæн. Кæй цæмæн бахъуыдтæ? Цоцион кæм ис, уым мæ ма схъæрзæд, фæлæ мæн дæр рæстæгыл куы акæнид йæхимæ, уæд нæ дыууæйæн дæр нæ зæрдæхсайдæй æрулæфиккой нæ удтæ. Йæхимæ йæ къух чи райсы, уыдон уымы бæсты ´нæзæгъинæгтимæ вæййынц. Æндæра, хаттæй-хатт афтæ хауд зæрдæйыл вæййын, мæ хур…

– Уæлæуыл ничи ма баззад, Калман, фæлæ хæц дæ сыкъайыл, – мæ фыд хъавыд ныхас хъазынырдæм аздахынмæ, фæлæ дзы ницы рауад.

Калман йæ дзыппыты агуры тамако.

– Æмæ, Цоционæн уым иунæгæй æнцон у, æнхъæлыс? Уас цы зæгъон мæ мæгуыр фыдæн… Дæ кæстæрæн ахæм цард дæ цæст ма уарза!..

Арæх-иу дзырдта, фынæгъдауæй, дам, мæрдтыбæсты уыдтæн. Бæстæ, дам, дардта уыцы цъæх-цъæхид. Дыргъбæлæстæ кæм дидинæг калдтой, кæм сæ рæгъæд бæркады бын цудыдтой. Адæмæй, дам, чи дæргъæйдæргъмæ фынджы уæлхъус бадтис, чи дзæнæты цъæх нæууыл симдта.

Йæ мæгуыр мад æмæ фыд, йе ´фсымæр Федыр æмæ йе ´мкъай, сæ хъæубæстæй чи аивгъуыдтой, уыдонæй ма кæйдæрты ´рымысы, уым, дам, уыдысты. Сæ цурмæ, дам, фæцæйцыдтæн, фæлæ, дам, мæм, йæ фыдæй афтæ:

– Уанкъа йæ тызмæг æрфгуыты бынты ракаст æмæ мыл фæхъæр кодта: «Дæуыл та мæ хонæг кæм амбæлдис?!. Нырма цы ми кæныс ам?!.»

Уанкъайы тызмæг цæстæнгасæй комбæстæ тарытæ кодтой. Калман дæр фырадæргæй цæхгæр фæстæмæ фæзылд æмæ… фехъал.

Ныр та йæ фын æнæмæнг райдыдтаид дзурын. Алы хатт дæр нын æй, цыма йæ фыццаг хатт хъусæм, ахæм хуызы, аргъауау, фæкæны. Фæлæ мæ кæстæр æфсымæр йæ хъуыры фæбадт:

– Калман, мæрдты мицы ис, ницы. Уыдæттæ гæдыныхæстæ сты иууылдæр. Чингуыты сæ кæдæйнырмæ фыссынц!..

– Хъусут æм?!. – лæг фæхаудта хæрдмæ.

– Адæймаг амæлы. Баныгæнынц æй. Сыджыты бамбийы. Æмæ фæцис! – æвзонг дæр йе ´взаг куы суадза, уæд чысыл уæддæр ма фæчъил уа?

– Удæн мæлæн нæй! – арахъхъ дæр йæхион кодта æмæ бынтон рамæсты Калман.

Нæ кæстæр цæттæ уыдис, бæргæ, чингуыты йæхæдæг дæр æххæстæй кæуыл не ´ууæндыд, уыцы зонд-

джын хъуыдытæй йæ рæстдзинад бæлвырд кæнынмæ, фæлæ йæ фæурæдта нæ фыды цæстæнгас æмæ уайдзæф ныхас:

– Зæххæй къуыпп куынæ ма дарыс æмæ, кæм цы ис, уыдæттæ куы хатыс, уæд мах нæ зæры бонмæ хуыртæ ´хсæстам? Адонмæ ма хъус, Калман. Нырма къулбадджытæ сты æмæ ницы зонынц.

Йæ сæрылхæцæджы ныфсæй æрсабыр зæронд лæг.

Куы ацыд, уæд махмæ раздæхт нæ фыд:

– Мæ хуртæ, цæмæн дзурут зæронд лæгмæ? Зынг зæгъынæй ком нæ судзы. Зæгъут, мæрдтыбæсты дæр ис цард. Цоционимæ дæр та уым сæмбæлдзыстут, зæгъгæ. Æмæ йæ рыст зæрдæйæн æнцон уа.

Йæхи нæ уырндзæнис уымы цард. Мæ фыдæн. Ахæм адæймагæн та мæлын дыууæ хатты... кæнæ фондзыссæдз хатты зындæр уыдзæнис.

Йæ цæсты хаутæ та авæрдта сæ кæрæдзийыл. Хъуыст ма йæ уæззау улæфт. Æз уæддæр фæлдæхтон мæ зæрдæфысты хицæн фæрстæ. Фæндыдис мæ, хъæмпы хал ацахсæгау, дзы исты ахæмыл уæддæр куы фæхæст уаин, цæмæй мæхицæн тыхæй уæддæр бауырнын кæнон, мæрдтыбæсты дæр цард кæй ис, ууыл кæй æууæндыд мæ фыд. Фæлæ зæрдæйы фæндиаг кæмæн у йæ цард?!. Æмæ рыст мæ зæрдæ, уынгæг кодта мæ хъуыр. Куыннæ мæ фæхатыдаид, афтæ-иу мæхи айстон дуармæ мæ сусæг цæссыгтæ нынныхъуыырынмæ. Æмæ цæм кодтой мæ риуы. Æз та мæ тæвд зонд æмæ зæрдæйæ нæ хатыдтæн, бирæ фæстæдæр – 1986-æм азы рухæны мæйы мæ сагъæссæгтæй иу гæххæтмæ кæй ратæдздзæнис сæрибар æмдзæвгæйы хуызы:

***

*Нæ зæрдæтæм æвваахс адæймаг куы фæмæлы*
*уæд нын*
*ныфс цас уыдис*
*уыйбæрц æвзарын кæны тас*
*уæд нын*

*уарзгæ йæ цас кодтам*
*уый бæрц риссын кæны нæ зæрдæ*
*æмæ йæм*
*уыцы тас æмæ рисæй тæрсгæйæ*
*цыма æгомыг фос туджы пырхæнмæ*
*æппарæм нæхи*
*æгæрыстæмæй нæ фæфæнды*
*йæ туджы æртахау ахъарын йæ уæнгты…*

*Ахæм хъуыдымæ æрцыдтæн дыууæ азы размæ*
*мæ мæгуыр фыд цардæй куы цыдис уæд*
*æмæ йыл нæ исын абон дæр мæ къух.*

Мæ хæрæфырт – рæстæмбис, фæлæ – фидæрт-тæконд, милрихи лæппу æрбацæуы уыцы барджынæй, фæхуд-фæхудгæнгæ.

Цы йæ ′рбахаста? Сатихъары цæры йæ сидзæргæс мадимæ. Махмæ 8 – 9 километры дæрддзæгæн. Исчи сæм мæ сусæгæй фæдисы ацыд?

Æвæццæгæн, райсомæй мæ фыдмæ Чъребамæ рынчынфæрсæг бауад – ахъуыды кодтон. Уым ын загътаиккой, хъæмæ йæ кæй раластам…

Йæхи фыд куы фæзиан… Зиан та бынтон æвзонгæй фæцис. Йæ тæккæ тыхыл уыд, афтæмæй. Мæ хойы ′вджид ныууагъта æртæ лæппу æмæ дыууæ чызг. Мæ ацы хæрæфырт, – Гивико, – сæ кæстæр. Сылгоймæгтæ удхæссæджы ахсджиаг хъæбулы хуымæтæджы куынæ фелгъитынц. О, æмæ куы фехъуыста мæ фыд йæ сиахсы фæзиан, уæд йæ рахиз армæй ацахста йæ галиу дзидзийы цур. Æрæджыйау базмæлыдысты йæ былтæ:

– Фесты, фесты мæ царды бонтæ. Де ′гæр макуы фæкалай, Хуыцау, цы ма кæнын алы хæрæг, алы куыдзы цардæй?!.* Уадз, уый рацардаид мæ бæсты дæр адæймаджы цардæй…

* Адæмон уырнынадмæ гæсгæ адæймаг адæймаджы цардæй цæры 30 азы; стæй – 15 азы хæрæджы цардæй; 15 азы – куыдзы цардæй; 15 азы æмæ уыйфæстæ – маймулийы цардæй.

Хæстæй куы ´рыздæхт мæ фыд (Мæздæгæй, фашистты сургæ, къахæй фæцыд Ленинграды онг. 1944-æм азы фæцæф йæ къах. Госпиталæй йæ комкоммæ арвыстой Уралмæ, металлургион заводмæ. Уым куыста 1946-æм азы, хуымгæрдæнмæ.) æмæ йæ кæстæр чызг Софьяйыл йæ цæст куынæ схæцыд, уæд фæсæххæтт кодта йæ зæрдæ. Уазал сæххæтт. йæ хъæлæс йæхимæ дæр рæстмæ нæ фехъуыст, афтæ афарста мæ мады:

– Софи кæм ис?

Адæймаг фæразы йæ дудгæбоныл ахуыр кæнын. Уымæн дæр, мадæн, йæ дзуапп итувæрдæй лæууыд. Мæ цæгаты ис, зæгъгæ, Софи. Уæддæр ыл нæ бауўæндыд. Мæ фыд. Иунæгæй хаудзæрдæйæ араст уæлмæрдмæ.

Ногхъæуы куы ´рцардысты, уæд-иу сæ исчи фæзиан, зæгъгæ, æнæмæнг-иу æй хъуамæ Чниаламæ ахастаиккой: ног уæлмæрд чи саразы, уый æвыдæй нæ баззайы – хъуыды кæнынц адæм. Ома, мард уымы бæсты иунæгæй фæтыхсы. Кæимæ цæра, уый йын нæ вæййы æмæ йæхиуæттæй искæйты акæны уырдæм.

Фæлæ, уæлмæрд кæм нæй, уым цæрæнбынат дæр нæй. Адæймаджы йæхицæй йæ мæрдтæ тынгдæр бæттынц зæххимæ. Æмæ Федыр куы фæхъуыд, уæд ын йæ зæххы хай рахицæн кодтой Ногхъæуы сæрмæ. Сарæзтой ног уæлмæрд. Æмæ, æцæгдæр, йæ фæдыл цæрддзу бакодтой: фыццаг – йе ´мкъай, стæй – йæ фыд, стæй – йæ чындз... Мæ фыды фыццаг æмкъай.

Ныр уыдонмæ хæстæг сæрныллæгæй ноджыдæр – дыууæ ног ингæны. Сæ иу – стырдæр. Мæ фыды мады ингæн. Нал æм разынд йæ хъæбулы ´рцыдмæ йæ удыл дæндагæй ныххæцыны ныфс. Иннæ ингæн – хæрз чысыл... Сфийы, йæ худгæбыл, йæ дидины къуыпайы ´нгæс чызджы ингæн.

Цы кæрдæджы хæлттæ сыл суад, уыдон дæр сæ хæстоны ´рцыдмæ ´нхъæлмæ кæсгæйæ, ныуурсдзаст сты. Ныр æй куы федтой, уæд цинæй сæууон хурмæ сæ уадултыл уадысты цины цæссыгтæ...

Уæдæй фæстæмæ мæ фыдæн йæ иуæндæс хъæбулæй йæ къахы алгъæй дæр никуыуал ничи схъæр-

зыдта, æмæ лæг разы уыдис йæ «хæрæджы» куыстæй дæр, йæ «куыдзы» цардæй дæр. Ныр ыл æртæфстысты йæ сиахсы ´нафоны æмæ трагикон мæлæтæй.

Мæ хæрæфырты уæнгты конд, йæ къахайстæй байрад мæ зæрдæ – йæ фыдæй къæртт рахаудта. Æмæ йын йæ цард дарддæр кæны уый.

– Хорз у æмæ дæ ам æрбаййæфтон. Чъребамæ цæуын мæ нал бахъуыд, – рад цыдæр æмбæхст цинæй.

Райсом, дам, Жора, мæ хистæр æфсымæр, йæ фыртæн чындзæхсæв кæны. Чызг æмæ, дам, лæппу никæмæн ницы загътой, афтæмæй æнæнхъæлæджы бацардысты. Æмæ райсом – сæ чындзæхсæв.

О, Дунескæнæг! Ау, ирон æмбисæндтæй макæцы хъуамæ фæмæнг уа?!. Ау, чындзæхсæв æцæг нæу æнæфæкæугæ, хист – æнæфæхудгæ?

Лæппу йе стыр фыды хъуыддаг базыдта æмæ йæ галдзæстытæ разылдысты доны. Уæддæр ын ныффæдзæхстон: чындзæхсæвгæнджытæн куыд ницы схъæр кæна – уадз, сæ цинып фæрайæнт. Мах дзы кæй нæ уыдзыстæм, уымæй фенхъæлдзысты – нæ рынчынæй нын къахатилæн никуыдæм ис.

Æвзонг, хъалзæрдæ студентмæ йæ лекцитæм æркæсынæй ахъазын, ахудын, стæй, се ´нæрцæфæй ирвæзтытæгæнæг чызджытимæ атезгъо кæнын хуыздæр фæкæсы. Аивадон уацмыстыл кусын та бирæ рæстæг, бирæ дæлæ-уæлæ домы æмæ-иу мæ райгуырæн уæзæгыл куы ´рæвæрдтон мæ къах, уæд-иу æрымысыдтæн мæ рæстæджы сæфт згъуыдæт баххæст кæнын. Æхсæв дæр-иу хуыссæджы цъынд нал федтон.

Мæ фыд æнхъæл уыдис, горæты дæр æппынæдзух афтæ æнувыдæй фæкусын. Барста мын цæстæнгасæй мæ къæсхуыр уæнгтæ. Исчи мын тыхæй куы уырнын кæна, нæ мын тæригъæд кодта, зæгъгæ, уæддæр мæ уый ницæй тыххæй бауырндзæнис. Катайгæнгæ мын уымæн загъта:

– Лæппу, нырма хъуамæ байрæзай, лæг суай, стæй дыл кæд Хуыцау ауда, уæд фыссæг дæр суыдзынæ.

Æз дæр æй барстон цæстæнгасæй: «Æмæ ды нæ дæ лæг, цæмæннæ дæ фыссæг? Æви дæуæн афтæ уыд дæ хъысмæт æмæ дæ царды чиныг цæвæджы фындз, фæрæты ком, белы бырынкъ, топпы кæсæн, сабиты хъомыл кæнын æмæ тадзгæ-баргæ дзыхыныхасæй фыстай æмæ фыссыс?»

Æргомæй йæ афтæ бафæрсын æрра хъуыддаг уыдаид. Алы лæгаулæг фыссæг куыд уыдзæнис? Йæхæдæг дæр мын никуы уал ницы загъта. Æмæ уыцы фарстыл ууыл фæцис нæ ныхас.

Фидарæй цы зонын (мæ кæстæртæ-иу мын æй дзырдтой): йæхæдæг цæсты рухсæй фæцух, фæлæ-иу мын исты мыхуыры федта, зæгъгæ, уæд-иу сын æй баксын кодта дзырдæй-дзырдмæ.

Кæд-иу сæ, мыййаг, лæгдзинад агуырдтай? Кæд-иу дæ, мыййаг, фыссæг суæвыны хъару мæм æрцыд æви нæ, уый базонын фæндыдис?

Нæ зонын. Мæ бон дын у æрмæст дæр фидар дзырд радтын æмæ йæ зæгъын æргомæй:

*Мæцард цыбыр уа æви даргъ, Дæуау, цæрдзынæн æрмæстдæр мæхи тугвæллойæ;*

*рæстдзинад згъыны сæр кæм бахъæуа, уым, Дæуау, алыхатт дæр уыдзынæн йæ фарс;*

*райгуырæн бæстæйы мæ сæр кæм бахъæуа, уым, Дæуау, знаджы фæндаг æрæхгæндзынæн мæ риуæй;*

*йæ адæмы хъæрмхуыппы къусыл чи уæй кæна, хорзæхтыл сæ чи ива, сæ кад сын цъыфы чи 'вдула, бирæгъы удимæ фысы цармы чи цæуа, уыдонмæ, Дæуау, уыдзынæн æгъатыр, æбарон;*

*кæуылтыфæнды ма ахæтон, уæддæр мæ адзалы бон, Дæуау, алы хуызы дæр æнæмæнг бацархайдзынæн, цæмæй мæ буары фæстаг хъарм дæр бафта мæ уарзон фыдæлты уæзæгыл...*

Зонын æй, фæрæт цас цыргъдæр уа, уыйбæрц архыл хæлыдæр, фæлæ уыйхыгъд дæ разы, нæ адæм æмæ нæ Фыдыбæстæйы раз мæ цæсгом уыдзæнис

сыгъдæг æмæ дæ равзæрст фæндагыл дарддæр цæудзынæн сæрыстырæй.

*РÆСТÆВЗАРÆН*

*Рæстдзинады уд карды фындзыл бадт –*
*Хæццæ æмбырды загъд-замана хъавыд,*
*Цæмæй уыдаид, уыцы комыл сагъд.*
*Лæджы уæнгты хæрæ мигъ тасæй цыд –*
*Рæстдзинад зæгъын, царды аргъау, басгуыхт,*
*Кæй ма æндæвтой тутт кад æмæ цыт?*

*Мæ иу къух фидар иннæйыл хæцыд,*
*Тæсмæ мæ дзырд зæрдææхгæдæй дардтон,*
*Ыстæй ныррызтæн – уый та мыл цы цыд:*

*Куынæ фæразон сæппарын мæ дзырд,*
*Рæстдзинады фарс мардæй дæр куынæ уон,*
*Куыд хъуамæ хуыйнон уæд, мæ фыд, дæ фырт?*

Мæ тыхст фыд чысыл арæдзæ-мæдзæ кодта æмæ ныхъхъус стæм: кæд афынæй уаид, кæд нал æнкъарид йæ хуылфы дзæнгæлтæгæнæг рыстытæ. Фæлæ уайтагъд хæрдмæ фесхъиудта йæхи дзурынмæ:

– Яша!.. Яша!..

Яша Калманы кæстæр лæппу уыд: æвзонг, рæхснæг, милрихи, æппынæдзух — зынгæвæрдау. Йе стыр цæстытæ æмæ йæ урс-урсид дæндæгтæ æнæсцухæй æрттывтой сæ хъарм мидбылхудтæй. Йæ лæппуйы бонтæ батонын дæр ын цыма нæма бантыст, афтæ дыууæ лæппу æмæ дыууæ чызджы хъуымызбылæй ныууагъта йе 'взонг æмкъайæн, йæхæдæг æрдæгæхсæв куыстæй тагъд кодта йæ сабитæм хæдтулгæйыл æмæ байста йæ зронд фыды ингæн. Фæлæ уый кæд уыдис! Цæмæн æй æрымысыд уал азы фæстæ мæ рынчын фыд?

– Цы кодтай, мама? Кæм ис Яша? — йæ цæстытæ тарст ирд куы фæкодта, уæд уайтагъд алæууыдтæн мæ фыды уæлхъус. Мæхæдæг дæр фæтарстæн.

– 0, дæ фæхъхъау фон, о... – йæ былтæ базмæлыдысты бахудыны номыл. – Мæ уæлхъус слæууыд. Сæрфта йæ цæссыгтæ. Нал, дам, мæ уадзынц. Ракæн, дам, æй æнæмæнг.

О, дунескæнæг! Цы сты адæттæ? Цæстсайæнтæ? Æви уыцы, не ´нусон дуне кæй хонæм, уым æцæгæй ис цыдæр? Нæ цард уым адарддæр кæнæм?!.

– Уый, Яша дæ чындзæхсæвмæ хуыдта. Нæхи Нугзар бинонты кой бакодта. Ус ракуырдта.

– Чи?

– Нæхи Жорайы лæппу. Бинонтæ ´ркодта. Райсом – сæ чындзæхсæв. Чысыл раздæр нæм хонæг уыдис...

– Хуыцау, дæ рын бахæрон... – ныррухс йæ цæсгом. – Æгайтма уæ дзæбæхæй уадзын... – æмæ та ´рцъынд кодта йæ цæстытæ.

«Ау, æцæг æрцыд йæ царды кæрон? Ау, æцæг нæ хъавы ныууадзынмæ? Æмæ йæ уæд йæ царды фæстаг уысм уæддæр цæмннæ ´ндавы йæхи уд?» – æз дæр та дуармæ мæхи аппæрстон: мæ маст æмæ мæ цæссыгтæ нынныхъуырынмæ.

Кæдæй нырмæ уыдис рынчындоны! Нæ разы йын æнгуз бæласы цонгæй йæ цæвæг ничи райста. Къæвдатæм сызгæ йæ ком, уæддæр мæм кæны фæрсæджы каст: цы хабар у?

Азты уæз митбадт æргъомæй уæлдай нæу, фæлæ мæ фыд зæрыбонмæ цæвæджджынты разæй фæцыд. Уæд дæр хъæугæрон, Уæлвæндаджы хуым карстой. Кæстæртæ йæм ныхасæппарæн бакодтой, хистæры хатырæй дæ уадзæм разæй кæрдын, зæгъгæ.

Хъазынæнхъæл сын уыдис, фæлæ сæ ныхас æцæг хуыз куы иста, уæд йæ халас рихийы бын фæзынд йæ фæлмæн мидбылхудт:

– Хæснаг скæнут, чи нæ кæй уис байса. Урс æмæ сау хинайгæйæ нæ бæрæг кæнынц?

Æвзонг уд æнæрцæф у, куыннæ сæ хъуамæ бафæндыдаид хæснаг скæнын?!. Бригадир йæхæдæг уыд. Мæ фыд. Уæд ма колхозы куыстбонтыл фыдæбон кодтой,

æмæ сын кæд сæ уистæ байстаид, уæд разы уыдысты, сæ уыцы боны фæллой ныффыстаид йæхиуыл, кæннæуæдæг уымæн дæр йæхи боны хъиамæт фæуæгъды иннæ цæвæдджджынты пайдайæн.

Цыппæрдæс цæвæдджджыны сæ кæрæдзийы фæдыл рарæгъ сты зад хуымы сæр. Цыппæрдæс цæвæджы ныхситт кодтой æмхуызон. Фæлæ сæ зарæг уайтагъд схæццæ. Уистæ хуымы ныхмæ, ´мдзæвгæйы рæнхъытау, цыдысты æмраст, стæй, цæмæй даргъдæр уыдаиккой, уæнгтæ дзы сæрибарæй айвазæн уыдаид, уый тыххæй хуымы дæллаг фæрсты цæхгæр, дæргъæй-дæргъмæ фæзылдысты кæронæрдæм.

Æвзонг лæппутæ айвæзтой сæ габæзтæ. Се 'нæрхъæц удтæ, сатæг æнгузау, хъавыдысты сæхи хъузгтæй агæпп кæнынмæ дæр. Æрдæг километры дæргъæн уистæ сæ зæрды уыдис уыцы расæрфтæн ракъуырын. Куыннæ сæ фæндыдис сæ кæрæдзийы разæй фæуын дæр. Ноджы куы ауыдтой, уистæ кæм фæзылдысты, уымæ хæстæг зронд лæг сабыргай, йæ фæстæ, комбайнау, фæдуадзгæ, фæхизы сæ рæзты, уæд фæхæццæ сты. Æгæрыстæмæй, нал аурстой сæ кæрæдзийы зæвæттæ ракъуырыныл...

Уый сæ цыма хъуыды дæр не ’ркодта. Фæзилæны сын, мидбылхудгæ, се ´рдæг уистæ аппæрста сæхирдæм.

Æмæ сыл æнæхъæн хуымгæрдæны ссивджытæ æмæ сихордзаутæ сæхи рахастой худæгæй. Ноджы сын, мæгуыр, зæронд фæуæлахизуæвæг сæ кусгæбонтæ нæ бакуымдта æмæ сæ уый иууыл амардта.

Ау, ныр йæ цæвæгæн нал уыдзæнис йæхи аккаг тыхджын цæвæдджджын? Ау, згæ йæ хъуамæ бахæра?

Æрцæуудзысты ногæй хосгæрдæн, хуымгæрдæн æмæ та уыцы уæззау фарст ногæй æрлæуудзæнис мæ зæрдыл. Стæй иунæг хатт нæ.

***ДÆ ЦÆВÆГ***

*Кæрдæг кæрдæгыл тыхсы,*
*Уис пыхцылсæрæй хуыссы,*

*Цæвæгæй ысхаудта къух,*
*Куыст уæддæр нæ кæны цух.*

*Цæвæг фелвасы йæ сæр.*
*Хурмæ акалы цæхæр,*
*Фарсты йысанау лæууы,*
*У йæ фарст: кæм нын дæ ды?*

*Сау маст зæрдæйы нæ сысы...*
*Баба, цæвæг дæр дæ мысы.*

Æрдгæхсæвмæ ´рцахста йæ хуыз. Йæ цæсгомы цæх ацыд æмæ йæ зæрдæйы рухс хъардта йæ уадултæй. Йæ хъæлæс лæмæгъ уыд, фæлæ ма йæхимæ дзырдтæ бæлвырд дзурыны хъару ардта. Улæфгæ-улæфгæ нымадта, адæм иууылдæр бирæгътæ куы фестой, сæ кæрæдзийы хурхытæм дæндагæй куы лæбурой, лæджы хуыз топпы кæсæнæй куы агурой, уæддæр сæ исчи кæй хъуамæ разына зондджындæр, се 'хсæн хидæн кæй хъуамæ слæууа, æмæ уæд кæй никуы фесæфдзæнис адæймаджы ном. Адæймаг кæй уыдзæнис æнустæм.

Æз та хъуыды кодтон, хæрды номыл йæ хъуыры кæдæй нырмæ ницыуал ауагъта, ууыл. Зæгъын, йæ ахсæн куы скусид, уæд та йе уæнгты ахъарид йæ тых. Слæууид йæ къахыл. Æмæ фæтарстæн мæ хъуыдыйæ мæхæдæг дæр: йæ уæрджытæ йæ куынæуал урæдтой, уæд цæхгæр «нæ» цæмæн загъта хæрдæй та?

Мæ зæрдыл æрбалæууыд, дæс азы размæ йын йæ мисындзæгыл куы соперац кодтой, уæд ын дохтыртæ куыд дзырдтой, ома, дыккаг хатт карды бын нал бафæраздзынæ æмæ дæ рæстæгмæ дæ дзыппы бахъæудзæнис авг хæссын. Мисындзæгæй авгмæ та – резинæ хæтæл. Доны хуыппæн.

Уæд мæ фыд йæхæдæг йæхимæ бахаста марæн кæрдтæ – адæмы ´хсæнмæ афтæмæй куыд хъуамæ рахизон, гормæттæ? Фæлтау, дам, мæхи рынчындоны рудзынгæй аппардзынæн. Æмæ уæд баци йæ бон мæрдтæй æрыздæхын. Ныр æй йæ уæрджытæ куынуал уромынц,

уæд мыл, ома, исчи æлгъгæнгæ йæ былт куы акъуыра, кæд уый тыххæй нал ауагъта йæ хъуыры хæринаджы номыл хуымæтæджы доны хъуыртт дæр? Æмæ йæ нырмæ куыннæ ´рцахста мæ хъуыды та?

Ныззоныгуыл кодтон йæ разы. Æрæвæзтон ын мæ хъуыры цъар, иунæг комдзаг уæддæр цæмæй айса.

– Нæ, нæ, нæ, мæ хур... Уымæй мæм ма хат, – баскъуыдта йæ уд, стæй йæ ныхас фæивта цæхгæр. – Ацыт. Баулæфут.

Мæн та фæндыд йæ уæлхъус лæууын. Мæн та фæндыд йæ дзыхы ныхасмæ хъусын, йæ хуызмæ кæсын.

– Арвит сæ уæллаг хæдзармæ, – мæн æмæ ме ´фсины тыххæй  бахатыд мæ мадмæ, цæмæй йæм хæринаг бахæрыны тыххæй мауал хатыдаин.

– Хъæды нæ уыдтæн. Кæм бафæлладтæн? – хъавыдтæн йæ ныхмæ сдзурынмæ. Фæлæ мæм нæ байхъуыста.

Уæддæр йæхи ныхас акодта:

– Сом хъуамæ улæфт уай. Æз дæр аулфон. Нæма бон кæны?

Зæгъын, æвæццæгæн ын феххуыс йæ уæзæджы фарн. Фæсæрæндæр. Æвæццæгæн мæ райсом йæ зæрды чындзæхсæвмæ ´рвитын ис. Ме ’мкъай, сывæллæттимæ схызтыстæм уæллаг хæдзармæ. Æмæ мыл уыцы тæфст æркодта фæстаг бонты фæллад. Уæддæр мæм мæ фынты дуар рæдывта чидæр. Хоста йæ тымбыл къухæй.

Фæгæпп кодтон.

Мæ мады ризгæ хъæлæс хъуыстис фæсдуарæй. Дуар хойгæ нæ, фæлæ къæрцц-кърцц кодта йе ’нгуылдзы ныхæй. Дзырдта мæм:

– Мелитон, дæ фæхъхъау фæуон... Ма фæтæрсут.

– Куыд у мама?

– Ма фæтæрс. Чындз тæригъæд у. Сывæллæттæ... Дæ фыд цардцух нæ уыд...

«Нæ уыд...»

О Хуыцау!.. Уæдæ, мæ уый тыххæй расайдта? Уæдæ, йæ уымæн фæндыдис, райсом цæмæй улæфт уон? Уæдæ, мын, адæймагæй адæймаджы ’хсæн цæмæй хид уон уымæн фæдзæхста?..

Уый уыдис 1984 азы цыппурсы мæйы 7-æм бон, æхсæв бонырдæм куы фæкъул, уæд, райсомы 5 сахатыл.

Арв цыма топпы нæмыгæй цæрдхуынкъ фæцис. Мæй базздадис рухсдзастæй. Кæцæйдæр цыд митхас…

О мæ мæгуыр фыд, боны рухс ма уæддæр куы федтаис!.. Цæмæн-иу æй афарстай, уæдæ?!.

***ДÆ КЪУХТÆ***

*Дæ къухтæ –*
*уæзæгæвæрд æмæ дæрзæг,*
*дæ риуыл*
*æнарæхст дзуарæвæрдæй лæууынц.*

*Хъавынц,*
*сæ тæлфын ахуырæй*
*ыстъæлфынмæ хъавынц,*
*уæддæр дын, рæхысау,*
*æлхъивынц дæ риу...*

*Мæр-иу, мæ боныл,*
*куы кæна чъырццæ,*
*уæд-иу сæ куыд мысдзæн...*

*Фæрæты ком-иу*
*куы кæна ызгæ,*
*уд-иу сæ куыд мысдзæн...*

*Галы хид рагъ-иу*
*куы кæна дыз-дыз,*
*уæд-иу сæ куыд мысдзæн...*

*Мæ боныл,*
*дæ фæстæ кæуыл уыдзæн*
*тулдзы цъæх аппæй фæрстæ…*

Рутенæн йæ уæрджытæ йæ быны кæнынц, уæддæр йæ фырт Ефим бацыд йæ дæлармы, зæронд лæг йæ

къæдз лæдзгæй хойы йæ урс сæр, уæддæр æй æркæны йæ мадызæнæгыл фæкæуынмæ.

*О, мæ бон бакæла, мæ хъулон æфсымæр...*
*Кæстæр куы дæ,*
*уæд мын мæ сау ингæн цæмæн исыс?*
*Фæлæ мæгуыр ды нæ,*
*мæгуыр æз дæн,*
*сайдæй кæуыл рацыдтæ,*
*«Уæ, мæ мадызæнæг!» – бакæуæг*
*кæуыл нал уыдзæн!..*

Мæ хотæ ныттымбыл сты нæ мæгуыр фыды алыварс. Тонынц сæ рустæ, сæ бындзгуытæ. Нал сæ ис уромæг. Цыма сæ кæрæдзимæ быцæу кæнынц – «Нæ æз æй фылдæр уарзтон!»

– Кæцæй дæм æрцыд уыцы зæрдæниз?! —тъизынц алырдыгæй.

Дис, цæугæ йæм куынæ ´ркодтаид, уæд æнæмæнг ууыл бакодтаин.

– Зронд лæгæн фæндаг раттут, – бадзырдтон сæм. – Уæхиуыл фæхæцут. Афганистанæй йæ не ‘рластам!

– Афганистанæй йæ не ’рластам, фæлæ, уæдæ, цардæй сфæлмæцыд? – фæбадтысты мæ хъуыры.

Цардæй цæмæн хъуамæ сфæлмæцыдаид, йæ зæрдæ æмæ йæ хуылфы низтæ куынæ уыдаиккой, уæд: дæлæмæ дæр, уæлæмæ дæр цыппарыссæдзæм азы уыдис. Æмæ уыдон цы сты ´ндонвидар лæгæн?

*Фæлæу, ма атагъд кæн, Ресо.*
*Фæлæу мæнмæ дæр.*
*Иумæ нын æнцондæр уыдзæнис цæуын...*

Рутен куыдта ставд цæссыгæй...
Мæ фыды фæстæ ´ртæ къуыри дæр нал ахаста.

Фæстаг бонты зымæг йе ссыр æвдыста – хъызыдис, уарыд мит... Ныр хур æрхызт зæхмæ: ай цы хабар у?

Мæгуыр кæрцæн фылдæр фæччитæ вæййы. Ирыстон йæ хъæбулты «хæрзиуæг» æмæ йе знгты фыдæхæй къуымтæ-къуымтæ у. Йæ иу кæронæй уасæг куы ныууасы, мæнæй тыхджындæр нæй, зæгъгæ, уæд ын алырæттæй йе ´мсисонтæй сæ кæрæдзийы хынцмæ мингай дзуаппдæтджытæ куы фæвæййы, нæ, æз дæуæй зынаргъдæр дæн, зæгъгæ, афтæмæй Ирыстоны цъассытæй исчи фæдисы хъæр куы ныккæны, судзгæ хъарæгимæ йæ уыргтæ куы сцæйкалы, æмæ мах та саудзыдзыда æмæ къуырмайы ´фсон куы скæнæм – ницы федтон, ницы фехъуыстон, мæныл ницы хæс ис, зæгъгæ, уд-иу мæгуыр лæджы ´мкъай, цот æмæ хæстæгæй, хъæубæстæй, зонгæйæ сæхи цæмæн æхсынц сæ цæссыджы? Горæттаг мæсæллæйгæнджытæй бирæтæ сæ бинонты гуыбын æмæ рагъæй цы машинæтæ ратыдтой, уыдон ныууагътой нæ хъæуы бын рæбыны æмæ астæумæ мит æмæ цъыфы лæгæрдынц чысыл Ногхъумæ, мæ мæгуыр фыдæн фæстаг хæрзбон зæгъынмæ. Цæуынц мæм худист, сæркъулæй, æвдисынц сæ зæрдæты хъынцъым. Мах та – мæ мад, мæ хотæ, ме ´фсымæртимæ нæ цæссыг тыхныхъуырд кæнæм.

Æрбараст мæм Хъуынджынæрфыг дæр. Йæ куыдзы бызгъуырты хуызæн худ – йæ къухы. Йæ иуæггай, ивзыд сæрыхилтæй йын хъазы уддзæф. Йæ цæстæнгас мын не ´вдисы, ныссагъта йæ зæххы. Ризы йæ къух. Кæлы йæ сæнары туаг тæф. Йе ’мкъай дзы мæрдтæм фæлыгъд тæргай, йæ кæстæртæ – йæ кой, йæ хъæр ын кæдæм нæ хъусой, уырдæмыты.

– Фæмаст кодтон... Къацо, уый æнхъæл дзы... афтæ раджы… – ризы йæ хъæлæс, цыма йыл æцæгæй фæрыст.

Куыдзы ничи суры йæ хæдзарæй. Уæлдайдæр ахæм рæстæджы, фæлæ йын, уæдæ, æндæр куыд кæнгæ у? Куыд ын бакæнон? Ницы уал зонын мæ сæрæн. Мæ фыды ´фсæрмæй мæ мастыл хæцын дæндагæй.

«Адæм иууылдæр бирæгътæ куы фестой, сæ кæрæдзийы хурхмæ дæндагæй куы лæбурой, сæ кæрдзийы ауыæттæ топпы кæсæны куы агурой, уæддæр сæ иу хъуамæ разына зонджындæр; се ’хсæн хъуамæ

сбæзза хидæн, æмæ уæд адæймаджы ном нæ фесæфдзæнис...»– мæ хъусты кæцæй нæры мæ мæгуыр фыды хъæлæс?

Зæхх мæ цæстыты раз кæны тæссар-мæссар. Змæлы… Кæлынмæ хъавы мæ къæхты бын. Мæ зæрдæ ма лæууы ´рдуйыл. Тæрсын, уыйбæрц адæмы куынæ баурома нæ чысыл уæзæг. Цынæ вæййы, мыййаг, куы 'рцуа, Иры дзыхъхъы чи никуыма ´рдыдис, ахæм хабар –зæхх куы фæцуда нæ быны, куы ацæуа тæссармæ. Мæ мæгуыр фыд куы фæуа æлгъыстаг…

Ау, уыйбæрц адæмæн уыдис дæ бон хорз ракæнын?

Ау, ды рæдигæ никуы кодтай? Ды алкæмæй растдæр уыдтæ? Цæмæй сын æлхæдтай сæ зрдæтæ? Æви æппынæдзух адæймаджы ном бæрзонд æвæрын уыдис дæ царды нысан?

Мæ бон ма дын цы у – нæ уæлмæрды иууыл бæрзондæр бынаты дæ бавæрын, цæмæй зынай дардмæ, дауджытæм уай хæстæгдæр.

Афтæмæй дæм зæхх æнхъæлмæ кæсы комхæлиуæй. Йæхи афтæ ´вдисы, цыма дын исты хорзы бацæуынмæ хъавы. Цыма не 'нæзонгæ у – æлгъин лæгау, йæ дзыппы цы аирвæза, уымæ тъымы-тъыматы дæр мауал æнхъæлмæ кæс раздахынмæ.

О, дæ бон ныккалай, зæхх!.. Удæгасæй мæ мæгуыр фыды, бæмбæгау, рогæй куы истон, ныр æй цыппар æфсымрæй куынæ фæразæм, уæд æй, уæдæ, Ды куыд уромынмæ хъавыс æнустæм? Æви дæхæдæг æнцой кæныс ахæмтыл?

## ДÆ ДУРЫЛ ФЫСТÆЙ

Зæххыл рæстаг лæгæй фæцардтæ,
Уыдис дын адæмы ’хсæн кад,
Ызнаджы скъуыхтыл дæр-иу радтæ,
Æмæ нын рухс дзæнæты бад.

## ФЫСТÆДЖЫТÆ...

### РАЗНЫХАСЫ БÆСТЫ

Федтон, дæ уд, дæ уарзт, дæ цард дæр искæмæн дæттай. Æнæ уыцы исчи суртæ, уадзгуытæ кæнай. Йæ уындмæ бæлгæйæ дын дон доны ад мауал кæна, цард – царды ад. Дæхи уд дæ ферох уа æмæ йын йæ иу фендыл цæрдудæй мæрдтæм цæуай.

Федтон, дæ ис, дæ бис фæстаг тæппы онг искæй разæй скæнай æмæ дæ ацы дунейы, дæ цард-бон кæмæн дæттыс, уый амондæй дарддæр мацыуал æндава.

Вæййы, дæ цард кæмæндæр нывонд кæныс, дæ уд дæр ын тъыссыс йæ хъуыры æмæ дæ нæ риссы, нæ риссы, нæ риссы...

Карк дон куы аназы, уæд ма хæрдмæ скæсы. Дундуне кæронмæ ничи ма федта. Ничи дæр æй сæрæй кæронмæ басгæрста. Фæлæ мæ уыцы фæндаджы райдайæнæй, мард ыл макуы ´рцæуа, ме ‘взæр æрфыг хордта. Аивæй-иу мæ рахиз армы амонæн æмæ астæуккаг æнгуылдзтæн аба кодтон. Ме ‘взæр æрфыг-иу дзы тагъд-тагъд рæвдаугæ асæрфтон. Æртæ хатты! Хуыцау æртыгæйттæй нымад уарзы. Афтæмæй мыл ницы фыд æруадздзæнис – дардтон ыл мæ зæрдæ.

Æмæ дын уый мæ хъуыддæгтæ. Систа æмæ йæ маст, йæ уды рис, йе ‘гъуыссæг æхсæвтæ скодта мæ разæй. Хуыцау нæ. Хуыцауæн – табу. Мæ токласы æмбæлццонæй зæгъын… Нæ поездвæндаг цардарæзтмæ гæсгæ иу купейы кæимæ баиу, уымæй.

Фæлæ нæ ныхас сæрæй райдайæм.

### ÆНÆЗОНГÆ ÆМБÆЛЦЦОН

Сылгоймæгтыл сусæг-æргом… Рæузонд, зæгъон, æмæ уанцон рæузонд нæу… Чи зоны, цымыдис… дæр ис

зæгъæн... Æмæ цард æнæ уыдон царды ´нгæсæн кæй тыххæй нæ уаид, уыцы сылгоймæгтæ искуыдæм балцы куы фæцæуынц, уæд бæстон бадт скæнынц диван кæнæ къæлæтджыныл æмæ сæ телефонтæ сзынг вæйййынц:

– Байхъус-ма, байхъус... Фæлæу-ма, фæлæу... Кæд цæуы, загътай? Æмæ Сау денджыз нал бæззы улæфынæн? Адæймаг дзы сау кæны? Мæ мард фенæд, бæстон мын æй чи нæ зæгъа: æцæг у... уым... дæхи бар куынæ уай, уæд, дам, дын сау саби райгуырдзæнис? Æз дис кæнын, абхазæгтæ æмæ цæхджынтæ цæмæн саудзалыг хæссынц!.. Æмæ нæ Урс денджызмæ чи нæ уадзы?!. Мæ мард макуы фенай ды...

Фæлæ худын нæхиуыл фæхъæуы. Лæг дæ æмæ дæхицæн развæлгъау æмбæлццон æрцагур. Æмфынгон дæр. Дæ зæрдæйы сагъæстæ кæй зæрдæмæ ныдздзурай, ахæм дæр. Де ‘мбæлццон быцæу ныхасæн дæр хъуамæ уа. Уæдæ, быцæу ныхасмæ æндæр искуыдæм, – искæй купейæ зæгъын, – æмæ æндæр купемæ цæудзынæ?

Фæлæ дзы мæныл цы ‘рцыдис, ахæм хъусгæ дæр никуы фæкодтон. Никуы дæр ыл хиирхæфсæн чин-гуыты сæмбæлттæн, кæд дунеон литературæ сæрæй кæронмæ нæма ацъыкк ластон, уæддæр.

Цæвиттон, токласы купейы нæма æрбæстон дæн. Мæ хызынтæ мæ тæрхæджы бын тъыстытæ кодтон, афтæ мæ уæлхъус æрбалæууыд иу æнафоны хъулонзачъе, саувæлыст, бæрзонд, æрхæндæг шляпæджын.

Йæ бакаст – аив. Къæрцциту. Йæ уæзбын фезмæлд мæм йæ бадт зондылдзурæг фæкаст. Уæддæр, сæрæйкъæхтæм саувæлыст кæй уыдис, уымæ мæ зæрдæ фæкъæпп кодта. Аивæй та мæ сусæг батæ «ме ‘взæр» æрфыгæн нæ бавгъау кодтон. Мæ фæндаг мæ мады фæндиаг кæй нæ уыдзæнис, уымæй нæ фæрæдыдтæн.

Цалдæр хатты ацархайдтон лæппулæгимæ аныхас кæныныл, фæлæ Хъулонзачъейы дзуаппытæ уыдысты бынтон цыбыр. Сур. Æргомæй: «Ныууадз мæ мæ адыл», – чи загътаид, ахæмтæ.

Дæ сæр кæй нæ хъæуы, уымæн ды йæ сæрæй цæххойæн дур аразыс? Æмæ йæ æз дæр ныхъхъуыдты

кодтон. Мæ сæры бын æрнорстон тымбылкъухæййас базгонд. Æд спортивон дарæс бафæлдæхтæн мæ хъæдын тæрхæгыл æмæ кодтон рæстæгмарæн. Фæндагыл дæ цæсты хаутæ сæ кæрæдзийыл æфсонæн куы авæрай, уæддæр уый тыхдæттæг у.

Хъулонзачъе куы базыдта, хъыгдарæг æй нал ис, уæд йæ сау, чысылгомау хызын байста йæ хъæбысмæ. Цыдæр гæххæттытæ дзы фæрафæлдах-бафæлдах, фæуындтытæ кодта, стæй дзы систа газеты тыхтон. Тынг куыннæ хыбар-хыбур кæна, афтæ йæ райхæлдта. Ме ´рдæгцъынд цæстыты хауты ´хсæнты уыдтон, цыдæр фыст хицæн гæххæттытæ, гæххæтты гæбæзтæ йын дзы уыдис. Каст сæ хæлофæй. Рæстæгæйрæс-тæгмæ-иу баззад дзагъырдзастæй. Цыма-иу йе ´гомыг цæссыгтæ лæдæрстысты, афтæ-иу мæм фæкаст. Фæлæ сæ купейы нымæг рухсмæ мæ бон æххæстæй рахатын нæ уыд. Уыйтагъд-иу ын сæ амбæхста йæ хъулон зачъе.

Куы та-иу йæ сæрыл ныххæцыд дыууæ къухæй. Йæ цæстæнгас-иу ныдæгъд фыстæджытыл. Æмæ цæуыл катай кодта, кæуыл уыд йæ сагъæс, ацу, ды йæ рахат. Йæ къæхтыбынæй, уæззау улæфтытæй йæ мæ уд хатыд. Зыдтон æй, цыдæр сау маст ын йæ зæрдæ, сау калмау, цъиры. Хæры йæ æнæхъæнæй. Хъæуы йе ´нцой, йæ фарсмæ балæууын. Ныфсытæ йын æвæрын. Фæлæ цæмæй? Куыд? Нæ йæ бафæндыд мемæ дзурын. Нæ зонын, кæцæй цæуы. Кæдæм дары йæ фæндаг? Цы ис йæ зæрдæйы? Не сразы, ныккæсон ын йæ рыст удмæ…

Мæ боны дæлæ-уæлæйæ, фæндагмæ мæхи рæвдз кæнынæй, рæстæгмæ хæдзарæн хæрзбонгæнгæйæ, æвиппайд куыдзы фæллад куыд ныккодтон, уымæн ницы фæхатыдтæн. Нæ базыдтон, мæ цæсты хаутæ куыд æруæззау сты, куыд афынæй дæн…

Ракастæн купейы дуары къæрцмæ. Тагъд-тагъд æй бакодта чидæр. Ауыдтон Хъулонзачъейы. Фæдугъ кæны кæдæмдæр.

– Рæвдздæр! Рæвдздæр!.. Ныртæккæ анкъуысдзæнис… Æй, уæ ратджытæн фæхъхъау фæуат, кæд уæ ахæм фынæйы дзæкъултæй цы кæнынц?!. – сыбар-

сыбурæй кæмæдæрты хæцы кондуктор сылгоймаг. Уæддæр мæ нæ фæнды мæ цæстытæ æххæстæй бакæнын. Ноджы ма куы арæдзæ-мæдзæ кæнин, уый домы мæ зæрдæ…

Æмæ та цыдæр фæдæн. Стæй ме ´ккой уыдис цыдæр зылынбаст æргъом. Куы мын хаугæ кодта… Куы йæ фæразгæ нæ кодтон… Йæ аппарын дæр мæ нæ фæндыдис… Афтæмæй йæ хастон, удхаргæнгæйæ. Мæ хидкалгæйæ. Мæ уд дзы кодта мæ хъуырмæ. Фæлæ, цы уыдис, уый нæ зыдтон.

Æххæстæй куы райхъал дæн, уæд купемæ боны рухс кæлын райдыдта. Мæ фыццаг хъуыды уыд: раст зæгъы кондуктор. Ныффынæй дæн æд дарæс. Ныр цымæ кæцы сахат у? Мæ сахат кæм ис? Мæ цонгыл нæй. Мæ дзыппы дæр ма хъуамæ уа. Кæд нæ рæдийын, уæд æй купейы чысыл фынгыл æрæвæрдтон. Мæнæ, æцæг…

Хъулонзачъе афтæ хæлоф, афтæ сагъæсгæнгæ цы фыстытæ кастис, уыдон дæр газеты тыхтæй – йæ фарсмæ. Æмæ уыцы сæррæтт фæкодтон: «Цы фæцис ме ´нæзонгæ æмбæлццон?!.»

– Фæлæу!.. – газеты тыхтонмæ февнæлдтон. Уыцы сыбар-сыбур ныккодта. Цыма мын цыдæр сусæггаг дзырдта. Ома, макæмæн æй зæгъ. Уæддæр рагæпп кодтон æддæмæ. Поезд йæ тых, йæ бонæй схойы размæ. Бæлццæттæй алчи тоны йæ фынæйы хай – цыбыр кæны йæ фæндаг. Кондуктор дæр фæзмы уыдон. Чи йæ зоны, кæм стæм? Кæм ахызтис Хъулонзачъе?

Кондукторы райхъал кæнон? Уымæ сæ раттон? Æмæ уый цæмæй зоны, йæ бæлццæтты? Кæнæ йын сæ чи зоны йæхи? Цы ис тыхтоны? Хъулонзачъе сæ уадзгæ ныккодта? Рох æй фесты? Кæугæ сыл кодта?..

Хуыссæнхъæлдзæгæй алыхуызон фарстытæ сæ кæрæдзи сурынц мæ хъуыдыйы. Бафæндыд мæ базонын, цæмæн æвдæрзтой ме ´мбæлццоны зæрдæ? Цæмæн сыл куыдта? Цы сæ ис ахæмæй æмæ цæмæн сты ме ´рмтты?

Мæхи афтæ хатын райдыдтон, цыма ме ´нæзонгæ ´мбæлццоны раз истæмæй азымджын дæн. Æфсæрмы

дзы кодтон мæхинымæры. Фæлæ, цы акодтаин æрдæгталынг вагоны, уымæн ницы зыдтон.

Фæстæмæ баздæхтæн купемæ. Газеты тыхтон куы ´рцæйæвæрдтон йæ раздæры бынаты, уæд мæм уыцы тæригъæддаджы цæстæнгасæй скаст.

– Цы уын кодтон, цæмæн мæ раппар-баппар кæнут? – цыма мын уайдзæфгæнгæ афтæ дзырдта.

Æмæ дзы фæкъæмдзæстыг дæн. Сабыргай йæ райдыдтон халын. Тыхтонæй зæгъын. Газет мын уыцы æмырæй, уыцы æмбæхстæй, уыцы хъавгæйæ цыдæртæ сыбар-сыбур кæны мæ хъусы. Цыма мæ цыдæр æмбæхсынмæ хъавы. Цыма мын цыдæр зæгъын дæр ис йæ зæрды. Фæлæ мæм йæ цæсгом æххæстæй нæ хъæцы.

«Цæй, чидæр, дам, йæ усæй æфсæрмы кодта æмæ æнæзæнæгæй баззадис.» Ноджы уыцы ´мбисонд кæцæй æрбалæууыд мæ зæрдыл?

Адæймагæн цынæ хъуыдытæ ´рцæуынц йæ сæрмæ, диссаг у? Чи сæ кæдæм фæцæвы, чи сæ кæм фæхуыфы, уыдæттæн хатт нæхæдæг дæр ницы фæзонæм.

Цыма искæмæй… Растдæр зæгъгæйæ, цыма уыцы Хъулонзачъейæ исты радавтон, уый хуызæн уыдтæн. Газеты тыхтон мын хъыдзы кодта ме ´рмттæ.

Уæддæр тыхтон райхæлдтон. Кæйдæр къухтæй архайæгау. Æвæндонæй. Æмæ уадиссаг, цыма, нæ фæрæдыдтæн. Æцæгæй дзы кæд уыдис фыстæджытæ. Лыстæгфыст фыстæджытæ. Чи – æнцъылдтæй. Чи – итувæрдæй. Чи – æрдджытæй…

Æмæ сæ кæсын райдыдтон, сæ ныффыссыны амындмæ гæсгæ, куыд æвæрд уыдысты, афтæмæй. Чи зоны, раст нæ бакодтон? Чи зоны, адæмы рæгъмæ сæ кæй хæссын, уымæй дæр бынтон раст нæ кæнын?

Уæд хатыр курын сæ ныффыссæгæй дæр, Хъулонзачъейæ дæр, чи сæ кæса, уыдонæй дæр. Фæлæ мæм афтæ дзуры мæ зæрдæ, цыма… цыма сты чысыл хæзна. Алчи дæр кæй хъуамæ зонид, ахæм хæзна. Стæй сын сæ хицауы ссарынæн хуыздæр амал не ссардтон.

Мæ хъуыдыйæн сымах фæут æвдисæн.

**ФЫСТÆДЖЫТÆ, ФЫСТÆДЖЫТÆЙ СКЪУЫДДЗÆГТÆ…**

***

Кæй дæм фыссын, уый дæм диссаг ма фæкæсæд. Фæлæ, тæхуды, чи амæлы! Фарастæй 25 минуты рацыд, æмæ ныридæгæн куысты дæн иунæгæй! Сæнтдзæф йæ дзæгъæлбаззаинаг машинæ цалцæг кæнынмæ кодта, æз та – фæнды мæ æви нæ, фæлæ рацу йемæ.

Нæйы, нæма цæуыс куыстмæ уæд кæмæдæр æнхъæлмæ кæсын – чидæр мæм хъуамæ æрбацæуа хæдзармæ. Чидæр – хæдзармæ!.. Æмæ сæумæйæ уымæн нæ комын куыстмæ!

О, тæхуды, адæмæй хъæр кæмæ хъуысы, ахæм лæг кæмæн ис! Нал у мæ бон йемæ! Омæ, цы хæрæджы мыггаг сты, æз ахæм диссаг никуы ма федтон.

Иу гыццыл дæм зулмæ фæкæсинаг исты ссарæд, уый йеддæмæ, аст азы дæргъы цæуылдæриддæр смæсты, иууылдæр сæ фæуæлхур кæны. Мæлынæй дарддæр дæм ницы уал цæудзæн.

Цы бадон иунæгæй куысты, цы уынгæджы бон мыл ис?!. Цалынмæ иннæтæ не ´рбацæуой, уæдмæ æз 9 сахатмæ цы аразон?!. Фæлæ бадын, мæгуыр мæ бон, уынгæджы боны бадтæй…

Хæрзаг дуаргæстæ зæгъынц, зæгъгæ, ацы дзæгъæл сылгоймаг… хæдзарæй сырд дæн.

***

Ацы мæй дæр та мыл маст æмæ хылæй сæмбæлди! Цы ма фæуон, уæдæ, цы?!. Куыд ма йын уон хуыздæр? Уæдта мын æй исчи куы бацамонид!..

Ды-иу ма смæсты у. Æз – æнамонд! Ды та цы кæныс? Ме ´намондæй ды цæмæн хъуамæ уай хайджын? Фæлæ, мæ маст кæмæн радзурон, чи мæ бамбара, иу ахæм адæймаг дæр мын нæй. Æмæ мæ уды риссæгтæй ды дæр хайджын кæныс.

Цы гæнæн и?!. Дæуæн дæр къуырийы дыууæ къуырисæры ис! Сæ иумæ фенхъæлмæ кастæн, фæлæ нæ æмæ нæма зыныс. Æвæццæгæн, мыл дыккаг нал æрцæуудзæнис. Мæ фыдæнæн ды дæр æрымысыдтæ цыдæр командировкæтæ æмæ ирхæфсыс, дæ уды дзæбæхæн дæхи ахъаззаг ирхæфсыс Мæскуыйы. Бæллиццаг æмæ ´нæфенддаг Мæскуыйы!..

Куы зонис, куыд зын мын у мæ рæуджытæ уæлдæфæй байдзаг кæнын. Æгæрыстæмæй, мæ бон зæрдæбынæй сулæфын дæр нæу. Æртæ боны мæ зæрдæ йæ риссынæй не ´нцайы. Цæугæ кæнон, дзургæ, хуыфгæ, уæззау улæфт – риссы æмæ риссы.

Суанг мæ чъылдымы, зæрдæйы акомкоммæ, мæ уоны бынмæ дæр риссы, дуды æмæ судзы. Æнæрайы фæуинаг зæрдæ.

Куы зонис, ам куынæ дæ, уæдæй нырмæ цас фыдтæ æвзарын! Æгайтма, нæ уыдтæ ам. Куы дæ уынын, уæд мын уæлдай нал вæййы, исчи мæ уыны æви нæ, исчи мæ исты зæгъдзæнис æви нæ, мæ сæр ме ´нæраны митæй басудздзæнис æви нæ – ныры уавæры куы вæййын, уæд та дæм мæхи баппарын æмæ баппарын.

Афтæ мæ уæлдай тынгдæр фæфæнды, куынæ дæ фæуынын, мæ фарсмæ куынæ вæййыс, уæд. Æпынæдзух дæ куы уынин, мæ зæрдæ уымæ фæтырны. Æмæ, æгайтма, ам нæ дæ. Адæм уымæн сæфынц, уымæн. Фæлæ уый æмбарынхъом алчи нæу. Алчи йæхи удыхъæдæй, цардмæ йæхи цæстæнгасæй цæры.

Куы зонис, мæ алыварс дуне куыд мæнг æмæ афтид вæййы, ды мæ цуры куынæ вæййыс, мæ хъуыды дыл куынæ ´нцой кæны, уæд. Куы зонис, куыд зын мын вæййы цæрын, мæ удмæ дæ ахаст æвввахсæй куынæ хатын, уæд. Куы зонис, куы зонис, куы зонис!..

Цымæ алчи дæр, йæ удмæ хæстæг адæймаджы йæ фарсмæ куынæ фæуыны, уæд ын цард ахæм зындон фесты? Афтæ мæм кæсы, цыма горæты æрдæг дæр нæй ам. Мæ алыварс уыцы саумылазон мигъ бады. Хур дæр ма уыцы мынæг тынтæ тыхлæмæрст кæны. Бонтæ афтæ ныддаргъ сты æмæ сын кæрон нал ис.

Нæ, талынг цъус тагъддæр авæййы. Быны диссаг æхсæвтæ систы. Мæ цæстытæ ныуурс вæййынц боны æрбацъæхтæм. Афтæмæй мæ уд æрзайы телефоныл – уæд та æрцыдтæ, уæд та æрбадзырдтай?.. Уæд та?..

Мæзæрдыйæ нæм æрмæст ды не ´рбакæныс дыууæ дзæнгæрæджы. Дыууæ зæлланджы ныккæны телефон æмæ ныхъхъус вæййы. Цыма искæй баххуырстай. Цыма нæм исчи ´рбадзуры дæ бæсты. Цыма мæ исчи мæстæй мары. Æмæ дæм, гæнæн уæвгæйæ, уайтагъд адзурын. Фæлæ дзуаппдæттæг нæй. Æрра кæнынмæ мæ бирæ нал бахъæуы – кæм дæ?!.

Æз дын абон дæ фырты куы федтон. Рулыл. Коммæ йæм фыццаг хатт кастæн. Цыдис ме ´рдæм. Растдæр зæгъгæйæ, ме ´рдæм скъæрдта машинæ. Лæмбынæг æм ныккастæн. Чи зоны, рæдийын, фæлæ мæм йæ мады æнгæс тынг фæкаст. Уыцы тæрхъусы æнгæс у – æнæхин, сыгъдæг, æргомзæрдæ. Нæ зонын, йæ зæрдæйы цы тæлфы, фæлæ мæм йе ´ддагбакастæй тынг сыгъдæгзæрдæ æмæ хиуылхæцгæ фæкаст.

Рацæй цыдтæн рынчындонырдыгæй, уый та мæ ныхмæ цыд сабыргай. Куы зонис, йæ фендæй мыл цы хур ракаст! Ау, æппæт уыдæттæ мын искуы Хуыцау ныббардзæнис?!. Куыдфæнды йæ барæм, чи мæ хъуамæ сраст кæна? Цыма мæ куы зыдтаид, уæд мыл машинæ æрбаскъæрдтаид, афтæ мæм фæкаст. Раст нæ дæн?!. Ойы, раст дæн, раст!

Фæлæ сæ мадæн мæнæй ма тæрсæд. Ахæм æнæсæр нæ дæн æмæ сын смаст кæнон. Нæй, нæй. Уый никуы уыдзæнис! Рæстæгимæ алцы дæр ацæуы. Чи зоны, æз дæр фервæзон мæ абоны мæстытæй. Æндæра, мæхæдæг дæр бафæлладтæн ацы ´рвылбонон хъуырдухæнтæй. Оу, куыд сæ бафæлладтæн! Фæлæ нæй æмæ нæ зыны сæ сыгъдыйы кæрон.

Никуы никæмæн бауыдзæнис йæ бон бамбарын мæ абоны ´лгъыст уавæр. Æрмæстдæр мыл ахæм бон куы ныккæнид æмæ демæ бадынæй уæддæр куы бафсæдин. Нæ кæрæдзийæн нæ зæрдæтæ кæронмæ куы раргом кæниккам! Æндæр ницы.

Уæд мæ дæндæгтæ сæ кæрæдзимæ нылгъивин. Ме ´ппæт фыдтыл дæр хъæцин. Фæлæ нæй. Уымæн никуы уыдзæнис гæнæн!

18. 11.00

***

Омæ та фендзынæ, уæдæ! Фæлæу! Æнæхъæн бон мæ фенхъæлмæ кæсын кодта æмæ стæй, уыдон куы ´рбацыдысты, уæд мæм чъызгæ фæдзырдта. Иуцъус ма алæууыдаис уыцы сыгъд фæзуаты! Стæйдæр реактивон хæдтæхæгау ратæхы куыстæй, æвиппайды йæм куынæ фæдзурай, уæд. Цыма мæнæн мæ авналæнтæ мæхи фæндиаг сты. Уæлдайдæр, ацы зæрæдтимæ.

Ацы хæррæг-Еговæй быны-бынтон нал фæразын. Ус феддæ вæййы, искæимæ абада, асусу-бусу кæна – æмæ дзы фервæзын чысыл. Фæлæ уый хъуамæ дæ алыварс цъилау зила, стыррыны хуызæн.

Мæ сæр æхсадтон, ды куы фæдзырдтай, уæд. Уый фелвæста телефоны хæтæл. Стæй мидæмæ бабырыд æмæ дæм уæд адзырдтон. Нæ дæм хъуыст мæ ныхас. Зæгъын, мидæгæй дæм фæдзурон. Уый дæр уæдмæ ахызт дуармæ. Фæлæ ды цыдæр фæдæ ме ´намондæн.

Афтæ уазал нæм у – мæ зæрдæйæ уазалдæр æмæ мæ уд сгæппæввонг сси. О, о, æцæг зæгъын! Сынтæгмæ дæр мæ нæ фæнды. Уым дæр уазал у. Омæ, ахæм уазал куынæ дæ ды, уæд цавæр уазал мæйы райгуырдтæ?!. Июны мæйæ декабрмæ мын ис гуырæнбонтæ. Дæ фæстæ та мæ хойы гуырæн бон у.

Бауырнæд дæ, дæ фыстæг дын нырма æдæрсгæ кæсынæй нæ бафсæстæн. Æз дæр æй ниц-ц-цæй тыххæй нæ аппардзынæн. Ды дæр сæ, æвæццæгæн, уымæн не ´ппарыс?!. Æмæ фæнды уыдон афтæ æвæрд æмæ лыстæг фыстæй дар, фæнды æз ныццæуон Т…-мæ æмæ йын мæ зæрдæ йæ къæхты бын æрæвæрон.

Раст нæ зæгъын? Тынг бирæ хицæндзинад дзы нæй! Æрвылæхсæв дæ ном мæхинымæры дзургæйæ куыд бафынæй вæййын, æрвыл райсом дæ номимæ куыд райхъал вæййын æмæ мæ уыцы хъуыддаг куыд

сафдзæнис, афтæ сты ацы фыстæджытæ дæр. Фæлæ сæ уæддæр фыссын мæ уды фыдæнæн.

Уæддæр цæмæдæргæсгæ æууæндын, иу рæсугъд бон сæ кæнæ судзгæ кæй бакæндзынæ кæнæ мын сæ фæстæмæ кæй раздахдзынæ. Донласты ма хуылыдз кæнын цæмæн хъæуы?!.

Фæлæу, фæлæу, фæцæй та мæ рох кодта. Ныр дын иу бон куыстæй фæцæуын æмæ мын де ´фсымæр-æрвад мæ фæндаг куы ´рыхгæнид. Нæ зонын, кæд дын хъыг уа, уæддæр мæ к…ы ´фсымæр уæд. Афтæ, гъе. Фыдрасыг. Йæ къухы – автомат.

Нæ дæ хъæуы зæрдæ!.. Уынгæджы мæ фæкодта – æз, дам, дæ кæцæйдæр тынг хорз зонын.

Зæгъын, æз дæ нæ зонын. Уый мæм ныййирд. «Æрхъуыды… æрхъуыды… æрхъуыды ма йæ кæн», – дзуры мын. Ома, æрхъуыды йæ кæн, кæцæй дæ зонын, уый. Æз ын дзурын:

– Нæ дæ зонын. Никуы дæ федтон, – сусæгæй та йын бакæсын йæ сыгъдыйы автоматмæ. Æмæ æвиппайды фæцæуæг дæн, тарстæн дзы, фæлæ.

Стæй мын афтæ, ома, хорз, æндæр хатт дæ фендзынæн. Стæй йæ иу бон нæхи æрраимæ фæцæй цæугæ федтон машинæйæ. Æмæ йæ афарстон, зæгъын, уый чи у. Хъæр ын æй не скодтон. Йæ зонд ыл уæз кæны? Æмæ, дам, афтæ æмæ афтæ уый, де ´фсымæр у. Æмæ дын æй уымæн зæгъын – ницы дарын уæ мыггагæй æмæ уæ автоматтæ æруадзут!

Æцæг дзы афтæ тынг фæтарстæн, афтæ æмæ ма мæ къæхтыл тыхæй лæууыдтæн. Не ´рраимæ зонгæ сты, фæлæ йæ æз никуы федтон. Йæ кепкæ худимæ – хулиганы хуызæн. О, о! дæбæх æм бакæс!

Цæй, цытæ ма афыссон. Ахсæв та, дам нæ, кæйдæр загъдау, нæ фыдбоны сыхæгтæ дардæй ракетæтæ æмæ танктæй æнауæрдонæй æхсдзысты æмæ раджы хуыссын нæ уæндын. Се ´хсынмæ куы фæхауын арвмæ, уæд мæхи ницы уал хуызы фæахсын. Ахæм схауинаг зæрдæ мын ис, гъе! Æцæг, ныр 11 сахаты у. Цафон та ныл уардзæнис нæмыг-къæвда?!.

Дзургæ дæр мæм куынæ уал фæкодта! Ацы ирон экстремист, террорист, нацист!.. Мæ тæригъæдист!.. Федтай?!. Æз дæр зонын ног дзырдтæ аразын.

Ой-й, æцæг, цыдæр ракетæтæ тæхынц. Æцæгæй эстремисттæ, террористтæ, фашисттæ æмæ нацисттæ уыдæн сты! Ныр бынтон нал уæндын хæдзары иунæгæй. Тæхуды, æдасæй ма чи сбон кæны йæ уаты, уый къона! Раст, иунæгæй куы вæййын, уæд хъуамæ ´нæмæнг исты ´взæр æхсæв уа.

Ныр, дæ цуры куы уаин, уæд мыл сæмбæлæд ракетæ æмæ мæ ныууæнггай кæнæд. Уырндзæн мæ, чидæр мыл æцæгæй кæй фæрисдзæн. Æцæг рыстæй. Æнæуый мæ амæй ницы уал уырны æппындæр. Куы амæлон, уæддæр æгуыдзæг афтæ зæгъдзæн: «Йæхи аххос уыд». Алцы дæр мæ аххос фæвæййы. Уый та æд бинонтæ – дзуары цырагъ. Рухс чи нæ кæны, ахæм дурцырæгътæ.

Хорз, хорз, хорз! Ницы уал дын дзурын. Цыма мын ды тæрхонгæнæг вæййыс, кæнæ мын исты хæсджын дæ, уыйау дын дæ разæй скæнын мæ маст.

«Виновата, виновата, я сама себе не рада».

03. 11.00

***

*«Твои сплетни меня не страшат.*
*Говори обо мне все, что хочешь.*
*Я не дам моим страстьям увять.*
*Не старайся напрасно, не сможешь.»*

Ныридæгæн – 12.30. Æз нырма бадын. Ды кæныс фынæй. «Нæ» ма зæгъ. Дзырдтон дæм 11 сахат æмæ 40 минутыл. Фæлæ нал систай хæтæл. Раст дæ тæккæ фынæйыл уыдтæ.

Дæхи цы ныггом кодтай. Бамбæрз дæхи. Сымахмæ уазал у, – мах нæ газы пец скусын кодтам, – æмæ дæ уазал бацæуыдзæн. Бамбæрз дæхи. Бамбæрз дæхи, мæ зæрдиаг. Æз дæр дæумæ кæсгæйæ уазал кæнын.

Æниу, цæмæн бадын. Фæлæ тæрсын. Уæдта ма цынæ вæййын. Афтæ æрæгмæ никуы цыд. Куыйтæ дæр

ниуынц. Афтæ тынг тæрсын. Цыфæнды хыппæй дæр фесхъиуын. Уæддæр нæ хуыссын.

Афтæ тынг мæ фæнды демæ иучысыл уæддæр æмæ уæддæр аныхæстæ кæнын. Фæлæ ˊнафон у. Куы зонин, æнæмæнг мын ды сдзуапп кæндзынæ, уæд дæм, гъай-гъай, фæдзурин, мæ къона. Ма тæрс. Дзурыныл не схæцин. Æрмæст дын фехъусин дæ хъæлæс: «Хъусын!» – æмæ мын ардыгæй райсоммæ уый дæр фаг уаид стыр амонд æмæ æнамондæн.

Ме ˊнхъæлмæ кæсыны рæстæджытæ та райдыдтой, æвæццæгæн. Ныр ын афтæ нал атулдзæнис, фæлæ, уæд-дæр... Бирæгъ йæ кæнон зæнгыл нæ уадзы. Æмæ йын уый дæр ма зæгъ. Æфхæрдыл æй нымайы!..

Уæдæ, кæм ис ацафонмæ, кæм? Ныр дæр æрдзы хъæбысы физонджытæ хæры? Нæ дæр фæрнджын хæ-дзары баддзæнис афтæ ˊнафоны. Уымæн æмæ ныртæк-кæ нæ цард ахæм сæрибар нал у. Адæм иууылдæр, чысылæй-стырæй, фæдисы къахыл лæууынц.

Уый та дзурæг у, кæмдæр дзæгъæл, æнæуаг, сæхи аккаг хæдзары кæй бадынц, ууыл. Мæн куыд бахордта алыран дæр, алы хъуыддаджы дæр, алцæй тыххæй дæр, афтæ мæ куыдзы сæр хæрæд.

Æвæццæгæн дзы нæрдтæ ссардта æмæ мын æдзух афтæ кæны: «Дæхи снард кæн». Цыма исчи мастимæ нард кæны? Не ˊнхъæл дæн.

Куы мæ аскъæфта æмæ уадзыг куы фæци, мæ ма-дитæ мæ фæстæмæ хæдзармæ куы акæнойы адæргæй, уæд æй нæ хъуыди нард æмкъай. Ныр фæйнæрдæм куы акæстытæ кодта, уæд æй æрхъуыди нард цардæмбал.

Æн-наккаг, æдз-дзæс-сгом (мæ фыды хо дæр дывæр дамгъæтимæ фæдзуры ацы «æппæлæн» дзырдтæ)!

Ныр мæ цуры куы фестис! Хуысгæйæ нæ, бадгæйæ. Ныртæккæ дæм телефонæй ныдздзæнгæрæг кæн-дзынæн æмæ фехъал уыдзынæ ды дæр. Афтæ дын хъæуы. Уæдæ, мæн нæ фæнды фынæй кæнын? Фæнды.

Дæу аххос мын нæу, зонын æй. Фæлæ ды ацафон мæстхæлдæй куы бадис, уæд æз афтæ фынæй кæнин?.. Хуыррытт фынæй кæнин?

Тынгдæр худ. Уый мæнæн худæг нæу! Ныртæккæ дæ куы фæгæпп кæнын кæнон, уæд дæумæ дæр худæг нал фæкæсдзæнис. Афтæ.

Нæ, ма тæрс. Мæ цæст дæ нæ уарзы сæхъал кæнын. Æгæр адджын фынæй кæныс. Фыццаг фын мыдæй адджындæр у. Стæй, кæд дæ фыны мæн уыныс, уæд та? Æндæр дын цы ницы зæгъон. Тæлфын дæ фынты…

Æддейæ цыдæр цъиу уасы… æмæ дзы тæрсын. Куыйтæ дæр ыл рæйынц. Уыдон дæр дзы тæрсгæ кæнынц? Æвæццæгæн, уыг у? Кæнæ та – хæйрæг?.. Авд дæлдзæх ныххауа йæ сæры къуыдыр, мæ тæригъæдæй!

Машинæйы уынæр дæр никуыцæй уал хъуысы. Æвæццæгæн, Мацкъулиайы æд машинæ æнæмæнг уыцы мæгуыр Харебайы-фыртæн ныффæлдыстой. Уас ын нæ фыдбоны сыхæгтæ, – адæм сæ иууылдæр, кæйдæр фæзмгæйæ, афтæ хонынц, – фæлдыст фæуæнт, кæд сын цы кодта мæгуыр лæг!..

Нал дæм фыссын. Нал мæ фæнды хъуыды кæнын. Бафæлладтæн. Ныр æнафон у – 20 минуты 2. Райсом дæр мын, æвæццæгæн, æнцондæр нæ уыдзæнис æмæ та дæм мæ фыстæг уæд адарддæр кæндзынæн.

Куы кæсай мæ хабæрттæ, уæд-иу мыл ма худ. Мæ удæн фенцондæр уайы тыххæй сæ фыссын. Æдылы дæр мæ ма фенхъæл. Афтæ мæ удæн æхцондæр у. Мæ маст мæ хуылфы дæр нал цæуы. Уæдæ, æндæр цы фæуон? Мæ фыдтæ дæуæй хуыздæр кæмæн радзурон, чи мæ бамбара дæуæй дарддæр, уый мын нæй æмæ мын никуы дæр уыдис.

Дысон æрбацыди æрдæгæхсæв – æртæ сахаты ´рдæгыл. Абон та – авд сахатыл. Кæйдæр ма ´рбакодта йемæ. Нæ сыхаг лæппуйы. Мæн дæр сбадын кодта йæ цуры – «Любимая жена!» Федтай?!. Йæхæдæг дзуры, кæм уыдис, кæимæ хæтыд.

Кæй зæгъын æй хъæуы, йæхи хуызæн, хæлд, сæфт сылтимæ. Йæхæдæг фыдæлгъыст кæны йæхицæй, ома, мæн чи нæ уарзы, æнæхъуаджы мын чи маст кæны, уый.

Хæйрæг, чи, дам дæ фесæфта? Æмæ, дам, мæхи – мæхæдæг. Уый дæр æлгъыста йæхи. Æмæ, уадз æмæ æлгъита йæхи. Уыцы «рæдау» сылгоймæгтæ, дам, цыма, мæнмæ, хæлæг кæнынц, хорз лæг дын кæй ис, уый тыххæй. Кæсыс, дам?!.

Æмæ, зæгъын, ацу æмæ се ´ргъомы баст фæу. Уыдоны хъæуыс æмæ сæ хъуыры аирвæз. Мыды къæртт сын фест æмæ мæн ныууадз мæ мæгуырыл, хорз фосы мыггаг! Зæгъын, ардæм мауал быр.

Ды мын ныххатыр кæн. Мæ мæстыйæ дын мæ рыстытæ де ´ргъомбасты ´вæрын, фæлæ дын ма уæз кæнæнт. Цæмæй мын чысыл уæддæр фенцондæр уа, уый тыххæй, мæ зæрдæ кæмæн бакæнон, уый мын æндæр ничи ис. Æмæ табу – Хуыцауæн. Æндæр мæ ничи хъæуы!

***

Мæ ацы фыстæг дæм уыдзæнис фæстаг. Бафæлладтæн æрвылбон цыргъ карды комыл цæуынæй. Фæлæ дын абон ма раргом кæнон мæ зæрдæ, уый мæ бон нæу. Уымæн æмæ зæрдæ сау мастæй акалд йæ хъуырæй. Ницыгæнæг сылгоймаджы мастæй ма чидæр фæхайджын вæййы æмæ дæм диссаг ма фæкæсæд мæ ми.

Фæлæ цæмæн? Цæй тыххæй? Искæй аххос кæнæ зондæй æнамонд нæ дæн. Æцæг, искæйау æз дæр базонин хорз лæгимæ цæрын. Уыдæтты йеддæмæ ма кæд æз дæр акæнид сæрбæрзонд цыдтытæ!..

Дæуоны тыххæй нæ зæгъын. Раст мæ бамбар. Фæлæ раскъæфгæйæ ницы ис. Цыфыддæр, цы хъæбæрдæр ныхасæй дарддæр ницы фехъуыстон аст азы дæргъы. Йæхи æвдисынмæ та – диссаг!

Мæ къахбавæрд æмæ мæ маст сиу вæййынц уыцы сыгъдыйы куысты дæр. Сыскъуыйой, иууыл мæнагурæг свæййынц. Уым нæ дæн æмæ амæрддаг у, иу хæдон дын уæрæх кæимæ у, уыдонмæ. Фæлæ алчи дæр йæхицæн æмбал агуры. Дæ хорзмæ ничи бæллы.

Æз та ахæм æнамонд дæн æмæ доны сæрты куы ахизын, уæд уый дæр басур вæййын. Æмæ дын лæгъстæ

кæнын, кæд æрмæст нæ адджын ахастæй разы нæ дæ, уæд мæ ныууадз. Нæу дын мæ бон уымæй фылдæр исты раттын. Бамбар мæ, дæ низтæ, дæ нывонд, дæ фæхъхъау. Рæдыд фæндагыл мæ ма акæн…

Омæ, алкæмæн дæр мæ рыст удæй æз хъуамæ тæригъæд кæнон? Мæн мачи хъуамæ æмбара? Тынг хорз æй куы уыныс, нæдæр мын куысты ´рдыгæй ис уый фадат, нæдæр – хæдзары…

Абон кæй фæтæргай дæн æмæ къахæй кæй ацыдтæн куыстмæ, уый тыххæй дæр масты хай фæдæн. Æмæ цыхуызæн масты! (Дзурыс мæм, дæ нывонд, телефоны, фæлæ дæм æз нæ фæдзурдзынæн.)

О, уый зæгъын мæ фæндыд: æз дæ амæйразмæ дæр уарзтон. Фæлæ уый афтæ нæ нысан кæны æмæ æз истæмæ тырныдтон. Цыдæр мæ фæндыд, ома? Нæ, никуы. Афтæ куы ахъуыды кæнай, уæд раст нæ уыдзынæ, нæ. Мæн та, раст уай, уый фæнды.

Алы адæймагæн дæр бар ис æмæ йын исчи уа адæймаджы идеал. Æмæ дæ, чи зоны, фæнды, мæнæн уый ды куынæ уыдаис. Фæлæ хъуыддаг афтæ рауад. Мæн хуызæтты ничи фæуарзы. Тыхджын дæ куы фæнда, ма дæ уарзон, уæддæр мын ницы, ницы дæ бон у – абсалютно! Мæ царды никуы никæй уарздзынæн сексуалон æхцондзинады тыххæй. Никуы дæр мæм уыдис уыцы хъуыды.

Демæ, куы йæ зоныс, мæ уд фæулæфы психикон æгъдауæй. Дæ цуры мæм сæвзæры цæрыны монц. Æмæ уый æххæстæй куы зонис, уæд мæ уырны, кæй йын аргъ кæнис. Æндæр мæ кæй ницы домис.

Чи зоны, зæгъай, ома, алцæмæй дæр мæхæдæг дæн аххосджын. Фæлæ уый ма зæгъ. Ды уæддæр зоныс мæ ахастытæ Æхцайылмардимæ. Мæ намыс мын уый бар нæ дæтты, исты дзы хъуыды дæр акæнон. Уæддæр дзы йæ цæстытæ ныссагъта. Йæ фыдгойæ не ´фсæды.

Зианæй куы рацæй цыдыстæм, уæд мын Æхцайылмард машинæмæ йæ сæрæй акуыввта. Æмæ куыд æнхъæлыс – бæстæ та иннæрдæм фæфæлдæхт. Алы фыд мын фæкалдта.

Дыккаг бон тынг фæрасыг æмæ æрдæгфынæйæ дзæнгæда цагъта – нывгæнæг, нывгæнæг кодта. Ælгъыста йæ. Удæгас æй нæ ныууадздзæнис, дзырдта.

Кæцæй кæдæм? Æдæрсгæйæ дæр мæм куы никуы ′рбакаст, уæд ын цы кодта? Дæхæдæг тæрхонгæнæг фест. Макуыдæм ацу. Мачи дæм æрбацæуæд. Мачи дæм фæдзурæд. Макæмæн раарфæ кæн. Мачи дæр дын арфæ ракæнæд. Чидæр дæм цæмæн схудт? Кæмæ схудтæ?

Æмæ нал у мæ бон, нал. Фæдисхъæр кæнын, фæлæ мæ уды рис никæмæ хъуысы. Æгæрыстæмæй, дæумæ дæр. Дæу дæр, цы хуызæн дæн, ахæмæй нæ хъæуын… нæ хъæуын… зонын æй.

Фыссын дæм, тæрсгæйæ, фæрсагфæйнæгыл. Мæ хъус æм дарын, макуыдæм та ахъуыза. Йæ гуыппытæ æмæ та йæ хъæр хъуысы йæ хуыккомæй. Кæд ма мын бантысид, ацы фæстаг фыстæг дæм раттон исты хуызы, уырнгæ мæ тынг нæ кæны, фæлæ…

Мæ хъуыдытæ дзурынæн нæ дæн. Алцы дæр мæ ферох вæййы. Тæрсгæ дæр фæкæнын. Æххæст дæм уæндгæ дæр нæ кæнын. Тынг дæ фефсæрм вæййын. Бауырнæд дæ. Иу мæнг ныхасæй дæр мæ зæрдæхудт фæкæнæд Хуыцау…

Куыд тынг мæ фæфæнды, атыхсон дыл. Куы дыл ацинтæ кæнин. Ацауындзæг уон дæ хъуырыл… Фæлæ хъæд фестын. Дойнаг дур. Æнæуый та дæм мæ сæнтты куыд фæтырнын! Цæйнæфæлтау мæм дæу тыххæй кæнæ дæумæ мæн тыххæй исты маст æрхауа, фæлтау амæлон. Уæддæр мæ цард ницы у. Хур алкæуыл æмæ алцæуыл дæр кæсы.

08.01.02

***

Мæнау хъуыдыйаг фæуæд ме сфæлдисæг…

Куыд тынг мæ фæфæнды, искуы куы сбон уаид!.. Фæлæ дзы куыд фæтæрсын!.. Куыд тынг мæ фæфæнды, дæуæн исты хорзы куы бацæуин! Фæлæ мын куынæ бантысы, стæй ма дæуæй дæр æнæаххосæй уæззау, зынуромæн ныхæстæ куы райсын, уæд мæ зæрдæ

уæлдай тынгдæр куыд фесты дойнаг дур… уый ничи зоны ме ´намонд удæй дарддæр.

Æвæццæгæн, уарзт карыл баст никуы уыдис, æндæра, кæцæй кæдæм?!. Дæ чингуытæ дын куы фæкæсын, уæд мæм бынтон æгад æркæсынц мæ хъуыддæгтæ. Дæ куыстыты бынмæ фенæн ис – 1971 аз, 74, 76 æмæ афтæ æндæр азтæ – ме скъолайы ахуыры азтæ. Æз дамгъæ дамгъæйы фæстæ тыхæйты куы фæлгъуыдтон, ды уæд ахуыргонд уыдтæ. Зонадон чингуытæ фæлдыстай! Зынгæ, æмбаргæ адæймаг. Æз та?

Ныр дæр – афтæ. Æз дæуæн… Афтæ мæм кæсы, мастæй дарддæр хорздзинад никуы ´рхæсдзынæн. Нæ! Нæ мæ фæнды хорз дын саразон, уый тыххæй, мыййаг, нæ. Мæ уавæртæ, мæ рыгъд фезмæлæнтæ мын бар нæ дæттынц. Нæдæр мæм ахæм хорздзинад исты ис æмæ дзы искæмæн хай бакæнон. Уæлдайдæр, дæуæн. Мæ царды алы фæндагыл дæр – саст, æдых. Мæ сомбоны цард, бирæтау, нæ уынын рæсугъдæй, бæллиццагæй.

Рæстæг афтæ у? Нæ мæм зындис раздæр дæр!

Уый мæм фыны, арвæй Цыкурайы фæрдыг куы ´рцæй хауд, æз йæ размæ цингæнгæ куы лыгътæн, мæ къухтæ йæм куы сдардтон æмæ ме ´нгуылдзты ´хсæн лыстæг згъæлæн куы бацис, растдæр уæдæй фæстæмæ зонын, цы у мæ абон æмæ цы уыдзæнис мæ сомбон.

Уæд ма чындзыцыд нæ уыдтæн, афтæ федтон уыцы фын. Мæ фыды мæгуыр хо тынг фæмаст кодта, куы йын æй дзырдтон, уæд. Ныр ма дæу тыххæй цæмæдæр, кæдæмдæр фæтырнын. Фæлæ ма цы хъауджы у – фæнды дæ уарзон, фæнды – нæ. Уæлдай низ, уæлдай удæфхæрд, уæлдай цæссыг, уæлдай рыст у. Фæкæсын æмæ та фæстæмæ – мæхи цард. Дæу дæр æнамонд кæнон?

Цыфæнды куы ´рцæуа, уæддæр ницæуыл æууæндын. Мæнмæ ды цы ахаст дарыс, уый мæм кæсы тар фыны хуызæн. Нæ мæ уырны, бынтон æцæгæлон адæймаг мæ æцæгæй уарза, уый. Цæй тыххæй мæ уарзыс? Цæй охыл? Тынг бирæ сылгоймæгтæ сты мæн-æй рæсугъддæр, зонддæжындæр, хъæздыгдæр. Дæ иу бахудтæй сæхи хониккой амонддæжын. Æмæ мын

æппынæдзух æнцой нæ дæтты иу фарст – фыны нæ дæн, царды мæм амонд æцæгæй худы?

Афтæмæй мæ бон у дунейы цæвиттонтæ хæссын, æцæгæй амондджын кæй уаин, уый тыххæй. Зæгъæм (Зонын æй, ивгъуыдæй дын цыдæр цау куы фæдзурынц, уæд æм уарзыс хъусын)…

Æрмæст ыл хъуамæ ´нæмæнг басæттай. Чи зоны, æз рæдийын, уæд æй раст нæ бамбæрстон æмæ ´мбарын. Иу хатт, Æхцайылмард нæ куы фæхуыдта, уæд бадтæ мæ ныхмæ. Уыдис? Уыдис. Æз æнæуый дæр тынг уæндæгтæй нæ уыдтæн, уæлдайдæр, фынгыл. Стæй мæ ныхмæ бадтæ **<u>Ды</u>**. Мæ агуывзæ, – уым дæр – æнамонд, – цъæл уыд. Баивтай мын æй ногæй **<u>Ды</u>**. Кæдфæнды-иу дыл мæ цæст акъуырдтон, кастæ-иу мæнмæ. Куы мæмиу цы ´рбалæвæрдтай, куы – цы. **<u>Ды!</u>** Стæй та мæм цыдæр хæринаг лæвæрдтай. Нæ дзы райстон. Нæ йæ уарзын дын загътон. Ды тынг смæсты дæ. Фæстæуæз абадтæ. Нал дæр нуазгæ кодтай. Фæлæ кастæ мæнмæ. Стæй, дæлзутаг æрбацыд, байрæджы кодта, афтæмæй. Æрбадт мæ цуры. Уый дæр дын тынг æхсызгон нæ уыд. Уайтагъд æй рахатыдтæн.

Дæуæн цы хæринаг аздæхтон, уымæй мæм куы бахатид уый дæр. Ды фестъæлфыдтæ. Арафт-бафт кодтай. Зæгъгæ, йыл æгæр ныттыххæй æмæ дзы исдзæнис – æнæмæнг афтæ ахъуыды кодтай мæнæй. Бамбæрстон æй. Æниу, мæ уды хос куы фестадаид!..

Æз æнæуый дæр – æргъæвст, ноджы ныргъæвстæн. Стæй, – мæн тыххæй, дам, уыд, – цыдæр ракуывтай. Дæхуыдтæг æй загътай бынтон æрæджы. Фæлæ, цы куывд уыдис, абон дæр æй нæ зонын. Зæгъ ма мын æй – куыд уыд? Кæд ма йæ хъуыды кæныс?

Æз раст дæн æви нæ? Чи зоны, дæ уавæр дын тынг хорз нæ рахатыдтæн? Фæлæ мæнмæ афтæ фæкаст. Гæнæн ис, афтæ мæ фæндыдаид æмæ йæ мæхицæн уырнын кæнын. Ды мын æй зæгъ.

Уæддæр куыд фыдырдæмыздыхст у мæ хъысмæт. Æппынæдзух мæ ´вдæрзы. Йæ уды быцъынæг тоны, цæмæй мæ раздæр фервæза. Æдзæсгом! Адæм афтæ нæ

дзурынц, адæймаг, дам, куы амæлы, уæд йæ уд ноггуырды буары бацæры? Æмæ уæд уыцы ног адæймаг дæр мæнау хъуамæ æнамонд уа?

02.03.02

1993 – марты 2-аг бон = 2002

9 азы сæххæст мæ удхайраг цардыл.

P. S. Хорз уыдис, фыстæгыл абоны бон фæнысан кодтон. Æндæры ацы мæйы ацы æлгъыстаг бон мæ зæрдыл не ´рлæууыдаид, афтæмæй йын æрвыл аз дæр æвзæртæ фæфæлдисын.

00.05 минуты

***

Нал мæм дзурдзынæ? Уæдæ мын афтæ цæмæн загътай фæстаг хатт?..

Омæ дын цы кæнын? Æнамонд адæймаг уынгæ макуы фæкæн, фæлæ хъусгæ дæр никуы фæкодтай? Алцы мæн аххос цæмæн кæнынс? Хорз æй куы уыныс, цы митæ мын кæнынц, мæ алыварс чи ис, уыдон. Цы нæ дæн, уый дæр мæ хонынц. Цы сын кæнын, ницы зонын мæ сæрæн. Æз дæр уыдон хуызæн дæн. Мæхи сæ уæлдæр не ´вæрын. Дæхæдæг мæ хорз зоныс. Искæй дзыхырадавинаг уон, исчи мæ йæ къæхтæ сæрфа, уымæ дæр никуы ´руадздзынæн мæхи.

Кæм мæ ничи уына, уырдæм ацæуон? Æмæ, уæд, кæдæм? Кæм мæ чи бамбардзæн? Кæм ссардзынæн удæнцой мæ рыст зæрдæйæн?

Мæхæдæг дæр уадиссаг ницы уал зонын, адæмæй ма мæхи цы фæкæнон. Цы дæн, – хорзæй дæр, æвзæрæй дæр, – афтæмæй мæ сфæлдыста Хуыцау æмæ дзы мæн азым бынтон дæр ницы ис. Нæ сахуыр дæн, æз дæр дæуау, – цыдæртæ дыл ахуыр кæнын, – мæ сæрмæ нæ хæссын искæй раз сæркъулæй лæууын.

Никуыдæм мын ис фæхауыны уавæртæ дæр. Стæй уыцы «искуы» дæр кæй æхсæн цæрдзынæн, уымæн чи цы зоны? Мæ хиуæттæн мæ фенд калмы фендау кæм у,

алы уысм мын цы фыддæр ракæноныл кæм сты, уым мын æцæгæлæттæ хорзæй цы ´рцæттæ кодтой? Цæй тыххæй сæм хъуамæ тындзон?

Зонын æй, бафæлмæцын дæ кодтон. Мæ хъысмæт у ахæм. Мæхæдæг дæр хуыздæр уавæры нæ дæн. Нал у мæ бон сусæг маст хæрын. Сусæг низ исын зын у. Дæхи загъдау, кæддæр, дам, мæхæдæг кæмæндæрты куыдтæ кодтон, ныр, дам мын ды афтæтæ кæныс. Æз дæр – афтæ: тыхæй мæ-иу арфæ домдтой, æндæр, дам, ницы...

Ныр æз та дæуæй домын уыцы хуымæтæджы арфæйы дзырд – уымæй дæр тынг зæрдæбынæй: æнæдзуарыхайы цæстæй-иу мæм макуы ´рбакæс. Ма дæр мыл уæззау ныхæстæ цæв. Ды зоныс афтæ. Æз уыдон дæуæй не сфæраздзынæн…

Уæддæр та ногæй райстон мæ фыссæн æмæ… бæллицты базыртыл тæхын фыдгæнд нæу. Уæлдайдæр, мæ къона, дæ цард царды хуызæн куынæ уа, уæд. Афтæ нæу? Æргом мын æй зæгъ.

Ныххатыр мын кæн, телефоны дæм арæх кæй дзурын, уый. Цы тых мæ æппары уымæ, мæхæдæг дæр ын ницы зонын. Цы бар дæм дарын? Ницы. Æцæгæлон адæймаг дын дæн. Ницы бар дæм дарын. Ницы бар мын ис, дæ уды, дæ царды мæхи тъыссон, уый тыххæй. Афтæмæй мæ удмæ дæ иууыл æввахсдæр, фæлæ уыимæ иууыл дарддæр адæймаг. Дæ иунæг фендæй баруайын, ме ´фсæр бандзыг вæйййы. Мæ буар нал фенцайы йæ ризынæй. Мæ дзурæнтæ мæ бар нал вæйййынц.

Цы мыл æрцæуы, уæдæ? Мæхи бон дæр нæу мæхицæн дзуапп раттын. Исчи мын цы хъуамæ зæгъа? Æвæццæгæн мæ иууылдæр хатынц. Æмæ мын æй нæ барынц дæу тыххæй. Кæнæ та мæм… чи зоны, хæлæг дæр кæнынц сусæгæй?.. Афтæмæй мæ аныхъуырынмæ хъавынц æндæр æфсæнтты.

Уæддæр дын дзырд дæттын, хæдзармæ дæм нал дзурдзынæн телефонæй. Чи зоны, æрмæст ма куыстмæ? Кæд мын бар дæттай, уæд. Куы зонис, мæ тыхæй цас ахауы, æрмæст дын куы ´рзилын дæ телефоны номыр-

тæ, уæддæр. Æмæ дæм, гæнæн уæвгæйæ, цал хатты фæдзурын!.. Уæдæ дын дæ хъæлæс куы фехъусын, уæд та цы зæрдæйы уагыл хъуамæ уон?

Мæхи дыл цымæ цæмæн сахуыр кодтон афтæ тынг? Цæмæн, цæмæн?.. Уæддæр куы никуы, куы никуы уыдзынæн… Ды куынæ вæййыс мæ цуры, уæд дуне цæмæн вæййы афтид, афтид?.. Хур мыл цæмæннæ уал фæкæсы? Куынæ дæ фæуынын, уæд, амонд цы у, уый цæмæннæ уал фæхатын? Цæмæннæ? Цæмæннæ?!.

Куы базонын, куысты нæ дæ, уæд æз дæр мæ бынат нал æрхъарм кæнын. Бацархайын куыд тагъддæр рацæуыныл, мæ иунæгдзинады аныгъуылын. Цæмæй макæй уынон, макæй ныхас хъусон.

Ау, искуы ма исчи вæййы цымæ ахæм уавæры? Æви æз иунæг-иу дæн, йæ мастыл чи нæ тых кæны, искæй æргъомы йæ чи сбæдты?

Кæй бафæрсон? Кæмæй ракурон æххуыс, мæгуыр мæ бон? Чи мæм фæдардзæнис æххуысы къух? Афтæ цæрын нал у мæ бон. Нал у мæ бон æмæ фæцис! Ау, иу хъусæг мæ ничи ис?!. Афтæмæй куыд бирæты фæнды нæ зæрдæты сусæг æвæрæнтæм ныккæсын? Æз та куыд разы дæн, ды дæр, мæнау, æхгæдзæрдæ кæй дæ.

Æз дæр фæцæуын, æрцæуын æмæ та мæ рыст уд бакъул кæнын дæуыл. Фæлæ мæм ма хъыг кæн. Зонын æй, иу бон сихорафон цъыбыртты сыгъд кæндзынæн кæнæ ацы телефонты радзур-бадзурæй, кæнæ мæхиуыл фæхæцын мæ бон кæй нал бавæййын æмæ дæ кусæн хатæны кæй смидæг вæййын, уымæй. Ойы, уый мæ тынг фидарæй уырны. Уæддæр мæхи басæттын нæу мæ бон. Æмæ уæд æрцæудзæнис мæ удхайраг царды кæрон.

***

Æввахс мæм дæ, уый куынæ фæхатын, уæд вæййын мардæрцыды хуызæн. Нoджы мæм сдзырд нал вæййы. Рафт-бафтæн бахъæуын.

Исчи ма хæстыл бацин кæны?!. Фæлæ, ныртæккæ ды кæм дæ, уым куы райдыдта уыцы джауырты ´рбабырстæй, уæд мын, цыма, мæ зæрдæйы чысыл æх-

сызгон уыд. Зæгъын, кæд уырдыгæй рацæуис. Фæлæ дæ хъуыддаг нæй?!. Нæхи хæстытæй нæма бафæлладтæ?

Æви йæ ды развæлгъау зыдтай æмæ уый тыххæй балæууыдтæ уым? Æз та – æдылы, нырмæ йыл хъуыды дæр куыд никуы акодтон? Кæд афтæ нæу, уæд дæ хæдзар цæмæннæ бацагуырдтай? Загътой мын æй ныр, кæй йæ зыдтай. Дæхи уырдæм уымæн аппæрстай. Цыма нын нæхи дудгæбæттæ фаг не сты.

Иууылдæр дын уый куы фæдзæхстон, уымæ дæм куы фæхатын, цæмæй мæ иунæгæй ма уадзай. Мæ бон нæу æнæ дæу. Нæу æмæ йæ бамбар. Иунæг бон дæр мæ цуры куынæ вæййыс, уæд ныууарынц мæ сæрыл ме ´ппæт æнамонд хабæрттæ дæр. Чи зоны, мæ тыхстæй сæ мæхæдæг ныууарын кæнын мæхиуыл? Ома, мæ цæмæй ды ´рбайрох уай, мæ бон бакæла?..

Мыдыбындз ма хъæстæ зайæгойы мыд ссары. Уый мæм иу зæрдæмæдзæугæ миниуæг дæр ницы хаты. Бынтондæр – ницы. Æви куырм æмæ къуыриа у? Æмæ мæм уый ахæм зын, риссаг æмæ дæлдзиныггæнæг кæсы… Хъусон æм, уый ницы хуызы у мæ бон. Куыннæ дис кæнон – куыд уыдис, цы уыдис, уыдæттæ йæ иууылдæр… куыд, куыд, куыд байрох сты?

Охх, æгæр та райдыдтон кæнын. Бахатыр мын кæн. Куыд уыди: «Рынчынæн, дам, æгасæй дæр Йæ низы кой – йæ дзуринаг», – афтæ у? Æппынæдзух мæм кæуын фæцæуы. Мæ ахуырæй æппынæдзух фæтырнын, фæиуварс дзы уон – фæдзурдзынæ мæм телефоны кæнæ дæм æз фæдзурон, уæдта.

Фыны дæ федтон æмæ, æнхъæл уыдтæн, æцæг æрцыдтæ, фæлæ мæ кæм ис уыцы амонд? Цыма дæм кабинеты уыдтæн. Ды нырма уым нæ уыдтæ. Бадтæн æмæ æнхъæлмæ кастæн дæ телефоны зæллангмæ. Стæй æнæнхъæлæджы ´рбахызтæ кабинетмæ. Куы мæ ауыдтай, уæд тынг амæсты дæ. Хъыг дын уыдис, æнæ дæу бафæрсгæйæ дын дæ дуар кæй бакодтон, уый.

Æмæ ныккуыдтон мæ хъæлæсыдзаг.

Дæхи хъахъхъæн. Афтæ дæм æхсайы мæ зæрдæ, афтæ. Алы фыдтæ мах хъуамæ æвзарæм? Ам – хæст, уым

– хæст. Æмæ афтæ æвзонг дæр нал дæ. Алы тугуарæнты ды хъуамæ уай. Ницы мæ сæрæн зонын, алы ранмæ ды цæмæн æппарыс дæхи, иннæтæ сæхи куы рамбæхс-бамбæхс кæнынц, уæд?

Йæ богътæ та цæуынц. Фысгæ мæ ма ´рбаййафа.

Къау! Бирæ дæ уарзын!

04.11.02

***

Тæхуды, тæхуды!.. æвæццæгæн мæ Стыр Хуыцау рафæлдыста, цæмæй мæ царды æрхæндæг бонтæ æрвитон. Уымæй дæр – тæхудыгæнгæйæ.

Алчи нæ зоны, тæхуды кæнын цæмæ хъæуы, уый. Нæ зоны алчи, сæйраг дзаума, стыр бынтæ, æддаг бакаст (Мæн фыддæр уый тыххæй ссæндынц!) кæй не сты, уый. Уас мæнау тæхудыгæнгæ æмæ бæлгæйæ фæцæрæнт нæ дыууæйы афхæрджытæ, кæд царды фидыц уыдонæй скъуыддзаггæнгæ нæу, уæд!

Æцæг лæджы ныхас дзы макуы фехъус. Æцæг æмбæлон хыл дæр – афтæ. Æппынæдзух – æнæбындур ныхас, æнæбындур, аслам загъд-замана. Куыд тынг мæ фæфæнды, æцæг æмбаргæ, зондджын ныхас мын куы зæгъид искуы. Дæттæй, æз дæр куы фæхатин, зæгъгæ, æмбаргæ, хъуыдыджын фарст æрæвæрдта царды йæхи раз дæр æмæ мæ разы дæр!

Хъуыддаг дæ нæй! Уæддæр кæронмæ нæ ахæсдзæн мæнæн мæ цард йемæ. Фæлæ уал быхсын, фæразын, цалынмæ ма мæ тых ис, уæдмæ. Фæлæ, мæ тых куы фæуа, хъæугæ дæр куы никæй уал кæнон, гъе, раст уæд æрæвæрдзынæн мæ гæрзтæ æз дæр!!!

Фæсмон? Чи зоны! Чи зоны, фæсмон дæр мæм æркæса уæд, фæлæ уал мын абон æндæр гæнæн нæй. Мæ сомбон цыма хаттæй-хатт фæуынын мæ абонæй хуыздæрæй. Фæлæ уал фæразын, быхсын. Адæмы фылдæр хай фыдæбонæн, зындзинæдтæн райгуырынц. Æрмæст хъæуы фидар фæлæууын – æмæ æз дæр лæууын. Цы бон мæ ис? Ницыгæнæгæй мæ чъизи кæнынмæ хъавынц ацы ´лгъыст адæм. Кæимæ цæугæ мæ федтой кæнæ

уынынц? Ӕлгъыст сты ӕмӕ ноджы дӕр ӕлгъыст фӕуӕнт Стыр Хуыцауӕй. Мӕ тӕригъӕд сӕ макӕмӕн батайӕд, кӕд, фыдхъуын, ницӕйӕгтӕ кӕй сты, уый сӕ мӕн аххос никӕмӕн у. Мӕнӕн мӕ абоны цард уый тыххӕй дӕр алырдӕмыты баринаг, хъуыдыйаг фӕци.

Никӕмӕ бахъардта, мӕ зӕрдӕ мын цы сау маст хӕры, уый. Дӕумӕ? Нӕ зонын. Уый дӕр мӕ ʹххӕстӕй нӕ уырны. Фӕлӕ мын дӕ бынаты ʹндӕр исчи куы уыдаид (Цыма ракӕл-ракӕл кӕнынц. Сылгоймӕгтӕ дӕ ʹнӕхъуаджы нӕ фӕдзурынц: «Иу лӕг нӕм ис ӕмӕ уый зӕгъут!»)... Ӕмӕ мын дӕ бынаты ӕндӕр исчи куы уыдаид, – Хуыцау бахизӕд! – уӕд мын уый дӕр абон афтӕ адджын, зынаргъ ӕмӕ ӕнӕкӕрон ныфс уаид.

Рӕуӕг сылгоймаг!

Нӕ, ӕз никуы уыдтӕн рӕузонд, ӕнӕуаг. Ма зӕгъ афтӕ. Хуыцау – ме ʹвдисӕн, нӕ дӕр рӕуӕг исты хъуыддаг сарӕзтон. Дӕхӕдӕг зоныс, мӕ алы дзырд дӕр цал хатты баууилын. Хинӕйдзаг, кӕлӕн сты адӕм. Иууылдӕр мын ӕнӕуынон сты. Се ʹппӕт дӕр!

Мӕ алы къахдзӕф дӕр мын ныр уыдон дамтӕ ӕмӕ думтӕ чъизи кӕнынц. Мӕ урс уӕнгтӕ сындз уӕрдӕхӕй баст сты ӕнӕгъдау, ӕнӕуаг, хин, кӕлӕн адӕмы тыххӕй. Алчи дӕр йӕхицӕн йӕхи хуызӕн ӕмбал фӕагуры. Чи та фынтӕй буц вӕййы. Искӕй счъизи кӕн ӕмӕ дӕ Хуыцауы хайӕ дӕр ма фӕтӕрс!

Нӕ йӕ барын мӕхицӕн дӕр, нӕ! Мӕ бон ыл хъуыды кӕнын дӕр нӕу! Уымӕн никуы зӕгъын мӕ зӕрдӕйы фӕндиаг ныхас ницӕйӕгтӕн. Чи уыд, цавӕр мады хуылфӕй рацыд ахӕм куыдзы тугӕй ӕхсад адӕймаг ӕмӕ мыл дамтӕ чи мысы?!. Тӕригъӕдджынтӕ! Мӕ цӕрӕнбонты масты таг мын ӕнустӕм айвазынмӕ чи тырнынц, ӕнустӕм сӕрсӕфӕнмӕ фехсынмӕ мӕ чи хъавынц, мӕ алы фӕнд ныллыг кӕнынмӕ чи тырнынц, мӕ риуы бӕрц сыгъдӕг уӕлдӕф кӕй тыххӕй нал улӕфын, уыдон цы фосы мыггагмӕ хауынц, сӕ фыдбылызтӕ мӕм кӕцӕй кӕсынц? Цы сӕ лӕууын кӕны цӕлхдуртау мӕ цардвӕндагыл? Ӕниу, царды ад ӕххӕстӕй куынӕ ма рахатыдтӕн, уӕд мын афтӕмӕй

мæ базыртæ акъуырынмæ цæмæн хъавынц? Кæцæй сæм цæуы уыйбæрц хъæстæ, мæ цард мын цæрæнбонтæм сау гауызæй æмбæрзой? Дæхæдæг мын уæддæр дæ удæгас æвдисæн.

Нæ мæ фæнды афтæмæй цæрын, нæ!..

Мæ хъуыдытæй мæ фæиппæрд кодтай дæ телефоны дзæнгæрæгæй. Фæлæ мын уыцы дзæнгæрæг, дæ удæгас хъæлæс фехъусын амонд уыд. Æвæццæгæн, Хуыцау æмæ дæуæй рохуаты нæма баззадтæн.

Ныр та хъулæттæ кæнынмæ фæгæрз уон…

*(Гæххæтты æрдæг фарсыл – йæ галиу армы ныв. Йæ уæлæ – дидинæг æд æвæрæн. Йæ быны йæм калм раласта йæ марг æвзæгтæ.)*

***

Дæ райгуырæн боны хорзæх дæ уæд, мæ къона! Хуыцау дыл зæххон хæрзтæ иууылдæр ныккалæд бинонты хъæрмуд цардимæ. Ноджы дæр дын æнтысæд царды, куысты, зонады!

*Мæ уды бæллиццаг, сæрибар Цæргæс,*
*Мæ уарзт кæуыл тайы, ды уымæн æрхæсс*
*Йæ царды цыппор æмæ цыппæрæм азы*
*Мæнмæ тæхæн удвидар цæргæсы базыр!*

*Кæд фенид, нæ сахары чидæр æрра,*
*Кæй æрбацис уымæ бæлгæйæ æрдаг –*
*Уæрагмæ мын нал ысты ивылд цъæх фурдтæ,*
*Хæссын дын нывондæн мæ цард дæр, мæ уд дæр!*
10.11.02

Кæсыс, цæй æмдзæвгæтæ фыссын? Уарзт афтæ кæны, гъе, йæ бонæй йæ уа! Тагъд ме сфæлдыстадыл монографитæ куы фыссай æмæ адæм сæ цæстытыл куы ныххæцой, ацы хорз лæг уыцы стыр поэты кæм ссардта, уæд худдзынæ. Дæ фæкъау дæуæн!

***

Дæ бынаты бад. Дзæгъæл ма цу. Æмæ дæ уынон. Æндæра дæ иу фæрнджын йæхицæн ахæсдзæнис æмæ зæрдæскъуыд кæндзынæн.

Дæ фæкъау дæуæн.

07.12.02

***

*Бæрзонд арвæй сусæгæй давæм нæ рухс амонд.*
*Хауы нæм, хауы хæлæгмæрдты цæст.*
*Хæсдзыстæм уæддæр æй нæ мæнг царды сæраппонд –*
*Уарзт у æнусты хæрзамондыл хæст!*

Афтæ, гъе! Мæ сæр риссы алы хæццæ хъуыдытæй. Æз та дис кæнын, æмдзæвгæтæ фыссынил мæ цы дæлимонтæ сардыдтой. Мæлæты поэт!

***

Амы ´мгæрон никуы дæ æмæ, уай, уый гæнæн нæй. Уæддæр дын хатын дæ алы фезмæлд, хъусын дæ алы дзырд, уынын дæ алы уарзгæ фæкаст. Æмбæлынц мæ зæрдæйыл. Алы уысм дæр ныхас кæнын демæ. Мæ хъуыдыйæ нæ хицæн кæныс. Æппынæдзух дæ мемæ.

Мæ тарст риу ризы, мæ цæссыгтæ кæлынц дыууæ цыхцырæгæй, мæ хауæггаг зæрдæ йæхи раппар-баппар кæны риуы къуымты дæумæ æнхъæлмæгæсгæйæ. Мæ тыппыр зæрдæ æнцой нал зоны де ´нæнхъæлæджы фæзындмæ, æгæронзынаргъ уазæгмæ.

Æрымысыдтæн дæ. Ой, куыд дæ ´рымысдтæн! Мæ зонды нал фæнды дæуыл хъуыды кæнын, фæлæ дæ хъуыддаг нæй. Уый та – дæуæй хивæнддæр. Мæнмæ хъусут сымах? Уый у æнæпайда, уæззау, удмарæн хъуыддаг. Хаттæйхатт, дæ бон райсын, ссарын, ракурын кæй нæу, уымæ хи æуууындзын тæссагдæр цыдæр у.

Ноджы ацы дæлæмæрхауинаг къæвда æнæхъæн бон, мæнмæ быцæугæнæгау, лæмары йæхи, цыма зæхх æмæ арв баиу кæнын ис йæ зæрды. Æмæ мæхи æппын-

ӕдзух хатын, хъӕды халон фӕхӕцӕг дӕр кӕуыл нӕй, ахӕм иунӕг ӕмӕ уӕлдайаг удгоймагыл.

Ӕмӕ, уӕдӕ, ӕндӕр исчи куыд ахъуыды кӕнид мӕ бынаты? Ахӕн рӕстӕджы мӕ тыхст уды уӕлдай дисы фефтауынц дӕ хъуыдыйы дардыл фӕлгӕттӕ. Ды иннӕты хуызӕн нӕ дӕ. Чи зоны, уый мӕ рӕдыд у, фӕлӕ ды иннӕтӕй арфдӕр, стӕй ӕндӕрхуызон фӕхъуыды кӕныс. Куыдфӕнды йӕ барӕм, фӕлӕ афтӕ у, уый мӕн фӕнда ӕви нӕ, уӕддӕр.

Цӕмӕн бахаудтӕн дӕ хызы, цӕмӕн? Цӕй тыххӕй? Цы кӕндзынӕн демӕ, цы? Ахӕм тӕригъӕд кӕнын мӕхицӕн. Мӕ амонд мыл дыккаг хатт цӕмӕн рацыд ахӕм сайдӕй? Цӕмӕн, цӕмӕн?..

*Дӕуагурӕг зӕрдӕ*

***

*Ауадз дӕ уарзты таг ме´фхӕрд, рыст зӕрдӕйы –*
*Фенай, куыд ысуадза диссаджы тау!*
*Ме´ппӕт сагъӕстӕн сӕ рысты сӕр дӕ ды –*
*Хуры фырт дӕр дӕм нӕ ӕрхӕсдзӕн фау!*
08.11.03

***

**МЫСИНӔГТӔ**

*Мысинӕгтӕ фыссынӕн раджы макуы хъуамӕ уаид. Куы дӕ ферох уой хъуыддӕгтӕ, уӕд ма сӕ фӕнды фысс, фӕнды – нӕ. Кӕй бахъуыдысты, дӕхӕдӕг тыхӕй кӕй мысай, уыдон? Ӕз кӕй кой кӕнын, уыдон та цыма абон уыдысты, афтӕ лӕууынц мӕ зӕрдыл.*

1

Иухатт-иу дӕм кастӕн, фалейӕ ма куы бадтӕн, уӕд, ӕмӕ-иу дис кодтон, зӕгъын, ныр ацы лӕг Пишкелайы ӕцӕг уарзы, мӕ бонылӕй. Уӕд дзы нырма цъус рӕстӕджы куыстон, фӕлӕ мын Дывзагон-куыдз алцы дӕр сусӕгӕй фӕлӕхурдта. Афтӕ мын ӕй рауӕй

кодта – уарзы, дам, æй. Пишкел, дам, æй сусæгæй алкæмæн дæр йæхæдæг загъта.

Цалдæр мæйы дзы фæдæн, стæй мæ «фæуæлдæр» кодтой. Фæлæ, хæлд æвзаг чи у, уымæй зæронд кусджыты хъуыддæгтæ дæр мæ фондз æнгуылдзау зыдтон. Мæ хъустæ мын сæ ´нхъæвзта.

Уæддæр мын дæу тыххæй кæй дзырдта, уыдон мæм нæ хъардтой. Стæй мын уыцы марг йæхæдæг дæр куы райдаид лæхурын… ома, нæй дæм фæрсмæ фæкæсæн дæр, уæд æй бамбæрстон… Бахъардта мæм уæд.

Дис кодтон: омæ, зæгъын, искæй лæджы та куыд хъуамæ уарзай?!. Уыйгæнæн куыд ис?!. Ницы хуызы мæм хъардта мæ фырдиссагæй. Уый мæм æрмæст худинаг нæ, фæлæ фидиссаг дæр кастис.

2

Исты фарсты тыххæй-иу дæм куы бацыдтæн, – уадз, дæумæ ма хаудаид, – уæддæр-иу мæ ныхмæ никуы ницы загътай. Уыцы бæстæтты-иу мын æй фембарын кодтай. Æмæ-иу æй уайтагъд базыдтон.

Иннæтæ-иу дæ, къонайыл хуыссынахуыр гæдытау, уыцы хъуыр-хъуыргæнгæ ´рбаздæхтысты. Æппынæдзух дæ кæй хъыгдардтой, уый, дам, дын æхсызгон нæ вæййы. Нæ сæ фæндыд, истæмæй-иу дæ бафарстаин.

Æз та-иу дис кодтон – уæдæ, мæныл цæмæннæ атигъ кæныс дæхи?!. Уыдон мæнæй хуыздæр куы зоныс, семæ фылдæр рæстæджы куы кусыс, уæд цæмæн фæллайыс сæ дзæгъæлы фарстытæй?..

Уæд нæ зыдтон, сæхи цæстытæ-иу кæй хаудтой, дæ цуры-иу мæ куы уыдтой, уæд. Уымæн-иу нæм багæпп-багæпп кодтой – хъыг сын уыд, исты мын амыдтаис.

Æцæг зæгъын, нæ сæ ´мбæрстон уæд.

3

Иухатт мын къæлидоры мæ кæлмæрзæн аскъæфтай мæ уæхсджытæй. Февнæлдтай йæм æмæ дæ къухы аззад. Пишкела дæр ма нæ раййæфта (Бæргæ дæ нæ фæндыдаид, фæлæ…).

Уæддæр мыл дис бафтыд: цы кодтам, зæгъын? Æз нæ, ды дæр нал уыдтæ дзурынæн. Уый дæр ма нæм къæпдзыхæй кастис, кастис…

Стæй йæ марг ранхъæвзта йæ цæстытæй.

4

Директоры кабинетæй рахызтæн. Цæрын мæ нæ фæндыд. Мæ зæрдæйы ныббырынмæ-иу хъавыд. Зæронд лæг. Мæ хъуыдыйы цал æрдуйы ис, уый базонын дæр-иу æй фæндыд. Цыма мæхицæн иуæггай нымад уыдысты. Цыдæртæ-иу мын дзырдта дæуæй дæр… Фæндыдис-иу мæ зæххы скъуыды аирвæзын… Æмæ-иу ын йæ ныхæстæ нæ бахъуыды кодтон.

Ды мæ фæхатыдтæ æмæ мæ бафарстай:

– Цæуыл куыдтай? Цы дын дзырдта?

Цы дын хъуамæ зæгътаин?

Бирæйæ лæуууыдыстут. Иууылдæр – нæлгоймæгтæ. Дымдтат тамако. Дæуæй дарддæр ничи фæхатыд, æз кæугæ кæй кодтон, уый!

5

Къæнцыларæй рахызтæн. Ды æддейæ лæуууыдтæ иунæгæй. Цыдæр тыхст уыдтæ. Æрлæууын мæ кодтай дæ цуры. Стæй мын загътай:

– Мæ бон нал у уæллæгтæй. Театрмæ мæ æрвитынц кусынмæ…

Ды дæр, дам, цом мемæ. Кусын, дам, дын бынтондæр ницы кæндзынæн. Æрмæст, дам, мæ цуры бад æмæ дæм кæсон æмæ кæсон.

Фырадæргæй мæ каффеттæ æрхаудтой мæ къухæй. Мидæгæй мæм сæ чидæр радта. Ды мын сæ ацахстай. Нæ сæ бауагътай зæхмæ ´рхауын.

Тынг фæдис кодтон – куыд сæ ацахстай?!. Уæддæр, мæ сыджытæнхæринаг зæрдæ суынгæг. Артистæн йæ ном йæ уæлæ ис – чи бафæраздзæн сæ кæлæнтæн? Æмæ дæ, зæгъын, ныр дæ бинонтæ дæр сæ къухтæ ныхсæнт, мæгуыр сæ бон. Æмæ абон дæр дис кæнын – мæхи мын куы ничи фарста, уæд дæ бинонтыл цы тыхстæн?

Фæлæ-иу хъуыды кодтон, зæгъын, ацы лæджы мæнæй цы хъæуы; афтæ тынг мыл цæмæн ауды? Æмæ ныр цæуыны кой куы скодтай, уæд мæ зæрдæйыл цыдæр уазал æрбакалд.

Бамбæрстон, хъуыддаг, æз куыд уæлæнгай æнхъæл уыдтæн, афтæ кæй нæу. Æмæ, цы уавæры ныххаудтæн, уымæн рæстмæ ницы уал хатыдтæн.

6

Иухатт мæ фæсайдтай. Телефоны, дам, дæм махмæ чидæр дзуры. Бацыдтæн æмæ – ничи. Æз фездæхынмæ хъавыдтæн. Ды мын мæ цонгыл фæхæцыдтæ:

– Фæлæуу уал.

Зæгъын, цæмæн? Æмæ ды дæр уайтагъд фæтыхстæ, æвæццæгæн. Фæсырх дæ. Æрмæст ма кæддæр, æрæджыйау сфæрæзтай:

– Омæ, афтæ рæсугъд цæмæн дæ?

7

Кабинетмæ мæм сонт гæпп æрбакодтай. Иу хорз уыдис, иунæгæй уыдтæн. Тыхæй мын æнæнхъæлæджы мæ былтæ фæцæй...

Нæ зонын, куыд æй зæгъон...

Мæ сæр хæрдмæ нал систон, цалынмæ сихоры улæфтыл хæдзармæ нæ рацыдтæн... уæдмæ. Мæ цæсгом туджы... цыма ныр дæр зилы.

8

Телефонæй дзырдтон уæ кабинетæй. Ды уым нæ уыдтæ. Стæй бахызтæ. Тынг уæздан, рæвдаугæ мын дæ арм мæ фæсонтыл æруагътай. Мæ дзыккутæн мын фæлмæн аба кодтай.

Æз дзырдтон!..

Куы дæ фæнды – дæ уæздан ахастæн кæрон нæй.

9

Декреты куы уыдтæн, уæд æнхъæлдтон, ныр дыууæ азы нæ уыдтæн куысты æмæ дзы алцы дæр

ферох уыдаид. Фæлæ уæм иухатт бацыдтæн. Дæхицæй дарддæр уæм ничи уыдис. Ахæм райгæйæ мæм фæгæпп кодтай. Дæ риумæ мæ нылгъывтай уæздан, уæздан!.. æмæ та мын фæлмæн… ба акодтай.

Цы базонын ма мын хъуыд, уый у ме ´нусон низ.

Æмæ мын иухатт мæ хæстæг афтæ:

– Æз æй рагæй зонын, йæ зæрдæмæ кæй цæуыс. Чидæр мын æй дзырдта. Цыма, дам, афтæ загътай: «Тæхуды йемæ… æмæ, дам, стæй дæхи былæй фехс!»

Уыдис æви нæ?

Æз æй нæ зонын.

***

Хъыгагæн, ме ´рхæндæг царды куыд æнæнхъæлæджы фæзындтæ, дæ ацыд дæр уыдзæнис афтæ – уымæй цасфæнды куы тæрсон, уæддæр. Фæлæ мæ ме скæнæг нырмæ куыд барæвдыдта, дæуæй мыл цы хур ракæсын кодта, уымæй дæр сæрыстыр дæн мæ хъысмæтæй. Æз ахæм амондмæ никуы æнхъæлмæ кастæн. Хуыцау йе сфæлдисгæ адæймагмæ афтæ рæдау, афтæ хæларзæрдæ разындзæн, уый мæ никуы бауырныдтаид. Цъус хорз дæр хорз у.

Æнæуый дæр уый æнхъæл никуы уыдтæн, цы цины надтон мæхи, уый мын цæргæцæрæнбонтæм ахæсса. Æмæ раст уыдтæн. Афтæ арæхсджын, уарзгæ æмæ уæзданæй, сабыргай фæленк кæныс мæ цардæй æмæ йæ хатт мæ хъуыды ахсгæ дæр нæ акæны, мæгуыр мæ бон. Фæлæ цардæн ивæн нæй.

Æз дæ æнæуый дæр, мæ размæ дыл сæхи чи хордтой, уыдонау ницы домын. Дæ зæрдæ – ме ´вдисæн. Фæлæ уыдонæй æз мæхи дæлдзиныгдæрыл нымайын.

Æз дæр ныр дæ цæхцæсты æви йæ цы мæрддаг хуыдтай, митæ кæндзынæн: «Ныддыгъгъуытт æй кодтон»!.. Æмæ мыл уыйау адæм худой? Куыннæ стæй! Уалынмæ сæйæд! Хæрзаг мæм дæсæ-уæсæйæ уæлейæ дæлæмæ кæсын райдаид?!.

Фæлæ мæ уый дæр уадиссаг не ´ндавы. Зын, тынг зын мын, мæ риссаг бынæттæ кæй рауарыс, уый у.

Афтæ зын мын вæййы… Æмæ йæ дæуæн Уæллаг Хуыцау макуы базонын кæнæд.

Æгайтма мæ ныр мæ царды уынгæджыдæр рæстæджы æрцахстай. Бузныг. Фæлæ уыцы хъуыддаг куынæ æрцыдаид, уæд дын сомы кæнын, дæ царды дын ныхдур никуы суыдаин. Никуы!

Ды нæ зоныс, мæ бон-иу куы ницы уыдис, мæ уд-иу схауынæввонг куы уыд, уæддæр-иу бахъуыдтæн мæхиимæ тохæн, цæмæй дын æххæст кæнон дæ зæрдæйы фæндон; дæуæн уа æппæт дæр хорз, æрмæст дæуæн уа хорз. Фæлæ уыдæттæ никуы уал базондзынæ. Ма дæр сæ базонынысл батыхсын кæн дæхи. Мæ удæн-иу хъизæмар кодтон, мæ цæссыг-иу калдтон, алы фыдтæн дæр фæрæзтон, уæддæр удхаргæнгæ æххæст кодтон дæ бæллицтæ. Дæ иу сныхас, дæ иу уынаффæ дæр мын царды ивта алцы дæр. Мæхæдæг дæр æй нæ зонын, цæмæн, фæлæ мын дæ фæндон лæвуыдис иууыл уæлдæр. Ныр дыууæ боны мæ уд хъарын мæхи ´рсабыр кæныныл, фæлæ нæу мæ бон. Нæу мæ бон… Нæдæр дзы хи срастгæнæн ис. Ницæмæ дæр дæм хатгæ кæнын.

Байхъус ма:

*Æз фæцæй цыдтæн уынджы ´рхуымæй.*
*Уыд мæ цæстыты ´рмæстдæр дæ хуыз*
*Æмæ разындтæ алейы къуымæй –*
*Рад дæ фарсмæ кæйдæр фæранкхуыз.*

*Зæхх нызмæлыд, ныскъуыдтæ мæ быны…*
*Нал мыл къах уыдис… Нал дæр мыл – сæр…*
*Мауал райхъал уон… Баззайон фыны,*
*´Рмæст ды худ æмæ рай, æмæ цæр!*

Уый дын – мæ амонд…

Æвæццæгæн, никуы,
никуы, никуы
уыдзынæн дæ фарсмæ.

08.02.04

***

Цæмæн мæ сæнамонд кодтай, цæмæн? Дæ фæлмæн уæздан къухæй цæмæн æрæвæрдтай уæззау дур мæ зæрдæйыл? Цæмæн æрвитыс дæу æмæ Хуыцауы раз æнæаххос уды æнæрæстæджы мæрдтæм?

Зондджын, уæздан уæвгæйæ, уарзæгой уды кæрдихгай ныккодтай. Æнæбазырæй йыл тæхæн базыртæ басахтай, стæй йын сæ æнæнхъæлæджы цыргъ хæсгардæй ачъепп ластай. Нæ мæргътыл бафтыд, нал дæр сырдтимæ баззад. Бæрзæндты тæхæг ныллæг хауы!

Фæлæ нæ домдтон, нæ куырдтон æз уыдæттæ никуы. Не ´нхъæлмæ кастæн хур бон арвы нæрдмæ. Æппæт дæр ды дæ: мæ аразæг дæр, мæ сафæг дæр. Æмæ дæ нæу мæхи атонын мæ бон.

Цæмæн фæзындтæ ме ´намонд царды ´гъатырæй, æнæнхъæлæджы? Цæмæн бæллыс мæ уды хъизæмармæ ´хгæд цæстытæй кæсынмæ? Алцы дæр дардмæ куы уыныс, уæд цæмæн тырныс мæ уды монцтæ дæ къæхты бын ныссæндынмæ?

Æви дæм афтæ кæсы, уарзæгой уд нæ мæлы? Æви дæм афтæ кæсы, уарзтæй йедзаг зæрдæ не скъуыйы? Æнæсымæй, æнæуынæрæй æрбахъуызыдтæ мæ зæрдæмæ. Фæстæмæ дæр афтæ хъавыс аздæхынмæ. Фæлæ де ´рбацыд уыдис дæ бар; дæ фæстæмæ фæндаг дæ бар нал у. Уый гæнæн дын нал ис, дæ фæд ма ныууадзай мæ зæрдæйы, мæ уды.

Афтæ тынг дæ уарзын æмæ уыцы уарзт цæргæцæрæнбонты уыдзæнис дæ фæдыл æфтыд. Хъыг дæ дардзæнис цæрынæн. Тухийæ дæ мардзæн æмæ йыл кæндзынæ фæсмон. Æрæджыйауы фæсмон! Фæлæ йын нал уыдзæнис тымы-тъыматæм раздахæн.

Нæ, уæддæр дæ ницæмæй азым кæнын. Ацы бонæн æрцæуын æнхъæл нæ уыдтæн, кæд æм æппынæдзух æнхъæлмæ кастæн, уæддæр; кæд æй зыдтон, æнæрцæугæ йын нæй, уæддæр.

*Мæ бартæ ист хъæр кæнынæн,*
*Уæддæр мæ тайтай хъуысы.*

*Ælгъыстаг бон мæ райгуырæн –*
*Æдзух дæ зæрдæ мысы…*

*Нæ мын ис фадат стæхынæн.*
*Хæсгардæй лыг – мæ базыр.*
*Цæй æвгъау дæн, цæ, сæфынæн –*
*Мæ цæссыг калын базыл.*

*Куы мæ ныууадзай иунæгæй –*
*Ысуыдзæн маст мæ фаззон.*
*Рæвдыд нæ зонын иу лæгæй,*
*Дæуæй дарддæр, мæ уарзон!*

*Цæмæн у хъус мæ хорз фæндыр?*
*Цæмæн фæлыгъд мæ рæуфын?*
*Нæ мæ фæнды, нæ мæ фæнды*
*Æнæ дæу цард нывæндын!*
24.04.04

Ныббар, цыдæр æмдзæвгæтæй дын дæ хъустæ кæй схъауын. Ды зондджын, зонадон хъуыдытыл дæ ахуыр æмæ мыл хæрзаг худыс? Мæн та кæуын фæнды…

***

Бар-æнæбары мæ къухмæ райсын фыссæн æмæ гæххæт. Фыссын тæрсгæризгæйæ, хъынцъымгæнгæйæ. Тыхфыст. Фæлæ æнæ фысгæ дæр нæу мæ бон. Бамбар мæ, æппынæдзух æнхъæлмæгæсгæйæ цæрын мæ бон нал у. Ма мæ хицæн кæн! Уарзын дæ! Хъусыс мын мæ хъæлæс, мæ богъ-богъ?!. Уарзын дæ, уарзын!

Хатт мæм афтæ фæкæсы, цыма зæххы риуыл хæтæг ауyон дæн. Алы райсом дæр райхъал вæййын ахæм æнкъарæнимæ, цыма мæм æнхъæлмæ кæсы цыдæр стыр цин. Уый мæ уырны.

Цы саразон мæхицæн?!. Куыйты хæринаг дæр мæ бакæн, рахон мæ туттсæр æмæ тыфтырыкъо, фæлæ йæ зон, æнхъæлмæ дæм кæсын. Æрвылбон дæр райхъал вæййын дæ фенины ныфсæй æмæ æрвылæхсæв дæр

бафынæй вæййын, аивгъуыйгæ бон мæ царды фæстаг бон кæй нæ уыдзæнис, ууыл æууæндгæйæ.

Аххосджын дæн, «иунæгæй» цæрын мæ кæй нал фæнды, мæ уд дæуæй æмæдзаг кæй у, мæрдтæм дыл кæй цæуын æмæ мæ бон кувын дæр æмæ кæуын дæр кæй нал у, уымæй. Мæ уды къæртт! Чи зоны, æз раст нæ дæн, фæлæ зайæгхалæн æнæ хур цард куыннæ ис, афтæ æз дæр æнæ дæ уарзт тайын, фæлæ мæ уырны Хуыцау мын ныббардзæн мæ рæдыд æмæ мын ратдзæнис йæ хорзæх. Афтæ арæх кувын, афтæ бирæ кæуын æмæ ма боны рухс хаттæй-хатт тыхæй февзарын.

Дæ ацыдимæ æхгæд æрцæуудзæнис мæ уæлдæф, мæ хур æмæ мæ царды æнæуый дæр уынгæг рудзынг. Æмæ кæд мæ цард æрдæгыл ныллыг кодтон, уæддæр мæ æнæмæнг хъæуы цæрын. Дæ цæрайæ уæддæр. Цас бæрæг, райдзаст бонтæ мыл ныккæнын кодтай ацы царды хъизæмæрттимæ дæр. Мæ тых нæ цæуы мæ мысинæгтыл. Æмæ сæ хондзынæн мæхимæ. Уарзын сæ æмæ амондджын уыдзынæн, семæ куы цæрон, уæд. Мæ хъуыдыйы сиддзынæн дæ хъæлæсмæ, цæмæй йæ хъусон. Æппынæдзух мæ былтыл æнкъардзынæн дæ адджын баты ад. Æппынæдзух æрмæстдæр хъуыды кæндзынæн иунæг дæуыл. Бæлдзынæн æрмæстдæр иунæг дæумæ. Сиддзынæн иунæг дæумæ. Æмæ дæм, кæй зæгъын æй хъæуы, æнхъæлмæ кæсдзынæн мæ уæлион царды æппынæдзух. Æмæ макуы ахъуыды кæн, мæ уды уыцы цинæй мæ æнæхай фæкæныныл.

Мæ фæллад, мæ мæллæгæй мæ бакаст йæ тыхы нал ис æмæ мæ нал дæр фæнды, уон рæсугъд, фæлæ дын уыдон, уадз, мысын кæной, æнæдæу цы хъизæмæрттæ ´взарын, цы маст хæрын, уый.

Зон æй, адæймаджы амарынæн æнæмæнг хъуыддаг нæу къух æм сисын. Зонын æй, алцæмæн дæр ис кæрон, фæлæ уд уæддæр уд у, цæмæдæр фенхъæлмæ кæсы. Æнæмæнг афтæ у.

«Маст, чи хъынцъым кæны, уымæ нæ хауы, фæлæ йæ чи хъынцъым кæнын кæны, уымæ».

28.04.04

***

Дæ фенын дæр мæ нæ фæнды. Æнæуый дæр æй зыдтон, афтæ уыдзæнис ме ´намонд хъысмæт. Уымæн æмæ дæу афтæ фæнды. Æххæст кæныс «дæхионы» фæндон. Æз дæм цæмæ хатын, уый цы у?

Уæдæ. Æниу дзы кæй ницы рауадис, уый, чи зоны, хуыздæр у. Фæлæ дзы куы рацыдаид исты, уæддæр ды нæ рыстаис. Рисгæ æз кодтаин æмæ кæнын æрвылхаттау. Ахуыр ыл нæ дæн æви цы?!.

Æмæ ныр фылдæр æмæ цæргæ-цæрæнбонтæм куы рисдзынæн, уæд уый хуыздæр у. Уый уыдаид мæ царды мæ демæ чи бастаид, уыцы иунæг ныфсы таг, ныр мæ фæндтæ ныппырх сты. Æмæ мæ бон нæу æнæ дæу цæрын. Нæ мæ фæнды, демæ мæ чи бæтты, уыцы хидтæ иууылдæр басыгъдысты, ууыл бауæндын.

Нæй, нæу мæ бон! Нæу мæ бон ацы хъуыддаг физикон æгъдауæй дæр, моралон æгъдауæй дæр сфæразын. Чизоны йыл никуы дæр бауæндай, фæлæ ме ´ппæт цард дæр дæ ды.

Фæлæ æз – æдылы, куыд æрра дæн, куы зыдтон, ды уыцы хъуыддагыл дæ «хионы» тыххæй никуы ацæудзынæ, никуы сразы уыдзынæ æз дæ фидар базыры бын хъарм æмæ сатæджы уон удæнцой. Кæсон дæм, уадз, дардмæ дæр. Æрмæстдæр мæ фæндыд, ды цы уæлдæфæй улæфыс, уымæй цæрын.

Кæд уыцы хъуыддаг саразын дæ бон нæу, фæлæ йыл архайыс, тыхсыс, дæхи йæм æууынддзыс, уæддæр ууыл æз никуы уал бауæнддзынæн. Бирæ дæ ницы курын, æрмæст дæ уынон. Ды мын дæ æппæтхъом, æнæбасæттгæ, æппæтæй тыхджын æмæ зондджындæр æмæ, чи зоны, ме сæфт дæр уый у.

Уый мæхицæн раджы бауырнын кодтон, кæд афтæ не ´мбæлдис, уæддæр. Ныр дæр мæ фидарæй уымæн уырны – дæу нæ бафæндыд дæ дæлбазырмæ мæн, æнамонд уды, чысыл æввахс уæддæр бауадзын, æндæра дæ ныхмæ ничи фæлæуууид.

О Хуыцау!.. Куыд зын мын у, куыннæ фæразын, афтæ дæм кæй адард дæн, уый. Нæ йæ фæразын, нæ! Нæдæр мæ йе сфæразын фæнды…

Ælгъыстаг фæуæд мæ райгуырæн бон!

*Дæ фенын дæр мæ нæ фæнды,*
*уæддæр ма дын, хæрзбонгæнгæйæ – ба!*

20.12.06

***

О ме скæнæг Хуыцау! Цæй удхарæй мæ марыс! Куыд ма цæрон дарддæр? Мæхи ма цы фæкæнон, уый нал зонын. Бонæй-бонмæ тынгæй-тынгдæр хъуыды кæнын – адæмы ´хсæнмæ ма ахизон æви нæ? Фæлæ ме ´нæрайы фарстæн дзуапп нæ арын.

«Фаг дын у мæ фæдыл зилын», – нырма зæлы мæ хъусты æмæ мæ мары, кæны мæ дæлдзиныг.

Искуы ма ацыдтæн дæ фæдыл? Нæйы! Зоныс æй – нæйы! Уæддæр мын, мидбылхудгæ, дæ марг куыд æрбацъыкк кæныс мæ цæсгомыл. Нæ хъæуы. Ма кæн афтæ! Уæлдай хатт ма мын цæмæн къахыс мæ хъæдгом, рыст зæрдæ?

Мæ иунæг хорз миниуæг уый уæддæр у æмæ ме ´ппæт хъæнтæ, – иууылдæр, иууылдæр(!) – мæхæдæг алкæмæй, æгæрыстæмæй, дæуæй дæр, бирæ хуыздæр кæй уынын. Иууылдæр сæ хæссын мæ зæрдæмæ æмæ мын кайынц мæ удæй. Æцæг, къухæй цы аирвæзт, уый дæу нал у, ивгъуыдæн нал ис раздахæн.

Мæнæ ацы рæнхъытæ ´нæмæнг кастаис? «Нæ» мын куы зæгъай, уæддæр мæ нæ бауырндзæнис. Уымæн æмæ дæ хорз зонын:

*…Но отзвенел смех жаркий твой.*
*Скверкнув красой, ушла*
*в глазах своих свод голубой*
*с собой ты унесла.*

Стæй дарддæр:

*Темно земное бытие.*
*Небесный скучен путь.*

Мæ цуры сæ куы кæсис, уæд мыл худис дæ уæздан худтæй, æз та дæуæн, мæ къона, зæрдæрыст æмæ катайгæнгæйæ, зæгъин афтæ:

*Зачем раздвоил ты мою, –*
*Кинжалом жгучим, – грудь?*

Кæй æмдзæвгæтæ сты, уый зоныс? Кæй зæгъын æй хъæуы, зондзынæ йæ, кæд тæлмац сты, уæддæр. Ныр æй алчи дæр зоны, чиныг кæсынмæ чи арæхсы, уыдонæй. Чызджытæ, дам æй фылдæр кæсынц. Æвæццæгæн, ахæм сæйттытæ уыдоныл фылдæр кæй цæуы, уый тыххæй, мæгуыр сæ бон.

Бафæндыдис дæ мæ зæрдæйы афтид бынат баххæст кæнын... кæйдæр «ацыды» фæстæ дæхи зæрдæ дæр афтидæй кæй аззад, уый тыххæй?

Фæлæ афтæ нæ вæййы, нæ, мæ къона!

12.01.07

Æхсæвы – 00.05 сах.

***

Цы дæм рауадис, цы кодтай? Дæ бон æй, куыд æмбæлы, афтæ бамбарын кæнын у æви нæ? Раст стонг бирæгъы хуызæн сдæ, мæ бонылæй. Кæнæ, æцæг, бынат сафы адæймаджы, куыд дæ дзурынц æмæ сын æз та иннæрдæм куыд фембарын кæнын, афтæмæй; кæнæ мæ дæхимæ кæд æгæр æввахс кæй бауагътай, афтæ тынг уымæн æрра кæныс?

О, фæлæ йæ бамбар, мæнæн дæр мæ бон нал у æфсæн рæхысты. Мæн дæр иунæг хатт, æрмæст иунæг хатт бауадзут мæ риуыдзаг уæлдæф сулæфын. Ды кæй улæфыс, уыцы уæлдæф куы у. Ма мæм кæс зулдзастæй. Дæхиуыл дæлæмæ ма хæц. Æз дæ цуры уынгæ дæр никæй кæнын. Дæ цуры никæй дæр уындзынæн.

Афтæ цæрын нал у мæ бон. Кæм не ´рæвæрдтон мæ зæрдæ дæ къæхты бын, кæм? Цыдæр базон-базонтæй фæдзурыс: раздæр, дам дын нæ аздæхтаин дæ къам, фæлæ, дам ныр афтæ нал у.

Куыд дæ бамбарон? Æмæ дæ раздæрæй, мыййаг, ныр къаддæр уарзын? Æви дæхæдæг дæ афтæ. Ницы уал дын зонын æппындæр. Цæмæдæргæсгæ дæ фæфæнды фæкъæмдзæстыг мæ кæнай искæй цур, бафтауай мæ адæмы цæсты.

Афтæ гæнæн нæй, нæ. Тынг хорз æй зоныс – сусæг мын дæ, сусæг. Мæ зæрдæйы арф къуымы ´мбæхст. Æнæуый дæр мæ цард хæлуарæджы тагыл ауыгъд бындзы базырау дзедзлой кæны. Аныр уыдзæнис, ауæд, чи зоны, ацы уысм дæр æй аскъæфдзæнис дымгæ.

Хорз æй зоныс, уыцы маргæн йæ алы фендæй дæр мæ цард зындон фесты. Ахæм сæнтдзæф хъусгæ дæр никуы фæкодтон. Ардыд куыдзæй фыддæр у. Судзын чъырын арты. Ды мыл, гормон, ноджы æртаг калыс. Афтæ «худзинаг» нæу?..

Æндæр ницы уал фыссын. Мæ бон нал у. Æцæг зæгъын. Æгæрыстæмæй, хъуыды кæнын дæр... æцæгæй нæу мæ бон. Афтæ арæх нæ вæййын.

Ныххатыр мын кæн.

27.05.07

***

Æппындæр дæм æнхъæлмæ цы дзырдтæм никуы кастæн, уыдон мын æнæнхъæлæджы ныххуырстай мæ рыст зæрдæйыл. Æгъатырæй!

Кæд æз иу гæдыныхас дæр зæгъон, уæд дын сомы кæнын мæ хъæбулæй, ме ´фсымæрæй, дæхицæй. Кæд дæ уырны, уæд – хорз, кæннæуæдæг дæ бар – дæхи.

Уыцы ´хсæв æдæрсгæ иуварс дæр кæд ахызтæн, уæд зæрдæхудт фæуон. Æнæхъæн цасдæр хуыссæгхъæлдзæгæй рудзынгыл, æррайау, фенцон кодтон, зæгъын, чи зоны... цы нæ вæййы. Телефоны дæр мæм куынæ дзырдтай, уæд кæд кæугæ дæр нæ фæкодтон, уæд, цы стырдæр фыд ис, уый мæ баййафæд.

Афтæ дæр ма ахъуыды кодтон, зæгъын, æвæццæгæн мæм смæсты æмæ мæм нал дзуры æмæ, кæд æз боны æртæ сахатæй æхсæвы æртæ сахатмæ дæумæ нæ дзырдтон, уæд мыл Хуыцау йæ цæхæртæ ныккалæд. Кæд æз, кæй нæ сæмбæлдыстæм, уый тыххæй æгæрон стыр маст нæ фæхордтон æмæ ныр дæр рыст нæ дæн, уæд сомы бонæй æлгъыст фæуон.

Куыд ма дын æй бамбарын кæнон, нал у æндæр мæ бон. Ды мæ куыд бафхæрдтай, куыд мæ ныддæлæмæ кодтай, уый дын... Нæ, нæ!.. Никуы дын æй ныббардзынæн. Ды мæ куыд бафхæрдтай, æз дæр – афтæ. Ирон хæсмæ бæллын нæ хъæуы.

Алырдæм дæр мæхи рауæлдай кæнын, дæ фæндæттæ дын, гæнæн уæвгæйæ, иууылдæр феххæст кæнын æмæ мыл æвиппайды ныххуырстай: «Цæмæй зонын, кæм уыдтæ».

Кæд ахæм сæфт сылгоймаг дæн, уæд дæхи мемæ цæмæн сбастай? Худдзысты дыл, хорз лæг, æмæ цæмæннæ тæрсыс? Æниу, кæд тарстæ, адæмы бын чи баззад, уыцы ницæйагимæ сусæгæй æмбæлынæй?

Мæ зæрдæйы тæгтæ ныскъуыдтæ кодтай дæ иу æфхæрдæй. Мæ хъуыдымæ чи никуы ´рцæуудзæнис, уыдæттæ дæ сæры куыд февзæрынц, мæ къона? Мæ сæр нæ амард, дæ сæрыл бынмæ куы ´рхæцон...

Мæнæн дæуæй фылдæр вæййы сæрибар рæстæг, фæлæ дæ никуы фæдомын, уæлдай дзырд мæм фæкæн... кæнæ – æндæр исты. Фæлæ ды дæ сæрмæ бахастай ахæм чъизи хъуыды ´рмæстдæр мæн бафхæрыны тыххæй. Афтæмæй, æппынæдзух дæм кæй дзурын, уымæй мæхи цæсгомыл дæр арт фæцæуы, зæгъын, дæ зæрдæ мыл куы бахуда. Æмæ, кæсыс, уæддæр «бацыдтæн» дæ хъыджы...

Афтæ куыд ахъуыды кодтай?.. Куыд, куыд?!. Æз искуы искæимæ уыдтæн?!. Кæм хъуамæ уыдаин хæдзарæй дарддæр. Хуыцауы нæ бафæндыд нæ сæмбæлын. Ноджы та мæ иу хатт бафхæрдта. Фыдæнæн. Цы мын не ´мбæлы, уый кæй аразын... дæуимæ кæй æмбæлæм. Æмæ йæ ды фæкарздæр кодтай.

Зонгæ дæр æй нæ кæныс, куыд мæ бафхæрдтай. Куыд?.. Цыма дæ искуы ´фсонæн дæр фæсайдтон, мæ бон бакæла.

*****

*Ды мæ фæндиаг куы уаис –*
*Нал зонин кæуын.*
*Ды мæ фæндиаг куы уаис –*
*Цард ысуаид фын.*

*Сагау урс сыкъатæ суадзис.*
*Мигътыл кæнис ленк.*
*Ды мæ фæндиаг куы уаис,*
*Мæн фæнды уый тынг!*

*Раздахин мæ чызгон бонты,*
*Срухс сæ кæнис ды.*
*Цардæфсæстæй узин «сонты».*
*Хонин æй Гæды.*

*Зарин-иу æдзух йæ хъусы:*
*«Ма ку, ´науæд гæды хъусы.*
*Мыст дæр мæстæй сæр нынкъусы.*
*Буци бандзыги йæ къусыл…*

*Кæс, дæ хорз фыд бонмæ кусы…*
*Мауал ку.*
*Æгъгъæд.*
*Ныхъхъус у!..»*

Рæстæг растæндæр у, æвæндонæй мæ иуварсты æрхуымæй чи ахызт, уый мæ æгъуыссæг кæдмæ фæкодта, фæлæ мыл афонмæ боны ´рбацъæхтæм кæдмæ сагъæс кæны, растæндæр уыцафон – 04.25 сах.

*****

*Ехх, мæ боныл, ныр дæ цуры*
*Уарзты ´взагæй чи фæдзуры!*

*Чи дыл кæны цинтæ, батæ,*
*Уый былтæн уæддæр ныбба кæ!*

*Банкъарин сæ ад дæ былтæн!*
*Æз æнæмæнг сæдылы дæн...*
*Никуы федтон афтæ уарзгæ –*
*Марг мыды донау ныуазгæ!..*

*Цæй, мæ сæнттæ уал фæуадзон.*
*Уæнгтæ сынтæгмæ æруадзон –*
*Рæстæг цадæггай цæуы,*
*Бон дæр дзир-дзуртæ кæны.*

*Мæн дæ уарзт,*
*дæ уарзт,*
*дæ уарзт хъæуы!*

Кæсыс, цæй курдиат кæны бынысæфт, дæ фæкъау. Æцæгæй мæ фæнды æмдзæвгæтæ фыссын.
07.07.07

***

*Ацы фыстæг у фидар къухæй, стырдæргомау хъæрнывтæй фыст. Ничи йыл фæдызæрдыг уыдзæнис, уæлдайдæр, йæ хъуыдыйæ, нæлгоймаджы къухæй кæй рацыд:*

Мæ ахсджиаг!

Бирæ цыдæртæ нæ зыдтон. Бирæ цыдæртæ нæ зонын. Мæ цахъхъæнæй ма афтæ æррагæнæн ис, уый нæ хатыдтæн. Хатт мæ фæфæнды, амарон дæ мæ зæрдæйы. Нытътъыссон дзы кард. Афтæ мæм кæсы – æз нæ фæрисдзынæн цæмæй фæнды дæр дæу тыххæй..

Ды куы фæриссай, уымæй тæрсын. Уым. Мæ зæрдæйы. Кард дзы куы нытътъыссон, уæд дæуыл куы сæмбæла. Фæлæ мæ сындæггай хæрыс уырдыгæй. Мæ зæрдæйæ, мæ зæрдæ.

Кæйдæр цæстæнгасмæ куыд кæсыс, кæмæндæр æвæндонæй цæстмæ лæггад куыд кæныс, уый куы ʹрбаймысын, уæд мæм цæрын нал фæцæуы. Æмæ кæдмæ, кæдмæ ис афтæ быхсæн? Бирæ фæдис кæнын – адæймаг йæхи афтæ цæмæн хъуамæ хæрын кæна искæмæн? Уæлдайдæр, уыцы «исчи» йæ удхæссæг куы уа, уæд? Æви, æцæг, калм дæ æмæ дæхи хæрыс дæ къæдзилæй?

*Калм дæ, сау калм, нʹ ауæрдыс мæныл дæр.*
*Схуыссыдтæ мæ зæрдæйы тымбылтæй.*
*Туг, йæ сау туг калыс ын тъыфылтæй.*
*Нæй, уæддæр нæ иртæсыс мæ фынтæй.*

Кæсыс, мæн дæр сдзурын кодтай поэзийы æвзагæй. Уас, дæ низтæ... Уас, дæ фæхъхъау. Æндæр ницы.

18.08.07

*Фыстæджы чъылдымыл – зонгæ æрмдзæф, чызджы фыстæг:*

Дæ фыстæгæн æрмæст йæ фыццаг дзырдæй дæр мæ туг ныллæууыд йæ дадзинты. Цыма мыл исчи их дон раскъæрдта.

«Ахсджиаг» – ацы дзырдæй пайда кæнынц, мæнмæ гæсгæ, иууыл зынаргъдæрыл кæй фæнымайынц, уымæ дзургæйæ. Æмæ иууыл зынаргъдæр у хъæбул. Æз фехъуыстон: «Мæ ахсджиаг хъæбул!» – æмæ афтæ ʹнхъæлдтон, æндæр дзы никуы ис спайдагæнæн. Фæлæ... Цæй æрра дæн, цæ!..

Мæ бон æй зæгъын дæр нæу. Лæгъстæ дын кæнын, мæ зæрдæ мын ма ʹнкъуысын кæн. Алцы дæр бавзæрстон. Фаг мын фæуæд. Æмæ ды цытæ ахъуыды кæныс, уыдæттæ аразын та мæ тынг куы фæнда, уæддæр мæ бон нæ бауыдзæни. Иу хатт æй бамбар. Нæй уый гæнæн! Нæй!

***

*Ногæй та – нæлгоймаджы фидар æрмдзæф:*

О мæ хуры хай!

Хатт цыдæр фæкæнын. Куы мæм цæрын нал фæцæуы, куы мæ, æвзонг лæппуйау, тæхын фæфæнды æнæ базырæй базырджынтимæ. Æмæ уыдæттæ, дæумæ гæсгæ, цæуыл дзурæг сты, мæ дзæбæх?

Йæ аххосаг бæрæг у: нæ кæрæдзийæ цыдæртæ куы фембæхсæм кæнæ фембæхсынмæ куы фæхъавæм, «къау» кæм хъæуы, уым калм куы фестæм, исчи мæ «хорз» зæгъайы тыххæй нæ кæрæдзийы зæрдæтæ куы акъахæм, уырдыгæй цæуы æппæт дæр.

Афон у, мин хатты нæ кæрæдзийæн æргом цы ´нкъарæнтæ дзырдтам æмæ æвдыстам, уыдон цæрæнбонтæм фæнычы бын мауал ныуæрдæм. Кæд искæй цур нæ, уæд нæхи раз уæддæр.

Æндæр мæ ницы хъæуы. Æндæр дæ, мæ бон, домгæ дæр куы ницы кæнын, уæд ма мын цы ´мбарын кæныс: «Нæй уый гæнæн»!

Алы хылы-мылытæ, æнæууæнк кæнын, буцтæтæ, нуархалæнтæ – иууылдæр уырдыгæй цæуынц. Цард ма нын цы фыд нæ кæны, уый дæр нæ удты фыдæнæн нæхæдæг аразæм нæхицæн. Сусæг маст та, алчи дæр æй зоны, уд хæры. Æмæ йын уæд æрцæуид кæрон.

Уыцы кæронæй мæм, судзины бынæй талынджы гуыбын хуры тын куыд æгæрда, афтæ æрттивы фидæны рухс. Стæй абоны цин дæр. Сусæг стыр цинæй æргом чысыл амонд мин хатты фылдæр æмæ ´хцондæр у. Нæ кæрæдзиимæ нæ æргом, бынтон æргом уæм, уый уымæн хъæуы. Адæймаг иунæг цардæй уæлдай нæ кæны. Советы «сæ хид кæлы». Æз та дæуыл, æрмæстдæр дæуыл хъуыды кæнын. Стæй мæ æндæр истæуыл хъуыды кæнын нæ дæр фæнды.

*Нал хыл кæнын. Нал дæр – буцтæ. Уарзыс æмæ уарз.*
*Афтæ уыдзæн; уфтæ уыдзæн – афтæ у мæ фæнд.*
*Д´ алы уайдзæфæй мæ уды бафхæрын æз карз.*
*Хурыскастæй мын æхцондæр уымæн у дæ фенд.*

Дæ цæрайæ чи цæры,
дæ уыцы иузæрдыг уарзон

20.08.07

*Æмæ ногæй – чызджы уæздан, лыстæгфыст æрмдзæф фыстæджы чъылдымыл. Адæймаг æм кæсынæй не ´фсæды, ахæм рæсугъд хъæрнывтæй нывгонд у:*

Мæ абоны зондæй дын уарзынæй дарддæр иу мур ныфс бавæрын дæр мæ бон ницæмæй у. Ды цытæ хъуыды кæныс, уыдоныл мæ бон нæу мæнæн ахъуыды кæнын дæр. Куыд æргом уæм? Уайтагъд мæ уæнгтæ нырризынц. Бæстæ мыл аталынг вæййы.

Кæимæ фæнды цæр, кæимæфæнды тон дæ бонтæ, кæмфæнды уай, кæдæмфæнды мæ фæлидзай, уæддæр дæ уарздзынæн. Уæддæр дæ мысдзынæн. Никуы дæ никæуыл æмæ ницæуыл рауæлдай кæндзынæн.

Фæлæ дын уымæй фылдæр ницы у мæ бон. Уымæй фылдæр мæ ныфс ницæмæ хæссын… Æгæрыстæмæй, иунæгæй цæрынмæ дæр, кæд иунæг иу уысм дæр мæ уд дæуæй нæ иппæрд кæны, уæддæр.

Куыд фæнды йæ нымай – æз дæн актриса; хъазын – цыма цæрын, æндæр – ницы. Дæу, уæддæр, мæ рыст уд, йæ бамбарын нæ фæнды.

21.08.07

***

Чысыл ма бафæраз!

Къуырисæрæй нал ацæудзынæн куыстмæ. Æмæ ды дæр кæд сулæфис æмæ æз дæр. Æндæра, мæ иувæрсты æнæмæт хызт куы акæныс, уый уромын нал у мæ бон, нал, мæ зæрдæ!

Фыссын дæм тагъд-тагъд. Алчи дæр кæны фынæй. Мæ разы гæххæтты гæппæлмæ рухсы тын хауы æрмæстдæр уынгæй. Æмæ мын мæ фыстытыл ма фæхуд. Фæлæ дæм ма ныффыссон, мæ зæрдæйы мæстытæ дын ма фæдзурон, уый дæр нæу мæ бон.

Ӕнæхъæн бон цæуын тыппырæй. Аныр, аныр æмæ хъуамæ нытътъупп кæнон. Мæ бон нæу, нæу æнæ дæу! Ӕз та алцы дæр аразын мæ уды фыдæнæн. Демæ дæр барæй фæхыл кæнын: цæмæй фестон дæ удхæссæг; æцæгæй мæ аппарай – уæдæ дæм мæ зæрдæйы фæндиаг цæмæннæ ´ххæссын, цæмæннæ?!.

Фæлæ афтæ дæр нæу, мæ бон. Ӕппынæдзух мæ сусæгæй чи кæцырдыгæй фæрæмпъуза, ууыл сты не ´мкусджытæ. Ӕцæг зæгъын. Уыцы райгуырæн бонæй фæстæмæ та – тынгдæр. Ӕппынæдзух. Иуууылдæр ныл æрæвæрдтой сæ цæст. Ӕппынæдзух дæхи зонд кæй фæкæныс, уый тыххæй.

Йæ фæстиуджытыл ын нæ хъуыды кодтай? Ныр рухæны мæйы фыццаг бонæй æз куыстмæцæуæг нал дæн. Мæнæн зындон кæй фестын кодтай, уыцы царды дыргъытæ дæ зæрдæйы фæндиаг фæтон. Цæр бирæ, бирæ. Ӕмæ æз дæр цæрдзынæн. Худ хъæлæсыдзагæй. Ӕмæ æз дæр худдзынæн. Цин кæн, у хъæлдзæг æмæ æз дæр уыдзынæн хъæлдзæг. Хæрзбон. Фæлæ мын цард æнæ дæу никуы уыдзæнис цард. Ныр дæр куыд уыдзынæн, ацы арвы бын æнæ дæу цытæ кæндзынæн, уымæн бæрæг-бæлвырдæй ницы ма зонын.

Ӕнæ дæу мæ цардæн цард схонæн нæй.

Куыдфæндыйæ дæр дын ба кæнæн.

26.08.07

Ӕхсæвы – 12.00 сах.

***

Ныр ссæдз минуты бадын æмæ хъуыды кæнын, цæмæй райдайон мæ ныхас. Нæ дæр, цæуыл дзурон, уый зонын. Цы мæ домыс, цы аразгæ мын у ацы сыгъдыйы царды, уый нæ ахсы мæ хъуыды. Цыма дæхæдæг нæ зоныс хъуыддæгтæ.

Иу уый, æмæ мын фидар бындур куынæ уа ныртæккæ, уæд дзы куыд ахицæн уон? Куыд дзы фервæзон? Куыд зæгъон, уæд æмæ уæд афтæ арæзтай? Стæй ма мын ногæй ратдзæн уыцы фадат? Адæмæн худæджы сæр фестдзынæн. Иуууыл тынгдæр та тæрсын, дæуæй

исты куы фæфиппайа. Уый та, цыма, æнæмæнг базондзæнис, афтæ мæм кæсы. Махмæ куы ´рзайай, уæд дæ нæ уындзæнис? Стæй куыд цæрон? Куыд ма кæсдзынæн адæмы цæстытæм? Уæд дæр сын «раст не стут» зæгъдзынæн, йæ дæларм карк чи давта æмæ карчы къæдзил йæ чъылдымæй кæмæн зындис, уыцы къæрныхау?

Мæ цæгаты цæрын мæ бон нæ бауыдзæнис. Æрвылбонон уайдзæфтæ æмæ уынаффæтæ мæ мæрдтæм барвитдзысты цардцухæй. Мæ хингæнæг æфсины дамтæй æнæрæстæджы уæддæр бафтдзынæн мæрдтыл. Ахæмтæ йын амонын хъæуы, цы? Фыццаг хатт ын сты?

Уыцы хъуыддаг мын никуы дæр мæ чызг ныббардзæнис. Цыфæнды хорз цард ын саразон, уæддæр æм афтæ кæсдзæнис, йæ фыдимæ йæ цард хуыздæр уыдаид. Æмæ йæ уый тыххæй уæддæр ма хъуамæ ныууагътаин, – зæгъдзæнис æнæмæнг.

Уымæн æндæр гæнæн нæй. Æмæ мæхи рыст уды ныхдурты тыххæй дарддæр ницы уал дзурын. Æнæуый дæр сæ тынг хорз зоныс.

Ныр та дæу тыххæй.

Раст у, уарзын дæ. Æмæ дæ хуымæтæджы уарзтæй нæ уарзын. Мæ цардыл кæдфæнды дæр мæ бон æнæ дæу хъуыды кæнын нæу. Хуыцау мын иунæг бон дæр æнæ дæу цæрæнбон макуы раттæд. Æнæдæу, нæ удтæ сæ кæрæдзимæ куы бахæстæг сты, уæдæй нырмæ мæ цардыл хицæнæй хъуыды дæр никуы акодтон.

Хуыцау, мæ лæгъстæ дæм фехъуысæд, сыгъзæрин тæбæгъты дын фæкуывдæуа! Хуыцау, æгæрыстæмæй, мын макуы фехъусын кæн – нæй мæ уарзт, æз цы горæты цæрын, уым! Мæ цуры. Хуыцау, æнæ уый мæ цард нæ хъæуы, нæ!.. Æмæ йæ ды дæр зон, мæ къона!

Ды мын дæ мад дæр, фыд дæр, æфсымæр дæр æмæ хæлар дæр. Ды дæ, мæ уд кæуыл æмæ цæуыл лæууы, цæрыны тых кæмæй исы, уый. Фæлæ йæ зонын, æз сæрибар сылгоймаг куы суон, уæд, ницы ´мбæхсы æмæ куыд цæудзæнис дæ бинонты цард дарддæр.

Æз ахæм цард, раст дæн æви нæ, мæ фæсонæрхæгмæ дæр никуы ´руагътон, зоныс æй. Цахæм удыхъæды

хицау хъуамæ уаин, цæмæй мæ бон бауа искæй цард ныппырх кæнын, цæмæй мын мæ тæригъæдтæ мæ амæлæты фæстæ фида мæ иунæг чызг?!.

Ме ´нкъараг уд никуы æмæ ницы хуызы сфæраздзæнис дæ туг-стæджы уайдзæфтæ. Дæ цард халыны аххосаг та мын баргæ никуы ныккæндзысты. Уый, куыдфæнды мын æй уырнын кæн, афтæ уыдзæнис.

Æмæ куыд раст кæндзынæн стæй мæхи? Хъуыдыды нæ дæн æмæ сæ куыд сайон, уый æнхъæл нæ уыдтæн, зæгъгæ? Зонын, тынг хорз зонын, куыд æмæ мæм цы ´нхъæлмæ кæсы, уыдонæй алцы дæр мæ уды фыдæнæн.

Домбай фырты нæ, хæрог чызджы мад дæн æмæ йæм цæргæцæрæнбонты алы къуымæй уæд цы тас æнхъæлмæ кæсдзæнис, уый мын зындгонд у. Уæдæ – дæ фырт, уæдæ – дæ хионы ´фсымæртæ, уæдæ – дæ чызг, уæдæ – ´взæр адæмы ´взæр æвзæгтæ… Иуварс дзы никæй æрæвæрдзынæ. Дæхи дæр худинаг кæндзынæ... Æмæ æз уыдæттæ не сфæраздзынæн.

Стæй дæр дæ абоныонг куыд базыдтон, афтæмæй æз уæд, – мæгуыр – мæ сæры къоппа, – æппынæдзух сæрдæй-зымæгæй хъуамæ бадон æрхуы галуаны дуарæхгæдæй. Хъуамæ кæмфæнды дæр дарон, æрмæстдæр, дæу цы дарæс фæнды, дæ зæрдæмæ чи цæуынц, уыдон (Кæд нырмæ дæр æнæ дæ зæрдæмæдзæугæ хæдзары дæр мæ уæлæ никуы ницы æрбаппарын, уæддæр). Тар цæстæй мæм кæсдзынæ, кæцыфæнды цæджындзы фæрсты ахизон, уæддæр (Уый дын ничи байсдзæнис). Æвæндонæй мæ лæггад кæнын кæндзынæ, сæ былтæ мыл чи ракъуыр-бакъуыр кæной, дæ уыцы хиуæттæн. Æз та сын развæлгъæу зонын мæнмæ сæ цъæхдæндаг ахаст æмæ былдауыны охыл уый мæ къухы искуы кæнæ бафтдзæнис, кæнæ – нæ.

Æгæрыстæмæй мæ тыхджын куы фæнда, уæддæр мæ уыцы хъуыддаджы мæ удæй ницы ныфс ис. Хорз æй куы зоныс, куыд бандзыг вæййын æвæндон хъуыддаг саразыны адæргæй. Зæхх фæлæбыры мæ быны. Арв мыл фæхауы бындзыггай. Дæлдæр ныххауинаг… Æндæр ничи дæн мæхи цæсты.

Ахæм уавæрты мæ иу зонгæ, мæгуыр Зæрдинцæйы бон дæр нæ бацис авд азæй фылдæр фæцæрын. Æз та авд мæйы фаг дæр не скомдзынæн. Афтæмæй кæйдæр дæлбынты æрцæуудзæнис мæ мæгуыр мæлæт. Ныгæнæг дæр мæ нæ уыдзæн. Мæ хиуæттæй мын дыууæ пыс-къуыл дидинæджы ничи ´рæвæрдзæнис мæ ингæныл.

Раст у, де ´гæрон уарзтыл дын нæ дызæрдыг кæ-нын... Фæлæ... фæлæ... фæлæ... æмæ ноджы – мин-мин уынгæгхъуыр «фæлæ»-йы...

Нæ зонын... Чи зоны, райсом нæм уæдта хур цы цæ-стæй ныккæса!.. Уæд йæ фæззыгон хай дæу фæуы-дзæнис. Æз уалдзыгон хурыл дæр разы дæн. Æндæр мæ куы ничи æмæ куы ницы судзид.  Рæстæг алцы дæр равдисдзæнис йæхæдæг.

Сомы дын кæнын мæ чызг æмæ дæ чызгæй, мæ фыстæг мын фæстæмæ кæй раздахдзынæ. Ахæмтæ ис-кæй къухмæ уадзæн нæй.

Нæ дæ бауырндзæнис – фæстаг рæстæджы мæ ау-уонæй дæр тæрсын райдыдтон. Цымæ кæй цæмæн ба-хъуыдтæн, чи мæм хæссы марæн кæрдтæ?!.

16.02.08

Æхсæвы – 00.20 сах.

***

Цы гæнæн ис, æцæгæй базæронд дæн. Фыццаг æй ды нæ фæхатыдтæ. Мæ хотæ мын æй раздæр загътой. Фæлæ уымæн йæ сæйраг аххосаг ды кæй дæ, уый мæ-хицæй дарддæр ничи зоны. Фæстаг дыууæ азы мæ бавдæрзтай, бацъырттай мæ вампирау. Нæй дын мæ тугæй бафсис. Уæддæр дæм æппарын æмæ æппарын мæхи. Нæй мын бауромæн, нæй.

Бахус дæн дыууæ арты астæу æмæ дзы мæхи кæцы-мæ тавон, уый нæ зонын. Зонгæ та йæ куыннæ кæнын, фæлæ мæ авналæнтæ мæхи бар никуы уыдысты. Мæг-уыр лæджы родау æппынæдзух къæбæлмæ баст дæн. Мæхи мын цæй артмæ тавæнтæ ис? Никуы дæр тæфсгæ скæндзынæн, афтæмæй, боны фæстагмæ, баззайдзы-нæн мæ саст бæлæгъы уæлхъус мæгуырæй.

О, уый куыд уайы мæ цæстытыл æмæ дард куыннæ уал у!.. Мæ цард йæ райдайæнæй йæ кæронмæ у тох. Фæлæ демæ цы дыууæ азы фæтох кодтон, уый мын мæ уæнгты тых бадон кодта. Тæрдзæнис мæ ингæнмæ. Царды мæм бæллиццагæй ницы уал æнхъæлмæ кæсы, уый зонын. Мæ ныфсы рухсытæ хуыссынц. Амонд кæйдæр хъæбысы нæ агуырдæуы, амондимæ райгуырын хъæуы! Дæ уæлмонц æнкъарæнтæн дæр искуы ´нæмæнгæй кæрон æрцæудзæнис, куыддæр мæ æвзонгдæрæй, рæсугъддæрæй фæивай, афтæ. Стæй мын, – амондсафæгæн, – чи зоны, мæ къона, цы ´взæртæ фæлдисай мæ амæлæты бонмæ.

Цард цæмæн зын, мæнгард æмæ хивæнд у?!.

Æз разы дæн Хуыцауы æлгъыстыл, æрмæст, мæ цард æнæдызæрдыгæй æнæхъæнæй слæвар кæныныл кæмæн дæн цæттæ, иунæг къахдзæф дæр кæй тыххæй никуы алæуудзынæн фæстæ, уый зæрдæхудт – дæ зæрдæхудты мæ царды кæронмæ макуы бацæуон.

Афтæмæй дæ, мæхæдæг дæр æй нæ зонын, тæрсын тынг. Кæнын дæ арвы кæрæтты. Мæхи дæ цы фæкæнон, уый дæр нал æмæ нал фæзонын.

Мæ тасы сæр сæйраджы-сæйраг – дæ зæрдæхудты ´нæнхъæлæджы мацæмæй бацæуон. Æмæ афтæмæй цæмæн фæзындтæн ацы æлгъыстаджы дунемæ? Цæмæн фембæлдтæн демæ? Нæ фембæлдæй фæстæмæ цы хъизæмæрттæ ´взарын, уыдонæн сæ райдайæн нал хъуыды кæнын, сæ кæрон дæр мæм нæма зыны. Дæ разы ´дзæсгомыл нымад дæн, ницæуыл мæ нымайыс. Фæлæ дын цæмæй нæ дæттын ком, уымæн бæлвырдæй ницы ´мбарын, бауырнæд дæ. Хуыцау – ме ´вдисæн. Нæ дæн аххосджын никуы! Никуы дæр дæ фæхъыг кæндзынæн! Хуыцау мæ уыцы бонмæ макуы фæцæрын кæнæд, дæ зæрдæхудты бацæуон…

Нæ зонын, мæ дарддæры амонды цы фыст ис. Чи зоны, искуы дын истæмæй лæгъстиаг фæуон, истæмæй мын æххуыс кæнай, дæхимæ мæ феввахсдæр кæнай… Фæлæ уый Хуыцауæй дарддæр ничи зоны. Мæ уавæрæй та мæ мæлæтæй дарддæр ницы фервæзын кæндзæнис.

Мæ удхæссæг дæ æмæ цæргæцæрæнбонты æлгъитдзынæн нæ фембæлæн бон, фæлæ йыл басæтт – æз дæр дыл зынын хорзæрдæм.

Къау!

07.12.08

***

Цæмæ дæм хатын мæ удыбонтæй:

1. Дæумæ «отключенный» расыгæй кæсгæйæ мæхи 5-æм уæладзыгæй раппардзынæн. Бирæ нуазын дæ бон у, уый афтæ нæ нысан кæны æмæ арæх нуазай. Нæ мæ фæнды. Нуазынæн хъуамæ цыдæр стыр аххосаг уа. Алы цинæн – нуазгæ, алы мастæн – нуазгæ, уый хорз нæу. Демæ нуазын, демæ… бирæты фæнды. Фæлæ сæ ма хъуыды кæн. Алкæй æмæ алцы дæ сæрмæ ма хæсс. Зæрондæй дæр фидар уай, уый мæ фæнды. Ды мын афтæ зæгъ: «Дон ма нуаз», – нал æй нуаздзынæн. Мæ цардæй æнæхъæн дæс азы аппарин, æрмæст ды ма нуаз. Нуазын алкæмæн дæр æгады хос у. Дæ хуызæн лæгæн – уæлдайдæр. Цыфæнды мæсты уай, уæддæр – нæ;

2. Æппынæдзух мæ ма ´лхысчъытæ кæн дæ цыргъ æвзагæй. Ахынджылæг мæ кæныс æмæ мыл стæй æрымысыс «анекдот». Удыхъæдæй мастисаг нæ рахастон, фæлæ æз дæр туг æмæ стæг дæн;

3. Цы нæ вæййы æмæ, æрцæуæн цæмæн нæй, уыдæттæ-иу ма мыс. Дæ тугæй аппар уыцы миниуæг. Мæнæн мæ хъуыдыйы дæр ахæм цыдæр никуы вæййы, ды цы ´рбаймысыс. Уый дæумæ афтæ <u>фæкæсы</u>;

4. «Тæригъæд у»-йы ´фсонæй æппынæдзух уыцы ницæйагимæ уынджы дæр макуы ´мбæл. Æз дын æй исгæ нæ кæнын. Кæд дæ фæнды, уæд цæр йемæ. Алы сайæн митæ дын кæндзæнис, фæлæ уыдон мæн не ´ндавынц. Дæ уарзт мæ никæимæ дих кæнын фæнды. Ахæм рæстæджы мæ фырдиссагæй хатт мæхи марынмæ дæр æрцæуын;

5. Цъус мын фылдæр рæстæг хицæн кæн. Уæдта – те-лефоны ауарзынæн. Æз дæр адæймаг дæн: фæнды мæ цæрын, демæ ныхас кæнын, дæу уарзын…

Ныр та дæхионы тыххæй:

1. Уый кæм уа, дæ уыцы бынæттæм мæ макуы хон. Нæ мæ фæнды, хъыгдарон æй, йæ цæсты хауон. Йемæ мын иумæйагæй мацы хъуамæ уа. Дæуæй дарддæр! Мæ арæнтæ хъуамæ зонон. Никæимæ мæ фæнды загъд-замана кæнын. Ацы хъуыддæгтæ дæуæй райдыдтой. Æз дын разы кодтон, кæд мæ фæндыдис, уæддæр? Мæ амæлæты бонмæ дæр дæ уарздзынæн афтæ, фæлæ мæ хъуыдымæ искуы цæугæ дæр куыд хъуамæ æркæна, дæ бинонты цард дын сызмæнтон? Искæй æнамондæй мæ иунæг амонд дæр нæ хъæуы. Аргъуанмæ бацæудзынæн уый тыххæй – сыгъдæг намысимæ цырагъ ссудздзынæн. Æз уæ дыууæйы фыдæн мæ зæрдæмæ исты ныдздзурон, уыдæттæ дæ хъуыдымæ макуы ´руадз, ахæм чъизи хъуыдыйæ мæн дæр бахиз. Зоныс æй тынг хорз, искуы мæм ахæм хъуыды куы уыдаид, уæд фынддæс азы мæхи нæ бахордтаин уыцы хъæдысырдимæ;

2. Уæ сывæллæтты мæ ныхмæ, мæ сабийы ныхмæ цæмæй макуы ардауа маст райсыны охыл. Хъуамæ мын зона мæ аххос дæр æмæ, раст кæм дæн, уый дæр;

3. Уый иунæг мур дæр цæмæй фæцух кæнай, ахæмæй мæм бынтондæр макуы мацæмæй бахат!

Уыдæттæй дæ бон аразын цы нæу, уый мын развæлгъау зæгъ æмæ йæ зонон. Зæгъ мын æй, ды куыд нымайыс? Куыд хъуамæ аразæм æмæ цæрæм? Æмæ рæстæгыл зонон мæ бынат. Кæд дзы исты зын сæххæстгæнæн ис, уæд æй æмбарон.

Æниу, мæ мæгуыр уды фыдæнæн алцы дæр тынг хорз æмбарын, фæлæ – уæддæр.

Фенынмæ.

Нырма дын ба кæнын.
Стæй дарддæр бæрæг уыдзæнис

19.07.10

***

Куыд у, фæхос дын сты де ´хсины хостæ? Мæн 15 азы нæ басастой, фæлæ ды æвиппайды къæпхæны батахтæ. Хъæццулы бынæй-иу мæм сусæгæй телефонæй куы дзырдтай, уыдæттæ дын цæстыфæныкъуылдмæ дæ хъуыры фæбадын кодта æви нæ?

Ныр, æвæццæгæн, тæрсгæ фæкæныс, иунæгæй куы вæййын, уæд æмæ дæлзæхх бамбæхсыс. Цымæ дын æвиппайд цы хос ссардта? Æвæццæгæн – виагра. Æмæ дын дæ къæхты цъæлтæ дæр, дæ буары цъæхтæ дæр бæстæтты уымæн райдыдта уынын? Афтæ æнхъæл дæ, нæ сæ фехъусын?

Алчи йæхи амондæй цæры. Алчи йæ сынтæгмæ гæсгæ адаргъ кæны йæ къæхтæ. Мæн дæр, кæйдæртау, мæ уавæртæ куы амоникккой, уæд дæ Хуыцауы цъупмæ сисин, фæлæ мæ амонд, – æвзæртæ йын фæлдыст, – мæнæй кæнгæ нæ уыдис æмæ, цы кæнон?

Дæ сæр ныккренделятæ кæн æмæ дæ хъæр хъуысæд: «Æз хорз ус дæн». Хорз ус æз дæн, уымæн тæригъæд чи кодта æмæ кæны.

Ныр ын мæ фæрцы ды дæр тæригъæд кæнын байдыдтай. Цыма дын æз искуы загътон ныууадз æй æмæ мæн ракур. Нæ дæ ´мбарын – фæлтæргæнæг рынчынау иу бон адæймаджы арвмæ сисыс, иннæ бон та дын астæрды бызгъуырæн дæр нал фæбæззы. Абоны онг дæр мын баззадтæ ингæнау тар æмæ æнæзындгондæй. Æмæ æз хъуамæ дæ талынг зæрдæйы цæрæнбонтæм куырмæй рабыр-бабыр кæнон.

Афтæ зæгъдзынæн, мыййаг: «Æвзонг уыдтæн æмæ уыдæттыл рæстмæ нæ хъуыды кодтон»? Фæлæ фæсмон ницæуыл кæнын. Иууылдæр мæнæн баст уыдысты уарзтимæ. Стыр уарзтимæ! Фæсмон цæмæй фæкодтаин, уымæ та мæ Хуыцау нæ бауагъта. Дæуау…

Зонын æй, алцæуыл дæр фæсмон кæныс. Æмæ фæсмон кæн. Мæн аххос дын ницы у. Абон æз кæуын, райсом та ды кæудзынæ. Уымæн æнæрцæугæ нæй.

Къау.

16.08.10

***

Æз дыууæ ´хсæвы куыд фыдæхсæв фæдæн, афтæ фæу ды дæр. Кæд æз дæ разы исты аххосджын вæййын æмæ мæ афтæмæй фæриссын кæныс, уæд бæсты дзуæрттæй æлгъыст фæуон, кæннæуæдæг дын мæ тæригъæд цæргæ-цæрæнбонтæм... Фелгъитон дæ?!. Дæхи хуызæн æнхъæл мын дæ?!. Нæ федтай!

Дæхи маргæй бæргæ схъæстæ уыдзæн дæ туг дæуæн. Æз хъуыдиаг куыд фæдæн, мæн æнæ сомбон куыд фæкодтай, афтæ тæфæбойнаг макуы фæу ды дæр. Дæ сæмбæлæн бон басудзæд! Кæлæнгæнæг дæ, æндæр – ницы. Дæу тыххæй мæнæн мæ хъуыды фесæфт. Дæу тыххæй æз хуыссæг нал уынын. Мæ иунæг хъæбулыл дæр суæлæхох вæййын дæу тыххæй. Ничи æмæ мæ ницы уал æндæвта. Æдæрсгæ никуыдæм æмæ никæцæй цыдтæн – куыд та йæ зæрдæмæ фæцæуудзысты мæ ацæуæнтæ? Дæхæдæг авдæнбæттæн дæр никуы рауагътай. Хъуамæ алы ран дæр разынай стырæй. Æз та? Кæй æмæ цæй тыххæй бабастон мæхи ´фсæн къæлæты?

Йæ алы ныхасыл дæр ын æууæнд. Мæй æмæ йæ стъалытимæ бар... Афтæмæй дæлæмæ дæр æмæ уæлæмæ дæр хурæй дарддæр ницы у. Мæ цæсты æгæр нæ феввæрсыдтæ дæхиуыл?!. Ма рахау!

Дæхи-иу куы фæндыд, уæд-иу хъуамæ æрдæгæхсæв дæр фæдзырдтаис. Уый-иу хынджылæг нæ хуындис. Сынтæгæй-иу мæ 5 минутæй 5 минутмæ хорз фæгæпп кæнын кодтай. Дæхи хъуыддæгтæ алцæмæй дæр ныйыл сты... Дæхимæ гæсгæ.

Æз дæр дын сæ тынг хорз фехъусын. Америкæйы нæ цæрыс, мыййаг. Уæд-иу афтæ дзырдтай, мæн æварстæй ма, дам, исчи трупкæ сисæд. Ныр дæ ´фсон фæвæййы – нæ дын вæййы гæнæн. Хорз телефонисткæ дзы баурæдтай. Æндæр дын ницы аккаг у?!.

Мæнæн-иу мæ карчы зæрдæйы ас сывæллоны хорз срæуæг кодтай дæ дзæнгæрджытæй. Æмæ мацы хъуамæ дзырдтаиккам. Ма дæр уый æмæ ма дæр æз. Уæд-иу дæхи арвыл фæцæф кодтай. Нæ бон куыд у, æвиппайд

телефоны хæтæлыл нæхи ма ныффырдучъи кæнæм!.. Цы зæгъын дæ фæнды, уымæ ма байхъусæм?!.

Ныр та ´мбæхсгæ бакæныс. Кæнæ та ´ррайы ´фсон скæн æмæ телефонмæ ´ввахс ма цу. Мæнæн-иу мæ чызг исты куы загъта телефоны, уæд-иу æй рæгъмæ рахастай. Ныр дæ хиуæттæ калмы ´взагæй дæр рауасынц – «Худинаг дæм нæ кæсы?..»

Сæ хæдзардарæг, дæ сæрыстыр усæн йæ хорз лæгæй зæд – Арвы Уациллайы хуызæн лæг сарæзтон æмæ, кæд зæдмæ кувын, зæдимæ цæрын нæ зоны, уæд ын уым мæн аххос цы ис, мæгуыр мæ бон? Æви ныр адæмы зæдтæн табу кæнын, ныллæг сын кувын дæр æз хъуамæ ахуыр кæнон?

Æз дæм телефоны мæ тыхстæй, мæ мæгуырæй фæдзурын æмæ дзы уыдон стыр худинаггаг хъуыддаг ацаразынц… Цал хатты дæу тыххæй мæхимæ маст райстон, уал хорзы мыл æрцæуæнт, кæннæуæдæг мæ тæригъæдæй… Ралгъитон?

Алкæй фæндиаг дæр мæ фæкодтай. Дæ царды нысан уый уыдис? Æрдæгæхсæвты мын мæ хæдзары къултæ куы фыстай, уыдон дæ хорз тагъд ферох сты. Афтæ у, гъе.

Мæнæ дын фæстæмæ здахын…

Уарзтæн-иу куы уаид фæстæмæ аздахæн, уæд фенис!.. О, о, æмæ дын дæ уарзт не здахын. Уадзын æй мæхи уарзты ныхмæ… Кæд дын мæ уарзты ´ййас нæу, уæддæр. Æви дын уый дæр аздахон?!.

Æндæр дæ ницы хъæуы?

*Кæд цæрон, уæддæр дæу уарзгæйæ;*
*Кæд мæлон, уæддæр дæу мысгæйæ.*

17.08.10

***

Тæхуды, искуы ма дæ ´ввахсмæ куы фенин! Куы зонис, куыд нæу мæ бон, иу минут дæр дыл ма хъуыды кæнон?!. Мæ хуыссæг дæр фæхауд. Тæфсгæ дæр нал

кæнын. Æнæхъæнæй дойнаг дур фестадтæн. Лæгъстæ дын кæнын, дæ бон куыд у, афтæ дæхи сабыр кæн.

Зонын æй, ныр ды цы уавæры дæ. Мæн дæр нæ уырны. Фæлтау, зæгъын, фын куы уаид. Райсом дæ, зæгъын, хъæлдзæгæй куы фенин. Бæргæ...

Омæ, фæстæмæ та цæмæннæ здæхыс? Цы фæдæ? Фæлваргæ мæ кæныс, кæддæра цас бафæразин æнæ сæррайæ? Дæ ахæм фæндагыл ацыд дын нæ фæразын. Æхсæв æмæ мын бон баиу сты. Ма фæрынчын кæн дæхи, лæгъстæ дын кæнын. Зонын æй, тынг зын дын у, фæлæ йæ сфæраз.

Мæ бон нал у дарддæр фыссын. Нæу мæ бон... Нæу мæ бон æнæ дæу. Ничи æмæ мæ ницы хъæуы а-зæххыл. Æрмæстдæр – Ды! Тынг хорзæй дæ уынон...

24.01.11

***

Нæма дæ а-бæстыл зынæг. Æвæццæгæн мæм Хуыцауæй ахæм амонд нæ хауы æмæ ма дæ искуы фенон. Куыстмæ куы фæцæуын, уæд мыл къуыри куыд тагъд атæхы. Акъуырийы та, цыма, мæ фыдæнæн мæйыбæрц ныййивæзтæуыд. Кæд, мæ хъысмæт у ахæм, цæмæй хъизæмар кæнон цæргæ-цæрæнбонты? Чи зоны... Уæддæр мæ куыд тынг фæнды иунæг хатт дæу фенын!

Мæхимæ хъæды халонæй иунæгдæр кæсын. Ды мын куынæ уай, уæд мын ничи ис. Мæ хъиутæ хæрын дæумæ æнхъæлмæ кæсынæй. Дæ мæгуыр æфсымæр, ме ´ууæнк, мæ фидæн, мæ бæллицтæ мын йе ´нусон дунемæ йемæ кæй хæсдзæнис, уый куы зыдтаид, бецау...

Ау, исчи ма зæххы цъарыл разындзæнис мæхуызæн æнамонд? Æвæццæгæн, нæ. Цæмæн фæзындтæн ацы тæригъæддаг цардмæ, цæмæн? Фынддæс азмæ адæм фæндзгай хæттыты бацæрынц æмæ ахицæн вæййынц. Æз дæ уарзын æнæхъæн фынддæс азы æмæ уыцы рæстæджы удхар кæнын, уæлхъæдæй бахус дæн, æмæ хус кæнын, фæлæ дзы æгæрон уарзтæй дарддæр ныфсæн ницы уынын. Ныр та мæ ныфсы мæсыг бындзарæй рафæлдæхт. Мæнмæ дæ никуы уал æвдæлдзæнис...

Алцæмæн дæр, æвæццæгæн, ис йæхи рæстæг. Уый дæр мын йæхи хуызы ´фхæрд у хъысмæтæй. Фæлæ цæй тыххæй, цæй тыххæй? Мæ бон нæу æнæ дæу. Нæу мæ бон! Æрмæстдæр дæу кæй уарзын, æндæр никæй, уый æнæмæнг алчи дæр куыд хъуса, афтæ хъуамæ хъæр кæнон?.. Цæмæй мыл адæм худой? Ома, нæ мæ хъуыды кæныс, фæлæ дыл мæхи тыхæй ныхасын…

Ды мын, мæ уарзон, ныххатыр кæн, ныртæккæ уыдæттыл нæ дæ, зонын æй. Фæлæ адæттæ æрмæст мæхицæн фыссын. Цæмæй чысыл уæддæр ссæуа мæ маст. Чи зоны, дæ фæлмæн æрмттæм дæр бахауа искуы мæ фыстæг, чи зоны, нæ.

Ацы рафысс-бафыссæй мæхи, цыма, чысыл æрсабыр кæнын кæнæ та бацархайын мæхи æрсабыр кæныныл. Чи зоны, афтæ мæм фæкæсы? Цыма демæ бадын æмæ ныхас кæнын. Æниу, афтæмæй дæр, зæрдæйы цы фæнды æмæ хъуыды цы домы, уыдæттæ æвзаг нæ фæдзуры. Гæххæтт та уромы алцы дæр. Æрмæстдæр ды дæ мæ иунæг ныфс, мæ удсабыргæнæг. Стæй – мæ катайы æмæ мæ бирæ хъизæмæртты сæр дæр. Æмæ куы фæкалын мæ зæрдæйы хъыгтæ, уæд-иу мын ныххатыр кæн. Ма-иу мæ скæн дæ хъыджы аккаг.

Лæгъстæ дын кæнын, дæхи сæры мæт бакæн. Мастæн дæр ссарын хъæуы кæрон. Цард æппынæдзух цæссыгтимæ нæ арæзтæуы.

28.01.11

***

Куысты-иу сæумæйæ цал хатты бацыдтæн телефонмæ. Фæлæ-иу куыд тарстæн телефоны хæтæл сисын æмæ дын дæ телефоны номыртæ æрнымайынæй. Тарстæн, зæгъын, та мын ничи сдзуапп кæндзæнис. Ноджы тынгдæр та, зæгъын, де стыр масты фæстæ дын цы зæгъон, уымæй тарстæн. Уæддæр цæй ныфсджын разындтæн!

Уый хыгъд абондæргъы мæ бон нал у мæхи æрсабыр кæнын. Мæ цæссыгтæ сæхигъæдæй цæуынц æмæ цæуынц мæ фæлурс уадултыл. Нал зыны сæ кæрон.

Фæлыгъд мæ хуыссæг, афтæмæй æрдæг æхсæвæй раджы аивгъуыдта.

Искуы ма сбон уадзæнис? Кæд дæ дæ фендзынæн?

Хъуыды кæнын: мæ фыстытæ дæм раттон æви та сæ басудзон? Мæ мæстыйæ сæ фæфыссын. Стæй мæм сæ кæсынæй худын фæцæуы. Фæлæ, кæд мæ бон бауа, уæд дæм сæ, æвæццæгæн, ратдзынæн.

29.01.11

***

Цæй-ма, телефонæй мæм фæдзур. Бафæлладтæн æнхъæлмæ кæсынæй. Зонын æй, нæ дæ æндавын ацы тæккæ, фæлæ уæддæр мæхи басæттын мæ бон нæу. Цæрæнбонты мæм афтæ кæсы, цыма дæуæн дæ бон алцы дæр у. Растдæр мæм кастæ æмæ кæсыс аргъæутты æппæтхъом, æппæтзонджыты (волшебникты) хуызæн.

Абон мæм куы фæдзырдтай, уæд мæ хо дæр махмæ уыд æмæ дын уый цур «Бирæ дæ уарзын» зæгъын нæ бауæндыдтæн. Ууыл дæр мæ нуæрттæ сыхæлдысты. Дæ телефоны зæллангыл дæр алкæй дæр æмæ алцы дæр ивын. Ничи мæ фæхъæуы, демæ æргом дзурынæн мæ чи фæхъыгдары, уыдонæй.

Ницæуыл уал æуууæндын. Цыдæр уæлдай маст мын мæ уд ныхъуыры. Æрмæст мæ фæнды дæу уынын æмæ дæумæ хъусын. Æрмæст дыл куы ныдзæвин. Дæ къухыл дын куы хæцин. Дæ рæвдаугæ цæстæнгас куы хатин… Æндæр ницы. Цыма уый ницы у…

Нал æй зонын, цытæ мæ фæнды. Иунæг иу уысм дæр мæ сæрæй нæ хицæн кæныс. Нал фефсæдын мæхимидæг, мæ сæнтты демæ ныхас кæнæй. Мæ чызг мæ арæх фæфæрсы: «Кæимæ дзурыс, кæ?» Зæгъын, мæ хæйрæджытимæ. Æз, дам æй тынг хорз зонын, кæимæ ныхас кæныс. Ныры кæстæртæн исты аирвæздзæнис? Æмæ йæ, уадз æмæ хата.

Зонын æй, куы та мæм фæдзурай, чи зоны та дын гæнæн фæуа, уæд та мæ фыстытæ аппардзынæн. Уæд мæм, æцæг, цæй худæг фæкæсынц.

03.02.11

Хорз, фæдзырдтай мæм, фæлæ йæ нал скъуыдтæ кæнын. Ды мын бирæ уарзыс ме ´рра фыстытæ кæсын. Æз дæр ма, мæхи æндæр цæмæй æрсабыр кæнон, уый мын нал вæййы. Ноджы мæм хуртæ ныккæсынц, æз цытæ хъулæттæ кæнын, уыдон ды мидбылхудгæйæ куыд кæсдзынæ, ууыл куы ахъуыды кæнын, уæд.

Ды йæ нæ зоныс, мæнæн мæ зæрдæ куыд ныууазал вæййы, куыд сæрра вæййын, дæумæ бæлгæйæ, æмæ мæ маст мæ чызгыл дæр ныккалын. Зонын æй, уый хорзмæ нæ кæны. Фæлæ адæймагæн йæ алы къахдзæф уырзгай барын йæ бон нæу. Уæлдайдæр æй куы ничи уына, иунæгæй куы вæййы, уæд.

Нæ фæразын æнæ дæу. Нæ мын фæфаг кæны, нæ, уæлдæф. Адджын дæ. Тынг адджын дæ. Уымæн дæ бирæ уарзын. Бирæ, бирæ, фыдбирæ!!!

«Как при недостатке кислорода человек начинает задыхаться, так при дефиците ласки – заболевать.

Становится <u>нервным</u>, <u>раздражительным</u>, у него развивается <u>болезнь желудка</u>, <u>сердца</u>, появляется <u>бессонница</u>, а так же ослабляется <u>иммунитет</u>.»

Мæнæн дзы кæцы у аппаринаг, дæу та нæ уырны, фæлæ? Стæй дæ уырнгæ дæр цæмæннæ хъуамæ кæной? Ахуыргонд адæм сæ сбæлвырд кодтой. Дæ хуызæттæ. Æмæ уыл ма ´ууæндон, уæ рæстаг хъуыдытæ уын бæрзонд ма ´вæрон, уый нæу мæ бон.

Уыдон иууылдæр раст сты!

*Æз та дæу уарзын.*
*Бирæ, тынг бирæ.*
*Рагæй, тынг рагæй.*
*15, 15, 15 … азы.*

Фынддæс азы уарзгæйæ ахæстоны дæр ничи бафæрæзтаид. Атыдтаид ын йæ къултæ. Æз та Мацичы ахæстоны бадын æнæ хъыпп, æнæ сыппæй. Æмæ мын дæ бон дæр ницы баххуыс у.

Цæуон æмæ ныффынæй уон. Мæ бонтæй та иу, кæугæйæ, дæумæ бæлгæйæ, дæу мысгæйæ батыдтон.

Кæдæй-уæдæй мæ хуыссæг ахсын райдыдта æмæ йæ ма фæхъыг кæнон. Хуыссæджы. Æндæра та мæм йæ чъылдым фездахдзæнис уыцы хивæнд.

Уарзын дæ.

Ныр дыууадæс сахат æххæст кæны. Ды ныр фынæй дæ – фæллад, фæлмæцыд.

Мысын дæ.

03.02.11

***

Дæ телефоны зæллангæй мæ уазал зæрдæйы ихтæ батайынц. Мæ риуыдзаг сулæфын. Æнæуый мыл бæстæ баталынг вæййы. Ракæлынмæ мыл фæхъавы. Мæ уæрджытыл журналы хуылфы æвæрд сыфыл телевизоры рухсмæ сусæгæй фыссын мын мæ уд суæлæнгай кæны.

Фæлæ цы кæнон? Æндæр фадат мын нæй! Уæддæр, уæддæр иунæг уысм дæр нæ хицæн кæнын мæ фæллад хъуыдыйæ. Демæ «дзурынæй», куы йæ зонис, мæ уд æппынæдзух дидинæг фефтауы. Фæнды – афтæмæй, фæнды – дæумæ кæсгæйæ.

Чи зоны, сом дæ фенон. Мæхи та кæд истæй æфсон расаин. Цыдæр ме ´намонд æрцыдис, цыдæр. Нал дыл æууæндын æххæстæй. Куынæ дæ фæуынын, уæд мæм афтæ фæкæсы, сайыс мæ. Цыдæр мын, цыма, нæ дзурыс æргомæй, афтæмæй мæ, цыма, сайыс.

Уæдæ ма мын расомы кæн, кæд мæ нæ сайыс, уæд. Нæ мæ сфæлмæцыдтæ? Нæ фæсмон кæныс? Нæ мæ сурыс дæхицæй? Нæ мыл хæцыс дæ риуæй æддæмæ? Æви дæ, чи зоны, мемæ æргом дзурын дæр нал фæнды æмæ дæ ноджы баййардтон?

Уæдæ мæм афтæ цæмæн кæсы? Цæмæн мæ æвдæрзынц æппынæдзух ацы ´нæрайы, удмарæн, сау, сау, сау хъуыдытæ? Уæдæ, мæнг у, адæймаг дзул æмæ мыд хæрынæй дæр фæлмæцы кæй фæдзурынц, уыцы æнæрайы æмбисонд? «Ойы» мын зæгъ. Фæсай мæ.

Мæн дæр афтæ фæнды, – оу, куыд тынг мæ фæнды! – адæймаг дзул æмæ мыд хæрынæй дæр куынæ фæлмæцид!.. Уæд мыл дæ зæрдæ никуы сивис…

Цы мыл ӕрцыд, мӕ бон бакӕла. Куыд ма... куыд ма уыдзынӕн, ӕз дӕр, кӕй зонӕм, уыйау дӕ фӕдтыл куы зилон, куы дын агурон де ´мбӕхсӕнтӕ?

Нӕ, фӕлтау мӕ Хуыцау дур фестын кӕнӕд, цӕйнӕфӕлтау дӕ де ´мгӕртты, адӕмы ´хсӕн дӕлдзиныг кӕнон, цӕйнӕфӕлтау ма уый дӕр бавзарон. Мӕ рис дӕр кӕмӕн зӕгъон, кӕй бауырндзӕн, мӕ бон ӕнӕ дӕу иунӕг уысм дӕр кӕй нӕу. Мӕ сӕнтты ӕдзух дӕ мемӕ.

Хуыцаумӕ фӕлӕгъстӕ кӕнын ме ´нӕбонӕй, мӕ тыхстӕй, зӕгъын, кӕд, мыййаг, исты рӕдийын, уӕд мӕ афоныл раст фӕндагыл бафтауа.

08.02.11

***

Куыд даргъ уыдис мӕ фӕндаг. Цыдтӕн, цыдтӕн ӕнӕхъӕн 15 азы(!) ӕмӕ фӕхӕццӕ дӕн сӕрсӕфӕны былмӕ. Ныр дарддӕр цы? Уымӕ тырныдтон ӕз?

Фыссын телевизоры рухсмӕ. Хъусын зарджытӕм – дӕттынц Добрынины канцерт. Уӕддӕр мӕ бон ӕнӕфысгӕ нӕу. Мӕ зӕрдӕ мастӕй тыппыр у. Мӕ цины бонтӕ хӕрз ӕвзонгӕй демӕ куыд тагъд атыдтон, уый зонгӕ дӕр нӕ бакодтон.

Фӕлӕ ды кӕй дӕ, уый дӕр мӕ амонд у. Мӕхи ӕппынӕдзух цӕттӕ кодтон мӕ алы къахдзӕфмӕ дӕр ӕмӕ цы бацис мӕ бон хорзӕй саразын?

Нӕ, уӕддӕр дӕ никӕмӕн ратдзынӕн. Дӕ уарзты стъӕлфӕн мӕ уӕддӕр куынӕ тава, уӕд иунӕг уысм фӕцӕрын дӕр нӕ бауыдзӕнис мӕ бон. Иунӕг уысм дӕр!.. Уӕлдайдӕр, мӕхицӕн куы бауырнын кодтон, дӕ бинонты царды иу чысыл мур дӕр мӕхи нӕ тъыссын, ӕвзӕрӕй сын ницы аразын, уӕд мӕ цӕрын фӕнды. Уыцы, уарзты идейӕ та йӕ райдианы мӕнӕй нӕ рацыд.

Раст у, мӕ мидхъуыдыйы, мӕ зӕрдӕйы рӕбын тӕлфыдис уыцы хъуыды, фӕлӕ йын, дӕхи зӕрдӕ – ме ´вдисӕн, сулӕфыны бар нӕ лӕвӕрдтон. Ард дын хӕрын уӕлӕрвты бадджытӕй. Ды куынӕ уыдаис, уӕд ӕй, цыфӕнды мӕ хордтаид, уӕддӕр ныххурх кодтаин мӕ, талынг ингӕны хуызӕн, зӕрдӕйы.

Афтæ баф- (дзæнгæрæг!) –æлладтæн мæ зæрдæйы æмбæхст хъуыдытæ рухсмæ хæссынæй…

Мæ зæрдæ мын куыд ныхгъæлæнтæ кодтай, куыд, дæ телефоны афоныл зæллангæй. Куы зонис, куыд æм зæрдæбынæй æнхъæлмæ кастæн?

Мæ адджынтæ, мæ иууыл зынаргъдæр, куыд афоныл фæзындтæ ме ´нæадджын, кæуинаггаг царды. Куыд дæм бæллын, куыд мæ хъæуы дæ рæвдыд, куыд æнæхай дæн дæ зондæй, дæ уынаффæтæй?!. Бафæлладтæн ацы æдылыдзæфимæ цæрынæй. Æнæмарг бæллиццæй куыд бæллын, а царды йæ уды фæндиаг чи цæры æмæ, æгæрыстæмæй, йæ зæрдæйы уагмæ гæсгæ дарæс чи дары, уыдонмæ!

«Дæхи кæмæ рацарæзтай? Бибитæ кæй тыххæй бакодтай? Кæимæ дын уыдзæнис фембæлд?» – алæбон куы хъусай æдылы фарстытæ…

Ахуыссыд та нæ дзæгъæйладжы рухс. Мæ куыйтæ фæлдыст нæ чъребайаг цардæн. Фæлæ Æз æмæ Дæуæн Чъреба зæдты бæстæ у.

Мæ цардæй дæ фылдæр уарзын.

07.02.11

***

Мæ зæрдæ судзы, дуды, риссы, абон дæ, дардмæ уæддæр, кæй нæ федтон, мæ цæстытæ дæ кæй нæ байдзаг сты, уый тыххæй. Сæурайсомæй дæм райдыдтон дзæнгæрæг кæнын (10.20-æй) æмæ дæ телефон æппынæдзух уыдис æфсндзифтыгъд. Зæгъын, æвæццæгæн, кæимæдæр ныхас кæныс.

Цæй, хорз. Азгъорстон нотариусмæ. Æрбздæхтæн фæстæмæ. Уыдис 10.55 – уæддæр дæ телефоны скъуыд зæлтæ зæрдæ хуынчъытæ кодтой.

Митингмæ ацыдыстæм. Тагъд-тагъд. Цыма иууылдæр уыдысты уым. Фæлæ дзы, цыма, ничи уыд. Ды никуыцæй зындтæ. Васойы хæдзармæ, дам, ацыдысты.

Дыууæйы ´рдæгмæ дæ телефонæй цыма чидæр дзырдта. Стæй, куыстмæ куы цыдтæн, уæд ма дæм мæ ахуырæй адзырдтон тагъд-тагъд. Цыма ныр телефон

сæрибар уыд. Ныфс мæ бацыд – фехъусдзынæн дын дæ хъæлæс. Фæлæ байрæджы.

Æнæ дæу нæу мæ бон, мæ уарзон, æнæ дæу мыл дуне талынг кæны. Абон дæр мæ афтæ фæндыдис дæ фенын, афтæ тарст æмæ дæ фæдисы агуырд кодтон уыцы дунейы мæрддзыгой адæмы ´хсæн, фæлæ дыл мæ рахауинаг цæст не схæцыд. Афтæ тынг тæрсын, искуы мæ æцæг куы аппарай æмæ абонау цæргæ-цæрæмбонты куы баззайон дæу агургæйæ.

Изæрæй мæм куыстмæ æрбацыд мæ хо. Фæдисы фарст æй кодтон, уый дæ федта æви нæ? Æмæ, дам, æй федтон. Абарста дæ поэзи æмæ музыкæтауæг, удсыгъдæггæнæг æмæ зæрдæйы уарзтауæг Хуыцауы хай Аполлонимæ.

Йæ уыцы ныхас мæ бынтон сæрра кодта. Мæн Хуыцау цæмæннæ скодта уыцы амонды аккаг æмæ дæ федтаин? Цæмæн райгуырдтæн афтæ ´намондæй? Цæргæцæрæнбонты, искæмæн мацы маст æрхæссоны тыххæй, æз мæ амонд цæмæн сурын мæхицæй?

Ныр хъизæмар кæнын, мæ амонд мæм йæ чъылдым куы здахы, уæд. Цард дын цы лæвар кæны, ууыл йæ рæстæджы фæхъæуы дæндагæй ныххæцын, цалынмæ дæ нæ алыгъд, цалынмæ дын æй ничи аскъæфта, уæдмæ. Æмæ кæд нырмæ (æниу, дæумæ афтæ нæ кæсы) мæ уды быцъынæг, ацы цардæй мæхи куыд атонон, ууыл хъардтон, уæд ныр ауагътон мæхи æмæ мæ хъысмæт бакодтон фортунæйы æвджид – цы уа, уый уæд. Кæд мæм амонд бахуда, уæд Хуыцауæн – табу. Уырны мæ тыхмийæ ми нæй, амонд дæм йæхæдæг куынæ раздаха йе ´ргом, уæд.

Кæй зонæм, уыцы фын мын бынтон æркалын кодта мæ гæрзтæ. Рæгъæд дыргътæ тонын мын нæ бауагътай. Бæласы цъупмæ схизын та мæ уадзгæ не скодтай. Цы уа, уый уæд. Хи амонд æмæ рифтагæй никуыдæм, никуыдæм, никуыдæм фæлидздзынæ.

Афтæ нæу, мæ зæрдæ?

20.03.11

***

Æз æцæг æмæ сыгъдæг уарзты хъæбысы кæй райгуырдтæн, уый тыххæй мыл мæ хъысмæт хъуамæ хæрзаудæн кæнид. Фæлæ цынæ зæгъдзынæ. Фæлæ алчи йæхи амондæй цæры æмæ, хорз дæ æви æвзæр, уымæ кæсæг нæй – кæуыл дидинджыты къæвда уары, кæуы – цъыфы.

«Шы дæ хъиутæ хæрыс?» – фæмæстæй мæ марыс, фæлæ уый афтæ нæ нысан кæны, мæ къона, æмæ, цардæй йæ уæлдæйттæ чи уадзы, уыдонæй æз дзыхъхъылæуддæр-дæр-дæр дæн. Нæ. Афтæ ма зæгъ. Æз мæхимæ ахæм азым нæ хатын, хъазгæйæ дæр мæм дзурай ахæм æвзагæй. Кæнæ мæ ´цæгæй хъазыс, кæнæ та мæм зæрдæхсайдæй рынчын кæныс.

Табу – Хуыцауæн, уый ма мæ нæ айхъуыст æмæ лесбиянкæ уон – сылгоймæгтимæ цæмæннæ хъуамæ уон хъæрмуд? Æмæ йæ, уæдæ, æндæр куыд бамбарон? Искуы ма уыцы уайдзæфтæм куы ´рхауай, уæд мæнмæ дæр æнхъæлмæ кæс аккаг дзуапмæ. Бынæй ме ´нæстъол кабинеты уазалы куы бадин, уæддæр та мын ссарис исты аххосаг, уым цы джиуыс, зæгъгæ. Куыд дæ бамбарон? Æви æрра кæнын?

Хæдзармæ дæм дзурон – æрра кæныс, ма дæм дзурон – бæттинаг фæвæййыс. Æцæг, æцæг. Æз та мæ фырæууæндагæй, мæ фырæррайæ…

Ойы, иунæгæй куы вæййын, уæд цыма зонын мæхиуыл хæцын, мæ алы фезмæлд дæр барын æмæ фæцархайын къаддæр дæм дзурон. Фæлæ мæ фарсмæ куы ´рзайы æмæ мæм хæстæг кæй у, уымæй дæр мæхи марынмæ куы ´рцæуын, уæд мын куыддæр иу уысм фæвæййы рæстæг дæумæ фæдзурын, афтæ фæстæ нал фæлæууын æмæ уымæй фæуарзын цард. Æмæ та дугъ, дугъ, дугъ – телефонмæ!..

Ныр нал зонын – куыд ма кæнон? Æз мæхицæн уый бар никуы радтон (уый мæ бон у сфæлхатт кæнон мин хатты), хъазгæйæ дæр дæм баппарон, цæмæй ахицæн уай де ´мкъайæ æмæ бацæрай мемæ, ахæм æнæсæрфат идейæ. Æмæ уыцы хъуыддаджы мæхи 1% дæр нæ

нымайын азымджыныл. Уыцы хъуыды мын ма тъысс мæ сæры. Уым ницы, ницы аххосджын дæн. Нæ дын мæ уарзт у фаг, нæ – мæ фыдæх. Цы ма дæ хъæуы, мæ бон?!.

Æз дын ныхъуырын дæ мæстытæ дæр, дæ фыдæх дæр, куы адзæгъæл вæййыс, уæд дæ ноздджын митæ дæр, де ´нæуууæнк кæстытæ дæр… Цы ма нæ цæуы дæ зæрдæмæ, цы? Кæд дæм нæ митыл фæсмон æрцыд, уæддæр æй æргомæй, сабырæй зæгъ. Æцæг феввæрсыдтæ дæхиуыл, Хуыцауы ´мсæр кæныс дæхи?

Æмæ æз дæр, табу – Хуыцауæн, дæлбынтæм кæй фехсынц, уыдонæй нæ дæн. Дæуæй цæмæй цауддæр дæн? Кæд, мæнæн царды кæй нæ атылди, царды бæрзæндтæм сæвналын мæ кæй ничи бауагъта, уымæй?

Æмæ уый мæн аххос нæу, нæ, дæ фæхъхъау. Мæ бынаты дын афонмæ æндæр исчи дæ хъарм ахстон халгай ныппырх кодтаид. Æмæ мын, æгæрыстæмæй, уый тыххæй дæр нæ аргъ кæныс. Цас маст фæхордтон æмæ хæрын, мæ удæн цас фыдтæ скодтон, уæддæр дын, æнхъæл дæн, уæлдай нæу. Цы сæгъы сыкъайыл хæцгæ ма дæм бацæуон – мæ сæрæн ницы уал зонын.

Бирæтæ куыд фæкæнынц, афтæ дæ æз никуы ницæуыл домдтон æмæ домын. Мæхи уыдæттæм никуы ´руадздзынæн. Уæддæр дын мæхиуыл хæцын, табу – дæ фарнæн, фæлæ иу ранмæ нæу. Æмæ мын ды та ноджы фыддæрадæн халыс мæ нуæрттæ.

Цы лæггадыл ма дын фæхæцыдтæн фæстæ? Цы у, зæгъ мын æй. Æнæнхъæлæджы нæ фæдзурынц адæм: адæймагæн цас фылдæр лæггад кæнай, уый бæрц дæ домдзæни фылдæр. Æз та, мæ бон, ахæмæй ницы хъуыды кæнын, исты мæ домдтай дæ удæн æмæ дæ хъыджы бацыдтæн. Æрмæст дын загътон æмæ дын дзурын: ноздджынæй мæм мацæмæ хат, кæдæм фæнды мæ хон, мæ къах дæр никуыдæм авæрдзынæн.

Сылгоймагæн йæ уарзон адæймаджы ацы зæххы цъарыл никуы, никуы, никуы ничи баивдзæнис – нæ дæр йæ хиуæттæ, нæ дæр йæ хъæбултæ, нæ дæр – æгæрыстæмæй, йæ мад æмæ йæ фыд. Фæлæ йын уыцы уарзон адæймаг куынæ уа, уæд уый афтæ нæ нысан кæны

æмæ алы хатт, мæгуыр сылгоймаг æгуыдзæг, фыдцъылыз æмæ ´нæрæгъыдзыд кæй у, уый тыххæй йæхи аххос вæййы. Хуыцау дын кæй нæ радта, уымæ фæнды ´ууындз дæхи, фæнды – нæ.

Дæуæн цы у. Ис дын бирæ хиирхæфсæнтæ, дæхи бæллицтæ, дæхи æмбæлттæ æмæ дын æз та бæттæнæй баст цуанон дæн, цы? Уый цы у, æцæг, цы? Табу – дæ фарнæн, фæлæ мæхи фæндæй, æнæ дæу бафæрсгæйæ мæ бон… Зæгъон æй? Мæ бон иу ранмæ æдæрсгæ ахизын дæр нæу: «Шæмæй зонын, кæм вæййыс?»

Уыцы фарст дæтт дæхимæ. Æрмæстдæр – дæхимæ! Кæнæ æппынфæстаг бацу аргъуанмæ æмæ дæ тæккæ цæстыты раз алы зæды раз дæр сæвæрдзынæн цырагъ, дæ разы иунæг мур дæр азымджын кæй нæ дæн, сыгъдæгæй дыл кæй аудын, уый тыххæй. Кæннод та мæ ныммæрддаг уагъд кæн мæ мæгуырыл.

Нал дæ у мæ бон. Тæргæйтты мæйæ уæлдай нæ дæ: куы – тарæрфыг, куы – мигъбад, куы – судзгæ хур… Æмæ мыл алыхуызы дæр æндавыс…

Дæлæ та, нæ бонæй нæ уа, æрдæгæхсæв, бухъхъытæгæнгæ, къултыл хæцгæ ´рбамæрддаг нæ сæфт хуыргуыбын.

Хатыр, дæ фæхъхъау.

22.04.11

***

Де ´фхæрæн ныхæстæ, дæ митæ мæм хъаргæ дæр нал кæнынц. Куы зæд фæййыс, куы та дын æмбаргæ дæр ницы уал фæкæнын. Æви хъазгæ кæныс? Чи зоны, æцæг, цыдæрхуызон дæ, – уæларвон æви…(?!.) – æмæ дæхи цахæмдæр фæлгæтты дарын у дæ бон! Дæхи куыд фæдарыс иуæй-иухатт, куыд дæм кæсын, уымæй æндæрхуызы ахъуыды кæнын нæу мæ бон.

Хаттæй-хатт дæ тæрсгæ дæр фæкæнын. Нал фæцæуын мæ чеммæ: цы та кодтон? Ды кæронмæ никуы бамбардзынæ мæн, уымæн æмæ ды никуы уыдзынæ мæ уавæры. Макуы дæр дæ Хуыцау уымæ æрæппарæд. Фæлтау амæлон. Нал мæм фæзыныс арвы цъæхы…

Ныр ма та кæй дардзынæн азымы?..

Мæ хъуыдытæ афтæ дзæгъæл кæнынц æмæ, нæ дæ бауырндзæнис, фыссын дæр нæу, нæ, мæ бон – мæ къух мæ хъуыдытæй фæраздæр вæййы… Йæ фæдыл ма тарстæй аппарын мæхи. Уый нырмæ хъусгæ дæр никуы фæкодтон. Æцæг зæгъын.

Ныр дæ афтæ зæгъдзынæн, зæгъын, йæхи мын тыхæй бауарзын кодта æви, адæймаджы зонд кæй не ´рцахса, ахæм исты æрымысдзынæн? Æмæ цæмæн хъуамæ «раст» кæнон мæхи ме стыр уарзты тыххæй? Ау, мæнæн бынтондæр ницы бар ис ацы цъыбыртты сыгъд бакæнинаг царды? Кæмæй цы домын?

Уæддæр мæ ды мацæмæй хъыгдар. Мацы мæ дом. Нæ дын фæразын, нæ, дæ буцтæ, дæ уайдзæфтæ, дæ фыддæрадæн митæ… Ноджы ма цытæ? Уыдонæй цы рамбулынмæ хъавыс, цы? Мæнæн дæр афон у, афон, йæ базонынæн! Афтæ ´нæмбаргæ нæ дæн, ма мæм бахъæра.

Ницæуыл уал мæ фæнды ´ууæндын. Æрмæстдæр ма Хуыцауæй курдзынæн, цæмæй ацы цардæй ацæуон тагъддæр. Зонын мæ уавæр. Зонын, цы мæм æнхъæлмæ кæсы. Чи зоны, уым сулæфа мæ уд. Чи зоны, уым баулæфон æппæтæй дæр. Чи зоны… Чи зоны…

Æрмæстдæр тæригъæд кæндзынæн мæ чызгæн.

25.06.11

***

Куыд рагæй æнхъæлмæ кастæн, куыд æнхъæлмæ кастæн уыцы дзæнгæрæгмæ. О, ме сфæлдисæг Хуыцау!.. Хуымгæнæны мæйы 11-æм бонæй. Раст, Мæскуымæ куы ´ртахтæн, уæдæйнырмæ. Куыд æм æнхъæлмæ кастæн!.. Кæм æрбынат кæндзыстæм, уый бæлвырдæй нæма зыдтон, уæдæй.

Æмæ мыл абон, 30-æм бон, сæмбæлдис стыр амонд – æрцыдис диссаг: фæдзырдай мæм ды! Фæдзырдтай мæм телефоны!..

Дуне мын æнæ дæу уынгæг æмæ удмарæн у! Æнæ дæу мын нæй цард! Æнæ дæу мæ дзæнæтон цард дæр нæ хъæуы! Æрмæстдæр – ды, ды, ды!.. Цыфæнды фыд-

тæн дæр ныффæраздзæнис мæ рыст æмæ мæ тыхст уд, æрмæстдæр дæуыл хъуыды кæнон, дæумæ кæсон…

Чи зоны, дæм уыдон стыр ныхæстæ кæсынц, фæлæ мæ зæрдæйы цин æндæр хуызы нæу мæ бон равдисын. Афтæмæй дæ куыд рагæй нал федтон. Æнæхъæн æнус!

Мæ операцийы фæстæ абон фыццаг хатт ауагътон мæ цæссыгты сæхи бар. Æппынæдзух мæхицæн дзырдтон, зæгъын, фидар хæцдзынæн мæ рохтыл. Низæн ницы бар ратдзынæн. Фæлæ абон мæхи нал баурæдтон. Фырцинæй. Уæд тъæппытæ фæхаудаин.

Мæ фынты, æрмæст дæр дæ мæ фынты у ныртæккæ мæ бон фенын. Æмæ æппынæдзух фæархайын, цæмæй мæ цæстытæ кæрæдзийыл авæрон. Фенон дын дæ уæнгтывæрд. Дæ фидыц. Дæ мидбылхудт…

Бонтæ мыл ныддаргъ вæййынц. Æппынæдзух бæллын, кæд æрцæудзæнис сæрд, цæмæй та сæмбæлæм æмæ дæ фенон. Мæ цæстæнгас дыл уæддæр акъуырон.

Хуыцау, ахæм тых мын ратт, цæмæй та, фатау, ахизон ацы фыдты æмæ ма мæм чи ´нхъæлмæ кæсынц, уыцы фыдæвзарæнты сæрты дæр. Адæм æнæхъуаджы нæ фæдзурынц: «Лæг фæндтæ кодта, Хуыцау – лыг». Искуы куыд ахъуыды кодтаин, ацы куыдзы низ мæм æнхъæлмæ кæсы. Фæлæ мæ зæрдæ дарын Уæллаг Хуыцауыл! Табу йын! Стыр табу!

30.04.12

*«…Ты солца луч,*
*ты яркий светоч мой!*
*Люблю тебя! И буду век с тобой!..»*

***

Диссаг куыд нæу, Хуыцауæй мын лæвæрд чи хъуамæ уыдаиккой æмæ æппынæдзух дæ дзыхæй фехъусынмæ кæмæ бæллыдтæн, уыдон мыл сæмбæлдысты Чырыстийы бон сæумæйæ – 5-æм майы! Фæлæ сын, æвæццæгæн, ныр ницы уал хуызы ис сæххæстгæнæн.

Мæ низимæ ныр, æвæццæгæн, никæй уал хъæуын, æгæрыстæмæй, дæу дæр. Афтæмæй хъусгæ та фæкод-

тон: «Тыхæй дæ цæмæннæ акодтон…» Уый та мæ куыд тынг фæндыдис, кæд æй искуы фæхатыдтæ, уæд!

Мæ «тæригъæдты», – афтæ мæм æрбаппæрста уыцы фос, – та афтæ зæгъын, æмæ мæм куы уыдаиккой, куы сæ арæзтаин, уæд мыл ацы хъуыддаг дæр не ´рцыдаид. Фæлæ 1993 азы 2-аг мартæй 2012-æм азы марты мæй-мæ мæхæдæг мæхи хуылфы нæ фыхтаин.

Никуы никæй æндæвта, мæ зæрдæйы цы ис, уый. Мæ ристæ, мæ мæстытæ, мæ бæллицтæ æппынæдзух æмбæхстон ме ´ддаг бакастæй. Фæлæ, мæ бакаст куыд уыд, мæ уды фыддæр цыдæртæ цыдис!

05.05.12

***

Куадзæны хуыцаубоны мæм дæ фæстæ фæдзырдта мæ чызг. Ахæм цингæнгæ мын хъусын кодта, дысон, 2 сахатмæ мæ хоимæ уыдысты аргъуаны æмæ мæн тыххæй сæвæрдтой цырæгътæ.

Сымах тыххæй уæддæр, æцæгæй мæ чи уарзы, æппæт уыдон тыххæй фыдæнæн уæддæр хъуамæ фæтых уон мæ низыл, баззайон удæгасæй. Ницы йын зонын, Хуыцау мыл афтæ тынг цæмæн рахæтыд?

Цы ракодтон? Мæнæн уарзыны бар дæр нæй? Æгæрыстæмæй, кæйдæр æнамонддзинадæй дæр куынæ сарæзтон мæхи амонд. Мæ цæрæнбонты мæхи уымæй куы фæхызтон, мæлдзыджы къахыл дæр макуы ´рлæууон. Уæддæр мыл, кæсыс, цы ´рцыдис?

Æвæццæгæн, æз уарзынæн нæ райгуырдтæн æмæ мын уарзæн дæр нæй. Хуыцау мын æй нæ загъта. Уæддæр дæ уарзын, уарзын!..

06.05.12

***

Куы зонис, куыд тынг зын мын уыдис, уыцы сæнтдзæф кæй æрцæуы, уый дын загътаин. Йæ кой дæр, йæ уынд дæр, йе сныхас дæр мæ удхæссæг сты. Зонын æй, хъыг дын уыдзæнис йе ´рцыд.. Фæлæ мæнæн ноджы зындæр уыдис. Мæ амонд афтæ у. Цы кæнон?

Уыцы фос мын сæрибарæй амæлыны бон дæр нæ ратдзысты. Зонынц æй, мæ удхæссæг сæ уынын. Фæлæ сæ уый нæ уромы. Ноджы хауынц мæ хъæлæсы…

Умæй дæр, цахæм хуызы?!. Æхгæнынц мын мæ сулæфæнтæ… Куырм мын кæнынц мæ цæстæнгас… Сæттынц мын мæ фæстаг хъару…

Ой, мæ уд сæ куыд фæхаудта! Исчи йæ зонгæ уæддæр куы кæнид. Уыдон иууылдæр йæ мады – гаццайы хъуыддæгтæ сты.

Ба дын кæнын.

07.05.12

***

Мæ ном бынтон стæм хатт фæдзурыс. Уæлдайдæр, мæ цуры. Фæлæ мæм иухатт Мæскуымæ фæдзырдтай. Æз телефоны хæтæл систон мæхæдæг æмæ нын рауад ахæм диалог:

– Да. – Цыкура! Цыкура! – стæй мæм дзурыс мæ номæй. – Ды дæ, йы?!.

Дæ дзыхæй мæ ном фехъусын мын… нæ зонын, куыд æй зæгъон… уыдис тæхудиаджы амонд. Цыма, гæлæбуйау стахтæн уæлдæфы…

***

Мæ удхæссæг дæ. Нæдæр дæ зонгæ кæнын. Ма мын зар, кæддæр кæмæндæр кæй зарыдтæ, уыцы зарджытæ. Куы дын чидæр уыдис даргъкъах, куы – æз. Æмæ мæ нæ фæнды, хъусон сæм. Суанг телефоны дæр. Бынтондæр дæ нал уарзын…

Сомбон та æндæр чидæр уыдзæнис дæ даргъкъах. Йæ бонæй йæ уæд!.. Умæн нæ царды æндæргæнæн нæй. Дуне æрмæст махыл нæ банцад. Уыдæттæ мын куы фæдзурыс, уæд мæм кæуын фæцæуы. Мæ уд сæм свæййы мæ хъуырмæ…

Раст нæ дæн? Чи зоны. Стæй – бæргæ! Фæлæ, уæддæр, мæхимæ гæсгæ раст дæн. «Æндæр мæ ничи хъæуы! Ничи!» Фæлæ кæимæ?!. Æмæ, табу – Хуыцауæн, æгайтма дын радта уæларвон æмæ зæххон тыхтæ, цæмæй йæ

ныхъхъуыдты уагътаис. Уый хуызætты дæ сæрмæ макуы хæсс. Дæ номыл дын къæм æвæрынц. Не Скæнæджы фæрцы дæ амонды рухс нæ фæцудыдта.

Фæлæ ныр та цæмæ (кæмæ?) æнхъæлмæ кæсыс? Фæлтау мæ риуы кард ныссæдзæд... Цæйнæфæлтау ма искуы уый хуызæнимæ... Æмæ мын сæрыстырæй фæдзуры – нæ йæ уарзта! Æвæццæгæн, ын æз зарыдтæн уарзон зарджытæ, мæ хъæбысы æфтыдта дидинæг, дæлбынты йæ æз раууæрд-бауузæрд кодтон... Пуй! Æмæиу дæм сæрыстырæй рацæй дугъ кодта...

Æндæр ма, уæдæ, куыд фæуарзынц? Æви уыдæттæ нымады не сты? Æви уарзт æндæр цыдæр у? Æмæ фæцæуæг дæ æндæр фæндагыл. Фæтарстæ дзы. Хорз у æмæ нæ фæдзæгъæл дæ. Дæ «хур» фæнымæг. Дæ развæд ма куыд федтай, мæгуырæг?

Дæхи мын мауал фенын кæн. Æз, исчи мын зарджытæ зара, уыдæттыл нæ фæцахуыр дæн. Уæлдайдæр, кæйдæр чи сты, уыдон мæхиуыл фыссон? Кæйдæр тæригъæд исон?.. Нæ мæ хъæуынц. Дæу дæр нæ хъæуынц.

Фæлæ дзургæ раст кæныс: мæ тæригъæд бафидынæн Хуыцауы цæхæр дæр фаг нæу. Сомы дын кæнын, уым тынг раст дæ. Мемæ дзæнæты уыдзынæ, иу æхсæв мæ хъæбысы зындоны куы арвитай, уæд? Цыма дæ зындонæн бауарздзæнис мæ цæст!.. Уæд уайтагъд мæрдты дуарыл нæ балæууин, дæу зындоны хай фæкæныны бæсты. Дæхи хуызæн мæ ма ´нхъæл.

Æз æй зонын, уымæй стырдæр амонд мæ ницы домыс æмæ ницæмæ бæллыс ацы царды. Нырма... Æмæ дæ ´мбарын – тæригъæд мын кæныс.

Бузныг. Стыр бузныг.

06.12.12

***

Куыд рагæй дæм нал фыстон. Фæлæ дæм нырма, ныффыссон, уый мæ бон нæу. Афтæмæй мæ къухфыст алы хатт дæр дзурæг уыд æмæ у мæ зæрдæйы уагыл.

Ме ´ппæт буарæй ризын æмæ нæу мæ бон фыссын дæр. Ды йæ нæ зоныс, æрвыл хатт дæр куыд фæцар-

хайын, цæмæй дæм ма фæдзурон ахæм уавæры (Æцæг, уый стæм хатт вæйййы. Ахæм уавæры мæм арæхдæр дæхæдæг фæдзурыс.), уымæн æмæ мын мæ хъустæ фылдæрхатт фехсæдыс уæлæнгай, рæстæгмæйы уарзты цаутæй. Æви рæдийын? Бæргæ, куы рæдиин…

Нæ зонын, чи зоны, бынтондæр дæ нæ фæндыд, мæ уарзт афтæ арф æмæ дард ацыдаид, фæлæ мын афтæ рацыд. Чъызгæ-чъызгæ. Ноджы мæ кæронмæ æххæстæй дзурын нæ бауадзыс. Æз та фефсæрм вæййын. Алы хатт дæр æрмæст ды баззайыс растæй: ныхасæй дæр, хъуыддаджы дæр…

Цæмæй нæ загътон раст: о, æрмæст дæр мæ бæллицтæ баззайынц бæллицтæй. Æнæххæстæй. Æрмæстдæр мæ бæллицтæ, æндæр никæй!

Фæлæ дæ мæ хъуыдыйыл бауæндын, сразы йыл уай, уый нæ фæнды. Телефоны хæтæл æрæвæрыс. Æви дзурынæй фæтæрсыс? Æмæ нал зонын, дæ разы чи дæн – рæузонд, ницæйаг æви сæрхъæн сылыстæг-цыдæр. Æви чидæр? Æндæр æй ницы хуызы ис æмбарæн. Æмæ мын зын вæйййы. Тынг зын мын вæйййы…

Æцæг, дæумæ куыд кæсы, афтæ тыфтырыкъо дæн?

Нæ, нæ, мæ уарзон, цæуыл мæ нымайыс, ахæм мæ ды скодтай. Æрмæстдæр ды, ды мæ акодтай уыцы фæндагыл. Æрмæстдæр ды уыдтæ, ды… Цæмæй дын дæ зæрдæ мацæуыл фæриссын кæнон. Æмæ дыл цасфæнды ма аудон, ноджы домыс фылдæрæй фылдæр. О, о, афтæ у. Ахъуыды ма йыл кæн, ноджыдæр, дæ фæхъхъау.

Брæтты бедра ахастон, фæлæ никуы зындтæ. Дыккаг ахастон æмæ æрбацæй цыдтæ. Уынгты рухсытæ ссыгъдысты æмæ ды машинæвæндагмæ ахызтæ. Бæласы бын бадт нæ уынджызад сыхаг.

Фæндыдис мæ, цалынмæ мæм æрбахæстæг уай, уæдмæ банхъæлмæ кæсын, фæлæ дæуæн пыл дæр – мæлдзыг, æмæ фæтарстæн, зæгъын, мемæ ныхасыл куы схæцай уый цæсты раз æмæ мæ сæр хæдзары фæцавтон. Цæссыгдзастæй ма кастæн дæ фæстæ. Æлгъыстон мæхимидæг сыхаджы… Мæхи… Дæу æлгъитын мæ цæст нæ уарзта. Æмæ цыдтæ…

Афтæ мæ фæндыдис ныхъхъæр кæнын:

– Ам дæн! Нæ дæ фæсайдтон! Раздæх!..

Адæргæй рауадтæн дæ фæдыл. Фæндыдис мæ дæ фæдыл згъорын. Куы дæм ныхъхъæр кодтаин. Куы дыл ныттыхстаин. Дæ риумæ, æррайау, куы нылгъывтаин мæхи. Фæлæ нæ бацис мæ бон. Баст сты мæ къухтæ, мæ къæхтæ, мæ буар æнæхъæнæй…

Фæбадын телефоны иу зæллангæй иннæмæ. Куысты сахатæй сахатмæ фæбадын дурдзавдæй – дæ дзыхы дзырд, дæ къахуынæр дын уæддæр кæд æрцахсин мæ хъуыдыйы… Мæ мæлæты бонмæ та дæм æнхъæлмæ кæсдзынæн мæ миддунейы. Уымæй уæлдай дыл мæ бар ницæмæй цæуы. Пушкины уацайраг мæ скодтай æмæ дæ ныхмæ мæ бон ницы у.

Æвронгæй мын цы фæхъавыс дзурынмæ, уый мын ноздджынæй (Хатыр.) æрбату кæныс мæ цæсгомыл. Куыннæ хатыс афтæ ´ппæтзонæгæй, Хуыцауæй алчи цы домы, уый йын нæ дæтты.

Æз мæхæдæг ахæмтæй хызтон мæхи. Мæхицæй дæр нæ дæн разы. Цытæ кæнын, уыдон мæхи зæрдæмæ дæр нæ цæуынц. Фæлæ мын, æвæццæгæн, хъысмæты цæст хуыздæр ницы бауарзта æмæ цы кæнон? Цы кæнон мæ уды фыдæнæн… Нæ йæ зонын, нæ йæ зонын, нæ йæ зонын, дæ фæхъхъау…

Æмæ дæу дæр удхарæй марын…

***

Ныр æхсæвы дæс сахаты у. Æз та бадын æмæ æнхъæлмæ кæсын, мæхицæн уæлæрвтæм кæй систон, царды ныхдуртæй бауромæн кæмæн нал ис æмæ йæ уромгæ дæр кæй ничи бакæндзæнис, уымæ. Йæхи фенын бæллиц у, йæ дзыхы дзырд – амонд… Фæлæ йæ кæм фенон, йæ дзыхы дзырд ын кæм фехъусон, уынгæджы мæ сæр фæуа?!.

Нæ зонын, мæхицæн цæмæн афтæ хъуыды кодтон. Мæнæн алцы дæр уыдтæ ды. Зæххоныл дæ никуы нымадтон. Мæ уды фыдæнæн. Кастæн дæм æрмæстдæр хорзæрдыгæй фарсæй. Дæу тыххæй мæ уд рауæлдай

кодтон. Ӕмæ ныр бадын зондцухы ´нгæсæй. Уæлдай змæлд, уæлдай фæзылд нæу мæ бон, тæрсын, æгæрыстæмæй, пецы судзгæ сугты сыбыр-сыбурæй дæр, мыййаг, уынгæй дæ сабыр, фæлæ фидар къахуынæр куы ´рбайхъуыса æмæ йæ куынæ ацахсон.

Кæсут, ивгъуыд æхсæв йемæ не сразы дæн, нæ сæмбæлдыстæм æмæ дыккаг бон йæ сæрмæ дæр нал схаста, фæдзура мæм. Фæлæ ницы кæны. Исты хуызы ма мыл кæд сбон уаид. Зон фидарæй, æз, кæмфæды æмæ кæдфæнды кæмæй ахынджылæг кæнынц, ахæм ницæйаг нæ дæн.

Раст у, мæ уд мын чидæртæ судзины хуынчъы ласынмæ куы хъавыдысты, уæд мæ бакодтай дæ базыры бын, мæ уды мын бауагътай мæ дарддæры «цардмæ»… ома, уды уыдаин, уымæ… ныфс. Уый ныхмæ дæр нæ дæн, дæуæн дæр æмæ мæхицæн дæр, æвæццæгæн, чи нæ хъуыд, ахæм бартæ кæй радтон.

Фæлæ уый афтæ нæ нысан кæны æмæ æз… (Куыд дæ фæнды, афтæ йæ нымай.) Фæлæ мæ уавæрмæ æрхаудтæн æрмæст дæр мæ уарзты азарæй. Ме стыр уарзты аххосæй! Ӕмæ йын йæ фæстиуджытæ абон дæр… О, абон дæр мæ бон нæу мæхицæн ныббарын. Никуы дæр сæ бауыдзæнис. Афтæмæй сæ развæлгъау тынг хорз хатыдтæн, фæлæ дæ ныхмæ фæлæууын мæ бон нæ бацис. Ӕмæ, гормон, ныр мæ дæ зæрды марын ис? Дæ тыхджын къухтæй?..

Ныртæккæ дæр куы слæууид мæ разы ахæм фарст: ды æви уый, уæддæр æнæ гуызавæтæй, кæй зæгъын æй хъæуы, дæу равзарин. Стæй зон: дæ уды фыдæнæн дын хъуамæ балæвар кæнон хъæбул(!), цæмæй мын бонгай-къуыригай-мæйгай макуыдæм уа рахизæн, мауал дæ агурон адæмы бардзы, мауал цæуон азæххон цардæй иртæстæй. Цæмæй мæ хъуыдытæ иууылдæр уой уыимæ баст æмæ, чи зоны, кæрон æрцæуид мæ удхæрттæн.

Никæй уал æмæ мæ ницы уал уынын фæнды. Сахатгай бадын æмæ æнхъæлмæ кæсын телефоны зæллангмæ. Бонгай нал вæййы мæ бон хæдзары къæсæрæй рахизын. Аныгъуылдтæн мæхи цармы. Нал у

мæ бон рахатын, цы хуызæн сдæн. Æгæрыстæмæй мæ уды æхцонæн исты куы фæаразын, уæддæр, цыма йæ дæу тыххæй аразын, уыцы хъуыды нæ фæиппæрд вæййы мæ сæрæй.

Диссаг у, нæ? Тынг диссаг. Æцæгæй. Ахæм дæн, гъе! Сдæн ахæм. Ды та цахæм дæ æмæ, гæнæн уæвгæйæ, дæ фæстæмæзæвæтджынтимæ цытæ фæкæныс, уыдон дæр мын æнæзындгонд не сты. Æмæ дæ куыддæриддæр фæнды, афтæ мæ хон. Де ´фхæрдыл дæр сразы уыдзынæн, дæ сæрмæ йæ куы бахæссай, уæд…

Мæсты кæныс, сæнттæ дын кæй цæгъдын, ууыл?

Кæд мын бантыса, мæ фыстæг дæм фæхæццæ кæнон, уæд-иу мын æй фæстæмæ ратт. Кæннæуæдæг дæр ма мын мардæй фыддæр цы фендзысты, æмæ сæ-иу куыд фæнды, афтæ-иу мын кæнæнт.

P. S.  Мæ уарзты хай-иу мын мæ чызгæн ма хæлæг кæн. Ныфс дын дæттын, кæй дæ уарздзæнис. Уымæн æмæ, уый гæнæн нæй, мæ гентæ йæм ма уой, йæ мады уарзты гентæ – дæумæ. Куы дæ уарзтон, уæд уый мæ зæрдæйы рæбын тæлфыдис… Æмæ-иу æй бараевдау…

Мæ бон нал у.

2013

***

Мæ бон мыл ныддаргъ æнхъæлмæ кæсынæй. Фыццаг хатт мын нæу уый, фæлæ ныр ме ´нхъæлц нæ фæмæнг – телефоны мæм фæдзырдтай. Табу дын. Демæ иунæг дзырд дæр куы скæнын, уæд мæ сау низы ´рдæг фæтары вæййы. Мæ рахиз къух рæстмæ нæ кусы, стæй дæр, æвæццæгæн, тыхсын, нæ дæр нын, сæрибарæй рæстмæ цæуыл фыссон, ахæм фынг ис æмæ ме ´рмдзæф мæ зæрдæмæ нæ цæуы. Уæддæр сæ ды зæрдиагæй бакæсдзынæ. Æви мæм афтæ кæсы?

Ацы хатт дæ нæ сайын: æцæгæй лæууын сæрсæ-фæны былыл. Æвзæртæ хæринаг – мæ амондскæнæгæн. Куы ахъуыды кæнын мæ уавæрыл, уæд мæм хуры тын никуыцæй уал фæзыны. Æмæ фæтæригъæд кæнын мæхицæн. Цы у æмæ уыд мæ цард? Цæмæн мæ сфæл-

дыста æппæтхъом Хуыцау, иу уырзыййас амонд мын куынæ бауарзта йæ цæст, уæд?

Æцæг, дæу уарзгæйæ цы диссаджы амондджын уысмтæ фæтыдтон, уыдон кой нæ кæнын. Уыдон мын рухс мысинагæн сты. Кæддæриддæр баззайдзысты мемæ. Æцæг, уыдонæй дæр нæ базыдтон пайда кæнын. Фæлæ мæ, куы зонис, афтæ тынг фæнды, мæхи дæм куы нылгъивин æмæ дæ цуры куы фæхуыссин æрдæг сахаты бæрц уæддæр, стæй цыфæнды дæр уæд. Ацы царды уæддæр хорзæй ницæмæ уал æнхъæлмæ кæсын.

Мæ ныггæлиртæгонд цард фæцис афтид хъуыддæгтыл æмæ дзы мæнмæ дæ уæздан, аудгæ, уаргзæ ахастæй дарддæр мæ зæрдыл хорзæй ницы лæууы. Мæ бон зæгъын нæу: цардтæн æви нæ? Цæй тыххæй, кæй тыххæй батыдтон мæ бонтæ? Æмæ ма мын цы царды бонтæ баззад, уыдон кæй цæрайæ тондзынæн, ууыл хъуыды кæнын дæр нæу мæ бон. Зонын æй, уæддæр…

Куы йæ зонис, куыннæ уал мæ фæнды уыцы хæдзармæ баздæхын. Мæ уд дзы маст, сагъæс, фыдбонæй дарддæр ницы федта – мæ къах мæ нал хæссы уырдæм. Нал мæ фæнды уæлдай хатт йæ ныййарджыты, йæхи уынын. Ноджы мын мæ мастыл æфтаудзысты маст. Зонын æй, къахдзысты, тондзысты мын мæ зæрдæ. Хуыцау сын æй мæ тæригъæдæй макуы ныббарæд!..

Мæ адджынтæ, мæ уарзон, бузныг дын, кæй мæм фæдзырдтай, кæй мæ нæ рох кæныс, æз дæ куыннæ рох кæнын, афтæ, уый тыххæй. Мæ бон нæу æнæ дæу. Æмæ йæ хъуамæ зонай фидарæй. Æнæ дæу мын дон доны ад нæ кæны, хур – хуры ад, цард – царды ад!

Уарзын дæ мæ царды кæронмæ.

28.05.13

***

Кæсын чиныг, фæлæ дзы мæ сæрмæ ницы хизы. Мæ зонд сæмхæццæ дæуыл сагъæсæй. Фæнды мæ цыдæр хæрзтæ аразын, фæлæ – цы, уый нæ ахсы мæ хъуыды. Æрмæст – дæуæн. Мæхимидæг дæ буцтæтимæ тох кæ-

нын мæ бон нал у. Æппынæдзух домыс цыдæр; цы, уый дæхæдæг дæр нæ зоныс, афтæмæй. Мæнмæ афтæ кæсы!

Æз дын загътон æмæ зæгъын: мæхицæй фылдæр никæй бафæнддзæнис мæ удæн æхцонад, сæрибар, уæгъдибар раттын.

Уыцы сæрибар æрмæстдæр демæ уынын. Фæлæ йæм не ´ххæссын. Баххæссон æм, уыйгæнæн нæй, кæд æм мæхи ´ууындзын, уæддæр. Фæлæ дæумæ нæ хъары. Нæ дæ фæнды, бахъара дæм. Мæн дæр нæ фæнды афтæ уон, фæлæ Хуыцау мæнмæ хъусы? Æз цы аразын, уый ма æндæр искæй бон бауыдзæнис? Æз дæуæй исын тых, дæуæй! Æмæ мын ыл мæ къух ма исын кæн. Дæ тыхæй, дæ уындæй, дæ дзыхы дзырдæй мæ ´нæхай ма кæн.

Нæй! Райсом дæр ахгæдтай дæ дуар æмæ... Сихорыл телефонæй базонын кодтай, удæгас кæй дæ... æмæ иу сыпп дæр не скодтай. Ды кæй уыдтæ, уый мын бамбарын кодтай, дæ телефон сæрибар кæй нæ уыдис, уымæй. Ома, ам дæн, æз уыдтæн, фæлæ афтæ... де ´нæразыйы тыххæй мæ мæгуыр, тыхст æмæ фæлмæцыд уды фыдæнæн. Цæмæй фылдæр мæстыты удхар кæнон. Цыма æнæ дæу цъус маст хæрын. Цыма æз иууыл разы вæййын дæ саразгæ хъуыддæгтæй.

Æз мæ царды æппындæр разы ницæмæй дæн, æппынæдзух дæуимæ куы уаин, уымæй дарддæр. Æмæ мын ды дæр дзуапп ратт мæ домæнæн. Ды дæхицæн хъаны цард кæныс, мæнæй та хъазæн хъул сарæзтай.

Уыдæттæ иууылдæр мæхицæй кæй цæуынц, уый раст у. Фæлæ, ды нæлгоймаг дæ, тыхджын адæймаг æмæ мын ме стыр, æнæкæрон, æнæсфæлхаттгæнгæ уарзтæн кæд æндæр аргъ нæ кæныс, де ´нæрцæф митæ æвдисынæй дарддæр, уæд мæ уадз мæ мæгуырыл. Куы ницы дæ курын. Цæмæн мæ сарæзтай дæхицæн цагъайраг? Цæмæн дæ бахъуыдтæн? Уарзты, царды цагъайраг кæй дæн, уый мын æгъгъæд нæ уыд? Фагыл æй нæ банымадтай?

Цырагъы рухсмæ фыссын æмæ мæ рæнхъытæ фæтæхынц Хуыцаумæ хъастгæнæг. Фæлæ мын уыдоныл уæддæр ма фæхуд. Æндæра дæм сæ бынтондæр нал

раттдзынæн æмæ стæй ацу æмæ дæ фырхъалæй гæп-пытæ кæн, куыд дæ фæнды, афтæ, дæ фæхъхъау.

Алцы нæ фæдзурын æмæ, кæй зæгъын, уый дæр мын æнæнхъæлæджы мæ ныхыл ныздухыс, æнхъæл дæр цы сахатыл нæ вæййын, раст уæд. Цæстæвæрæн фæкодтон адæмы ´хсæн мæхи æмæ мын сæ ды та тæр-гæйттæй, буцтæй фидыс. Хатгæ дæр æй нæ кæныс, театры хицауæй кæй нæ акуымдтай, уымæй мæ удæн цы цæргæ-цæрæмбонтæмы хорзы бацыдтæ.

Æппынæдзух мæ уд мæ дæлæвзаг лæууы: уæд та йæ æндæр ранмæ акодтой, уæд та йæ нал уынын, уæд та мын йемæ стæм хатт адзурыны фадат дæр нал ис, уæд та… уæд та… уæд та… æмæ милуан «уæд та»-йы.

Æниу, чи зоны, афтæ хуыздæр уаид. Чи зоны, мæ амонд уым разынид. Мæ цард фæрогдæр уаид иуæр-дыгæй. Фæрогдæр уаид, куыдз ыл амæла? Æрмæст иуæрдыгæй. Кæцырдыгæй, хъауджыдæр нæу.

Ды нæлгоймаг куы дæ, дæ авналæнтæ алырдæм дæр уæрæх куы сты, афтæмæй ацæуыл дæр куы хъуыды кæныс, уæд, мæныл адæм хъоды бакæной, ууыл цæмæн архайыс? Ницыгæнæгæй мæ иууылдæр сæ къæхты бын ныккæнынмæ кæй хъавынц, уый нæ уыныс? Мæхи сæ разы цæмæй сраст кæнон? Дæ разы уæддæр истæмæй уыдзынæн азымджын æмæ афтæмæй «Нæ, зæды къа-лиу дæн!» куыд хъæр  кæнон, уæд та мын, мæ бон, уый бацамон. Мæ удæн фенцойдæр уаид.

Æз цæмæннæ хъуамæ цæуон сæрбæрзондæй? Æз адæмæй фыддæр дæн? Цæмæннæ хъуамæ цæуон, дæ-уау, сæрыстырæй æмæ цæмæн хъуамæ тæрсон, исчи мыл фæрсырдыгæй æрбапъæртт кæндзæнис: «Кæйдæр лæджы уарзы?!.»

Стæй ма мын ныр цы кæныс мæ уарзтæй дæр, мæ удæгасæй дæр æмæ мардæй дæр? Мæ тыхыл куы уыдтæн, уæд дын цы боны хорзæн фæдæн æмæ дын ныр цы амонд æрхæсдзынæн адæмы ´хсæн хъæбыс-хъæбыс куы цæуæм, уæддæр?

Искæй уарзынæн стыр тых хъæуы; сусæг уарзынæн – дывæлдах хъару. Уыдон дæр ма йæ бафæлварæд, кæд

ӕнцон у, уӕд. Кӕй цӕстӕнгасӕй хизын мӕхи, уыдонӕй зӕгъын. Кад кӕнын цымӕ чи базонид мӕнӕй тынгдӕр; мӕхицӕн дӕр ӕмӕ искӕмӕн дӕр? Уас дӕлӕмӕ макуы ´рхауӕд мӕ рафӕлдисӕг.

Куы мыл сбон вӕййы, уӕд хъуыдыйаг фӕвӕййын. Мӕхицӕн хорз цы уыдзӕнис, ууыл нал фӕтыхсын. Сдыгъуырццӕг вӕййын: ацӕуон куыстмӕ, ма ацӕуон? Дӕуӕн дӕ буцтӕй тӕрсын, искӕмӕн – йӕ дамтӕй. Бадгӕйӕ баззайын ӕмӕ ма мӕ афоныл дӕр тых ӕмӕ фыдӕй ранкъуысын. Худӕг дӕм нӕ кӕсы?

Уый иу ӕмӕ дыууӕ боны маст нӕу. Иууыл катай – хӕсджын кӕмӕйдӕр. Цӕмӕн? Цӕй тыххӕй? Ӕдӕрсгӕ, ӕнӕмӕтӕй, ӕнӕкатайӕ чи рараст вӕййы йӕ куыстмӕ, уыдонӕй ӕз, мӕгуыр мӕ бон, кӕмӕн къаддӕр дӕн? Кӕмӕй сӕ ӕнӕгъдаудӕр дӕн? Цӕмӕн сӕ тӕрсон?

Йӕхи аккаг адӕймагыл алчи нӕ фембӕлы. Дыууӕ хорзы алы хатт не ссарынц сӕ кӕрӕдзи, фӕлӕ сӕ иуы цухтӕ хъуамӕ иннӕ ӕххӕст кӕна. Мӕнӕн та бынтон зыгъуыммӕ у мӕ хъуыддаг.

Ӕргомӕй дын кӕй байгом кодтон мӕ хауд зӕрдӕ, уымӕн мын афтӕ лӕууыс мӕ хурхыл. Зоныс ӕй, нӕ дын фӕразын дӕ буцтӕ, нӕ дын уромын де схуыст ныхас ӕмӕ мын, ӕвӕццӕгӕн, фыдӕнӕн афтӕ кӕныс? Цӕмӕй мӕ мӕгуыр уд схауа дӕ разы. Ӕви уый ӕз дӕн?

Ныр та Дзӕуджыхъӕумӕ... кӕнӕ ´ндӕр кӕдӕмдӕр цӕуы. Ӕндӕр фӕрӕз ӕй нал ис. Йӕхи разӕхсӕдӕнтӕ кӕны мӕнӕн хорз аразыны ´фсон. Фӕлӕ, ме ´мбисонд куыд ныхъхъӕр уа, афтӕ бакӕндзынӕн, уӕддӕр нӕ акомдзынӕн... хос кӕнынмӕ дӕр никуыдӕм.

Никуыдӕм ацӕудзынӕн мӕ царды дыууӕ бон, ды кӕм уай, уымӕй дарддӕр. Никуыдӕм! Ӕмӕ фӕцис. Мӕнӕн уӕддӕр мӕ цард кӕронмӕ уыимӕ баст нӕу, зонын ӕй мӕ фондз хилау. Абон нырма мӕ тыхыл дӕн ӕмӕ йӕ фӕразын. Сом ӕй нал сфӕраздзынӕн. Нал дӕр худинагӕй фӕтӕрсдзынӕн. Нал дӕр тӕригъӕдӕй. Алцы дӕр схӕсдзынӕн мӕ сӕрмӕ, ӕрмӕстдӕр ма цӕмӕй мӕхи уд цардӕй исты фена, уый тыххӕй. Алчи дӕр сӕйраджы йӕхи уды тыххӕй цӕры а зӕххыл.

Ӕмæ кæд мæ худыны рæстæг дæр искуы ралæууид. Рæсугъд цардæй рацæрын зæрыбон дæр æрæгмæ нæу. Кæцыфæнды кары арвит дæ рæсугъд царды бонтæ. Сæрибар сæрибар у. Уæлдайдæр, æнæ къæлæтæй. Кæдфæнды банкъар дæхи уæгъдибар. Дæ риуы дзаг сулæф сыгъдæг уæлдæфæй! Ма фæтæрс, кæмæндæр де уæнгты айтынг хъыг уыдзæни! Уымæй хуыздæр, уымæй бæллиццагдæр ацы царды цы ис?!.

Куыд раст, куыд сыгъдæгæй æнхъæлмæ кæсын уыцы сахаттæм, афтæ хорз æрцæуæд мæ удыл. Стæй – дæ удыл дæр. Ӕмæ уæд дæуæн дæр дæ цардвæндагыл цæлхдур нал уыдзынæн. Нал дæр дæ хъизæмæртты сæр хуындзынæн æз. Нал дæр мын «нæ дæ уынын»-тæ араздзынæ ´фсонæн. Никуы уал дæр де стыр зонадон хъуыддæгтæ къуылымпыгæнæг уыдзынæн. Нал дæр дын мæ маст дзурдзынæн, нал дæр мæ тухитæ… Кæс махмæ!

Уыдзынæ ды дæр сæрибар. Мæнæй. Мæнæй?!. Ӕз та сæрибарæй æнæкæрон уарзтæй уарздзынæн, æз та сæрибарæй уындзынæн, æрвыл уысм дæр æмбæлдзынæн, тыхсдзынæн, мысдзынæн, мæ цард æгасæй дæр хъизæмар, æлгъыст, талынг, æнæуынон, æнæрай кæй тыххæй у абон, уый – дæу!

Ныр адæм иууылдæр мæ ныхмæ куы рацæуой, дурты бын мæ куы бакæной, худинаггаджы зарджытæ мыл куы скæной…

Фыссыны тых мæм нал ис, мæ бон бакæла…

Ныр уыйбæрц хъæру никæмæ уал разындзæнис, скъаха дæ мæ зæрдæйæ, стона дæ бындзарæй, байса дæ мæнæй… Уæгъды дын тарстæн.

Ныр æнустæм уыдзынæ мемæ.

Къæу!.. Бирæ къæутæ…

01.11.13

***

*Бынтон æнæзонгæ, фыссæн йæ армы кæмæн нæма сфидар, ахæм адæймаджы æрмдзæф. Хъæрнывтæ æххæстæй сæ кæрæдзи нæма ахсынц, фæлæ сæ зæрдæ скъæфы уыцы ´хцонæй:*

Ме ´нгуылдзтæ мæ коммæ нæ кæсынц. «Мæ ахсджиаг…», хъуыды ма йæ кæныс? Мæ бæсты дæм фыссы мæ чызг. Фыстæг дæм ратдзæнис уый. Æмæ-иу мыл ма фæхуд. Мæ бон зонын. Мæ хъысмæтæй мын нал ис аирвæзт. Мæнып… Стæй никæуыл æмæ ницæуыл хъæуы мæт кæнын. Ма-иу мæт кæн.

Мæ зæрдæйæ дæ аппарын нæ баци мæ бон. Хылтæй йæ домдтон. Тыхæй саразынмæ йæ хъавыдтæн. Нæй. Мæ бон ницы баци. Æнæхъуаджы мæстытæ дын кодтон. Ныххатыр мын кæн.

Алчи йæхи амондæй цæры. Дæ фæрцы амондджын уыдтæн. Ды мæ хъысмæтæй хызт у. Амондджынæй арвит дæ цард. Разæй дæм стыр хъуыддæгтæ ´нхъæлмæ кæсынц. Адæмы ´нхъæлц ма фæмæнг кæн.

Куы йæ зонис, дæ фенын мæ цардæй тынгдæр хъæуы. Фæлæ мæ уæд ды дæр фендзынæ. Мæнæн та мæ зонд нæ ахсы… Мæ фæстаг уысм дæр мæ нæ фæнды, дæ цæстæнгасы рæсугъдæй ма баззайон, фыдхъуынæй мæ мысай, ууыл хъуыды кæнын дæр нæу мæ бон. Æмæ мæм уый тыххæй макуы фæхъыг у.

Макуы мæм фæхъыг у. Макуы. Макуы. Макуы!.. Ды тыхджын дæ, æмæ мын ныххатыр кæндзынæ алцы дæр, дæ фæхъхъау…

Фæлæ адзайладжы фæстаг фæндоныл «нæ» ничи зæгъы. Мæ фæстаг фæдзæхст сын ныууадздзынæн æлгъысты хуызы. Мæ адзалы тыххæй дæм ма арвитой хъæргæнæг, уый никуы бауæнддзысты. Æмæ-иу ма базивæг кæн. Сæххæст-иу мын кæн мæ фæстаг фæндон. Æрбацу-иу мæ табæты уæлхъусмæ. Фæстаг хатт. Уд, зæгъынц адæм… нæ мæлы.

Тæхуды! Чи зоны, фæстаг хатт ма дыл акъуырин мæ цæстæнгас! Макæмæй æмæ-иу мацæмæй фæаргъуц кæн. Æрбацу-иу. Æнæмæнг! Æндæр дæм ницæмæ хатын. Ныр ницæмæ уал…

Мæ бон дзурын нæу.

Къау…

08.03.14

## ФÆСНЫХАСЫ БÆСТЫ

Алкæуыл цард йæхи гакк æвæры. Иуæн иннæйы царды уаргъ ахæссæн нæй. Тынг æй куы фæнда, уæддæр. Стæй йыл нæхи дæр мæнæ-мæнæ нæ батыхсын кæнæм. Уымæн æмæ бæлвырæй нæ фæзонæм, сæйраджы нæ цы аразын хъæуы, уый. Стыр уырыссаг фыссæг Лев Толстой уымæн загъта, зæгъгæ, цас зондджын вæййæм, уый бæрц нæ фембарæм царды хъуыды. Стæй нæ йæ фембарын дæр нæ фæнды. Уый хыгъд нæ царды зын февæрæм искæуыл. Цæмæй нæ низæй исчи дæр сæйа. Махæн уæд фенцондæр вæййы. Цыма нæ уæззау уаргъ нæ рагъæй ахауы æмæ райсæм сæрибар. Афтæмæй, цыфæнды сæрибар дæр лæвар ничи дæтты – сæрибар удуæлдай тохы хъæуы рамбулын.

Бирæ адæймагæн дæ зынты кой куы скæнай, уæд дзы æрмист фæуыдзынæ. Æмæ йæм уыйбæрц азым дæр нæй æрхæссæн. Адæймаг йæхи хъуаджы-æнæхъуаджы мæстыты фаг дæр нæ комы, ды ма йын ноджы дæхи фыдтæ куы ныббæдтай, уæд ын ацы фыддуджы йæ цардбонтæ цыбыр кæныс. Райгондæй дæ куыд баззайа?

Æз афтæ нæ зæгъын, ме ´нæзонгæ ´мбæлццон мын йæхи, æмæ йыл суртæ, уадзгуытæ чи кодта, уыцы ´взонг уды зæрдæдзурæнтæ æмæ хъизæмæрттæ зонгæ-зонын скодта мæ разæй. Чи зоны, уæдæй нырмæ сыл йæхи куыд хæры, куыд æй хъæуынц йæ уды аргъæй! Фæлæ мын, барæй уыд, æнæбары, фæсырда мæ удæнцой.

Мачи мæ мацы зæгъайы тыххæй се стыр, сыгъдæг уарзты хурхыл къахæй цы ´вæлтæрд, æвзонг сылгоймаг æмæ нæлгоймаг ныллæууыдысты, сæхи чи бабын кодтой, уыдон хъысмæт цыма зæрдæнцойæ никæй ныууадздзæнис, афтæ мæм кæсы. Фæлæ ацы фыстæджытыл кæд сæ хицауы цæст мыхуыры ´рхæца, уæд ын сæ ´нæмæнгæй аздахдзынæн фæстæмæ. Стыр хæзнайау мын æвæрд сты банджы.

## Æ Н Æ В Д Æ Л О Н

Хæдзардзин адæймаг æнæвдæлон куыд уыдзæнис. Уæлдайдæр, нæ хæхбæсты. Уымæйдæр, тæккæ фезмæлыны рæстæджы – хосгæрдæнты. Сыгъзæрин феста æмæ æнæнцой макуы фæуа, уыцы рæстæг нæ хæхбæстæм цинæн дæр æмæ тыхстæн дæр чи рауагъта. Йе 'хцон бонтæ дæр бирæ сты, йæ дæлæ-уæлæ дæр, – табу – Уæллаг Хуыцауæн, – нæу къаддæр.

Бирæтæ Атынæджы бæрæгбонмæ нал фæлæууынц. Феппар дæ хæдон, сысчъил кæн дæ хæлафы фадгуытæ, фелвас дæ къахыдарæс, кæрдæгæй сби худ æмæ, – гъæйда, уæдæ(!), – цы базгуытæ базайы нæ хæхбæсты нæлгоймæгтыл! Бынтондæр сæ фæстæ ницæмæй фæлæууынц ставдстæг, дзырдбарон æмæ худæджыдзæкъул уæздан чызджытæ.

Фæлæ, уæддæр, нæлгоймæгты дарæсы конд хуымæтæджы нæ 'рымысыдтæн. Афтæмæй адæймагæн æнтысыдæр, æнтысы. Цас бæгънæгдæр уай, уый бæрц дæ æрдз йæхимæ хæстæгдæр кæны. «Алæбон æгас цæуай!» – дын дзуры. Æрдз адæймагыл йæ къух систа, дарæс ыл куы федта, уæд. Æмæ уыцы аиппыл иуварс хæцын æнæзондæй нæ райдыдтой ныры сылгоймæгтæ – дæ фæрдыгцæст бикъ разынын кæн, æмæ къуыдипп лæппутæ дæ фæдыл, бабызы лæппынтау, ныххал уой, æрдзы сынтæгмæ дæ сайой.

Фæлæ хосгæрдæнты хосдзауты, уæлдайдæр, нæ хæхбæсты уыдонмæ кæцæй æмæ куыд февдæлы, гормæттæ. Уæд зымæджы сæ папитæ стонгæй бындзагъд куы фæуыдзысты æмæ сыл зымæгон-зымæгдæргъы адæм худинаджы зарджытæ куы нывæнддзысты.

Стæй афæдзæй-афæдзмæ искæмæн йæ род йе 'нæсæрфатæй скъæты цъыфы куы фæхиу вæййы, уæддæр æй æгъдауылхæст хистæртæ уыцы æнафоны хосдзауты аххос фæкæнынц – сымах, дам, нал фæлæу-

уыдыстут, æнæсысмудæн къулбадджытæ, Атынæджы зæд-дуагæн нывыл скувынмæ, афтæмæй уæ рæузондæй бавнæлдтат хос кæрдынмæ, æмæ ныл, уынут, йæ цæхæртæ калы нæ дуаг, зæгъгæ.

Цæсгом кæмæн разыны, уымæн æнæкусарт акæнгæ нæй. Йæ комбæстæ æмæ Атынæджы зæд-дуаджы раз суадзы йæ тæригъæдтæ. Цæсгом кæмæн нæй, уымæн «цæсгомджынæй», дзуары фыдæхы аххосæй сæхæдæг фæкайынц йæ фосæй. Фæлæ æвзæр, æвзæр цы у, уый куы зонид, уæд-иу æвзæр нæ уаид.

Сыхы лæппутæ æмæ сæ фарсхæцджытæ сæ ныфс æргомæй кæмæ нæ бахæссынц, уымæ дæр баххæссынц сусæгæй. Хуыснæджы къух, оу-у, куыд даргъ у. Стæй сæ кæрæдзимæ гæды пыррыччытæ æмæ цæстныкъуылдтытæ фæкæнынц, фыдызгъæлыл та цæй цæхх, цæй туаг æмæ цæй лавры сыф кæныс, зæгъгæ! Йæ ад, дам ын сафынц, йæ ад, æрратæ. Ома, фыдызгъæлæн. Æнæ уыдон, дам æй, фуфугæнгæйæ, куы хæрай, йе 'цæг тых, зæгъы, уæд разыны, уæд. Къулбадджытæ. Давæггаг фуфугæнгæйæ хæрдзынæ, уæдæ, гъæйтты зарджытæ куыд кæныс? Хуыцауы хай дын нæй?

Æцæгæй та давæггагимæ уыдон, – цæхх, лавры сыфтæ, туаг, – алы хатт талф-тулфæй адæймаджы къухы нæ фефтынц, нæ. Æмæ сыл уæд дæхи цы марыс, гормон. Цæхх, туаг æмæ лавры сыф нæ фæагурынц адæймаджы ахсæнмæ фæндаг хицæнæй, æндæра, фыдызгъæл, цин дын фенон, нæ хæхбæсты æнæ уыдон дæр йæ кад нæ сафы.

«Карчы къæрныхты» тыххæй та сыгъзæрин Атынæг чъынды æмæ мæрдцæст адæмæн афæдзæй-афæдзмæ фæвæййы æлгъыстаг. Æнæсæрфат адæймагæй цы домыс? Цыма сын сæ кусæрттæгтæ уый фæдавы.

Фæлæ Цуцури тæккæ хосгæрдæны размæ æцæг æнæвдæлон уыдис. Ницы хуызы йæ фæндыд, йæ къахавæрын нæ, ууыл асагъæс кæнын дæр.

Æгас комбæсты зайæгхал кæрдæджы сыфæй бæлæсты тæккæ цъуппытæм кæй бæрны сты, йæ уыгæрдæнтæ кæмæн кæрдиппæрд кæндзысты, зымæг-

мæ хæдзарваг суг æрцæттæ кæнынил чи у, хæдзары куыстытæ иунæг нæлыстæгæй кæй бæрзæйыл æнцайынц, уымæн, уæ бонæй уæ уа, уанцон æвдæлон нæу. Стæй хæдзардзин æмæ хæдзардарæг нæлгоймаг, гормæттæ, куыд уыдзæнис, куы, æвдæлон? Уæд йæ мæлæт æрцыд æмæ уый зæгъ.

Æмæ изæрдалынгты Хуыцауы дæлбазырмæ, – сыхбæсты сæрмæ бæрзондыл кæй цæры Цуцури, уый тыххæй дзы фæдзурынц афтæ, – районæй хæдтулгæ куы стылд, сæумæцъыккæй дæм æгас районы хицау йæхæдæг сиды йæхимæ, зæгъгæ, уæд ацу, ды хорз лæг дæ, æмæ хур боны арвы æрцæфау, ма фæу. Цæмæн æм сиды? Цы дзы кæны районы хицау? Цы судзаггаджы марды тыххæй æрлæууыд йæ зæрдыл, йæ бонæй йæ уа? Уымæйдæр, сæумæцъыккæй.

Æмæ фæстаг рæстæджы адæммæ хицæуттæ кæд мæнæ-мæнæ нымады нал сты, уæддæр аивтæй йæхи цæттæ кодта æмæ цæттæ дæр скодта йæ балцмæ – ныссæрфта йæ арфуафс дзабыртæ, йæ бæлцуаты дарæс сæ ауындзæнмæ йæ дæрзæг армæй аивæй æрсæрфта (йæ арм ардуаны æнгæс у æмæ йын сæ ма ‘рхæсса йæ разæй). Йæ тарцъæх хæдон дæр семæ ауыгъд кæй уыдис, уый йын æхсызгон уыд…

Цуцури йæ цæст ахаста æрбацъæхуæвæг арвыл. Арвы денджызы æвзист кæсæгтæ æмызмæлд кодтой. Сæ тыбар-тыбуры æвдыстой сæ рæсугъд, сæ фенддаджы хуызтæ. Уый хорз у – хосгæрдæнты хур зæххыл атылд, зæгъгæ, уæд уымæй хуыздæр, уымæй бæллиццагдæр цы уа фæллойгæнæгæн.

Район дард нæу – æхсæвыцъæхтыл æм ныууай æмæ фæссихор фæстæмæ ´рбаздæх. Кæд дыл дæ чъынды нæ фæтых уа, уæд дзы искæимæ лæугæйæ бæгæны дæр аназдзынæ. Уыдонæн, раййонæгтæн, сæхимæ макæмæ мацæмæ бакæсай. Æрцæуæг адæймагæн æппынæдзух йæхи дзыпмæ фæдарынц сæ цæст.

Бирæ аназын дæр дзы никæимæ æмбæлы – уайтагъд сæ иу дыууæ бавæййы, дыууæ – цыппар… Хæсты бын дæ фæкæндзысты. Бæрцæй иу-дыууæ бæ-

гæныйæ фылдæрыл ма сразы уай. Æмæ дыл уыдон дæр цалынмæ не ʽртæфстысты, уæдмæ дæ фæндаг цыбыр кæн. Кæд стыр куыстытæ нал бакæнай, уæд ма иу æргъом хус сугтæ æрдавынæн уæддæр суыдзынæ. Æмæ уый хæдзарæн æхххуыс у.

Уæддæр æгас æхсæв-бонмæ хуыссæджы цъынд нал æрхæцыд лæджы цæстытыл. Цæмæн, цæй тыххæй йæ æрцагуырдта Хицауад? Йæ куыстæй йын нæу райгонд? Æмæ æнæ бар райсгæйæ суджы къæцæл куы ничи æрхæсдзæнис йæ къæсмæ. Уый тыххæй алаз-алаз цас пайда барвиты паддзахадмæ, уый ницы у?

Чи зоны, зымæгмæ йын суг нæй?.. Хицауадæн. Кæнæ йæ дард хæстæг искæмæн дæр?.. Æмæ йын уæд йæхимæ цæмæн дзуры? Быргадæн æй (йæ хистæр, бригадиры, афтæ хоны Цуцури), йæ бон ныккала, цæмæннæ загъта уæд? Уый йæм æй æрдæгæхсæв дæр æнæвдæлоны ´фсон уæддæр фæхæццæ кодтаид.

Нæ, суджы тыххæй йæм нæ дзурдзæнис. Нæ йæм дзурдзæнис суджы тыххæй. Уымæ æргуыбыр кæныны онг не ʽруагътаид йæ кады сæр. Хицауад у! Хицауад та, мæ бон акæнай, алкæуыл не ʽввæрсы. Алкæмæн нæ кæны йæ хабæрттæ æмæ йæ диссæгтæ.

Уæдта йæ уæлæмæ кæнынц? Уæд та, Быргады бынатмæ?.. Цæмæй сыхæй-сыхмæ цоппай кæна?

Нæ, уæлдæр æй нæ кæндзысты. Уæд ын районы цæргæйæ у. Уым та йын, чи дын цы дæтты, фæлæ æввонг хæдзар куы радтой, уæддæр сæхи артæнты аирвæздзæнис – афтæ бастъигъдзысты мæгуыр лæджы æмæ йæ царм хæдоны бын никуы уал стæфсдзæн, мæгуыр йæ бон. Куыд уæлæмæ адæм зынæфсисдæр сты. Иу сом дзы кæй къухы радтай, уый дæм стæй дыууæмæ соммæ кæсы. Уæдæ. Цуцури сын сæ уды кондмæ уымæн никуы бабæллыд. Нæ дæр, районы паддзахадон æввонг къуымтæм; нæ дæр – Быргады бынатмæ; нæ дæр – бирæ ´ндæр цæмæдæрты.

Кæдæм уæлæмæ йæ æвдæлы, йæ хæдзары куыстытæ йæ сæрæй уæлдæр куы сты, æппынæдзух йæ къухтæм æмхасæнтæ куы кæны, уæд? Хицауадау хус

астæу нæу. Æрвыл бон, тæфсæгæй рынчынау, иу ран æвдæлон рафæрсыл-бафæрсыл кæна, хурыл зивæг æфтауа… Нæ-æ!.. Сæхицæн – фæлдыст сæ хицауад.

Уæддæр, сæумæцъыккæй куы рараст хæдзарæй, уæд йе ‘мкъай, Æфсин, йæ къухтæ йæ дæрдджын раздарæнæй сæрфгæ, уыцы ракæнонхуызæй рагæпп кодта йæ фæдыл:

– Дæ куыстæй дæ куы исой, уæддæр-иу дæ зæрдæйы хуызтæ ма равдис. Сæ астæурæхыстæ сæ галиу уæхсджытыл фæхæссæнт, сæ быны лæдзджытæ – сæ галиу къухты, кæд нæ уæлвæндаг нæ фæкодтой. Уый сын хицауад! Уæ бар, зæгъ – уæхи. Сæ куыст дæр – куыдз æмæ сæхæдæг дæр – куыйтæ! – Æфсин уыцы æхсызгонæн ныхта йæ рахиз, дзæбæх æрфыг. – Къæлæтджыныл чи фæбады, митæ уый фæкæны. Сæ ныхас-иу сын куыдзмæ дæр ма ‘рдар, куыдзмæ. Æнæдзургæйæ-иу разил æмæ рацу дæ мæгуыр, фæлæ фæрныг къæсмæ. Сæ куыст дæр, сæ мызд дæр сæ фароны фистимæ – сæхи! Нырмæ дæр уыцы къапеччытæй нæ цардыстæм. Ныр дæр æнæ уыдон кæд нæ удæгасæй истытæ кæниккам, – йæ дзæбæх æрфыг æй кæй хордта, фидарзæрдæ уымæн уыдис. Фæлæ йæ æргом нæ дзырдта. Уæд, цы хорз ыл у æрцæуинаг, уый йæм куы фæтæргай уа, гормæттæ.

Цуцури æрлæууыд. Йе уæхсчы сæрты сабыргай ракаст фæстæмæ. Уыцы тарæрфыг, тарцæсгомæй: «Сыхбæсты сылгоймæгтæ йæм исты ног хабар фæхæццæ кодтой, мыййаг? Æмæ сæ кæй æвзагыл зынджытæ æвæрд уыд?»

– Чи дын загъта?!. – лæгæн йæ рахис арм йæхигъдауæй æрбатымбыл. Æхсæв-бонмæ, йæ куыстæй йæ сисой, ахæм кой йæ сæрмæ æмгæрон не ‘руагъта, – уанцон нæу, гормæттæ! – ныр кæс, æмæ – амæ. Уæддæр лæг фæхæцыд йæхиуыл. – Халонау-иу ма уас, мæнæ ус.

Лæг цæмæйдæр тыхст æмæ йæ нырмæ нæ фæхатыд, – йæ хæлафы фадыг кæм ис – далæ йæ батинкæты бæзджын бынты сæрмæ! – æмæ йыл уырдæм кæдæм мæрдтæм ныххæцыд иу гыццыл сындзы бындзыг. Хус

сындзы бындзыг, ændær – ницы. Æмæ йæ тыхсын кæны, гормæттæ. Уымæн ыл афæлвæрдта къахæй æр-лæууынмæ. Фæлæ – нæй. Æмæ йæ уый дæр, цыма фæсалы бындзыг у, – рог, фæлмæн, – ратыдта йæ дæрзæг армæй. Адыгъгъуытт æй кодта фæндагмæ.

Буртуз, йæ иузæрдыг цуанон, уæдæйнырмæ, йæхи райвазбайвазгæнгæ, йæ комивазгæ, йæ алывæрсты кæй зилы, уый цыма лæг нæ хатыд. Уадз, зона, рæгътыл йæ куысты фæдыл нæ цæуы. Бадæд йæ куыдзы бынаты æмæ хæдзармæ дарæд йæ цæст. Уый ныртæккæ – йæ иуусыл хуыздæр куыст.

– Мемæ цæугæйæ дын нæу, Буртуз! Ам бад æмæ хæдзармæ кæс. Æз дæр, Хуыцауы фæндæй, тагъд зындзынæн. Æмæ акæсдзыстæм нæ папитæм, – цыма йæ Буртуз бамбæрста, разыйы нысанæн æрхуыссыд зæххыл. Йе стыр сæр æрæвæрдта йæ раззаг дзæмбытыл, фæлæ йæ разыйы цæстæнгас нæ фæхицæн йæ хицауæй. – Æндæра, уыныс, æфсин мæ фелвæста мæ куыстæй.

– Хорз, хорз, фæлæ уæддæр дæ зæрдæ ма равдис. Сæ зæрдæтæ аскъуыйæнт – уый сын мæ хуыздæр арфæ, – сылгоймаг дзагцæстæй каст йе ´мкъайы фæстæ æмæ фæсмоны æнкъарæн зивæггæнгæ тæлфыд йæ сæры: «Йæ хæлаф ын куы аиту кодтаин, уæд та. Фæстаг рæстæджы мыл цыдæр мæрдырох бафты, æндæра йæ дысон куынæ æрцахста мæ сæр. Дæлæмæ ныххауæнт, фæлæ, уæддæр – Хицауад… Стæй, районы адæмæй лæг кæуыл не ‘рбамбæлдзæнис», – сылгоймаг бон-изæрмæ никæй уыдта. Хинымæры дзурыныл ахуыр уыдис.

Йе ‘рфыг ныхын æй нæ рох кодта уæддæр. Бæргæ фæстаг дзырдтæ дæр, йæ мидсагъæсау, сабыргай, сыбар-сыбурæй загъта, фæлæ хæдзаргæнæг бирæ нæ фынæй кæны – дæлæсыхаг Цамел йæ хæдзары фарсмæ уæрдæх здыхта, – цыма дзы сæумæцъыккæй йæхи ауыгъта, – æмæ æрхымпырдта лæг æмæ усы быцæу ныхас. Уый хуымæтæджы кæй нæ уыдзæн, уый химпырдта. Комарынгæй хуыфгæ рацыд Цуцурийы размæ, – цыма сывæллон у, æхсæвыцъæхæй ма фæтæрса, – исты ног хабар базоныны ныфсæй.

Сæ кæрæдзийæн дæ райсом хорз куы загътой, уæд Цамелы курæггæг суары хуызæн цæстытæ сæ къуырфыты фæдисæй цъыллынг-сыффытт кæнын райдыдтой. Куыд йæ зæрды ис: кæдæм рабалц ацы зæронд, уый боныфæстагмæ йæхæдæг зæгъдзæнис æви йæ фæрсгæ бакæна? Æмæ уал ын каст йæхимæ.

Цуцури йæ зыдта, æрдæг æхсæв гæдыйы уаст куы фæцæуа, уæддæр Цамел æрзайы рудзынджы фæлгæтыл; цалынмæ, цы ´рцыдис, уый бæстон базона, уæдмæ йыл бахус уыдзæнис, фæлæ йæ сæр базмæ не ‘рхæсдзæн. Куы схуысса, уæддæр хуыссæджы цъынд нæ фендзæн, фæнды йæ æргæвдгæ акæн.

Ныр йе ‘рдæгздыхт уæрдæх йæ армæй йæ цонджы рæмбынкъæдзмæ тæлыйау атыхта æмæ, сыхæгтæй ма ацафонмæ фынæй чи кæнынц, уыдонæн дæр сæ ныхасæй куыд ницы аирвæза, æмæ йын искуы, æйтт, зæгъгæ, фæцыд, уæд æнæфæцудгæ æвдисæнтæн куыд бабæззой, афтæ гæзæмæ мидбылхудгæ, дзырдтæ бæстонæй дзургæ рацыд бæлццоны размæ:

– Тæрсгæ ма кæн. Мæнæн хорз къах ис. Рæствæндаг фæуыдзынæ. Фæлæ бонцъæхтыл къæрццитуйæ кæдæм фæдис кæныс? Миййаг, исты... Уæд æй махæн барвæндæй раргом кæнын цæмæннæ уарзы дæ цæст? Æви, дæ фыдызнæгтæ стæм, мах ма фезмæлæм, фердæхыны фыдæй фесæфæм?

«Æ, дæ хæдзар дын мæстад скæна кæннæуæдæг. Мæ размæ куынæ фæуыдаис, уæд дыл цымæ нал сбон уыдаид, фыдæмбæлæг», – йæхи мидæг рамæсты лæг.

Æгас комбæстæ йæ сыгъдкъахæй зонынц. Фембæлдис дыл, уæд дæ фæндаг ныууадз. Дæ хæдзар бацагур, уæддæр дæ балц хуымæтæджы у. Цуцурийы дæр, стъалыбалцы афон йæ разы лæууа, уый мæнæ-мæнæ кæцæй уырныдтаид, æндæра цæхæрадæтты, æнæкарст хæмпæлты ныууадаид... æмæ дзы, чи зоны, аирвæзтаид... куынæ йæ федтаид, уæд. Йæ цæст ыл куы скъуырдта, уæд аивæй йæ галиу уæхсчы сæрты фæстæмæ æртæ хатты уымæн атутæ кодта: йæ зæрдæ – йæхи, æндæр ма йын кæй бон цы у?

Цæмæй йæ æгæр ма ракъах-бакъах кæна, куыд тагъддæр дзы аирвæза, уый тыххæй йын йæхæдæг сæрыстырæй, æппæлæгау, афтæ:

– Районмæ мæм етаппæй сидынц. Хицауад. Дысон хæдтулгæ нæ федтай? Мæнмæ ссыд. Районæй! Уырдæм тагъд кæнын, – лæугæ не 'ркодта. Уыйбæрцытæ йæ не 'вдæлдис дзæгъæлы ныхасмæ.

Уадз, йæ сыхбæстæ зоной, кæимæ цæрынц! Сæ цæхджын хойраг кæимæ фæдих кæнынц! Хицауадæн чи у, æмæ йын сæ цæсты цы аргъ ис! Уадз æмæ йæ зоной! Уæлдайдæр, Цамел. Уый хуызæн у, уæдæ, Цуцури, гормæттæ? Адæм дзы дардмæ лидзынц! Цамелæй.

Кæддæр районы уыдис. Сæныччытæ ауæй кодта. Йæхи хуызæттæ йæ басайдтой хæрæндонмæ. Дзæбæхтæ дзæбæхтæ фæкастысты сæхимæ. Фидын афон куы 'рцыд, уæд йæ фысымтæ иугай-дыгай фæбырыдысты. Лæггадгæнæг сылгоймаг ыл фынг куы 'рнымадта, уæд ма йæ цæстытæ раирвæз-баирвæз кодтой:

– Æз Цамел дæн, Цамел! Уыдон мæ фæхуыдтой! Нæ мæ зонут?!. Æз Цамел дæн, Цамел!

– Цамел нæ, Æхцамел куы фестай, уæддæр дæхи-уæттæ бафид! – æрхæцыдысты йыл æгас хæрæндоны кусджытæ. Цыма сын сæ цæлмондаг сыхæгтæ æнæ-зындгонд уыдысты. Уыдонæй цы ратыдтаикккой? Цамелæн йæ сæныччыты аргъ ын йæ дзыппæй скъахтой. Уæдæй ардæм район йæ удхæссæг фестад. Ноджы, дам, æй сывæллæттæ фæскъултæй фæмæстæй марынц: «Æз Цамел дæн, Цамел! Нæ мæ зонут?!.» Æмæ йыл районы æввонгхортæ, ома, иу хатт ма нын куы бакомид хæрæн-донмæ, сæ ривæтгæнæнты фæхудынц сæ мидбылты. Заманайы минас фæкодтой. Фæлæ йæ хæрæндонмæ стыр хæснагыл дæр ничи уал басайдзæнис.

Ныр Цамел æвиппайд фæтыхст. Куыд æм æрбацыд хицауады машинæ! Куыд æмæ йæм цæмæ сидынц бондзир-дзуры?! Уый та, Цамел – чидæр суг агуры, банымадта. Бынаты лæг у, фæлæ районы ахæм нымад æрцыд, æмæ йæм хæдтулгæ хонджытæ æрвитой? Мæнæ диссæгтæ æмæ тæмæссæгтæ!

Ихыллæууæг каркау, цæй тыххæй арафт-бафт кодта йæ мидбынаты, уый куыннæ зыдта. Уæдæ ма сыхаг æндæр цы фæзоны.

Цуцури æмбæрста, цæмæй йæ бафæрсдзæнис, æмæ дзы, ома, тагъддæр аирвæзон, батагъд ын кодта йæ æнæрадтгæ фарстæн рæстæгыл фидар, сæрсæттæн цæф кæмæй фæкодтаид, ахæм дзуапп ссарыныл:

– Хицауад мæм йæхæдæг сиды!

– Уый та дæм куыд йæхæдæг дзуры?!

Цамелы зæрды уыд, йæ хуылфы цыдæриддæр ис, уыдон ын кæронмæ иннæрдæм рафæлдахын. Халгай сæ фезмæнтын. Æрдугай сæ базонын. Дызæрдыггаг ын сæ куы ницы уал баззадаид. Фæлæ уыдæттæ тынг хорз хатыд, стæй сæ æгæр хорз зыдта Цуцури дæр. Цамелы кæд бынтон тынг фæндыд йæ афæстиад кæнын, уæддæр æм уый тыххæй не 'рлæууыд:

– Нæ йæ зонын. Нæ мæ 'вдæлы. Нæ йæ зонын. Нæ мæ 'вдæлы… Нæ йæ зонын…

Цамел ма йæ фæдыл тæвдæй цыдæртæ дзырдта, цæмæйдæрты йæ фарста, фæлæ йæм нал фæкаст. Цыма, æцæг хицауады кусæг лæг у, стыр æнæаргъæвгæ хæстæ йын ис, æмæ йæ нæй йæ къах атилыны бон дæр, сæрбæрзондæй ахæм хуыз равдыста Цуцури. Куыдзæй, ардыд куыдзæй дæхи тых æмæ фыдæй куыд атонай æмæ дзы, фæстæмæ фæкæсфæкæсгæнгæ, размæ куыд аппарай дæхи, афтæ дзы аирвæзт, æмæ йæхицæй фæбузныг – æгайтма йæм не 'рлæууыд. Ныр ын кæд йæ сыгъды къах йæ фæндагæн ницы батых кæнид, æмæ фæндараст фæуаид, сусæгæй йын йæ бынатмæ чи хæлæг кæнынц, йæ уыцы æргом æмæ сусæг знæгты фыдæнæн. Цас бæллиццаг бынаты кусы, фæлæ йæхи тугвæллойæцæрæг адæймагæн чысыл капеччытæ дæр, адæм куыд фæдзурынц, «æввонгæй» стыр æххуыс сты.

Æцæг ын йе 'мкъайы фæндарастгæнæн ныхас æхсызгон нæ уыдис. Цæй тыххæй, кæй тыххæй йæ сисдзысты йæ бынатæй? Кæмæн цы кодта? Цæуыл æм фæхæрам сты? Дæлæ, районы кæмæ хауы, сæ уыцы хицауæн æрвыл фæззæджы, раст Джиуæргуыбаты

´хсæв, фырнæрдæй сыгъдæг фиуы хуызæн чи свæййы, ахæм цæу ратты? Ратты! Уымæй дæр – лæвар!

Хицауад, дам мæ, фæзæгъы, рарвыста; æнæмæнг, дам, мын фароны сæгъы мыггагæй ссар кусæрттаг. Фароны сæгъы мыггагæй! Уый фыдызгъæлы хуызæн, дам, ме 'фсинæн кусарты фыд никуы ма батадис. Æхсæв æмæ, дам æй бонæй æнæфæцухæй куы хæра, уæддæр, дам, дзы нæ зæрдæцъæх кæны. Афтæмæй йын, зæгъы, сæкæрниз кæдæй нырмæ ис! Алы фыд нæ уадзы йе 'мгæрæтты. Æмæ, уæдæ, сæ хæс нæу, йæ фарс уой? Цуцурийы фарс. Йæхи фарс дæр, йæ бынаты фарс дæр.

Диссагæндзуринаджы адæм сты: сæхæдæг – туаг, сæ низтæ – адджын. Ноджы сæ куыдзы с…æй раласынц. Сæ низты. Фæразгъор-базгъор кæнынц дохтырты фæдыл. Цард уыдон куы батониккой, уый сæ фæфæнды.

Æниу, деттæ иуран бадын æмæ фырхæрдæй, донбын мæры насау, сæ цармы нал фæцæуынц, æмæ адæмы цæстмæ, уайдзæф сæм макуыцæй æрхауа, алы гæды æфсæнттæ фæцагурынц. Йæ зæрдæ миты карсты хуызæн нард фыд, уымæй дæр нæл сæгъы фыд кæмæн дома, уым низ цы ми кæны, цы, гормæттæ? Сæгъы фыд, зæрдæзæгъгæ нард сæгъы фыд, сæйгæ адæймаджы уæнгты дæр цæй низ ныууадздзæнис, цы хæрды кæнæ йæ цы уырдыджы фæкæлын кæндзæнис, мацы базоной? Уадиссаг, гæды митæй дарддæр, мæнæ-мæнæ зонгæ дæр ницы кæнынц, фæлæ.

Æмæ сын бæргæ бацамонид, мацы бамбарой, сæгъæн йе 'хсыр дæр, йæ сой дæр, йæ фыд дæр æнæнизы хос сты. Адæймаджы нымад бонтыл цард кæй æфтауынц. Фæлæ йын хуыргуыбынтæ йæ папитæ иунæг къуыримæ дзæгъæл бæдулы цъæм-цъæм акæндзысты. Сæ цæсгæмттæн аргъ кæнынц? Сæхæдæг куы бафсæдынц, уæд та фæндаджы хæйттæ фæагурынц. Уыдон – Мыкалгабры кувæндонмæ; уыдон – фæндагсæр Уастырджийæн; уыдон… сæ мад æмæ сæ фыдтæн æвзæр куыдзы фыд – фæлдыст… Пуй, куыдзы фырттæ! Авд хохы сæрты фæхизынц? Цæй фæндаггæгтæ æмæ мæрддаггæгтæ агурынц, цæсгом сын куы уаид, уæд?

Кæддæр ын сæ иу та фынгыл æртæ царвыленкгæнгæ уæлибыхмæ ацамыдта: «Адон айс æмæ сыл ставд къуыдырфых хæйттæ дзæбæх-дзæбæх æркал, афтæмæй сæ мæ шофырæн машинæйы бавæрын кæн».

Амæйразмæ, дам дзы къоркъулайаг къæбæда иуæн цæрвджын хæбизджын йæ дзыппы нывæрдта. Расыг уыдис æмæ йæ тутт сæр не 'рцахста, царв ын йæ дарæс бынсæфт кæй фæкæндзæнис. Æппаринаг ын фесты. Афтæ сын æмбæлы!

Æмæ кæд комыйаргъ лæгæй уыцы дæрдбалцы фæцыдтæ, уæд ды дæр иу къаффеты мур, уæдта, сылгоймаджы, гъе, искæй сабийы... Йæхи уæттæ горæтмæ фæфардæг сты, фæлæ искæй саби арæвдауыны номыл дæ афтид дзыппы уæддæр райстаис. Ныр ын – равзаргæ фæндаггæгтæ тæвд хæйттимæ...

Стæй сыл дыккаг бон сæ кæрæдзи фæратон-батон кæнынц. Фæндаггæгтыл. Загътой йæ Цуцурийæн. Фæндагыл сæ, фылдæр дзы мачи ахæра, æрнæмынц сæ къæхты саккæмтты. Уæддæр сыл æвронгæй фæхæрынц сæ кæрæдзи. Æрвитæггæгтыл. Ды дзы фылдæр ахордтай. Ды дзы фылдæр амырхтай уæхимæ...

Чи куыд стырдæр горæты цæры, чи куыд стырдæр бынат ахсы, афтæ кæд сты æдзæсгомдæр. Æдзæсгомдæр æмæ æнæфсисдæр. Сæ гуыбынты номæй фæцæрой, кæд гуыбынæй лæг нæй.

Хицауадæй дæм, зæххæй сисинаг чи нæ уа, уыцы гæдыйы лæппын куы ´рбауаса, уæддæр æй ды фæхон. Ды фысым дæ æмæ хонын дæуыл æмбæлы. Дæхæдæг сæм куы ныххауай, уæддæр сæ ды фæхон. Ды уазæг дæ, æмæ дæ фæндаггæгтæй истытæ æрирвæзын кодтаис демæ, уæдæ, цы. Уыдон ницы 'фсæрм ис. Мæ уд акæн. Уыдон хицæуттæ, уæздæттæ æмæ уæлбикъонтæ сты. Къуылдымыл лæууынц, æмæ уæлейæ дæлæмæ кæд æхсыд стæг радыгъгъуыт кæной, æндæр нуазæн дæр... æгъдау æй ма æрæлгъивæд, æндæр æй барвæндæй дæлæмæ ма рауадзой.

Ноджы дæ алы бæрæгбонтæм кусæрттæгтæ агурæнт. Стæй цахæм кусæрттæгтæ! Фиуы хуызæн цæу

мæнæ ис?!. Цæукъа нæ, фæлæ – цæу! Диссаджы сæгъы мыггаг ын ис. Цуцурийæн. Йæ цæукъа дæр Цамелы цæуæй стырдæр вæййы. Бирæ стырдæр. Стæй – бирæ нарддæр! Фыдджындæр. Хуызджындæр. Æмæ кæд искæй йæ базонын тынг фæнды, уæд – сыкъаджындæр! Æндæр бирæ «джынтæ» дæр. Йæ бакаст, æрмæст йæ бакаст дæр Цамелы цæуы аргъ вæййы.

Цуцури йæ сыхæгтæн Быргадæй, цæу ын уæй акодтон, фæзæгъы, фæлæ дзы кæй сайы? Йæ гуыбыны. Йæ хицауæн сæгъ уæй чи кæны? Кæнæ Цамелы хуызætты чи фæсайдзæнис? Нæ зонынц, Быргады хуызæттæ иу сау суари кæй никæй къухмæ ратдзысты? Куынæ стæй. Æниу ын йæ сæгъты дзуг æгасæй йæ хуыр гуыбынмæ заргæ куы ныскъæрид, уæддæр дзы иу капекк рантысид. Куыдз амæлæд ахæм цæсгомыл. Ноджы йæм алы дзуарыбонты æгас къуыригæйтты æд хæлæрттæ, æд сыхæгтæ, æд зонгæтæ фæцæуы. Дæ къуымы ма исты муртæ аззадис æви нæ, уымæй дæ нæ фæрсынц. Районы адæм къуыридзуан фæцæуынц. Йæ зæды хайæн чи куыд кувы, хæдзари-хæдзар уый фæбæрæг кæнынц. Сæхи къуымты та мыстытæ бурти ратæрбатæрыл вæййынц. Æмæ фæстæмæ хæрзхаст, тæнджынтæй куы ´рыздæхынц, уæд сæ бирæты се ‘мкъæйттæ зонгæ дæр нал бакæнынц: «Ай, махон дæ æви мын Уæлладжы цæст æцæг хæрзхаст, хæрзуынд амонд бауарзта?» – фæхынджылæг сæ кæнынц, ома, мын, мыййаг, искæимæ хæццæ кæныс?

Дыууæ фаззон хойы, дам, сæ ныййарæг мадæн дæр ивддзæгтæ кодтой. Чындзы куы ацыдысты, уæд сын се ‘мкъæйтты иу дзæгъæлдзых фæрсы: «Куыд сæ базонут, куыд, чи сæ кæцыйы æмкъай у?» Æмæ, дам, сæ иу йæхицæй раппæлыд: «Æз сæ бæргæ базонын, фæлæ ацы чысайнагæн фæивддзаг вæййынц!» – æгуыдзæгæй ныххудт йе ‘мсиахсыл.

Хах-ха-ха!.. Лæгтæ, цас лæгтæ ма дзы и, фæлæ, дам, чидæр йæ хылгæнаг уасæджы дæр хæстоныл нымадта æмæ изæрбадæнты ахæм «хъайтарон» хабæрттæ куы фæдзурынц, уæд сыл Цуцури дæр фæхуды йæ зæрдæйы

фæндиаг, уæдæ, цы. Худын царды хос у. Цæмæн ын æлгъива йæ хурх? Йæ худыны дзæкъулæн.

Æмæ, худын дæр æмбæлы. Уæдæ, цы сараза. Фæлæ адæймаг, кæмæй цы ратона кæна, кæмæй цы ахæра – фæйнæрдæм уасæг халоны каст куы кæна, холыйы коймæ иу комæй иннæ коммæ фæдисы куы тæха, уыдæттæ нымады не сты? Уыцы ницæйаг митæ йæ хицауадмæ, куыдзы туг се 'нæфсис хурхы ацæуа, нæ хæццæ кæнынц? Æви сæм нымады дæр никуы уыдысты æмæ не сты? Оу, мæнæ диссæгтæ æмæ æмбисæндтæ!

Æмæ уæд уый сæхи æнæсæрæны аххос у, – Цуцуриййæн йæ рахиз арм йæхихуызы æрбатымбыл вæййы. Йæ алыварс цытæ цæуынц, йæ адæм цæмæй улæфынц æмæ цæрынц, уыдæттæ цы хицауад нæ зоны, уымæн йæ удæгасæй йæ мæлæт бирæ, бынтон бирæ хуыздæр у. Æмæ уæд ахæмы, хицауы ном худинаггæнæджы, йæ галстукæй ныббæдт стыр дойнаг дурмæ, нывзил æй иу æвзæр хуыдымы. Йæ чъылдым дæр ын дæ тых, дæ бонæй атъæпп кæн... Æмæ йе 'мбисонд – йæхи куыдзы фыртæн. Уæдæ йæ æндæр кæй æккой скæнын ис дæ зæрды? Ничи сæм кæсы. Фæлæ кæй зæрдæ батæрдзæн афтæ æгъатырæй йæ ныппарын? Æмæ ирвæзынц.

Дæллаг, кæройнаг хæдзарæй йæ къахуынæрмæ рæйгæ рахызт стыр урс цуанон. Куы йæ ауыдта, уæд, цыма, æфсæрм фæци – фæстаг тыбар-тыбургæнæг стъалытæм ма, зæгъгæ, уыдон аххос уыдис, зивæггæнгæ цалдæр хæппы скодта, æмæ хæдзары кау æмбондыл йæ доны хуыпп акалдта. Зæгъгæ, мæ арæн фехалын макæй сæры къуыдыр æрцахсæд. Стæй сæргуыбырæй, фæлæ сæрыстырæй тыргъы иу къуымы бацагуырдта йæ куыдзы бынат. Лæг дæр районы фæндагмæ ахызт æмæ сулæфыд уæгъдибарæй.

Цуцури йæ къæхтæ бæрзæндты иста. Раст цыма хохæй æрцæй хызт, йæ къах дурыл куы скъуыра, уымæй тарст. Æрдзы суссы фæндагыл йæ къахуынæр сысыд. Уый хыгъд, йæхæдæг, сыфтæрты алы фезмæлдыл, кæрдæджы халмæ кæрдæгбийыны сусæг сусу-бусуйыл ахуыр кæй уыдис, уый охыл хорз ахста, йæ размæ

уæлвæндагыл ныллæг къутæрты къалиутæ сæхи кæмæйдæр сабыргай, фæлæ тыхæй кæй атонынц, æмæ кæй баризынц сæ мастæй. Къутæрты къалиутæ.

Сырд нæу, уый æвиппайд фæхатыд лæг. Сырдтыл къалиутæ цин фæкæнынц. Фæцин сыл кæнынц æмæ сæ фæуарзынц. Фырцинæй сын фæфасынц сæ лæуд барцытæ. Тынг æхсызгон сын вæййы удгоймаг фенын. Уæлдайдæр, сæ удтæн сын чи нæ маст кæны, ахæм удгоймаг фенын. Сæхи сыл фæтухынц, ногдзыд кæрдæгау. Раст сыл цыма йæ фендæй хуртæ æмæ мæйтæ ракæсынц, уыйау фæвæййынц.

Къалиутæ сæхи тыхыскъуыд фыдгæнæгæй фæкæнынц. Кæй уындæй фæлмæцынц, уымæй сæ фæфæнды се 'нæхин цæсгæмттæ амбæхсын. Æмæ сæ æмбæхсгæ дæр акæнынц. Уыцы фыдгæнæг та вæййы лæбурæг, тугдзых сырд кæнæ – адæймаг. Æрмæстдæр, лæбурæг сырд æмæ адæймаг. Хорз уой æви æвзæр, уæлдай сын нæу. Бæлæстæн. Стæй къутæртæн дæр.

Цæргæ-цæрæнбонты ныл, мæгуыр, марæгæй, сафæгæй уыцы иухуызонæй сахуыр сты, æмæ нын нæ иууыл Хуыцауысконд адæймагæй дæр се сæфт уынынц. Нæ цыргъаг сæм кæд фæцъортт кæндзыстæм, кæд сæ æрдæрæнтæ ласдзыстæм, арты æмæ сæ рæмпæджы хай кæд бакæндзыстæм, æрмæстдæр, бецау – сæ сæртæ, уымæ вæййы сæ тасы каст. Æмæ нæ стыхсынц. Æрдз нæ свæййы удтыл.

Лæг йæ къахайст фæсабыр кодта. Лæдзæг æнæдзургæйæ цæмæн æмæ куыд айста йæ рахиз къухмæ, уый йæхæдæг дæр нæ фæхатыд. Йæ бирæ азты куыстæй æгæр хорз дæр зыдта – ахæм ран, гæнæн ис, дæ къахы хæд бынæй дæр сгæпп кæна, дæ цард цæрæнбонты дæ чи никуы бауырныдтаид, ахæм æввонг фыдбылыз. Алцæмæ дæр цæттæ дар дæхи.

Æмæ кæсы – къутæртæй цыма ратыдта йæхи, цыма сæм баст уыдис, æмæ раскъуыд – уыйау фæндагмæ, къæрццытæгæнгæ, хауæгау ракодта хус цъыхырыйы къона. О, тымбыл баст, хус цъыхырыйы къона. Нырма лыстæг къалиутæн цыдысты сæ къæрццытæ. Базад ыл

къæхтæ. Цъыхырыйы къонайыл. Æмæ йæм бакæс, гормæттæ!.. Рацæуы йæхæдæг. Йæ цæст дæр нæ ныкъулы, афтæмæй рацæуы лæджырдæм…

Зæгъгæ, иудзæвгар не ʻрбарухс, уæд ын къæхтæ кæй ис, къонайæн, уый дæр нæ фæхатыдаид лæг. Фæлæ йæ чи хаста, уый уайтагъд базыдта йæ къахайстæй. Æцæг, кæд уыцы уд разынд, ацафон уырдæм уæндгæ дæр ныккæна кæмæй никуы загътаид, стæй йын æй уырнын дæр кæмæй ничи бакодтаид, уый...

Ау, арсы, æцæг, йæ гуыбын ахуыр кæны кафын?

Æмæ тæрсæгау цыдæр фæтæпп кодта йæ зæрдæйы рæбын. Сафиат у… Уæлæ сæ дыккаг хæдзæртты… О, иууылдæр, цыма, дыккагхæдзæрттæ...

Дæлæмæдæр-уæлæмæдæр ма æрмæст цалдæр зылын-мылын хæдзары сты… Кæд ма сын хæдзæрттæ схонæн ис, уæд. Фæлæ, адæймаджы комулæфт кæдæм нæ хæццæ кæны, уыцы æдзæрæг къуымæй цæй хæдзар æмæ цæй дуар ис? Кæмæ у нымады? Хæдзар бинонтæй, сывæллæттæй баргæ у. Сывæллæттæ та сæ хистæрты фæзмынц, афтæмæй асфалтæй йæ къах цъыф æмæ рыгмæ никæй хæссы. Æмæ уыцы цæрæг-æдзæрæг къæстæй иуы саударæг ус у.

Цуцури усгур лæппу куы уыдис, уæд уый арвæрдæм ивæзын уæд райдыдта. Мидæггагкоймаг. Фæлæ цæсты тигътæ зылдта йæхирдæм. Лæппу-иу æй куы федта, уæд-иу йæ фæстæ кæсгæйæ баззад. Чызг æй дыууææртæ азмæ сæййæфтаид. Уыдон тагъд рæзынц. Чызджытæ. Фæлæ лæппуйы йæ ныййарджытæ баййардтой: «Бинонтæ æркæн. Бинонтæ æркæн, нæ сабитæй исты фенæм!» Цы фенын сæ уыд сæ зæрды? Сæ лæппуйы кæстæртæй? Чызг æртæ азæй айрæзтдæр.

Йе ʻмкъай раджы, далæ кæд амард. Сафиатæн. Мæлгæ чи нæ кæны, фæлæ иу ноздджынæй былæй атылд. Кæцæй атулай, уый кæд нæ хæхты нæй, уæд ма йæ æндæр кæм агурын ис дæ зæрды. Дунейы ноздылмардтæ кæцæй фæтулой, уыдон фаг куыдзæппарæнтæ дæр нæм ис. Æмæ дзы, мæгуыр, уыцы æнамонд йæ уæрагимæ йæ сæры хъæбæр ныссаста. Уый адыл ын

хæрам ахаста. Нал дæр ын дохтырты бон исты бацис, нал – алыхуызон кæрдæджыты. Уæллаг дæр æй ныууагъта йæхи бар. Чи зоны, йе 'мкъайы тæригъæдæй, ома, цы цæринаг у, уый йæхæдæг кæндзæн. Сылгоймаг-ма, зылынбаст æргъомау, уыцы ´намонды дæр хæста йæ сыгъды цардвæндагыл.

Ноджы ноztыл бафтыд. Лæг. Сфыдзонд. Адзал раздæр зонынæн, æвæццæгæн, алчи нæ фæразы. Фæразгæ йын чи кæны, фæлæ... Йæ амæлæты размæ зондджын лæг йæ ми кæнинæгты къæдзилтæ фелхыскъ кæны, зондцух дзы æрра свæйййы.

Уый дæр ын бирæ нæ бафæрæзта. Сафиаты ´мкъай. Фæлæ сæрмæкæс сылгоймагæн уымæй нæ фенцондæр – уæдæйардæм нал систа йæ саутæ. Цард йæ уынгæгхурх сагъæстæ æмæ фыдæбæттимæ.

Диссаг куыд нæу, нæ хохаг, хæдæфсарм, цæсгомджын сылгоймæгтæ цæмæнты ныффæразынц, уымæн – ничи. Галтæ кæмæн ис, уæрдон... æгæрыстæмæй, царæй-зæхмæ хæрæджыййас лæг... Йæ сæрæй йын куыдз раппæрстай, уæд зæхмæ кæмæй ницы æрхæццæ уыдзæнис... уыдон дæр, мæгуыр, се 'ккæйтты фæхæссынц суг. Хус сугтæ. Цъыхырытæ. Фылдæр хæттыты хуылыдз сугтæ дæр, хуылыдз сугтæ. Уый артмæ цы батавынц сæ уазал фæрстæ, афтæ ницæй.

Сафиат та – саударæг сылгоймаг... Саударæг, фæлæ йыл йæ саутæ дæр, – Хуыцаумæ æнæгъдау ныхас хъыг мацы фæкæсæд, – чындздзон чындзы дзаумайау – гырымбæрц, уыцы дзæбæх, уыцы аив фидауынц... Æви Цуцури бакуырм, уымæ афтæ кæсы? Æмæ, уæд, æнæмæнг, цæстхаудкæнинаг куы у.

Кæддæр горæтæй зианæй иу гыццыл автобусыл рацæйцыдысты... Ныр модæйы ис афтæ. Горæттæм фæцæуынц цардагур, фæлæ сæ искæуыл исты куы 'рцæуы, уæд хæхтæм æрбарвитынц машинæтæ – алчи сын куынæ фæкæуа сæ мардыл, куынæ йын балæггад кæна, уæд фæстæмæ куы раздæха уыцы дзæнæтыбадинаг.

Æмæ автобусыл Сафиат æмæ Цуцурийы бынæттæ нæ фæци. Лæугæ кодтой. Стæй уымæн цы у – иу сахыт

алæу къахыл. Нæ хæхбæсты адæмы бадынмæ та кæд февдæлы? Фæлæ иу рæстæджы хæдтулгæ цæхгæр куы фæлæууид – сæ рæзты сæ кæрæдзийы фæдыл фæндаджы иу кæронæй иннæмæ асæррæттытæ кодтой дыууæ сæгуыты. Адæмæй лæугæ чи кодтой, уыдон сæ кæрæдзийы сæрты ахаудтой.

Сафиаты дæр йæ уæз ахаста Цуцурийыл. Йæ уыцы къуыпп риутæ уыцы адджын æндæгъд акодтой лæджы риуыл. Цыма сæ нал фæндыд сæ кæрæдзийæ фæхицæн уæвын. Сæ дыууæйы цæсгæмттæ дæр туджы азылдысты. Стæй сылгоймаг йæхи акодта тыхтонæгау.

– Хатыр, – йæхи срастгæнгæ, йæ сæр йæ риуыл æрæппаргæ, тыхæй сфæрæзта сылыстæг.

– Цытæ дзурыс, чындз, – сфæрæзта лæппу-лæг дæр. Йæ сæры та февзæрд: «Ноджы ма мыл иухатт куы рахауис». Фæлæ йæ къæйных бæллиццæй йæхæдæг фефсæрм æмæ йæ цæмæй мачи фæфиппайдтаид, уый тыххæй азылд иннæрдæм. Сылгоймагмæ æвæндонæй сыздæхта йæ чъылдым.

Ныр, нæлгоймаг куыддæр сылгоймаджы базыдта, афтæ æрлæууыд. Йæ риутæ ма уæды хуызæн тыппыр æмæ æмдынг сты? Нæ, сæурухсмæ дæр æргом зынынц – фесæфтой уæды фидыц, фæлæ сæ нырма цæст улæфы…

Йæ сæры цытæ фегуырд, уыдонæй йæхæдæг дæр фæкъæмдзæстыг – исчи йæм кæсы? Исчи æмбары йæ зæронд, мæлинаг сæры къуыдыры цытæ тæлфы, уыдон? Æмæ уæд йæ мæлæт хуыздæр куы у. Бирæ хуыздæр. Йæ цардæй хуыздæр… Йæ мæлæт. Искæмæ дæр ма йæ мыггаджы саударæджы саувæлыст чындздзон чызджы урс-урсид дарæсы хуызæн кæсы, гормæттæ? Худинаг æмæ аллайаг!

Куы ничи йæ фенид, уæд фæсвæндаг амбæхсид. Фæлæ йын йæ бæзджынбын батинкæтыл схæцыд сылгоймаджы цæстæнгас. Æгæр ын уынæр кодтой.

Фæтæпп кодта уый зæрдæ дæр. Йæ итукæнинаг хæлаф, йæ дæрдджын уæлæфтауыл сабыргай схылд æфсæрмдзæстыг сылыстæджы цæстæнгас. Зивæггæнгæ нæ зæгъдзынæн. Уымæн æмæ-иу никуы афæстиат.

Фæлæ дзы æфсæрм æнæдызæрдыгæй уыдис. Лæджы зæбул рихитыл чысыл афæстиат. Сылгоймаджы æфсæрмдзæстыг цæстæнгас.

Сæ сыхæгты зæронд ус хынджылæгæй фæдзуры: «Фæнды æнæрихи лæгæн аба кæн, фæнды галы…» Зæронд æмæ æдзæсгом. Уыцы æвзæр ныхас зæгъы æмæ зæрдæбынæй ныххуды. Цыма Хуыцау йæ зæгъинаг уый дзыхæй рахаста хурмæ. Ныр уыцы зæгъинаг уый номыл цæрдзæнис. Нал ын ис амæлæн. Æмæ йæ къулбадæг ныхасæй ныббуц вæййы йæхæдæг.

Уыцы… æвзæр ныхасы ´фсæрмæй сылгоймаджы цæсгом нал батардта лæджы цæстытæм скæсын. Фæлæ æрлæууыд. Цы кæнгæ йын у, уый цыма бæлвырд нæ зыдта. Уæззаугай æрæвæрдта йе ‘ргъом. Суагъта йæ кæлмæрзæны кæрæттæ. Ныссæрфта дзы йæ цæсгом. Йæ былтæ. Нæ йæ систа, афтæмæй. Æмæ йæ бабаста ногæй. Йе ‘рмттæй кæлмæрзæны бын афаста йæ халас дзыккутæ. Фæлæ йын, уæддæр, цы кæнгæ уыдис, уый нал зыдта. Стæй йæ нал дæр йæ зонын фæндыд. Йæ къухты ныхтæ тыдта сæ кæрæдзийæ. Цы кæнгæ сын у, уый нæлгоймаг йæхæдæг аскъуыддзаг кæндзæнис.

Цуцури та йæ мидзæрдæйы йæхиуыл худт æмæ куыдта: афтæ æвзæр лæг у æмæ сæм хус цъыхырыйы муртæ дæр уæлейæ дæлæм нæ, фæлæ сидзæргæстæ æрдæгæхсæвты сусæгæй дæлейæ уæлæмæ ласой? Ау, йæ бынатæй йын, гормæттæ, тæрсгæ, мыййаг, кæны? Æмæ бирæгъы цармы бацыд Цуцури? Цæмæй дзы тæрсы сидзæргæс сылыстæг? Диссагæн дзуринаг!..

Цы загътаид сылгоймагæн? Уæддæр фæцарæхст:

– Хицауад мæм дзуры, – уыцы фæсус тыхæй ламæрæзтой йæ былтæ. Сылгоймагмæ цыма къæбæлмæ бастау уыд, афтæ йæм каст. Уæддæр дзы йæ зæрдæйы йæхи тых тонæгау, цуанонмæ лæдзæгæй куы февзидай, уыйау акодта æмæ, зивæггæнгæ, араст йæ фæндагыл. Фæлæ йæ чъылдымыл хатыд, сылгоймаджы хъарм æмæ сатæг цæстæнгас ыл куыд лæдæрст сæурайсомы тынтимæ. Уыцы хъармы ад хаста. Цыма сæкæрæй конд уыдис – тадысты сæм йе уæнгтæ.

Хорз сылыстæг у. Сæрæн æмæ хæдзарон сылыстæг. Æцæг ирон сылыстæг. Фæлæ – æнамонд. Цы федта, мæгуыр йæ бон, цы, ацы æппæттавæг стыр хуры бын цардæй? Иу йæхи хуызæн æмкъай йæ куы фæуыдаид… Кусаг. Хæдзардзин. Уæд сæрмæкæс сылыстæг куынæ схастаид йæхи аккаг кæстæртæ?.. Æгъдауджын. Зонд-джын. Куыннæ скад кодтаид йæ сæры хицауæн?!.

Цуцури ахæм фæндтæ цал хатты кодта!.. Фæлæ сæ кæронмæ никуы ахæццæ кæны. Йæхи хуызæн æмкъай йæ куы фæуыдаид, уæд цытæ æмæ куыдтæ сарæзтаид… куыд снывæзтаид йæ цард… Уыдæттæ саударæг усæй Хуыцауы дæлбазыр æххæстæй дзурын худинаг у… ирон нæлгоймагæн. Ноджы дын мыггаджы чындз куы æххæсса… Уымæй дæр цæрæнбонты фыдæй-фыртмæ сыхагæй кæимæ фæцардтæ, уый æмкъай… Йæхион… Æмкъай… хæдзардзин… Барæй дæр æй нæ бауарз-дзæнис дæ цæст фесхойын.

Цуцурийы нæдæр, тубу – йæхицæн, Уæллаг Хуыцау йæхæдæг бауадзы кæронмæ йæ фæндтæ акæнын. Ныр дæр æвиппайд ацахста бæхы къахуынæр. Æмæ лæг феуæгъд йæ тыхстæй. Йæ амондæн æхцонæй сулæфыд йæ риуы ´мбæрц.

Уайы сиргæ. Кæйдæр хайуан. Цыма тымбыл симды цины æмдзæгъд кæны. Цыма хуырвæндагыл нæ, йæ зæрдæйы дзæбæхæн сызгъæринты сæрты тæхы, къы-бар-къыбургæнгæ. Цыма йæ гуырыконд æвдисы…

Йæ къахы рог, мыхуырæвæрд истыл зыны, хорз хайуан у. Иу æмæ дыууæ сæрыстыр лæппуйы нæ, фæлæ бæхы мыггагæй дæр цъусты хæлæггæнаг зæрдæтæ нæ хæсдзæнис йемæ. Йæ хицауы фæндиаг уæд. Фос, хайуан куы дарай, уæд – адæмы хуызæн. Кæйфæнды цæсты фиутæ йæм тайæд, уæддæр – адæмыхуызæн.

Йæхæдæг дæр цал хатты абарста йæ фадæттæ – самал кæна иу æфсургъ. Цы ис бæхæй рæсугъддæр, бæ-хæй зондджындæр. Йемæ ныхас дæр кæн. Зæрдæбы-нæй. Адæймагæй дæ уый хуыздæр бамбардзæнис. Баузæлдзæнис дыл. Æвзæрын дæм кæндзæн царды фæндтæ. Æрдæгмард куы фестай, уæддæр дæ макуы

ныууадза. Уымæй дзы ма фæтæрс. Фæхæццæ дæ кæн- дзæнис хæдзармæ.

Кæд бынтон сиргæ нæ уайа, уæддæр æй хæссид хæхтæ, быдыртыл. Аразид ын йæ къух йе ´рвылбонон куысты. Æмæ зæронд лæг йæ балцы æндæр бæхæй цы кæны? Бæлæсты хихгай бахсынынил чи архайынц, – цыма нæ сывæллæттæ ауйоны абадын, сатæг уæлдæф сулæфыны тыххæй стæй искуыдæм цæудзысты, – уыдон ын æййафдзæн. Йæ цæстæнгасæй сæ ничи аир- вæзид. Цас ын рогдæр кæнид йæ къух! Цас хæлæг- гæнджытæ йæм уаид, комбæстæй, зæгъай, сыхбæстæй! Сæ цæстмæ-иу ыл фæцæй уаид…

Фæлæ ´взæр куыдз амæлæд рæстæгыл. Нæ царды, нæ мæлæты æнаккаг рæстæгыл – алцы туджы аргъ сси, туджы. Æмæ уымæн дæр ницы у – йæ папитæй иу чы- сыл дзуг рауæлдай кæнид. Фæлæ бæх, иннæ фосау, сынæр нæ цæгъды. Ницы йæ ´фсады хæрдæй. Цуцури та хæдзары – иунæг къух. Кæсдæртæ иууылдæр æввонг цардагур дунейыл ныппырх сты. Искуы сæ исчи куы фæзыны йæ ныййарджытæм, уæд æрмæстдæр исты ахæссынмæ æмæ йæм чи кæсы хос кæрдынмæ? Ноджы дæм ахæм æнæвдæлон дуджы Хицауад алæбон, æвдæлы дæ æви нæ, районмæ куы дзурой, уæд адæймагыл уынгæджы бонтæ куы ныккæндзысты.

– Дæ сæурайсом хорз, Цуцури! – районаг, тæссарвад Хуыдже. Йæ бæх нæма нæ разынд бæлæсты къалиутæй, фæлæ йæхæдæг кæсы сæ сæрты. Саргъыл бадгæ нæ кæны, фæлæ – лæугæ. – Сæумæцъыккæй кæдæм рараст дæ? Уарзын, мæхийау, раджыфестаг чи сты, уыдон. Рагъмæ цæуын. Икъаты Мырзæмæ къарабин æмбæхст хонынц. Уæй мын æй, гъада-гъа, ракæна, фæлæ мæм æй куы авæрид! Æтт, нæ фыдбоны сыхæгтæ!.. Æз уын фенын кæндзынæн, ирмæ куыд бырсгæ у, уый! Уæд Хуыдже амæлæд, Хуыдже, Цуцури, кæд æз гæдыныхас кæнын!.. Кæд мæм уыцы карабин бафта, уæд сын алæппу, ирон цы у, ирон, æмæ нæм куыд бырсгæ у, уыдæттæ фенын кæндзæнис! Лæгхортæ! Куыйдзыхтæ æмæ бынмизтæ! Бындзагъд æмæ сæ бынысмъуыд

фæкæндзынæн. Бындзагъд æмæ быныскъуыд! Афтæтæ сын бакæндзыстæм, афтæтæтæ, Цуцури! Уæд мæ мард фен!.. Бирæ рæстæджы нæ нал ферох кæндзысты!

Цуцури йæ зоны. Хæхтыл арæх вæййы. Цъиуты бæлæлæ. Чермены цæссыгæй йын бафсис нæй. Чингуытæ-цыдæртæ, дам, фыссы. Зарджытæ. Йæхæдæг дæр æвзæр нæ зары. Расыг куы вæййы, уæд. Сыкъадзæфæй йæ сæр æврæгътыл фæхафы. Цыма ныр нæ тæккæ зарыныл стæм. Далæ нæм, æцæгдæр, нæ фыдбоны сыхæгтæ, «фæцæуæм уæм», «цæгъддзыстæм уæ» куы лæбурынц, уæд, цымæ, æцæг, зарджытæ нывæнддзыстæм? Цыма нæ ныртæккæ зæххы цъарыл зарæгæй дарддæр ницы ´ндавы? Фæлæ, кæсыс, йæ корто æндæр цыдæртæ дæр ахсы къулбадæгæн. Уыдонæй амæн æнтысыдæр каутæ хойын. Æфсæйнагфарсæн – æндон тæлытæ.

Дунейы æхца йын радтой кæцæйдæр. Хуыджейы цъиуты бæлæлæйæн. Æмæ сæ уыцы хайуаныл акалдта. Мæлæты хæтæгбарæг. Æцæг, æппынæдзух хæхтыл хæты. Фæлæ цы у йæ пайда? Цы сæ ныууагъта æмæ цы агуры? Дзæгъæлы удхарæй мары уый хуызæн арвæйкургæ дугъоны, цыма йын аласа у. Ратæр-батæр æй кæны дурвæндæгтыл, Хуыцау ын мацы ракæна, уас. Цуцурийæн æй куы радтид…

Лæг йæхицæй фефсæрм. Куыд ын æй куы раттид? Карчы цъиу афтæ куы ничи уал никæмæн дæтты, уæд кæйдæр усгур лæппу кæйдæр зæронд лæгæн дугъонтæ дætта? Цыма сæ цардхæрæфырт у. Стæй сæ хæрæфырт дæр фестæд. Адæймаг йæ дзырд æрæвæрын куынæ зона… Куы йын æй балæвар кæнид. Комæйкургæ барæгæн. Цыма сæ фæдисы фыццаг барæгæй уайын уымæ кæсдзæнис. Цыма…

Стæй цы зæгъиккой адæм, дæ бонæй дæ уа, Цуцури? Ды дæ кæстæр æви уый? Кæнæ йыл цы цæсгомæй сæвæрис саргъ та? Кæд дæ бауадза, уæд. Æмæ адæмæн худинаггаг фæуаис, зæронд.

Тæлтæг бæхæн тæлтæг барæг йæ рохтыл хæцы фæстæмæ. Нæ йæ уадзы йе уæнгтæ йæхи фæндиаг айтынг кæнын, æмæ йæ идоны æфсæнтæ уыцы

зæрдæбынæй æууилы. Æфсургъ. Цæуы йæ дæндæгты сæртæг къыбар-къыбур. Цыма тæвд цæкуытæ тыхæу-уылд кæны.

– Æз та да-алæ нæ Хицауадмæ цæуын, – лæг бакодта йæхинымæры дзурæгау.

– Хах-ха-ха!.. Хицауадмæ цæуын мæрдтæм цæуын у! – Куыд æй бамбæрста æдылы, йæхицæн дзурæгау æй куы загъта?! – Фыны сæ куы фенай, уæддæр дæхи цæттæ кæн стыр фыдтæм. Фæлæ ды ма тæрс. Мæнæн хорз къах ис. Дæуæн та куыд къах ис? Рæствæндаг фæ-уыдзынæн? – Нæ йæм лæугæ æркодта, нæ йæм кæсгæ кæны, нæ йæ лæджы дзуапп æндавы, уæддæр æй стъæлфгæ бæхæй фæрсы. – Фæуыдзынæн рæствæндаг, уæдæ, цы! Зæронд Мырзæ, ныры адæмау, фалæмæ ал-идзын йæ сæрмæ  нæ бахæсдзæн. Лигъдæттæ!.. Бр-р-ы!.. Хæдзары уыдзæнис, уæдæ, цы… Гомеры нæ зоныс, Гомеры?.. Уæллæй!..

Лæг нæу, уæдæ, цы у? Цыма афтæ æмбæлы – фæр-сæг дæр, дзуаппдæттæг дæр – йæхæдæг. Цыма дæу фæрсы, афтæ йæхиимæ ныхас кæны. Лæг у, уæдæ, цы у? Дыууæ бæхыл дыууæ лæджы бынат дæр бацахсид æмæ, дам, лæг нæу. Лæг æмæ æрдæг уæддæр уыдзæн. Уæдæ, уæдæ. Цъиуты…

Æцæг цъиутысайдтæ, далæ нæм цы фыдбоны сы-хæгтæ бырсынц, уыдон сты. Уæ зæхх, дам, уын байс-дзыстæм. Бронау, дам, уæ тъунелы дзыхæй уæ уарзон уырысырдæм асæрфдзыстæм. Рагæй фæстæмæ, дам, уыдонимæ аразут æрдхæрдтæ. Æмæ, дам, уыдонимæ цæрынæй бафсæдут.

Æцæг цъиутысæйттæ уыдон сты, гъе. Цыма мах æмбыд къодæхтæ стæм, æмæ сæм хæлиудзыхæй кæс-дзыстæм: «Рацыт, асæрфут нæ!» Се сæфт æрцыд, æндæр ницы. Уыдæттæм куы æрцæуæм, хотыхтæ куы райсæм, уæд нæ чи кæй асæрфдзæн, уыдон адæм фендзысты. Мах хотыхрæвдз никуы вæййæм, уый зæгъ. Уыдонæн сæ фæсарæнтæ æнæнымадæй фæкалынц. Цæмæй нæ скуынæг кæной. Систъигъой нæ цъаммæрттæ нæ фы-дæлты уæзгуытæй. Нæ зæххыл нын æрæвæрой фæса-

рæйнаг хотыхтæ. Æмæ, цæмæн, æнхъæл стут? Æрмæстдæр, уырысимæ æфсымæрты цард кæй кæнæм, уый тыххæй. Æмхуызон хотыхрæвдзæй-иу адæм феникхой, чи кæй кæцæй асæрфид.

Сæ къухы иу æнæхотых ирон куы бахауы, уæд ын фондзыссæдзæй цæрдудæй йæ туг баназынц сæны бæсты. Йæ фыд ын бахæрынц физонæгæн. Æмæ зылынахсæнтæй тыхлæджы цыд рацæй кæнынц Хуыцауысконд адæмы ´хсæн.

Ту! Нæ Хуыджейы хуызæн тæвдтуг лæппуты нын бар-æнæбары, сæхийау, тæригъæдджын кæндзысты, тæригъæдæй æрцæуа сæ мæлæт æвзæр мардхортæн. Ницæйæгтæ нæм æцæгæй куы ‘рбафсæрой, уæд сæхи дæр сафдзысты æмæ мах дæр.

Уартæ, дам сын æй фæсарæнты иу куырысмæдзог куырм сылгоймаг загъта. Уый, дам сын комкоммæ загъта, цы сæм кæсы фидæны, уый.

Мæзæрдыйæ кæмдæр æм фæрсæг фæцыдысты – дыууын фыццæгæм æнусы, дам, нæ Фыдыбæстæ кæуылты ныззилдзæн æмæ дидинæг куыд ракалдзæн, уыдæттæ-ма, дам, нын дæ сыгъдæг зондæй бæстон рахабар кæн.

Уый, дам, фæунæргъыдта, фæракæ-бакæ кодта, фæцагуырдта сын, мæгуыр, йæ зонды цæстæй сæ «дидинкалд» фидæн, цæмæй сын сæ зæрдæ фæфидар кæна, исты ныфсæвæрæн дзырдимæ сæ рафæндараст кæна æмæ сын афтæ: «Дыууын фыццæгæм æнусы уын стыр Фыдыбæстæ нæ зыны».

Æмæ уыцы дзырд куы бахæццæ се ‘ррадонæй ракæнгæ паддзахмæ, уæд фырмæстæй тъыфылтæ акалдта. Абалц æм кодта ногæй йæхихуызæн «равзаргæ» лæгты. Æнæмæнг, дам, мын уыцы зæронд хæрæг фыстæй рарвитæд, нæ паддзахад дыууын фыццæгæм æнусы цахæм уыдзæнис, уый.

Æмæ йæм уыцы æппæтзонæг куырысмæдзогæй фидар фæдзæхстæй æрластой иу къопп – йæ сæр ын æрмæстдæр сæ туттсæр паддзахы цур куыд байгом кæной! Цинывдылгæ йæ куы байгом кодтой, уæд дзы

стахт, йе сæфт кæмæн æрцыд æмæ базыртæ кæуыл разад, ахæм мæлдзыг.

О, фæлæ йæ махæй цæмæн домынц, махæй?! Махмæ сæ цы се сæфты къæхтæ хæссынц уыцы ницæйæгты? Сæ быны бынсæфт махæй, ирæттæй, цæмæн домынц, бынсæфт сæ Стыр Хуыцау фæкæна. Цæрæнбонты сæ, мæгуыр лæг артæй цы калмы фервæзын кода, уыйау нæ роны кæй фæдардтам, адæмы рæгъы сæ кæй ракодтам, уый сын фаг нæу?

Сæ райгуырæн бонæн æвзæртæ – фæлдыст, кæм райгуырдысты, уым сæхи дарын нæ зыдтой. Лæбурдтой сæ сыхæгтæм. Мард, дзуар сын нæ уагътой. Давтой, æргæвстой, хордтой, кæуыл тых кодтой, уыдон. Йæхи мæрдты чи хæры, уый искæй удæгæстыл æлгъ куыд кæндзæнис? Се 'мбыд сджытæ дæр сын æхсыдтой, стъæрдтой сæ мæрдтæн.

Хуыцауы сконд чи сты, уыцы адæм, уынгæджы фæуой, куыд ныббыхсдзысты ахæм фыдмитæ? Æмæ сæ куынæ уал фæрæзтой, уæд сæ уыцы бынæттæй се 'взæр, сæ ницæйаджы тыххæй фæсырдтой сæ сыхæгтæ, нæ абоны фыдбоны, æхсæныдурæй маринаг, адæймаджы ном худинаггæнæг ницæйæгты. Нал, дам, уæм фæразæм кæсын æмæ, дам, ныр уе 'мбисонд – уæхи! Кæм уæ хæра, уым æй ныхут, зæгъгæ.

Мах тæригъæдгæнаг адæм стæм. Искæй тæригъæддагæй куы уынæм, уæд нæ дзыхмæ къæбæр нæ исæм. Нæ номдзыд фыдæлтæ – алантæн, уыдонмæ кæсгæйæ, сæ зæрдæты тугтæ тагъдысты. Сæ парахат удты охыл хæдзарæйсырд ницæйæгтæн, сæ цæст кæййонг æххæссыд, уыйбæрц радтам нæ дардылзылд, дзадджын зæххытæй. Æррæвдыдтам сæ хионау. Адæмы рæгъы сæ ракодтам. Зæххыкуыст, саукуыстмæ сын æмбал нæй. Ныр, алы хæстыты куы рафтыдыстæм, уæд нын нæ ингæнты зæххы гæппæлтæ байсын дæр ис сæ зæрды. Хуыйы кæримæ куы бауадзай, уæд йæ сæрмæ быры, дæлдæр сæ Хуыцау фæкæна.

Ахæмтæ лæгау-лæгæн сæрмæхæссинаг не сты æмæ никуы уыдысты. Уый – лæгау-лæгæн. Æцæг лæгау-

лæгæн, тыхлæгæн нæ, фæлæ. Æмæ уыдонмæ иу лæг нæй, гормон, сæ ницæйаг къæбылатæн «астæмæ, Мила!» цæмæннæ зæгъы?

Ноджы сын сæхи хуызæн фæсарæйнаг гæлдæртæ куыд гауырдæрæй æмдзæгъд кæнæнц. Гæбæр бæх гæбæр бæхы ныхы. Æмæ сæ байрайынц. Амæй-ай фыддæр æмæ сын фылдæр хæцæнгарз калынц æрвылбон. Цæмæй стъигъой, марой, æргæвдой. Зæххы цъар чъырын арты басудзой. Æмæ дзы, цы уыдис æмæ ис, уыдонæн сæ фæд нæ, сæ кой дæр куынæ уал разына, ахæм ми йын бакæной.

Рæстæгмæйы паддзæхты æнустæмы фаг стыр бынтæ скæнын фæфæнды. Æмæ йæ фыдæй бынæн хæдзары рудзынг лыггæнæн дæр кæмæн нæ баззайы, уыдон дæр бирæгътæ фестынц; æрфæнды сæ Фыдыбæстæ ныллыгтæ кæнын, æмæ сæ хуыр уæцъæфтæм æввонгæй ныккалын. Кæсаг ахсынæн змæст донæй хуыздæр нæй. Æмæ фезмæнтынц, сæ ныхтæ кæдæмыты феххæссынц, ууылты. Фезмæнтынц адæмы цард. Митæй мæсгуытæ фæамайынц, кæм цы æнæсæр ис, уыдонæн. Нал сæ иутæн вæййы, нал се 'ннæтæн зæххыл æрхæст. Сæ ныфсæй нæ фыдбоны сыхæгтæ дæр нæ бынтæм ссынц се згæ дæндæгтæ.

Ахæм цаутæ йæ сæры луаргæ, Цуцури фæцæй хæццæ кодта, доны был иннæ фарс цы цалдæр хæдзары уыдис, уыдон комкоммæ. Хатгæ дæр нæ фæкодта, уырдыгон, уæдæгонд Бышти, зивæггæнгæ, куыд рацæй цыд йæ ныхмæ. Йæ, куыдзы скъуыдтау, зæузæугæнæг пысултæ йыл ныддæлæ-уæлæ сты. Рæстæгæйрæстæгмæ йæ хæлафы комдæл дыууæ къухæй сласы йæ дæлæрмтты онг. Фæлæ хæлафыл роны 'фсон хуыйæндаг дæр нæй, æмæ та йын, мæгуыр, æрбыры йæ сины сæртæм.

– Цуцури, дæу та нæм чи фæхуыдта? – дзуры йæм дардæй. – Куыд раджы нæм цæуыс? Ницы куыст дын ис хæдзары? Æз та Рагъмæ цæуын. Къæбырты Маркъелы хонын. Уымæн, дам, тыхæй æн-н-нæрласгæ нæй! Ныр æм дык-к-каг хатт цæуын хонæг!

– Кæдæм?

– Нæ цæрæнбынатæн, далæ фаллаг фарс, йæ ном ивæм. Ныры номы тыххæй ныл адæм худынц. Маркъел, дам, тынг хорз нæмттæ зоны. Ды æгæр раджы цыд фæдæ. Кусæрттаг нæма акодам, фæлæ дын ницы у. Аггæлтæм дзæбæх фæкæс, æмæ дын тæвд физонæг бахæрын кæндзысты. Æз дæр Маркъелы æркæнон, æмæ тагъд зындзынæн… Ма тæрс.

Уый дын лæг!

Цуцури бахудæнбыл:

– Æмæ уæм дæуы йеттæмæ ничи уыд, хонæг кæй рарвыстаиккой?

– Æ-æ!.. – хæрдмæ фæхаудта Бышти. – Афтæ дæм кæсы, уæ дыууæйæ дарддæр никæй хонæм? Ду-у-унейы уазджытæ нæм уыдзæнис! Нæ куывды хабар æга-а-ас Ирыстон базондзысты!

– Мæн ничи фæхуыдта.

– Ничи дæ фæхуыдта? Уæдæ, æнæхонгæйæ кæдæм цæуы-ыс? Æй-йæй-йæй! Ахæмæй дæ куы никуы зыдтон, Цуцури, – ныддис кодта Бышти æмæ фенкъард. – Хонæг дæм нæ уыд, афтæмæй æрцыдтæ, уый куы базоной адæм, уæд фæхудинаг уыдзынæ. Ома, хæдцæугæ у. Хонæгмæ нæ кæсы. Цæй, ницы кæны. Афтæ-иу зæгъ, Бышти, зæгъ мæ йæхæдæг фæхуыдта. Мæ номæй-иу сын зæгъ, мæ номæй!

– Хорз, Бышти, – бахудт Цуцури. – Фæлæ районмæ цæуын. Хицауад мæм йæхæдæг дзуры. Куывдмæ кæй æвдæлы, кæй?!

– О, о, о… Хицауадмæ цæуын хорз нæу. Хицауад æр-р-ра у! Кæд цы ‘рбалæудзæнис йæ зæрдыл, кæцæй дæ ныкъкъуырцц ласдзæнис, уымæн ничи ницы зоны. Хицауад æр-р-ра у!.. – йæ фæстæ каст уыцы æнкъард, уыцы тæфæрфæсгæнæгау.

Фæлæ лæджы уый сагъæстæм нал æвдæлд. Бахызт нарæг фæндаджы мидæггаг фарсмæ. Атагъд кодта. Нырма раджы у, фæлæ йæ донæн уыцы фарсæй мачи ауына. Фæхондзысты йæ. Æмæ сæм куынæ бацæуай, уæд – худинаг: дæ сæрмæ никæй хæссыс, зæгъгæ. Ома,

дæ бынаты цæсты кæсыс, аргъуцы аккаг дын ничи у. Мæ фыдгул-фыдзæрдæ адæмы цæсты бахауа.

Лæгæн йе ‘мкъайы фæдзæхст æрбалæууыд йæ зæрдыл: «Дæ куыстæй дæ куы исой…» Куыд æй исой йæ куыстæй? Ау, Хуыцауы хай никæмæн уал ис æви адæмыл, æцæг, сæ цæсгæмтты царм алæбырд – нал хорз зонынц, нал – æвзæр.

У, де ‘взагыл дур макуы æруайа, кæд æй кæцæй систай! Сылгоймаджы зонд!.. Чи йæ исы йæ куыстæй? Цæмæн æй исынц йæ куыстæй? Цы фæрæдыд? Кæй къусы сæ фæтъыста йæ къах? Сугласæн уæрдæтты дзаг сæм суджы аргъ кæй хæссын кæны, ницæйæгтæ йæ уый тыххæй исынц йæ куыстæй?

Уæдæ æмæ, сылыстæг куы райгуыры, уæд ын йе ‘взаг фæсаджил кæн, æмæ ныхасы йæхи ма тъысса. Йæхицæн дæр пайда уыдзæнис æмæ, йæ алыварс чи уой, уыдонæн дæр. Æнæ загъд-замана цæрдзысты. Ацы мæгуыр адæм дæр сылгоймаджы азарæй кæнынц тыхкуывд. Дзæгъæлдзых сылгоймаджы тыххæй. Ацы æнæвдæлон рæстæджы адæм сæ къухтæм æмхасæнтæ кæнынц, уыдон та!.. Уæдæ.

Æгас сыхбæстæй уым куы ´рбынуат кодтой, уæд иу фæззыгон изæр æртымбыл сты суадоны былыл. Арты фарсмæ сæхи тавтой æмæ фæндтæ кодтой, цы стырдæр ном сæвæрой сæ ног цæрæн бынатыл. Цæмæй, йæ базыртæ дардыл куы айтындза, дунейы хабæрттæ скъуыддзаг кæнын йæхимæ куы иса, уæд ын ног ном мауал агурой, фæлæ сæ райгонд фæдонтæ буц уой сæ калак-цæрæнуаты стыр æмæ фæрнджын номæй.

Кæмæн сæ куыд йæ зонд карста, афтæ йæ не ‘вгъау кодта. Мысыдысты амæй-ай кадджындæр нæмттæ: Æрхыбыл, Донгæрон, Ног Калак, Фарн, Зæдбадæн, Райдзаст, Бæркадджын, Сæуæхсид…

Чидæр сæ йæ фыртæвдæй тагъд-тагъд Зæрæхсид дæр срæтыгъта. Æмæ йæ фæцæй мардтой. Дæ сæр, дам, кæм ис, не суинаг дзæнæты зынг нын, зæгъ, цардцухæй куыд хуыссын кæныс?! Цы ´нæзæгъинаг, цы дæлимон, дам, дын бадзырдта де ‘мбыд сæры къуыдырмæ уыцы

ном?! Æви, дам, де ‘намонд сæр де ‘мпъызт æрчъиты ис æмæ, цы ‘ууилы, уый де ‘взаджы бон нæу бамбæхсын?!.

Ахæццæ-иу сты нæ кадджын фыдæлты нæмттæм дæр: Скъифтæ, Сарматтæ, Алантæ, Остæ, Астæ, Фарнас, Бæгъатыртæ, Фарны Ир, Иры Фидæн…

Фæлæ дзы, мæгуыр, иу ном дæр сæ зæрдæмæ нæ цыд. Адæймаг цас гыццылдæр вæййы, уыйбæрц дарæсæй дæр, æмкъайæ дæр, хæдзарæй дæр æмæ алцæмæн дæр се стырдæртæ фæагуры. Йæхæдæг цух цæмæй у, уый æндæр истæмæй баххæст кæнынмæ фæтырны. Цæмæй йыл йæ бон макæмæн мацæмæй уа бахудын, æрныллæгдæр æй кæнын.

Чысангомы æмбисондæн баззад, иу ныллæггомау лæппу сæм усгур дард куыд фæцыд, æмæ уырдыгæ къæдзæхæййас æмкъай куыд æртеу-теу кодта стыр уæзласæн машинæйыл, уыцы хабар. Уыйфæстæ-иу адæмы фырхудæгæй артæнхæлдтæ кодта: «Исчи афтæ цæмæн загътаид, гыццыл лæг дæн æмæ дардмæ нæ ауæндыдтæн; кæнæ стыр усмæ мæ ныфс нæ бахастон». Уæд, дам, мæ мæлæт нæ уыдис.

Нæ ног цæрджытæ дæр дæртты уымæн цæвæнтæ æмæ гæрæхтæ кодтой, стыр нæмттæ уымæн агуырдтой. Удæй цы фæцух сты, уый номæй баххæст кæнын уыдис сæ зæрды. Æмæ сын сæ удхармæ каст сæ ног чындз. Ома, сæ къух сын фæрог кæнон – йæхи айвæзта, æмæ сдзырда чъызгæ:

– Уæдта йæ ед схонæм…

Фæлтау дзы æнæрайы «ед» куы скодтаиккой йæ ныййарджытæ æмæ йæ радтджытæ. Кæд æм уый фаг нæ каст, уæд – йе ‘ркæнджытæ дæр. Сæ цæрæнбынатыл æй цы ном сæвæрын фæндыд, уый, æвæццæгæн, зын сæппарæн уыдис… Йæ кой чи фækæнынц, уыдон дæр æй кæронмæ зæгъыны размæ… Худæгæй артæнхæлдтæ фæвæййынц, куыд æй зæгъой, уымæ куы ‘рхæццæ вæййынц, мæгуыр, уæд.

Цæвиттон, чындз ном нæ загъта, фæлæ… Пуй – налат: гæды – салдат, мыст – афицер… Гæды чи зæгъа – штрейкбехер! Йæ ныхас кæронмæ чи нæ зæгъы, уый

дæлдзиныггæнæг у. Æмæ кæй фæнды, гормæттæ, йæ адæмыл гадзрахатæйцæуæджы ном хæсса? Æмæ алчи дæр зæгъы кæронмæ, ног чындз йæхи куы айвæзта, уæд цы ‘рцыд… Æнæрай макуы фæуа, кæд æй цы нæ уагъта… фæцыд йæ цъыззытт…

Йæ радтæджы мæрттæн æй ныффæлдиса, уас… цы сылыкъах уый разындис! Æмæ йæ цармстъыгъд цæсгом… æви – æдзæсгом(?), кæугæйæ йæ фарсмæбадæджы кæлмæрзæны бын фæцавта, цыма йын, йæ… цъыззытт… исты уый ахxос уыдис.

Адæм иудзæвгар æнæсымæй аззадысты. Æвиппайд сæ нæ бауырныдта, цы ´рцыдис, уый. Стæй ныккодтой уыцы æмхудт. Дæргъвæтин худт. Æрæджыйау сæ хистæры ‘рфгуытæ фæтар сты:

– Цъыззытт ном дæр, чи зоны, бынтон æвзæр нæу, фæлæ йæ макæмæн срæдиат. Фидиссаг фæуыдзыстæм. Фидиссаг номæй нæм дзурдзысты адæм.

Æмæ, къуыппæн зарæгæй тæрсгæйæ, сæ ног ном æмбæхстæй бирæ фæдардтой. Сæхи, сæ кады фыдæлты, сæ фидæны разагъды кæстæрты фæхудинаджы тасæй ныххуыдтой сæ дзыхтæ. Нæ йæ æргом кодтой суинæгтæн дæр. Уырныдта сæ, рох у алкæмæй дæр. Семæ йын æнæамæлгæ нæ уыдис – афтæ алыг кодтой, æмæ сæ уый уырнгæ дæр кодта.

Фæлæ сылгоймаджы æвзаг ныссаджил кæнинаг уымæн у, æмæ сусæггаг нæ уромы. Ног чындз фыццаг-фыццаг адæмæй хызта йæхи – дзырд ын макæимæ асайа, æндæра, мæстыйæ дæхиуыл дæр макуы баууæнд. Фæлæ рæстæг алцы дæр рохуаты фæуадзын кæны. Уымæй дæр байрох йæ номæвæрд, æмæ сыхы устытæй фыццаг кæимæ фæзулдзых, уый ма, æндæр ын мацы бантыса, фидисмæ бæлгæйæ хуыздæр хотых цæмæн агуырдтаид – лæгмарæн æфхæрдæн ыл ныххуырста, уый аххосæй кæй сты æнæном.

Дзыхæй цы дзырд раирвæза, уæлдайдæр, фидисы номыл, уый уромæг нæ бауромдзæнис. Къулбадджытæ сын, æфсæрм дæр нæ фæкодтой, сæ фидиссаг ном уайтагъд айстой дзыхæй-дзыхмæ. Авæрдтой йæ саргъы

бæхыл æмæ ма йын иу ран æрлæуд уыдис. Фæдисы дзæнгæрæгау уайтагъд æрзылд къуыппæй-коммæ, комæй-хохмæ. Адæм сыл нырма дæр фæсвæд лæгæй-лæгмæ фырхудæгæй артæнхæлдтæ фæкæнынц. Кæдæй нырмæ! Æмæ номсæфт адæмæн, бецау, нæлгоймагæй-сылгоймагæй, хистæрæй-кæстæрæй фехæлдысты сæ нуæрттæ. Сæ худинаджы ном хæссынæй.

Æнæзонгæ исчи сæ куы афæрсы – кæцон дæ, ома, уæддæр йемæ загъд самайынц, ды нæ хынджылæг кæныс; чидæр дæ сардыдта æмæ дæхи дæр æмæ мах дæр фыдбылызы тъыссыс, зæгъгæ. Хынджылæджы ныхас дæр дзы вæййы – рæстаджы хæрамæй нæ тæрсæм. Фæлæ масты хай бирæ æнæаххос адæмы фæкæнынц. Бынтон ницæй тыххæй.

Фыдбылызы кой та уымæн фæкæнынц æмæ дыл ахæм рæстæджы, марæнгарзæй сæ къухы цы фæуа, уымæй нæ бацауæрддзысты. Сæхæдæг æй афтæ диссаг кæнынц. Цы фæцæуы, уый нал æмæ нал фæхатынц. Адæм та, бынтон стæмтæй дарддæр, ахæмтæм ноджы фыддæр, знæтдæр кæнынц. Куы сыл æй чи ныххуырсы, куы – чи. Кæцæй йæм нæ уай цæттæ, уырдыгæй дæр. Цæмæй, цæмæй, фæлæ сæ фенддаджы цæрæн бынаты номæй федтой се сæфт.

Æмæ æрымысыдысты стыр куывды фæрцы сæ худинаджы ном – сæ нæуæг чындзы… цъыззыттæй… исты хуызы уæддæр фервæзын.

Хуыздæр фæндаг ницы æрцахста сæ зонд. Æмæ уый тыххæй дæхи сраст кæнынæн æндæр мысгæ дæр цы ʻркæндзынæ? Нæуæг, йе ʻнусон дунейы, æвæццæгæн, стæг дæр кæмæй нал ис, уыцы, уæды нæуæг чындзы…

Табу уæ фарнæн, адæймаг йæ кой дæр куыд кæна, нæ зонын… Фæлæ уыцы… Чи ис, уыцы… Æви сын чи нæма ис, уыцы номыл куыд исдзынæ сыкъа? Кæцыйæн сæ куыд æмæ цы хуызы, стæй цы зæрдæйæ кувдзынæ, гормæттæ – афтæ, афтæ уæ… ном!.. Ноджы дæм уыцы номы тыххæй нуазæн куы ʻрхауа!

Æмæ, цыфæнды дæртты кæйттæ кæн, уæддæр, цы фынджы фарсмæ бадай, уый аххосаг куыд, цы хуызы

сæфдзæнис дæ зæрдæфысты? Иу-цалдæр хатты уæддæр æрхаудзæнис йæ кой. Æмæ уæд куыд дардзынæ дæхи?

Ома сæм Маркъел саккаг кæна? Ома, фæуазæг сæм уыдзæнис? Уæлдайдæр, Быштийы хуындæй? Æмæ йыл йæ зæрдæйы къултæ баруадысты? Лæджы худ чи хæссы, уый цы зæрдæйæ æрбаддзæнис, цы адæн акувдзæн æмæ аназдзæн кæнæ ацаходдзæнис ахæм фынджы фарсмæ? Кæд æй сайгæ фæкæной, æргом ын æй ма зæгъой. Æмæ Бышти уый куыд, цы хуызы бамбæхсдзæнис, мæгуыр?

Цуцури тагъд-тагъд ауадис, куыд никæй цæст ыл æрхæца, афтæ. Хур дæр скаст, æмæ тæвды йæ ком ахус. Акодта мæсты ту: ахæм фынгыл æрбадыны фæлтау иубоны-бонцау стонгæй фæцæудзæнис. Ахсæн кæм ис, æмæ сæр та кæм ис! Уалæ… Сæ бынæттæ сын иу хуыргуыбынæй дарддæр ничи баивдзæн. Ууыл лæг дызæрдыг нæ кодта. Уымæн фæтарст йæ сыхаг адæмы æргом хуындæй. Йæхи сæры кад дæр бавæра, сæ зæрдæхудт дæр ма райса.

Цыд сагъæстæгæнгæ. Нæдæр æм худыныл уыд, нæдæр – кæуыныл. Фæлæ уыцы рæстæджы ацахста сæ удтæисæг мотоциклы мæнæ-мæнæ æмæ тарст бæхы знæт мыр-мыр, цæфхæдты тæссонд тъыбар-тъыбур. Цыма йæ исчи фæстейæ сырдта.

Лæг уайтагъд бамбæрста, цыдæр фыд цæуы. Кæд фæндаггæронмæ ласта йæхи йæ хонджыты тæсæй, уæд ныр алæууыд фæсвæндаг. Æмæ фæбуц йæхицæй. Йæ тæккæ цæстыты раз, йæ цæфхæдтæй цæхæр калд, афтæмæй, мотоциклау, фæстейæ гуыр-гуыргæнгæ, фæздæг калгæ, знæтæй, тарстæй ныццавта иу мæллæг ефс. Йæхи кæуыл скъуырдзæнис, кæуыл ныффæнык уыдзæн кæнæ кæм фæуыдзæн цъыбыртты сыгъд, уый йæ мæгуыр уд нæ, фæлæ, æвæццæгæн, йе сфæлдисæг дæр æххæстæй нал зыдта, афтæмæй далæ фæтæхы… Хæйрæг зоны, кæдæм.

Цуцури систа йæ худ. Йæ алыварс сабыргай ахаста йæ цæст. Скаст уæлæмæ. Дзургæ ницы скодта, фæлæ, цæстæнгас æмæ былты змæлд кæсыныл ахуыр адæймаг

базыдтаид, цы загъта: «Хуыцау, мæ уд дæ цæуæнты сæрдæн фæуæд. Цы уынын ай?!» Фæстæмæ аздæхид, æмæ цы зæгъа адæмæн? Цы, дам, федтон?

Цы уыдта, уый, æвæццæгæн, Хуыцау йæхæдæг дæр тынг хорз не 'мбæрста: ау, адæймаг куы фæлдыста, уæд дзы ферох йæ сæры йын зонды цъыртт ныттадзын? Уæдæ, уанцон диссаг нæу – цытæ цæуы зæххыл? Уæлæрвтæм тæхынц, æмæ нын уæллæгты судзгæ цæхæр барвæндæй нæ мæгуыр сæртыл калын кæнынц. Фæлæ уыцы тæригъæд чи схаста йæ сæрмæ, удæгас бæхы мотор чи нывæрдта æмæ йын йæ мæгуыр удæй чи хынджылæг кæны?

Æй, гормæттæ, гормæттæ! Хуыцауы хай дæр кæмæн нал ис æмæ дзуары хай дæр. Æй, бын бауат, ныры адæм, кæд уæ сæртæ уæхи зынгæй цæмæн судзут; гыццылæйстырæй Хуыцауы къахæргæвдджытæ цæмæн систут, гормæттæ?

Цуцури иу чысыл нæма ауад, афтæ ацахста дыууæ тыхст уды фæсус æмæ цъæхснаг æрдиаг: «Бауром æй, бауром!.. ДВЖ… К.»; «Хæц ыл, хæц!.. Бæх, бæх!»; «Бауром æй, бауром!.. ДВЖ… К.»; «Хæц ыл, хæц!.. Бæх, бæх!» Уæддæр бадис кодта: чи сты, цы йын уромын кæнынц, цæуыл хæца, уынгæджы уа йæ сæр? Æмæ ацахста – цы фæцис, йæ уд скъуынгæ чи тахт, уыцы мæллæг бæх? Поствæндагыл куыд тагъд æрбайсæфт, царм æмæ дзы сджытæй дарддæр куы ницы ис, уæд?

Лæг бахаудта дисы – куыд æй уромын кæнынц, куыд ыл хæц? Æнæ Хуыцауы хæйттæ йын куыд ахсын кæнынц, арвы гæрахау, чи тæхы, йæ цъæх фæздæг кæмæн кæлы æмæ, цæст кæуыл нæ хæцы, уыцы удæгас мотоциклы? Уыдон йæ тæригъæды бацыдысты – мотор дзы нывæрдтой, скусын æй кодтой æмæ йæ суагътой, ныр, Цуцури, ды уынгæджы фест, йæ фæстæ ныззынг у æмæ сын ыл ды хæц. Уæд, зæгъгæ, æххæст мæныл дæр сæвæрут мотор æмæ нæ дугъы ауадзут – змæста йæхинымæры.

Бæх цæстыныкъуылдмæ асæррæтт кодта, фæлæ йæ фæдыл сæ тых, сæ бонæй айдагъ трусиччытæ æмæ

резинæ бæрзонд уæфсджынты чи фæцæй æнтъæрдтой, уыдон, йæ арммæ кæсæгау, хорз, бынтон хорз федта.

Уыдысты дыууæйæ. Сæ иу, цыма, иннæмæй чысыл кæстæр уыд. Ныллæг, фæлæ – уæйгуытæ арæзт. Дзыгуын галау, ныггуыбыр кодта, йæ уæхсчыты тъыст сæр йæ риуы æмбæрц æруагъта, афтæмæй, йæ галиу уæхск размæ аппаргæ, фуртт кæны фæндаджы тæккæ астæуты: «Бауром æй, бауром! ДВЖ… К!.. »; «Бауром æй, бауром! ДВЖ… К!..»

Асдæр уымæй, Ныллæгæй, бæрзонддæр уыд. Йæ синты цыма фыййауы лæдзæг тъыст ис – размæ нæ тасы. Нырраст. Йæ цыбырфадыг мидæггаг, æнæмæнг, йæ астæуы стджытæй кæцыдæрыл цасмæй ауыгъд у, æндæра, цæуыл лæууы? Куыннæ йын æрхауы?  Ноджы йæ тæнæг риу аппæрста размæ, афтæмæй, йæ даргъ къæхтæ бæрзæнтты исгæ, æййафы Ныллæджы: «Хæц ыл, хæц! Бæх, бæх!..»; «Хæцц ыл, хæц! Бæх, бæх!..»

Ægуыдзæгтæн сæ хайуан сæ къухы куы уыдис, уæд æй сæхæдæг нæ урæдтой, сæхæдæг ыл нæ хæцыдысты зивæггæнаг æгуыдзæгтæ, ныр æй кæмæн ахсын кæнынц, уый сæхæдæг дæр нæ зонынц. Цыма Цуцури сæ сывæллон у – ды сын æй бауром, ды сын ыл хæц. Сæхи йæм не ʻвдæлд.

Æнæмæнг милицийы кусынц. Уыдон фæисынц абырджытæ æмæ лæгмартæн сæ нывтæ алыхуызætты – фæстейæ-разæй-цæхгæрмæ, стæй сæ ауадзынц, æмæ нывтæ фæныхасынц алы фæзилæнты – Хуыцауы къахæргæвдæг у! Куы йыл сæмбæлай, уæд нæм фæдзур кæнæ йæ æрцахс.

Куыдзы фырттæ, æмæ йын йæ нывтæ алырдыгæйты куы цъыллиппытæ кодтат, уæд уæ сæртæ кæм уыдысты, уæхæдæг æй цæмæннæ, цы лæггæдты аххосæй нæ ахстат ахæм æппæтзонагæй?! Кæнæ, уæ къухы нæ уыд, кæдæм æй уагътат, кæ? Абырджыты иууыл дæр иу ахст куы ʻркæнат, уæд æгуыст кæнут, уæ бынæттæй уæ ратæрдзысты, нæ? О-о!.. Æмæ Цуцурийы тæккæ хосгæрдæны уыдон ахсынæй дарддæр ницы æндавы, гормон фæуат? Адæмы къулбадджыты ахсын-

мæ йæ æвдæлы? Нырма хосгæрдæны размæ йæ цæвæг дæр куынæ рацагъта.

– Нæ мæ ´вдæлы – Хицауад мæм сиды.

Дæргъындзæг фæзылд фæстæмæ:

– Уæдæ... уæдæ, ды махæй... уынгæджыдæр дæ, – æмæ та фентъæры.

Йæ дзырды сæппæрст – цыма тæвд картоф хæры.

Лæгмæ цыдæр зонгæ фæкаст. Æнæмæнг, сæхи комбæстæй ацæугæ уыдзæнис. Раджы чи ацыдаид, рæстмæ чи нал лæууы йæ зæрдыл, ахæм. Ныр сæ цæйдæр тыххæй æрфарстаид. Уæдæ сæм дардæй æндæр кæй хæссынц йæ къæхтæ? Сæхи уæттæй сæ фыдæлты уæзгуытæ рох куы сты, уæд сыл æндæр исчи ныцъцъæх уыдзæнис? Дæрддагон сæ ´рфæрсдзæн, мыййаг?

«Æмæ цы ми кодтой æдзæрæг комы, – æдзæрæг макуы фæуой, – æхсæвы цъæхыл афтæ бæгънæгæй? – ферттывта лæджы сæры. – Уымæй дæр резинæ къахыдарæсы? Дысон-бонмæ сæ моторджын бæхы уым тымбыл кодтой?»

Цуцури, дугъы цæуджытæм кæсгæйæ, йæхæдæг дæр ныххаудта уыдон ауæдзы æмæ, йæ фæндаг куыд фæцыбыр, уымæн ницы базыдта. Гомеры бæзджын, фæдисы сидтмæ куы фестъæлфæгау кодта, уæд фæхатыд, цас ауайын ын бантыст.

Гомеры хурхы уадындзтæй уæлдæф нæрыд зæйрацы хуызæн:

– Æу-у!.. Амы æмгæрон ничи ис, уæдæ?!. Æу-у!.. Чи ас амы æмгæрон, уæдæ?!.

Дзуаппдæттæг ын нæ уыд.

Лæг бакатай кодта. Иугæр ничи ис йæ фарсмæ, уæд ыл фыццаг уый сæмбæлдзæн. Куы дæ базона, зонгæ та дæ æнæмæнг бакæндзæн, уæд æм æнæрлæугæ нæй. Йæ иувæрсты куыд ахиздзынæ? Стæй дæ бауадздзæн йæ иувæрсты ахизын? Куынæ стæй. Мæ уд акæн. Æмæ йæ ирхæфс ног хабæрттæй. Зæрырдæм адæймагыл мæрдтырох æфтаг у, æндæра йын дæ дзыппы иу æрдæг авг уæлæмæскæсинаг, цыхты къæртт дзулы тыхтæй удыбæстæ уыдаид. Цы загъдæуа зæры бонтæн.

Цуцуримæ ног хабæрттæ чи хæссы, фæлæ, Гомер йæхæдæг кæй зоны, уыцы диссæгтæ æмæ æмбисæндтæ тыхæй ласдзæнис Цуцурийы дзыхæй, цыма йын сæ уый дзуры. Æмæ уымæн ныртæккæ ахæм рæстæг ис? Хицауад æм ма сидæнт, фæлæ йын фæстæмæ здæхгæ уæддæр у, йæ хæдзары зылдтытæ йæхимæ хауынц. Чи йын фæрог кæндзæнис йæ къух?

Лæджы уырныдта, Хуыцау æнæмæнг йæ фарс фæуыдзæн, æмæ кæд аирвæзид Гомерæй. Нырмæ дзы никуы аирвæзт. Алы хатт дæр æй базоны. Ныр дзы аирвæздзæнис. Хицауадмæ дæр æм, – æнæхицау макуы фæуой, уый тæригъæдæй, – нырмæ никуы сидтысты, фæлæ йæм ныр дзурынц. Æрмæст йæ батинкъæты бын лыстæг дуртæ куынæ хыррытт кæниккой. Цуцурийæн. Гомерæй дæр…

– Æу-у!.. Амы æмгæрон, уæдæ, змæлæг нал ис?!. – Гомер уæддæр нæ сæтты йæхи. Стæй ныссабыр. Уыцы æвиппайд ныссабыр. Æвæццæгæн, цыдæр фæцис. Цуцурийы ныфс фæдывæр. Æмæ йæм раст уыцы рæстæджы фæдзырдæуыд йæ номæй: – Цуцури, цуаны дæ? Дæ дæлфæдтæ зæххыл куынæ уал ныдзæвынц. Æви мæ иувæрсты ахизын ис дæ зæрды? – цыма йæхиимæ дзуры, фæлæ кæцæй-кæдæм… Цы хурхы сæртæ йын ис!

– Хистæры иувæрсты сусæгæй чи ахиза, уый цæй адæймаг у?..

Цыма Цуцурийæн йæхи раст знон баиртæстой дзидзийæ. Фæлæ Гомерæн йæ райгуырды аз… йæхицæй дæр раджы ферох, зæгъын уыд мæ зæрды. Æцæгæй та йæ искуы зыдта æви нæ, комбæстæй уый æмбарæг нæй. Йæ бæрц кæстæртæ йæ разæй фесты. Йæ сайраг сæр, сау сынтау, Сынтыты рагъыл баззад. Æхсæвыгæтты йæ сусæг цæссыджы батад йæ цæсты рухс. Уæддæр, æгæрыстæмæй, æгъатыр адзалæн дæр йæ бон нæу къæдзæхæййас лæджы афæлдахын. Сынтыты рагъыл…

Цас рагъаг у, æниу, фæлæ дзы раздæр æгас мыггагæй æрвыстой сæ нæргæ цард. Ныр лæгæвзæрстæй фæфардæг сты се ‘нусон дунемæ. Цы лæхурæнтæ ма сæ аззад, уыдон та горæттæм афæндараст сты хуызæр

цардагур. Æмæ алы бон фæстæмæ фæкæс-фæкæс кæнынц. Æхсынæнтæхæрæг йæ гуыбын сайы.

Уый ныры адæмæн сæ туджы ис. Дзур, истытæ аразыны ´фсон цыдæртæ хылы-мылы кæн, æмæ ахæм хуыз æвдис, цыма цыдæр марыс. Афтæмæй сæ рох сты, сæ гæды дзуринæгтау, сæ митæ дæр. Лæг йæ дзырдæй лæг кæй у, уый дæм нымады дæр ма уæд, уæд дæхæдæг дæр цы лæг дæ? Йæ дзырды уæз кæмæн нæй, уый йæхæдæг дæр ницы акæрддзæнис.

Гомер йæхи дæр никуы сайдта, æмæ искæй сайын дæр нæ сахуыр. Саудзыдзыдайæ кæдæм фæцæуа. Тоны йæ сау, фæлæ даргъ, æнæ удыскъуыд бонтæ иунæгæй. Сæ уæззæгыл ма цæрæццаг удтæ сты сæ сыхæгты лæппу, – йæ кæстæрты кæстæртæ горæты стыртæ сты, фæлæ Гомерæн лæппу у, уæдæ, цы, – гъе, æмæ ма йын ис сæ сыхæгты лæппу Джуджу æмæ чындз. Джуджуйы ‘мкъай. Гомеры карæн кæцæй сты, уæддæр пенсийы уартæ кæд æмæ кæд ацыдысты. Сæхи зæрдыл дæр рæстмæ нал лæууы. «Рохгæнаг сты ныры кæстæртæ», – уымæн акæны Гомер.

Чъребайы сахары, дам, æнæхицау зæрæдты хæдзар ис. Йæхæдæг, ома, сыкъа сисынæн чи бавæййы, йæ чъирикувæгыл йæ къух чи сисы, уыдон сæ уырдæм баппарынц. Хицауад сæ дары, дзурынц. Уым, дам, дæ гуыбын æфсæст уыдзæнис, дæ рагъ – æмбæрзт. Æмæ цæр. Æмæ хæр. Хах-ха-ха…

Æмæ хицауадæй кæд чи баззад райгондæй æмæ ныр уымæ ныккæсой. Домгæ дæр дзы цы кæныс – йæхи уæттæ, голладжы бызгъуырау, кæй раппарой, уымæн хиуауад йæ дæндагæй цырагъ куыд дардзæнис. Чи йæм бæллы, уымæн фæндæгтæ гом сты.

Стæй, хæрдыл, кондыл, нозтыл Гомер кæд батыхсын кодта искæй? «Гуыбын талынг скъæт у æмæ дзы куыдз амæлæд», – фæдзуры. Фæлæ чи сты уыцы зæрæдтæ? Зонынц æй? Зоны сæ? Кæнæ йын йæ гуыбын чи ‘фсаддзæн, йе рагъ ын чи ‘мбæрздзæн, уыдон чи уыдзысты? Кæнæ сын йæхæдæг чи у? Æмæ ныры кæстæртæй сæ ныййарджытæ рох куы сты, уæд кæй

уыдзæнис уый мæт? Æцæгæлæтты? Йæ фæстаг уысм ын уыдон æрхæццысты йæ цæстытыл? Кæд… куыйтæ йын фæлдисгæйæ.

Чи йæ зоны, йæ цæстыты раз чи байрæзт, уыдонæй Гомерæн йæ мад æмæ йæ фыды сæвæргæ ном рох куы у, уæд ыл æнæзонгæ адæм сæхи мардзысты? Цы бауыдзæн æцæгæлон дзыллæйы ´хсæн? Йе ´намонд сæрæй йын, урс халонау, алчи дæр хиздзæнис йæхи.

Стæй уыдон цы, йæхицæй дæр раджы куы байрох йе ‘цæг ном, уæд искæмæй цы дома? Кæй дара азымы? Стæй дзы азымыдаринаг дæр цы ис? Кæмдæр, дам, стыр, фæлæ куырм фæндырдзæгъдæг уыдис, Гомер – йæ ном. Фыддиссаджы кадджытæ, диссæгтæ æмæ, дам, æмбисæндтæ зыдта. Дзырдта сæ фæндыримæ, цыма, æмæ уыдонæй адæмæн баззад мысинагæн.

Лæг йæ сусæг куыды йæ цæсты рухс куы фесæфта, уæд, адæмы йæ фæндырæй кæй фæирхæфсы, фыдæлты мысинаг хабæрттæ сын кæй фæзары, уый тыххæй йæ чидæр буцæн Гомер номæй рахуыдта, æмæ йыл йæ ныййарджыты ном – Къæдзæхмæтæй уый хæскарды карстæй ноджы  хуыздæр абадт. Зæгъгæ, фæсномыгтæ æвæрынау, хабæрттæ кæнынæн дæр стæм, уæд нæм Уæллаг йæхæдæг дæр бирæ цæмæйдæрты тæхуды кæнид. Фæлæ нæ фæсномыгтæ, фидистæм фырдиссаг кæй стæм, уырдыгæй цæуынц. Цард та рагæйфæстæмæ аразгæйæ у. Мах та цард хуыздæр кæнынмæ æппынæдзух зивæг кæнæм.

Гомерæн дæр цынæ сразы уыд йæ фæсномыгыл. Æмæ мæрды рох фæцис йæхи номы уидаг. Баззад ма йын йæ судзгæ, дудгæ кæрон – мæт. Кæд Гомеры номыл ныхæст нæу, уæддæр зæронд лæгæй атонын нæ комы. Мæт – йæ цард, мæт – йæ бон, æрдиаггагаггаг – йе ‘хсæв. Фылдæр хатт æй нал фæфæнды рабадын. Йæ зæрдæ уымы бæстæм, йæхи уæттæм, йæ туг, йе стæгмæ фехсайы, фæлæ æнæбонæмгъуыд мæлæт нæй.

Йæ уды судзгæ рис та куыд æвæра искæй æккой? Йæ цудыд къæсæй фæндагмæ æрхизæны, йæ тыхыл ма куы уыд, уæд стыр къæдзæх дуртæй скодта сынтæджы

хуызæн бадæн – «Гомеры Ныхас». Æмæ дзы куы бадгæ фæкæны, куы йæ кæрцы къæридыл йæхи æруадзы. Йе ской – йæ иунæг цъæх сæгъ. Æмæ йын æрмахуыр у. Дард нæ цæуы. Куы йæм фæдзуры, уæд балæууы йæ цуры. Чындзы куынæ февдæлы, уæд æй лæг йæхæдæг дæр радуцы. Ногдыгъд æхсыр ын алæгъз кæны йæ хурхы уадындзтæ. Йæ сæникк та – Джиуæргуыбатæм, – сыгъзæрин тæбæгъты сын фæкуывдæуæд, – цæттæ кусæрттаг. Ноджы йын æппынæдзух кæд гуыры нæл сæныччытæ. Цыма сын Гомеримæ бадзырд арæзт ис.

Цалдæр каркмæ зилын дæр ын нæу нырма уа зын. Зымæгмæ йæ комахсæйнагæн йæ зын самал кæнын, æндæра тæрс æмæ тулдзыл йæхæдæг снард вæййы. Мит куы рауары, уæд Джуджуты хуытимæ йæхи къахæй æрцæуы, цæмæй йæ акусарт кæной. Цæхджынгондæй йын уалдзæджы æмбистæм аххæссы. Уый та бады æмæ йæ таурæгътæй ирхæфсы иуæрдæм цæуджыты дæр æмæ иннæрдæм цæуджыты дæр.

– Æу-у!.. Цуцури, кæд дын зын нæу, уæд ма уым фæсвæндæгты дæ цæст ахæсс – мæ цайдан никуы зыны, мæ цайдан?

Æцæг, йе ‘рхуы, чи йæ зоны, кæдыккон æрхуы, дæргъæццон, нывæфтыд цайдан дæлвæндаг фырдисæй йæ дзых ныххæлиу кодта арвæрдæм – цы ‘нæрцæугæ хабæрттæ уыны уый? Æви зæрæрдæм йæ цæстытыл исты ауад? Чысыл дарддæр йе ‘мбæрзæн, йе ‘нæхсад, фæлæ рæсугъд æмбæрзæн дæр, цыма цæвынæй тæрсы – йæ къух йæ сæрыл тымбылтыхт, цъындцæст æмæ гомдзыхæй кæсы фæсвæндагæй.

«Адæймаджы ныхыфыст дæттæгæн æвзæртæ фæлдыст макуы фæуæнт, – февзæрд Цуцурийы сæры. – Иу цард ын иунæг хатт дæттыс æмæ йын æй дæ цæст, куыд æмбæлы, афтæ, – цæстджынæй, къухджынæй, къахджынæй, зондджынæй, – ратт, цæмæй удхарæй ма мæла. Дæу дæр ма ‘лгъита æмæ йе ‘намонд сæры дæр. Æндæра, цæргæ-цæрæнбонты искæй къухмæ куы дзыназа, уæд уый цæй амонд, цæй цард у, æвзæр куыйтæ йыл амæлой.

Цуцуримæ афтæ фæкаст, цайданы хицау дон хаста. Ома, Гомер дон хаста æмæ фæкалд. Ахаудта æмæ, куы сыстад, уæд нал ссардта йæ донгарз. Фæлæ дзургæ ницы скодта. Цайдан куы систа, уæд сабыргай адзырда Гомермæ:

– Мæнæ ис, ныртæккæ дзы дон рауадзон.

Фæсвæндаг, сæ кæрæдзийыл æнгом ныттыхсæг æнусыккон  бæлæсты бынæй æфсæн хæтæлæй калд уыцы ихы къæртты хуызæн суадоны дон. Хæтæл ын нæ фаг кодта, æмæ-иу йæхинымæры бакодта мæсты гуымгуым. Цыма кæмæдæр мæсты кæны. Цыма йын йæ хæтæл кæй нæ фаг кæны, уый йын кæйдæр аххос у æмæ, йæхиимæ дзурæгау, уымæ ´взиды.

Цыхцыр кæмæн нæ фаг кодта, доны уыцы хай рæсугъдæй йæхицæн фæндаг æгæрста бæлæсты лыстæг уидæгтимæ фæлмæн быд мæрæй. Хæтæлы дзыхы-иу куы фæцæй хуыдуг ласта, уæд-иу уыцы мæсты футт ракодта. Цыма йын Цуцури исты аххосджын уыдис æмæ йæ маст ууыл калдта.

Уæддæр, нæ хæхбæсты бæлццон азгай нæ, бонгай кæй стæм кæны, суадон сыл йæ зæрдæйы фаг кæй не ‘мбæлы æмæ йын йæ уæнгроггæнæг сатæгæй фаг кæй нæ кайынц, уый тыххæй Цуцурийыл уыцы хионы узæлд бакодта. Йæ буцтæтæйау, йæ узæлд лæджы дæрзæг æрмттæн заманайы æхцон уыд, цыма рагæй нал банкъардтой доны ад, æмæ уымæн схуыскъаг сты.

Уый алфæн разæнгардæйдæр æрæхсадта цайданы фæрстæ. Стæй дзы рауагъта дон, æмæ йыл схæцыд зæрдæбынæй. Куыд æхцон улæфт скодта, уый Гомер ацахста, æмæ бакодта сæрыстырæй:

– Суадон нæ, фæлæ æвдадзы хос у. Марды йæ сынтыл рабадын кæндзæнис, марды, сыгъзæрин феста! – Цуцури суадонæй кæй байрад, уый уыцы æхсызгон уыдис Гомерæн. – Чи зоны, мæ удыл мын уый, уыцы æвдадзы хос суадон  ныххæцыдис?!. Чи зоны...

– Ахæм цин дын фенон! – æнæ ракæ-бакæ уайтагъд йемæ сразы Цуцури. Райгæ йæм бахаста сатæг донæй едзаг цайдан. – Æвваxсмæ дæ бон – хорз.

Гомер бадт йæ «Ныхасы» къæлæтджынгонд дурыл тыгъд сæгъы цармыл æцæг къæдзæхæййасæй. Йæ быдырæййас дæрзæг армы – лæгæмбæрц лæгъзбуар зыкъуырытæ лæдзæг. Цыма йыл царды диссæгтæ нывгонд уыдысты. Ныры кæстæртæй алкæй бон нæ бауыдзæнис зæххыл æй лæугæйæ æмраст баурома. Лæдзæг. Лæгæн йе уæнгтæ, йæ уадулты стджытæ фæрæтæй амадтытау – дæрзæджытæ. Йæ зачъетæ рагæй нал уыдысты ног арæзт. Йе ‘рфгуыты æрдутæ – нырыккон тыффытт-мыффытт чызджыты æнгуылдзты стæвдæн. Йе стыр нымæт худ ныггæлиртæ йæ сæрыл. Йæ дарæс – къæрит кæрц æмæ бæмбæджджын хæлаф, – цыма фыдусы ставд сынчытæй хуыд сты, – зæу-зæу кæнынц йæ уæлæ. Бадт цъындцæстæй. Дунейыл фæлгæсыд сæрыстырæй.

«Уагæры, æвзонгæй цахæм уыдаид?» – февзæрд Цуцурийы сæры.

Фæлæ йæ Цуцури уыцы мæстыйæ, фæлурс æмæ тыхулæфгæ, кæй баййæфта, ууыл бадис кодта: йæ чемыл цæмæннæ у? Нæ дзы бамбæхста йæ фарст:

– Æвæдза, цыдæр кæныс, Гомер?

Хохæййас лæг байгом кодта йæ урс, стыр цæстытæ, цыма йæ ´ргомæй фенын уыд йæ зæрды. Ныккаст æм комкоммæ:

– Дæ къух ма мæм авæр, Цуцури, дæ рынтæ ахæрон, – ахæм цин ыл бакодта, цыма рагæй никæй уал федта. – Куыдтæ дæ? Æз, мæнæ мæ къодах цы фæкæнон, уый нал зонын, фæлæ мын ды исты хабæрттæ ракæн, ды.

– Ды мæнæй фылдæр адæмыл æмбæлыс…

–Цæй адæмыл, цæ, дæ рынтæ ахæрон… Ацы цард, алкæмæн дæр, уазæгуаты куыд уай, уый хуызæн у: адæймаг искæмæ цас афæстиаддæр вæййы, уый бæрц æгадмæ хауы; удхæссæгæй куыд фылдæр рох кæнай, афтæ дæм адæм тынгдæр кæсдзысты тигъмæ. Мæ райсомы куыстыты фæстæ, зæгъын, дон æрбадавон. Чидæртæ – бæх æмæ мæнæ… «матациклет»… кæй хонынц, ууыл… Æвæццæгæн, чи сæ фæраздæр уа, уымæй быцæу кодтой… Федтаис сæ ды дæр? Мæнæ-

мæнæ фæсвæндаг агæпп кæнынмæ нæ фæцарæхстæн, уæд мæ ныцъцъæл кодтаиккой. Ахæм мæллæг бæхы ахæм тард кæн!.. Æй, гормон фæуат, гормон!

Цуцури йæм фæрсæджы каст бакодта, ома, цæстæй куынæ уыныс, цæмæй базыдта, бæх мæллæг уыд? Ноджы – ахæм мæллæг!

– Æмæ дын чи загъта, къуырма дæн? Ибон мын дæлæсыхаг Сурены æдылы ноздджынæй – уый, дам, хорз у, хорз, ацы царды цъаммар митæ, дам, кæй нæ уыныс. Зæгъын, æххæст ма къуырма дæр куы бауаин, уæд дын де 'дылы ныхæстыл нæ дис кæнин. Мæ сыхæгты цæрæнбонтæ бирæ уæнт, уыдон фæрцы мыл хур кæсы. Мæллæг бæх уæраджы магъзæй арæзт нæ вæййы. Чысыл дыччыйыл дæр быры. «Фидар къахайст ын ис», – дзы нæ зæгъдзынæ. Мæллæг æмæ фидаркъахайст... Иннæ, бензинæй куыд рæвдз у, уый нæ зонын, фæлæ бæхы бон уыцы уадæй дард нæ бауыдзæнис.

Ноджы дыууæ æнæзонгæйы сæ фæдыл дугъ кæнынц: «Бауром æй, бауром! ДВЖК!..»; «Хæц ыл, хæц! Бæх, бæх!..» ДВЖК, æвæццæгæн, сæ бæхы ном у. Ныры адæмæн нæмттæ дæр нал фаг кæнынц...

Мæнæн ма мæ бон адæмы ´рраты уромын æмæ уыдоныл хæцын куы уаид, уæд мæ цайдан мæ къухæй атахтаид? Сæхæдæг ыл тагъд хæцдзысты, кæд ахæм уадæй уайой, уæд. Мæллæг бæх кæййонг фæдугъ кæндзæнис?

Дæуæн дæ цæрæнбонтæ бирæ уæнт – мæ мигæнæн мæ къухы кæй фæрцы бафтыд. Цы дæ мæ амондæн æрбахаста мæ тыхсты? Зæддонæй абадæд.

– Хицауад мæм сиды.

– Хицауад?!. Æмæ цы фæрæдыдтæ? Хицауадæн йæ рæвдыд – мур, йе схуыст – куыфыдзаг. Ды та, дæ рынтæ бахæрон, Хуыцауысконд адæймаг куы дæ, уæд сын, уагæры, цы кодтай, цæмæн дæм сидынц? Дæ фыдгулфыдзæрдæйыл уыдон бафтæнт. Цалынмæ адæймаг йæ уды уа, йæ уæлæ-ма фыды муртæ зына, уæдмæ йæ æрдугай æхсындзысты. Стæй йæ сæ къæбылатæн... Сæ кой – авд дæлдзæх! Мацы срæдийай сæ цуры. Цæхæры дын

куы тъыссын кæной дæ къух, уæддæр ыл фæстæ ма фæхæц. Зынджы сыгъд дæр гас кæны, уыдон хæстæн байгасгæнæн нæй. Ацу. Ацу, дæ рынтæ ахæрон. Ма дын байрæджы уæд, дæ тæригъæд дын фæхæссой, æндæра сын уый дæр у дæ бафхæрыны фагæй уæлдай у, – Гомер ыл йæхæдæг арæвдз кодта, æмæ дзы иу галы бузныг фæцис Цуцури. Уæддæр æм фæстейæ радзырдта: – Æмæ Цъыззытты куывдмæ хуынд нæ дæ?

Цуцури бахудæнбыл:

– Быштийы хуынд дæн.

Гомер йæ мидбылты парахатæй кæй бахудтаид, уый хорз зыдта лæг, фæлæ йæм нал акаст. Атагъд кодта йæ фæндагыл, йæ къæдз лæдзæг æмæ йæ батинкæты дуры хуызæн бынтæй зæхх хойгæ.

Дæлæсыхмæ йыл ничи уал амбæлд. Æмæ æнкъардæй, фæлæ йæм уыцы æнцонæй ныггæпп кодта. Уым дæргъындзæг Сурен йæ кæрты михты цъуппытыл баста тулдз къалиуты къона. Ныггуыбыр æм, афтæмæй йæ баста æмæ баста уыцы бæстæтты. Цыма йын цæргæцæрæнбонты уым лæудзæнис.

Кæрты сæрыстыр æмæ зæу-зæугæнгæ рацу-бацу кодта дынджыр, фырнæрдæй тъæппытæ чи хаудта, уыцы урс цæу. Суренæн йæхи даргъ цæнгты æййас уырынгтæ, ставд сытæ йыл цыма уæз дæр нæ кæнынц – уыцы сæрыстырæй сæ хафы арвыл. Зæгъгæ йын тымбыл къухæй йæ синтæ дæ тых, дæ бонæй фæцæф кодтай, уæд фиугай фæйнæрдæм атæхдзæнис. Куыннæ уыдзæнис йæхицæй буц дæргъындзæг! Уæддæр æй Цуцурийы сæгъы мыггагмæ къахдзæфтæ ´мбæлы.

Цæуы фæдыл зилы мæллæг, къæдз дзæргъ. Цæуы йæ фæдфæд. Йæ сины стджытæ, сæ кæрæдзимæ быцæугæнæгау, хæрдмæ фæцыдысты. Йæ фæрсчы стджытæ, рæгъ-рæгъы раст – фæндыры нымайæнты ‘нгæс, иу фæкастæн сын сæ нымæц уайтагъд базондзынæ. Фæлæ Цуцурийы ныртæккæ ацы æнæвдæлонæй уыдон нымайынмæ ´вдæлы, гормон? Уæддæр ауыдта – бакъуырдта-иу æй йæ бырынкъæй. Дзæргъ цæуы. Æмæиу æм уый дæр фæзылдта йе стыр сытæ. Дзæргъ-иу,

тъизгæ, дыууæрдæм срæуæг кæрты къуымты. Йæ къæхтæ-иу йæ быны фæцæй кодтой.

Лæг цыма Цуцурийы фендмæ рагæй бæллыд, уыцы цин ыл бакодта. Стæй йыл цин дæр цæмæннæ кодтаид: нæ хæхбæсты лæгау-лæджы зæрдыл донæй адæймаг арæхдæр райдыдта лæууын. Тагъд нæ иуæггай цæрджытæ, – Хуыцау бахизæд, фæлæ, – цыма нæхиимæ ныхас кæнын байдайдзыстæм. Æмæ Сурен аныхас кæнын мондагæй ныууагъта йæ куыст. Йæ зæрдæ йæм сдзырдта, лæджы размæ рацæуа. Йæ къух ын райса. Афæрса йæ царды хабæрттæй. Фæлæ бæлццон, йæ цуры афæстиат уа, æнæмæнг хабарыл кæй нæ нымадта, уый бæрæгæй фæзынд йæ цæстæнгасыл. Гормон, уанцон æнæвдæлон нæу! Уæддæр ма йæ ныууроминаг уыдис йæ фарстæй:

– Мæ цæу куыд дæ зæрдæмæ цæуы?

Цæу зæрдæзæгъгæ нард кæй у, дзæргъ æнагъæддаджы мæллæг, уый хохаджы цæст фыццаг фæкастæй ацахста. Йæхи мидæг дис дæр бакодта – бырынкъджыны фæззæджы къæсæрыл кондæй цы дары, уадз æй, астæумæ кæрдæгыл хиза. Ныр, кæд ыл хорз баузæлыд, уæддæр Сурены фелхыскъ кæныны фадат фæци:

– Дæ хуыйы фыдтæй цы ратыдтай, уый Хуыцауы фæрцы дæ цæуыл бафтыд.

– Тобæ, тобæ, тобæ, Цуцури! Афтæ ма дзур. Ацы табуйаг цæумæ Джиуæргуыбатæм зилын. Афтæ ма дзур. Бырынкъджыны йын йе 'мсæр куыд кæныс! Дзобойы мæнæ нæ Уастырджийы 'хсæв, – сыгъзæрин феста, – рабынæй кæндзыстæм æмæ раргæвддзыстæм. Табу йæхицæн! Зæрдæбын куывтытæ йын фæкæндзыстæм цывзыджынæй. Сæн дæр мæм фаг ис, фаг. Богъы туг! Нæхæдæг цахæм зонæм, ахæм. Цæуы фыдимæ йын зæрдæбынæй фæкувдзыстæм. Афтæ! Ды дæр хуынд дæ. Ма-иу бамбæхс. Æнæмæнг-иу нæм фæзын. Раййонаг уазджытæм ма кæс.

– Ды та махмæ дæ хуынд!

Цуцурийæн йæ цæстытыл ауад се стыр, дзуарсасы цæу. Иff-ифф-ифф! Фыццагифтыгъд уæныджæййас у.

Цæй уæныг!.. Кæд æй сæ цуры цуайнаджы ихы къæртты хуызæн суадоны цыхцырæгмæ нывæра, цæмæй тæвды ма фесæфа, æндæра уый кæд фæуыдзæнис хæрд æмæ уыйбæрц уазалгæнæнтæ кæм ис?! Стæй йæ ныссæлын кæнын дæр нæ фæччы.

Йæ дзуапмæ Сурен нæ фæтыхст:

– О, о, о! Иу бонмæ та сæ ма ныккалут. Æгас къуыри кусартгæнæнтæ у. Иннæ… – ацамыдта хуымæ. – Хуы та хуы у. Йæ ном йæ уæлæ ис. Далæ кæй хуызæн у, уыдонæн фæлдыст фæуæд! Афтæ! Уый сын мæ хуыздæр арфæ. Æмæ сын хуы ныффæлдисын дæр æгæр у.

Фæлæу, фæлæу. Ма ацу, мæ ныхас дын кæронмæ зæгъон. Уартæ, дам, Дменисы, – æгас калак у! – иу усæн йæ дзæргъ ныззад… Æмæ цас!.. Зоныс æй? Нæ йæ зоныс æмæ чысыл фæлæу. Æз дæр хуыртæ не ‘хсæдын.

Гыццыл æмæ ницæйагæй цыдæриттæр ис, уыдон иууылдæр бæргæнаг сты. Йæ лæппынтæй иуæн дзидзи нæ фаг кодта. Дзæргъæн. Нæ йын фаг кæны, æмæ йын йæ къубал акъуыр. Аппар æй куыйтæн. Фæлæ мады зæрдæ!.. Дыккаг уæладзыджы йæ хæссынтæ куы сисид сывæдæгæй. Дменисаг сылгоймаг. Уæдæ. Алæбон бырынкъджыны «сидзæры» надта сатæг суадоны дон æмæ сапонæй… Афтæ, афтæ.

Цæмæннæ кафыдаид хъисрагъ, йæ бонæй йæ уа! Мæ куыйтæ йын фæлдыст! Афтæ. Дменисаг урсарм сылгоймаг мах дæр куы наид, а?!. Фæлæу, фæлæу. Зæгъон дын æй. Уæд мах дæр куыннæ кафиккам!

– Тагъд кæнын.

– Уæд нал тагъд кæнис. Сылгоймаг-иу дæу тыххæй дæр алкæимæ куы кæнид хæснæгтæ, уæд. Ацы Хуыцауы сконд… Тобæ, тобæ, тобæ!... Уый дæр æй Хуыцауы сконд хуыдта. Йæ «сидзæры». Цъыф, дам, никуы федта. Цыф, дам, цы у, уый, дам, зонгæ дæр нæ кæны. Йæ къах, дам дзы куыд атулдзæнис?!. Уыйгæнæнтæ, дам, куыд ис!.. Уанцон, дам, нæу?!. Афтæ, гъе.

Æмæ йæ хæснагыл куы рахæссид æддæмæ. Стыр хæснагыл! Фендзыстут, дам, æз, зæгъгæ, буцхаст цы скодтон, уый уæхи цæстæй!

Уымæн… Ацы хуыйы мыггагæн! Куыддæр йæ къах зæххыл аныдзæвд, афтæ фæйнæрдæм асмыстытæ кодта. Стæй йæхи ныдздзавта… Скуысси… Кæм, зæгъыс?.. Фаджысы! Азмæстытæ йæ кодта. Абырыд йæ мидæг. Иуæрдæм дзы сфæлдæхт. Æхцонæй ныуулæффытытæ кодта. Иннæрдæм дзы азылд… Æмæ йæхи фаджысæй хорз куы сызмæста, уæд зæрдæбынæй сулæфыд. Æрсабыр, æхцон оххытæ скодта.

Хуы хуы у, æмæ йæ кæдæм фæнды фæхæсс, уæддæр фаджыс ссардзæнис. Æнæ уый йын нæй фæцæрæн. Куыд æй барыс сыгъдæг зæды сыгъдæг кусартимæ, фенæг лæг куы дæ, гормон?! Афтæ.

Фæлæу, фæлæу. Кæронмæ дын æй зæгъон.

– Тагъд кæнын. Хицауад мæм сиды.

– Мæ куыдз фæлдыст хицауадæн! Мæ куыдз нæ, æвзæр куыдз! Кæсыс нæ «хæстæджыты» митæм? – нæ хуссайраг фыдбоны сыхæгтæй йын дзырдта, – Уыдон хицауад сты, нæ? Хицауад! Нæ дзæнæты къуыммæ сæ æрбауагътам. Нæ зæххыты хуыздæртæ сын сæ разæй скодтам. Сæ смаггæнаг туг сын нæ сыгъдæг тугæй фæивтам… Тых натлиатæ, лымæнтæ сæ фæарæзтам… Цæстмæ сæ гæдымитæн æмбал нæй, æмбал – цыма нæ удылхæцæг уыдысты. Афтæмæй сын бафсис ницæмæй ис. Къусыдзаг ын радтай – мæртыдзаг агуры; мæртыдзаг ын радтай – тæсчъыдзаг домы… Афтæ, гъе! Хицауад сты, уæдæ, æндæр цы мæрддаг уой!

Æй, уæ бонæй уæ уа, нæ нычъчъырхтонтæ, кæд афтæмæй искæимæ цæрæн нæй! Кæд уæ афтæмæй æнустæм ничи æвæрдзæнис! Æиу, цы ‘вæринаг сты?! Хуыйы куыд уадзыс кæримæ?!.

Ноджы нæм бызийы фырттæ сусæгæй кæм æрбахæссынц, уым нын гадзрахатæй нæ чъылдымы кард ныссадзынц! Æмæ ноджы сæ мæнгард миты цинæй, сæхи хуызæтты цур, сагау, сыкъатæ фæуадзынц.

Цы ма уа æнаккагдæр, цъаммардæр ми?! Афтæ, гъе!

Цуцурийæн Сурены æнæрцæф, хаттæй-хатт æгæр дæрзæг ныхасы уаг æнæзонгæ нæ уыдис, фæлæ ныр, йæ маст искæуыл акалыны тыххæй къух бакæнæнтæ кæй

агуры, уый хатыд, æмæ хæцыд йæхиуыл. Уадз, йæ зæрдæйы цы мæстытæ уадзынц цъæх арт, уыдон скала. Арæх никæуыл æмбæлы æмæ, уæдæ, цы сараза. Стæй йæхæдæг æрсабыр уыдзæнис. Йæ афтæ-уфтæтæ, йæ дæндæгты къæс-къæстæ ныууадздзæнис.

– Ацы дзæргъ дæр афтæ у, – йæ дзуринæгтæ дард-дæр нымадта Сурен. – Зымæгон-зымæгдæргъы фосы раз хурмæсыгъд хосы мур нæ уадзы. Хуыргуыбын сæ æнæуууылдæй фæдæлæмæ кæны. Фæлæ ныр сойджын кæрдæг йæ сæрмæ нæ хæссы. Куыд æй бахæра? Кæмæй у, уыдон мæрдты былтыл уымы бæсты, цытæ не ‘мбæ-лы, – æниу, уыдонæн æмбæлы, – æмæ сын уыдæттæ фæкæна, æндæр ын исты куы зæгъон. Æнаккаг! Афтæ.

Æниу, æз дæр… Цæй мæрдтæ сын ис? Чи сæ амæлы, уый, дам, хæргæ кодтой, æмæ сын цæй мæрдтæ уы-дзæнис? Исчи йæ мæрдты уыдонæн дæтты? Æртæсæдæ арагуиаджы дæр махæй уыдысты!

Сæ номыл сæ сæйраг калачы метройы станцтæй иу уыдон номыл у. «Æртæсæдæ арагуиаджы» – комкоммæ афтæ хуыйны. Афтæ, гъе, афтæ! Цæрæнбонты мах уæтты æнтыстытæ сæхиуыл фыстой, æмæ сæ сæртæ бæрзæндты хастой: мах, дам, ахæм тыхджынтæ, ахæм ныфсджынтæ, ахæм домбæйттæ уыдыстæм! Æвзæр, ницæйаг тъетъиатæ! Афтæмæй сæ иунæджы ном дæр нæ дзурынц. Арагуиæгтæй! Нæдæр – сæ мыггæгтæ! Уæд адæм базыдтаиккой, чи уыдысты, знаджы ныхмæ удæгас мæсгуытæй чи лæууыдысты, уый. Æмæ сын уыдæттæ ныры дуджы къух нал дæттынц, нал! Сæхи цæмæй стауой, уыдæттæ агурынц.

Фæлæ теман голладжы кæдмæ ис æмбæхсæн? Дæу куынæ фæнда, уæддæр йæ фындз йæхæдæг искуыцæй радардзæн. Æмæ, чи уыдысты арагуиæгтæ, уый сын-дæггай куы ´ргом кæны, уæд сæм куыд фæстæмæ хар-дзау райдыдта кæсын – сæ метройы станцы ном цæмæн у æртæсæдæ арагуиаджы номыл? Æмæ, дам, сæ цы нæмттæй нæ райдыдтой хонын: «Ныр уыдзæнис «Æртæсæдæ куыдзыфтыдтаджы ´рлæууæн»; Ныр «Æр-тæсæдæ ‘нæсæры» фæгæдзæгæнæнмæ фæхæццæ

кæнæм»; «Æртæсæдæ сыстрагъы» æрлæууæны нæ хизæм?»... Уыцы станцмæ, дам, куы бахæццæ вæййынц, уæд сæ ницæйæгтæ арагуиæгты сæхи ´хсæн цынæ фидиссаджы нæмттæй нæ фæхонынц. Уымæн æмæ сæ зонынц – ирæттæ уыдысты.

– Ахæм ницæйæгтæ сты, ахæм! – мæсты кæны Сурен. – Махæн та фаджысæй фыхтæг аразын уыдис нæ зæрды. Чи ма кæны афтæ, гормон?! Куы дын бантыса йæ саразын, уæддæр æй стæй кæй размæ æрхæсдзынæ? Кæд, хуыты. Уæртæ уыцы дзæргъы хуызæтты размæ. Уыдон ахæмтыл æлгъ нæ кæнынц. Сæ Хуыцауы хай дæлæмæ æрхауа, кæд афтæ æвзæртæ, ницæуæгтæ æмæ фыдцъылызтæй  цы сфæлдисинаг уыдысты, уæд. Кæсыс, мæ кæрты алыварс иууылдæр къæйдуримæ бетон у. Уымæй дæр, цахæм бетон! Дуры къæртт дзы нæ раппардзынæ. Афтæ, гъе.

Цуцурийы цæст ыл æвиппайд æрхæцыдис, æмæ батæхуды кодта Сурены хæдзардзин куыстмæ. Алцы дæр дзы – нывыл. Уыйбæрц бæстон куыстытæм кæй æвдæлы, уый æнæмæнг амондджын адæймаг у, уæдæ, цы, зæгъгæ.

– Æмæ фырбуцæн кæнын уыдæттæ?! Æви мæ сæрæн уæлдай фыдæбæттæ агурын? Нæ, мæ мард фен, кæд мыл æндæр бон ис, æндæр бон. Цы даринаг у бырынкъджын! Фæлæ, дам, чидæр йæ къахы ныхтæ кæныныл афтæ фæцахуыр, æмæ-иу ын кæнинаг куынæ уыдысты, уæддæр-иу сын сæ тугтæ фæкалдта. Афтæ. Фесафин æй, фæлæ стæй зымæгмæ комахсæйнæгтæ чи дæтдзæнис? Æмæ йæ æнæбары дард кæнын.

Уый куы базона, кæрты бынты абырæн айгæрдын йæ бон бауыдзæнис, æвзæр аирвæздзæн æддæмæ, уæд йæ удæн иу уысм æрулæфт нал ратдзæнис, нал. Æхсæв æнаккаг йæ цæсты уæлтъыфалтæ сæ кæрæдзийыл нæ авæрдзæн. Йæ конд афтæ у. Нæ йæ аивдзынæ, дæхи куы амарай, уæддæр. Фæхырхдзæн, фæнæтдзæн, фæкъохкъох кæндзæн, цалынмæ нæ аирвæза æмæ нæ бахæра искæй хуым. Хурмæ скала ногæвзæрд картофтæ. Афтæ. Уымæн æмæ хуы у. йæ ном йæ уæлæ ис. Бафсис ын нæй.

Æцæг афтæ у рагæйфæстæмæ хуыйы мыггаг! Цæттæ хуым бахæрыны ад ын ницы кæны. Уæлдай йын нæу, искæй хуым уа æви сæхи. Æмæ нæ ивы йæ туг. Уымæн æмæ хуы у.

Фæлæу, фæлæу, зæгъон дын æй кæронмæ…

– Хицауад мæм сиды…

– Кæртмæ цæмæн ныггуыбыр дæн, æмæ йын ацы сыфтæрты къона йе рагъыл цæмæн бæттын? Цæмæй сæм æвзæр, сымаггæнаг хуы ма сæххæсса. Искæй картофы хуым афæлдахын мондагæй сойджын кæрдæгыл чи æлгъ кæны, уымæн ахæм адджын сыфтæртæ æвгъау сты. Уадз, цъыфæйдзаг афтæ сæгъы фæдыл разил-базил кæна бæркъадзуан, ома, йын афтæмæй йæ уд хæрд фæуон. Уый, табуйаг цæу та, уыцы цъыфæйдзаг æнаггаджы уадз æмæ йе 'хсаргæрдтæй хойа. Хуыйы мыггаг æндæры аккаг нæу…

Тобæ, тобæ, тобæ… Хицауад дæм дзуры, загътай? Æвæццæгæн, зæгъгæ, бынаты лæуд дæ, æмæ дæ исты ралвыныны фæнд скодтой? Уыдон зæххæнкъуыст æмæ арвы цæфæй дæр æрмæст сæхи мæт ис. Æз рæдион, фæлæ дæхæдæг фендзынæ – æнæмæнг цыдæр домынц. Фидар-иу сæм фæлæу. Афтæ.

Æз мæ дуаджы кусæрттаг æддæмæ цæмæннæ уадзын? Куы йæ феной, уæд мын æй сæ абырджытæн уæддæр адавын кæндзысты. Бахæрдзысты мын æй бирæгътæ. Бирæгъты холы сæ Хуыцау фæкæнæд. Афтæ. Стæй ацу, æмæ Уастырджийæн дæхи рæстытæ кæн: афтæ уыдис, уфтæ уыдис… Æмæ уый де 'фсæнттæй дарддæр æндæр ницы æндавы, гормон?

Ома, йæ Джиуæргуыбатæмы цæу бахæрыны фæнд ын скодтой, æндæр ницы – февзæрд лæджы сæры. Уæдæ, уыцы ныхас Сурен дæрдтыл цæмæн кæны? уый районмæ хæстæгдæр цæры – исты ныхас ыл, мыййаг, сæмбæлд? Хоны йæ… Лæгæн йе уæнгты, уазал донау, зыр-зыргæнгæ ацыд цыдæр. Ау, æцæгæй, иууылиумæ афтæ сæнаккаг сты æмæ Хуыцауы къахæргæвдджытæн Хуыцауы хай дæр нал ис æмæ дзуары хай дæр?! Куыд ын исынц йæ Джиуæргуыбатæм кусæрттаг?!.

Суренæн, мæстджын дзураг кæй у, уый тыххæй нал уыд æрлæуд æви йыл æндæр цыдæр фыд æрцыд, уымæн Цуцури рæстмæ ницы бамбæрста. Фидырæй цы базыдта – рæстæгыл куынæ ацæуа йæ фæндагыл, уæд лæджы дæндæгтæ зынг кæнын райдыдтой, æмæ ныппæртт кæндзæнис. Æнæссудзгæ йын нæй, æмæ стæй ацу, ууыл дæттæ кал. Хуыссын æй кæн.

– Нæ зонын. Зæгъын, рæстæгыл æрбаздæхон, – Цуцури ма иу хатт цæстæнгасæй ацахста, дзæргъ йæ бырынкъæй цæуы куыд стъæпп кодта, ома, бæркъа æрæппар. Уый дæр æй æхсаргæрдты æййас сытæй ахаста йæ разæй. Уæддæр нæ саст. Къох-къохгæнгæ таиу йæ фæдыл фæцæй цыд. Мæнгæй нæ акæнынц – хуыуа, æндæра, фаджыс ссардзæнис. Тыхæй дæр. Æмæ йæм худæг фæкаст Сурены цæу æмæ дзæргъы хабар.

Лæг уыцы бæрзæндтыисгæ даргъ къахдзæфтæй атагъд кодта йæ фæндагыл. Тыхæй дæр æй ничи уал баурæдтаид. Никæй уал ныхас æй æндæвта. Ныфс æй уыд, ныр районмæ хæстæг бынтондæр никæуыл уал сæмбæлдзæн. Йæ фæндаг цыбыр кæндзæн йе 'хцон мысинæгтæй. Бонизæрмæ сыл æгæр дæр сахуыр. Æмæ фæныхас кæны йæхиимæ.

Æмæ, æцæгдæр, йæ зæрдыл æрлæууыд, раздæры, иу-ссæдз азы размæйы рæстæг ма уæддæр куы уыдаид, уæд афонмæ сæхицæй уырдæм фæндагыл цалдæр æмбæлццоны кæй бауыдаиккой. Сæ фæндæгтæ-иу кæддæриддæр алыхуызон таурæгътæй дзæвгар фæцыбыр сты. Районы-иу куыд балæууыдысты, уый-иу адæймаг рæстмæ зонгæ дæр нæ бакодта.

Фæлæ йæ ныр йæ фæндагæй дарддæр йæ лæдзæг дæр нал æндæвта. Йæ дæлæрм æй атъыста. Даргъ, гуыбыргомау фындзы сæрмæ айтынг сты йæ бæзджын, халас æрфгуытæ. Йе 'рмттæ йæ роны уæлæнгай æрсагъта æмæ, йæ рихийы бын йæхинымæры заргæ, йæ цыды хай кодта:

*Ой, Хазби, комынарæджы*
*Джауыртæ 'рбацæуынц, уæдæ.*

*Ой, сæ фæндаг сын сæхгæнæм,*
*Кæннод худинаг куы уыдзæн, гъей!*

*Ой, уæдæ, Хазби, дам, куы бадзуры:*
*– Нæ фыдæлтæ рагæй фæстæмæ*
*Хæхтыл æрцардысты*
*Æмæ сæрибары тох кодтой, гъей!*

«Пуй, куыйтыхæринаг зæрдæ фæу!» – лæг йæ хæстон зарæджы тыххæй йæхимæ фæхæрам. Нæ фыдбоны сыхæгтæ нæм æрвыл бон «фæцæуæм уæм», «фæлæбурæм уæм» кæй кæнынц, æмæ адæмы рыст нуæрттæ кæй суæлæнгай кодтой, уый дæр зæронд-зæронд йæ зæрдæфысты кæй стыррыккуд, уый тыххæй фæхæрам йæхимæ. Куы æрбалæбурой, уæд цы? Цы сæхæдæг сты, цы сæ лæбурд. Цæрæнбонты ныл гадзрахатæй цæуынц æмæ уый зæгъ. Стæй…

Кæд нæм нæ лæбурдтой, кæ? Гæбыдзиты гаццайау нæм цæргæ-цæрæнбонты размæ се згæ дæндæгтæ æвдыстой, фæсчъылдымæй та нын нæ бацæбитты нуæрттæ лыг кодтой. Нæ зæххыл сæ цæрын куы бауагътам, стæй нæ къах куы фæцудыдта, уæдæй фæстæмæ нæм сæ дæлæрмтты дуртæ æмбæхст дарынц. Афтæ никуы уыдис, ирон иуварс фæзылд, джауыр хуыйæн фадат фæцис, æмæ йын йæ фæскъæбут нæ ныххафт ласта йæ дæларм æмбæхст дойнаг дурæй. Никуы ма уыдис афтæ, нæ ныхмæ сын цыфæнды фыд ракæныны фадат уа, æмæ йыл барвæндæй сæ къух ауигъой – ницы нын кæнынц, тæригъæд сты, зæгъгæ. Никуы ма уыд афтæ! Куыдз æмæ хæрæг аргæвдой сæ мард æмæ сæ дзуарæн!

Йæ зæрдыл нырма хорз лæууы, æвзонг куы уыдис, уæд Джиуæргуыбаты размæ йæ хистæр æфсымæримæ, – мæрдты дзæнæты бадæд, æхсарджын лæппу уыдис, – куыд æрымысыдысты, сæ кувæн къуыри нард кусарт æмæ сырх-сырхид сæнæй зæрдæзæгъгæйæ арвитын. Уадз, сыхæгтæй сæм чидæр-æвзæртæ сусæгæй хæлæгæй мæлæнт. Фенын сын кæндзысты, адæймаг йæ зæдыхайы ном куыд фæары, уый.

Галуæрдон байдзаг кодтой равзаргæ цыхт, картоф, къуымбил æмæ афтид лалымтæй. Сæхицæй, æхсæв бонырдæм куы фæкъул, уæд рухсзæрдæйæ рараст сты джауырты быдыры цæрæнтæм. Рагъы нæууыл арс дæр федтой. О, нæхи хохаг, бур арс. Уыцафонтæм, Джиуæргуыбатæм, фырнæрдæй куыд фæлæпп-лæпп кæны!

Æхсæв мæйрухсмæ боны хуызæн уыдис. Фæлæ дыууæ æфсымæры фæйнæрдæм гудзиццытæ кæныныл нæ уыдысты. Сæ зæрдæ сæ балцмæ ´хсайдта, æмæ æхсæв-бонмæ хуыссæджы цъынд нæ федтой. Ныр уæрдоны рæдзæ-мæдзæ кодтой. Галтæ сæ зонгæ фæндаг цыбыр кæныныл уыдысты сæхæдæг. Фæлæ Рагъы нæумæ ахизæны цæхгæр ныллæууыдысты. Галтæ. Футтытæ кодтой. Цæмæн, уый хуыссæгцух æфсымæртæ нæ фæфиппайдтой. Хистæр æргæпп кодта уæрдонæй. Ахæцыд галты сæрбосыл. Афтæ йæм фæкаст, кæй рæдзæ-мæдзæ кæнынц, уый тыххæй сæм галтæ хæрам фесты. Æмæ, зæгъгæ, уый охыл æрлæууыдысты, ома, мах ничи уал стæм. Куыд нæ ферох кодтат æмæ куыд дзой-дзой кæнут, Дзудзуйы бæлонау?

Лæппуйы фæдыл галтæ, зивæггæнгæ, сæ къах айстой, фæлæ, нæумæ ахизгæйæ дæр, се знæт хуырыттытæ нæ фæсабырдæр сты. Сæ зул тарст цæстæнгас ныссагътой нæууы. Æмæ æфсымæртæ бæлвырдæй ацахстой æнæразыйы мæсты гуым-гуым. Уæрагмæ кæрдæджы фемдзаст сты нæ хæхбæсты сæрвæтты, нæ уæлвæзты æлдар – стыр бур арсмæ. Уыдонмæ мæйрухсы сау арс фæкастис.

Нæ хæхон сырдты паддзахæн йæ дзыхæй цыдæр кæрдæджы бындзыг æрзæбул, афтæмæй лæгæмбæрц слæууыд йæ фæстæгтыл. Дисгæнгæ сæм кæсы йе уæхсчы сæрты, ома, ацафон уæ ардæм цы уæ хæйрæджытæ æрбахастой, цæмæн мын исут ме 'нцойад.

Æнæхотых лæппутæн сырды фендæй се 'фсæртæ ныууадысты. Бандзыг арс дæр. Стæй мæстыйæ æруагъта йæхи нæууыл. Йæ раззаг дзæмбытæй нытътъæпп кодта нæуу, æмæ гуым-гуымгæнгæ, зивæггæнгæ, лæпплæппгæнгæ араст тары тарфмæ, ома, ме 'хсæвы æнцой

мын уæ Джиуæргуыбаты тыххæй кæй исут, уый хатыр уын фæуæд зæдты номæй.

Галтæ куы ‘рсабыр сты, уæд чысыл сæхи æрцахстой ләппутæ. Тынг хорз базыдтой сæ рæдыд – ӕгæр раджы цыд фесты. Фæлæ нал уыдис фæстæмæ здæхæн. Ноджы арс, мæсты къуырттытæгæнгæ, тарфы уыдонæрдæм ацыд. Цыма йын дзы исты баззад æмæ уымæ араст. Уæлладжы фæндонмæ гæсгæ лæппутыл æмбæлд размæ цæуын. Галты уæрджыты дæр цы магъз бацыд! Ахо-дæнафонмæ «тъетъиатæм», – нæ фыдбоны дæлзутъаг сахæгты афтæ цæмæн хуыдтой хæхбæсты, уый никæй уал зæрдыл лæууы, – балæууыдысты.

Ӕлхæнæг æмæ уæййаг сæ кæрæдзийыл баст сты. Уæййаг куы бæзза, уæд ын æлхæнæг дæр фæзыны. Ӕгас сых дыууæ лæппуйы алыварс къордтæ, тымбылтæ код-той. Алчи дæр сæ ивазы йæхирдæм. Нæ, мæ сæн хуыз-дæр у; нæ, мæ сæн хуыздæр у. Ӕцæгæй та-иу, йæхи сæнæй йæ сыхæгты сæнтæ бирæ адджындæрæн чи нозтой, уыдон дæр царвæмдзаг, хохаг бур-бурид цыхтытæ, уылынджы бæрц уæргъуыин æмæ лæхурæг картофтыл æрратæ кодтой. Сæ уындæй сæ зонд зы-гъуыммæ кæны.

Сæ иу – уылынджыййас, æрдæграсыг (уый –æх-сæвыцъæхæй!), фæлæ дæрзæджытæ арæзт сау лæг нал хæцыд зæххыл. Хоста йæ риу:

– Уада… Глаха амалад, аз ма джуарбони бурку куна баканон!.. Чихт никаман ратджинан!..

Галты сæрбосыл йæхи андæгъта. Тыхласæгау сæ акодта йæ фæдыл. Лæппуты батæгæнгæ скуыссы кодта самандурæй амад сæндоны. Фенын сын кодта, конд быркуы йæм кæй ис. Боцкъа дæр фегом кодта. Фæлæ ма, дам, кæсут, æз уын мæ дзуарæнæвæрд быркуы куыд бакæнон! Ӕз, дам уæ мæ бадт, сыгъдæг сæнæфсиры гагайæ дыгъд сæнæй дисы куыд бафтауон!.. Уæд, дам, мæ мард фенут! – сомытæ кодта.

Ӕмæ, æцæгдæр, хохаг лæппутæ сæнæн уа диссаг ницы зыдтой, фæлæ гæзæмæ туаггонд, фынккалгæ, туджы хуызæн сæн комы къулты сæ кæрæдзимæ

ӕлгъывта ӕмӕ сыл уыцы ´хцон тайӕгау кодта. Скъӕфта йӕ зӕрдӕ. Ӕмӕ дзы куыннӕ байдзаг ласттаиккой сӕ лалымтӕ. Дзӕкъулты ныккодтой дыргътӕ. Галтӕн нартхоры сыфтӕртӕ ӕркалдтой ӕмӕ хӕрзныллӕг бандонгондтыл ӕрбадтысты, быркуыйы бын ма цы сӕны цъыртт аззад, уый алыварс. Цӕхджын памидортӕ ӕмӕ торне цӕрвджын цыхтимӕ сӕны фӕдыл заманайы фидыд кодтой.

Фӕлӕ ма фысым ноздзӕфӕй нoджы иу-дыууӕ куы анызта, уӕд йӕ калд ӕрфгуытӕ ӕмӕ йӕ рӕсыд былтӕ цыдӕр зылынтӕ кӕнын райдыдтой. Мӕ дзуары сӕн, дам, мын кӕдӕм ласут, ирон абырджытӕ?! Цы ми, дам, кӕнут мӕ хӕдзары?! Мӕ усӕн, дам, мын афтӕ-уфтӕ кӕнынмӕ ӕрцыдыстут?! Нӕ, дам, ивын мӕ туг уӕ тугӕй – фелвӕста сӕм цонджы дӕргъӕн алмасийы хуызӕн кард. Уӕ мӕрдтӕ, дам уын, куыйты мӕрдтау, дзӕмсӕфт фӕкӕндзынӕн.

Куыд ыл фӕзынд, афтӕмӕй сайгӕ нӕ кодта. Ӕцӕг сӕм ӕрӕвнӕлдта йе стыр цыргъ кардӕй. Бахаста сӕ къуыммӕ. Хистӕр ӕфсымӕр кӕстӕрыл йӕ чъылдымӕрдӕм хӕцыд, ӕмӕ карды фындзӕй йӕ уӕлармыл туджы тӕлм аззад.

Цы лӕппу уыд! Мӕсты кӕнын-иу куы райдыдта, уӕд-иу йӕ буары бӕзджын хилтӕ, ӕрцытау, слӕуыдысты. Ныр дӕр ын Цуцури фемдзаст йӕ уӕлӕрмттӕм. Базыдта, ныртӕккӕ цыдӕр сау фыд цӕудзӕнис тыхлӕг тъетъиайыл. Ӕмӕ йӕхи ӕрцӕттӕ кодта намыссӕфт фысыммӕ багӕпп кӕнынмӕ.

Фембӕрста йӕ хистӕр. Бахуыфыд. Мӕстыйӕ. Уынгӕг хурхысӕртӕй. Дуры гуыбынӕй ӕлвасгӕ дзырдыуагӕй бакодта йӕ кӕстӕр ӕфсымӕрӕн:

– Сабыр. Галтӕм акӕс.

– Ма усма ´рвитис?!. – сцӕй дзырдта фысым, фӕлӕ лӕппуйӕн уайтагъд йӕ рахиз армы ферттывта йӕ сау, дыкомджын фарсылдарӕн кард. Куыннӕ йын зына, афтӕ йӕ фӕсчъылдымӕрдыгӕй дардта. Ӕрцъыкк дзы кодта уӕлдӕф. Кард, цыма туг калыныл рагӕй ахуыр уыд, ныккодта уыцы стонг ӕмӕ мӕсты ´хситт.

Намыссæфт фысым уый куы ауыдта, уæд, галы хурхы кард куыд атъыссай, раст уыйау æбæрæг богъ ныккодта. Фæлæ мæсты лæппуйы уый нал баурæдта. Дæлзутъаг цыргъ карды комы тъæпæны фыццаг дзæхстæй ахаудта дæлгоммæ. Намыссæфт фысым. Йæ кард фыртæсæй атахт йæ къухæй.

– Ма ма амар! Ма ма амар!.. Да низта!.. Да факъау!.. – цыд йе 'рдиаг. Фæлæ ма мæстыгæр лæппуйы уромæг урæдта?!. Ноджы цалдæр сæны кæхцæй йе уæнгты туг сызмæлыд. Афтæ йæм фæкаст, цыма хохæй уырдæм æрмæст дæр уыцы цъаммары нæмынмæ ´рцыд. Карды фарсæй йын хоста æмæ хоста йæ чъылдым, йæ смаггæнаг æрбадæнтæ. Йæ богъмæ дæр нал каст сæфт лæгæн. Фæлæ уыцы ницæйаджы, æнаккаджы телегрейкæ æмæ бæмбæдджджын хæлафы рыгæй рæстмæ ницы уал зынд сæндоны.

Йе 'фсин, ныллæг, уæззаугомау, пыхцылсæр сылыстæг, йæ фенддаджы бæркады цинып уыдис. Сæ ныллæг, кæрдæгæй æмбæрзт самандур къæсы иу къуымæй сæ иннæмæ раскъæф-баскъæф кодта гуымбылгай, сæргай. Æцæгæй сæхицæн баззайдзысты, уый йæ нæ уырныдта, æмæ сæ тъыссæнтæ кодта алы бызгъуыртты. Фæлæ йе 'мкъайы тæригъæддаг æрдиагмæ балæууыд сæ цуры. Рыджы, цы цæуы, уый рæстмæ нæ рахатыд. Уæддæр, карды фарсы тъæпп-тъæпп æмæ телегрейкæйы рыгæй фæхатыд, йæ уæгъддзых лæг та цы уавæры бахаудта. Ноджы йыл сцагъта йæ цыбыр æрмттæ:

– Афта, афта!.. Амарут! Нал у ма бон… Алкаима бога кани!.. Йа мард ма уд фена… фидиссаган! Амарут!.. Амарут!..

Æфсымæртæ сылгоймаджы дзырдтæй иуыл дæр нæ фæдызæрдыг сты. Уыцы зæрдæбынæй сæ згъæлста, сæгъы бæгатау. Лæг маринаг кæй у, ууыл нал дызæрдыг кодтой. Фæлæ кæй фæнды искæй туджы йæ къухтæ ´хсын? Уымæй дæр кæйдæр ницæйаг куыдзы туджы!

– Йæхæдæг нæ уыд маринаг дæлæ йæ кардæй æмæ ууыл хæцæд! Кæд æм фаг нæ фæкæса, уæд ам стæм! Раздæхдзыстæм æм! – уыд хистæры мæсты ныхас.

Лæппу йын карды фарсæй аккаг куы фæцис, уæд гарз нытътъыста йæ кæрддзæмы. Сæ бæрц кæрдзыны къæбæртæ æмæ цæхджынтæ, сæ дон сын акалдта, афтæмæй æд æлыгын къус батыхта, цы гæппæлыл æвæрд уыдысты, уым. Нозт сæхимæ уыдис. Цыма, никуы æмæ ницы – сбадтысты уæрдоныл, галтæм бавзыста кæрз уисæй.

Сæхи дæр чи нæ уырныдтой, сæ кæрæдзи уыцы диссæгтæ æмæ æмбисæндтæй ирхæфсæг дæлзутæгтæ иу мæсты каст, сæ тыхлæг сыхаг кæм ныссабыр, уырдæм кодтой, иннæ – уæрдоны фæдыл. Фæлæ – «нæ федтон» иу дзырд у, «федтон» – æнустæмы фыдæбойнаг æмæ, хуыйы сыстау, сæ кæрæдзийы аууæтты æмбæхсгæ, ныссабыр сты. Æфсон сæ уыд – исты фæдисаг дзы куы уыдаид, уæд сылгоймагæн йе ‘взаг нæ ныууадаид. Зæгъгæ, мах ын цы зонæм, цы ‘рцыд?

Тыхлæгæн федтой сæ цæстыдзаг. Зымæгон-зымæгдæргъы къуымбил дарæсы тыхтæй цæрвджын цыхт лæхурæг картофимæ куы æвдæрза, уæд-иу ын æддæмæ, йæ дæндæгтæ къæцæлы цыргъæй сыгъдæг кæнгæ, æнæрахизгæ нæй. Æмæ-иу ын сæ исчи мæстæймарынæн æнæмæнг æрымысдзæнис, ома, æвæццæгæн, дæ дзуарыбоны сæн раивтай – йе ‘хцон ад сæндонæй æддæмæ лæбурæнтæ кæны. Афтæмæй йыл сусæг-æргом худæгæй артæнхæлдтæ кæндзысты. Сæ зымæгон бонты йыл ирхæфсдзысты сæхи.

Адæмæн искæй афхæрыны, искæуыл ахудыны фадат фæуа, æндæра йæ уайтагъд ауæрдынц сæ къæхты бын. Уымæн дæр уд æмæ зæрдæ ис, уый дæр туг æмæ стæгæй у, уымæ дæр чидæртæ кæсынц, уыдæттæ йæ афхæрынæн рох дæр фæкæнæм. Æрмæст нæхиуыл æрцæуæд исты æхцон хабар.

«Кæй хæдзар фехæлд?!. – Цуцури фемдзаст, арвы цъæхмæ здыхсгæ куыд лæбуры фæздæг. Тæккæ цæугæдоны былæй. – Чи нæ судзын кæны сæумæцъæхæй арты зынгæн? Уый цух ма уыдыстæм. Æндæр, алцæмæй дæр æххæст стæм. Æмæ ныл чидæр арт бандзæрста, нæ бонæй нæ уа.»

Сосæ фæндагæй донбылтыл тулæг цалх рæстæгмæ цы фæд акодта, ууыл фæзылд. Цæугæ нал, згъоргæ ныккодта. Кæсы æмæ, горæттæгтæ сæхицæн рæстæг æрвитын æмæ æнæуаг митæ кæнынæн фаст фæйнæгæй цы ´мбæрзт ахстон сарæзтой, уый тæккæ раз арты ´взæгтæ бæлæсты цъуппытæм хæццæ кæнынц. Арты ´ртæхтæ судзынц, сæгъы цæстау, ирд арвы риу. Ноджы йæ алыварс гуыбыр-гуыбыр уыцы разæнгардæй рауай-бауай кæны иу чидæр. Арты сыллынджытæгæнæг æвзæгтыл калы хус сугтæ. Цыма искуыдæм лидзинаг у – æвдисы уыцы æнæвдæлонхуыз.

Цуцури йæм ныккаст бæстондæр: ацафон хæйрæг у æви адæймаг? Æмæ йæ базыдта – районаг хуыскъастæу, гуыбындзæл Джоджыкк. Цывзыджын судзагæй иунæг цъыртты тыххæй авдæнбæттæнмæ дæр хæхты сæрты агæпп кæндзæнис. Авдæнбæттæнмæ нæлгоймагæн цæугæйæ нæу ын куы зæгъай, уæддæр ауадздзæн йæ къух. Судзаджы хуыпп ын йæ мадæй зынаргъдæр у.

Лæг дæ, æмæ æркæс дæ хæдзармæ – де ‘мкъай, дæ уæрццы лæппынты хуызæн кæстæртæм. Сæ иуæй иннæ – фæкæсинагдæр. Баназ, мæ куыдз ыл амæлæд, ныр æнæ нуазгæ чи у; фæлæ йæ мидæг кæдæм хауыс, йæхæдæг дæ кæдæм нуазы? Дæ ахсæн де ‘ккой кæдæм скодтай? Æнæмæнг дын сывæллæттæ дæ быны къæцæлтæ тъыссын райдайой? Æмæ ма уæд кæй кæдæм æндавыс кæнæ цы у дæ цард, бецау дæ бон?

– Ай мæ чи дæ, æмæ нæ цæмæн судзыс? – Цуцурийæн йæхи куыд фæндыд, йæ фарст афтæ карз нæ рауад. Зынджы æвзагæй хызт сты, ницы фыд сыл æмбæлы, уый куы фæхатыд, уæд йæ зæрдæ цины рызт бакодта, æмæ йæ уый фæсаста. Уæддæр æй афарста дардæй.

– О, уæ рынтæ ахæрон, фæзындыстут?! – Джоджыккыл ракастысты хуртæ æмæ мæйтæ. – Кæм уыдыстут, кæ, нырмæ? Æз та, зæгъын, æгæр раджы куы рацæуат, ам мæ куынæ ´рбаййафат, æмæ куы адымат – æхсæвыцъæхæй мæ куысты сæр уыдтæн. Лæг йæ дзырдæй лæг у. Ныхас загътай, уæд йæ сæрты мауал ахиз. Æмæ мын æгæр раджы цыд фæцис. Тарстæн, зæгъын

мæ уæд та арс ныцъцъæл кодта – кæсут, кæуылты арт скодтон! Ахæм лæппу у, гъе, Джоджыкк!

– Джоджыкк, – фæфидардæр Цуцурийы дзыхы дзырд, – кæрдæгмæ куы аххæсса арт, хусбыныл куы анıдзæва, уæд цы ми кæнын ис дæ зæрды? Уæд ма йæ исты хуызы бауромдзынæ?

– А-а, ды куы дæ, – фенкъард Джоджыкк. – Зæгъынма, мæ хæстæджытæ æрбахæццæ сты. Зæгъын ма… Цæгатмæ лидзынц. Ам, дам, тагъд цард нал уыдзæнис. Хуытæ, дам, змæнтдзысты æмæ змæнтдзысты. Чи, дам, смуддзæнис уыдон смагмæ?!. Фæстаг хатт ма, дам, абадæм ацы дзæнæты къуымы. Сæ къах сæ нæ хæссы ардыгæй. Ирыстоныл мæрдтæм цæуынц, – йæ зæрдæ суынгæг Джоджыккæн. Уæддæр нæ лæууы йæ дзурынæй. – Скувæм, дам, нæ фæндаджы тыххæй… нæ зæдтæм… цалынмæ хуыты тæф не скодта, уæдмæ. Тагъд кæнынц. Нæ бацыдмæ, дам, нын физонджытæн хорз цæхæр скæн. Фæлæ æз, куыд кæсын, афтæмæй æгæр раджы цыд фæдæн… Нырма, куыд кæсыс, афтæмæй никуыцæй зынынц.

Фæфæсмон кодта лæппу, йæ дзуринæгты ком кæронмæ кæй байтыгъта, уый тыххæй. Уæдта йæ хæстæджыты нæ фæнды сæ фæндаджы кой, сæ царды фæндтæ ´ргом дзурын. Фæлæ ма цы – дæ арм байтыгътай, уæд цъиу атахт.

– Мацы басудз, Джоджыкк! Арсы ацы кæрдæджджыны куы ницы фæджиз дарай, уæд æнæ артæй дæр адæймаджы тæфтыл нæ ацæудзæнис. Æдылы у, мыййаг? Адæймаджы цæхджын фыдæй йын цъозатæ, саджы къах адджындæр сты.

Джоджыкк куы федта, Цуцури йæ цуры ´рлæууинаг нæу, уæд йæ фæдыл уайæгау ракодта: фæхатыд, лæппуйыл йæ фендæй хуртæ кæй нæ ракаст, уый? Нæ йæм фæхæрам, мыййаг? Æгайт ма ницы базыдта. Ирон лæг маст фыдæй-фыртмæ хæссы æмæ ацу уый дæ зæрдыл дар. Искуы та уыдонмæ дæр балæудзæн – бæрæгбоны, уæдта. Æмæ, уадз, йæ цæсгом зæронд лæджы раз æхсад уа. Цæмæн ыл акъуыра йæ былтæ?

– Цуцури... лæуууыдаис? – йæхийау, йе ‘взаг дæр зивæг кодта, уыцы дзырдтæ æуууилынмæ. Уæддæр, йæ сомбоны тасæй йæхицæн арæзта тыхми.

– Нæ мæ æвдæлы, – уый хыгъд фæндвидар уыдис Цуцури. – Тагъд кæнын. Сæумæцъыккæй мæм районмæ сидынц. Хицауад.

– Цы дæ ферох хицауадмæ?! Сæфт дæр – сæфт, æмæ – уыдон дæр! Районæй дын зæгъын. Алчи сæ ´ндзары æрмæст йæхи гуылы бын. Сæ муртæ фæфалейæ кодтой. Хидты бын минæтæ ´вæринаг сты. Кæд, дам, дæлзутæгтæ бырсой, уæд, дам, сæ срæмудздзыстæм. Хидты. Æмæ Цæгат Ирмæ – лидзгæ!

– Æмæ сæ куы срæмудзой, уæд ма фалæмæ цæмæн лидзынц? Уый фæстæ ма дæлзутæгтæй цæмæй тæрсынц?

– Æй, дæ хæдзары бындырылæй, Цуцури! – худæгæй бакъæцæл Джоджыкк. – Хидтæ, дам, срæмудзыстæм, хидтæ. Цъиу дæр, дам, куыннæ уал ратæха нæ фæстæ. Сæ бонæй уой, цыма хидтæ уыдон сарæзтой.

– Æмæ стæй Чъреба?.. – æцæг фæтарст Цуцури.

– Чъреба, дам, цыфæнды кæнæнт! Лæуууыдаис... – Джоджыккæн заманайы ´хсызгон уыдис, æгас комыйаргъ лæгимæ уæддæр иумæйаг æвзаг кæй ссардта. Æгайтма дзы цъæхдæндагæй нæ цæуы. Æгайтма йæм йæ фæндæгтæ нæ сæхгæдта. Хох хохыл не ‘мбæлы, æндæра, адæймаг адæймагыл – алы хатт дæр. Уæлдайдæр, бæрæгбонты. Æмæ зæрдæнцой уыдзæнис.

– Хицауад мæм йæхæдæг сиды. Рæстæгыл æм куынæ фæзынон...

– Æй, æнæрай скæн дæ хицауадæй... Кæм дын бабæздзысты? Кæм цы бахæрой æмæ, рæстæг кæм арвитой, æндæр сæ зæххы цъарыл никуы ницы æндавы... Бынтондæр! Хуыцауы ардыстæн. Колхозы муртæ хæрд фесты. Уæддæр, дам, хæст уыдзæнис. Йæ быны – сæ сæртæ. Бынтон нæм куы ничи цæуа, уæддæр сæ уыдон тыхæй æрбабырсын кæндзысты, цæмæй сæ фæдтæ фесафой. Куыд ныххафтой æмæ фесæфтой советон хицауады, уыцы фæдтæ. Бынхортæ!..

Лæг ын рæстмæ нал ахста йæ дзырдтæ. Джоджыкк баназа æмæ бахæрайæ кæуыл худы, уый – сæфт æмæ сæфт, æндæр дзы ницы уал зæгъæн ис. Ныр дзы Джиуæргуыбатæм æнæмæнг цæу, цалдæраздзыд цæу агурдзæнис, æндæр æм, уæдæ, цæмæн сиды? Æвæццæгæн, комбæсты æмбудæнтыл цыдæр дæлгоммæ ныхас аныдзæвд йæ цæуы тыххæй, æндæра йын æй иууыл цы ´мбарæнтæ кæнынц?

Сагъæстæгæнгæ, районы хидмæ куыд фæцæй хæццæ кодта, уый нæ фæхатыд. Фæлæ иу хæдтулгæ йæ иувæрсты ахæм фæдисæй адзæхст ласта, æмæ йæ фæстæ кæсгæйæ баззад: кæдæм хабар кæны, исчи йæ суры? Сæ комбæстæм æвзæр фæндаджы тыххæй тулæг цалх куынæ цæуы, – ма сын ныцъцъæл уой æвзæр фæндæгтыл, – уæд уымæй цы айрох сæумæцъыккæй?

Ахæм сагъæстæгæнгæ, йæ фæндагмæ куы раздæхт, уæд кæсы æмæ, йæ разы кæуылдæр йæ нымæтхуд цæсгомæрдæм ныззæбул, йе ‘ккой – æфсæддон дзæкъулы цыдæр даргъгомау, тымбыл æвæрд, афтæмæй стыр къахдзæфтæй æруад нæуууæвæрд фæндагыл. Йæ зæрды уыд поствæндаг фæлыг кæнын. Цуцурийы рæзты фæндаджы иннæ фарс къахвæндагмæ ахизын. Цыма искæмæй æмбæхста йæхи.

Цас базонинаг ын уыд Тутила. Горæты цæры, фæлæ йæ фыды хæдзар нæ федзæрæг кодта. Ныр та дзы бынтондæр æрбæстон. Пенсийы ацыд æмæ хицауадимæ бадзырд сарæзта: радтой йын Дæлвæзы цад, самал ын кодтой иу рæсугъд бæлæгъ, мызд ын фидынц æмæ, дам, уын иу азы фæстæ цалдæр тоннæйы раттдзынæн удæгас кæсæгтæ. Сæхи Дæлвæзы цадæй! Дон æргомæй кæмæ не ‘фты. Дон æргомæй æддæмæ кæмæй нæ цæуы! Цалдæр тоннæйы удæгас кæсæгтæ!.. Уæдæ! Æмбаргæ адæмы дисæй мары.

Рагæй дæр æй хæйрæг, стæй сæрæн лæгæй зыдта Цуцури. Хицауады æдылыйæ кæй пайда кæны, уый йын чысыл цыма ´хсызгон уыдис. Фæлæ, уæддæр, тоннæтæ удæгас кæсаг кæм ссардзæнис, кæдмæ сайдзæнис, йæ бонæй йæ уа, хицауады, уый нæ ахста йæ зонд.

– Дæ райсом хорз, Тутила. Кæдæм фæдис кæныс?

Тутила йæм не ‘рлæууыд. Диссаг дæр уый уыдис. Йæхицæй æнæвдæлондæр куы ничи у æмæ ма уый дæр «Дæ бон хорз» зæгъыны фадат куы ис. Уанцон æнæвдæлон нæу. Тутила йын цæугæ-цæуын раарфæ кодта:

– Кæй райсом у, уый хорзæх дæ уæд, Цуцури. Зæгъын, сывæллæтты абæрæг кæнон. Горæтмæ уайын, горæтмæ. Нæхимæ.

Цæй сывæллæттæ! Йæ лæппутæ – усгуртæ, йæ чызджытæ – чындзыцыд. Сæхæдæг – цотджын. Уæддæр – сывæллæттæ! Ма фæцудæнт?!. Ныййарæджы зæрдæ куыйтæн аппаринаг у, æндæр ницы. Нæ кæстæртæ æртыггаг къæхты æхxуысæй райдайдзысты цæуын, мах сæм уæддæр дзидзидайты цæстæй кæсдзыстæм. Гыгъгъытæ. Скъулбадæг сæ кæнæм æмæ, сæ астæутæ куы ницæмæ уал фæтасынц, уæд диссæгтæ фæкæнæм: «Афтæ лодырæй кæмæй фæци? Исчи ма йæм кæсæд, йæ астæу куыд ницæмæ тасы, гормæттæ?!.»

– Уæ Падо! – хæстæг хæдзармæ дзырдтой дыууæ æвзонг лæппуйы. – Падо, хæдзары нæ дæ, хæдзары?!. Уæдæ кæм дæ ацафон, дæ хæдзары бындар фæуай?!. Ракæс ма æддæмæ!

Цыма, цыдæр сæхиадыл нæ уыдысты. Ныллæгдæр, къæсхуырдæр чи уыдис, уымæн-иу йæ сæр рæстæгæйрæстæгмæ æрхаудта йæ риуыл. Йæ даргъ дзыккутæ-иу йæ цыргъ цæсгомыл æркалдысты. Æвæццæгæн ын йæ уадултæ хордтой. Хæрдмæ-иу сæ уыцы сæртæг тъæпп скодта. Йæхæдæг дæр-иу йæ тæнæг бецыччы уæзæй фæцудыдта фæстæмæ. Уæддæр-иу сæ бæрзæйырдæм афаста йæ лыстæг æнгуылдзтæй.

Рахызт сæм сæхицæй чысыл кардæр лæппу, æмæ йыл сæ фендæй сæумæрайсом бонрæфты хуртæ ракастысты. Ныццин сыл кодта:

– Мæнæ ма кæй федтон! Мидæмæ, мидæмæ!..

– Гъориайæн йе ‘фсымæр амард, æмæ дæ райсом зианмæ хоны.

– Рахизут мидæмæ, рухс ын зæгъæм, мæгуыр, – ныттыххæй сыл фысым. – О, о, о!.. Цас нозта, цас!..

– Нырма раджы у. Алы хæдзары куы нуазæм… – тыхст бæрзонддæр.

– Знагимæ рæстæгыл æмбæлы схæцын!.. Стæй уын мæ хæдзар кæд ссис алы хæдзар? Цыма уæ нæ фæнды!..

– Америкæйы, куы цæрис, Падо… Уæд дын голладжы дзаг улупа фидиккой, – къæсхуыр уайтагъд сразы йемæ.

– Стæй – цъæхтæй! – уыцы æхсызгон уыдис фысымæн.

Цуцури сæм дардта йæ цæст, фæлæ ныхас Тутилаимæ кодта:

– Æмæ кæдæм зыгъуыммæ цæуыс, фæндагыл дæ ничи уадзы? – ацамыдта йын горæты фæндагмæ.

– Уадзгæ, ома, цæмæннæ, фæлæ уæлæ бæлæсты аууæтты рæгътыл бауайдзынæн, æмæ ныртæккæ Чъребайы дæн. Ды кæдæм цæуыс?

– Районмæ. Хицауад мæм сиды.

Тутила хицауады коймæ ницы уал сдзырдта. Рагæй зонгæ йын уыдысты хицæутты хабæрттæ. Фæлæ сæ йæ зæрдæ никуы барухс. Стæй сæ кæд кæй зæрдæ барухс сæхи хуызæттæй дарддæр? Фæзылд, æмæ фæцæуæг хæдзæртты иувæрсты. Уæддæр Цуцури хорз ауадта, йæ дзæкъулæй кæй зындис цыдæр бедрайы хуызæн. Йæ фисынтæ йæ бæрæг æвдыстой. Æмæ бамбæрста хабар. Æрбалæууыд йæ зæрдыл, цады, дам, кæсæгтæ сусæгæй ахсы, æмæ сæ ноджы сусæгæйдæр хæры.

«Иунæгæй сæ кæм хæрдзæнис. Йæ фарсыл та куыд бахæцдзысты? Куыннæ сæ хайджын кæндзæнис йæ бинонты дæр», – худæгау бакодта лæг.

– Хицауад никуыдæм ирвæзы, – йæ фысымты кæрты дуарыл дыууæ къухæй ныххæцыд дзыккуджын лæппу, æмæ йе уæхсчы сæрты фæстæмæ дзуры дыууæ лæгмæ, – фæлæ… Гъориайæн йе ‘фсымæр амард æмæ хистмæ хуынд уыдзыстут. Бамбæрстат? Æнæмæнг-иу фæзынут… Гъориайæн йæхицæн æнæзонгæйы хист дæр æнæхæрд куынæ ирвæзы…

Ничи сæ ницы сдзырдта. Тутила бæлæсты ´хсæнты фæауууон къахвæндагыл. Цуцури араст, йæ къæдз

лæдзæгæй хиды асфалтрагъ хойгæ. Гъориа ном йæ фыны дæр никуы ´рцахста. Цы ма сæ фарстаид.

Æгас районы адæм ын цъиуæй-бæдулæй зындгонд уыдысты. Æмæ цыма æмдзырд бакодтой – иууылдæр æй амыты-уымыты фарстой, кæдæм цæуы, уымæй. Цæмæн, уый йæм тынг дызæрдыккаг кæсын райдыдта. Цæй тыххæй йæ фæдзæхста йе ‘мкъай: куыстæй дæ куы исой, уæд-иу?.. Кæцæй ракъахта, куыстæй йæ куы исой?.. Чи йæм фæхæццæ кодта уыцы ног хабар фæдисæй? Стæй адæм афтæ кæд цымыдис кодтой йæ балцмæ? Исты дзы ´мбæхсынц?..

Тымбылфындз, тымбылуадул Сириноз æм лæугæ не ‘ркодта. Йæ галиу къухæй рæхысбастæй йæ фæдыл тыхæй ласта дыууæ къæбылайы. Йæ рахиз къухы цы пыхс уис уыдис, уымæй та сын фæстæмæ сæ мукъутæ тъæпп кодта.

Йæ национ идейæ æгас районы арæнтæй дарддæр уыд зындгонд: «Адæмæн æддагон знаг куынæ уа, уæд, бийайау, мидæгæй æмбийынц. Æмæ йæ къæбылаты ахуыр кодта лæбурын. Удгоймагæй се сæфт куыд уыной. Къæбылатæ – сомбоны арцдæндаг куыйтæ. Куыд сыл хæцой. Адæмыл. Куыд сæ хæрой. Куынæгмæ сæ куыд тæрой… Цæмæй адæм куыйтæй тæрсой æмæ æнгом хæцой сæ кæрæдзийыл. Æндæра, сæ туг ныууазал. Знаг сын нал ис. Уымæ гæсгæ сæ кæрæдзи хæрынц».

Æмæ йын йæ идейæхæсджытæ йæхиуыл дæр нæ ауæрдынц. Кæдæм баххæссынц, уым ыл ныззезелæг вæййынц сæ зæгæлты хуызæн цыргъ дæндæгтæй. Йæ бæмбæдждждын хæлафы кæд се ссыртæ нæма хизынц, уæддæр æй фæринкгай хæссы, зæбул-зæбулгæнгæ. Фæлæ уыдæтты тыххæй ской кæнын никæй уадзы. Йæ сæры цы ныффæнд кодта фидарæй, уый æнæмæнгæй ахæццæ кæндзæнис кæронмæ. Уæлахизы кæронмæ. Стæй кæсут æнæсæттон адæммæ. Йæ цæсты фаг сын цæмæ бæллы, уый сын æнæмæнг фендзæнис. Байрайдзæн йæ цуанонтæй, уæдæ, цы. Йæ ныфс уыдоныл æфтыд у. Цуцурийы фенгæйæ дæр нæ райхæлд йе ‘рфгуыты ´лхынцъ. Цыма йыл фарста кодта:

– Ай мæ Цуцури нæ дæ?

– Цуцури дæн.

– Æмæ кæдæм цæуыс?

– Хицауад мæм сиды.

– Куыйтæ... – Сириноз æм йæ фæлдæхт æрфгуыты бынты уæлдай каст нæ бакодта. Цы бакæсыны аккаг ын у. Нæ дæр йæ къæбылатæм акаст. Уæддæр сын йæ пыхсуисæй фæстæмæ уыцы рæвдз атъæпп кодта сæ мукъутæ. Æмæ лæг нæ бамбæрста – кæй схуыдта куыйтæ: йæ къæбылаты æви?.. Æви?..

Уæдæ, æмæ хицауадмæ, æцæг, хæстæгдæр чи вæййынц, уыдон сын хуыздæр уынынц сæ хæлд митæ æмæ сæ дзинæдтæ. Сабийы йæ мад хуыздæр фæзоны. Се 'взаг дæр ницæйаг хицæуттæм уый тыххæй суадзынц. Сæ фарсмæ чи вæййынц, сæ фæлхортæй кæмæ нæ хауы, уыдон. Фæлæ, гормæттæ, уанцон куыйтæ æмæ хæрджыты кой куыд æмбæлы кæнын?..

«Нæ, йæ къæбылаты кой йæм уыдис», – Цуцурийы нæ фæндыд Сиринозы ныхæстыл æууæндыл. Æнæуый дæр хур бæндæнбæрц суадис арвыл æмæ батæвд йæ зæрдæ. Адæмы хынц фарстæй дæр йæ цæстытæ тарытæ кæнын райдыдтой.

Кæд æм Хицауад, æцæг, йæ Джиуæргуыбайы, йæ зæды хайы номыл кæй рахицæн кодта, уыцы цæуы тыххæй дзуры, уый йын йæхи æрдыгæй фæкæнын ис йæ сæнтты, уæд уый цы хуызы йæ зæрды ис саразын куыдзы фыртæн?.. Хицауадæн. Тыхæй, куыстæй йæ фæсурыны тæсæй йын æй байсдзæнис?

«Куыдзы...» – лæг йæ фырмæстæй никæмæ уал каст. Йæ цæстæнгас зæххыл хафта, афтæмæй, зивæггæнгæ, балæууыд хицауады хæдзары. Нæ йæ фæндыд, ныр æй бынтон нал фæндыд сæ фенын, фæлæ фæстæмæ дæр куыд аздæхтаид? Стæй цы хуызы, уый нæ зыдта. Куыд ис афтæ гæнæн, фæсæпп-сæпп кæн кæцæйкæдæм сæ сидтмæ, фæлæ сæм цæугæ мауал бакæн? Цыдæр æфсæнттæ ссар – «уоу-у, уоу-у» мæ гуыбын срыст, мæ къахы сындз фæныхст», афтæмæй фæзил æмæ дæ хæдзармæ ныййарц у.

Нæ-æ, кæд лæг дæ, уæд де ‘ргъом кæронмæ хæсгæ у, дæхи ма радав-бадав кæн, фæлæ ныггуыбыр у, æмæ цу дæ равзæрст фæндагыл адзалы онг. Нæ рагон, кадджын фыдæлтæ-иу афтæ кодтой, афтæ. Фæрнджын уый тыххæй уыдысты.

Цыма йæ къæхтыл дуртæ баст уыд, афтæмæй йæ исчи бæндæнæй ласта йæ фæдыл, раст уый цыд кодта. Стæй – ноджы зивæггæнгæдæрæй.

Дуаргæсæн «Дæ бон хорз!», загъта, райста йын йæ къух, фæлæ йæм не ‘рлæууыд. Цыдæр мадзура, суццагонд лæг у. Йемæ уый тыххæй никуы уыд хæлар. Уæддæр, цæмæй йыл уый зæрдæ мацæмæй бахудтаид, афтæ ма загътаид, ома, кæфтæй-кæсæгмæ цыдæргур æрхаудта, уый тыххæй бакодта:

– Хицауад мæм йæхæдæг сиды, – æмæ зивæггæнгæ схызт асинтыл.

Хицаумæ бахизæны цы къаннæггомау уат уыдис, уым адæм, мыдыл бындзытæ куыд ныттымбыл уой, уыйау бæз-бæз кодтой. Фæлæ иууылдæр уыцы туаг цæстæнгас лæвæрдтой. Иустæмтæй дарддæр сæ Цуцурийæн æнæзонгæ ничи уыд. Уæлдайдæр, нæлгоймæгтæй. Æмæ сын иуæггай иста сæ къухтæ. Фæлæ дзы хицауы дуаргæрон урæд чызг ныссагъта йæ фæрсæджы цæстæнгас. Стæй уыцы гæпп фæкодта:

– Фæлæу… Ныртæккæ йын зæгъон… – хицауы хатæны ´рттивгæ дуар æй цыма йæ риуыл атылдта æмæ атыхта йæ мидæг – фæтары.

Хицауы дуаргæрон чи хус кодтой – искуы сæ айсдзæнис, сæ зæрдæты судзæгтæ йын суадздзысты æви нæ, уыдон, мæгуыр сæ бон, дисгæнгæ, иу каст хицауы æрттиваг дуармæ кæнынц, иннæ – Цуцуримæ. Истæмæй йæ афæрсой, уымæ дæр æххæстæй нал хæссынц сæ ныфс – афтæ стыр лæг сси, æмæ йæ хицауы дуаргæрон алæууын нæ уадзынц?

Хицау – ныллæг, къæсхуыр, тæнтъигъæг. Йæ лопъо сæры хилтæ дыууæрдыгæй стымбыл кодта нарæг тылы астæумæ æмæ сæ уым балхынцъытæ кодта сæ кæрæдзиимæ. Йæ гуыбыр фындз ыл уæз кæны размæ.

Ӕмæ йæ, чи зоны, æппаргæ дæр ракодтаид. Йæ сæрты. Фындзæй зæгъын. Чи зоны, йæ сæрты йæ размæ раппæрстаид. Фæлæ йæ нæ уагътой, фæстæмæ йыл хæцыдысты йæ рустыл ауыгъд хæлынтæ. Йæ сау костюм æмæ йыл хæнтурс хæдон дæр ауыгъды хуызæн уыдысты. Зæбул-зæбул ыл кодтой, гормæттæ. Худгæ рацыд Цуцурийы размæ. Ныджджыгъгъитт æм кодта йæ аразгæ урс-урсид дæндæгтæ…

Дæндæгтæ сæ схонæм… Ӕмæ уый цас раст уыдзæнис, нæ зонын… Ныртæккæ ахæмтæ саразын кæнынæй хæдзар скæнын бирæ, тынг бирæ æнцондæр у, фæдзурынц. Уыдæттæ, зæгъынц, æцæг бонкалдты къухы ´фтынц. Йæ цард йæ къахæй чи ассон-ассон кæны, ахæмты къухы. Ӕмæ, дам, хынджылæгæн фæдзурынц: «Мæ дæндæгтæ мæ хæзна сты».

Уый дын Хицауад, куыдзы сæр макуы бахæрой! Кæцæй-кæдæм æй фæцæуын кодта æхсæвыцъæхæй! Кæцæй-кæдæм!.. Дард фæхæсс æмæ гыццыл куыдзы фыртæн комкоммæ йе ‘рттиваг дæндæгтæн иу зæрдæйы фæндиаг дæнг ратт… Иуæггай сæ куыд… Ӕмæ йыл, мæстæймарæгау, ныххырх – «Уый дын, кæйдæр къулбадæджы сæныкк, Джиуæргуыбамæ зилгæ цæу!»

Цуцури зыдта, горæттаг хицæуттæ, дам, сæ дæлдæртæн сæхицæй æвзæрдæрты æмæ дæлтъурдæрты февзарынц. Ӕмæ уыдон та, æвзæрдæртæн, дæлтъуртæн… Сæ фæйнæ мадæн… Адæмыл… фæтæрæн кæнын вæййы сæ зæрды – кæсут, æз сымахæй хуыздæр, тыхджындæр, бонкалддæр дæн, ома. Ӕмæ, зæгъгæ, зонут, адæм, уæ куыдзы бынат.

«Куыдзы фырттæ! Куыдзы фырт! Сириноз адонæй дзырдта, уæдæ, æндæр кæмæй?! Ӕндæр, уæдæ, кæмæ бадзырдтаид ахæм номæй?!.»

Бынтон уæлладжы шофыр, дам, уыдис. Ацы хицауад. Далæ кæд æмæ кæд уыдис уый! Уæд ма нæм нæ фыдбоны сыхæгтæ æвæрдтой хицæуттæ. Стæй æрмæст хицæуттæ цæмæн?!. Цыфæнды бынаты кæйфæнды æвæр, уæддæр уыдонæй разыйы ныхас куынæ уыдаид, уæд дæ гал – æгæвдæс. Исчи æрæхснырста,

зæгъгæ, уæддæр ын цæр зæгъыны тыххæй уыдон куынæ афарстаис, уæд дæм зулмæ кастаиккой. Дæллæгтæ. Сæ зæрды нæм кæсын та рагæйфæстæмæ уæлейæ бынмæ ис. Табу сын куыд кæнæм, уыдон та ныл алы худæг ныхæстæй сæхи куыд ирхæфсой. Уыдон, цыма, уæздæттæ сты, мах та – æхxуырстытæ, цыма. Ома, нæ рагон бынæттæ фæивтам. Уæдæ, уæдæ. Афтæтæ дзурын ис сæ зæрды.

Уыцы зул цæстæнгас цы нысан кодта, уый нæ алчи дæр хорз зыдта æмæ зоны. Куыстдæттæг… æви, куыстмæисæг, йæхи куыстæй дæр кæд фæхауæккаг уыдаид, хæйрæг – йæ зонæг.

Омæ, дам, ацы куыдзы фырт, бынтон уæлладжы шофыр уыд. Йæ лæггадгæнæг. Йæ цумайы лæппу. Æмæ та иу бон сæ калакаг хицæутты раз лæгæвзæрстæй куы балæууиккой сæ къæхты æлгътыл... Дæрттыл æркафгæ… Цæмæй сын æхсыд стæг раппарой.

Уыдонæн та… Сæ дæллаг… дæлимон хицæуттæн… цæргæ-цæрæнбонты, цинтæ-цунтæгæнгæйæ дæр, мах афхæрынæй хуыздæр мацы ракæн. Цæмæй ныл дæлæмæ хæцой. Уæлæмæ скæсынæй æфсæрмы кæнæм. Афтæ нæм кæса, уыдон уæлбикъонтæ сты, мах уыдон цур, хæхты хуызæнæй – дæлæмæдзыдтæ. Æмæ сæ чидæр ацы дæлæмæдзыдыл бахудт:

– Ирæттæ иууыл дæр бæрзæндтæ, бæзæрхыгтæ, уонгджынтæ куы сты, уæд ды кæмæй фæдæ, мæгуыр дæ бон? Цæй дæлæмæдзыд дæ, ирон?!.

Ай, дам, дзурæгмæ йæхи фæгæмæл кодта:

– Дæхæдæг ирон! Æз дæлзутаг дæн!

Æрмæст дæ цæстытыл ауайын кæн, цы хуызæн фæуыдаиккой мах кадмондаг æппæлойтæ! Æргомæй сæхи фæтар кодтой, æцæгæй та фырцинæй сæ зæрдæтæ сæ риуты иннæрдæм рафæлдæхтысты.

Хицæуттæ иууылдæр кадыл мæлынц. Æмæ дæллæгтæн цыма исчи сæ цæсгæмттыл, чи сын нæй, уыцы цæсгæмттыл, æвзæр… цъыф батъæпæн кодта, раст афтæ фесты. Æвиппайды ма сæ дзырд, хуымæтæджы дзырд исчи сæппарстаид, уый сæ никæй уал бон уыд.

Бандзыг, бампылд, бадонзоныг сты. Ирæтты цæсты нæхæдæг нæхи ныххудинаг кодтам, зæгъгæ.

Уый, дам, цы ‘хсызгон уыд нæ хицæуттæн! Уыдон дæр сæ кæрæдзимæ сусæгæй ком куыннæ фæхæссынц. Хицæуттæ. Æмæ сæ шофырæн – нырма, дам, нын нæ удæгасæй дæ хуызæн ничи балæггад кодта! Ракодтой йæ, æмæ къахæй-къухмæ цыдæриддæр хуыздæр дарæсыл йæ цæст æрæвæрдта, уыдон ын фелхæдтой. Фæндагыл равзаргæ рестораны йæ номыл сæрмагонд фынг сæвæрдтой. Фæкуывтой йын. Æмæ сын сæ куывтытæ Уæллаг айста – йæ дзырдарæхсты тыххæй дæлæмæдзыд ссис районы хицау!

– Мидæмæ! Мидæмæ!! Мидæмæ!!! – Цыма йæм Цуцури арвæй æрхаудта, зæххыл йæ къах дæр никуы авæрдта, уымæй зæрдæзæгъгæдæр уазæг æм никуы ма фæзындис, ахæм цин ыл ныккодт. Баскъæфта йæ кусæн хатæнмæ. – Мæнæ ам æрбад.

Лæг нæ фæхатыд, куыд æй авæрдта даргъ, æрттиваг фынджы фарсмæ. Абадын æй кодта, къух ыл авæрынæн дæр æвгъау чи уыдис, ахæм бандоныл. Йæхæдæг дæр ныууагъта йе ‘рттиваг, сæрак къæлæтджын. Æрбадт йæ ныхмæ. Уыцы, гæды худтытæгæнгæ, йæ фæрсы йæ хæдзары митæй, йæ куыстæй. Цыма йын йæ рыгтæ цæгъды.

Цуцури йæхи нымæры райдыдта тынгдæр мæсты кæнын: «Зилгæ цæуы кой ма скæн, куыдзы фырт! Зилгæ цæуы кой ма скæн! Уæддæр дæ гæды митæй ницы рауайдзæн! Дæуæй Джиуæргуыбайы зæд-дуаг уæлдæр лæууы æмæ дæхи ма ныххудинаг кæн!»

Йæхимæ дæр диссаг фæкаст, Сиринозы æфхæрæн ныхас, «куыдзы фырт», цы ныффидар йæ сæры? Скъахын мауал бакома, цæхх ыл акæн æмæ йæ, бирæгъы хайау, куыйтæн адыгъгъуытт кæнинаг зæрдæйæ? Æви йын хин – арвы хин æмæ зæххы кæлæн счынди?

Лæджы сæры уыцы фарстытæ куы ‘взæрдысты, уæд нал ахста хицауы гæды митæ. Æрмæст та-иу йæ сæры февзæрд цы ракæноны фæдзæхст: «Зилгæ цæуы кой ма скæн, куыдзы фырт!»

Ӕмæ йыл Джиуæргуыбайы зæды номæй бандæвта уыцы фæдзæхст. Хицауыл. Йæ фæсонæрхæджы дæр нал æрцахста зилгæ цæу нæ, хуымæтæджы цæу, цæукъайы кой дæр. Уый нæ, фæлæ Цуцуримæ ноджы ныххатыд – иу кофе, дам, нæ баназдзынæ мемæ.

Зæронд лæг æй рæстмæ нæ бамбæрста: цы йын нуазын кæны? Фæлæ йæ ахæм уагæй загъта, æмæ уыцы нозт æвзæр кæй нæ уыдаид, уый бæрæг уыд. Лæг дзы ноджы уымæн бафсæрм. Йæ зæрдыл æрбалæууыд, йæ ахуыр куыд у, афтæ райсом фæндаггагæн йæ дзыппы иу гыццыл, дзулы къæбæр кæй авæрдта. Хæрынæн нæ! Сывæллон у, æмæ æууилгæ цæудзæнис? Нæ-æ! Уæдта йæ исчи федта… иунæгæй цæхджын хойрагæй аходгæ. Хуыцау бахизæд уый. Фæлтау иу къуыри дæр стонгæй лæудзæнис. Хæрды кой не скæндзæн.

Афтæ сахуыр. Расом раджы бахæры. Кæд ын йе 'мкъай Чермены цæссыгæй дурыны йæ разы ´рæвæры, уæд ссары йæ Хуыцауы хай, йæ зæдты ном. Аназы иудыуæ, цæмæй фæзæрдæджын уа. Йæ цæуæнтыл йæ къахайст рогдæр уа. Ӕмæ цы кæны. Йæ бирæ фыдæбонæй цæй тыххæй ма уа цардхуыз, лæгхуыз? Хуыцау зæрдæджын адæймагмæ æндæр цæстæй кæсы. Йæхимæ йæ фæхæстæгдæр кæны. ауынаффæйы охыл. Хуыцауы дæлбазырмæ та алкæй дæр фæнды. Цуцурийы дæр. Йæ цæрæнбынаты номæй дæр уымæн у сæрыстыр – Хуыцауы дæлбазыр! Табу йын. Хуыцауæн.

Ӕмæ йæ дзыппы дзулы чысыл къæбæр нывæры. Йæ папиты йæ разæй акæны, æмæ араст вæййы йæ куыстмæ. Саубон-баизæрмæ, кæд искуы кæрдæджы хал кæнæ дыргъы мур акæны йæ дзыхы, – æфсæдынæн нæ, уанцон нæу, йæхи фæсайынæн, – æндæр йæ зæрдæ хæрд агургæ дæр не 'ркæны.

Уæддæр рæстæгæй-рæстæгмæ йæ дзыппæй сисы кæрдзыны къæбæр. Басмуды йæм. Зæрдæбынæй. Ӕмæ йæ царддæттæг, æвæджиаг тых ацæуы лæджы уæнгты. Бафсæды хойрагæн æрмæст йе 'хцон адæй! Афтæ – бон цалдæр хаты. Стæй, изæрæй хæдзармæ куы фездæхынц, уæд йæ зилгæ, даргъбоцъо, ыздыхстсы цæу, йæ сытæй

æвзидгæ, уырыссаг афицерау, йæ фидар къæхтæй къæрцц-къæрццгæнгæ, бацæуы лæджы размæ. Æмæ къæбæр уымæн бахæрын кæны.

Цуцури йæ дзыппыл аивæй æрхаста йæ арм. Уым ис йæ зæрдæлæууæн хойраджы ныфс. Уæдæ, æндæр цы фæуыдаид. Стæй батагъд кодта цæуыныл:

– Нырма цафон нуæзт у!

Хицау нæ фæтыхст:

– Уæд та – цай?

– Æддейæ дæм адæм лæууынц.

– Уыдонæн ницы у, – æмæ та йæ фæурæдта дуаргæрон. – Фæлæу-ма…

Цуцурийы нуæрттæ сæхимидæг ризын цыма райдыдтой. Ныккаст æм æмæ йæ фæдзæхста… æви йын лæгъстæ цыма кодта: «Зилгæ цæуы кой ма скæн!..» – уый бæрц рæвдауæн, æппæлттыты фæстæ зæронд лæгæн хицаумæ йæ цæст нал бауарзта æфхæрæн, цауд дзырдæй бадзурын. Уæддæр æй йæхи нымæры фæдзæхста ног æмæ ногæй. – «Фæлтау дын иннæ цæутæй кæцыфæндыйы дæр æркæндзынæн мæхæдæг.»

– Цы, уый зоныс… – Æфсæрм нæ кæны, уый йæ дзырды уагыл зынд, уæддæр фæсырх. – Знон, нæугæрон куы уыдыстæм… Чызгимæ. – Ацамыдта йæ хатæны æрбахизæнмæ. – Искæмæн æй загътай, мыййаг?

Лæджы зæрдыл æрбалæууыд, знон, изæрдалынгты хæдзармæ куы здæхт, уæд куыд æрхаудта иу лæппу æмæ чызгыл. Нæууыл тыгъд фынджы фарсмæ сæ кæрæдзиимæ… алы цинтæ, мондæгтæ кодтой. Лæг, – арвы цæхæр ацæуæд æвзæр хурхы сæрты, – цалынмæ йæ хурхы сæртæ нæ ахгæдтой, æмæ не схуыфыд, уæдмæ йæ уыдон уынгæ дæр нæ фæкодтой.

Адæймаг зæрырдæм цæстæй хорз нал фæуыны, æмæ уый зæгъ. Æндæра, знонæй ардæм иу фæкастæн куыннæ, куыннæ ацахста, йæ тæккæ раз сæ кæрæдзийы былтæ чи стъæрдтой… пуй, куыдз сыл макуы амæла… Куыннæ сæ базыдта?! Ныр хицауады раз, чи зоны, афтæ тынг нæ фефсæрм уыдаид.

Уæддæр фæцарæхст дзурынмæ:

– Æй, куыд амардтæн, гъе! Æмæ дæм чи зынын? Цуцури афтæ фесæфтис, афтæ, æмæ, кæйдæртау, цы уыны, цы зоны, уыдон адæмыл заргæ цæуы?! Æй, йæй-йæй! Уæд мын мæ судзгæ мард нæ федтай?!. Уæд мæ хистмæ не ’ссыдтæ, гормон?!. Æй, йæй-йæй, мæ сау табæтыл мын куыд схæцыдтæ!.. Æз, дзырдтæ чи хæссы, ахæм лæг дæм кæсын?..

Йæ цæхгæр ныхасæй ныр æцæг фæкъæмдзæстыг кодта «хицауады». Уæлдай сулæфын, уæлдай сдзурын æм нал сси йæ бон, ома, ай мæнæ йæхæдæг, искæй чи афæдзæхса, уыдонæй куы у. Фергом ын кодта йæ ныхас:

– Йе ’мкъайæ фæтарст, – Хицау ацамыдта, æрбахизæны цы чызг бады, уыйæрдæм, – ома, дам, мацы фæхата. Ма йын смаст кæна. Æндæра, æз!.. Æз царды алцæуыл дæр сфæлтæрдтон. Мæхицæн нæ тæрсын. Уый нырма æвзонг у. Æвæлтæрд.

– Æй, куыд амардтæн... Æвзонгæй дæр нæ уыдтæн ахæм. Мæ зæры бон ма кæнын афтæтæ. Уыйгæнæн куыд ис?!. – «Хицауады» йæ фæдыл кæсын дæр нал рауагъта. Тæргайгæнæгау, дуар рассыдта йæ фæдыл.

Фæлæ та йæм хус назы æхсныфы æнгæс чызг нымдзаст. «Уый у», – йæ фæрдыгджын, хурсыгъд бикъæй йæ базыдта. Æмæ дзы фефсæрм зæронд лæг. Цы акодтаид, уымæн ницы уал зыдта. Йæхи раст кæныны тыххæй дзы схаудта:

– Уæд Цуцури нæ амард, искæй куы нымудза! Цы мæ уæлфад гал лæууы, чи кæй усимæ... лæгимæ цæуы, уый мæнмæ кæцæй хауы? Уæд Цуцури нæ амард, Цуцури!.. Искæмæн куыд кæндзынæн уый кой?!.

Лæг фæхатыд, цынæ йын æмбæлы, цыдæр ахæм ныхас кæй кæны æвзонг чызгимæ. Худинаг чи у, ахæм ныхас. Йе ’фсæрмдзæстыг цæстæнгас æрцæй уагъта зæххырдæм. Фæлæ йæ скъуыырдта уыцы æдзæсгом къæбæдайы гом буарыл. Чызджы гом тæнтыл. Афæстиад бикъцæгыл. Лæджы цæстæнгас.

Знон дæр æм зæрæхсиды хуры фæстаг тынтæм фыццаг уый цæст ферттывта. Хицауад æй, уæрдæхау здыхстæй йæ риуыл куы рафæлдæхта... Фыццаг уый

судзгæ тын бахаудта йæ цæсты. Бикцæджы судзгæ тын. Æмæ йын йæ цæст цыма къахгæ акодта… Чи зоны…

Чи зоны, цæмæн? Æнæмæнг мондаггæнджыты рæстмæ уый рухсæй нал ацахста йæ сау сыджытæнхæринаг цæст. Æндæра сæ ныр… Уæд дæр уайтагъд куыннæ базыдтаид иунæг фæкастæн?

Лæг фыддæрæй фæтæрсгæ фемдзаст чызгмæ. Уый та хатæны лæууæг адæмыл ахста йæ къæйных, дисгæнæджы цæстæнгас, ома, ацы зæронд сæлхæрæн йæ зонд бынтон фæцыдис æви цытæ лæхуры?

Æмæ æлгъгæнæджы, уайдзæфгæнæджы, дисгæнæджы рызт бакодта лæджы зæрдæ: æппæт адæттæ цæстсайæнтæ сты, уынгæджы сæ макуы фæуа йæ сæр æви фынтæ? Æмæ цыфæнды фестæнт – йæхи æрцахсыны афон ын нæма у? Цы нæ фæччы æргом дзурын, уыдон цæмæн згъалы?

Нæ, кæд ма исты зоны, уæд уый у, знон «хицауадимæ» сæ кæрæдзийы чи дадтой, уыцы сылы къах. Уыцы фæрдыгбикъ… бæгънæг сылыкъах. Уыцы гыццыл… адæмы бынылзад мæлинаг. Дæлдæр фæуой. Ай тæрсы, йæ лæг æй куы базона, уымæй? Йæ Хицауад уый фæдзæхсынмæ æрхаудта, æндæр сын мацы бантыса?!. Æмæ йын æндæр куыст ницы ис? Уый уæртæ кæй быны абыра, кæй сæры астæумæ сгæпп кæна, ууыл куы у.

Хицауадмæ баирвæзыныл сæ мæрдты быцъынæг тонæг адæм та йæм цы кæлæны æмдзаст ныййисты? Йæ ныхыл ын арвы дуар гомæй ауыдтой? Æви сæ хицауадимæ сæ судзаггаг фарстытæ скъуыддзаг кæнынæй Цуцурийы ныхас тынгдæр æндавы? Æмæ уæд уым бадынæй Хуыцауæй бонсафæн цæмæн кæнынц, хæдзарæй – къæбæр?

Ныр æй рафæрс-бафæрс кæндзысты… Уыйбæрц адæм. Сæ чъизи æвзæгтæй бырдзысты йæ зæрдæмæ. Æмæ йæ ацы æнæвдæлонæй уыдонæй дарддæр ницы мæт ис? Уæлдайдæр, кæйдæр къулбадджыты хæлд миты тыххæй!

Цуцури фæзылд дуарæрдæм. Уæддæр, йæхи растгæнæгау, бакодта тыхстæй: «Æ-æ-æ, Цуцури нæ амард,

искæуыл дзырдтæ куы хæсса!..» – уайтагъд феддæдуар. Уыцы мæстыхуызæй, тæргайхуызæй, йæ къæдзлæдзæгæй асфалты рагъ хойгæ, йæ фæд йæ фæд уыцы рæвдзæй фæраст фæстæмæ. Ферох дзы искæимæ фæйнæ бæгæны баназын, исты хабæрттæй йæ афæрсын. Кæцæй-кæдæм кæйдæр хæлд митæ ´мбæхсыны тыххæй фæдисы фæцу!

Æмæ йæ зæрдыл цæмæндæр гæсгæ æрбалæууыд Гомер. Районæй йын алы хатт дæр аслам тамако фæхæссы йемæ. Æмæ сæ дыууæ дæр сæ кæрæдзийæ фæвæййынц иу галы бузныг. Цуцури – Гомерæй йæ бирæ арфæты тыххæй. Гомер  Цуцурийæ тамакойы тыххæй уыйбæрц райгондæй нæ баззайы, йæ зæрдыл кæй лæууы, уый йын алы хатт дæр куыд æхсызгон вæййы.

Ныр фырадæргæй фæцæй раст кодта афтид дзыппæй. Æмæ фæзылд цæхгæр. Балæууыд, фæндаджы был цы зест дукани уыдис, уый цур. Йе ‘нæвдæлон ахаст хорз зынд йæ цæсгомыл. Цыма йæ фендмæ рагæй бæллыдысты, уый пыррыччытæ йæм кæнынц дуканийы гыццыл, гом рудзынгæй рахауынæввонг дыууæ æвзонг чызджы:

– Цуцури, цы дæ зæрдæ агуры? Афтæ раджы хуымæтæджы не ‘рхæццæ уыдаис хохæй ардæм?

Цы сын зæгъа? Цы агуры йæ зæрдæ? Стæй исты куы ‘рцагура – зæгъæм… уæд та, тасгæ фынг; уæд та – галуанты цæрын; уæдта… – уæд  ын сæ бон исты бауыдзæнис йæ фæндаг ын арæсугъд кæныны тыххæй? Цы къух ын раттдзысты къулбадджытæ, хынц фарст, дæлгоммæ фарст æй куы кæнынц, уæд? Æви нæ царды сæйраг, нæ кæрæдзи цæмæй барæвдамæм, уый у, афтæмæй йæ не ´гуыдзæгæй нæ сæрмæ нæ хæссæм не ´взæр удты фыдæнæн, мæгуыр нæ бон?

Афтæ сæм кæсы, Цуцури ацæргæ кæй у, уыдон – æвзонг, Цуцури хохы кæй цæры, уыдон – районы, уый тыххæй цыма алцы дæр зонынц. Цуцури та, цыма, къуырма, къуытты, æнæмбаргæ у. Нæдæр сын сæ дæлгоммæ дзырдтæ хымпыры. Йæхи растгæнæгау сын уымæн бакодта:

– Хицауад мæм фæсидт. Знон изæр йæ цумагæнæн чызгимæ Тлийы хуымты уыдысты æмæ, дам æй макæмæн зæгъ. Цыма дзæгъæлдзых дæн. Цыма сæхихуызæн дæн æз дæр…

– Куыд, куыд, куыд?!. – Чызджытæ йæм рацæй хаудтой гыццыл дуканийы гыццылмур рудзынгæй.

– Мах æй æнæуый дæр тынг хорз зыдтам, сæ цæгæвæрд бикътæ, сæ цъындцæст пыррыччытæ нæ тынг хорзмæ кæй не ‘ркæндзысты! – чызджытæ ныхас, цингæнгæ, скъæфтой сæ кæрæдзийы дзыхтæй. Лæджы цæстыты раз æфтыдтой дидинæг. Фæлæ, афтæ тынг цæуыл цин кодтой, цы хорз сыл æрцыд, уый Цуцури æцæг нал æмбæрста.

– Æз сын ницы зонын. Кæйдæртау уæгъддзых нæ дæн. Никæй кой кæнинаг мæ ис. Кæй кæм хæры, уым æй ныхы, – Цуцури тамакотæ уыцы æнæвдæлон тъыстытæ кодта йе стыр дзыппыты. Æвæрдта сæ арф – ма йын схауой фæндагыл.

– Æмæ цы ми кодтой, цы? Кæмыты цытæ ныхтой? – Чыззыты схордтой се ‘взæгтæ. Куыд тынг сæ фæндыд уыцы гыццыл рудзынгæй рахауын!.. Бæлвырдæй сæ чи кæцы ныхæстæ дзырдта, уый æрцахсын нæ уыд тыхст лæджы бон. Тагъд кодта. Рæхджы – хосгæрдæн. Йæхи ма кæд срæвдз кæндзæнис? Йæ бæрæгбон, Атынæгмæ дæр. Хосгæрдæнмæ дæр.

– Цы ми кодтой… Мæнмæ кæцæй хауы? Ацы æнæвдæлонæй уырдыгæй ардæм искæй… тыххæй цу!.. Цыма дзæгъæлдзых дæн.

Цуцури, мæсты гуым-гуымгæнгæ, цыбыр къахдзæфтæй цыд, миты цæуæгау. Фæлæ тагъд зæрдæбынæй кодта. Æгайт-ма йын йæ зилгæ цæуы кой не ‘рæфтыдта уыцы… «Хицауад»! – Цуцурийы зæрдыл æрбалæууыд Сиринозы æрхуым дзурын: «Куыйтæ…» – Иннæ ми кæнинæгтæн истытæ кæндзæнис. Йæхи къухты не сты? Уæддæр ахста дзырдмондаг чызджыты зæрдиаг, фæлæ æлхыскъгæнæн пыррыччытæ.

Хицауады дуаргæс йæ бынаты нал уыд, фæлæ йæ Цуцури фиппайгæ дæр нæ фæкодта. Ныр уæртæ йæ

мардæнхæринаг уæныг ракæны бæндæнæй бастæй. Цуцуримæ йæ цæстытæ ныццавта фарсты нысанæн, ома, куыд тагъд сæ ссæрибар дæ. Хицауадæй. Сæхæдæг кæмæ фæсидынц, уыдон сæ афтæ æнцæнтты æмæ афтæ тæгъдты нæ фервæзынц.

Диссаг сты ацы районы цæрæг адæм. Тынг диссаг сты, сæ бындар фæуой. Афтæ сæ фæнды, горæттаг, уæздан, æнæфыдæбон, сыгъдæг цард дæр сын куы уаид, æмæ бæрæгбонæй, къаты бонæй сой бырынкъæй дæр куы цæуиккой. Æмæ иу гæпп хицауады куыстмæ кæнынц, дыууæ гæппы – сæ фосы бынтæ хафынмæ, сæ хуымзæххытæ рувынмæ. Цæргæ-цæрæнбонты базза-йынц дыууæты ´хсæн. Нæ цæргæстæ свæййынц, нал, уасджытæ уой, уый фæхæссынц сæ сæрмæ.

Уый дæр, хицауады дуаргæс, цалынмæ йæ хицау æрцагура, уæдмæ йæхи раппæрста йæ уæныг искуы хуымгæрон абæттынмæ. Фæлæ, хистæр Цуцурийы цæмæн агуырдта, уый базонын дæр æй фæндыд.

Цуцури, горæттæгтæ хабæрттæ базонынмæ цымы-дисдæр кæй сты, уый йæ сæр нырмæ кæй никуы ´рцахс-та, ууыл йæхинымæры бадис кодта. Уæддæр ын уазал зæрдæйæ рахабар кодта йæ маст:

– Знон изæр Тлийы хуымгæрон... йæ цумагæнæн чызгимæ дæлæ-уæлæ... нæууыл уыдысты... Æмæ, дам, макæмæн мацы срæди, дæлдæр фæуа. Цыма мæ ацы æнæвдæлонæй... кæнæ сæхиау дзæгъæлдзых дæн. Уы-дæттæм мæ ´вдæлы? Стæй мæ куы æвдæла, уæддæр уый заргæ цæудзынæн?

Дуаргæс ницы сдзырдта. Йæ цæстытæ ´ркодта æр-дæг цъынд, афтæмæй бандзыг. Цуцури куы араст йæ фæндагыл, уæд уый дæр йæ уæныг – йæ хисты кусæрт-таг, дугъонау, сæрыстырæй фæласы йæ фæдыл.

Цуцури, рæстæгыл дзы кæй фервæзт, уый тыххæй, зæгъгæ ницы кодта, æндæра дзы фæцис иу ифтыгъд галы бузныг. Æмæ цыбыр кодта йæ фæндаг. Фæлæ йæ фæскъæбутæй ацахста, дуаргæс йе ‘лгъывд дæндæгты ´хсæнты куыд ракодта тыхлæмæрст:

– Цъукънайы хæлд митæ уæддæр æргом кæнынц...

Цуцури бæстонæй нæ бамбæрста, «цъукъна» кæй хуыдта: лæджы, – лыгтæ бауа, – æви йæ рахизæны, кæуыл багæпп кæна, ахæм лæудæй чи хус кæны, йæ уыцы ´нафоны бикъцæгджын гаццайы?

Уæдæ! Макæмæн мацы зæгъон. Бамбæхсæм сæ, бецау. Æндæра, мæгуыр, фырæфсæрмæй зæххы скъуыды абырдзæнис. Фырæфсæрмæй цъæх арт суадздзæн. Йæ лæджы цæстæнгасæй, дам, хизы йæхи! Мæгуыртæг. Сылгоймаг, – сылбындар æй Уæллаг фæкæна, æмæ сæ мыггаджы рæхыс йæ галиу уæхскыл фæхæсса, – уæлдайдæр, уый карæн афтæтæ фæкæны?! Кæнæ йын кæд, æцæг, лæг ис, уæд ын адæмы ´хсæн цы кад кæны, мæгуыр йæ бон уыцы лæгæн!..

Лæг! Уый лæг куы уаид, уæд йæ усы æмбæхсинæгтæ нæлгоймæгты стонг цæстытыл нæ ауындзид. Лæгаулæг йæ сылыстæджы бикъцæгтæ хурмæ калын кæны, ноджы дæр æй дæлдæр Хуыцау фæкæна?!

Лæгæн йæ цæстытыл ауад, Сафиат йæ бикъыл фæрдыг куы бакæнид æмæ афтæмæй куы ´рцæй ласид цъыхырытæ. Хах-ха-ха!.. Худæг æм фæкаст. Æмæ йæм кæй нымдзаст, уый тыххæй фæкъæмдзæстыг йæхицæй.

Йæ дарæс фелвасынмæ нæлгоймаджы цур чи не ‘фсæрм кæны, йæ буар дзы чи не ‘мбæхсы, уый æндæр истæуыл дæр мæнæ-мæнæ фæстæ нæ фæхæцдзæнис. Æмæ йæ дæ хæдзары дар – мæнæ мын цы ис! Титыччы фæрдыг. Цы йæ æрвитыс кæимæдæр алы нæуууытыл æмæ хуымты къуыкъуырицпытæ кæнынмæ?!.

Пуй, лæджы ном худинаггæнджытæ! Æмæ йын хицауад йæ усы… кæдæмыты не ‘мбæлы, уымыты уый тыххæй ралас-балас кæны, уый тыххæй. Хицауады цæстæй фердæхыны фыдæй æввонг фæллой аирвæздзæнис?! Уайтагъд ыл сæ рахауинаг цæст андæдзы, сæ бон ныккалой. Фердæхыны фыдæй сын фæсвæд макуы мацы аззайа.

Куынæ стæй! Уайтагъд æй хыдзыкъайæ сæхимæ æрбатеу-теу кæнынц. Ома, фæсвæд аззайынæн æвгъау дæ. Æрхæцынц ыл, куыд зонынц, афтæ – мондаджы, кæрæф, æнæфсис хæстæй. Æрмыдул æй кæнынц сæ

дæрзæг æмæ сой æрмтты бын. Йæ къах атилынæн куынæ уал бауа. Æрмахуырæй æрмахуырдæр куыд феста. Уас адæмы тæригъæд сæ фарсы тæнæгæй акæлæд. Æмæ йын, цы ´мбæлы, уый кæны.

Нæ, Цуцури фидарæй цы зоны, уый зоны: худты нымæцы бæрц никуы ма уыдысты лæгтæ. Сæ фылдæр нæма систы худы аккаг, æндæра, сылыкъах, лæджы номыл чи уа, уыцы сылыкъах ахæм митæ кæнын йæ царды кæроныл кæй нымаид, уыдæттæ Цуцурийæн ничи бацамондзæн. Мæсты дæр уымæн кодта. Æмæ, Сириноз йæ разы уыцы бæрнджынæй, уыцы тæрхонгæнæджы хуызы куыд æрбалæууыд, уый нæ фæхатыд. Уымæн æм нымдзаст.

Къæбылатæ йыл уыцы цы ракæнонхуызæй къæукъæу кодтой сæ хицауы дыууæ фарсæй. Сæхи йæм бæргæ æууындзыдтой, фæлæ йын йæ цым лæдзæгæй æдас нæ уыдысты. Иу къахдзæф размæ кодтой, иннæ – фæстæмæ. Æмæ æгас бон кæдæй-уæдæй Цуцури æцæг бахудæнбыл:

– Гъы, гъы, гъы… Дæ бæллиц æххæст кæнын райдыдта, куыд уынын, афтæмæй, Сириноз.

Сириноз ын байрад йæ зонды фæллойæ. Алкæй бон нæу уыдæттæ ахсын. Бирæтæ йæ ´мбаргæ дæр нæ кæнынц, æмбаргæ. Лæгæн цы стыр фидæн тæлфы йæ сæнтты, уый æрцахсын алкæй бон нæу. Сæрыстыр æмæ райгондæй, уыцы разыйæ йæ къæбылаты былтæ бакъуырдта цъыхыры уисæй.

– Цы дын æрцæттæ кодтой?

Цуцури бамбæрста, Сиринозы дзæгъæлы хынджылæгмæ не ‘вдæлы. Гæнæн ис, йе ‘нусон маст æвиппайды ууыл акала. Адæймаг стыр нысанмæ куы фæтырны, куы ничи йæ фембары, уæд йæ нуæрттæ хæлаг сты. Йæ ныййарæг мады бафхæрынил дæр фæстæ нæ фæлæудзæнис. Уый та ныртæккæ ахæмтæм не ‘вдæлд æмæ батагъд кодта дзуаппыл:

– Нал мæ ныууагътой! Дысон изæр Тылийы хуыммгæрон йæ цумайы чызгимæ гæботæ кодтой æмæ, дам, мыййаг, искæмæн исты загътай? Цыма мæ ацы

ӕнӕвдӕлонӕй уыдӕттӕм ӕвдӕлы кӕнӕ дзӕгъӕлдзых дӕн. Уыдӕттӕ циттциттгӕнгӕ цӕудзынӕн?!.

– Куыйтӕ… – Сириноз ӕнӕвдӕлонӕй дарддӕр код-та йӕ фӕндаг.

«Куыйтӕ, куыйтӕ, уӕдӕ цы, – Цуцурийӕн йӕ иузӕрдыг цуанон Буртуз ӕрбалӕууыд йӕ зӕрдыл. Куы йӕ ракодтаид йемӕ, уӕд йӕхи аирхӕфстаид. Буртуз. Сӕхицӕй дарддӕр никуы ма уыдис.

Фӕлӕ, нӕ-ӕ, цуанон ӕмӕ ӕвзонг адӕймаг калак-тӕм куы афтынц, уӕд дзӕгъӕлкъах кӕнынц. Пайда сӕ нал ис. Буртуз хӕдзарон цуанон у. Хӕдзармӕ йӕ цӕст дарын – йӕ хӕс. Стӕй йыл афонмӕ фӕсвӕндӕгтӕй цас куыйтӕ къӕу-къӕу кӕниккой, хӕйрӕг йӕ зонӕг. Буртуз дӕр дзы куыдз ӕмӕ, Сириноз кӕй кой кӕны, уыдон дӕр. Ӕниу, куыдзы ном дӕр цы худинаг кӕнынц, ӕндӕр ницы. Куыдз йӕхицӕн рӕстӕгмӕ ˊмкъайӕн кӕй ӕвзары, уый – ӕргомӕй. Адон та ӕвзаргӕ иуты кӕнынц, быгъдулӕг, кӕуыл ӕрбамбӕлынц, уыдонимӕ. Нӕ митӕ адӕмы «зӕрдӕмӕдзӕугӕ» уый тыххӕй сты, нӕ бонӕй нӕ уа», – лӕг хидмӕ куыд бахӕццӕ, уый нӕ фӕхатыд. Ӕрӕнцой йын кодта йӕ фарсыл. Размӕ азӕбул ӕмӕ, куыд йӕ бон уыд, афтӕ цӕстӕнгасӕй бӕрджытӕ кодта хиды бынтӕ – фӕндыдис ӕй базонын, кӕм дзы нывӕрдтой минӕтӕ, кӕуылты йӕ ис сӕ зӕрды спырх кӕнын? Куы ницы зыны бынбауинӕгты куыстӕй? Чъреба ӕмӕ дӕлзутъӕгтӕн Цӕгатмӕ кӕ-уылты ӕрӕхгӕндзысты сӕ фӕндаг?

– Уӕ Бимбол, Бимбол! – хиды уыцы фарсӕй ахста хистмӕхонӕг, – о, о, хонӕг, ныр хистмӕ, мыггаджы куывдау, хонгӕ фӕкӕнынц, – лӕппуты цины ныхас. Уӕ Бимбол, кӕм дӕ, уӕдӕ?!

– Цы хабар у?

– Гъориайӕн… Офф, ӕрцӕй мын хауд. Ӕнӕрай макуы фӕу, кӕд куыд уӕззау дӕ?!. Оф-ф!.. Гъориайӕн йе ‘фсымӕр амард, ӕмӕ дӕ райсом хистмӕ хоны. Бамбӕрстай мӕ? Ӕнӕмӕнг-иу рацу! Кусарт… изӕры кӕнынц. Дӕ бон у, изӕры дӕр фӕзынай. Офф, ӕрцӕй мын хаудта…

– Æ, дæ хæдзар макуы фехæла, æмæ мард де ‘ккой куынæ рахæсс-бахæсс кæнай, уæд дæ ныхас никæй бауырндзæнис? – уый йæ Бимбол фæрсы.

Цуцури йæ къух ауагъта нозтылмард Джоджыккы ныхасыл. Чи сын уадзы хид пырх кæнын. Деттæ нозтфæлладæй йæ цæстытыл цыдæр ауад, зæгъгæ. Араст хидыл. Стæй йæ сæры фестъæлфыд: чи кæй мард рахæсс-бахæсс кæны йе ‘ккой?

Хиды уыцы фарс кæройнаг хæдзарæй фæлладæй, цуттытæгæнгæ рацæй цыд Гъориайы «хонджытæй» бæрзонддæр. Ныззылын, афтæмæй йе уæхскыл тыхæйты рахæссы йæ дзыккуджын æмбалы. Йæ къæхтæ размæ ныззæбул сты, йæ къухтæ æмæ йæ дзыккутæ – фæстæмæ. Йæ цыппæртæ цæугæ-цæуын цы змæлынц, æндæр ыл удæгасы бæрджытæй ницы уал рахатæн ис. Лæппу куы ацуды, уæд æм, чи кæсынц, уыдон баризынц, ныртæккæ зæххыл сæ тъæпп фæцæудзæнис, зæгъгæ. Фæлæ хаугæ нæ кæнынц. Æвæццæгæн, ахæм уаргъимæ фыццаг хатт нæ цыдис Бæрзонддæр. Йæ уæрджытæ йæ урæдтой.

Уæддæр æрлæууыд Цуцурийы цур. Нымдзаст æм. Гъориайы «хонæг».

– Дæу… фæхуыдтон, Цуцури? – афарста йæ бынтон æрæджыйау.

– Ойы, ойы, фæхуыдтай мæ, уæдæ мæ цы кодтай!

– Æмæ дæм цæмæн дзырдта хицауад?

– О, – дзуаппыл батагъд кодта лæг. – Деттæ йæ цъукъна чызг-лæггадгæнæгимæ знон Тлийы хуымгæрон дæлæ-уæлæ кодтой… Адæмы тæккæ фындзы бын. Ома, æцæг федзæрæг стæм – чи сæ уыны? Æмæ, дам, макæмæн мацы зæгъ. Цыма сæхи хуызæн дæн. Цыма уый адæмыл заргæ цæудзынæн. Мæ рæстæг мын Хуыцауы ницæй тыххæй байстой.

– Гъе, гъе, гъе!.. – ныццин кодта лæппу. –О-ф, æрцæй мын хаудта… Уæдæ… Махæн дæр дуæрттæ байгом сты!..

– Цæй дуæрттæ? – нæ йæ бамбæрста лæг.

– Ӕнæуый дæр… Йæ чеппыл нæ уыд. Ныр æй уромæг нал бауромдзæнис. Ӕмæ дзы кæд махмæ дæр истытæ ´рхауид! Цъукънайæ. Гъориайы ‘фсымæры уал фæдæлсыджыт кæнæм!.. – байрад лæппу, æмæ йе ‘мбалы йе уæхскыл баппæрста арфдæр. – Офф, æрцæй мын хаудта… фырцинæй…

Се сæфт цы адæмæн æрцæуы, уыдон фыццаг удæй райдайынц хæлын. Адæймагæн йæ уды ´вæджиагæй куы ницы уал баззайа, уæд æм хорзæй мацæмæ уал кæс. Фæлæ сæдæ-сæдæ, æрдзæ-сæдæ æнусты йæ цин æмæ йæ маст иу къæссайы чи фæхаста, адæймаджы фарн йæ-хи удæй бæрзонддæр чи ´вæрдта, уыцы ирон йæ царды лæджы фæд ныууадзын, фыст дзырды тых æнкъарын куы райдыдта, уæд кæм фæкалд? Кæцæй йæм цæуы хи уды æхцондзинадæн искæй æнамонд кæнын? Ӕви уый æмткæй адæмы сæфт у? Уый æмткæй у адæмы сæфт.

Ӕмæ, Хуыцау нын хо æмæ æфсымæрæн кæй радты, нæ циард нын кæй фарныл хæссын æмбæлы, уыдон уай-тагъд нæ иу уысмы цинтыл аивæм. Цыма æцæгæй афтæ ´мбæлы. Стæй диссаг цы у: нæ иубонон æхцондзинады тыххæй чидæр, мæгуыр, йæ цард-цæрæнбонты ныфс-саст, сæркъулæй кæй баззайы, уый зонын нæ фæндгæ дæр нæ фæкæны.

– Цуцури, дæ къахайст фæрæвдздæр кæн! Ӕви фæллайын райдыдтай? – уыцы фарс фæндаджы былыл йæ размæ къæдзæх дурыл бады Тутила, æмæ йын кæсы йæ бацыдмæ. Цыдæр ын æрцæттæ кодта.

– Рæвдз æй кæнын, рæвдз, – бакодта, фæлæ йæ дзырдтæ, фыццаг миты рæдзæ-мæдзæгæнæг бындз-гуытау, йæ рихиты бын тадысты.

Ноджы йæ зæрдыл æрбалæууыд, Тутила райсомæй куыд æнæвдæлонæй тагъд кодта сæхимæ, Чъребамæ. Машинæмæ дæр нæ лæууыд. Уæлæты, дам, рæгътыл бæлæсты ауæтты сындæггай бауайдзынæн. Афтæмæй дугъ кодта. Йæ фезмæлдыл цæст нæ хæцыд. Ӕви ма уæдæй ардæм ам бады?

Бадт, бадт. Ныр. Каст Цуцуримæ. Цыма йæ ныр-тæккæ ауыдта, уый цин ыл бакодта. Афтæмæй йын

райсом йæ фенд цыма æхсызгон нæ уыдис. Лæугæ дæр æм не ‘ркодта. Ныр ын райста йæ къух. Райгæ фæраст йемæ. Æмæ йыл бадис кодта бæлццон:

– Тутила, афтæ нæ загътай, Чъребамæ, дам, цæуын?

– Æмæ уыдтæн!

Цуцурийы цæст андæгъд лæджы тæбæкк дзæкъулыл. Бамбæрста, райсом дзы йæхи цæмæн тылиф кодта, ныр та йæ разы цæмæн бадт – хуыснæггагæй фервæзын удыбæстæ у. Йæ мидбылты йыл уый тыххæй бахудт æнцой зæрдæйæ.

– Уыдтæн, Цуцури. Уыдтæн Чъребайы. Мæ фыртыл бакуыдтон. Мæхицæн мæнæ иу-дыууæ кæрдзын рахастон æмæ фæстæмæ раздæхтæн. Дæлæ хиды цур æрхызтæн машинæйæ. Иу лæппу мæ уыййонг йæ хæдтулгæйыл хионау авæрдта. Фæрнæй йыл фæцæуæд. Хуыздæр хæдтулгætæй йæ фæивæд…

Цуцури æлæууыд. Куыд бакуыдта йæ фыртыл? Хуыцау бахизæд, исты йын ыл, мыййаг?.. Æмæ уæд фæстæмæ цæмæн тагъд фездæхт? Уымæйдæр, «иу-дыууæ кæрдзынимæ»?

Тутила йын бамбæрста йæ сагъæс:

– Ацафонмæ фынæй чи кæны, Цуцури, уый мард у, мард. Уæдæ, æндæр цы у? Мардыл та нæ Ирбæсты рагæйфæстæмæ кæугæ æмæ додой фæкæнынц. Ай диссаг нæу: æхсæв-бонмæ дзæгъæл цу, уынгты ноздзуан зил дæхи хуызæттимæ; бон-изæрмæ та, сæйгæ рынчынау, фынæй кæн!

– Фынæй кæнын цæмæй æвзæр у, рæстæг дын куы уа, уæд, – Цуцури, ома, йæ маст ын фæкъаддæр кæнон, уый тыххæй дзырдта афтæ. Фæлæ йын йæ зæрдæйы риссæгтыл ноджы айзæрста цæхх.

– Рæстæг – цин дын фенон! Кусгæ куынæ кæнай, хæдзары мæт дæ куынæ уа, уæд рæстæджытæ иууылдæр дæу не сты?! Иуæрдæм асенк кæн, аннæрдæм асир. Дæумæ цæмæн фæситт хицауад? Дæ пъагæттыл схæцыны мæт сæ нæй, мыййаг?

– Тутила, бæсты сæфт цæуы, – йæ дзырд фæныллæг кодта Цуцури, – æмæ йæ нæ хатæм. Адæм, æфсæрм,

фарн цы сты, уый нал зонынц, нал. Ӕнæ уыдон та адæм адæм нал вæййынц. Знон хицау Тлийы хуымгæрон йæ цумайы чызгимæ… кæйдæр усимæ… табу дæ фарнæн… фæлæ дæлгом-уæлгом кодтой… Пуй, мæ!.. æвзæр куыдз амæлæд ахæм цæсгомыл, уый сын – мæ арфæ! Кæйдæр усимæ… Кæйдæр лæгимæ…

Ӕз мæ куысты уыдтæн, уæдæ цы. Мæ цæст сыл… дардмæ уæддæр куынæ ахæссон… Мæ куыстыл. Уæд мæ цæстытæ кæрæдзийыл куыд авæрдзынæн?!. Мæ арæнтыл цытæ цæуы, уыдон куынæ зонон, уæд мæ мæлæт хуыздæр нæу?! Ӕмæ сæ афтæмæй куы баййафин. Здыхстытæй. Сæ кæрæдзийы былтæ цъиргæ… Пуй!..

Ныр мæм фæсидт. Макæмæн, дам, мацы зæгъ. Цыма сæхи хуызæн дæн! Цыма уый заргæ цæудзынæн! Мæ мард фенæд, раст чи нæ зæгъа. Айбæрц кæрæдзи зонæм æмæ мæм искуы дæ зæрдæ фехсайдта дзырд ахæссынæй? Уæд дын æй абон райсом дæр нæ загътаин?! Стæй, адæм задыны хæлд куы фæкодтой, уæд æз æрвылбон ахæмтæй фылдæр цы уынын?! Горæттæгты… уæрагæмбæрзæнтæ цы бæлæстыл не сты, уыдон рæмпæг хæры, рæмпæг, Тутила.

– Цытæ дзурыс, Цуцури, æмæ дæ нæ зонын?!

Афтæ, ныхæстæгæнгæ, иудзæвгар сæ фæндаг цыбыр кодтой, стæй фæхицæн сты. Тутила поствæндагæй фæзылд сæхи æрдæм. Ӕмæ та нæ бæлццоны зæрдыл æрлæууыд, куыд æнæвдæлон у. Бакатай кодта, йæ рæстæг Хуыцауы ницæй тыххæй дзæгъæлы кæй сафы æмæ фæцырддæр йæ къахайст.

Уалынмæ йæ иувæрсты расыффытт кодта иу дæргъындзæг хæттулгæ. Лæг йæ фæстæ акаст, фæлæ рыджы къуымбилы ницы уал ауыдта. Йæ зæрдыл æрбалæууыд, райсомæй дæр йæ иувæрсты кæй адзæхст кодта иу ахæм хæдтулгæ. Фæлæ йæ Цуцури уæд уадиссаг ницæмæ æрдардта.

Йæ сæры фестъæлфыд: «Уыцы хæдтулгæ та уыд, мыййаг? Райсомы он?» – фæлæ йын ницы уыйбæрц нысаниуæг радта. Йæ чъылдыммæ йæ къæдз лæдзæгыл йæ къухтæ сæ фæкъæдзгæнæнтæй акодта ауындзæгау

æмæ, йæхи нымæры заргæ, æхцон зæрдæйæ цыбыр кодта йæ фæндаг:

*Зæронд лæг арасти хохæн йæ рæбынмæ,*
*Хохæн йæ рæбынмæ, ой.*
*Мæгуыр лæг раирвæзт бирæгъты лæгæтæй,*
*Бирæгъты лæгæтæй, ой.*
*Мæгуырæн баззади йæ зилгæ стыр нæл сæгъ,*
*Йæ зилгæ стыр нæл сæгъ, ой.*
*Джиуæргуыбатæм ыл цинæй фæрайдзæнис,*
*Цинæй фæрайдзæнис, ой!..*

Йæ зарæгæй йæхæдæг фефсæрм. Цæй бирæгъты лæгæт? Цæй зилгæ нæл сæгъ? Цæй тыхми æмæ цæй цыдæр? Цыма кусæрттаг дæр никуы федта æмæ æндæр исты дæр! Цыма Джиуæргуыбатæ дæр зæрдæйы фæндиаг никуы арвысты!..

Афтæ нæхæдæг нæхицæн тых æмæ фыдæй цыдæртæ бауырнын кæнæм, æмæ сæ искæй сæры дæр тыхтъыст фæкæнæм. Афтæ уыдис, уфтæ уыдис!.. Æййæй-йæй!.. Уыдæттæ сæрмæхæссинаг бæргæ не сты. Чи йын йæхимæ хæссы тых, чи йæ зилгæ цæумæ? Цæй тыххæй ныффæдис кодта, гормæттæ?!.

Цуцури йæ цæстæнгас, æфсæрмгæнгæ, ахаста йæ алыварс. Цы сæгъ, сæгъ кæны? Иу цæу сын нырмæ никуы радта? Науæд дзы кæд бирæгъ сæныкк никуы ахаста, уæд уымæй цæй фосдарæг лæг ис? Кувынæн дæр куы баззад: «Нæ уазæг æмæ нын нæ бирæгъы хай Хуыцау макуы байсæд».

Уазæг кæмæ нæ цæуы, уый хæдзар нæу. Бирæгъ, фос кæм ис, уырдæм лæбуры. Гæмæх рагъæй цы ратондзæнис? Нæ хæхбæсты уазæг æмæ бирæгъ кæй фæрсынц, цард дæр уым агур, цард. Æндæр рæтты никуы ницы ис. Ничи йæм бабæлдзæн.

Æмæ уымæ, Цуцуримæ та тыхæй уазæгуаты дæр ничи цæуы... Лæбургæ дæр æм ничи кæны... Табу – Хуыцауæн. Ахæмтæй ныр хызт стæм. Куы йæм лæбурой, уæддæр дзы тыхæй цыма ничи ницы ахæсдзæнис,

сæхицæн цы смаст кæной, æндæр. Фæдзырдта йæм лæг… Далæ районы хицау… Лæг…

Лыгтæ йæ Хуыцау макуы бакæна… Куыдзы хуызæн. Йæхи ус нæу йæ фаг, кæйдæр усмæ цы гæппытæ кæны? Фæлæ уымæй дæр Цуцурийы уæлфадыл гал нæ лæууы… Комкоммæ. Нæдæр уæгъддзых кæнæ дзæгъæлдзых у. Куынæ йæм фæдзырдтаид, уæддæр хæцыд, хæцыд йæ дзыхыл. Бонизæрмæ цас ахæмтæ уыны, гормæттæ!

Йæ зæрдыл æрбалæууыд Сафиат. Иухатт колхозы хосгæрдæнты сихоры улæфтыл ногкарст угæсыл йæ сæр бакъул кодта, афтæмæй афынæй сылыстæг. Чи зоны, йæ саударæн бонты цы тыхст æмæ фæллад уыдис. Чи йын фæрæуæг кодтаид йæ къух. Йæхицæй дарддæр йæ сабитæй дæр фезмæлынæн ничи ма уыдис. Йæ митæ сæрæй кæронмæ иууылдæр йæхимæ кастысты. Æмæ фæлладæй фынæйæ адаргъ кодта йæ къах æмæ йæ къабайы бынæй разынд уыцы… урс-урсид зæнг!

Лæг йæ сæнттæй фефсæрм. Адæмæн цæсгомы цъар нал ис. Раздæр йæ буар цы сылыстæгæн фæзындаид, нæлгоймаджы цæст кæуыл æрхæцыдаид, уый хæдзары даринаг сылгоймагыл нымад нал цыд. Ныр сæ фæрсæг нæй. Кæй куыд йæ къух амоны, афтæ йæ пырх калы, кæм æй фæнды, уым. Уымæй дæр, уыны сæ Цуцури, сæхи æппарынц сатæг уæлдæфмæ. Фæлæ сын сæ хæлд митæ искуы искæмæн цыд заргæ?

Цыма зарыны коймæ каст, раст уыцы рæстæджы, дæлбылæй, донырдыгæй уайтагъд ацахста кæйдæр фæсус илæлæй:

*Ай йæ дарæг бур мыстæн,*
*Рафтыдыстæм фыркуыстæй, ой!*
*Ай йæ дарæг рувасæн,*
*Кæрæдзимæ ‘рæввахс уæм, ой!*
*Ой, йæй, йæй-йæй-йæй!..*

Лæджы зæрдыл æрбалæууыд Джоджыкк. Районаг нозтылмард Джоджыкк. Зарын кæцæй цыд, райсом æй уым ныууагъта арвмæ гуыр-гуыргæнæг арты фарсмæ.

Ныр йæ фæздæг нал кæлы. Артæн. Фæлæ, кæмæ каст, уыцы лигъдæттæ йын кæм сты? Нæма йын фæзындысты? Æмæ уæд кæм фæрасыг, йе ‘взаг йæ дзыхы куынæ уал арæхсы, уæд?

– Æй, бæрзондбадæг хыцау!.. Æтт, астырджи!.. Утт, Ирстоны зæдтæ, дауджытæ!.. Æйтт, уйтт! – йæ зæрдæйы фаг аскъæртта былцъыр куывтытæ, фæлæ йын, – уæд та иу æнæбары омменгæнæг, уæддæр, – фарсхæцæг ничи зыны, бецау. – Кæм стут?! Акæсут мæм! Æтт, хыцау!.. – Стæй чысыл фæсабыр. Æвæццæгæн, йæ агуывзæ нозта. Æмæ ныккæрзыдта зæрдæбынæй. Дардыл. Цæмæй йæ исчитæ бафæзмыдтаиккой.

Йæ кæрзынмæ барызт Цуцурийы зæрдæ.

«Æй, дæ хуымы гæппæлæй дæ къухы куыд бафтыд, кæд дыл бегара нæй. Дæхи дзы куыд марыс, гормон?!.» – бауайдзæф ын кодта лæг йæхинымæры. Фæлæ дисы дæр бахауд – йе ‘мфынгонтæн се ‘взæгтæ сæ комы аирвæзтысты? Гъе йын «оммен» куыннæ зæгъынц, гъе йын уайдзæф куыннæ бакæнынц? Гъе сæ йæ был куыд ничи базмæлын кæны? Нæ йæ уынынц йæ хурхы уадындзты тæригъæд куыд хæссы фырзард æмæ фыркуывдæй?! Æви йын уый дæр хæлæг кæнынц. Зæгъгæ, цы дæ уæлфадыл гал лæууы, куыдзы фырт, дæ кувдмæ ´рхаудтам, цæмæн нæм кæсын кæныс Хуыцау æмæ зæдты, дауджыты тыхæй?

*Ай йæ дарæг бирæгъæн,*
*Нуазиккам авд иу рæгъæн, ой!*
*Ай йæ дарæг сау сæгъæн,*
*Макæмæн æй ма зæгъæм, ой!*
*Ой, йæй, йæй-йæй-йæй!..*

Лæг бæлæсты хихты ´хсæнты ныккаст бынбауинаг Джоджыккмæ. Цыма иунæгæй у. Цыма… Цыма, йæ цуры нæдæр змæлæг зыны, нæдæр – хæдтулгæ. Йæ цæстытыл æркалдысты йæ ихсыд бецыччы иуæггай, лæзæрд хилтæ. Лæууы хæлиу. Цæмæй ма ахауа. Йæ галиу армæй «Водкæ»-йы авгæй цыма судзаг уадзы,

рахизæй фидар цы цайцымæн агуывзæйыл хæцы… ома, уымæ. Авг банкъусы, цæмæй йæ агуывзæ тагъддæр байдзаг уа. Цæмæй радон куывд тагъддæр акæна.

«Уадзы» зæгъгæйæ у. Ӕнæуый та, лæг хорз уыны, Цуцуримæ дзæбæх зыны, Джоджыкк агуывзæйы ком не сцæф кæны авджы дзыхæй. Водкæйы авг фæйнæгæй фынгмæ кæны тыхлæмæрст. Стæй, йæ мæгуыр зонд куы ʻрцахсы Джоджыккæн, зæгъгæ, агуывзæ ныр байдзаг уыдаид, уæд хæрдмæ схæцы йæхиуыл, йæ «уæхсчы сæрты фæстæмæ атъæпп кæны йæ даргъ дзыккутæ» – районæгтæн уый, æвæццæгæн, модæйы ис, – æмæ уыцы зæрдæбынæй раног кæны йæ былцъыр куывд:

– Ӕй, бæрзондбадæг хыцау!.. Ӕтт, астырджи!.. Утт, Ирстоны зæдтæ!.. Ӕйтт, уйтт!..

Цуцури дыууæ къухæй æрæнцой кодта йæ къæдз лæдзæгыл. Фæкастис æм, фæкастис æм… Ӕмæ йын цас базонинаг уыд, хуыцауылгъыстæн йæ авг афтид кæй уыд. Цыма-иу дзы судзагæй байдзаг кодта йæ агуывзæ. Акуывта-иу афтид агуывзæйæ, «анызта»-иу æй… Ома… Ӕмæ-иу ныккæрзыдта зæрдæбынæй.

Йæхимæ марæн карды бæсты райста «Водкæ». Уырыссаг, судзаг, цыппор градусæй къаддæр кæм нæй, ахæм «Водкæ». Архайы, цæмæй йын аласын кæна… Кæнæ дзы ныргæвда йæхи. Фæлæ æнамондæн къæхтылхæцæг нæй æмæ удхар кæны иунæгæй. Лæг æм нал баурæдта йæхи:

– Уыцы рæгъгæнджытæй дæхи бахиз! Ӕгæр дæм ныууырдыг сты, гормæттæ, æгæр.  Ӕнæмæнг дæ фæрасыг кæныны фæнд скодтой!

Лæппу чысыл цыма фестъæлфыд. Лæджы, Цуцурийы дзурынмæ. Андзыгау. Ӕви Цуцуримæ йæ фæлладæй, йе ´нæвдæлонæй афтæ фæкаст?

Джоджыкк йæ агуывзæ тыхджын нылгъывта йæ нарæг риумæ. Йæ зæрды йæ нæ уыдис суæгъд кæнын. Цыма йын æй исчи тыхæй иста. Ӕмæ йæ, цыма, нæ уыдис йæ зæрды искæмæн барвæндæй раттын. Стæй бынтон æрæджыйау, кæмæндæр фидисгæнæгау, мæстыйæ нал баурæдта йæ фарст:

– Уæ саст агуывзæмæ раздæхтыстут? Нæ уын æй… аттдзынæн. Стæй æз… цæмæй нуазон, гормæттæ? Æз цæмæй нуазон?!. Нæ уын æй…

Цуцурийы зæрдыл æрбалæууыд, йæ фæрсты-иу дыууæрдæм, рыгкалгæ, тыхулæфтгæнгæ цы дæргъындзæг хæдтулгæ асыффытт кодта, уый. Уыдонмæ кастаид, гормæттæ!..

Лæг банымадта – æнæмæнг, Джоджыккы фыдбоны «уазджытæ» æви «фысымтæ» кæй уыдысты. Æви Джоджыкк уыд сæ уазæг? Æмæ сыл иу куыдзæййас бахудт йæ зæрдæ: ныууагътой йæ иунæгæй.

Уадз, нозтылмард дæр уæд, фæлæ йæ æрдæгæхсæв æрбацæуын кодтой. Физонджыты зынг сын æрцæттæ кодта. Уыдон сæ рыны цæф сын фестинаг физонджытæ æрдæгфыхтæй фæдæлæмæ кодтой, æмæ лидзынмæ фесты. Фæуагътой йæ тæвд фæнычы фарсмæ. Зыбыты иунæгæй. Зыбыты афтидæй.

«Æй, дæлдæр фæуат, дæлдæр, – бауайдзæф сын кодта лæг. – Йæ уæзæгæн, йæ зæды хайæн дæр рæстмæ хæрзбон кæнынæн чи нæу!.. Стæй-иу нæм, дардыл мидбылхудгæ, æрыздæхут хæрынмæ.»

Фæтæригъæд кодта Джоджыккæн дæр. Тæппуд лигъдæттæ йæ лæгаулæгыл нæ банымадтой. Иу саст агуывзæйы кад ын не скодтой. Афтæмæй сæхæдæг не сты ту æмæ æххыйы аккаг дæр. Ахæмтæ цæргæ-цæрæнбонты се 'фсæст гуыбынтыл ныууæй кæнынц нæ мæгуыр Ирыстоны. Мах нæ туг-рондз куы фæкалæм æрцæуæг хæддзуты ныхмæ тохы, уæд уыдон кæмдæр нард сæрвæтты фæхизынц. Сæ тæнтæ ноджы раскъæрынц. Уды тас нæм куынæ уал вæййы, уæд та нæм фæзынынц, уыртт-уырттгæнгæ. Не ′нæфсис хицæутты къухы ′рнымайынц цъæхтæй…

Мах раз та атулынц сæ сины нуæрттыл, цыма нын уыдонæй хæрзгæнæгдæр ничи уал ис. Цыма ныл уыдонæй тынгдæр никæй уал зæрдæ фæриссы. Мах дæр сæм фæзæрдæрухс вæййæм. Æфхæрд, рыгъд уд хæрзхасты кæм аййафдзæнис. Æмæ та æрбадынц нæ мæллæг уæхсчытыл. Нæ сой та нын райдайынц цъирын.

– Джоджыкк, уæхимæ дæ агурынц…

Уый чысыл андзыгау. Джоджыкк. Кæддæр куы уыд, уæд, дзурæг чи у, уый æрцахста йæ хæццæ зонд. Ныккодта фæсус худт:

– Хах-ха-ха!.. Цуцури куы дæ… Цуцури. Куыд æрра дæ. Кæм ис… хицауад? Йæ секретаршæ дæр æй æндæр… Хах-ха-ха!.. Уый дæр æй дæуæй уæлдай æндæр куынæ ´ндавид. Хицауад… Кæм, кæм?!. Хах-ха-ха!..

– Гъориайы ´фсымæр амард…

Джоджыкк фæсыкк. Æвæццæгæн та йæ сæры магъз, зæронд компьютрау, цыдæр агуырдта, агуырдта… Кодта уæгъдзылд… Æмæ йыл нæ хæст кодта. Æрæджыйау æй афарста:

– Æмæ йын… аб… хист кæынц?

– Абон! – Цуцури йæ цæст нæ фæныкъуылдта, афтæмæй загъта гæды ныхас. Уадз, хуыцауылгъыст лæппу бацагура йæ къæс. Ам куы бафынæй уа, уæд, чи зоны, цы хæйрæг зоны – кæд æмæ цы хуызæнæй æрчъицдзæнис? Æмæ йæ æрдæгæхсæв, уæдта, исты фæсайдта. Кæд ма уый цух у, уæд. Гъориайы ´фсымæрæн та йе ‘хсæвæрмæ уæддæр ныххаудзæн.

Йæхæдæг йæ къæдз лæдзæгимæ йæ къухтæ йæ синтыл авæрдта, æмæ фæцагайдта дыгъуырццæггæнæг Джоджыккы иувæрсты. Нырма хур арвастæу дæр нæй. Йæ папиты размæ уæддæр суайдзæнис. Йæ зилгæ цæу ыл диссаджы ахуыр ссис. Йæ цурæй йæ тыхæй дæр нæ асурдзынæ. Изæрæй йын цалынмæ кæрдзыны къæбæр нæ бахæрын кæны, уæдмæ йыл йæхи фæрахаф-бахаф кæндзæнис. Сыйæ йемæ «фæхæцы»: кæм ис йæ хойраджы хай æхсæвæрæн? Рæстæгыл цæмæннæ раст кæныс, гормон, йемæ?

Уыцы сойджын кæрдæг, уыцы ногдзыд, адджын хихтæй стонггуыбын у, цы къулбадæг зылд ма йæм кæны? Сæныккæй фæстæмæ йын иннæ сæгътæй уæлдай цæмæн фæадджындæр? Фæлæ хойраджы адæн æмбал нæй, уас, – лæг йæ арм йæ дзыпмæ æрхаста кæрдзыны састыл, – йæ мад макуы амæла! Уый цы уæнгты цæуа, – кæрдзыны ад, – уымæй цы уд уа æф-

сæст, уыдон хæрзхаст уæнгты тых æмæ царды ныфс æппынæдзух дзæхст-дзæхст фæкæны! Ахæм нывонды тыххæй, ахæм нывондгæнджытæм уалæ Уастырджи, – сыгъзæрин зæддоны абада, – куыннæ æркæсдзæнис дзаг цæстæй?!. Куыннæ сын сæххæст кæндзæнис сæ даргъ æмæ сæвджын куывтытæ!

Джиуæргуыбаты ахæм зилгæ, хæдзарвæндаджы цæуы нард фыды бæсты нæ ахæриккой… хицауад?!. Æндæр исты?!.

Æрмæст йæ кæстæртæ… уæдта сæ исчи æфсонæн Джиуæргуыбаты куы ‘рбацæуид далæ горæтæй, гормон. Цуцурийы кæстæртæй. Лæппу йæхæдæг, уæддæр. Æгас Уастырджийы къуыри сæ чи домы. Иу-дыууæ… Уæдта – иунæг иу бон. Фæкувиккой йын. Сæ зымæджы хæйттæ сын уæнгуытыл йæхæдæг ныппарид хуырвæндагмæ. Уадз, уыдон дæр ахуыр кæной æфсондзыл. Уæнгуытæ. Уæгъд ифтыгъд сæ кæна, уæдæ. Стæй ма уырдыгæй горæтмæ цастæ ныууаинаг у? хæдтулгæйыл.

Уыййас цæу, Цуцурийы мыггагджын цæу, сæхицæн дыууæ удæй нæ, æгас сыхбæстæй дæр у къуыриваг. Æмæ стæй сыхæгтæ сæхæдæг сæ Уастырджийыл æхсадкъухæй æмбæлдзысты? Чи сын бахæрдзæн уыййас цæу? Æви йæ цæхджын скæндзысты?

Æмæ кæд чи федта нывонд кусарты фыд цæхджынгæнгæ? Уæд фидиссаг куы кæны. Цамел у, мыййаг? Уымæй фæсвæд фæсусу-бусу кæнынц афтæ. Йæ Джиуæргуыбайы кусæрттаг, дам, кæд цæхджын нæ ныккæны, уæд ын цы фæвæййы, зæгъгæ. Дурраккыл ма æндæр сыкъатæ вæййы? Бирæгъ у – уæнггай йæ фæдæлæмæ кæны. Æмæ Цуцури йæ сæрмæ ахæмтæ бахæсдзæнис? Йæ комбæстæ йыл худинаджы зарæг куы скæндзысты, худинаджы бон баййафа, æнцой боны цард кæнын æмæ сæ кусын чи нæ уадзынц, уыдон къона æмæ сæртæ!

Лæджы цæст андæгъд дæргъындзæг Суренты хæдзары сæрæй цъæх арвмæ йæхи куыд тыдта хурæй дзæнгæлтæгæнагдæр, лæджы агъды стæвдæн фыдцъæх фæздæг. Æмæ йæ æххæст фæздæг схонæн дæр

нæй... уыцы цыракæнонхуыз тагæй ныллæууыд арвмæ. Æмраст цæджындзы хуызæнæй. Арты къæс-къæсгæнаг стъæлфæнтæ йæ ноджы диссагдæр кодтой.

Сæ дзæргъ, фыццагау, къох-къохгæнгæ зылд Уастырджийы ´хсæвмæ сæ зæды хайы æмæ сæхи кæмæй рæвдыдтой, уыцы зилгæ цæуы фæстæ. Æмæ та-иу æм уый дæр февзыста йе ‘хсаргард сытæй.

– Тобæ, тобæ, Цуцури! Хохаг лæг дæ, æмæ нæ иувæрсты сусæгæй ма ахиз. Худинаг у. Баввæрс нын нæ цæхх, нæ кæрдзыныл. Уæздан лæг афтæ фæкæны. Æз та дæ уæздан лæгæй зонын. Не ‘фсин ацы хуртылды дзæгъæлы нæ сыскъæрдта уыцы арвæндзырддаджы арт. Йæ дзыхæй дæр нæм нал сдзурдзæнис, йæ армæйдзагыл ын куынæ баввæрсæм, уæд. Хорз куы зоныс, уазæджы ´фсон фысым дæр фæцæл кæны, фысым, Цуцури! Афтæ! Уæдæ, иунæджытæй нуазæм æмæ хæрæм? Æмæ ныл уæд адæм худинаггаджы зарджытæ куы скæндзысты. Афтæ!

Лæг æй йæ хурхы сæрты зæлланг, йæ дзырдты ´вæрдæй базыдта – дæргъындзæг Сурен у, фæлæ кæцæй дзуры? Ацагуырдта йæ цæстæнгасæй.

Лæууы уæлвæндаг, хæрды сæр. Йæ галиу къухы – фæрæт. Йæ ком хурмæ ферттив-ферттив кæны. Фæрæтæн. Рахизæй хæцы, йæ сæр нæууы кæмæн æрсагъта, уыцы, йæхицæй чысыл даргъдæр тала бæласы лыгыл. Ныххæлиу кодта йе стыр дзых æмæ уыцы адджынæн худы. Дæргъындзæг Сурен.

– Хуыцау дын цæлгæнæн бонтæ раттæд, Сурен. Ацы æнæвдæлонæй цæл кæныныл чи у? Дæхицæн хæлар уæнт, дæхицæн.

– Æвæццæгæн дæ хицауад хорз федтой? Уыцы æвиппайды!.. Дæ разы дын айтыгътаиккой Кæфтæй-Кæсæгмæ фынгтæ!..

– Уыдон дæр мын загътой. Иу, дам, баназ. Фæлæ кæй æвдæлы, кæй? Мæ куыстытæ мæ сæрæй уæлдæр сты, куы йæ зоныс.

– Уымæн дæм фæдзырда хицауад? Фæйнæ, дам, баназæм иумæ? Районы, дам, иу лæг нал ис?

– Дзургæ мæм уый тыххæй нæ фæкодта…

– Уадз æй, кæд сусæггаг у, уæд. Афтæ. Дæхицæй дарддæр æй исчи цæмæн зона?

Цуцури фефсæрм. Уанцон нæу, де ʻгæр макуы фæкалай. Хицауадмæ сусæгтæ кæнынмæ цæуы? Кæйдæртау сæм йæ комбæстæй сусæг дзырдтæ хæссы?

Къапеччытæ йын раппар, æмæ йæ мады зæнæгыл дæр чи нæ ауæрста, чи сæ нымыгъта, чи сæ ахсын кодта… алы дамтæй… Ирыстоны хуыздæртæн йæ рæстæджы Сыбыр ардыгæй кæй ныхасхæссæнтæй аззадис… Æмæ абоны бæстысæфты чи… цыма «ралæгтæ» сты – ныр та сæхиуыл æнæрцæугæ хабæрттæ чи мысынц... Мах, дам, нæ Ирыстоны тыххæй нывонд кодтам нæ сæртæ… Сæфтыстæм, дам. Æмæ, дам, нæм ныр пенситæ, гуманитарон æххуыстæй, хорзæхтæй дзæбæх æркæсут... Æмæ Цуцурийы дæр уыдоныл нымайы? Уæд нæ амард?!. Уыдæттæм куы ´рхауа!..

Йæ фырт ын дзырдта, Чъребайы, дам, иу æнаккаг, рæзгæ нымудзæгæн, – Титикъо хуыны, Матикъо, Ладикъо, Баликъо, хæйрæг – йæ зонæг, йæ ном айрох Цуцурийæ. Æниу ахæмæн цæй ном вæййы? – фæлæ йын, зæгъынц, уыцы рæстæджы мард æмæ дзуар нал уыдис. Фысджыты уæрдоныл тыхæй бадт, фæлæ хейæ-буйæ ницы бамбæрста. Зæрыбонмæ аив литературæ нæ, фæлæ йæ ном æмæ йæ мыггаг раст фыссын нæ сахуыр, æмæ йæ фысджытæ нæ уагътой сæхимæ. Уый тыххæй сæ ныхмæ йæхи хуызæттæй сарæзта дзырдхæссæг къорд, æмæ фысджытыл сусæгæргом мастисынæн калдтой сæ марг. Троцкизмы дугæй райдыдта, æмæ Стыр Фыдыбæстæйон хæсты фæстæ дæр ныры онг дзырдхæссынæй не ʻфсæст нæ хæстарыд фысджыты мæгуыр туг сусæгæй нуазын æмæ КГБ-йы æппарæггаг капеччытæй. Нымыгъта сæ æмæ нымыгъта. Нымыгъта æмæ нымыгъта. Кæй зыдта æмæ йæ чи ницæуыл нымадта, æрмæст уыдон нæ, фæлæ, кæй нæ зыдта, иунæг сау суари йын кæй тыххæй нæ фыстой ницæйагæн, æгæрыстæмæй, уыдоныл дæр нæ ауæрста. Йæ алыварс тыгъд быдыр куы уыдаид, уый йæ фæндыд. Хорз у зын

аразæн, æндæра, æвзæр аразыныл чи фæцалх вæййы, уый искæй тæригъæдæй нал фефсæды. Æфсис дзы нал фæзоны.

«Хицауад» дзы сæхæдæг дæр стыхстысты æмæ старстысты – тагъд сын сæхимæ дæр æрæвналдзæнис. Тагъд сын сæхи дæр ныууæй кæндзæнис. Æмæ, Сталин, – дзæнæты бада, – йæхæдæг куыд зыдта: дæхи уæтты нымудзыс, уæд махыл дæр нæ бацауæрддзынæ, – афтæ йын бакодтой. Титикъо æви... Ладикъо...

Фæдзырдта йæм йæ «хистæр». Нымудзæггаг ын куыдзы къæбæр чи ´ппæрста, уый. Бафарста йæ, мæнæ, дам, нын æрæджы нæ ирон алфавит дæлæ нæ сыхæгты алфавитæй кæй аивтой, ууыл, дам, нын кæй рацарæзтой нæ фыссынад; не скъолаты нæхи æвзагыл нæ, фæлæ, дам, нæ дæлæ нæ фыдбоны сыхæгты ´взагыл кæй ахуыр кæнын кæнынц æмæ, дам, чидæртæ сусæггæргом йæ ныхмæ сæ удтæ нывондæн кæй тыххæй хæссынц, уыдæттæ, дам, дæм куыд кæсынц, нæ патриот? Афтæ, дам, хорз у æви ´взæр?

Рæзгæ нымудзæг йæ цæст дæр нæ фæныкъуылдта: «Тынг æвзæр! Кæнæ тынг хорз! Дæу кæнæ ´мбал Сталины куыд фæнды?»

Уый та йын – цы, дам дæм кæсы тынг æвзæр кæнæ тынг хорз: нæ алфавит нын кæй байстой æмæ нын сæхи дамгъæуат тыхæй кæй тъыссынц нæ дзыхты, уый æви, сæ ныхмæ махæй чидæртæ кæй сты, уыцы «галиу» ми, нæ патриот?

Йæ хицау уымæй фæлтæрддæр уыдис æмæ йæ уайтагъд, раздæр ын лыггонд куыд уыдис, афтæ ныхасæй рацахста. Дзырдхæссæг цы акодтаид, уый бæлвырдбæрæгæй нал зыдта. Рафт-бафт ма кодта йæ бандоныл, фæлæ ма, цы загътаид, уый нал зыдта.

Æмæ уæгъддзых баззад къæппдзыхæй.

Уый йын, нымудзæггаг ын æхца чи фыста йæ уыцы хицау, ноджы афтæ – мах, дам, нæ адæм æмæ нæ Фыдыбæстæйы патриоттæ стæм. Стыр патриоттæ! Нæ Фыдыбæстæйы сæрвæлтау, дам, тох кæнæм. Худинаг, дам, нын уыдзæнис, нæ адæм æмæ нæ мадæлон æвза-

джы сæрыл ныфсхастæй куынæ сдзурæм, уæд. Æмæ йæм радта цыдæр гæххæтты мыхуыргонд уаццаг.

Бафæдзæхста йæ, стыр паддзахадон сусæгдзинад ын кæй бæрн кæны, уый. Нæу искæмæн зæгъгæйæ. Куыд ничи йæ фена, афтæ йын уыцы гæххætt кæй у къухæй цалдæр хатты рафыссинаг.

Æмæ йæ рафыста. Цингæнгæ йæм сæ баскъæфта дыккаг бон. Уыдисты мадæлон æвзаджы тыххæй Ленин æмæ Сталины ныхæстæй цыдæр цымыдисон скъуыддзæгтæ. Хицауады ныхмæ дæр чи нæ уыдисты æмæ адæмы ныхмæ дæр, ахæмтæ. Фæлæ сæ цыдæр национ æнкъарæнтæ тæлфыд. Æмæ, дам сæ ныр дæ иузæрдыг æмбæлттимæ горæты телы цæджындзтыл баныхасут бынтон сусæгæй.

Цы уыдисты, уый рæстмæ нæ баззад йæ сæры уæлæнгай магъзы, фæлæ йæхицæй тынг ныббуц. Ницымацы, æмæ дзырдхæссæгæй, æппарæггаг капеччытæ асламæй кусгæйæ, ссис йæ бæстæйы патриот! Йæ хицæуттæм ныр уыдзæн нымады. Ирыстоны фæдисон! Уæздан, буц хистæртæн – рæвдауинаг, æхсарджын кæстæртæн – цæвиттойнаг, фæзминаг.

Йæ сæр æгæр бæрзонд ист фæцис, æмæ йын фæстæмæ фæцудыдта. Йæхи уæзæй. Хылгæнæг цæуы сæрау ын фæкъул галиу уæхскырдæм. Æмæ, кæмæн феппæлы йæхицæй, уыдон дзы фæтæрсынц, зæгъгæ, цæваг куырау мæ йæ тых, йæ бонæй куы ныххафт кæна йæ сытæй. Йæ къæхтыл мæнæ-мæнæ нæ лæууы, фæлæ, уæддæр... Цæрæнбонты ´фхæрд адæм алцæмæй дæр фæтæрсынц. Æгæрыстæмæй, цæвæг сæхицæй куы вæййы, уæддæр. Уымæн æмæ хионы цæф риссаг æмæ дудагдæр разыны.

Æмæ йе ‘нтыстытæ уыдæттыл нæ фæуд кæнынц. Цы гæххæттытæ рафыста, уыдон уыдисты къултыл, телцæджынгтыл бакæнинаг. Цæмæй сæ сайд адæмæй исчитæ федтаиккой. Бакастаиккой сæ. Се ‘хсæн сусæг сусу-бусу куыд ацæуа.

Куы сæ бакодта йæ хæлæрттимæ, уæд дыккаг бон уæлахизхуыз, фæлдæхтсæр æмæ уыцы ныфсджынæй балæууыд йæ хæрзгæнджытæм, Ирыстоны патриот æй

чи рахуыдта, уыдонмæ мидбылхудгæ, дидинæфтаугæйæ. Æмæ йыл бацин кодтой. Сæвæрттой сæ йе ´мбæлттимæ хæдтулгæйыл æмæ сæ аластой Калакмæ.

Уым сын радтой фæйнæ фæндзай сомы. Уæды æхцайæ! Фæндзай сомæй уæд æппынкъаддæр уыдис авд, аст сæныччы балхæнæн. Кæд фылдæр нæ, уæд. Ацыт æмæ, дам, уæхи аирхæфсут горæты. Сымах, дам нын буцдаринаг стут, «патриоттæ»!

Уыдон дæр бонизæрмæ сæ зæрдæты дзæбæхæн фæзылдысты фенддаг бынæттыл. Аслам хæрæндæтты аивтой сæ къæбæр. Фæнозтой адджын дон. Бæгæнымæ дæр астъæрдтой сæ былтæ, фæлæ сæм æгæр зынаргъ фæкаст. Фæстæмæ дæр ахæссой се ´хцайæ. Се ´мбæлттæ сæм хæлæгæй мæлой. Ныридæгæн мызд исынц! Æмæ изæры, цингæнгæ, баздæхтысты фæстæмæ, Калачы сæ хæдтулгæйæ кæм рахизын кодтой, раст уыцы бынатмæ. Бафиддзысты та йын йæ кады митæн зæрдæзæгъгæ аргъ, æмæ йæ хæдтулгæйыл аласдзысты, кады хистæрау, сæхимæ, Чъребамæ.

Фæлæ лæг фæндтæ фæкæны, Хуыцау, – табу йын уа, – лыг. Æмæ Уæллаг рахаста йæ рæсттæрхон, куыд сæм æмбæлд, ахæм тæрхон. Нымудзæг «патриотты», дзырдхæсджыты ныккæнды куы ныммидæг кæниккой. Æхсæвы цъæхыл та сæ цæнгтæбастæй Калакæн сæхи тæрхондоны куы балæууын кæниккой. Сымах, дам, кæй уынаффæты ныхмæ дзурут; сымах, дам, кæй ныхмæ хуыфут æмæ тъизут? Мах, дам, чи стæм, уый, дам, зонут æви нæ? Уæд, дам, уын æй мах ныртæккæ фенын кæндзыстæм.

Афтæмæй æнæсæртæ сæхи зондæй иу сым дæр не скодтой. Нæдæр сымсымгæнинаг уыдысты. Арв – уæлейæ, зæхх – бынæй. Алцы дæр сæ хицæутты зондæй арæзтой. Æмæ фæсæццæтæ сты.

Бæргæ ма богъ-богъ кодта: «Мах ницы аххосджын стæм! «Листовкæтæ», дам, нæм уый æмæ уый радта. Нæхимæ, дам, ныл стæрхон кæнут æмæ нын базонат нæ рæстдзинад, – фæлæ нымудзджыты сым-сым дæр нал суагътой, сым-сым.

«Сымах стут нæ агенттæ, æмæ нæ кæм фæнды, уым уыл тæрхон кæнæм, сфæлдыстадон националисттæ!» – ныххуырста сыл тæрхонгæнæг. Нæ фыдбоны, æхсæны дурæймаринаг сыхæгты тæрхонгæнæг. Кæд сын афтæ æмбæлдис, уæддæр.

Сфæлдыстадонæй сæм куыд ницы уыдис æмæ ис, афтæ сын сæ фæсонæрхæджы дæр национæй ницы ссардтаис. Фæлæ уый, «сфæлдыстадон национализм», сæхицæй сæ сау æрцахсджыты тынгдæр æндæвта. Адæмы номæй сæм дзырдтой. Хабæрттæ хуыздæр чи зонынц, уыдон фæсусу-бусу кæнынц, хæсты фæстæ, дам, нæ уалæ цыппарцæстон Берияйы зæрды, Кавказы бирæ адæмтау, нæ рагфыдæлты зæххæй фæхæссын уыд Азербайджаны цыдæр хус быдырмæ. Ирыстоны хуссар хай не знæгтæн цæмæй æввонгæй, æнæ загъд-заманайæ баззадаид. Суинаг дзырдхæсджыты ´рцахст дæр уый тыххæй уыд – ома, кæсут, се ‘взонг фысджытæ дæр националисттæ сты. Фæлæ, дам, Сталин гæххæттытæм куы ‘ркаст, уæд сыл иуварс ахæцыд æмæ Берияйæн афтæ: «Иди и работай».

Фæлæ «патриотты» хистæры ныййарæг мадмæ та йе ´хцайылмард фырты маст æрмæст йæ хæдзары трагеди фæкаст. Уæрæсемæ йæ хистæр фыртмæ ныццавта тел: «Хæццæ кæн, мæ ныфс. Фесæфтыстæм!»

Лæппу банымадта, чидæр сæ рафæлдæхт. Фæлæ сæм чи уыд ахæм, кæй рамардæй фесæфой? Уæддæр, ныууагъта йæ ахуыр. Тæвдсурæджы æрхæццæ сæхимæ. Сæ уынджы адæм дзы сæ цæст куы хызтой, йæ ауынгæйæ-иу куы амбæхстысты, уæд донзоныг кодта. Ноджы йæ мад кæугæ рацыд йæ размæ: «Фес… с… сæф… сæфтыстæм, мæ… лæпп… лæппу – … икъойы нын… æрцахстой!.. Фесæфтыстæм!..»

Лæппуйы зæрдæ ныррызт: «Уыцы куыдзы тыххæй йæм ныффæдис?»; «Уыцы дзырдхæссæджы тыххæй дзыназы йæ мад?»; «Уыцы фæдысмудæджы тыххæй?..»

Сыгъдæг, æнæхинзæрдæ лæппуйæн, мæгуыр, йæ ницæйаг æфсымæры тыххæй йæ фыдæбойнаг фæндаг, фæндаджы билетыл йæ фæстаг капеччытæ куыд акалд-

та, уыцы судзгæ мæстытæ æрбалæууыдысты йæ зæрдыл. Æрбауынгæг йæ зæрдæ æмæ ныббогъ кодта:

«Ай йæ мады с...ы, кæд æй æрцахстой, уæд! Уый кæй ахсын кодта, уыдон мæдтæ нæ куыдтой? Ныр дзы йæхæдæг бадæд! Мæн дæр ма фыдæбойнаг фæкодта...»

Цуцури бахудæнбыл: «Афтæ у – æвзæры йæ мады зæнæг дæр нæ уарзы». Стæй æвзæр, уымæйдæр, дзырдхæссæг цы уарзинаг у? Искæмæн ингæн куы къахай, уæд дзы дæхицæн æнæ ныммидæг нæй. Ныр та, дам, сæ, дзырдтæ кæмæ фæхæссынц, уыдон дæр дæлæ нæ фыдбоны сыхæгты ´взагыл «бози»-тæ хонынц, ома, къахбайтæ, хæлд... удгоймæгтæ. Лæг, чысыл ма, æмæ сæ адæймæгтæ сцæй хуыдтаид. Фæлæ фæхæцыд йæхиуыл.

Æмæ, дам, ныр цард иннæрдæм куы афæлдæхт, нæ кæддæры дзадджын Фыдыбæстæ фыдгæнджыты къухты куы бафтыд, адæмы сæрыл сæ удтæ нывондæн чи хастой, уыдоны адæмы фыдызнæгтæ хонын куы райдыдтой, адæмы фыдызнæгтæ та фæллойгæнæг адæмы «сæрылхæцджытæ» куы систы, уæд уыцы æвзæр дзырдхæссæг ныр, цæваг дзыгуын галау, зылын бæрзæйæ рацу-бацу кæны Чъребайы уынгты. Йæхи хуызæттимæ сусæг-æргом домы стыр кад, стыр пенси, нæ мадæлон æвзаг, дам, быны сæфтæй æз фервæзын кодтон. Ахæм цыдæртæ уырнын кæны йæхи хуызæттæ æмæ мæгуыр, æнахуыр адæмæн. Цæмæй сæ йæ фыццаг, дзырдхæссæджы ном ферох уа.

Æмæ, цы ʻвзаг тулы, уый æмбулы, – хуымæтæджы нæ акæнынц. Дзырд хæйрæджы нæ уырны, æндæра, адæймаг адæймаг у. Чи йæ нæ зоны, уыдон ыл æууæндынц. Афтæмæй та уæд уый фæрцы нæ фыдбоны сыхæгты КГБ ныппырх кодта Хуссар Ирыстоны Фысджыты цæдис, журнал «Фидиуæджы» редакци, чингуыты рауагъдад... Уыцы сфæлдыстадон бынæттæ, дам, ирон сфæлдыстадон национализмы сафинаг ахстæттæ сты. Дзырдхæссæг, КГБ-йы кусджытæн сæхи æвзагыл – «бози» та нырма дæр кæны йæ «куыст». Мызд ын куынæ уал фыстой, уæддæр нæ ныууагъта йæ кæнон æмæ абон дæр кæны нымудзæджы «куыст». Æнаккаг!

Бынтон уæлейæ, дам, разыйы дзырд нæ райстой, æндæра нæ Калакæй æрвыст хæддзуйæн йæ зæрды уыдис мах æгас нацийæ фесафын. Нæ дзыгуын галты фæрцы нæ адæмы монон тых ныммарын уыд сæ зæрды.

Фæлæ Цуцурийы уыцы сусæг уæйгæнджытимæ, – «кæд сусæггаг у», – цæмæн абарста Сурен? Лæгаулæг ахæмтæ хæссы йæ сæрмæ? Æви йæ комбæстагæн æндæр нæ аргъ кæны? Æмæ, дам, мын мæ цæхх, мæ кæрдзыныл баввæрс, Цуцури.

Буцтæгæнæгау ын уымæн загъта:

– Цы дзы ис сусæггагæй. Сусæг митæ, ацы æнæвдæлонæй мæм хохæй быдырмæ чи фæсидт, уыдон кæнынц. Тлийы хуымгæрон йæ цумайы… æрдæгбæгънæг чызгимæ… Бкгъдулæг кодта… Æмæ, дам, макæмæн мацы зæгъ. Фидиссæгтæ. Цыма сæхи хуызæн дæн! Абсус, Цуцури…

– Тобæ, тобæ, тобæ!.. – ныддис кодта Сурен æмæ йæ даргъ къубал ноджы сæвæзта арвы цъæхмæ. – Амæй размæ йæ… сæ… æз дæр цыма… Фæлæ, бауырнæд дæ, мæ рахауинаг цæстытыл нæ бауæндыдтæн. Хицауад!.. Æгас районæй йæ къухы стæм!.. Нæ сæргъ лæууы! Æмæ, зæгъын, ахæмтæ æмæ ухæмтæ йæ сæрмæ куыд бахæсдзæнис?!. Афтæмæй, кæсыс? Цыма йæ æз дæр федтон нæууыл… Фæлæу, бæласы бын аууоны фæйнæ аназæм… Афтæ. Аныхæстæ кæнæм.

– Цытæ дзурыс?! Ацы æнæвдæлонæй… – лæг æй сыбыртт дæр не суагъта. Фæцæуæг. Нырма йæ цас ауайинаг ис! Стæй цас адæмыл сæмбæлдзæнис! – Цъыззытты куывды цæмæннæ дæ?

– Тобæ, тобæ, Цуцури! Уæздан лæгæй дæ зонын, æмæ куыд цæуыс мæ рæзты кæйдæр цъыззытты тыххæй… Ту, ту, ту!.. Афтæ. Исчи ма йæ чындзы… тыххæй?.. Ту! …куывд кæны, дæлдæр фæуой? Ныууадз сæ! Ме 'фсины цæсты мæ ма бафтау, Цуцури! Ахæм сæрмагонд уæлибыхтæ кæны ногахст цыхтæй!.. Нæ фæфæсмон кæндзынæ. Афтæ.

Цуцури фæтарст, æцæг ма зæгъа, Цъыззыттæм тагъд кæны. Хуыцау бахизæд ахæм куывды ракувын.

Хойрагмæ сæм куыд агайыс?.. Йæ ахсæн йæ сæрæй уæлдæр у? Фæлтау фæсвæндæгты, пыхсбынты афардæг уыдзæнис. Чысыл ма йыл, зæгъгæ, ацархайдта, уæд сразы уыдаид. Уæддæр ын ныссомы кодта:

– Мæ мард фен, Сурен, кæд уыцы джидзæггаг куывд мæ фæсонæрхæджы дæр ис! Мæ ахсæн мæ сæрæй уæлдæр у, гормон?!. Цытæ дзурыс?! Гомеры иувæрсты куыд ахиздзынæ?! Бон та хуры скаст æмæ ныккаст у.

Гомеры коймæ Сурен фенкъард:

– Мæнмæ зулдзых у. Ноздджын уыдтæн. Цы мæ уæлфад гал лæууыди, хæйрæг йæ зонæг… Афтæ. Адæймаг йе ´взагыл хæцын куынæ фæраза… Зæгъын, куырм кæй дæ, уый хорз у – ацы царды ницæйаг, цъаммар митæ нæ уыныс.

Фæхæрам мæм – æххæст ма, дам, къуырма дæр куы уаин, уæд, дам дын де ʻдылы ныхæстыл нæ дис кæнин. Хистæрæн смаст кодтон ме ʻнæсæрфаты аххосæй. Афтæ. Фæлтау ме ´взаджы бын тæвд цæхæр куы ныккалдаид, уыцы ныхас мæ куынæ сирвæзтаид.

Ныр мæймæввахс йæ тæфтыл нал ауæндыдтæн. Хорз ма ракæн æмæ фыд ма ссарай, – катай кæны Сурен. – Зæгъын, йæ зæрдæ йын балхæнон, йæ уавæр мацæмæ дара… Æмæ, гъа! Уый дын зæрдæлхæд. Афтæ.

– Зоныс, цы? – Цыдæр февзæрд йæ сæры. – Гомеры цур-иу мæм фæгæдзæ кæн. Уæддæр дæ исты хабæрттæй фæрсдзæнис. Исты хабæрттæ дын дзурдзæн. Иу уысммæ дæ сæййафдзынæн. Æмæ-иу ды дæр мæ фарс фæу. Йе ʻнæраны ныхасыл, зæгъ, йæхæдæг дæр катай кæныиу ын зæгъ мæнæй. Афтæ.

– Уæдта Цыззытты куывды ис?

Цуцурийæн йæ зæрды уыд афсон кæнын, зæгъгæ, чи зоны, æнæ ноздæй рæстæгыл сæхимæ истыхуызты аирвæза, фæлæ цæхджын хойрагæй хи тылифгæнæн нæй æмæ йын Сурен йæ дзыхы батутæ кодта:

– Тобæ, тобæ! Уый дзы ма зæгъ. Гомер йæ гуыбыны тыххæй… Цъыззытты куывдмæ нæ бацæудзæнис. Фæлтау стонгæй амæлдзæн! Афтæ. – Сурен тагъд-тагъд сæккой кодта йæ суг. – Уый Цъыззытты куывдмæ

бацæуын не схæсдзæнис йæ сæрмæ. Фæлæ-иу мæм ды йæ цуры фæгæдзæ кæн. Æз ныртæккæ... Афтæ.

Цуцурийы дæр нæма бауырныдта, ферavailable дзы, æмæ хуырвæндаг, йæ къæдз лæдзæг æмæ йæ батинкæты цæнгæты хуызæн бынтæй хойгæ, фæцæуæг йæ фæндагыл. Фæлæ ацахста дзæргъы уынæргъын. Æвæццæгæн та йæ уыцы лæджынбæрц цæу æрдаудта уæлейæ бынмæ.

Цæу, уæддæр, æндæр у. Цыфæнды кусартимæ дæр æй нæ абардзынæ. Йæ фыд – хæрзад, йæ сой – æвдадзы хос! Уæлдайдæр, йæ риу кæмæн фæриссы, ахæм адæймагæн. Искуы йæм низ уыдис, уый хатгæ дæр нал фæкæндзæнис. Фæлæ ныры адæмæн ницы бауырнын кæндзынæ. Чындзæн дæ уæзæджы кой ма скæн, æмæ йæ аргæвд. Сæхи чындзæн. Йæ лæппуйы æмкъайæн. Цыма Парижы райгуырд. Уартæ йæ кæцы комæй æрхастой!.. Ныр дыууæ дамгъæ базыдта æмæ сæ Чъребайы дисы бафтауын ис йæ зæрды.

Джиуæргуыбаты дæр не ʻрбацæудзæнис. Цъиутысайд. Цæйнæфæлтау ын йе ʻфсин кæрдзын кæнын бацамона, фæлтау стонгæй схауæд йе знаджы уд. Æмæ сæм йæ сындзытылцæуинаг къах фыддæрадæн не ʻрбавæрдзæн. Лæппуйæн сæ бындары уæддæр куы рауадзид йемæ. Фæлæ йæ дада æмæ йæ нанайы цурæй горæтмæ нал фæкомы. Фæкæуы, йæ дадайы уд ахæра. Йæхи къултыл фæхойы. Æмæ уый тыххæй къухы уырзæййас сывæллонмæ ных кæн, уый диссаг у, уæдæ цы. Фæлæ дæ бон ницы у йæ ныхмæ сдзурын. Йæ саби йын тыхæй куыд исыс?

Ныры нæлгоймæгтæй лæджы тæф нал кæлы. Хæдзары сæр нæлгоймаг нал у, фæлæ – сылыстæг. Мæ фыдгул-фыдзæрдæ та уыдон зондæй цæра. Тагъд сылгоймæгтæ нæлгоймæгты райдайдзысты курын. Ту!.. Æмæ фесафдзысты сывæллоны. Афтæмæй комыаргъ кæстæр у. Уыцы цыдæр æнæуынгæ тых дзы фæцæуы адæймагмæ. Сбаддзæнис дæ къахыл æмæ дæ цæмæй нæ фæрсдзæнис:

«– Ды дæр мæнæййас уыдтæ, дада?»

«– Уыдтæн, уыдтæн, мæ хуры тын», – фæдзуры йын мидбылхудгæ Цуцури.

«– Æмæ дын уæд дæр афтæ стыр рихитæ уыдис?»

– Æ-æ, хæр-рæг! Гыццыл бæппуйæн рихитæ нæ вæййы, фæлæ гыццыл бидзола. Бамбæрстай? Æмæ фæмизы йæ быны, стæй...

Диссаг у адæймаг! Хæрз гыццыл ма куы уыдис йæ уды къæртт, уæд-иу æй Цуцури нæ уагъта йæ риуæй ра-хизын... цалынмæ-иу ыл бынмæ не 'рмызта. Стæй-иу сæ дыууæ дæр бафсæстысты худæгæй. Гыццыл лæппу-иу, йæ дадайы риуыл кæй фæмызта, уый тыххæй. Зæронд лæг та... Абон дæр ын бæлвырдæй ницы зоны, уымæй цы 'хцондзинад иста, йæ буары-иу дзы цы тых ацыд. Фæлæ йæ фæмысы мидбылхудгæйæ.

Æмæ йæ нæ рауадздзæнис йæ дзыргъан мад, – скъуыны фæлтæрты 'хсæн баст тæгтæ. – Фæлæ йæ уæд-дæр сæхи лæппу йемæ куы ракæнид мæнæ ацы Джи-уæргуыбайы бонты... Цæст кæй нæ уыны, уый зæрдæйæн куыд бæттын ис дæ зæрды? Айсдзæнис æй уыцы зæрдæ? Иу туг æмæ стæг сæ кæрæдзиимæ æнгомæй фидар кæнынц. Сæ кæрæдзимæ куыннæ цæуой, сæ кæрæдзи куынæ уыной, уæд...

Æмæ сæ афтæмæй искуы сæ кæстæр туг-стæг, Хуыцау бахизæд, фæлæ рох дæр фæкæндзæнис, уæдæ, цы. Кæстæр йæ дада æмæ йæ нанайы гыццылæй куынæ уына, уæд сæ, кæмæй рацыдысты, æрмæст уыцы туг æмæ стæг уыйбæрц нæ бабæтдзысты сæ кæрæдзиимæ. Æмæ аскъуыйдзæнис царды рæхыс...

Лæг ахсын райдыдта, удыл чи тайынц æмæ 'руа-йынц, ахæм æхцон зæлтæ. Гыццылæй-иу йæ кæстæр кæй зарыд, уыцы зæлтæ. Зæрдæ дзæгъæл кодта сæ фæдыл. Куы фæнымæг вæййынц, куы азæлынц бæрæг-дæрæй. Арвæй уарæгау кæнынц. Сæрдыгон къæвдайау.

Цæй сæрдыгон, раст сыгъзæрин къæвдайау. Æмæ йын уыдон, уыцы æхцон зæлтæ, бæрæг фæрæвдздæр кодтой йæ къахайст.

Цас базонинаг ын уыдысты Гомеры фæндыры дис-саджы зæлтæ. Йæ тæнтæ, дам – фæндыры тæнтæ Уас-

тырджийы бæхы къæдзилы æрдутæй конд сты! Афтæ фæдзурынц адæм. Æмæ, чи зоны, диссаг у, фæлæ дзы диссагæй дæр уадиссаг ницы ис. Иу хатт кæуыл аныдзæвынц уыцы, адæймаджы æнкъарæнтæ бæрзондисæг зæлтæ, уый сæ никуы уал ферох кæны. Æнустæм æрцæрынц йæ зæрдæйы. Лæг, Гомер, йæ дзырдтæ афтæ тасгæ-баргæ фæивазы, гормæттæ, æмæ сæ фæдыл фæцæй скъуыйынц адæймаджы зæрдæйы тæгтæ. Удгоймаджы уымæй æрцахсы тынгдæр.

Ныр дæр фæндыр æмæ Гомеры кадæджы æхцон зæлтæ Цуцурийы зæронд, фæллад уæнгтыл уарыдысты, сæрдыгон фæлмæн къæвдайы æртæхтау. Сагътой йыл æнæуынгæ базыртæ. Йæхæдæг дæр æй нал хатыд, афтæмæй йæ цыдæр æнæуынгæ тых скъæфта размæ, Гомеры цурмæ:

*Æркæсут, хорз адæм; æркæсут, кæстæртæ!*
*Адæм дæр ма кæм ис.*
*Гъы, гъы-гъы.*
*Гъы, гъы-гъы.*
*Æркæсут, бæлæстæ; æркæсут, къæдзæхтæ!*
*Уæ фарн – нæ ис, нæ бис.*
*Гъы, гъы-гъы.*
*Гъы, гъы-гъы.*
*Уартæ-ма ‘гас адæм алы лæгдзинадæй*
*Дардмæ куы сырдтой маст.*
*Гъы, гъы-гъы.*
*Гъы, гъы-гъы.*
*Гъе, уæд нæм, хорз адæм, ацæргæ, суинагæй*
*Не Стыр Хуыцау дæр каст.*
*Гъы, гъы-гъы.*
*Гъы, гъы-гъы.*
*Фаг ын æййæфтам йæ рæвдыд, йæ цинагæй,*
*Хуры бын чи уыд раст.*
*Гъы, гъы-гъы.*
*Гъы, гъы-гъы.*
*Ацы кадæг нын æрдхæрдты мысинагæн*
*Уыцы дугæй æрхаст.*

*Гъы, гъы-гъы.*
*Гъы, гъы-гъы.*

Цуцури фæндагыл куыддæр фæзылд, афтæ йæм хорз разынд Гомеры Ныхас. Къæдзæх-лæг бадт йæ дур къæлæтджыныл. Йæ фæндыр йе 'рмтты зынд чындзытæй хиирхæфсæны хуызæн. Йæ тæнтæ кæугæ кодтой æви худгæ, уый уадиссаг бæрæг нæ уыдис. Фæлæ йæ фæйнæ фарс бандзыг сты поэт Хуыдже æмæ Гомеры цард æмæ бон сыхаг, къæсхуыртæ, пыхцылсæр, æппынæдзух худгæбыл Джуджу.

Æндзыг цæмæ бауыдаиккой иууылдæр, уый сын æнæдызæрдыгæй уыдис, уыдис, æмæ сæ иу сым-сым никæмæй уал цыд.

Гомеры уыдонмæ нал æвдæлд йæ кадæгæй:

*Фарны зæхх Чысаны, Сантхойы дæлбазыр,*
*Гауыз нæуу дардыл – цъæх.*
*Уд дзы ысулæфы, уый тыххæй ализæр*
*Хастой йæм хæрд, сæ цæхх*
*Икъа 'мæ Абайы сагсур дыуугæ фырты*
*Уарига 'мæ Уæрхæг.*
*Кодтой тыхфæлтæрæн. Кæрдтæ – уæларв куырды*
*Рацæгъдгæ - 'взистæхгæд.*
*Уыдоны цъыччытæй, фæттæн сæ æхситтæй*
*Стыр дзуары фахс-иу рызт.*
*Лæппутæ – 'рвадæлтæ хох-дуртæ æхсынæй*
*Не 'нкъардтой уæз 'мæ рыст.*
*Никуы сын уыдис æмсæр хæстон а бæсты,*
*С' алы фезмæлд – нæртон.*
*Худтис уæздан туг сæ риутæ, сæ къабæзты.*
*Хорзæн та ис кæрон.*
*Ломисы бардуагæн хохрагъыл – карст мæсыг,*
*Чысаны зæд-чызг цард.*
*Бон-иу кæл-кæлæй худт, згъæлста 'хсæв сау цæссыг–*
*Амонд æм дард уыд, дард.*
*Кастис дзы худгæ хур, худтис дзы худгæ мæй,*
*Афтæмæй 'намонд уыд.*

*Чи нæ йыл ысдзырдта, фæлæ йæ усгуртæй*
*Йе ‘мсæрæн ничи уыд.*
*Алы уæздан гуырдтæ, алы фыдбонджынты*
*Здæхта ‘мæ сæфт сæ кад.*
*Никæмæ сæ бахудт. Кадджынтæй, онгджынтæй*
*Ничи йын кодта ад.*
*Сау æфхæрд усгуртæ иуæггай, мингæйттæй, –*
*Карджын уыд, гъе, уыд сонт, –*
*Исчи сæ ракъахта раст цыма ингæнтæй.*
*Афардæг-иу сæ зонд.*
*Уалынмæ рагсæрды нæууытыл бонрæфты*
*Иу лæппу маргъдзуан уыд.*
*Цагъта хуыргæрчытæ карст хуымты уæрæхты –*
*Фатæй сыл, найау, цыд.*
*Чысаны саурæсугъд фемдзаст æм мæсыгæй –*
*Уарзты цæхæрæй ссыгъд.*
*Лæппу фæкуырми йæ хуры цин-цæссыгæй,*
*Зондцухау, чызгмæ хылд.*
*Разындис уыцы гуырд артзæрдæ Уарига.*
*Чызг æм йæ мидбыл худт:*
*Байсай кæд, – гъе, уæд æмсæртæ ысуаиккам, –*
*Ханты рувасдзарм худ.*

Цуцури лæугæ не ‘ркодта, фæлæ сæ нал фæхицæн йæ цæстæнгас. Сæ алыварс фæндыры зæлтæй дарддæр цыма нал дæр зайæгхал уыдис, нал дæр – змæлæг. Хуыдже йæ бæх сахсæнæвæрдæй ауагъта, фæлæ йын йæ бæрзæй кæрдæджы халмæ нал тасы. Йæ барц слæууыд, афтæмæй йæ хицауæй тынгдæр нымдзаст Гомер æмæ йæ фæндырмæ. Цуцуримæ афтæ фæкаст, цыма дзы уый, бæх дæр, нал уадзы иунæг дзырд. Йæ зæрдæ ныдздзæгъæл фæндыры зæлты фæдыл.

Фæндырæй фыццаг Гомеры цæстæнгас фæхицæн.

Йæ кадæг нæ ныууагъта, афтæмæй йæ цæстыты урсытæ сарæзта Цуцуримæ. Уый цæстæнгасы фæдыл æм азылд Хуыдже дæр. Æмæ галы къæлæттыйас аисты йæ цæстытæ. Фæсæццæ цæмæйдæр. Стæй йын тарстæй, йæ къухты змæлдæй тагъд-тагъд дзуры цыдæртæ.

Ӕмӕ йӕ бамбӕрста Цуцури. Ӕрлӕуу, дам. Ма, дам, ызмӕл. Бауадз, дам ӕй йӕ кадӕг фӕуын. Гомеры, зӕгъгӕ. Фӕтарст, ома йӕ кӕронмӕ куынӕ фӕуа, Уари-га ӕмӕ йын Уӕрхӕджы хабӕрттӕ кӕронмӕ йӕхи дзыхӕй куынӕ базона, уӕд цы фӕуыдзӕнис? Афтӕмӕй йӕ хӕдзарыл куыд сӕмбӕлдзӕнис?

Фӕлӕ Цуцури не ‘рлӕууыд. Йӕ къахайст фӕцыбыр-дӕр, фӕсабырдӕр кодта, фӕлӕ не ‘рлӕууыд. Гомер кӕй райдыдта, уый Цуцурийы къахуынӕр нӕ, фӕлӕ хӕст дӕр нал бауромдзӕнис, хӕст. Далӕ нӕ фыдбоны сыхӕгтӕ куы ´рбабырсой, бынсӕфт кӕнын нӕ куы уа сӕ зӕрды, – бынсӕфт фӕуой! – уӕд ӕй уыдон хӕст дӕр нал ӕруромдзӕнис. Цы – сӕхӕдӕг, цы – сӕ хӕст, фӕлӕ уӕддӕр... Йӕ кадӕг ӕнӕмӕнг фӕуыдзӕнис кӕронмӕ.

Ӕмӕ, ӕцӕгдӕр, цыма никуы ӕмӕ ницы – кадӕг-гӕнӕг кодта йӕхион. Нымадта йӕ зӕгъинӕгты хал уӕлмонц ныхасӕй иуӕггай:

*Фарны зӕхх Чысаны Сантхойы дӕлбазыр*
*Гауыз нӕуу дардыл – цъӕх.*
*Уд дзы ысулӕфы, цыма пакъуы базыл,*
*Ацу, йӕ цин ын зӕгъ.*

Гомеры сыхаг Джуджу, куыддӕр Цуцурийы ауыдта, афтӕ Гомерӕй абадт дарддӕр, ссӕрибар ын кодта бынат. Фӕлӕ уый не ‘руагъта йӕхи. Фӕранкау сӕм арӕхстгай бацыд йӕ къахы ӕлгътыл. Йӕ бӕзджынбын батинкъӕтӕ дӕр хуырбыныл нал уынӕр кодтой. Аивӕй ӕрӕнцой кодта йӕ къӕдз лӕдзӕгыл. Йӕхи ны-мӕры ныгъуылд йӕ сӕнтты. Йӕ сӕры магъзы зӕлы-дысты ´хсӕрдзӕнты сӕх-сӕх, топпы гӕрӕхтӕ, кӕрдты цъыччытӕ… Куы-иу арвы цъӕхы цӕргӕс бандзыг, куы ӕртӕх кӕрдӕгыл – саг… Цъӕхснаг кӕл-кӕлы судзгӕ цӕссыгтӕ ивтой, цӕссыгты – мидбылхудт… Ӕмӕ ахӕм хуызы йӕ бон нӕ уыд йӕ къӕхтӕн улӕфт раттын.

Гомеры кадӕджы чызг дыууӕ ´фсымӕры дӕр кӕд бауарзта сусӕгӕй. Фӕлвӕрдта сӕ алы фыдӕвзарӕнты, фӕлӕ сӕ ничи саст. Ӕрратӕ йыл кодтой лӕппутӕ дӕр.

Фæлæ сæ уарзты ‘нкъарæнтæ нæма æргом кодтой сæ кæрæдзийæн. Нæ сын уыд чызгæй разыйы дзырд.

Чызг, зæгъгæ, ´фсымæртæ, уадз æмæ сæхæдæг ас-къуыддзаг кæной, цардæмбалæн сæ кæй сæ равзара, уый. Мæйдары сæ арвыста сæ кæрæдзийы ныхмæ «хæцынмæ». Бæхтæ мæйдары лæппуты сæ кæрæдзимæ нæ хастой кардæрцъыччы онг. Уæд уыдон æргæппытæ кодтой се ‘фсургътæй... Æмæ сæ тæвдæй уыцы иуныц-цæфæй бафтыдысты сæ кæрæдзийы кæрдтыл.

Сæ ныгæнæн бон сæм бацыд æнамонд чызг кæугæ-тъизгæйæ. Æрлæууыд дыууæ табæты астæу дзыназгæ-йæ. Йæ фыдохмæ адæм сæ цæссыг нал урæдтой. Цæссыг сын иста сæ цæстырухс. Цæссыгдзастæй сæ, мæгуыр, ничи ауыдта, чызджы зæрды цы фæнд уыд. Ничи йæм фæцарæхст фыдбылызæй йæ бахизынмæ. Æмæ йæ зæрдæйы тæккæ астæу йæ бирæ æнæдзуапп усгурты цинæн ныссагъта цыргъ кард. Зæрдæрыст адæм сæ дзыназгæйæ бавæрдтой иумæ хо æмæ æфсымæрты ныгæдæй, чызг – сæ астæу, афтæмæй.

– Ох-х, Гомер, амардтай мæ!.. – Хуыджейæн йæ цыбыр халас зачъемæ уадысты йæ цæссыгтæ. Рыз-тысты йе уæнгтæ, фæлæ йæхи æрсабыр кæнын нæ уыдис йæ бон. Цæссыгтæ уадысты йæ хурсыгъд уадултыл æмæ сæфтысты йæ зачъейы. Уырдæм сæ дыууæ дæрзæг армæй фæйнæрдæм кодта мæсты сæрфт. – Иннæ Гомер... дæ цуры рыг дæр нæ калы! Фыццаг Гомер дæ ды! Уæд Хуыдже амæлæд, Хуыдже... кæд дæ сайын!

– Цуцури, сбад. Исты хабæрттæ æрбахастаис? – Гомер та уымæ бауырдыг. – Цæмæ дæм фæсидт хица-уад? Тасгæ фынгтæ дын æрæвæрдтаиккой, æнæмæнг, сæ бонæй сæ уа?

Бадыны коймæ Хуыдже фæгæпп кодта:

– Кæд бадгæ, уæд – фынгыл!

Бауад Ныхасы фæстæ æвæрд чысыл, дæргъæццон, сæрфт фæйнæгæй арæзт фынгмæ. Æнæ уый сæ цард нæ рæстмæ кодта. Дардмæ йæ нæ хастой. Æмæ раст кодтой. Йæ Хуыцау æцæгæй кæуыл ауды, уымæ йæ фынг æмæ

йæ сынтæг хæстæг вæййынц. Иннæтæн се ´мбисонд – сæхи. Цы сын кæнæм?

Хуыдже фелвæста фынг æд хæссинæгтæ. Талф-тулфæвæрд хæссинæгтимæ. Уыцы цингæнгæ йæ авæрдта Гомеры раз:

– Кувгæ дæр, дзургæ дæр – иумæ. Адон Цъыззытты куывдæй фæфос кодтон! Мæ уды фæрцы!.. Афтæтæ кæнын æз!

– Цъыззытты куывд… – мидбылхудгæ, цыдæр сцæй дзырдта Джуджу, фæлæ йæ Гомер нæ бауагъта йæ ныхас фергом кæнын. Фæурæдта йæ.

– Фынг фынг у, æмæ йæ алы хабæртты тыххæй фæарæзтæуы хорзæй дæр æмæ æвзæрæй дæр. Фæлæ цæхджын хойраджы фарн алы хатт дæр бæрзонд лæууы. Уыцы фарн хойрагæн йæ разæй цæуы. Æмæ йæм æрмæст æвналгæ куы кæнай, уæддæр ын æмбæлы кувын. Цæмæй дзы æнæхай макуы фæуæм. Цæхх æмæ хойраджы фарнæй. Стæй нын æй чи дætты, уымæн дæр – табу. Афтæ ´мбæлы. Нæ царды сæйраг у цæхджын хойраг. Цæхджын хойраг æмæ фарн. Уыдон кæм уой, уырдæм амонд йæхи къахæй цæуы. Хойраг фаг кæм нæй, фарн кæм не ‘рбынат кæна, уым сыгъзæрин дæр нæ лæууы.

– Хах-ха-ха!.. – Хуыджейы-фырт ныххудт йæ зындгонд хæл-хæлгæнаг худтæй. – Нæма ракуывтой, афтæ сын батухын кодтон хæйттæ. – Амоны, фынгыл цы кæрдзынтæ, къуыдырфых фыдызгъæл æмæ нозт æвæрдта, уыдонмæ. – Зæгъын, Гомер йæ сæрæн нæу. Райсомæй йæ федтон, æмæ уæм, зæгъын, не ‘рбацæуд-зæнис комыаргъ лæг. Зæгъын, нæ хæйттæ нын иумæ авæрут, æмæ æз ацыдтæн. Сæ сæртæ уый не ‘рцахстой – Гомер ма кæд рынчын кодта, ницæйаг Цъыззытты лæппынтæ!

Цъыззытты цот мæ фæндыл ныццин кодтой, мæгуыр. Мæнæй чи ирвæзт, сæ худтæ арвмæ ´хстой. Фырцинæй хæрдмæ хаудтой æмæ-иу сæ зæхмæ ´рыз-дæхын нал фæндыд. Хах-ха-ха!.. Ома та ныл ам цъиутысайды худтытæ кæндзæнис. Сызмæнтдзæнис

нын нæ кады куывд. Сæ фынджы рæстæмбис сын куы хастаин, уæддæр мын «нæй» нæ загътаиккой. Не сты фæсивæд! Æмæ, дам, нæм нæргæ, кады ном æмбæлы! Æй, Цъыззыттæ, Цъыззыттæ!..

– Фæлæуут, фæлæуут, æнæ мæн ма ракувут!

Се ‘ппæт дæр базыдтой Сурены. Уыцы ´мдзаст æм фесты. Гомерæй дарддæр. Уый æнæразыйæ йе ‘ргом азылдта иннæрдæм. Фæлæ йæм чи каст, уыдон Цуцурийæ дарддæр нæ бамбæрстой, Сурен чъызгæ, фæлæ йæхи къæйныхæй æвдисгæйæ кæдæм хæссы хуын.

Лæгæн йæ галиу къухы цы тыхтон уыдис, ууыл зынд – æртæ уæливыхы сты. Сæ уæлæ дæр ма, цымæ, цыдæр ис? Æвæццæгæн – карк. Йæ рахиз къухы та æнæмæнг Чермены цæссыджы дурын хаста, уæдæ цы. Кæдæм рараст, уый не ‘мбæрстой. Ау, цъыззыттæгтæй ахæм хæсджын у, сæ худинаджы ном сыл уый сæвæрдта, уæзгæ цыд сæм кæдæм фæкæны, гормон? Æви сæ ног номæвæрæг уый уыдзæнис æмæ сæм афтид армæй цæуын нæ хæссы йæ сæрмæ?

Уыдон та уæд нырма цæмæннæ уадзы ракувын? Кæд уыдонимæ абадын ис йæ зæрды, уæд ма Цъыззыттæм кæд цæудзæнис?

Фæлæ бирæ ракæ-бакæйыл нæ фесты. Алцы дæр сын Сурен йæхæдæг адзырдта тагъд-тагъд: йæ мæйы размæйы ´нæууылд ныхасы тыххæй Гомермæ ´рбацыд хатыргур. Хатыр кæм вæййы хистæрæй, уым та фæйнæ сыкъа сисын тæригъæд нæу. Æмæ нуазгæ дæр куыннæ акодтой. Нозт кæм вæййы, уым худт дæр вæййы. Æмæ фæхудтысты хицауады æнæсæрфат митæ æмæ йæ хынджылæггаг фæдзæхстыл. Йе ‘нæсæрфат мийыл ын дзырдтой худæг ныхæстæ. Сурены æнæраны ныхасыл дæр кодтой артæнхæлдтæ.

Хуыдже судзагæй цалдæр агуывзæйы фæстæ рамæсты. Æмæ срæтыгъта, ´нцой йын чи нæ лæвæрдта, йæ зæрдæйы уыцы риссаг:

– Кæсут?! Мырзæ зæронд лæг у, фæлæ ныууагъта йæ хæдзар, йæ бинонтæ æмæ æд карабин адзæхст кодта Чъребамæ. Джауырты ныхмæ æрлæууынмæ! Нæ хица-

уад та цы ми кæны?.. Хохы дзуæртты раз ирон чызджыты бæгънæджытæй ратул-батул кæнынц. Æнаккæгтæ! Уæдæ æмæ нæ бынсæфтмæ æртæрдзысты! Мæ мард фенут, фыццаг уал адонмæ райсын æмбæлы хæцæнгарз! Æнæхицауæй сæфæм!

Æгæр-æгæр куы ахызт, йæ нуæрттæ куы райдыдта халын, уæд æй Гомер, йе ´рдæм нæ азылд, афтæмæй уайтагъд æрсабыр кодта:

– Тæрсгæ ма кæн, мæ хур. Мæ карæн дур нал ис, æмæ дæ зæрдыл бадар мæ ныхас: Ирыстон цæргæцæрæнбонты уыдис æнæхицау, фæлæ нæ фесæфт. Ныр дæр нæ не сфæлдисæг Хуыцау кæд нæ фесафид. Йæ рафæлдисгæ адæм стæм, æмæ нæм далæ нæ фыдбоны сыхæгтæ цъиуæй-бæдулæй куы бырсой, уæддæр æй зон – ироны ныхмæ сæ бон ницы бауыдзæнис! Хуыцауы фæндоны ныхмæ никæй бон ницы бауыдзæн. Афтæ уыд, афтæ у, афтæ уыдзæнис цæрынæй-хæрынмæ!

– Гъы, гъы, гъы… – йæ иуæггай згæ дæндæгтæ хурмæ ракалгæ, йæ картоф фындзы бын райгæ худт ноздзæф Джуджу.

– Хорз-ма лæууы мæ зæрдыл, мæ хуртæ…

Гомер æрымысыд, сæ дыккагхæдзæртты чызг, мæгуыр, алы фезмæлды дæр зынгæвæрдау куыд уыдис. Æгæрыстæмæй, нæлгоймаджы куыстыты дæр. Донимæ йæ банызтаис, фæлæ амонды гуырд нæ фæци. Райгуырцæй къуылых рахаста, æмæ йæ уый тыххæй ничи куырдта.

Дæлæ уыцы хусастæуæй æппæлойтæ та уымæ бæллыдысты, ирæттæн къуылых чызджытæ куы гуырид. Дзæбæхтæй сыл чи ´ввæрсыд, фæлæ-иу сæ, мæгуыр, къуылых ирон чызг æмкъайæн кæй фæцис, уый хæстæджытæ дæр-иу сæхицæй амондджындæрыл никæй нымадтой. Сæ ницæйаг туг рагæй фæстæмæ уæздан тугæй ивыныл хæрынц сæ удтæ. Æмæ уый тыххæй фæстæ ницæуыл фæхæцынц. Бæрзондтæ, рæсугъдтæ уæвын кæй нæ фæнды?! Уæдæ, дæхи уæд стыр бынаты ма æвæр, фæлæ зон дæ бынат. Æмæ сусæггæргомæй сæ туг ивынц ирон тугæй.

Иу уый, æмæ сæ ирон сылгоймаджы фæрцы йæ туг чи раивтаид, уымæн йæ сыхæгтæ йæ рæсугъд цотмæ хæлæгæй мардаиккой. Аннæмæй йæм йæ каисты тасæй сæ ныхы дзуар дæр тызмæгæй бакæсын нал бауæндыдаид. Кæй фæнды, хохæгтæ йæм бæхтыл фæмидæг уой æмæ йæ уыргæфтыд фæкæной, кæд ницæйаг у, уæддæр сæ сиахсы ´фхæрдмæ?

Стæй, ирон чызджы ракуырдæй, дæлзутаг йæ царды хабæрттæ дæр арæзта. Цыфæнды мæгуыр каистæ йын уыдаид, уæддæр æм афæдз иу хатт баласдзæнис иу-дыууæ лалымы сæн, æмæ дын мæллæг кусарт уæддæр акодтаиккой. Сæ сыхбæсты, сæ адджын адæмы фæхуыдтаиккой «оцхаримæ», æмæ дын сæ алчи дæр, йæ къух æй куыд амыдта, афтæ æрбахастаид цыхт, царв, картоф, мыд, къуымбил…

Къæс-къæсгæнаг дзаг уæрдоныл куы ´рыздæхтаис дæ хæдзармæ, уæд дæм цыбыркъух сыхæгты цæстытæ куыннæ хаудаиккой хæлæгæй? Уыдон дæр куыннæ фæндыдаид, ирон къуылых чызг уæддæр искуы куы бакæсид сæ къæсæрæй чындзы номыл! Фæлæ уыцы амонды аккаг алчи нæ кодта.

Махмæ, ирæттæм, дæр-иу къуылых чызг куы райгуырд искæмæн, уæд-иу сæ къух ауагътой: «Цæй, ницы кæны. Дæлæ йæ уыцы хæдгуырдтæй уæддæр исчи ракурдзæнис». Æмæ-иу ницæйæгтæй кæй чындз бауыдаид, ууыл-иу сæ уды быцъынæг скъуыдтой. Æнамонд чызг-иу сын æвæндонæй ссис сæ ницæйаг туг уæздан тугæй раивæг.

Чызгæн та чындзы æнæцæугæ нæ уыд. Дæ фыдгулфыдзæрдæйы сылыстæг йæ фыды артдзæсты базæронд уа. Адæм уыцы хæдзарвæндагмæ зул цæстæй кæсын райдайынц, æнамонд сты, зæгъгæ. Чызгæн-иу йæ тугстæджы сæрыл йæ уд нывондæн æнæрхæсгæ нæ уыдис – фæнды дæ æви нæ, дæлзутагæй дæр смой кæн, мæгуыр йæ ´намонд бон.

Æмæ сын Гомер дзырдта, йæ сыхæгты чызг кæд удæй фидар уыдис, уæддæр уа бирæ нæ фæцард. Нæ сæ ‘рæввахс кодта йæ зæрдæмæ. Дæлзутæгты. Суанг йæхи

туг-стæг кæстæрты дæр мæнæ-мæнæ... Сагæн хуыдон цы ад кæна, уымæй йын фыддæр уыдысты. Рæстæгæй-рæстæгмæ-иу йæ кæстæртæй кæд искæй барæвдыдта, цæгатæрдыгæй-иу æм кæд исчи æрхаудта, æндæр æй йæ цæсгомы хуыз равдисгæ никуы ничи федтаид. Дæлзутæгты ´хсæн æппынæдзух ахæм тæригъæддаджы бонтæ ´рвыста сылгоймаг.

Адæймаг туг æмæ стæг у. Цас бафæрæзтаид афтæ цæрын? Æмæ йæ цæгатыл иу зымæгон бон сæмбæлдис комыйаргъ сылгоймаджы адзалы хабар. Æгас мыггаджы хуыздæртæ, хæстæгæй-хионæй йæ ныгæнæн бон æфсургъифтыгъдæй балæууыдысты йæ фарсмæ, се ‘намонд хойæн фæстаг хæрзбон зæгъынмæ. Йе ‘нусон фæндагыл æй кад æмæ радæй арвитынмæ.

Фæлæ Гомермæ, кæд уæд Гомер нæма уыдис, уæддæр диссаг цы фæкаст – аходæн афонæй дзæвгар ахызт, зиан йе ‘нусон фæндагыл арвитыны рæстæг тагъд уыдаид, афтæмæй зианджынтæ кусарт нæма акодтой. Сæ цуайнæгты чъырын артмæ афтид дон сур кодта. Æмæ уыцы знæт уыдысты.

Куы сæ афарста: «Кæм ис фыдызгъæл?» – уæд ын ацамыдтой, чысыл дæрддзæг, мæлдзгуытæ цъысцъысагыл куыд ныттымбыл уой, афтæ, цæхджын кæнинаг джитрийы ´нгæс, æмхуызон хæрз гыццыл, фæлæ дымст лæггæндтæ куыд разгъор-базгъор кæнынц иу стыр, баст галы алыварс. Исчи йæм сæ куы фæцæй цæуы, цæмæй йæ ацахса, уæд æм гал фæзилы йæ сыкъатæ, ныффутт кæны, æмæ лæджы ном худинаггæнджытæ æгас бардзæй митыл акæлынц сæ кæрæдзийы сæрты. Æввахс бацæуын æм нæ уæндынц. Дæлæмæдзыдтæ фыртæсæй худинаджы ном æвæрынц нæлыстæгыл.

Гомер ма уæд хæрзæвзонг уыдис. Æвзонг æмæ æнæрцæф. Сæ ницæйаг удты тас цыма йæхи худинаг уыд, æвиппайд æм афтæ фæкаст. Чысыл æм исты сдзур, уæд сыл ехсæй ралæууыдаид дзæхст-дзæхст. Зæхх куы аскъуыдаид æмæ уым куы ныххаудаид, уый дæр æй бафæндыд. Фырмæстæй, фырадæргæй æвиппайд йæ

фындзы базыртæ адымстысты. Иу æнæуаг тъæлланг сыл фæкодта:

– Ту, мæ куыдз фæлдыст уæ мыггагæн! Хуыцау уæ афтæмæй цы кодта æмæ уæ цæмæн фæлдыста, дæлæмæ макуы ´рхауа?!

Йæхæдæг мæстæйдзагæй феппæрста йæ ногæууæрст фысдзарм кæрц. Бахста йæ, дæлзутæгтæй йæм хæстæгдæр чи лæууыдис, уыдонмæ. Йæхæдæг, йæ быд хæдоны дыстæ мидæмæ тулгæ, фæраст галмæ. Æмæ… йæ туг-стæджы хисты æцæгæлон… адæймаджы ном худинаггæнджытæ дæр фестæнт… Фæлæ уыйбæрц адæмы се ‘хсæн кодта æлгъыстаг.

Кæрц кæмæ баппæрста, цæмæй йыл фæхæцой, уыцы ницæйæгтæ æртæ лæппуйæ фæцудыдтой. Кæрцы бын фесты æгуыдзæгтæ. Сæ цыбыр къæхтæ æмæ къухтæ ма бæргæ тылдтой, фæлæ, чысыл ма, фæцæй хуыдуг кодтой Гомеры кæрцы бын. Фыртæсæй сæ зæрдæтæ фæцæй скъуыдысты. Кæрцы бынæй ма сæ тых æмæ фыдæй скъахтой. Скъахтой цы, раластой сæ, сæ цæссыгтæ сæрфгæ, æвзæр куыдз сæ мæрдтæ æмæ дзуæрттæн фæлдыст фæуа, кæд уыдонæй, февзидæнгарзæй уæлдай, адæм нæй!

Гомеры уыдон не ‘ндæвтой. Цыма йæм рагæй цæттæ уыд, фæцъортт кодта йæ фарсылдарæн цыргъфындз кард. Гал æй куы ауыдта, уæд æрхаудта йæ уæрджытыл. Йе стыр цыргъ сы йын куы ацахста, уæд æй куыддæр фæзылдта æмæ къæдзæхыййас гал атылд йæ рагъыл…

Æмæ та сæм уыдон зæрды, тъетъиаты зæрды кæд ис æрбабырсын. Рагæй нал бавзæрстой ирон лæджы мæсты ´хсидт. Нæ карды цæфтæ сын, æвæццæгæн, байгас сты æмæ та сæ ногæй агурынц.

– Хах-ха-ха!.. – нæрыд Хуыджейы мæсты æмæ ´хцон хæл-хæл. Йæ зæрдæйы фаг сын уыдта Гомеры рагон мысинæгтæй.

– Гъы, гъы, гъы!.. – уыцы зæрдæрайгæ йын дзуапп лæвæрдта æнæсдзырд Джуджу.

Иннæтæ дæр сæ дзыхтæ кæм бахуыдтаиккой. Нозт кæм уа, уым худтæн бамбæхсæн нæй, дурты бын æй куы

бакæнай, уæддæр. Стæй йæ ´мбæхсгæ дæр цæй тыххæй æмæ кæй тыххæй кодтаиккой? Сæ зæрдæты бæрæгбонон равг. Æмæ сæ цин, денджызы сабыр уылæнтау, ивылдис кæрдæджы халæй кæрдæджы халмæ, бæласы хихæй бæласы хихмæ. Фæлурс мигъы бындзыгау, уыцы райгæ, уыцы æрттивгæ къæс-къæс кодта сатæг, æхцон уæлдæфы. Адæймаг дзы не ´фсæст.

Уæлдай тынгдæр, бæх чи сырдтой, уыцы Ныллæг æмæ Растастæуыл фæхудтысты. Кæд Растастæу уыд мидæггаг коймаг. Йе ‘мбалы æрбакодта горæтæй кæсаг ахсынмæ. Токдæттæн генератор Ныллæг йæ сыхæгтæй дзырдæй ракуырдта – иу бедра сын йæ тæккæдзагæй æрласдзæнис ногахст, тæлфгæ, тæппытæ кæсæгтæ.

Растастæуæн та уыцы мæллæг бæх, æнæрай дзы макуы скæна, кæд уыд йæ сыхæгты. Йæ бæндæн ын йæ къубалæй никуы раппæрстой, æмæ йæ сæрды тарфы, хосгæрдæны, стонгæй марынц.

Гъемæ мæлæты кæсагахсджытæ æхсæвыцъæхæй куы ´рæвналиккой сæ куыстмæ. Милицийы къæсæртæ кæй тыххæй ихсийын кæнын сыл æмбæлы, сæ уыцы «куыстмæ». Бæхы рохтæ комы, цæугæдоны хæдбыл бæласы цонгыл афтыдтой. Токдæттæнæй цы тел ауагътой, уый нытъпъыстой доны. Ныртæккæ токдæттæн скусдзæнис… Дæргъæй-дæргъмæ барел, тæппытæ кæсæгтæ, сæ урс гуыбынтæ хæрдмæ, афтæмæй уайтагъд сæ удисгæ скæлдзысты уæлæмæ… Æмæ сæ уидз æмæ уидз. Уидз æмæ сæ уидз, дæ бонæй дæ уа!..

Æцæг скуыста токдæттæн… Скалд йæ удмарæн цъæх-цъæхид фæздæг. Æгас ком ныннæрыд йæ тыхæрдиагæй. Бæх тарст мыр-мыр ныккодта. Кæдæм фæком-коммæ, уыцырдæм фæндаг-фæндаг ныццавта йæ тых, йæ бонæй…

Мæлæты кæсагахсджытæй фыртагъд-тагъдæй ферох сæ токдæттæн бæхæй райсын. Исты тас, уæд æвиппайды цæмæй фæтары уыдаиккой. Скусын æй кодтой бæхы рагъыл. Æмæ мæгуыр бæх уымæй лыгъд, уый та, токдæттæн, йæ фæздæг калгæ, гуыр-гуыр кодта. Ныллæг йæ фæстæ «Движок! Движок»-гæнгæ дугъ

кæны, Растастæу – «Бæх! Бæх!»-гæнгæ. Сæ курæггæгты хицæуттæй æдас нæ уыдысты – фиддон сын ма фæуой æмæ сæ алчи йæхи гæбæр рагъы койыл уыд. Хуыцау сæ нæ сæфта, æрцардта сæ, æмæ токдæттæны биры бензин нæ уыдис, бæхы уæрджыты – бирæ магъз. Кæйонг лыгъдаиккой? Æмæ бæхæй, токдæттæнæй сæрæгасæй рæстæгыл бафтыдысты фыдбоны кæсагахсджыты къухты. Фæлæ ма бæх йæ уæлæ куыд бауагътаид уыцы фыдбылызы мигæнæн сæвæрын. Хаста йæ, хидкалгæйæ, Ныллæг. Уæддæр бæх йæ ризынæй нал æмæ нал æнцад. Токдæттæнмæ-иу уыцы зулмæ бакаст. Æмæ йыл Растастæу нал сбадт – исты куы кæна, уæд йæ фиддон кæны. Æмæ се ‘нæхуруынд уæнгтæ хиды лæсæнтæ фестадысты дыууæйæн дæр.

Ноджы сæ Хуыдже бахаста къуыммæ:

– Мæнæ ма хохы цъассыты кæмдæрты иуæггай цъиутæ ´нæбары пæр-пæр кæнынц. Иуæггай уытъырытæ ма дзы базмæлын кæнынц сæ къæдзилтæ. Æмæ сæм райсæм хотыхтæ! Сармадзантæ сæм æрбатулут! Фæцæгъдæм сæ! Стæй сæ нæ кæстæртæн чингуыты нывтæй амондзыстæм. Уый кæсаг хуындис. Уый цъиу кæнæ бидзола уыд!..

Худинаг æмæ нын мæлæт нæу?! Уæ мæллæг бæх сымахæй зондджындæр у! Уымæн æмæ, уый хохаг бæх у, хохаг! Зонды къуыбар! Уæ хид уын уе ‘рбадæнты адгуытæй уымæн акалын кодта, уымæн! Горæттæгтæ!.. Кæсагуарзджытæ!..

– Гъы, гъы, гъы… – йæ иуæггай згæ дæндæгтæ хурмæ ракалдта, йæ картоф фындзы бын зæрдæбынæй мыр-мыр кодта Джуджу.

Сурен-иу сæ рæстæгæй-рæстæгмæ басабыр кодта: «Ма хыл кæнут, æндæра уæ стæй фынгтæ æвæрыны æфсæрм уыдзæнис…»; «Ма хыл кæнут, æндæра уæ стæй фынгтæ æвæрыны æфсæрм уыдзæнис»… Мæнæ, дам, мæнмæ нæ кæсут.

Æмæ уыдон дæр уыцы ´нцонæй разы кодтой йемæ. Кæсагахсджытæ. Хуыджеимæ æнæ дæлæ-уæлæ разы кодтой. Цæмæй дзы фервæзтаиккой. Нæ мигæнæнтæ

ма, дам, сæ хицæуттыл сæмбæлын кæнæм æмæ, дам, суанг салд кæсаджы фыд дæр нал хæрæм; нал дæр – салд маргъы фыд. Не ʻмбæлттæй, дам, иу ахуыргонд – Университеты декан у, æмæ карчы фыдмæ æвналгæ дæр никуы фæкодта. Нæдæр ус куры: «Сылгоймæгтæ мæм иууылдæр кæрчыты хуызæн кæсынц», – фæдзуры. Уый тыххæй сын нæ хæры сæ фыд. Мæ зæрдæ, дам, æппынæдзух кæимæ дзуры, мæ уд, дам, кæмæн нывонд кæнын, уыдон туг-стæджы фыд, дам, куыд батайдзæнис мæ ахсæны? Кæддæр зæгъы стонгæй карчы калбас бахордта æмæ æгас къуыри йæ артæнбынтæ калдта. Нæ хæры карчы фыд, фæнды йæ аргæвд. Æмæ йын ницы у. Мах дæр, зæгъгæ, кæд бафæразиккам æнæ ногахст кæсаг. Нæ дарæс ма, дам, куы бафтиккой нæ къухы, нæ дарæс. Æрсытæ, дам нын сæ ма скæнæнт сæ уæлæ, æндæра, дам, сæфæм.

Зæгъгæ, ацы фыдгуырд Хуыджейæ ма æнæфыд-былызæй фервæзæм, æмæ нал хæрæм кæсаджы фыд. Карчы фыд дæр, дам, нал бахæрдзыстæм. Нал хæрæм къæбæр дæр! Æрмæст ма нæ ауадзут ацыхатт. Фæцæуæг сты æрдæгбæгънæджытæй.

Хуыцауы фарнæй æмфынгонтæ сæхæдæг сæ дар-дыл рæгъытæ æмæ алыхуызон цымыдисон æмбисæнд-тæй цыбыр кодтой сæ дзадджын фынг. Афтæмæй сыл сæ зæрдæйы дзæбæхæн хур акъул. Фынджы фарсмæ бадгæйæ, рæстæг куыд атæхы, уый адæймаг нæ хаты. Æмæ Цуцури батагъд кодта, ацы æнæвдæлонæй, дам, мæ къухтæм æмхасæнтæ кæнын, афтæмæй, зæгъгæ, бадыныл фæдæн.

Фæндаджы иувæрсты, бæлæсты аууæтты ногæй йæ зæрды уыд Цъыззыттæй йæхи фæтылиф кæнын. Ома, райсомау та сын аирвæздзынæн. Зæгъгæ, аирвæз-дзынæн сæ иувæрсты. Ничи мæ фендзæнис, афтæмæй балæуудзынæн хæдзары. Исты куыстытыл дæр ма аиф-тындздзæнис йæхи. Фæлæ цасфæнды арæхстджын у, Уæлладжы хорзæх дæ куынæ уа, уæд æй зон – дурын алæбон дон нæ хæссы. Тынг дæ куы фæнда, уæддæр. Æнæфенгæ нæ фæцис куывдгæнджыты.

Цъыззыттæ лæгæвзæрстæй сæ тых, сæ бонæй тайтай кодтой фæндагыл. Сæ къухтæ тылдтой. Искæй тæрсын кодтой… Искæмæй тарстысты, хæйрæг сæ зонæг, уæддæр æй дардмæ фæхатыдысты. Æрæвæрдтой йыл сæ цæст.

Цуцури сæ куыд бамбæрста, афтæмæй Маркъелы нал ныууагътой. Хæдзарæй йæ æд сынт рахастой æви йæ ног чындзæн фæхонын кодтой, ныр æй дæлимон дæр нал рафæлгъаудзæнис, уæддæр сыл сæмбæлд. Фæлæ сæ фынгыл кæронмæ нæ фæбадт. «Мæхи æвзæр хатын», – сыстад. Раарфæ сын кодта. Йæ бæх йæ фæдыл раласта дзыларæй. Куы йыл сбадт, Цъыззыттæн раст уæд æрбалæууыд сæ зæрдыл, цæй тыххæй, цæй охыл æй фæхуыдтой, уый.

– Маркъел! Маркъел!.. – ралыгъдысты йæ фæдыл. – Нæ ном нын куынæ аивтай… Дыккаг хатт нæм хистмæ æрцу, куынæ нæм фæлæууай. Æгас мыггагæй дæм хатæм… Дæуæй дарддæр нын æмбæлон, кад æмæ рады ном ничи раттдзæнис!..

Ирон адæймаг йе ‘фсæрмæй сæфт у. Æрлæууыд лæг. Агуывзæ рахæссут сын, загъта. Æмæ йæм раскъæфтой иу хæрз чысыл, къæдзæхæййас лæгæн йæ дæрзæг æрмтты чи сæфт æмæ йæ бон йе ′нгуылдзтæй æрцахсын кæй нæ уыдис, ахæм, хæрз чысыл агуывзæ æнæ ацаходинаг.

Лæг æм, уыцы гыццыл… гыццылмур агуывзæмæ йæ галывзагау дæрзæг армы саккоммæ фæкаст, фæкаст, фæкаст… Гогыз бындзмæ куыд кæса, уыйау… мæстыйæ. Стæй йæ иннæ фиййагæййас къухæй дæрзæг æрсæрфта йæ цъæх зачъе, æмæ сын, фидисгæнæгау, афтæ:

– Цæргæ-цæрæнбонты æнæрæгъыдзыд Цъыззыттæ уыдыстут, Цъыззыттæ стут æмæ Цъыззыттæй баззайдзыстут!

Йæхæдæг йæ бæх фезмæлын кодта, æмæ уартæ цъыллынг-мыллынггæнгæ йæ зæрдæйы дзæбæхæн фæсиры. Цъыззыттæ, мæгуыр, сæхи æрæджыйау æрæмбæрстой. Бæргæ ма ныттылдтой сæ тымбыл къухтæ, бæргæ ма йæ æлгъыстой сусæг-æргомæй, фæлæ, лæг

уыцы судзаг æд агуывзæ цы фæкодта, уымæн дæр сæ бæлвырд-бæрæгæй ничи ницы бамбæрста. Бышти-ма, мæгуыр, загъд-заманагæнгæ, йæ галиу къухæй йæ хæлафы комдæлыл хæцгæ, лыгъд йæ фæдыл æмæ йын рахиз къухæй йæ бæхыл уыцы зæрдæбынæй æхста дуртæ. Рæстæгæй-рæстæгмæ-иу акаст йæхиуæттæм – уынынц, цы домбай æфсымæр сын ис?

– Уый дын – цъыззытт! Уый дын – цъыззытт! Уый дын – цъыззытт!.. – кодта æппынæдзух æмæ уымæй бындурондæр, фидардæр кодта сæ ном. Цæмæй макæмæй ферох уыдаид. Цæмæй лæууыдаид алкæй зæрдыл дæр. Цæмæй æнæрай скодтаиккой сæ фидиссаг номæй æмæ сæ рагъæй мауал ахаудаид – Цъыззыттæ, зæгъгæ.

Цуцури сын, ома, бынтондæр ницы бамбæрста, ахæм хуыз равдыста. Быны-бынтон фыдрасыджы ‘фсон скодта, цæмæй йæ фынгмæ бакæнынвæнд макæй сæр æрцахстаид. Уæддæр æм æргомдзырд æмæ сывæллоны зæрдæйы хицау Бышти фæхæрам:

– Сæрмагондæй дæ фæхуыдтон, уæддæр дæхи нæ баурæдтай. Дæ гуыбын дыл тых кæнын райдыдта? Гъæй-йæй-йæй!.. Хицауад дæм уымæ сидт, йæ бон ныккала, æмæ дæ ласгæ фæкæна?

– Уыдонæй… мæ ныууадз, Бышти! – Цуцури архайдта, куыд тагъддæр дзы фервæза. – Знон изæр… йæ цумайы чызгимæ… Тлийы тæккæ хуымгæрон улæфыдысты… Макæмæн, дам, æй зæгъ.

– Æ, дæлдæр фæуа, дæлдæр! Æмæ районæн сæ мыстытæ дæр куы зонынц, йæ бæгънæг гуыбынæн ын куыд тæвд пъатæ æмæ диссæгтæ фæкæны, уый! Кæмæй ма йæ ´мбæхсы, кæмæй, хус хæрæг? Æз æй ныртæккæ куывды адæмæн иууылдæр къухджын-къахджынтæй радзурон!.. – ныййарц сæхимæ. Бышти.

Цуцуримæ афтæ каст, лæппу расыг у, æмæ йæ нæ бамбардзæнис. Аирвæза дзы, уый охыл ын афтæ бакодта. Ныр æм диссаг фæкаст зондцух Быштийы ахаст. Йæ сæры гыццыл магъз уыдæттæ куыд ахсы? Цæмæй районы хицауы ныффидиссаг кæна, уый тыххæй йæ куыд дзуры адæмæн? Æмæ, дам, зондцух у.

– Ма йæ зæгъ, – йæ фæстæ адзургæ ма йæ афæдзæхста лæг. – Макæмæн æй зæгъ! – дзырдта йæ фæдыл, фæлæ ма Быштийы уый мæт уыд.

– Æз æй ныртæккæ!.. – цæуыл æм мæсты уыд афтæ, ацу æмæ йæ ды базон.

Цуцурийæн йæ хин куы акарста – фынгыл бадынæн нал бæззын, зæгъгæ, æмæ йæ фæдыл куы ничи уал акаст, куы йæ ныууагътой, уæд ныййарц йæ фæндагыл. Бышти дæр кæй базыдта, уым, дæлæ кæнай, уæлæ кæнай, уæддæр ницы уал ис æмбæхсинаг. Æцæгæй атагъд кодта йæ фæндагыл. Кæд бынтон ницы, уæд йæ фосы размæ уæддæр скæсдзæнис. Фæлæ йæ уæддæр баййæфта мидæгкоймаг Къынтъул.

Зæххæй къуыпп нæ дары, йæ бындар макуы фæуа, фæлæ уыцы цыбыр къæхтæй уый цы згъорд кæны! Æйтт-æйтт, æйтт-æйтт! Цыма, Дæргъындзæг æмæ Нылlæджы курæггаг бæхау бензинæй кусы – цæст ыл нæ хæцы. Нæ йыл кар зыны, нæ – цы адæмы хаттæй у, уый. Йæ цыд мацæй тыххæй фæсабыр кæна. Ныр дæр дугъ размæ кæны, кæсгæ – фæстæмæ. Нал æнгом кæны йæ мысты хæрды хуызæн дзых:

– Уæдæ, дам, æй макæмæн зæгъ?!. Хи-хи-хи!..

Цуцури ахæм хуыз равдыста, цыма йын ницы æмбары. Цыма уый дзыхæй ницы рацыд. Ницы федта. Ницы зоны. Ныхас йæ зæрды уыдис бынтон æндæрырдæм азилын:

– Цæрæнбонты кæдæм тагъд кæныс, Къынтъул?

– Горæтæй æрвыст дæн. Нæхимæ бауайон. Адæм æндæр кой нал кæнынц: нæ фыдбоны сыхæгтæ, дам, нæм ныббырсинаг сты. Æцæг у æви нæ, уый кæд нæ сыхы устытæ зониккой. Афæрсон сæ, æндæра, Чъреба дæр алы хæццæ ныхасæй тæригъæд æмæ додойаг у. Зæгъын, бæлвырд дзырд ын ныххæссон. Чъребайæн сыхы устытæй…

Къынтъул дугъ размæ кæны, дзургæ – Цуцуримæ. Фæлæ стæй уымæй дæр айрох. Къынтъулæй. Стæй – Цуцурийæ дæр. Куыд фæцис бæлæсты ауон, уый Цуцури нал фæхатыд.

«Ӕгæр мын антыст æви, расыджы ‘фсон кæй скодтон, уый мыл фæзынд?» – февзæрд йæ сæры, æмæ йæ разы хуыр фæндагмæ фæкомкоммæ... Чысыл, хоснуазæн, авгæй агуывзæйы цъæлтæ сæ кæрæдзимæ хæстæг цъындцæстæй лæууынц рыджы змæстæй.

– Маркъел сын, æвæццæгæн, ам рату кодта сæ агуывзæ? – февзæрд йæ сæры. – Ӕ, мацæмæн бауат. Уæ иу худинаджы ном уын фаг нæу, уæхи ноджы адæмы цæсты цæмæн æфтаут, дæлдæр макуы фæуат?! – цъызъзыттæгтæн йæхинымæры бауайдзæфтæ кæнын уыдис йæ зæрды, фæлæ, цыма, йæ уайдзæфы гуым-уым æгæр фергом. – Маркъелæн ахæм агуывзæтæ дыууæуагъд судзагæй дæр, арсы фæсалы – мæлдзыг.

Адæймагæн йæ туг аивæн ис. Ивгæ дæр æй кæнынц. Фæлæ йын йæ уды миниуджытæ фендæрхуызон кæнынæн дæ бон ницы бауыдзæнис-иу акодтой нæ фыдæлтæ, рухс дзæнæты фæбадой. Уыдон цы дзырдтой, уым мæнгæй ницы ис. Алцæуыл дæр сæ ис æууæндæн. Ӕмæ нæ фæрæдидзынæ.

Лæг фæкомкоммæ, райсом Сафиат, сæ сыхæгты саударæг, пыхсбыны уидзгæ хус цъыхырыты къона кæцæй æрхаста, уымæ хæстæг та чидæр кæй ныггуыбыр ног æргъомы бын. Йæ арæхстгай къахайстæй йæ базыдта – уый та у. Сафиат. Ног æргъом ын уыдзæнис, уæдæ, цы. Уæдæ, райсомæй ардæм уыцы æргъомыл кæм фыдæбон кæндзæн?

Цымæ сæ цас фæтымбыл кодта? Йæ хус цъыхырытæ. Ӕвæццæгæн, сылгоймаджы зæрды уыд, цалынмæ уый районы ис, уæдмæ сæ йæхирдыгæй фæкæна. Ӕмæ йæ афтæ фыдлæгæй зоны, Кæфтæй-Кæсæгмæ кæмтты хус къæцæлы мур сисын макæмæн бауадза? Ӕй, гормон, гормон... Ӕгас кæмттæ бæласы хихы онг бахæрынвæнд чи кæнынц, уыдонæй куы никуы никæй фесæфта, уæд йæ саударæг... чындзы сафы?

«Ӕй, куыд амардтæн, гъе! – бафсæрмгæнæгау кодта, стæй йæхицæн авæрдта ныфсытæ: – Йæ фырæфсæрмæй афтæ у. Хорз сылыстæг йæ алы къахдзæф дæр нымайгæ кæны – макæй зæрдæхудты

бацæуа. Уæлдайдæр, нæлгоймаджы зæрдæхудты. Æндæра, уæдæ, уанцон нæу.»

Сылгоймаг ын фæхатыд йæ къахуынæр. Æвæццæгæн æй базыдта. Ныззылын, мæгуырæг. Алæууыд уæлвæндаг. Уæлбылыл йе 'ргъомæй банцой кодта фæндаджы къахт къулыл, афтæмæй лæууы æнæзмæлгæйæ æмæ йæм кæсы æфсæрмдзæстыгæй. Хатыркурæджы каст. Фæрсæджы каст.

Æмæ йæ цæмæй фæрсы? Цы йæ фæнды базонын? Къынтъулыл дæр сæмбæлд? Æнæмæнг. Æнæмæнг ын уый цыдæртæ адыгъал-дыгъул кодта. Æмæ ныр æфсæрмдзæстыг сылгоймаджы фæнды къуызыппайы дзырдты рæстдзинад базонын. Фæлæ йæ æргом нæ бафæрсдзæнис. Цæсгом кæмæн ис, уый афтæ кæны. Фæлтау æм фæрсæджы каст кæндзæнис æмæ йын кæд йæхæдæг исты раргом кæна, уæд – хорз.

Лæг уымæн райдыдта дзурын:

– Цæсгом никæмæн уал ис, никæмæн, чындз. Æмæ се 'мбисонд – сæхи. Фæлæ дæм, ардыгæй районмæ ацы æнæвдæлонæй лæджы сæ хæлд митæ æмбæхсыны тыххæй фæцæуын кæной, уый диссаг нæ кæсы?! Æцæг ма диссагыл дис дæр чи кæны?

Уый фаг уыдис Сафиатæн, цардзонæг сылыстæгæн, цæмæй алцы дæр бамбæрстаид. Æмæ йæ цæстыты фæпæртт кодтой æмбæхст æртытæ. Æмбæхст, фæлæ æддæмæ кæй тынтæ рагæпп кодтой, ахæм æртытæ. Сæ зынг асыгъта Цуцурийы куыйтæн бахæрынгæнинаг зæрдæ. Акодтой йæ фæлвых. Йæ цæстытæ атарытæ сты.

Алы хатт дæр æм комкоммæ куы бакæсы Сафиат, уæд базмæлы лæджы зæрдæ. Цыдæр стыррыны цæф ризгæ ацæуы йæ уæнгты. Уæддæр, табу – уæлæ Уæллаг Хуыцауæн, рæстæгыл фæцарæхсы йæ рахауинаг цæстытæ фæцъынд кæнынмæ. Сæ рухс сын амбæхсынмæ. Йæ сæры ацæуы дыз-дызгæнгæ фыдæлты фæдзæхст: «Чындз æгас мыггаджы хо у!»

Ныр дæр йæ цæсты тъыфылтæ уайтагъд ацахстой сæ кæрæдзи. Цынæ йыл фидауы, уый дзы никуы

сирвæздзæнис. Æнæгъдау ми никуы сараздзæн. Нозтджынæй дæр. Сыбар-сыбур кодта йæхинымæры:

– Уыдон худинаггæнджытæ сты, худинаггæнджытæ, чындз… – афтæмæй æвæндон æмæ цъындцæстæй ахызт сылгоймаджы разæй. Йæ зæрдæ йæ урæдта, фæлæ уæддæр цыд йæ фæндагыл. Сафиат дæр ын æмбæрста йæ зæрдæйы хатт, æмæ йæм ницы уал сдзырдта. Лæг ма йæхиимæ дзурæгау бакодта: – Галтæ дзы куы ис, гормон, галтæ… Уæлæ хæдзары. Дæхицæн афтæ тынг цæмæн фыдæбон кæныс? Мæгуыр лæгæн йæ уæныг гал у… Æз та дын сæ мæхæдæг сдавтаин.

Сылгоймаджы фæлмæн цæстæнгас æмæ зæрæхсиды тынтæ уыцы дзæбæх тадысты лæджы фæтæн чъылдымыл. Итугæнæгау ын кодтой йæ фæсонтæ. Фæлæ æгæр тæвд уыдысты, æгæр æмæ йæ чъылдымыл æрбырыдысты уазал хиды æртæхтæ. Йæ буар сæм рызтис æгасæй. Сылыстæгмæ фæстæмæ куы акастаид, уæд цыма фæлæуыыдаид уæнгты ризын. Фæлæ уый йæ бон нæ уыд. Æмæ тых æмæ фыдæй агуыбыр размæ. Йæ къæхтæ кодта тыхист. Йæ фæдылласæгау. Диссаг æм каст, сылгоймаг куыд хиуылхæцгæ, куыд уæздан у. Дзургæ нæ, иунæг уæлдай дзырд куыд никуы рантысы йæ нарстгонд былтæй. Афтæмæй йæ цы дуаг сфæлдыста? Цы мады гуыбынæй рантыст, мæрдты бæсты дзæнæты фæбада?

Уый хыгъд дæлæсыхаг Цамел рацыд йæ размæ, æмæ бæстон бадт æркодта йæ хæдзары къулмæ æппæрст хус суджы зæнгыл. Йæ былтæ хус цъæм-цъæм кодта, цыма чъиу æуууылдта. Йæ зæрды мидбылты фæхудын уыдис æви сдзурын, ацу æмæ йæ, мæ хур, ды базон æххæстæй. Йæ фарсмæ суджы дæрзæг рагъ хоста йæ дæрзæг армæй:

– Ам æрбад, ам, иу чысыл, – сфæрæзта æрæджыйау. – Дæ фæллад суадз, дæ хæдзары бындарылæй. Дæ уд дын æфстау ист у æви?.. Æхсæвы цъæхæй цы дыууæрдæм кæныс ардыгæй районмæ? Мæлæты адæм куынæ сты, мыййаг, – йæ сæныччыты аргъ ын хæрæндоны куы æрнымайын кодтой, уæдæй нырмæ район æмæ йæ

цæрджытæй йе сæфт уыны. Уыдонæй йын ма раппæл æмæ йæ æнæтугæргæвст акæн къуымых кардæй.

– Нæ мæ æвдæлы, Цамел, нæ. Изæрмилтæ кæны, æмæ мæ папиты размæ рæстæгыл скæсон. Ныййиуæг-гай мын уыдзысты. Стæй мын сæ тымбыл кæнын фæ-зындæр уыдзæнис æмæ ууыл тыхсын.

– Радзур-ма, радзур, хицауад дын сæ хæлд митæ куыд æмбæхсын кæнынц?!. Мацы, дам, зæгъ, нæ?!. Бамбæхс, дам нын нæ митæ, и?!. Æз дæуæй куы уыдаин, дæуæй!.. Дæуæй куы уыдаин, уæд уыцы задыныхæлд куыйтæн æз уым сæ чъизи мидæггæгтæ бæлæсты цæнгтыл æрцауыгътаин!.. Алы бæласы цонгыл дæр! Адæм сæм уынынмæ куыд цыдаиккой! Адæм сыл æххы-ту куыд кодтаиккой! Æнаккæгтæ! Куыйтæ æмæ хæр-джытæ!.. Æмæ уыдон дæр худинаг зонынц? Уæдæ, уæдæ! Мæлæты æфсæрмдзæстыг, цæсгомджын адæм! Хицæуттæ!.. Тæлл… с…й (ома, «сыфтæрæй») гуырдтæ! – уый алы дзырд дæр бæлвырд æмæ комкоммæ дзырдта. – Æниу сын цæй мидæггæгтæ ауындзыс?!. Æддаг дарæс чи нæ дары, уый мидæггæгтæ скæндзæнис? Стæй сæ алы къахдзæфæн ласой? Пуй!..

Цуцури æвиппайд баризæгау кодта. Йæ дыууæ цæхæрадонæййас арм йæ уадултæй авæрдта йæ фæс-къæбутмæ, ома, æз ницы федтон, ницы зонын. Цыма ахæм хабæрттæ йæ фæсонæрхæджы дæр никуы æрцыдысты:

– Мæн мачи мацæмæй фæдзæхсæд. Алчи дæр сæ йæхи фидиссаг митæм кæсæд.

– Тынг раст зæгъыс, тынг! Мах удхарæй ма марæнт! Макæмæн, дам, æй зæгъ, нæ?!. Ничи кæсы хæлд æмæ сæфт куыйтæм. Йæ быны мизын чи зоны, уый йын йе ‘мбæхсынмæ дæр арæхсы, мæнгæй нæ акæнынц. Фæлæ мах ма фæдзæхсæнт. Мах нæ сæртæн нæхæдæг хос кæндзыстæм.

– Цымæ мæ кæд чи зыдта дзырдхæссæгæй?!. Кæ-мæн цы дзурын? Мур дæр – никæмæн.

– Уæдæ æмæ æнæхицау уыдыстæм, æнæхицау стæм æмæ æнæхицау уыдзыстæм! Алчи нын йе ‘мбыд куыдзы

´рбаппары не рагъмæ, сæ мæрдты былтыл сын, цы не ‘мбæлы, уыдæттæ кæной! Æмæ сæ немæ афтæтæ æмæ уфтæтæ кæнын фæфæнды!.. Уæдæ… – Цамел Цуцурийы дзуринæгтæ къахæй-къухмæ айста йæхимæ. Тай-тай кодта йæ хурхыдзаг, исчитæ йæм куыд æркæсой, афтæ. Фæлæ, ома, сыхбæстæ, цалдæр адæймаг уыдысты æмæ хабæрттæ развæлгъау Цуцурийæн йæхицæй къахджын-къухджындæрæй зыдтой. Стæй – лыстæггай. Уый дæр уымæн фæцæуæг. Нæ дæр æй æвдæлгæ кодта, нæ дæр Цамелы æмгадмæ уагъта йæхи. Æз, ома, никæмæн ницы зæгъæг дæн. Кæй куыд фæнды, афтæ кæнæд йæхæдæг.

Йæ куыдз Буртуз Хуыцауы бæлбазыр цинхуызæй йæ фæстæгтыл бадт. Дæрттыл кастис фосы размæ. Ныр йæ хицауы дзурын куы ацахста, уæд айтæ-уйтæ нал фæкодта – уысммæ цалдæр гæппæн февзæрд йæ цуры. Цины фурттытæгæнгæ, цыма йæ рагæй нал федта, дæрттыл зылдис йæ алыварс.

Фæлæ фæллад лæгæн райсомы гыццыл сындзы бындзыг йæ хæлафы фадыгыл ныддæвдæг ногæй. Цыма йæм истæуыл мæсты уыд. Цыма йæм быцæу кодта. Ныр мын, зæгъы, нал аирвæздзынæ. Æрцахста йæ. Нал æй уæгъд кæны. Ахæм хæстæй йыл хæцыд, цыма йын искуыдæм алидзынæй тарстис. «Мауал мæ ныууадзай?!.» – аууæрста йæ йе ‘рмтты æмæ цыма алцы дæр уый аххос уыдис, адыгъгъуыття æй кодта иуварс. Стæй бахудт йæ мидбылты. Тыххудт. Мæстыхудт: «Цыма дзы иу сындзæй дарддæр нæй æмæ сæ ныр æнустæм ирвæзт уыдзæнис!»

Буртузмæ афтæ фæкаст, уымæ худы æмæ йæм раскъæрдта йæхи. Алæууыд йæ фæстаг къæхтыл. Йæ раззаг дзæмбытæ йын авæрдта йæ риуыл.

Кæй æмсæр уыд, йæ царды бонтæ кæимæ ´рвыста, уый дæр – йе ‘мкъай, Цамелы æйтт-уйттмæ цинхуызæй рауад йæ размæ. Æмæ йæ уый сабыргай, фæлæ Цамелы фыдæнæн ноджы фæкарздæр кодта:

– Сæ ахсджиæгты судзгæ мæрдтæм сын фæцу уыцы районмæ. Кæм сын чи ис, уыдон сæм зæрдæхалæн додой кæнынмæ фæцæуæнт, кæд уыдон æмгад нæ дæ,

уæд! мæ уд сын сæ ахсджиæгтыл фæдодой кæнæд! Куыннæ дæ фæдзæхсой. Кæд кæйдæрты ´мгад не скæндзынæ дæхи. Уый бæсты, зæгъ, уæ бынтæ хуылыдзæй ма дарут æмæ, зæгъ, адæмæй ма рамбæхсбамбæхс кæнант. Уæхимæ, зæгъ, лæмбынæг æркæсут æмæ, зæгъ, искæмæн лæгъстæтыл уæ сæртæ ма цъæл кæнант! – стæй фæсабырдæр. – Цæй, æгайт-ма дæм куысты тыххæй нæ дзырдтой. Æгайтма дæ куыстæй нæ систой. Хæлд адæмы ‘хсæн куы цæрай, уæд дæ цы фæнды? – Февнæлта йын фынг æвæрынмæ.

– Цæмæн мæ сисдзысты мæ куыстæй?! – фæхæрам æм Цуцури.

– Хорз, хорз. Ницы уал дзурын, – къухылтухгæ сылгоймаг уайтагъд сразы йемæ.

Лæг хæрды размæ ´хсадта йе ‘рмттæ. Искæй фынгыл нуазгæ бакæны, фæлæ хæрдмæ йæ къух ма фæкæна. Уый йын йæ фыдæлтæй баззад: хæрдмæ – гуыххæл. Уæлдайдæр, искæй фынгыл. Ныр куысты коймæ фестъæлфыд: «Нæ ахæриккой зилгæ цæуы фыд!» – йæ дзыпмæ йæ арм æрсæрфта кæрдзыны къæбæрыл æмæ йыл дардмæ йæ арманыдзæвд дæр уыцы æхсызгон уыд.

Афонмæ йæ цæстæнгасæй агурдзæнис цæу. Домдзæн йæхион. Хойрагæй – йе ‘хсæвæры хай. Æнæ уый кæрты йæхи зæххыл дæр не ‘руадзы. Йæ цæстæнгас бандæдзы хæдзары дуарыл. Къулбадæг.

– Фосы размæ уал акæсон. Изæры иугæндзон бахсæвæр кæндзыстæм.

Ус-ма: «Къæбæр уал акодтаис», – бакодта, фæлæ йæ ныууагъта. Иугæр ныхас загъта, уæд æм мауал дзур. Уæддæр ын аппæлыд – абон, дам, дæ агуырдта Быргад. Азмæгмæ, дам, хицæуттæй кæмæндæр иу машинæ хус, дзæбæх сугтæ æнæмæнг сцæттæ кæн, фæдзæхста. Ласгæ, дам, сæ йæ дæлдæртæ акæндзысты. Хус сугтæ. Хус, дам сæ Уæллаг бакæнæд. Æрмæст, дам, рæстæгыл фæуæнт йæхирдыгæй.

Цуцури йын, иу-дыууæ сыкъа, дам, ын нæ адардтай. Æмæ, дам, уæлæ саппыл æрбадт, æмæ йын, зæгъы, уым

йæ разы нæууыл фынг авæрдтон. Æмæ, дам дзы анозтытæ кодта, фæлæ сæхимæ ахсайдта йæ зæрдæ – тыхст, хицауад дæм кæй фæдзырдта, уый тыххæй. Мæнæй, дам æй мацæмæй фæрсæд, мыййаг. Исты, дам, куы срæдийа. Æмæ йæ, зæгъын, кæдæй нырмæ зоныс афтæ рæдиаггæй. Мæхинымæры, зæгъын, дæ хист дын ахæра.

– Афтæ йын загътай?

– Æмæ дæ дзурын уагъта. Тагъд, дам, кæнын, – сылгоймаджы йæ дзæбæх æрфыг нал хордта, фæлæ йыл æхсæвыцъæхæй ныхын сахуыр æмæ та-иу æй ног æмæ ногæй аивæй ахыртт-хыртт кодта йæ рахиз армы амонæн æнгуылдзæй.

– Ацы æнæвдæлонæй-ма уый сугтæ цух уыдтæн, – Цуцури зæгъгæ афтæ кодта, фæлæ йæхицæй уыцы сæрыстыр, уыцы райгонд уыд – адæм дæ агурынц, уæд сæ дардмæ ма лидз. Йæ къухтæ сæвæрдта йæ чъылдымыл æмæ, рухс фидæныл сагъæсгæнгæ, араст йæ папиты размæ.

Буртуз уыцы цинзæрдыл уыд. Зæххыл нал хæцыд. Æрзылдис-иу, гæппытæгæнгæ, лæджы алыварс. Йæхиму араздыхс-баздыхс кодта. Атылдис-иу растæндæр йæ къæхты бын. Фæндыдис æй Цуцурийы зæрдæ истæмæй балхæнын, исты хорзы йын бацæуын, йæ арф æнкъарæнтæй йæ иу уысм уæддæр фæхицæн кæнын. Уый та йæ сагъæсты уыд. Иугæр нæ фыдбоны сыхæгтæ «фæцæуæм уæм», «цæгъддзыстæм уæ» афтæ разагъдыйæ кæнынц, уæд тыхæн йæ хос – тых.

Æнæ фидарфæлæуугæ сæм нæ уыдзæни. Æмæ лæг йæхицæй уыцы буц уыд. Амæйразмæ сыл, куыйдзыхты бардзырдæй, сæхи милици хæдзари-хæдзар, цоппайгæнæгау, куы зылдысты, уæ хæцæнгæрзтæ ныффыссыны охыл барвæндæй раттут, зæгъгæ, рæстæгмæ, дам, уын областы милицæйы хайады бæстон æфснайд уыдзысты, банымайæм сæ, стæй, дам, уын сæ фæстæмæ байуардзыстæм, уæд кæй сæфсон кодта, чидæр мын æй адавта, ома, уый тыххæй рад йæхинымæры.

Куынæ стæй. Дæхимæ чи ис, уый сæ стæй хатыртæй кур. Уыдон та цæртты кæсой, ома, цас дзурын дæм

цæуы. Хицæуттæ рагæй фæстæмæ сты афтæ ахуыр. Дæллæгты ныхас æмæ сæм куыдзы рæйын иу кæсы, куыйты холыйаг се ´взæр сæртæ макуы фæуой.

Дæлейæ сæм æрбарвыстой нæ фыдбоны сыхæгтæ, сæ бардзырддæтджытæ, æмæ сын нæ æвæгæсæг адæмы тугвæллойæлхæд хæцæнгæрзтæ нылласын кодтой сæхицæн.

Куы нæм бырсой, уæд нæ хотыхтæй цæмæннæ уой хотыхджын? Æмæ ныл худдзысты, ома, æнæсæртæ стæм æмæ нæ фæсайдтой. Уый ма зонай, тыхджын цынæ кæны, мæгуыр цынæ быхсы?

Æмæ цы кæны, ныр сыл Цуцури дæр худы йæ рихиты бын – уый йæ дыууææхстон централкæ алы бызгъуырты бæстон стыхта, бабæстытæ йæ кодта æмæ йæ холлагдоны нытътъыста хосы астæу.

«Райсом æй рæстæгыл скъахон… – февзæрд йæ сæры. – Базилон æм. Хæцæнгарз хæстæввонг куынæ уа, уæд уымæй лæдзæг хæссын пайдадæр у», – цыд сагъæстæгæнгæ æмæ йæ зæрдæйы уаг Буртузыл сабыргай æфтыдта цыдæр катай.

Сæйрæгтæ

Тæскъ . . . . . . . . . . . . . 5
Цæнгæт Æна . . . . . . . . . . 27
Номхыгъдтæ . . . . . . . . . . 39
Удуæлдай . . . . . . . . . . . 57
Тæф . . . . . . . . . . . . . . 103
Чырыстийы фæдзæхст . . . . 127
Цин . . . . . . . . . . . . . . . 137
Давидович . . . . . . . . . . . . 173
Ахуыр . . . . . . . . . . . . . . 191
Диссæгтæ æмæ æмбисæндтæ . 205
Усгуртæ . . . . . . . . . . . . . . 217
Афтæтæ . . . . . . . . . . . . . 229
Мæ мæгуыр фыд . . . . . . . . 241
Фыстæджытæ... . . . . . . . . . . 305
Æнæвдæлон . . . . . . . . . . . 387

Литературно-художественное издание

КАЗИТЫ (КАЗИЕВ) МЕЛИТОН РЕЗОЕВИЧ

**НАКАЗ ХРИСТА**

Новеллы и повести на осетинском языке

Редактор – *И. Х. Джанаева*
Технический редактор – *О. С. Икаев*
Корректор – *Л. П. Тотоева*
Компьютерная верстка – *З. С. Мисиковой*
Худож. оформление обложки – *…………..*

Сдано в набор 05.05.15. Подписано к печати 27.10.15.
Формат бумаги 84х108 1/32. Бумага офс. № 1.
Усл.п.л. 28,4. Уч.изд.л. 17,86. Тираж 300 экз. Заказ №…

ООО «ЦЫКУРА»
100001, Республика Южная Осетия
г. Цхинвал, пр. Ленина, 3.